**Мух1амад – Расул Усахов**

# Авар адабият

## цебет1еялъул тарих

Мах1ачхъала 2006

ББК. 83.3 (Авар) + 81.64 (Ав)
У 14

Усахов М-Р. У. Авар адабият: студентазе учебник.
Махачкала. ДГПУ. 2006.

Рецензент –

© Усахов М-Р., 2006
© Изд-во ДГПУ, 2006

## Цебераг1и.

«Литература» абураб раг1и бач1араб буго латин мац1алдаса. «Литера» гьеб ккола «х1арп» абураб маг1на. Авар мац1алде буссинабуни, «литератураялъул» маг1на ккола «хъвай-хъваг1ай», «хъвараб жо» абураб. Цебе маг1арулаз х1алт1изабулаан, гьанжеги х1алт1изабизе бегьула адабият абураб раг1и. Гьеб раг1и жеги басралъун гьеч1ониги, нилъ ругьунлъун руго литература абураб раг1иялде. Гьединлъидал хадубккун гьеб х1алт1изабизеги буго, адабият абураб раг1иги гьукъич1ого.

Литература бук1уна бат1и-бат1ияб: тарихияб (историялъулаб), медицинаялъулаб, философияб, диналъулаб, художествияб ва гь. ц. Нилъеца бицен гьабулеб литература ккола художествияб, ай хъвадарухъабаз, шаг1ирзабаз хасал законал х1алт1изарун, пасих1аб раг1удалъун г1уц1араб искусствоялъул цо тайпа. Жиндирго литературалъулги рук1уна бат1и-бат1иял тайпаби, жанрал: романал, къисаби, поэмаби, шиг1раби, къасидатал, назмаби, пьесаби ва гь. ц. Гьезул х1акъалъулъ нужеда ц1алулаго, дагь-дагьккун гъваридго лъазе буго.

Литератураялъ г1умру ва х1акъикъат, инсанасул пикраби, хьулал, рек1ел асарал, хасият-г1амал, бат1и-бат1ял интересал лъугьа-бахъинал рихьизарула сипат-суратаздалъун, пасих1аб мац1алда образал г1уц1ун. «Образ» абураб раг1ул чанго маг1на буго, гьеб ккола сипат гьабураб, берцинаб калам, гьединал каламаздасан-алфазаздасан г1уц1араб бук1уна кеч1-шиг1ру; гьале Мах1мудил коч1олъа цо калам:

Цо панаяб х1ухьел бух1улеб рек1ел
К1веларищ босизе, самаалъул нак1к1.

«Образ» абураб раг1ул к1иабилеб маг1на ккола хъвадарухъанас жиндирго асаралда г1ат1идго бихьизабураб г1умрудул сурат абураб.

Гьединаб сурат-образ г1уц1ун буго «Дир Дагъистан» абураб къисаялда Х1амзатил Расулица. Образ бук1ине бегьула цо хасав чиясул хьвада-ч1вади, хасият бихьизабун г1уц1арабги.

Художествияб литература данде кквезе бегьула г1елмияб литератураялда: гьеб к1иялъго г1умру лъазабула, инсанасул лъай г1ат1ид гьабула, амма гьеб гьабула бат1и-бат1ияб къаг1идаялда. Г1елму г1уц1ула г1алимзабаз, инсанасул г1умруялъул, т1абиг1аталъул, обществоялъул законал лъазарун, гьез жидерго асарал хъвала г1елмияб мац1алда, терминазул кумекалдалъун, х1ужаялдаса кирего кьурич1ого. Литература г1уц1ула хъвадарухъабаз, шаг1ирзабаз, гьез жидерго асарал хъвала пасих1аб мац1алъ, ч1ван къот1арал сипатал рихьизарун, образал г1уц1ун. Г1елмуялъ жигар бахъула дунялалда киналго балъголъаби рагьизе. Литератураялъ аслияб куцалда инсанасул г1умру, хъулухъал, анищал, рек1ел гъварилъаби лъазарула. Гьелъул аслияб темалъун ккола инсанасул г1умру ва къисмат, гьесул г1амал-хасият, хьвада-ч1вади.

Художествияб литератураялъул асаралъулъ к1удияб бак1 ккола гьелъул авторасул рек1ел хьулаз, анищаз ва пикрабаз. Нилъеца мисал босизе бегьулел г1адамазул обрал г1уц1ун руго Ц1адаса Х1амзатица «Вехьасул къиса», Х1амзатил Расулица «Маг1арулай», Фазу Г1азиевалъ «Анц1ила микьабилеб их» поэмабазда. Гьел асаразулъ автораз лъун руго жидерго рух1ияб бечелъи, г1умруялде бугеб балагьи, к1одо гьабун буго инсанасул берцинлъи, гьайбатлъи, какун къват1иб ч1вазабун буго квешабщинаб, мекъабщинаб жо.

Художествияб литература г1уц1ула г1умруялда росарал кьуч1ал х1ужабазда сверухъ, амма гьениб к1удияб бак1 ккола фантазиялъ, ургъун бахъараб жоялъ. Гьелъ батила г1емерисел адабиял асарал маргьабазда релъарал рук1унел, гьезулъ цо-цо жо, к1одо-к1одо гьабун, бихьизабун бук1унебги.

Халкъалъ г1уц1арал художествиял асаразда к1алзул гьунаралъул асаралилан яги фольклорилан абула. Фольклор буго ингилис мац1алдасан бач1араб раг1и, авар мац1алда гьелъул маг1на ккола халкъияб г1акъиллъи, ц1одорлъи абураб. Фольклор абураб раг1и т1олго дунялалъулго мац1азда

х1алт1изабула гьб маг1наялда. Нилъецаги бегьула гьелдаса маг1на босизе, г1елмияб термин х1исабалда.

Литературиял асаразул ц1ар ч1варав, якъинав автор вук1уна. Масала, дунялалдаго машгьураб «Къункъраби» абураб коч1ол автор ккола Расул Х1амзатов. Фольклоралъул автор ккола кинабго халкъ. Гьелъул маг1на кколаро т1олабго халкъ т1аделъун, цо бак1алдеги данделъун, гьелъ художествияб асар г1уц1улин абураб.

Нужеца ц1алараб «Ралъдал чу» абураб маргьаялъул автор нилъеда, ц1ар ч1ван, абизе к1оларо. Гьев вук1ун ватила литературияб гьунар бугев, пасих1аб мац1алъул, бечедаб фантазиялъул, г1акъилав чи. Гьес г1уц1араб маргьа г1адамаз, наслабаз наслабазухъе кьун, цо-цо жо т1аде жубан, цо-цо жо т1аса бахъун, лъут1а-къот1ун, къач1а-къат1ан нилъехъе щвана, авторасул ц1ар хут1ич1о. Баркала буго гьев ц1ар лъаларев раг1ул устарасе.

Цебе заманаялда нилъер ракьалда типография (басмахана) бук1инч1о. Гьеб Дагъистаналде, х1амуздаги чуяздаги лъун Казаналдаса бач1ана Мух1амад-Мирза Мавраев абулеб чияс, баркала гьесиеги. Гьесул басмаханаялда г1емерал т1ахьал къват1ире риччана маг1арулаз. Революциялдаса хадусеб заманалдаги г1емерал т1ахьал къват1ире риччана, рес щвана фольклориял асарал басмаханаялда рахъизеги. Гьеб х1алт1улъ к1удияб жигарчилъи бихьизабуна Г1абдулат1ип Шамхаловас, Шигьабудин Микаг1иловас, Мух1амад-Саид Саидовас, Багьжат Испагьиевалъ, Сиражудин Х1айбулаевас ва цойгидазги. Абизе мустах1икъав вуго революциялда цебего авар мац1алда маргьаби ва куч1дул данде гьарун рук1анин Ч1ик1аса Айдемирица.

Фольклориял асараз к1удияб кумек гьабула хакъалъул тарих, хасият-г1амал, пикраби, хьулал, г1умру, яшав лъазе. Хасго гьез кумек гьабула мац1алъул хаслъаби баянго рихьизе. Халкъиял асараз нилъ рух1ияб культураялъул рахъалъ бечед гьарула, гьайбатабщинаб бокьизе, сурукъабщинаб рихине ругьун гьарула. Гьениб бицун батула халкъалъул ват1аналде бугеб рокьиялъул, чияр ракьал рахъулел хъамалчаг1азде данде

гьабулеб къеркьеялъул миллатазда гьоркьоб бук1ине кколеб гьудуллъи-вацлъиялъул.

Умумуз нилъее тарал фольклориял асарал г1емерал руго, гьезул темабиги, маг1набиги бат1и-бат1иял, г1емерал руго.

Бокьараб литературияб асар босун хал гьабуниги нилъеда бихьула гьеб камилго г1уц1араб бук1ин, гьениб маг1наги формаги гъункун цолъун бук1ин. Художествияб асаралъул содержаниялъул рахъаллъун, ай гьелъул элементаллъун рик1к1ине бегьула тема, идея, сюжет; художествияб формаялъул элементал ккола образал, мац1алъул сипатиял алатал, композиция ва гь. ц. Г1елмуялъ жеги киналго элементазе мух1канал ц1арал ургъун гьеч1о.

Художествияб асаралъул элементал нилъеца рихьизарула, гьелъул анализ гьабизе санаг1алъи, кумек бук1иналъе г1оло. Анализ гьабулаго, хал гьабизе ккола асаралъул (маг1на рагьизе формаялъ кинаб квербакъи гьабун бугебали. Содержаниеги формаги камил гьабизе г1оло хъвадарухъан к1вах1 тун, г1емер х1алт1ула щибаб асар г1уц1иялда т1ад. Гьелъул х1акъалъулъ гъваридал пикраби ратула Ц1адаса Х1амзатил «Хъах1аб росулъа Мах1муд» абураб макъалаялда. Гьес хъвалеб буго: «Кеч1 гьабизе ккани, гьелда жанир, цоял гьаниса росун, цоял дораса росун, данде гьарурал мугь-т1ех г1адал херхарал раг1аби рук1ине бегьуларо. Гьел рук1ине ккола цоцаздехун недегьал, гьуинал, цоял рехсани, цоял рак1алде щолел, мугъги чехьги г1адал цоцазде г1агарал».) (Ц1. Х1. 4-го томалдасан данде гьарурал асарал, т.IV, гь. 396).

Коч1олъ рек1ее асар гьбулел гъваридал маг1наби росун, гьезда т1ад берцинал раг1абазул форма рет1ине ккола. Гъваридал маг1наби пасих1ал раг1абаздалъун рич1ч1изари – хъвадарухъанасул к1удияб гьунар ккола. Гьедин гьабулел хъвадарухъаби нилъер г1емер руго: Кудалиса Х1асан, Инхоса Г1алих1ажияв, Элдарилав, Ч1анк1а, Хъах1аб росулъа Мах1муд, Ц1адаса Х1амзат, Заид Х1ажиев, Х1амзатил Расул, Фазу Г1алиева, Муса Мух1амадов, Мух1амад Сулиманов, Г1адалло, Г1умар-Х1ажи Шахтаманов,

Г1абасил Мах1амад, Мух1амад Ах1мадов ва гь.ц. Гьел хъвадарухъабазул руго жидерго темабиги жидерго сюжеталги.

«Тема» абураб раг1и нек1сияб грек мац1алдасан бач1араб буго, нилъер мац1алда гьелъул маг1на ккола «кьоч1ое лъураб жо», ай жиндир х1акъалъулъ бицен гьабулеб жо, цебе лъураб суал абураб. Бит1араб буго, хъвадарухъанас жиндирго асаралъулъ цо суал яги чанго суал цебе лъола, ц1алдолел гьезда т1ад ургъизе т1амула. Гьеб бук1ине бегьула гьудуллъи, вацлъи, рокьи, бах1арчилъи, рух1алда барахщич1ого халкъалъе г1оло къеркьей яги хъант1и, чороклъи, чиясул сурукъаб хьвада-ч1вади ва гь. ц.

## Т1оцебесеб бет1ер

# РЕВОЛЮЦИЯЛДА ЦЕБЕСЕБ АВАР ЛИТЕРАТУРА

**(Къокъаб баян)**

Ц1акъго цебе заманалда маг1арулазул жидерго хъвай-хъваг1ай бук1ин ч1езабизе зах1матаб жо буго. Нилъеда лъалеб жо буго Дагъистаналда исламияб дин т1ибит1ун хадуб маг1арулалаз хъвадаризе ва ц1ализе г1арабазул алфавиталдаса пайда босараблъи. Лаказул машгъурав г1алимчи Замир Г1алица бицухъе, г1арабал Дагъистаналде рач1ун руго 662 соналъго, амма гьезул дин киса-кибего т1обит1ун буго XIV-XV г1асруялда. Гьеб заманалда маг1арулаз алфавит рекъезабун буго жидерго мац1алда данде кколедухъ, гьелда ц1арги лъун буго «г1ажам» абун. Г1ажам алфавиталда гьабураб т1оцебесеб авар мац1алъул тарихияб хъвай-хъваг1ай буго Хьаргабиса Г1умарил вас Т1айгибица XVII векалъул «Къуръаналъе» кьурал цо-цо баянал, г1араб мац1алда хъварал цо-цо т1ахьаздасан гьарурал таржумаби – переводал, баянал.

Г1ажам алфавит камиллъизабизе жигар бахъула машгъурав г1алимчи Г1ободаса Шаг1банкъадица. 1957 соналъ Г1обода росулъ гьес рагьараб мадрасалда-школалда ц1алулел рук1ана машгъурал хъвадарухъаби Къудукьа Мусал Мух1амад, Г1аймакиса Абубакар, Кудалиса Х1асан.

Щвалде щвезабун мух1канго г1ажам алфавит къач1ана Хунхазахъа Дибиркъади абулев г1алимчияс XVIII векалда. Гьес авар мац1алде руссинаруна г1араб литератураялъул г1емерал асарал, гьезда гьоркьор руго «Калила ва Димна» т1ехьалдаса росарал маргьабиги баснябиги. Дибиркъадида лъик1 лъалаан г1араб, турк, падар, къажар мац1ал. Гьес г1уц1ун буго гьел мац1азул словарьги.

Автор лъалел, квералъ хъварал литературиял асарал авар мац1алда рижана г1ага-шагарго XVII г1асруялда. Т1оцересел аваразул шаг1ирзабилъун рик1к1ине бегьула Къудукьа Мусал Мух1амад (1652 - 1716), Г1аймакиса Абубакар (1711 - 1797), Кудалиса Х1асан (бицанихъе 1718 – 1795 сонал), Гьарак1униса Саг1ид (1763 - 1834).

Цебесеб авар адабият г1емериселъ динияб кьуч1алда г1уц1араб бук1ана, коч1ол формаялда гьениб пасих1го г1емераб ваг1за-насих1ат, малъа-хъвай гьабун дарсал кьун ратула. Гьеб буго г1адамазул хасияталдасан, нус-нус соназул х1албихьялдасан данде гьабураб халкъияб г1елму, г1акъилаб философия. Нужецаго пикру гьабеха, 1791 соналъ хъвараб Абубакарил «Раче дуца ниж къват1ире» абураб коч1олъ ругел маг1наби жакъасеб къоялъецин рекъон кколел куц:

Заг1ипасда зулму бугин,

Залимасе х1алай ругин,

Х1ал бугелал бегьун ругин,

Раче дуца ниж къват1ире.

Жиндирго хасаб, сабураб, г1акъилаб бакъаналда, г1одове виччан хъварал куч1дузулъ - шиг1рабазулъ Кудалиса Х1асаница цебе ч1езабулеб буго дунялалъул хиса-басулеб сурат, сипатаздалъун бихьизабураб х1къикъат. Гьесул щибаб коч1ол мухъ кицилъун лъугьуна:

Риидал бижараб хер кьиндал савуд бух1ула, -

Цо х1алалда дуниял лъиего хут1иларо.

Ц1ун тун хадуб шагьримоц1 мукъсамлъуму т1аг1уна –

Даимго ниг1матазулъ бичаяс мун теларо.

XIX г1асруяслъул т1оцобесеб бащалъиялда байбихьана г1урус пачаясул х1укуматалъ т1олго Кавказалда кверщел гьабизе. Дагъистаналда байбихьана эркенлъиялъе г1оло гьабулеб къеркьей. Ахирисеб 25 соналъ гьеб къеркьеялъе бет1ерлъи гьабуна имам Шамилица. Гьев вук1ана гьунар т1ок1ав г1алимчи, пачалихъалъул бет1ер гьединго хъвадарухъан. Шамилица бицараб хъван, гьесул кумекалдалъун г1уц1араб буго Къарахъа Мух1амад-Т1агьирил дунялалдаго машгьураб хроника – «Шамилил цо-цо рагъазулъ Дагъистаналъул хвалчабазул паркъи». «Лъабго имам» абун ц1арги лъун, гьеб т1ехь къват1ибе биччана, г1емерал мац1азде буссинеги гьабун.

Эркенлъиялъе г1оло гьарулел рагъаз авар литература бечед гьабуна бах1арчилъи ва ват1аналде бугеб рокьи загьир гьабулел цереккун гьенир

рук1инч1ел ц1ияб формаялъул асараз. Рагъул соназ ц1убан бач1ана Къарахъа Мух1амад-Т1агьирил, Сугъралъа Х1ажимух1амадил, Игьалиса Чупаласул, Хьаргабиса Мух1амадбегил творчество. Мух1амадбегил «Ч1охъ росу бахъи», «Хьаргаби росу бахъи», «Ц1анавехьасул кеч1» ва цогидалги асарал маг1арулазда рек1ехъе лъалаан.

Шамилил рагъазул заман бук1ана ц1акъ бах1арчилъиялъул къуват ц1ик1к1араб, эркенлъи ц1униялъул, инсаплъиялъул, инсан к1одо гьавиялъул пикраби т1ирит1араб. Шамил асир гьавун хадуб, аслияб куцалда т1ирит1изе лъугьана пашманаб макъаналъул, вах1щилъи, зулму какарал куч1дул. Гьеб заманалъ бищунго машгьурал шаг1ирзаби рук1ана Г1анхил Марин, Ругъжаса Элдарилав, Инхоса Г1алих1ажи. Г1алих1ажица хъвалеб бук1ана:

Хьолболъ х1ара х1унсун, унтизе гьабун,

Унтараб бицани, тункун ч1езавун, -

Гьеб гуребищ, гьалмагъ, зулму бук1унеб?

Зулмуялъ гуребищ бет1ер бакъвалеб?

XIX г1асруялъул к1иабилеб бащалъиялда зах1матхалкъалъул рук1арахъин ц1акъго язихъаб, гурх1изе ккараб бук1ана. Цо рахъалъан гьел зурулел рук1ана пачаясул чукъбуз, цогияб рахъалъан жидерго бечедаз, х1акимзабаз. Ях1ги намусги ц1ик1к1арал, бах1арчиял маг1арулаз х1укму гьабула зулму т1аса рехизе гъазават-рагъ гьабизе. Гьедин 1877 соналъ муг1рузда байбихьула г1урус пачаясде данде къеркъей, амма гьеб вах1щиго къинабула, г1емерал росаби рух1ула, бах1арзал Сибирь къот1ун рит1ула; маг1арулал ккола т1адеги зах1матаб х1алалде. Гьелъул х1акъалъулъ гьабураб буго Эльдариласул «Сибиралде ине къот1идал» абураб поэма. Чанго сон къват1ибги бан росулъе щварав Г1абдуразакъида гьеб бух1ун, «къвагъун» батула:

Гьудул-гьалмагъзаби цог1аги гьеч1о,

Дирго рукъ лъаларо, къват1ал лъаларо,

Къварилъи г1ун буго т1елкъадерие…

Мискин халкъалда бук1араб зулмуялъул бицун хъвараб буго Эльдариласул «Хъура-хъара» абураб кеч1ги. Гьеб рик1к1ине бегьула авар литератураялда т1оцебе жинда жаниб к1вар бугеб тема – халкъалъул х1алт1ул, зах1маталъул Россиялъул х1укуматалъ къимат гьабулареблъи бихьизабураб художествияб асарлъун. Къиматалда рук1ана чахьал к1удиял х1акимзаби, г1адамал махсароде кколел, «т1аде нац1 бахарал» (Мах1муд) ханзаби, нуцалчаг1и, х1елх1елчаг1и. Гьале шаг1ирас бах1арчиго нилъее рагьулеб х1акъикъат:

Т1олго мискинзаби нухдеги рахъун,

Нахъарукъ кутакал кепалда тола.

Гьал пакъирзабазда зулмуги гьабун,

Залимзаби тола годек1абахъго.

Гарбал рицатазул х1урматги гьабун,

Х1алт1изе рит1ула рет1ел-хьит гьеч1ел.

Аваразул цересел шаг1ирзаби рук1ана халкъалъул рахъ кколел, гьезие хъулухъ гьабизе х1адурал, х1инкъи гьеч1ел къеркьохъаби, гьерсалги х1акимзабазе х1елх1едиялъул рец-бакъги гьезул асаразулъ бук1унароан. Эльдарилав гьез загьру кьун хвана, Г1анхил Мариние г1азаб кьуна, ц1ар раг1арав шаг1ир Мах1муд нахъасан таманчаги реч1ч1ун ч1вана. Гьединго ч1ван вук1ана лъраг1азул шаг1ир Йирчи Гъазахъ. Кочхюралдаса Саг1идилги ханас берал рахъун рук1анин бицуна.

Нилъер талих1 буго, XIX г1асруялъул шаг1ирзабаз бечедаб рух1ияб хазина, нилъ пана гьарулел асарал ирсалъе тей. К1удияв Мах1мудица абурал пасих1ал раг1аби рек1елъе роpтулел куц:

Дунго хвананиги, халкъалда лъалел

Къасидатал тарал таманал рокьул.

Ракьулъ вукъаниги, къанихъ урхъараб

Къо г1емер бач1ина г1ишкъу ккаразул…

Ч1анк1аги Мах1мудги г1адал поэтал г1емер рахъунаро. Гьез нахъе тана бечедаб, маг1наялъул рахъалъ гъваридаб ирс – адабият. Ч1анк1ал асараца

х1икмалъизавурав Ц1адаса Х1амзатица хъвалеб буго: «Гьесдаса берцинал сипатаздалъун рецц гьабизе гьунар бугев чи г1емер вук1инч1о. Ч1анк1ал махщел бук1ана, рак1азе асар гьабулел маг1наби росун, гьезда т1ад берцинал раг1абазул форма рет1ине. Гьединго Ч1анк1ал бук1унароан, адабияталда жаниб кинаб темаялда т1асан кеч1 гьабуниги, гьуинлъиги гъорлъ гьеч1еб цониги раг1и». Ч1анк1ал рокьул куч1дул литература бокьулел маг1арулаз рек1ехъе ц1алула, рокьул кутак ва хасият бихьизабизе гьесул бук1ана бергьараб гьунар. Халкъалъе бищунго рокьула Ч1анк1ал «Т1аде маг1арухъе рахине анищ!», «Гулишатиде», «Лъукъараб рит1уч1», «Сайгидул Бат1алиде» абурал асарал.

Анц1ила ич1абилеб г1асруялъул ахиралда ва къоабилеб г1асруялъул байбихьуда муг1рузда ц1ар уна Хъах1аб росулъа Мах1мудил. Гьев вук1ана бит1ахъе гениалияв[1], ц1акъго ц1акъ гьунар т1ок1ав поэт.

Ц1адаса Х1амзатица хъвалеб буго, «Мах1мудил вач1ин Ч1анк1ал нухдасан бук1анин. Амма учителасдаса гьесул ученик лъик1ав вахъин нахъе ч1валеб жо гуро. Мах1мудил куч1дузул цо т1ел Ч1анк1алги ва цогидал маг1арул коч1охъабазулги квер г1унт1улареб борхалъиялда буго».

Мах1мудил куч1дул руго х1асратаб шавкъ гъорлъ бессарал, гьайбатал сипатал, эпитетал, дандеккаеял – релъинарииял, кицабиял алфазал, метафорал г1емерал. Гъваридал маг1наби гьес ричч1ч1изарула халкъалъул к1алдир ругьунал, бигьаял, г1адатал раг1абаздалъун. Мах1муд ккола аваразул миллияв, халкъияв шаг1ир.

Гьединго пасих1лъи бергьарав шаг1ир вук1ана Ц1адаса Х1амзатги. Гьесул творчествоги ккана авар литератураялъе ц1ияб лъугьа-бахъилъун.

Х1амзатица бищунго ц1акъ цебе т1езабуна аваразул сатира. Творчествоялъул байбихьудаго гьес къват1ир ч1вазарулел рук1ана г1умруялъул, г1адамазул г1унгут1аби, квешал рахъал, т1ад велъулев вук1ана чорокал нухаздалъун боц1и хачалел г1адамазда, х1ажат гьеч1ел г1адатазда, халкъ махсароде кколел бегавулзабазда, дибирзабазда. Хасго бег1ераб ч1ор

[1] Гениалияв – т1абиг1аталъ кьураб, бергьун т1адег1анав гьунар бугев.

речӀулеб букӀана пачаясул чиновникабазда, квер мекъал хӀакимзабазда. Профессор Сиражудин ХӀайбуллаевас хъвавухъе, «ХӀамзатил творчествоялда жаниб халкъалда бихьана жиндирго къисмат, гӀамал, хасият, пикраби». Гьес хъвана басняби, сатирияв кучӀдул, поэмаби, пьесаби, очеркал, харбал, гӀелмияв макъалаби.

Революция ккелалде хъварал асаразда гьоркьосан бищунго магӀна гъваридал рукӀана «Дибирги гӀанхвараги», «Ашбазалде» абурал.

## 1. АнцӀила анкьабилеб ва анцӀила микьабилеб гӀасрабазда авар адабият.

Жакъа нилъее захӀмат буго араб заманалъул поэтазул гӀумруялъул ва творчествоялъул хӀакъалъулъ гӀатӀидаб, мухӀканаб баян кьезе. Гьезул киналго асарал ракӀарун кодоре щун гьечӀо. Амма щвараздасанги баянлъула, гьел рукӀин кӀудияв гьунаралъул гъваридаб гӀелмуялъул гӀадамал. Гьединаллъун рикӀкӀине бегьула цебе абухъе, Къудукьа Мусал МухӀамад, ГӀаймакиса Абубакар, Кудалиса ХӀасан, ГьаракӀуниса СагӀид. Гьезул гӀумруялъул ва творчествоялъул хӀакъалъулъ къиматал баянал данде гьаруна ХӀасан Алкъадарица, академик И. Ю. Крачковскияс, М-С. СагӀидовас, Г. М. Садикъица, МухӀамад НурмухӀамадовас (ГьаракӀуниса), А. Р. Шихсаидовас, Б. ХӀ, Испагьиевалъ, С. М. ХӀайбулаевас ва гь. ц.

Багьжат Испагьиевалъ бихьизабулеб буго, рахьдал мацӀазда тӀоцересел литаратурияв асарал хъванин Бакъбаккул улкабазул бечедаб литератураялъулгун жидер лъай-хъвай бугел гӀалимзаби-гӀарабистаз.

«БичӀчӀизе захӀматаб жо гуро гьел асарал заманаялъул хасияталда рекъон динияб магӀнаялда хъварал рукӀин. Амма кигӀан диналъе мукӀурав гьелъул кьучӀдаса тируларевлъун инсан вугониги, гьесул чара букӀунаро дунялалъул инсанасул хӀакъикъияб гӀумруялъул, магӀишаталъул тӀалабги ургъелги гьабичӀого тезе. Хасго гьеб пикру битӀараб букӀуна кӀудияв

г1алимзабазул, хъвадарухъабазул ишазулъ хал гьабуни»[1], гьез т1аде босула т1олго миллаталъул ургъел, ресал ралагьула г1умру бигьа гьабулел кумекчаг1илъун рук1ине. Гьединал рук1ана нилъер хъвадарухъабиги.

Восанани Къудукьа Мусалав. Гьев гьавуна 1652 соналъул август моц1алда Къудукь росулъ Ах1мадил Мусал ва Аминатил хъизаналъе. Гьел рук1ана лъик1го ц1аларал чаг1и. Мадрасалдаги ц1ализавун инсуца вас вит1ула Ругъжаве жиндирго гьобол Абакарихъе ц1али мух1кан гьабизе. Хадув гьев ц1алула Т1идиса Шейхида, Сугъралъа Г1али-Ризада, Г1ободаса Шаг1банкъадида цеве. Гьесул малъиялда рекъон Мусалав уна Казаналде, Астраханалде, Хорасаналде, Испатаналде, Сириялде, Йеменалде, Египеталде. Гьесул учитель вук1ана Йеменалдаса Салих1. Гьес «Ал Алламун щамих» («Борхатаб мег1ер») абураб т1ехь сайгъат гьабуна Мусаласе.

Дагъистаналде т1ад вуссун хадув Мусалав х1алт1ула Шемахалда, Нухаялда, Къорда, Къудукь, Ругъжав. Ругъжав вук1аго гьес ячуна Абакарил яс Марьям. Гьезие к1иго вас Абакар-дибирги, Х1ажимух1амадги гьавуна. Мусаласул аслияб мурад бук1ана шариг1ат т1ибит1изаби. Гьеб чара гьеч1еб бук1ана Дагъистаналъе, щибаб росулъ бугеб жиде-жидер г1адаталъ квал-квал гьабулеб рук1ана Дагъистан цолъизе (миллатал, мулкал, тухумал цолъизе), закон ва г1адлу-низам щулалъизе.

Цо берталъ Мусаласде абун буго, мун г1алимчиги, шаг1ирги ватани цо кеч1 гьабеян, гьес рик1к1ун руго гьал раг1аби:

Магъриб-машрикъалда парччах1лъаниги,
Г1израилас бослеб дур гъаримаб рух1.
Хирияб тахида дун-мун таниги,
Х1атал гьеч1еб молода къала.

Шаг1ирас жиндирго асаразда абулеб бук1ана дунял гьабич1ого, боц1уда хадув лъугьинч1ого, дин гьабеян, Аллагьас малъухъе хьвадеян:

Бичас дуе кьураб г1азизаб г1умру
Г1адада биччаге, г1адалав гьобол,

[1] Ревалюциялдаса цебесеб авар литература. Цеберaг1и. Мах1ачхъала, РНО ДГУ, 1980, гь. 3-4.

Гьоболлъухъ дуй кьураб дунялалъул рукъ,

Я гьеб къач1анилан гьанир теларо.

Мусалав Аллагьасда ва ахираталда божулев чи вук1ана, алжаналде ине ккани дунялалъул кеп босизе бегьуларо. Аллагь кивго вуго, - мач1гояб рахьдалъ г1адинан абулаан гьес. Т1адег1анасда кинабго бихьула. Мунагьал гьаризе бегьуларо, инсан вижун вуго Аллагьасе хъулухъ гьабун хьвадизе. Дунял буго ц1акъ пайда гьеч1еб жо. Гьединал пикраби рук1ана Мусаласул шиг1рабалъ. Гьедин бук1ин бихьула нилъехъе щварал шаг1ирасул куч1дузул цо-цо куплетаздасан:

| | |
|---|---|
| Кьалбал гьеч1ел гъут1бузда | Т1охал гьеч1ел рукъзабахъ |
| Гьимгьидилел рук1аго | Данде руссун рук1аго, |
| Г1ури ч1вамо щапани, | Регьел х1алакун ккани, |
| Щиб дармандай гьабила? | Гурх1иладай гурх1илев? |

Мусаласул гьел шиг1раби релъарал руго суфизмалъул поэзиялда. Сипаталги руго рич1ч1изе зах1матал: кьалбал гьеч1ел гъут1бузда релъинарун руго т1олабго дунял (Вселенная), т1охал гьеч1ел рукъзабазда релъинабун буго планета Ракь. Регьел ц1ик1к1ун ккун гьеб биххизе бегьула, гьединлъидал, пайда гьеч1ел жал гьарун, данде руссун рук1инч1ого Аллагь разилъиледухъ динги, лъик1ал ишалги гьарун рук1ине ккола.

Аваразул шаг1ирзабазул суфизмаялда хурхарал асарал ратулелъул дагьабниги гьелъул бицинч1ого т1убаларо. Суфизмаялъул к1удияв теоретик Гъазалил, Джамил, Х1афизил асарал Дагъистаналда лъалел рук1ана. Суфизм хурхараб бук1ана Нахъщубандияб т1арикъаталдаги. Гьелъ ах1улел рук1ана рак1алъ - т1адег1анав Аллагь, квералъ - зах1мат бокьизе, пана дунялалдасан т1аг1ам босич1ого, дин гьабизе. Муршид Ярагъияс жиндирго ваг1забазда халкъ ах1улеб бук1ана ахираталде х1адурлъи гьабизе: «Нилъер ват1ан буго ракьалда гуреб, доба зобалазда. Рук1унге тохго. А мажгитазде, рай Аллагьасе какал, гьабе тавбу»[1]. Ярагъияв устарасул г1елмуялъулъ суфизмалъул чанго идеяби рук1ана.

[1] Агаев А.Г. Магомед Ярагский. Махачкала, ИПЦ ДГУ, 1996, гь.81

Ц1акъ машгъураб буго Мусаласул инсанасул херлъиялде гъабураб философияб шиг1ру. Гьениб буго кинабниги  ункъо мухъ кьун, буго т1абиг1аталъул сурат, ай гьелда релълъинабун  буго метафорабазул кумекалдалъун инсанасул херлъиялъул г1аламатал:

Маг1арда г1азу буго.

Г1оралда нак1к1 лъун буго.

Бодул къуват хун буго.

Хан парччах1 бах1ар вуго.

Гьениб щибаб раг1ул буго ч1ван къот1араб гуреб, хъвалсараб (иносказаниялъул) маг1на: «мег1ер» - инсанасул бет1ер, «г1азу» - рас хъах1лъи, «г1ор» - берал, «нак1к1» - канлъукълъи, «бо» - чорхол лугби, «хан парччах1» - рак1, анищал, хьулал. Чорхол къуват дагьлъаниги, рак1 бах1арго бук1уна. Гьай-гьай рак1 унтизе бегьула, амма гьеб херлъуларо. «Рак1» гьениб буго инсанасул анищал, хьулал, х1асрат маг1наялда.

Мусаласул коч1ол темалъун буго х1акъикъаталда бук1унеб дандеккунгут1и: инсанас жигар бахъула кидалго г1олохъанго вук1ине, амма черхалъул къуват дагьлъула, хола. Гьелда гьабизе к1олеб жоги бук1унаро, Аллагьасул х1укмуги гьединаб буго. Гьеб тема хадубги цебе т1езабуна маг1арулазул шаг1ирзабаз.

Мусаласул коч1ол бат1ияб маг1наги гьабизе бегьула, бит1араб куцалда гьеб бич1ч1ани, г1олохъанав хан-парччах1ги гьесул боги мурад т1убазе, г1акъуба бихьун церехун унел, киг1ан жигар бахъаниги мурад т1убалареб: щайгурелъул цебехун буго г1азул ц1ураб мег1ер, нак1к1 т1ад лъураб г1ор, г1емер къеркьон бодулги къуват хун буго. Гьениб буго г1олохъанав парччах1ги (жиндие реццги, бергьенлъабиги къвариг1арав) къуват хвараб боги. Кинаб маг1на гьабуниги Мусаласул кеч1 буго унго-унгояб, пасих1аб, гъваридаб адабияб асар. Гьеб мисаллъун бук1ине бегьула гьанжесел поэтазе.

Мусаласул лъик1аб гьунар бук1ана г1араб мац1алдаги кеч1 гьабизе. Гьелъие мисалллъун босизе бегьула жиндирго устар Салих1иде гьабураб шиг1ру.

Гьеб авар мац1алде буссинабун буго Гьарак1униса Нурмух1амадил Мух1амадица, кьунги буго «Литературияб Дагъистан» журналалда 1989 с. № 2. Мусалас г1араб мац1алда хъвана чанго г1елмияб х1алт1и, аслияб куцалда поэтикаялда логикаялда, астрономиялда, географиялда хурхарал. Цо т1ехь «Къудукьи» абун ц1арги лъун бахъана Турциялда 1892 с.

1715 соналъ Мусалав васалги рачун Г1арабистаналде ана, гьенир 1716 соналъ лъабавго накълулъана. Мух1амад вукъун вуго Х1алабалда (Алепо) шагьаралда. Нахъе хут1ун руго шаг1ирасул лъади Марьямица гьабураб маг1у г1ажаибго пасих1аб маг1у:

Мун щварал щобазде шиг1ро гьуинав,
Щибилан дун тарай, дир мутаг1илав?
Шиг1роялда жаниб маг1на дурусав
Х1абалалда тана васазул эмен…

Хъах1илаб зодоре нуж канч1ал ц1ваби,
Къудукьесул рукъор нуж х1ажизаби,
Лъабго х1ажиясул чалма биххидал,
Йиххизе к1веч1ей дун маххул ятила.

Мусалас лъик1аб байбихьи гьабуна литературияб авар мац1 цебе т1езе. Гьесул иш цебе бачана Г1аймакиса Абубакарица ва Кудалиса Х1асаница, ц1акъго бечедго Инхоса Г1алих1ажиясги.

К1удияб шиг1рияб гьунаралъул г1алимчи Г1ахьалч1иса Муртазаг1алих1ажияс (1850 – 1925 сс) «Дагъистаналъул г1алимзаби» абураб назмуялда хъвалеб буго.

Г1ободаса Шаг1банкъади, Къудукь Мусал Мух1амад,
Жидер таг1лималдалъун г1улумал т1ирит1арал.
Г1аймаки Абубакар, Кудали Х1асанкъади
Салт1а Юсупапанди, Усишалиса Давуд,
Диниял ах1макъазе х1акъал мужадидзаби,
Жидер иршадалдалъун Дагъистан т1обит1арал.

Г1аймакиса Абубакарх1ажи вук1ана Дагъистаналда лъабабизе вахъарав к1удияв г1алимчиги, авар адабияталъе кьуч1 лъурав шаг1ирги. Гьев гьавуна 1711 соналъ гьанжесеб Хьаргаби районалъул Г1аймаки росулъ. Гьес нахъе тана лъик1го бечедаб адабияб ирс: туркаби, ваг1заби, къасидатал.

Абубакарица туркаби ваг1заби хъвалаан жиндирго росдае хасиятаб мац1алда. Гьединлъидал цо к1удияб турки Инхоса Г1алих1ажияс ц1идасан хъвана болмац1алда. Гьеб бахъун бук1ана Г1ободаса Сиражудиница г1уц1араб «Бустан Аваристан» т1ехьалда Темир-хан-Шураб 1909 соналъ Мух1амадмирза Мавраевасул басмаханаялда. Абубакарил анц1ила лъабго ваг1за бахъун буго Х1айбулаев Сиражудиница данде гьабураб «Ваг1заби ва туркаби» абураб т1ехьалда.

Абубакарил туркиялда баян кьун буго бусурманчиясда лъазе кколелщинал т1адал жалазе: иман – анлъго жо буго, ислам – щуго жо буго, их1сан – т1аг1ат берцин гьаби, суннат – аварагасул нух, имамзабазул магьзабал, аварагасул г1умру, умумул, хъизан-лъимал.

Ваг1забазда бицунеб буго мискинчи-бусурманчи хьвадизе кколеб куцалъул. Т1оцебесеб ваг1заялда пасих1го хъван буго: «Мискинасе кье садакъа, гъаримасе кье напакъа, Рет1е суфиязул рет1ел, ахир лъик1лъи бегьила дуй».

К1иабилеб ваг1заялдаги ратула г1емерал дарсал кьун: г1елмуялде инкар ккоге, васвасалде рак1 биччаге, х1арамалде х1ет1 биччаге, чияр гьумерги бух1уге, шайт1ангун бицардуге, г1адада сверсведуге, чорхое рах1ат гьабуге, бикъуге, гьекъоге, эбел-инсуй хилиплъуге, квешалгиму гьудалъуге, ч1ух1и-пахру чорхолъ ккоге ва гь.ц. Гьеб кинабго ваг1за-хабар бич1ч1уларев чиясе жаза (г1азаб) гьабизе буго хун хадуб. Гьениб кьун буго т1убураб моралияб кодекс. Лъабабилеб туркиялда к1одо гьавун вуго нилъее кинабго жо кьурав Аллагь. Кинабго г1елму босун буго Къуръаналдасан:

Дур рак1алъе иман кьурав, дуй ц1ализе Къуръан кьурав

Г1амал лъазе г1елму кьурав къудраталъул Аллагьиму.

Г1асиязе рикъзи кьолев, тавбуялъе къабул кьолев.

Рак1 бац1ц1адал, лъик1 хьвадулел, ях1-намус бугел г1адамал бечелъуларин абулеб буго шаг1ирас, рикъзи кьолила г1асиязе, чуруказе, иман гьеч1езе. Халкъалъул кици буго: «Ях1 бугесе – хоб дуниял» - абун. Халкъалъул к1алдисан г1адин к1алъалев вуго Абубакар. Гьес Аллагьасда гьарулеб буго гурх1ел гьабеян, хасго сират бахине кумек гьабеян. Кумек гьарулеб буго гьаб дунялалдаги. Авар адабияталъе ц1ик1к1араб к1вар бугеб «Анкьабилеб ваг1заялда» шаг1ирас гъваридго рихьизарун руго заманалъул г1аламатал, халкъалда бук1араб зах1малъиги къварилъиги.

Мажгиталги ч1унтун ругин, годек1аби г1уц1ун ругин

Г1орц1аразул балагь бугин, раче дуца ниж къватIире.

ГIелмуялъул кьучI хун бугин, гIадамазул куц хун бугин,

ГIалимасул хIинкъи гьечIин, жагьиласул кантIи гьечIин,

ЗагIипасда зулму бугин, залимасе хIалай ругин,

ХIал бугелал бергьун ругин, раче дуца ниж къватIире.

Гьел шиг1раби руго ц1акъ т1адег1анаб даражаялда хъварал, нилъ бит1ахъе х1икмалъизе т1амулел.

«Анц1ила цоабилеб ваг1заялда» сипат-сурат гьабун буго абадияб рукъалъул – алжаналъул. Шаг1ирасул фантазиялъе г1урхъиго гьеч1о, гьелъги нилъ х1икмалъизарула. Шиг1рияб гьунар бахун буго ц1акъго борхалъуде. Гьенив поэт нилъеда вихьула унго-унгояв романтиклъун. Гьеб ваг1за ц1алулеб мехалъ рак1алде бач1уна к1удияв Мах1мудил «Макьу» абураб поэма.

Бадиса бер босуларел, бералги жидер ч1ах1иял

Гьумер жидер бахьинал х1урулг1инзаби ругила…

Курхьен-к1илк1ал – меседила, рет1унеб жо – дарайила,

Маргъалалъул риун т1урал чадиразухъ рук1унила.

Россабазда жал разиял, нахъе хут1и абадиял,

Жидер бадиб нур решт1арал, жал гьайбатал рук1унила…

Жанир ахал керчалила, чамасдакгун ц1ибилила,

Зайтунгиму сонойила, щибаб пихъил кьер-кьерила.

Гьаб художествияб асаралда нилъеда батуларо цониги г1араб раг1и, гьелъги нуг1лъи гьабула Абубакарил творчествоялъул гъункараб бухьен бук1ин аваразул фольклоралъулгун. Халкъалъул гьунарги, исламияб г1елмуги, г1емерал соназул г1акъиллъи – ц1одорлъиги гъункун цолъун буго к1удияв шаг1ирасул асаразулъ.

Абубакарица лъик1абго х1алт1и гьабуна г1алимзабазул, г1акъилзабазул, шаг1ирзабазул асарал рак1ариze. Гьездасан берцинал раг1абиги г1акъилал малъа-хъваялги, насих1аталги данде гьарун т1ехь г1уц1изе. «Дирго бот1ролъ рижаралги, рек1елъе рач1аралги гьединго диде щвезег1ан церехун рук1аразул асараздасан пайдаяллъун рихьун дица росаралги пикраби данде гьарурал т1ехьалда лъуна «Маджмуг1 ал-Овбаш» абураб ц1ар. Гьеб дица бикьун буго ункъо бут1аялде: 1. Поэзиялъул ва прозаялъул асарал. 2. Машгьурал г1акъилзабазул к1алъаял ва гьезул балъголъаби. 3. Лъик1аб хьвада-ч1вадиялъул. 4. Г1ажамалъ ва г1арабалъ хъвадараразул васиятал»[1].

Т1оцебесеб бут1аялда лъун бугеб Г1урадаса Ибрагьимица Абубакариде хъвараб кеч1. Гьале гьениса мухъал:

Дица г1алам ах1ула гьудуллъи вацлъиялде.

Цадахъ рекъон гьабулеб гьуинаб г1умруялде.

Г1акълуялъул т1огьода гьарзаяб пихъ бижула,

Г1елмуялъул иццухъан т1ок1к1араб лъим чвахула.

Ч1ах1иял г1алимзабаз г1елмуялъул жавгьарал

Бигьаго ралагьана ралъдал гъварилъиялда.

Гьединаллъун рик1к1уна Муавийги васалги –

Гьезул ц1аралги руго Абубакар, Г1абдулагь.

Гьединабго гъваридаб бук1ана Кудалиса Х1асанил творчествоги, авар адабияталда т1оцебе гьес к1вар кьуна инсанасул хасият-г1амал, психология рагьизе, рук1а-рахъиналъул, г1умруялъул балъголъаби т1атинаризе. Гьес Абубакарил дарсал такрар гьарулел гьеч1о, жиндирго г1умруялде бугеб

[1] Садыкъи М Гъ. Г1араб мац1алда авар адабият. Газета «Х1акъикъат» 1994 с. 10 февраль, гь. 5.

бербалагьи бихьизабулеб буго хасаб къаг1иядаялъ, жиндирабго (индивидуалияб) стилалда. Гьесул асаразул буго загьираб лирикияб хасият. Багьжат Испагьиевалъ хъвалеб буго: «Кудалиса Х1асаница сундул х1акъалъулъ бицунеб бугониги, кидаго аслияб к1вар кьун буго инсанасде, гьесул г1умруялде. Х1асанил бот1ролъ бук1уна цо пикру: инсанасул г1умру лъик1лъизаби, гьесул х1ал бигьалъизаби. Гьелъул буго ч1ванкъот1араб философияб кьуч1: дунялалда кинабго жо хисулеб бук1ин, даимаб жо щибго гьеч1олъи поэтасда биччи»[1]. Динги гьабизе ккола, маг1ишатги г1уц1изе ккола.

Сордо бач1ун, къо бач1ун унеб буго замана

Жиндир пикру ц1ик1к1арав гъаплаталда ч1еларо

Х1асаница г1адамал ах1улел рук1ана ц1одоралльун, рит1ухъаллъун, сабру ва г1адлу бугелльун рук1ине, гьебги динги ц1унун, шарг1ияб нухалда:

Гьал г1адамазда гьоркьоб г1адлу гуреб гьабуге,

Дуца гьабурабщинаб гьикъич1ого теларо.

Бут1рулльун толел чаг1и г1адилал гурел тоге,

Г1арасалда к1ал гьикъи дуда т1аса инаро![2]

Шаг1ирас бищунго к1вар кьолеб жо буго инсанасул г1амал, г1адлу, сабру, низам, гьудуллъи-гьалмагълъи. Гьел раг1аби бищунго г1емер дандч1вала шиг1рабалъ, чанго мисал рехсезе бегьула:

«Бицаралде божуму, г1амалалъулъ хехлъуге,

Сабуралда гьабураб кинго мекъса ккеларо».

* * *

«Лъик1аб чода рек1иялъ г1амал бат1а гьабуге».

* * *

«Гьал г1адамазда гьоркьоб г1адлу гуреб гьабуге,

Бут1рулльун толел чаг1и г1адалал гурел тоге».

* * *

[1] Испагьиева Б. Х1. Аваразул церегоял шаг1ирзаби… «Гьудуллъи», 1973, № 3, гь. 104.
[2] Ваг1заби ва туркаби, гь. 32

«Жиндир г1акълу камилав кинго хат1алъиларо,

Сабуралда к1алъарав раг1ухъ мекъи ккеларо»

* * *

«Низам гъеч1еб боялъе рагъда талих1 кьоларо».

* * *

«Т1ад вугев чи мекълъани, рах1аталда толаро».

* * *

«Г1адлуялда хьвадич1ев халатккун хут1иларо».

* * *

«Г1акълу дагъав пикру гьеч1 нартил ц1аялъ вух1аги».

***

«Жндир пикру камилас чи х1акъир гьавиларо».

Х1асанил туркабазулъ диниябги инсанасул г1умруялъулги (материалиял) рахъал цоцазда хурхун цадахъ кьун руго. Гьаб дунялалда инсан лъик1 хьваданани, доб дунялалдаги лъик1 бук1ине буго. Динги гьабе г1адлуги гьабе. Нилъерго беразда бихьана г1адлу гьеч1олъиялъ гьабулебщинаб балагь. Дуниял цо х1алалда бук1унаро, гьединго инсанги, чорхолъ къуват бук1аго гьабизе ккола динги лъик1ал ишалги. Кинабго чиясда божизе бегьуларо, ц1одорго рук1ине ккола.

Х1асанил творчествоялъ жанибе бачунеб буго инсанасул хьвада-ч1вадиялъул, г1амал-хасияталъул к1удияб г1елму. Гьелъул гъваридаб маг1наги буго, ц1ик1к1араб к1варги буго. Г1емерисел коч1ол мухъал кицабилъун лъугьун руго.

Цого заманалда рук1арал к1иго к1удияв шаг1ирасул художествоялъул асарал данде ккуни, нилъеда бихьула г1емераб релъараб жоги, гьединго гьезда гьоркьоб бугеб бат1алъиги.

Абубакарица цик1к1ун к1вар кьолеб бук1ана жиндирго миллат шарг1алде, исламияб диналде ругьун гьабизе, гьелъул кьуч1ал рагьизе, иман, ислам, их1сан баян гьабизе, зиярат, к1ал кколеб куц, х1еж борхулеб куц малъизе, алжан-жужах1алъул сипат гьабизе. Гьеб кинабго бич1ч1изабизе

ккани, къвариг1ана г1одове биччараб, рек1елаб гара-ч1вариги гьелда рекъараб, данде кколеб шиг1руялъул г1уц1иги. Абубакарил коч1ол г1уц1и буго гъункараб, щибаб мухъ 16 слогалдасан г1уц1араб. Г1емериселъ к1и-к1и мухъ, цолъун лъугьунеб буго гъункараб куплет (бейт). Гьале цо мисал:

Ч1ах1иязул г1адлу гьеч1ин, г1исиназул х1ая гьеч1ин,

Цогидазул адаб гьеч1ин, раче дуца ниж къват1ире.

Гьедин цолъараб к1иго мухъалъ кьола цо маг1на. Гьеб буго коч1ол г1уц1иялъул аслияб къаг1ида. Батула ункъ мухъалъ цо маг1на кьолеб къаг1идаги (ункъо мухъалдасан г1уц1араб куплет):

Нагагьаб г1ажал щун, унтун кканани,

Гъаплаталда хут1ун, хвел г1унт1ун ккани,

Тавбу гьабич1ого рух1 бахъанани,

Гурх1ел ц1акъав Аллагь гурх1илародай?

Х1асанил шиг1рабазул щибаб мухъалъул буго ч1ванкъот1араб маг1на. Цоцазде г1агарал маг1наби ругеб унгкъо мухъалъ г1уц1ула цо куплет. Х1асил гьабула ахирисеб мухъалъ. Шиг1раби руго кутакаб низамалда г1уц1арал:

Лъимал квешал лъугьани, балагьал камиларо,

Балагьал т1аделъани, рах1аталда толаро.

Регулеб бусадулцин лазатго бегьуларо,

Квешаб г1амал гьабурав ракьалъе гьалмагълъаги.

Кеч1 г1уц1иялъул рахъ гьелъул форма босани, Х1асан г1езег1ан цеве ун вуго доб заманалъул шаг1ирзабаздаса. Гьес ц1акъ къокъго, г1ужилаб куцалъ кьун руго бат1и-бат1иял г1адамазул сипатал.

Жиндир г1амал ч1ух1арав г1адамаз вецуларо,

Жиндир раг1и к1удияв рагъда цеве кколаро,

Рукъалъе парччах1лъарав, къват1алъе ватуларо,

Пакъирасул х1алалда, Аллагь, мунго гурх1аги.

Абубакарица ва Х1асаница хадув вач1ун авар адабияталъе квербакъи гьабурав шаг1ирлъун ккола гьезда цеве ц1аларав Гьарак1униса Саг1ид.

Саг1ид гьавуна Г1аймакиса Абубакарил вас Мух1амадил хъизаналда 1763 соналъ. Эменги хун, бесдаллъарав вас хьихьула ва г1езавула к1удияв инсуца. Саг1ид ц1алула Кудалив Х1асанида цеве, лъазабула г1араб мац1 ва маг1ан (поэтика) г1елму. Ц1али лъуг1ун хадуб гьес Гьарак1униб рагьула к1удияб мадраса, гьенир ц1алун рахъана г1емерал г1алимзаби, гьединго лъабавго имам: Гъазимух1амад, Х1амзат ва Шамиль. Гьел гъазават байбихьараб мехалъ тушманзаби лъугьана.

Саг1идил адабияб ирс бечедаб гьеч1о, нилъехъе щварал асарал руго лъабго элегияги, цо философияб шиг1руги, чанго г1араб мац1алда хъвараб къасидатги.

Гьез авар адабият реализмаялъул нухде бач1ине квербакъи гьабидал, гьезул бицинч1ого г1оларо.

Кудалиса Х1асаниде гьабураб маг1уялда гьес хвел релълъинабулеб буго т1упан т1еялда, живго шаг1ир – г1елмуялъул бак1алда:

Х1асан, мун хванилан хабар раг1идал,

Гьал нижер рак1азде бец1лъи рехана.

Махсаро х1исабалда хъвараб буго «Х1амихъ маг1у» абураб къеч1. Амма гьеб кеч1алдасан нилъеда бихьула Саг1ид вук1ин гьунар бугев шаг1ир ва гьединго эркенаб пикруялъул чи. Х1ама хванин раг1араб мехалъ жиндиего гьабураб асаралъулги бицун, шаг1ирас сипат-сурат кьолеб буго хвараб х1амие. Гьеб буго реалистияб къаг1идаялда бихьизабураб «сипат»: х1алимабги сабураб, къот1уй хилиплъулареб, унеб бак1 къваридалъуб квербакъи дур бук1ана. Гьеб релълъинабун буго свак, к1вах1, хияналъи лъалареб х1алт1ухъаналда:

Дур баркараб мугъалда дир маг1ишат бук1ана,

Дур х1алимаб хьвадиялъ дир х1ажатал т1урана.

Маг1уялда руго пародиялъул г1аламаталги, шаг1ирас абулеб буго, холеб мехалъ аск1ов вук1аравани, бит1ун ккей гьарилаанилан, «чурун мусрал т1адги ран, дицаго букъилаан, бищунго хут1маяб цер хабат1аги телаан». Гьанисан нилъеда бихьула Саг1ид хварав чи вукъиялъул г1адатазда

велъулецин вук1ин. Гьедин шаг1ирас поэзиялде бачана бег1ераб юмор-махсара, релъи. Юмор х1исабалда хъвараб буго «Метер ине къасд буго» абураб философияб кеч1ги. Гьениб Саг1идица г1ат1ид гьабун буго т1оцебе Къудукьа Мусалас байбихьараб хвалил х1акъалъулъ тема. Шаг1ир ургъалида вуго т1аде хвел бач1иналъул, хабалъ бук1унеб къварилъи данде кколеб буго ракьалда бук1унеб г1умруялда. Къудукьа Мусалас инсанасул херлъулеб черх данде кун бук1ана бах1арго бугеб рек1еда. Гьедин кеч1 г1уц1иялъул къаг1ида к1иябго поэтасул цого буго.

Мусаласул, Абубакарил, Х1асанил ва Саг1идил асарал рик1к1ине бегьула авар адабият бижиялъул ва цебе т1еялъул т1оцебесеб этаплъун. Гьезул ваг1заби, насих1атал, элегияби хъван руго ц1алулезда ва г1енеккаразда рич1ч1уледухъ халкъияб къаг1идаялда. Амма гьеб бижун бач1унеб ваг1за-насих1атияб адабият гьоркьоб къот1изабуна XIX г1асруялъул байбихьуда ккарал тарихиял лъугьа-бахъиназ, ай эркенлъиялъе г1оло маг1арулаз гьарулел рагъаз. Гьезие нухмалъи гьабуна имамзаби Гъазимух1амадица, Х1амзатица, хасго халат бахъун Шамилица. К1вар ц1ик1к1ана г1араб мац1алъул, гьеб бук1ана пачалихъияб мац1лъун, литератураги байбихьана гьеб мац1алда хъвазе.

Эркенлъиялъе г1оло гьабулеб рагъалъ авар адабият бечед гьабуна бах1арчилъиги, Ват1аналде бугеб рокьиги загьир гьарулел асараз. Гьеб заманалъул хъвадарухъабазда гьоркьосан ц1акъго к1вар бугел рук1ана рахьдал мац1алъ шиг1раби гьарулев Хьаргабиса Мух1амадбегги, г1араб мац1алъ асарал хъвалел Къарахъа Мух1амад Т1агьирги Сугъралъа Х1ажимух1амадги.

## 2. Къарахъа Мух1амад Т1агьирил творчество.

Маг1арулазул художествоялъул ирсалда хасаб бак1 ккола г1араб мац1алда хъвараб литератураялъ. Дагъистаналда г1араб мац1алда хъвараб миллияб литература бижи цебе заманалъул политикиялгун историялъул шарт1азда бараб бук1ана. Академик И.Ю.Крачковскияс хъвалеб буго:

«Дагъистаналъул халкъаз г1араб культураялдасан пайда босана чанго нус-нус соназ. Г1араб мац1 Дагъистаналда г1иц1го литератураялъул мац1лъун бук1инч1о, гьеб мац1алда гьениб бижун бач1ана к1удияб г1елму, хасаб тайпаялъул культура, гьелъ куцана г1емерал историкал, поэтал, г1алимзаби, г1уц1ана ч1агояб литература», - абун.

Г1арабазул хъвай-хъваг1ай Дагъистаналде бач1ана г1ага-шагарго VII – VIII г1асруялда. Гьеб бараб бук1ана ислам т1ибит1иялда. Литературияб традиция абуни бижана XII г1асруялда. Гьеб заманалдасан байбихьун гьенир г1уц1изе байбихьула тарихиял х1ужаби, лъугьа-бахъинал рехсарал т1ахьал, хъвай-хъваг1аял (рагъазул, т1абиг1иял балагьазул, унтабазул бицарал). «Дагъистаналъул история» т1ехьалда бихьизабун буго гьединал т1ахьал рук1анин щибаб росулъ ва нилъехъе щун ругин бат1и-бат1иял квераз хъварал гьединал т1ахьалан. Сонал анаг1ан гьел ц1иял х1ужабаз бечелъулаан, амма аслияб х1асил хисулароан. Гьединал т1ахьал т1ирит1иялъ квер бакъула хасаб тайпаялъул литература – хроникаби Дагъистаналда рижиялъе. Гьеб тайпаялдасан хасго машгьурал руго: «Ширваналъул ва Дербендалъул тарих» (1106), «Дагъистаналъул тарих» (1313), «Дербенд-наме» (XVI в.).

Гьел асаразул бергьун к1удияб к1вар буго, щайгурелъул бакъбаккул Кавказалда ц1акъго къанаг1атал ва жеги рак1ч1ей гьеч1ел эпиграфикаялъул памятникал тун бат1иял – кинал ругониги хъвай-хъваг1аялъул лъалк1ал кодоре щун гьеч1елъул. Диналъ дин хисулеб мехалъ, гъоркь бук1араб диналда хурхараб жо щибго толароан, хъвай-хъваг1ай, литература лъалк1 теч1ого лъуг1изабулаан.

Дагъистаналъул рехсарал хроникаби г1уц1иялъул рахъалъан цоцазда релъарал руго. Гьезул автораз аслияб куцалда бицунеб буго кинаб бугониги нек1сияб шагьаралъул (гьоркьохъел веказда бук1араб), рехсолел руго шагьар бижаралдаса нахъе лъалелщинал х1ужаби. Дагъистаналъул культураялда жаниб гьел хроникабаз квербакъи гьабуна г1араб мац1алда бечедаб

литература бижизе, гьел лъугьана XIX г1асруялда рижарал тарихиял хроникабазе аслулъун.

Г1араб мац1алъ тарихиял асарал хъвай г1адатлъун билълъараб жо бук1ана. Гьеб мац1 лъугьуна рух1анияб, динияб литератураялъул стильлъун гуребги унго-унгояб г1умруялда хурхараб г1елмуялъулгун адабияталъул мац1лъунги.

XIX г1асруялъул т1оцебесеб бащалъиялда, маг1арулал пачаясде данде къеркьезе цолъараб мехалъ, г1араб мац1алда хъвазе байбихьана миллияб тайпаялъул литературиял хроникаби. Гьез бицунеб бук1ана Дагъистаналъул историялъул, г1умруялъул, цере лъолел рук1ана к1вар бугел социалиялгун политикиял суалал. Гьединал асарал г1уц1улел рук1ана прозаялдалъун ва коч1одалъун. Гьезул г1емерисел кеч1гун хабар жубазабун хъварал руго. Г1елмуялъе машгьураб буго гьединаб ункъо асар: «Мух1амад Т1агьирил хроника», «Г1абдурах1манил рак1алде щвеял», «Шамилил х1акъалулъ Х1ажа-Г1алил бицен». Ункъабилеб – Генуса Лачениласул «Гъазаваталъул к1улал» абураб хроника маг1арул мац1алъ хъвараб буго.

Г1елмуялъе бищунго ц1ик1к1араб к1вар буго «Мух1амад Т1агьирил хроникаялъул», гьелъул бит1араб ц1ар буго «Шамилил рагъазулъ Дагъистаналъул хвалчазул паркъи» абураб.

Т1ехьалъул автор Мух1амад Т1агьир ккола машгьурав г1алимчи, историк, поэт ва хъвадарухъан. Гьев гьавуна гьанжесеб Ч1арада районалъул Ц1улда росулъ. Гьесие щвана динияб т1адег1анаб лъай жиндирго ракь цояв устар Х1ажидибирасул нухмалъиялда. Мух1амад Т1агьирица т1ад ч1ун, хасго к1вар кьун лъазубулеб бук1ана г1араб мац1, гьелъул грамматика, г1уц1и, юристиял г1елмаби (фикъх1) ва адабият. М.Т1агьир вук1ана пагьму бугев поэт. Гьес г1араб ва маг1арул мац1азда эркенго куч1дул гьарулаан, амма гьес хъварал куч1дул нилъехъе ц1акъго дагьал щун руго. Гьединаздасан т1оцебесеб кеч1лъун ккола 1832 соналъ Дагъистаналъул т1оцевесев имам Гъази-Мух1амад хвеялда бан гьабураб элегия – маг1у.

1850 соналъул кьиндал заманаялъ М.Т1агьир Даргъове вач1ана ва Шамил имамасул секретарьлъун лъугьана. Даргъове вач1инег1ан цебе гьесул г1умроялъул ва творчествоялъул рахъалъ рехсей гьабураб бак1 хъвай-хъваг1аялда кибго гьеч1о.

Имамас М.Т1агьириде к1удияб божилъи гьабулаан ва гьесда т1адкъана жиндирго заманалъул рагъазул ва лъугьа-бахъиназул бицунеб т1ехь хъвазе. Шамилица абуна: «Дие бокьилаан дир г1умруялъул заманалда ккарал лъугьа-бахъиназул х1акъалъулъ киналго харбал рак1аризе ва гьел нахъе ц1унизе, амма бат1и-бат1иял ишазул г1емерлъиялъ ва рагъул ургъел гьабиялъ дир гьелъие эркенаб заман гьеч1о», - абун.

Гьелдаса хадуб цо соналъ кьиндал имамас гьев Даргъов жиндирго рукъзабахъе вахъинавуна. Марк1ач1ул г1ужалда яги сардилъ заманалда гьел к1иялго г1одор ч1олаан, Шамилица рак1алдасан бицунаан маг1арул мац1алда ккарал лъугьа-бахъиназул. М.Т1агьирица гьеб кинабго нахъисеб къоялъ хасаб т1ехьалда г1араб мац1алде буссинабун хъвалаан.

Бицунеб харбилъ щаклъи ккараб бак1 бугони, Шамилица лъугьа-бахъиналда гьоркьов вук1арав чи ах1улаан мух1канлъи ч1езабизе.

Даргъоб бараб микьго соналда жаниб М.Т1агьирица т1ехьалъул аслияб бут1а лъуг1инабула. Гьелъ жанибе бачуна 28 соналъ ккарал лъугьа-бахъинал, ай 1830 – 1858 сс.

Авторасул пикруялда рекъон, т1ехь лъуг1изе кколаан Гъуниб мег1ералда имам асир гьавиялъул биценалдалъун. Шамил къун хадуб М.Т1агьир Темир-хан-Шураве вахъуна ва гьениб хъвала т1ехьалъул к1иабилеб бут1а – Шамил асир гьавуралдаса гьесул ахириял къоязде щвезег1ан, ай 1859 – 1871 соназул бицунеб бут1а.

Хроникаялъул т1оцебесеб бут1а хадуб–цебе бач1унеб пикруялда рекъон берцинго г1уц1араб буго, гьениб кьураб материалги къач1ан мух1канго раг1а-ракьанде щвараб, камилаб буго, к1иабилеб бут1а абуни дагьаб тартиб хвараб, г1уц1и гъункич1еб, заг1ипаб буго, гьенире росун ратула чияр т1ахьаздасан лъугьа-бахъинал, х1атта пачаясул рек1ее

бокьиледухъ хъварал бак1алцин, Шамилие гьабураб х1урматалъухъ гьев к1одо гьавулел г1адал.

М.Т1агьирил жиндирго квералъ хъвараб т1ехьалъул оригинал г1алимзабахъе щун бугилан ч1езабураб бак1 т1ахьазда кибго гьеч1о, амма гьединаблъун рик1к1унеб к1иго т1ехь буго: цояб г1елмабазул Академиялъул Дагъистаналъул филиалалъул рукописазул фондалда, цойгияб Тифлисалда. Дагъфилиалалъул рукописазул фондалда бугеб экземпляр М.Т1агьирил квералъ хъвараб оригинал бук1ин ч1езабулеб буго маг1арулазул г1алимчи Нурмух1амадов Мух1амадица; М.Т1агьирица хъварал кагътазул, т1ахьазул, статьябазул хат1 данде ккун.

Хроникаялъул х1акъикъияб текст ч1езабун, гьеб басмаялде бахъун бук1ана кодобе щвараб щуго бат1ияб квералъ хъвараб т1ехьалъул критикияб анализалъул кьуч1алда А.Барабановас 1941 соналъ. Гьес хроника г1урус мац1алде буссинабун буго мух1канаб куцалъ щибниги мукъсанлъи ккезе биччач1ого, жиб-жиб раг1и, предложение ккун маг1на ц1унун ц1унун, предложениязул г1уц1и хисич1ого. Академик И.Ю.Крачковскияс редакторлъи гьабулаго цебераг1иялда хъвалеб буго: «Таржума гьабулаго (г1урусалде буссинабулаго) авторасул аслияб мурад бук1ана ц1ех-рех гьабулезухъе т1убараб рак1ч1ейгун пайда босизе рес бугеб, божи бугеб алат кьезе ва г1араб мац1алда бугебги г1урусалде буссинабураб т1ехьалда бугебги х1акъикъаталда данде ккеялъе нуг1лъи гьабула. Буссине гьабулес жигар бахъич1о (мац1алъул) пасих1лъи ц1ик1к1инабизе, щайгурелъул М.Т1агьирил хроника цо-цо бак1аздасан, - (гьебги таваккаллъи т1амун) – гурони художествоялъулаб асарлъун рик1к1ине бегьуларо. Рес рекъон Барабановас жигар бахъана данде кколеб, «х1арп хисич1еб», перевод гьабизе, г1араб мац1 лъаларел г1адамазе рес кьезе г1урус варианталдасан оригиналалдасан г1адин пайда босизе», - абун.

М.Т1агьирил хроника г1араб мац1алдаги бахъун буго 1946 соналъ Москвалда. Гьелъул буго азарго экземпляр тираж.

Хроникаялъул бищунго цебе историялъулаб, г1елмияб ва тарихияб к1вар бук1иналъе киналго г1алимзаби разиял руго, гьелъул г1елмияб т1адег1анлъи ва к1вар борхизабула гьенир рехсарал лъугьа-бахъинал жалго гьезда гьоркьор г1ахьаллъарал г1адамаз бицунеб бук1иналъ. Шамилил рагъулаб ва пачалихъалъулаб х1аракатчилъи ва гьединго Дагъисталалъул XIX г1асруялъул тарих лъазабиялъе хроника ккола бергьун къиматаб х1акъикъияб документлъун.

Амма, гьебго заманалда, хроникаялъухъ нилъ ралагьизе ккола литературиябгун художествоялъул рахъ х1исабалде босун. Гьеб рик1к1ине бегьула Севериябу Кавказалда бижун бач1араб «г1араб литератураялъул» асарлъун гуребги, Дагъисталалъул халкъалъул литературияб памятниклъун. Гьеб ккола миллияб эркенлъиялъе г1оло пачаясде данде муг1рузул халкъаз гьабураб рагъул бицунеб эпопеялъун. М.Т1агьирица бак1арун, данд бан, къач1ан кьун буго к1удияб материал, пасих1го рак1 бан ц1алиледухъ бицунеб буго г1емерал лъугьа-бахъиназул, г1уц1ун буго Шамил имамасул г1умруялъул ва х1аракатчилъиялъул х1акъалъулъ роц1араб ва цок1алаб хабар.

Дол шарт1азда пачаясул рах1му гьеч1ел ишазул х1акъалъулъ рит1ухъаб калам дунялалдаго раг1изабизе кумек гьабулеб бук1ана г1араб мац1алъ. Гьеб мац1алъ, г1адат батухъе, хъвана М.Т1агьирица т1ехьги.

Т1ехь хъвараб бук1инч1о х1ужраялъуб, гъансиниб лъун ц1унизе, авторасул ва авторасе кумек гьабурав Шамилил хьул бук1ана гьеб ц1алулезухъе щвезабизе, х1атта наслабазе ц1унизе. Жиндирго мурадазул ва т1ехьалъул масъалабазул х1акъалъулъ М.Т1агьирица цебераг1иялда гьадин хъвалеб буго: «Нижеца сипат-сурат гьабуна цо-цо рагъазул ва тунка-г1усиязулгун къеркьеялъул. Биччанте гьеб бук1ине араб заманалъул (ва тарихалъул) сурат цебе ч1езабураб мисаллъун гуребги, нахъе бач1унеб заманалъе дарслъун ва г1акълу бугесе бит1араб нухлъун. Нижеца гьаб т1ехьалда ц1ар лъуна «Шамилил цо-цо рагъазулъ Дагъисталалъул хвалчабазул паркъи» абун, щайгурелъул Шамил кинабго бихьарав, гьоркьов

г1ахьаллъарав ва гьединго г1емерисел рагъазулъ бищунго бах1арчилъи бихьизабурав багьадур кколелъул. Гьеб гуребги, гьес рак1арана ва рек1елъ ц1унана гьел рагъазул киналго мух1канлъаби, х1акъикъиял лъугьа-бахъинал, гьел рехсезе ккани чанго т1ехь хъвазе ккела, гьезухъ г1енеккарал рак1ал х1айранлъун х1икмалъизе руго».

М.Т1агьир цеве вахъунев вуго историк ва поэт х1исабалда. Киг1ан бергьарабги пагьму ва фантазия бугев поэтасухъанги ургъун рахъизе бажаруларел г1адал лъугь-бахъиназе нуг1лъун вук1ана М. Т1агьир. Гьес гьел кагътиде росула цин берзул маг1у т1аде т1инк1улаго, цинги шавкъалъ кодове восун.

Жиндица бицунел лъугьа-бахъиназухъ М. Т1агьир валагьулев вуго мискин халкъалъул бераздалъун, гьезул пикраби, хьулал ва хиялал баян гьарун. Гьес, т1убан Шамилил рахъ ккун, гьесул ишал рит1ухъаллъун рик1к1унел руго, ай х1акъикъат бит1ун бихьизабулеб буго. Гьеб гьедин бук1ин нилъеда бихьула цо-цо хабаразул ахиралда батулеб: «гьаб бихьарав чияс бицана», «Аллагьасда лъик1 лъала», «т1адег1анав Аллагь г1акъилав нуг1 вуго» абурал раг1абаздасанги.

М. Т1агьир динияв чи вук1ана. Аллагьасда ва диналда цебе гьереси бицине бегьуларин толаан гьес. Гьересияб жо гьесул т1ехьалда щибго гьеч1о, гьединго гьеч1о ургъун бахъараб жоги.

Щайха нилъеца хроника художествоялъулаб к1вар бугеб асарлъун рик1к1унеб, гьениб щибго фантазия х1алт1изабун гьеч1еб батани? Ругелищ гьенир сипат-суратал, образал, художествоялъул куцалда бихьизабураб х1акъикъияб г1умру? Хроника хъван буго лирикияб шавкъалда, недегьго ва х1еренго, гьенир г1емер руго ц1алдолесе рек1ее асар гьабуледухъ, махщалида сипат-сурат гьабун хъварал харбал. Г1араб мац1алда хъван бук1аниги хроникаялъ нилъее нуг1лъи гьабула маг1арулазул пикру кинаб даражаялда бук1арабали, т1ехьалдасан нилъеда якъинго цебе ч1ола г1умру ва г1адамазул хьвада-ч1вади, гьезул ишал.

Г1урусазул критик В. Г. Белинскияс хъвалеб буго: «Х1акъикъаталда бук1араб жо бихьизабиялъеги ва фантазиялъул кумекалдалъун ургъун бахъараб жо бихьизабиялъеги цо г1аммаб рахъ буго – гьеб ккола художествоялъулаб къаг1идаялда бихьизаби. Ч1алг1аде гурелъул историказда художникалилан абулеб. Х1акъикъатиял харбал рак1 бан ц1алиледухъ хъван ругони – гьел художествоялъулал асаралъун рик1к1ине бегьула», - ян абун. Г1умруялда г1емерал рук1уна художествоялъулал асаразда релъарал лъугьа-бахъинал.

Ват1аналде ва халкъалде бугеб рокьи к1одо гьаби, лагълъи ва зулму каки – гьеле гьел масъалаби рук1ана М. Т1агьирида т1ехь хъвалаго цере ч1араллъун. Мисалал гьес ургъун рахъизе ккеч1о, гьел гьесда берда цере рук1ана. М. Т1агьирица ц1акъ бит1араб къимат кьолеб буго бокьараб лъугьа-бахъиналъе, гьелъул аслу лъазабун, аслияб г1аламат бихьизе жигар бахъун.

Дагъистаналъул ургьисан Шамил г1адав бах1арчи вижун вач1ин гьайбатаб ишлъун бук1ана. Гьесул хасият, г1умру ва х1аракатчилъи ккола т1ехьалъул аслияб темалъунги.

М. Т1агьирил хроника г1уц1ун буго чанго бет1ералдасан – гьелъул аслияб масъала буго Шамилил гьунарал к1одо гьари ва гьездасан мисал босизе халкъ ах1и. Т1ехьалда хабар бицунеб буго г1умруялъ ц1одор гьаврав г1акъилав маг1арулас, г1одове виччан х1еренго г1енеккарав ургъиледухъ. Гьес къват1ибе кьолеб буго халкъалъул пикру. Халкъияб гугьар кинабго хроникаялда щущан бугин абизе бегьула. Хроникаялъе мустах1икъал руго халкъияб творчествоялъего г1адал художествоялъулал алатал. Дандекквеял, эпитетал халкъалъул г1умруялъул рук1а-рахъиналъул материалалда г1уц1арал руго, киса-кирего ратула къокъал харбал, анекдотал, басняби, халкъиял каламал, биценал, кицаби. Г1емерал мисалал рачине бегьула хроникаялъул мац1 маг1арулазул к1алзулаб каламалде г1агараб бук1ин бихьизабулел: «г1одор кколел рук1ана къарал гулал г1адин», «х1алакъал чахъаби г1адин унел рук1ана», «бац1ал г1адин т1аде к1анц1улел рук1ана» ва гь.ц. Фольклоралдехун гьелъул бугеб хурхен г1алимзабаз цебего

бихьизабун бук1ана. Масала, А. Ф. Назаревичас хъвалеб буго: «Тахо-Годица дихъе ц1ализе «Лъабго имам» абураб т1ехь кьуна. Гьес абуна: «Гьабги маргьабазда релъараб буго, амма дие гьадинал рокьула маргьаби – х1акъикъияб г1умруялъ г1уц1арал».

М. Т1агьирица бицунеб буго муг1рузул халкъазул маргьудалъ раг1ич1еб г1адаб бах1арчилъиялъул, Шамил имамасул к1одолъи-г1акъиллъиялъул, ханзабазул, бегзабазул къадарлъи, г1одобег1анлъиялъул, къват1иб ч1вазабулеб буго гьезул макру.

Рагъ мискин халкъалъе х1ажат бук1инч1олъи авторасе якъинаб буго. «Солдатал аваданго, релъа-рохун кеп-г1оркьалда рук1унаан рекъел гьабураб мехалъ. Х1арамзадаби начальникзаби, пачаясул хъулухъчаг1и ракълил хабар раг1арабго г1одулаан. Гьезул чорокал рак1ал х1инкъиялъ понц1олаан» (гь. 104) – гьедин хъвалеб буго М. Т1агьирица, жиндирго пикру баян гьабун.

Я чияр ракь, я чурукаб рагъ, я т1адег1анал чинал къвариг1инч1ел рекъел гьабидал рохулел г1адатиял солдатал гьесие хириял руго. Гьесда лъалеб буго сундуе г1оло, лъие хайиралъе рагъ гьабулеб бук1арабали. Халкъияб к1алзул творчествоялдаго г1адин, хроникаялдаги рецц гьабулеб буго бах1арчилъиялъе, ват1аналде ва эркенлъиялде бугеб рокьуе, какулеб буго ц1ук1алъи, хиянальи, инжитлъи.

«Дуца сунданиги х1икмалъи гьабулеб батани, мун дир хабаралъухъ г1енекке», - ян абулеб буго М. Т1агьирица ц1алдохъанасде вуссун.

М. Т1агьирил т1ехь нилъее ц1акъго къиматаб буго, щайгурелъул гьелъ кумек гьабула имам Шамилил г1амал-хасият цебе ч1езабизе. Гьеб масъала раг1алде бахъинабиялъе г1оло х1алт1изабун буго авторас хъвадарухъанлъиялъулаб т1олго махшелги.

Т1оцебе Шамилил бах1арчилъиялъул, г1умруялде бугеб г1ищкъуялъул ва къей гьеч1олъиялъул х1акъалъулъ нилъеда лъала т1оцевесев имам Гъази-Мух1амад хвеялъул бицунеб бет1ералдасан. Гьеб буго инсан х1айран гьавулеб хабар, бит1ахъе сурат бахъараб г1адин цебе ч1езе гьабула М. Т1агьирица лъугьа-бахъин. Гьеб буго Гъази-Мух1амадил г1умруялда жаниб

бищунго балагьаб, гьесда хвел т1аде бач1араб къо. Авторас рек1елъан бух1араб х1ухьел биччан калам гьабулеб буго:

«Гъази-Мух1амадил аскар нахъе къана. Гъази-Мух1амадги Шамилги цадахъ анц1ила лъабгог1ан муридгун сангаразда нахъа бук1араб сиялъур жанир ч1ана. Гъази-Мух1амадица Шамилида абуна: «Мунги щай гьанив ч1арав?» - абун. Сверун ккуразда гъорлъ Шамил вихьизе гьесие бокьун бук1инч1еб г1адин. Тушманас си сверун ккун бук1ана, цо-цоял абуни т1охдеги рахун гьеб борлъизе лъугьана».

Авторасул аслияб мурадлъун буго лъугьа-бахъин баянго нилъеда цебе ц1езаби. Гьелъие г1оло х1алт1изарурал руго г1емерал глаголал: «Шамилица хвалчен къват1ибе бахъана, лъелги рачелги г1одобе рехана, гордел къвалал гурана, чухъил г1унщдул эхеде рахъана ва нуц1ихъан къват1иве к1анц1ун ана. Гьесул т1агъургин чалма нуц1ил т1асияб х1убиялда кьабун бортун ана. Шамилица нуц1ихъ ч1ун вук1арав цоясда хвалчен кьабана, гьев к1алагъоркье реч1ана ва х1ухьел къот1ун ккана». Тушманас сверун ккураб сиялъуса Шамил х1икматго нахъе ворч1ула. Туманк1ул хечалъ гьесул керен борлъун, квег1аб гъеж бекун ва рац1униса квер гамач1 реч1ун гъурун бук1ана. Унтиялъул кутакалъ Шамил рек1едаса инавуна, амма г1одов ккеч1о. Г1умруялде бугеб рокьиялъ, ч1аго хут1изе бугеб гъираялъ гьесда рух1 бижизабуна. Гьев хвалдаса бергьана х1икматалъ. Ч1агояв чиясул г1адин, цебе ч1ола нилъеда Шамилил сипат, бидул х1оринисаги ворч1ун борхатаб маг1арде вахиндал. Гьениве щвезег1ан гьесда хадусан вач1унев вук1ана росдал как ах1улев чи. Гьесда цониги ругъун щун бук1инч1о, гьес кумек гьабула Шамилие.

Гьесул лъор бидул ц1ун бук1ана, гьелъ биччизабун бук1ана кинабго рет1елги, амма нахъаса къот1ич1ого ругънада жанисан бач1унеб бук1ана бух1араб х1ухьел, гьелъ хинлъизавулев вук1ана Шамил. Гьес абуна: «Гьаб сордоялъ дие гьаб ругъун нусго туменалдаса хирияб буго», - ян.

Шамилие хасияталлъун авторас рихьизарулел руго тавакаллъи, камиллъи, къвак1и ва г1акъиллъи г1адал хасиятал. Байбихьараб иш раг1алде

бахъизабич1ого гьес киданиги толароан. Гьев таризавизеги сунданиги к1олароан. «Унсоколоса махулкъебед Жабраг1илица Шамилие г1акълу къуна г1арада т1еян. Халкъалъеги гьеб пикру ц1акъ бокьана, - х1укму ккана г1арада гьабизе. Гьабун бахъараб мехалъ жанир гулбиги лъун къвагьизе байбихьидал гьеб бихъ-бихъун ана. Гьеб мехалъ имам гьедана:: «Аллагьасх1а толаро нилъеца гьаб г1арада гьабич1ого, дунго бет1ергьанаб чу-ярагъ бичунги, х1арамзадабаз: «Шамилица цо иш гьабизе байбихьана, амма раг1алде бахъизабич1о», - ян абизег1ан. К1иабизеги унго-унгояб г1арада гьабуна, гьеб бигьаго гирула, амма зах1матаб ругъун лъола».

Шамилица тушман кидалго жидеего рекъон кколел шарт1азда къот1и гьабизе т1амулаан.

Имамлъун Х1амзатбег вугеб мехалъ хундерица къасд гьабуна Шамил, (вичун восун) жидедехунго вуссинавизе, амма гьезухъан гьеб иш бажарич1о. Шамилица гьудуласе рек1к1 гьабич1о, гьелъул г1аксалда, гьесда гьарана тахшагьарлъун тушбабазул ц1ураб Хунзахъ росо гуреб, живго г1араб росулъ Гьоц1алъ росу т1аса бищеян ва гьениве вахъаян. Амма Х1амзат г1алимзабазул г1акълуялда рекъон Хунзахъ ч1ана ва лъаг1алидасан гьенив мажгиталъув ч1вана.

Х1амзатбег хун хадуб, г1акълучаг1азул данделъиялъ халифлъун – имамлъун Шамил вищана. Шамилица инкар гьабулеб бук1ана, амма гьесда кутакалда гьарана.

Тушбабазда Шамил махсароде кквезе, мут1иг1 гьавун гьесухъа раг1и бахъизе к1олароан. Цо нухалъ пачаясул генерал Клюки – фон Клюгенауца Генуб росдал г1адамазда лъазабуна Шурабе щуго х1амида лъун ц1олбол гъабуги пихъил гъут1биги рит1еян. Росдал хараби данделъана гьеб суал гьоркьоб лъезе. Т1алаб гьабураб жо бит1изе гьел разилъулел рук1ин бихьарабго, Шамили лъазабуна: «Гьеб иш т1убазе нилъер рес рекъоларо, щайгурелъул гьелъ кидалниги гьоркьоса къот1изе гьеч1еб квешаб г1адат бижизабизе буго», - ян.

Гьес мисалалги рачун абуна: живгоги хун цадахъ мунагьалги хварасе талих1 бугин, амма талих1 къосинин живгоги хун хадур мунагьал ч1аго хут1арасул абун. Мунагь бугеб иш гьабугеян гьарулеб бук1ана гьес.

Шамилил калам пасих1аб, гъваридаб бук1ана, гьес г1емер х1алт1изарулаан кицаби, т1ахьаздасан росарал г1акъилал раг1аби. Г1енеккарал гьес хаган хут1изарулаан ва макърат1исалъ г1адин т1аде ц1алаан.

Раг1уца кумек гьабулареб мехалъ гурони гьес зулму-х1алалдалъун закон билъанхъизабулароан.

Буц1ра абураб бак1алда гьабураб рагъулъ къун хадуб Шамилил гьалмагъзабазе бокьун бук1ана рокъо-рокъоре нахъ руссине, амма Шамилица инкар гьабуна: «гьабигьанас гьабихъа бачахъараб хъанда-гьой г1адин нилъ нахъ руссинаро», - абун.

Бергьун кутакаб чорхол къуватги жанги кьуна Шамилица т1оцебе шарг1 ц1унизе, хадуб тушманасдаса ват1ан эркен гьабизе муг1рузул халкъал цолъизариялъе. Гьесда к1олаан гьезулъ динияб фанатизм гуребги, ват1аналде рокьи, зулму-ханлъиялде рокьукълъи бижизабизеги.

М. Т1агьирил хроникаялда бакьулъ лъун буго бищунго лъик1аздасан цояб кколеб «Шамил Ах1ул гох1даса ин» абураб хабар. Гьеб хъван буго, кеч1 г1адин, недегьаб, х1еренаб куцалъ, унго-унгояб пасих1лъиялда. Хабаралда бицунеб буго Шамилиде ва гьесул гьалмагъзабазде бач1араб балагь-къварилъиялъулгун, гьезда бихьараб г1акъубаялъул. Шамилил аскар фронталдасанги тылалдасанги кисанго сверун ккун бук1ана, «Тушбабаз 24 г1арада реч1улеб мехалъ, Ах1улгох1 бит1ахъе гьанк1олеб бук1ана, гьелда мугъцун ч1арасда тенколеб куцалъ», - абун хъвалеб буго М. Т1агьирица.

Тушбабаз т1алаб гьабулеб бук1ана, рекъел гьабеян, амма рекъел гьабун гьел ч1оларебльи Шамилида лъалаан, ракълил къот1аби гьез чанго нухалъ хвезарун рук1ана.

Чанго нухалъ сулх1алда гъулбасине, къот1и хъвазе вач1аян ах1аниги Шамил унев вук1инч1о: «Дун гьениве анани тушманас нилъедаса т1алаб

гьабизе бегьула нилъеда т1убазабизе к1олареб жо». Гьеб бук1ана мут1иг1лъи ва кверде рач1ин. Цо-цояз абуна Шамил х1инкъулев вугилан. Гьеб мехалъ гьев пачаясул полковник Пуллогун дандч1вазе ана. «Г1емер чи вугин ккезе къват1ире рахъинарун рук1ана киналго бихьиналги ц1уялги. Руччаби бихьиназул рат1лилъ хвалчабиги рорчун чалмабиги лъун рук1ана».

Пуллогун Шамил дандч1вана г1акъилав дипломат х1исабалда, тушманасул пикраби гьесда, к1алдиса къват1ибе раг1и иналде, рич1ч1улел рук1ана. Ах1вал-х1алалъухъ балагьун, Шамилида лъана тушбабаз гьев ракълие гурев х1инкъизавун мук1ур гьавизе ах1ун вук1ин. Г1одов ч1олев мехалъ Шамилица Пуллол шинелалъул квенч1ел ккезабуна жиндаго гъоркье нагагь гьев гьесани къах1ан кквезе бук1ине, гьедин гара-ч1вариялда полковник гьес жиндирго кверзукь ч1езавуна.

Жиндирго к1алъай лъуг1ун хадуб Пуллоца абуна: «Нужер г1адат буго кинаб бугониги иш нужеего бокьухъин гьабулеб. Амма нижеда к1оларо пачаяс буюрараб жо гурони гьабизе. Нилъеда гьоркьоб къот1и ккани ва сулх1алда гъулбасани, мун нижеца щвезавизе ккола нижер инараласухъе, дос пачаясдаги лъазабила».

Гьеб мехалъ Шамилица гьаб дандч1ваялде аян абурал гьалмагъзабаздеги семулаго маг1арул мац1алъ абуна: «гьабсаг1ат дун ккезе вуго…» заман щун бук1инч1ониги Ибрагьимил Х1усеница къаде как ах1ана. Шамил т1аде вахъана: «как ах1ун хадуб хабар бук1унаро», - янги абун.

Гьелдаса хадубги Пуллоца чанго нухалъ т1алаб гьабуна рекъел хъвазе чаг1и рит1еян. Шамилица абуна, «ярагъги борчун нусго гьалмагъги вачун дунги т1аде вач1ина, виччанте нужор инаралги хут1араб аскарги нахъег1ан балагьизабун, азарго чиги вачун вач1ине» - ян. Гьелда гьел разилъич1о. Цойги нухалъ рекъел т1алаб гьабун Воронцовас кагъат бач1араб мехалъ, Шамилица жаваб гьабуна: «Дуца рекъел т1алаб гьабизе бегьилаан мун дурго ракьалдаги вук1ун, т1аде тушман вач1араб мехалъ. Кинаб рекъел нилъеда гьоркьоб бук1ине бегьулеб дир инсул ракьалда мунги тун? Цин нижер ракь

жибго те, хадуб рекъел т1алаб гьабе, гьабсаг1ат дуда дица ярагъ гаргазабизе ккола», - ян.

Ккараб бак1алда Шамил бихьинчияб куцалда к1алъалаан тушмангун. Гьесул калам бук1унаан къокъаб, ч1ван къот1араб ва ц1одораб; гьелъие мисаллъун бачине бегьула 1855 с. 25 маялъ Шамилица барон Л. П. Николаихъе хъвараб кагъат: «Бусургьабазул эмир Шамилил рахъалдасан г1урусазул начальник, генерал, князь ва барон Л. П. Николаихъе. Цинги дир мурад: Дида раг1ана Джар вилиялталде квен-т1ехалде хадур рач1арал мискинзабазул чанги хъизам нужеца ккун рачун анин, нижехъ ругел асиразухъ хисизе. Гьеб рогьо-нич буго нужее. К1удияб рогьо! Нижехъан асирлъун росарал лъутарал г1адамал нужеца Сибиралде рит1ун руго! Нужеда лъай, гьединал ишаз нужгойин инжитлъулел; нуж нижеда т1ад гурел релъанхъилел ругел, нужго нужедагойин, нужерго чурукал ишаз нужеца нужерго асирлъуде ккарал г1адамал хобалъуре рит1улел руго, щайгурелъул нужер гьениб Сибирь батанани, нижер гьанир хобал руго. Х1асилаб калам – яги нужеца Баширидасан байбихьун асиралъе росарал лъутарал г1адамал нахъе риччай, яги лъазабе, нужее нужерго г1адамазул ургъел гьеч1илан. Хехго жаваб бит1е, щиб жаваб нужеца кьуниги, нижее ургъел гьеч1о».

Къвариг1араб бак1алда Шамилица жиндицаго цеве лъугьун иш гьабулаан ва бах1арчилъиялъул мисал бихьизабулаан.

Тушманас цого бак1алде т1ат1ала г1арада бан Ах1ул гох1алъул щулалъаби риххизарулел рук1ана. Шамилил аскаралъ свакан, тату хун бук1аниги, данде ч1ей гьабулеб бук1ана, къад тушманас биххизабураб бак1 къаси т1аделъун балаан. Гьединаб зах1матаб заманалъул рузман къоялъ Шамил тушманзабазда вихьулеб бак1алда накалда жиндирго вас Гъазимух1амадги лъун бакъалда г1одов ч1ун вук1ана. Гьесда аск1ов кьурда нахъа вахчун Инхоса Нурмах1амадги вук1ана. Шамил гьесда бахиллъун вук1ана, живго цох1о вук1индал; гьесул хъизан-лъимал ва г1агарлъи росулъ бук1ана. «Огь, бет1ергьан, гьаб лъимер дие бищунго хирияб жо буго, нодо

бакьулъ гулла щвараб хвел бит1е диеги, хадуб гьаб лъимералъеги», - ян абуна Шамилица жинцаго жиндаго.

Шамилил пикраби, хьулал, рух1ияб г1умру авторас бат1и-бат1ияб къаг1идаялда бихьизабулеб буго. Инсанасул рух1ияб пикру бихьизаби аваразул литератураялда жаниб к1удияб ишлъун бук1ана, психологияб анализ гьаби авторасул масъалалъун бук1инч1о.

Маг1арулазул прозаялъулаб калам цебе т1еялъе хроникаялъ к1удияб квербакъи гьабуна. Г1урусазул г1алимчи В. Шкловскияс абухъе: «роман бижун бач1ана историялда риторикаялда, гьединго биография бихьизабиялда хурхун, гьениб х1адурулеб бук1ана психологияб анализги. Психологияб анализ инсанасул хьвада-ч1вади рагьизе бугеб алатлъун ккола», - ян.

Шамилил хьвада-ч1вади, гьесул ишал, гьел рижун рач1арал бак1ал, гьесул рух1ияб г1умруялъул гъварилъи ва г1адатлъи М. Т1агьирица мух1канго бихьизабун буго. Шамил вук1инч1о диктатор, гьес г1алимзабазул кутакалда адаб гьабулеб бук1араблъи нилъеда бихьана, г1акълучаг1азулгун дандбан гурони к1вар бугеб ишги гьес цониги гьабулароан. Гьалмагъзабазда гьркьов гьев вук1ана ващадавлъун, гьес кинаб бугониги жиндирго напсалъе т1ок1лъи т1алаб гьабулароан, яги жиндирго кверщел буголъи бихьизабулароан.

Чара къосараб бак1алде иш ккараб мехалъ гьалмагъзабазда к1вана Ах1улгох1 рехун тун Шамил цадахъ вачине. Гьениса къват1ире лъугьунеб мехалъ цадахъ рук1ана яцги вас Гъазимух1амадги. Тушманасухъе щвезе гурин абун яц бадиб ч1инч1оги бухьун г1урулъе к1анц1ана, вас Шамилица мугъзада лъун вачана. Гьес гьалмагъзабазда абуна вас ваччизе кумек гьабурав чиясе, ч1аго хут1ани, г1емераб г1арац-месед кьелин, амма гьеб гьабизе к1олев чи вук1инч1о, щивасе хирияб бук1ана жиндирго г1умру. «Мугъзада васги вухьун халатаб г1ералдасан Шамил бищун цеве муг1рул т1огьиве харана, гьесда цадахъ лъебергог1ан чи вук1ана. Шамил ц1акъ пашманлъана, маг1у бач1ун семана: «нуж цадахъ ч1аралани, дун хвезег1ан вагъизе вук1ана. Кире гьанже нилъ рилълъинел, кир рещт1инел? Кинавго чи

нилъеда данде вуго», - абун. Гьел унел рук1ана г1урул раг1аладасан ракъуца рух1 лъуг1арал чахъаби г1адин».

Мискин халкъалъе вокьулаан Шамил. М. Т1агьирица рехсолездасан цо мисал бачине бегьула. Ах1ул гох1дасан Шамилица Чачаналде нух босана. «Цо нухалъ нухда Шамилги гьесул гьалмагъ Юнусги гьалмагъзабаздаса цере ана. Гьел щвана чачаназул Зандакъи абулеб росда аск1оре. Гьенив харил гъонода т1ад кьижун вук1ана цо херав чи. Гьев макьидаса ворч1ана. Шамилил х1акъалъулъ хабар ц1ехезе лъугьана. Гьесда Шамил ч1ванин ва талавур гьавунин бицана. Херав чи рек1едаса ун г1одизе лъугьана». Рак1 гурх1арал чаг1аз гьесда бит1араб бицана, дуда цеве ч1арав чи Шамил вугин абуна, гьев т1ад хурхун къочаризе лъугьана, гьесул вохиялъе г1орхъи бук1инч1о. Хадуб гьес гьоболлъухъ рокъореги рачун г1иялъажоги хъун киназего гьоболлъи гьабуна.

Чачаналда байбихьана Шамилил х1аракатчилъиялъул ц1ияб заман. Чачаназул халкъ пачаясул политикаялдаса ва ишаздаса рази бук1инч1о. Щибаб рукъалда магъало лъун бук1ана. Гьединаб ах1вал-х1алалдасан пайда босана Шамилицаги, гьес мугъч1вай гьабуна зулмудакь бугеб зах1мат халкъалде.

Шамилил г1адамал киса-кирего Гъоркьияб Чачаналъул велаятаздаса г1ебеде г1адлу-низам ч1езабулел рук1ана. «Кинабго халкъ, х1атта бечедал, г1адамалцин рохуца холаго мут1иг1лъана Шамилие».

Г1урусазул к1удияв революционер – демократ Н. Добролюбовас хъвалеб буго: «Шамил вахъинег1ан Кавказалъул халкъазда гьоркьоб щулияб гъунки бук1инч1о. Гьел цоцазде гьусулел рук1ана пачаясул х1укуматалъ» - абун.

Шамилица бак1алда рекъон кколеб бит1араб г1адлу-низам, диван гьединго шарг1 ц1унияда хадуб к1удияб хъаравуллъи ч1езабуна. Шарг1алъул законал халкъалъул т1алабазда рекъон кколедухъ хисизарунцин рук1ана. Гьелъги квер бакъи гьабуна Шамилидехун халкъ буссиналъе.

Халкъияв поэт Ц1. Х1амзатица жиндирго «Шамил» абураб поэмаялда пачаясул зулмуялъул бицунаго хъвалеб буго:

«Рахъ-рахъалда хъулби ран,
Хъаравуллъи т1амула.
Т1олго Дагъистаналда
Квер лъезе къасд гьабула.
Гьезул зулмуяб шавкат
Керемчикалде щола
Шалигун Мартаналде
Тушбабаз нух рагьула.
Халкъалъул рак1 бекараб
Бак1аб риччи т1ад къала,
Руччабазул шарбалал
Кьеян амру гьабула…»

Пачаясул зулму х1ехьезе к1веялдаса ун бук1ана. Тушманасде данде т1олго мискин халкъ бахъуна, эркенлъи, «чилъи ц1унизе г1оло», жидер ихтиярал х1акъир гьариялъухъ рец1ел босизе. Т1олабго Дагъистан ва Шамил амруялде буссуна.

«Расму заг1иплъун уна,
Зулмуялъул ц1а суна,
Ц1идасан рагъул ват1ан
Т1егьазе байбихьула.
Пачаясул аскарал
Кутакалда х1инкъула,
Шамилил амруялде
Инкар ккурал руссуна».

Гьедин хъвалеб буго Х1амзатица Шамилил х1аракатчилъиялъе къимат кьолаго.

Шамилица сверухъ цолъизе халкъ ах1улеб бук1ана ват1аналде бугеб рокьиялъ, зулмучаг1и рихиналъ. Пачаяс улка бит1ахъе гъачагълъиялде сверизабун бук1ана, кинаб бугониги цебе т1ураб, жиндего данде ч1араб пикру ч1инт1улеб бук1ана. 1861 соналде щвезег1ан Россиялда раг1иятчилъиялъул ихтияр бук1ана. 1847 с. Белинскияс хъвалеб бук1ана: «Пачаясул Россия – гьеб ккола г1адамаз г1адамал ричулеб, ц1огьазул ва бат1и-бат1иял хъулухъалъулал гъачагъазул ц1ураб бак1», - абун. Зах1матхалкъ пачаяс зулмудукь к1век1улеб бук1ана, цоцазде гьусун гъурулеб бук1ана.

Шамил имамас халкъ къеркьеялде ах1арал хит1абал гьарулел рук1ана. Пачаясул аскаралда рук1арал маг1арулаздацин бич1ч1ана Шамилил мурад, гьес рагъ дин ц1унун гуреб, улка эркен гьабизе гьабулеб бук1ин. «Цо

заманалдасан пачаясул солдатазе бет1ерлъи гьабулев вук1арав Г1усман гьезде данде вагъизе лъугьана, гьес ах1ана: «Унго дун хвезе бегьуларищ тушманас умумузул ракь бахъулеб мехлъ!»

К. Марксица ва Ф. Энгельсица нахъаса къот1и гьеч1еб хъаравуллъи кколеб бук1ана Шамилил рагъда хадуб. Шамил гьезие вокьулаан ва гьесул гьунаразул ва махщалил х1акъалъулъ ч1ух1ун хъвалаан. Пача ва гьесул рагъ гьезда рихараб бук1ана, царизмалда гьез «Европаялъул жандарма» - ян абулаан. Муг1рузул халкъазде данде пачаяс гьабулеб рагъ К. Марксица вах1щилъилъун рик1к1унаан. Гьес хъвалеб буго: «Таваккалго, бер къапич1ого, хехаб, рах1му тараб къаг1идаялъ рагъ гьабулев, жинжица чанго миллион халкъ гъурарав Наполеонцин г1аданлъиялъ ц1ик1к1арав вук1ана гьеб пачаясул рагъуе бет1ерлъи гьабулел таваккал гьеч1ел ц1ук1аял «пачалихъалъул бут1руздаса», - абун.

М. Т1агьирица бихьизабулеб буго Шамилил г1урус халкъалде данде вагъулев вук1инч1олъи, гьев пачаясде, гьесул зулмуялде данде вахъарав багьадур вук1ин. Гьединал бах1арзал жиб-жиб халкъалъул рук1ана. Шамилил бук1ана жиндирго мурад, цебе лъураб программа – гьесда к1вана цолъараб пачалихъ – имамат г1уц1изе, ч1езабуна къвак1араб низам. Интересаб буго Шамилица Ч1ик1аса цо маг1арулай лагълъиялдаса эркен гьайиялъул бицунеб хабар. Гьенисан бихьула гьев ч1ужуг1аданалъул, хасго маг1арулалъул адаб гьабулев чи вук1ин. Гьаб иш ккана Шамил лъутун Чачаналда вугеб мехалъ.

Цо нухалъ Шамилихъе Азиза абурай Ч1ик1аса ч1ужу яч1ана, жий лагълъиялъе йичулей йигин пачаясул г1адамаз абун г1арзги бахъун…

«Гьев рукъове лъугьана, лъалиниса бахъун кодоб хвалченги ккун, жиндирго гьалмагъзабаздеги ах1ана ярагъги борчун хехго къват1ире рахъаян, ч1ужуг1аданги цее къот1ун рач1унел ругел бихьиназда хадур ротаян, гьединаб иш жив ч1аго вук1аго биччаларинги семулаго. Амма цеве к1анц1ун гьесие нух ккуна Мух1амад Кура абурав маг1арул мац1 лъалев васас. Гьев Шамилида хурхун ч1ана, лъутун унезда хадув векеризе рес кьеч1ого.

Шамилица гьесул квер лъукъана. Гьеб бихьарабго зулмучаг1и ч1ужуг1аданги йиччан тун т1урун ана». Шамил решт1ун вук1арав гьоболас абуна дой ч1ужуг1аданалъухъ жинда т1аде анц1ила щуго тумен аманаталъул г1арцул кколилан. Шамил гьесде вагъана: «Дуде т1аде анц1азарго тумен г1арцул кколеб батаниги, дица маг1арулай йичизе нух рагьиларо», - ян.

Авторасул хабар х1акъикъияб, бит1араб буго. Гьес рахчулел гьеч1о цо-цо муридзабазул квешал рахъалцин, гьезул боц1уде бугеб х1асралъи, бечелъиялъул хиралъи. Шамилил амру т1убач1ого гьел цо-цо мехалъ жидеего боц1и бак1арулел хут1улаан. Шамилица наибзабазде малъулаан «вореги г1адамазда зулму гьабуге, гьезул т1алаб гьабе, гьезул г1арзалъухъ г1инт1аме», - абун. Шамилица жиндирго пачалихъалъе рит1ухъаб куцалда ва «бажарун бет1ерлъи гьабулеб» бук1анин хъвалеб буго М. Т1агьирица, гьев данде кколев вуго «тушманасул бадиб къалеб муг1рул сирталде». Амма гьесухъ балагьич1ого «Шамилиде къварилъиялъул заман бач1ана, гьесул адаб хвана, х1алихьатал гьудулзабаз гьев гуккана».

М. Т1агьирица Сугъралъа Абдурах1манил вас Х1ажи Мух1амадил кеч1 рехсолеб буго, гьесул пикруялда разилъун. Поэтас жиндирго г1араб мац1алъ хъвараб поэмаялда абулеб бук1ана:

Цере гьудулзабилъун рук1арал къукъабаца,
Рагъ гьалаглъараб къоялъ хиянатлъи гьабуна.
Хвезе х1адур ругилан гьедарал гьудулзабаз,
Т1аде къо ккараб мехалъ мугъал рихьана гьесда.

Гьесул наибзабиги чороклъиялъ сурана –
Балагьлъун рещт1ана гьел мискинзабазде т1аде,
Гьезул т1алаб гьабизе т1амуна гьел имамас,
Амма рохьдол бет1ерлъун бац1ал рищун ратана.
Рит1ухълъигун г1адиллъи малъулаан гьес гьезда –
Гьез абуни, г1аксалда, мекълъи, т1екълъи хьалаан…

М. Т1агьирица Шамил аллагь-авараглъун вихьизавулев гьеч1о, г1олелги г1оларелги рахъал жиндилъ ругев г1адатияв чилъун вихьизавулев вуго.

Мискин халкъалъ рагъ рехун теялъе г1иллаби М. Т1агьирица бит1ун рихьизарулел руго. Халкъалда рагъ ч1аг1ун, бизарлъун бук1ана. Гьелъ г1емераб балагь-къварилъи т1аде бачунеб бук1ана. Цо-цо сих1ирал г1адамазе гьелъул хайир бук1ана, боц1и-бечелъи данде гьабизе, жидеего кверщел, хъулухъ, х1акимчилъи щвезе. Наибзабаз халкъалъе эркенлъи кьеч1о, халкъги гьездаса кьурун буссана.

«Лъалеб жо буго гури, зулмудул пачалихъ г1емер мехалъ хут1уларебльи, гьерсилаб хут1аниги», - ян абулеб буго М. Т1агьирица.

М. Т1агьир динияв ва дунялалдехун идеалистияб бербалагьи вугев чи вук1ана. Гьелъ бук1ине ккола, цо-цо бак1алъан Шамилил гьунарал т1ок1 рорч1ун рихьизарун, гьесул хасият идеалияб гьабун бугебги. Амма хъвадарухъан х1исабалда М. Т1агьир т1абиг1ияв материалистлъун хут1улев вуго, гьесда, жибго г1умрудулъ кант1изавун историялда жаниб халкъалъ кколеб бак1 бит1ун бич1ч1ун бугин абизе бегьула. История ва г1умру цо-цо багьадураз гуреб, халкъалъ г1уц1улеб жо буго. Гьединаб пикруялде рачуна М. Т1агьирил т1ехьалъ. Авторасе бокьич1ониги, гьесул т1ехьалдасан гьедин бич1ч1ула. Гьединаб данде ккунгут1и хъвадарухъабазул данд ч1валеб жо буго.

Хроникаялда авторас политикияб к1вар бугел мискин халкъалъул къисматалъул суалал лъун руго. Шамилил къисматалъулъ гьесда бихьулеб буго халкъалъул къисмат. Шамилида рак1алда бук1ана ракьалда рит1ухълъи ч1езабизе, Дагъистаналъул халкъал вацлъиялде цолъизаризе, амма гьеб бажирич1о пачаясул х1укумат ч1аго бук1аго, гьеб бажарич1о г1урус халкъгун цолъич1ого. Г1умру цебе т1ун уна жиндирго законалда рекъон, гьел законал хвезарун лъихъаниги бажаруларо. Октябралъул революциялъ гурони Дагъистаналъул халкъалъе эркенлъи кьеч1о.

М. Т1агьирил хроникаялъул ц1ик1араб г1елмияб, тарихияб ва адабияталъулаб к1вар буго нилъее жакъа къоялда жаниб. Гьеб буго академик И. Ю. Крачковскияс абухъе, «бергьун ц1ик1араб к1вар бугеб памятник» Дагъистаналъул тарих, литература лъазабизе. Гьеб т1ехь басмаялда бахъана 1941 соналъ, амма гьелде щвезег1анги квералъ хъван цоцахъе кьолаан гьеб Дагъистаналда гуребги, Т1олго Кавказалда, х1атта Турциялда, Египеталда, г1арабиязул улкабазда. 1909 с. Стамбулада рахъун рук1ана хроникалдасан росарал куч1дул, 1914 соналъ т1ехь турк мац1алде буссинабун бахъун бук1ана – Мадинаялда бук1араб рукописалдаса.

М. Т1агьирил асар машгьураб бук1ана г1урусузул историказеги. Шамил асир гьавун хадув 1860 соналъ Гъуниве вач1арав кавказовед А. П. Берже хроника сайгъат гьабун бук1ана Дагъистаналъул начальник генерал Лазаревас.

Хроника г1урус мац1алда къват1ибе биччазе рак1алда бук1ана цо-цо историказда, амма пачаясул х1укуматалде бугеб рокьукълъиялъул ва маг1арулазул бах1арчилъиялъул бицунеб бихьидал, гьеб т1ехьалде бук1араб интерес хвана. Пачаясул историказе бокьун бук1инч1о халкъалда х1акъикъат лъазе тезе. Гьез хъвалеб бук1ана жидерго «бергьенлъабазул» ва гьунаразул.

Цебе заманалда М. Т1агьирил т1ехь рик1к1унаан пачаясде данде ч1арал сиясиял пикраби ругеб революцияб т1ехьлъун.

Октябралъул революция ккун хадуб т1ехь г1урус мац1алде буссинабизе ва гьеб басмаялда бахъизе г1оло бергьун к1удияб х1алт1и гьабуна г1олохъанав г1алимчи А. М. Барабановас. Гьес хъвана М. Т1агьирил хроникаялъул х1акъалъулъ т1оцересел г1елмиял макъалаби. Барабановасда рак1алда бук1ана к1удияб г1елмияб х1алт1и хъвазе, амма гьев мурадалде щвеч1о, ват1аналъул рагъда хвана.

Хроника хъван буго г1араб мац1алъул г1уц1и ва синтаксис авар мац1алъул г1уц1иялде г1агар гьабун. Барабановас хъвалеб буго: «Переводалда т1ад х1алт1улаго байбихьуда к1удияб зах1малъи бук1ана г1араб мац1алъул синтаксисалъул нормабазде данде кколареб къаг1идаялъ

г1уц1арал предложениял данд ч1ваялдалъун. Г1емер ратулел рук1ана т1ад, гъоркь лъурал ишараби. Хал гьабураб мехалъ дида бич1ч1ана гьел ишараби, х1арпал халт1изариялъ рес кьолеб бук1ин г1араб синтаксисалда нахъе къазе ва бицунеб жоялъул маг1на ва х1асил къокъго кьезе[1]», - абун. Хроника хъвараб буго цох1о Дагъистаналда гурони х1алт1изабулареб бук1араб алфавиталъул, ай «аджамалъул» кумекалдалъун.

Нилъеда бихьула к1иго культура цоцалъ жубан бечелъун бугеб куц. Дагъистаналъул г1алимзабаз г1уц1улеб буго хъвай – хъваг1аялъул ц1ияб къаг1ида ва синтаксис, литература г1умруялъул ц1иял шарт1азда рекъезабулеб буго. Профессор М. Абдулаевас хъвалеб буго: «М. Т1агьирил творчествоялъ, хасго гьесул «Шамилил цо-цо рагъазулъ Дагъистаналъул хвалчабазул паркъи» абураб машгьураб тарихияб х1алт1уца к1удияб асар гьабулеб бук1ана XIX г1асруялда Дагъистаналда обществоялъулгун – политикияб пикру цебет1ей. Гьеб асаралъул к1вар жакъаги к1удияб буго»[2] – абун.

М. Т1агьирил хроникаялъ квербакъи гьабуна маг1арулазул пикру цебет1еялъе гуребги, адабияб цебет1еялъеги.

Миллияб культураялда жаниб тарихиялгун литературиял хроникаби – памятниказ кколеб бак1алъул ц1ех-рех гьаби, гьезул хасиятал рахъал лъазари к1вар бугеб иш буго. Цебе бук1араб культура лъазабич1ого, жакъасеб культура г1уц1изе зах1мат бук1уна.

М. Т1агьирил хроника рик1к1ине бегьула XIX г1асруялда аваразул литератураялъул бергьенлъаби жанире рачараб к1алзулаб творчествоялда, халкъияб пикруялда хурхараб, г1умруялъ биун т1ураб асарлъун.

Шамилил рагъуца адабият цебет1езабизе квал-квал гьабунин абураб пикру бит1араб гьеч1о, г1аксалда гьелъ г1ат1ид гьаруна литератураялъул маг1наги формаги. Шамилица жиндицагоги гьарулаан куч1дул (Масала, Гъазимух1амад имам хвеялде).

[1] М. Т1агьирил хроника. Цебе раг1и. М. 1941, гь. 30.
[2] М. Абдулаев. Дагъистаналъул г1акъилзаби XIX ва байб. XX в. в. Мах1ачхъала, 1963, гь. 63.

Шиг1раби хъвалаан г1емерал г1алимзабаз. Бищунго машгъурал ва гъунар бугел рук1ана г1арабалъ хъвадарулев Х1ажимух1амадги, авар мац1алъ асарал г1уц1улев Хьаргабиса Мух1амадбегги.

## 3. Г1абдурах1ман Х1ажиясул вас Сугъралъа Х1ажи Мух1амад.

Г1абдурах1ман Х1ажи Сугъурияв вук1ана накъшубандияб т1арикъаталъул шайих, бергьарав г1алимчи, шаг1ир, Шамилил гъудул ва гъазаваталъул х1аракатчи. Гьесул васалги рахъана ц1акъ гъунар бугел г1алимзабиги къеркьохъабиги. Х1ажи Мух1амад вахъана к1удияв г1алимчи, бусурман диналъул х1аракатчи, т1олабго исламияб дунялалда лъалев шаг1ир. Гьесул ц1ар хъван буго г1елмиял ва адабиял къецазда чанго нухалъ бергьенлъи босараб Стамбулалъул «Ас-Сафийя′» мажгиталъул къеда. Гьесул цояв вац Мух1амад Х1ажи Дагъистаналъул ункъабилев имамлъун вищун вук1ана 1877 соналъ ва гьебго соналъ ноябрь моц1алъ г1урусаз г1орода ван г1анкъана.

Шаг1ир х1исабалда Х1ажимух1амад ц1акъго машгьурлъана Шамил кверде восун хадуб «Зулмабазул г1асру» абураб поэма хъвайдал. Х1ажимух1амадица жиндирго инсуда ва г1алимзаби Шафих1ажида, Магъдимух1амадида цеве ц1алун хадуб лъуг1изабуна Каиралъул машгъураб университет. Дагьаб мехалъ х1алт1ана Шамилил имаматалъул муфтилъун. Хадув гьев Дагъистан тун Стамбулалде ана, гьелъие г1иллаги бук1ана имамат ч1унти, гьединго инсулгун цо-цо раг1и данде ккунгут1и.

Эмен разияв вук1инч1о вас ват1ан тун къват1иве иналда ва гьединго гьев т1арикъаталъул (суфизмалъул) нухги тун, рационализмалъул философиялде вуссиналдаги.

Муртазаг1али Дугъречиловас хъвалеб буго: «Х1ажимух1амад къосарав чилъун лъугьинч1о, гьединго гьев лъугьинч1о ч1амуч1ав динияв туркаби

хъвалевлъун. Гьесул поэзиялъулъ бук1ана исламалъул гвангъараб кунч1иялъул къуват ва жибго поэзияги бук1ана гвангъараб»[1].

Х1ажимух1амадил асарал г1емерисел нилъехъе щвеч1о, гьел рух1ун ратизе бегьула 1877 с. тушбабаз Сугъралъ росдада ц1а гъедал. Дагъистаналъул литератураялда т1оцебесеб поэмалъун рик1к1ине бугьулеб «Зулмубазул г1асру» абураб къасидат г1емерал соназ халкъалда балъго гьабун бук1ана. Г1иц1го цо нухалда 1941 соналда гьеб къокъ гьабун басмаялда бахъана М. Барабановас г1урус мац1алда х1адур гьабураб Мух1амад Т1агьирил хроникаялда[2]. Гьеб т1ехьги х1укуматалъ кват1ич1ого ц1ализе гьукъун бук1ана. Москва тирун букинистазул дида гьеб батана 1961 соналда.

Оригиналъул (г1алимзабазда г1араб) мац1алда поэма т1оцебе басмаялда бахъана 1909 соналда Стамбулалда. Маг1арулазул гьоркьосан Х1ажимух1амадил цо-цо асаразе т1оцебесеб къимат кьуна Сиражудин Х1айбулаевас 1974 с. хъвараб «Революциялда цебесеб авар литература» абураб т1ехьалда.

Амма Сиражудиница 1945 с. Абдурах1манх1ажияс гьабураб кеч1 рик1к1унеб буго гьесул васасул бугилан, хъвалебги буго «Х1ажимах1амадил к1иабилеб асарлъун бук1анила 324 мухъ бугеб поэма» (гь. 39). Мух1амад Т1агьирил т1ехьалда 190 гьумералда «Шамхал-Бирдиялда ккараб рагъ» бет1ералда мух1канго хъван буго «гьеб рагъулги гьенир хварал бах1арзазулги х1акъалъулъ тарикъат1лъул устар, рек1ехъе къуръан лъалев Х1афиз к1удияв г1алимчи Г1абдурах1ман Сугъурияс гьабуна къасидат, гьале гьеб»[3] - абун, 29 бейт бугеб асар т1ехьалда кьунги буго. Гьенир руго гьадинал мухъал:

Рецц бет1ергьанасе гурх1ел-ц1обалъухъ,

Киналго х1алазда сабру кьуралъухъ.

Мекълъи гьабулезул мугъал рекана,

[1] «Х1акъикъат» газета, 1993 с. 27 ноябрь гь. 5.
[2] Хроника Мухаммеда Тахира Ал-Карахи о Дагестанских войнах в период Шамиля. Издательство АН СССР. М. – Л. 1941.
[3] М. Т1агьирил хроника, гь. 192.

Дуда гьеб бихьич1иш рохьил к1к1алабахъ?

Х1инкъиялъ гьезул куц ц1орон бук1ана,

Хьулалги, анищал г1аксалда ккана.

Рагъулъ бах1арчилъиялда хварал наибзаби Данухъа Гьит1иние, Чачаналдаса Сух1айбасе, Эльдарие, Дилималдааса Х1ажи-бекие гьабун буго к1удияб рецц, гьел алжаналъул агьлу бугин, «гьел рагъулел рук1анин рит1ухълъи ц1унун», чуруклъи, хъублъи нахъе гьабун.

Х1ажи Мух1амадил поэма жиндирго т1ехьалда лъолаго, Мух1амад Т1агьирица хъвалеб буго: «Г1абдурах1ман Сугъуриясул вас т1адег1анав Х1ажи Мух1амадил гьайбатал ва рит1ухъал шиг1рабаздалъун, кьолеб буго х1асил. Гьел шиг1раби гьанир кьей дида бит1араблъун, ай рекъон ккараблъун бихьула, биччанте цояб цоялъ баян гьабулеблъун бук1ине. Нилъеца прозаялдалъун цебе бицараб рекъараб бук1ина шиг1рабазул маг1наялде.

Поэма г1араб мац1алъ хъвараб бугелъул, гьелъул художествияб формаялъе къимат кьун нилъехъа бажаруларо. Гьеб мухъ-мухъккун проза х1исабалда, г1урусалде буссинабун буго А. Барабановас, коч1охъего авар мац1алде буссинабун буго Х1амзатов Ах1мадица»[1]. К1иясго гьеб х1алт1и гьабун буго к1удияб махщалида. Гьезда к1унги буго поэмаялъул гьайбалъи, гъварилъи, маг1на ц1унизе.

Поэмаялда бицунеб буго, Дагъистаналде бач1араб балагьалъул, цадахъго кьун руго авторасул пикрабиги, коч1одалъун байбихьудаса ахиралде щвезег1ан гъазаваталъул рахъги бихьизабун, кьун руго к1очонарел суратал, сипатал. Гьез ц1алдолев х1айран гьавич1ого толаро.

Бач1ана, нилъей г1асру, г1азабалъул гьирги бан,

Парччи ц1ун, загьру буго гьелъ гьекъезе гьабулеб.

Капурзабаз квер лъуна кибго нилъер ракьалда.

Кверщаликье ккана нилъ ц1акъ квешал г1исяназул.

[1] Балагье: «Гъазаваталъул шиг1раби».С. Х1айбулаевас данде гьабураб. Мах1ачхъала, 1997 с, гь. 179-189.

Гьел мунафикъал руго къвалакь квералги ч1ван ч1ух1ун, г1амал к1одолъун, жидерго ракьалда г1адин рах1аталда. Амма зулмудукье ккараб халкъалъе кумекго гьеч1о.

Халкъул г1аламалда гъорлъ г1азабалъе нилъ ратун,

Нилъергун кьалги ах1ун, кьурун буссана заман.

Пасалъи бачун буго кинабго ракьалде, Дагъистан ругъназда бец1ц1арилеб буго. Гъарачаг1аз къиямасеб къо бач1инабуна Гъуниб маг1ардеги. Гьелъул сипат-сурат гьабулеб г1адаб кеч1 дица киданиги ц1алич1о адабияталда, гьединлъидал бокьун буго гьаниб рехсезе:

Балагье Гъуниб т1алъи - т1абиг1ияб щулалъи,

Щибго квер хъвач1ониги, хъала г1адинан г1емер.

Жинда т1аде рахине нухал гьеч1еб борхалъи,

Г1урхъалаби ц1унараб ц1удул бусен г1адинаб.

Борхатаб кьурул сирталъ сверун рачел борчараб,

Нак1к1 гуреб, бат1ияб жо т1аде ине рес гьеч1еб.

Гъуниб хъала бук1инч1о, рагъун бахъизе к1олеб бак1, гьенибе гъарачаг1аз нух бахъана макруялъ. Ч1унтизабун гьебгун ч1ваднал лъугьинаруна г1емерал росабазулги. Гьел цере рук1ана бах1рчилъи, гьудуллъи ц1унарал. Маг1арулал рагъана халкъ мигьлъун т1аг1инег1ан. Нахъе хут1ана х1алихьалъи баччарал чудкал.

Гьеб лирикияб цеберaг1иялдаса хадуб Х1жимух1амадица коч1одалъун кьолеб буго гъазаваталъул т1убараб история Гъазимух1амадидасан байбихьун Шамилие асирлъиялде щвезег1ан. Гьедин поэмаялда г1уц1ун руго имамзабазул гьайбатал образал, рихьизарун руго гьезул ишал ва къисматал. Хасго г1ат1идго рагьун буго Шамилил образ. Гьесул къоял рук1ана къадру-къимат борхарал, бит1ккеялъ бергьенлъабаз бодул рецц камиллъарал. Амма заман бат1айиса сверана, «Икъбал бигъараб рогьел бач1ана Шамилихъе», бищунго божарал г1адамаца нахъасан вичана, х1илла гьабуна хасго наибзабаз.

Шамилида т1адкъараб халкъалъул т1алаб-агъаз, рит1ухълъи щула гъаби – щущахъ бана наибаз.

Поэмаялъ нуг1лъи гьабуна гъазават гьабиялъеги Шамил къеялъеги г1иллаби поэтасда бит1ун рич1ч1ун рук1иналъе. Г1адлу гьеч1они, х1укумат бихxула.

Г1араб мац1алда хъварал асаразул хал гьабидал, нилъеда бихьула авар адабияталъ лъик1ал бергьенлъаби росун рук1ин, хасго эпосиял жанрал цере т1еялъулъ. Г1араб мац1алда цадахъго художествоялъул асарал г1уц1улел рук1ана рахьдал мац1алдаги. Бечедаб ирс тана Хьаргабиса Бегилас, Игьалиса Чупалас, Салт1аса Г1али-Х1ажица, Къудукьа Махсут1иса. Гьел рук1ана г1адатиял, гьунар бугел г1адамал. Хасго гьунар бугев поэт гуревги, бах1арчияв рагъухъанги кколев Хьаргабиса Мух1амадбег.

## 4. Хьаргабиса Мух1амадбег

Гьев гьавуна Хьаргаби росулъ 1830 соналъ узденчи Г1умарил хъизамалда ва 1912 соналъ хун вуго.

Г1умруялъго гьев ц1аназул вехьлъун вук1ана, эркенаб заман батун хъвазе ц1ализеги лъазабуна. Бицен буго, жиндирго куч1дул гьес ц1акида хъвалаанилан, бицун цебе гьабураблъун рик1к1ине бегьула «Ц1анавехьасде» ва «Г1онк1к1оде» абурал махсародул куч1дул.

Ц1акъго халкъалда гьоркьб т1ибит1араб бук1ана «Ц1анавехьасде», гьеб махщел чаг1аз г1емер ах1улаан, дида рак1алда буго хъван пандургун шавкъ щун Г1ободаса Маккашарипица кеч1 ах1улеб бук1араб куц. Г1умруялъул нусгоялде г1агарун сонал рарав дир инсудаги лъалаан гьеб кеч1. Г1емер раг1иялъ дида рак1алда хут1ана, кибниги бахъун гьеч1еб, г1ажаибго чвахун бач1унеб шиг1ру:

Гьит1инаб къоялдаса ц1анавехьлъун вук1ана,
К1ван х1улаяв инсуца элда ругьунги гьавун.
Парсинив т1алуда вегун, т1аде лага ц1ик1к1инч1о,

Эбелалъул бусада цоцин сордо рогьинч1о,

Рохьоб г1анк1идаг1анги г1адамасул х1ал лъач1о,

Х1амил к1ерталдаг1анги диналъул жо бич1ч1ич1о,

Рач1 кколариш ц1ел вехьлъи, ц1уял жал рихьич1ого,

Гьединаб къот1ияда къулг1адухъе вилъана,

Г1инт1амун ч1араб мехалъ, коч1ол гьаракь раг1ана…

Хадуб кеч1алда бук1ана Анисатил дове иналъул, ясазе салам кьеялъул, гьоркьоб ккараб даг1ба-къецалъул х1акъалъулъ бицун. Гьеб дида рак1алда хут1ич1о.

Г1онк1к1оде гьабураб кеч1 «Г1онк1к1олги дирги ккараб» ц1аралда гъоркь школалъул ц1алул т1ахьазда лъун буго, гьединлъидал ц1акъ машгьурлъана. Цо-цоязда гьелъул хасият, маг1на бич1ч1ич1ого г1онк1к1одегийиш кеч1 гьабулебан абулаан. Ц1. Х1амзатицаги гьабун буго гури г1анхвароялде баснялъул къаг1идаялда г1емер юмор жаниб бугеб кеч1, жеги г1алимзабаздацин т1убан маг1на рагьизе к1веч1еб. Мух1амадбегил кеч1 рик1к1ине бегьула гьединабго сатираялъул асарлъун. Кеч1алда ц1акъ берцинго, сурат бахъун бихьизабун буго ц1анавехьасул язихъаб г1умру ва маг1ишат. Гьединго ц1огьодулеб г1онк1к1ое гьабулеб «вах1шияб» диванги. Махсаро х1исабалда хъван бугелъул, нилъеца ц1анавехь г1асияв чилъун рик1к1ине бегьуларо. Батила поэтасул цо балъголъи, г1унк1к1азул бицунебиланги абун, гьесда рак1алда батизе бегьула г1адамазул ишал. Гьеб пикру рит1ухъ гьабула ц1огьодулеб г1онк1к1оде вуссун абулел мухъаз:

Къоял рик1к1ун кьолеб гьаб дир къолода

Дуеги магъало кинан бук1унеб?

К1удияб х1алт1уде т1амун бук1индал,

Т1ех дуеда бараб дир бет1ергьанас?…

Ц1ах1илаб дир шарбал буссулеб мехалъ,

Хирадай гьудулалъ гьарундай дуда

Дий ханжу ц1алк1улеб ц1алк1у гьабеян?

Мух1амадбегица г1ахьаллъи гьабуна Шамилил рагъазулъ, гьезул х1акъалъулъ хъвана чанго асар: «Хьаргаби ккараб рагъ», «Салт1а ккараб рагъ», «Ч1охъ ккараб рагъ», «Ах1улгох1», «Ах1улгох1 бахъи» ва гь. ц. Гьел куч1дул тарихиял г1адин хъван ругелъул, г1емерал соназ рик1к1унаан халкъияллъун (фольклорияллъун). Профессор С. Х1айбулаевас г1елмияб ц1ех-рех гьабун гьел киназулго автор Мух1амадбег вук1ин ч1езабуна.

«Хьаргаби ккараб рагъ» (1847 с.) абараб коч1олъ рецц-бакъ гьабун буго Игьалиса Балал Мух1амадие. Гьев вук1ана машгьурав бах1арчи. Ах1улгох1да ккараб рагъулъ гьесул гьеж къот1ун бук1ана. Асирлъуде ккедал гьес Сардарасде кьварун жаваб кьола:

Дие бокьараб жо, малг1ун мурад лъун бугеб

Дирго гьежги ани, хвалченги ани,

Цо дур горболъ кьабун къот1ун рехизе.

С. Х1айбулаевас гьеб кеч1 жеги «щвалде щвеч1еблъун»[1] рик1к1ун буго, «Салт1а ккараб рагъ» киналго рахъаздасан камилаб асар бугилан. Гьениб берцинго бихьизабун буго Салт1а хъала ц1унулел рагъухъабазул зах1матаб х1ал, тушманасул къуват ц1ик1к1араб бук1ана.

Чвахун г1одой балеб г1исин ц1ад г1адин,

Чапун т1аде бала т1ухьидул гула.

«Ч1охъ ккараб рагъ» (1848) кеч1алда аслияблъун руго хиянатчилъиялъулгун патриотизмалъул темаби. Ч1охъдерил бечедал г1адамаз кумек гьабула пачаясе г1арцухъги, чиназухъги. Аргъут инаралас «къого ч1охъиясе цох1о къоялда офицерлъи кьуна, месед бикьана».

Кавказалъул рагъулги, хиянатлъиялъулги тема гъваридго рагьун буго. «Шамил асир гьави» абураб 1859 хъвараб пасих1аб лиро-эпикияб поэмаялда. Гьенир рак1алде щвезарун руго киналго бах1арчиял рагъал ва зах1матал камиял. Ц1акъго к1вар кьун буго рагъул бищунго зах1матаб заман, Гъуниб маг1арда князь Баратынскиясул аскараз Шамииил асир гьави ва гьелъул г1иллаби рихьизариялдеги бах1арчияв ва г1акъилав Шамилил образ

[1] Х1айбулаев С. М. Рехсараб т1ехь, гь. 44

г1уц1иялдеги. Кинаб х1алалде кканиги Шамилица жиндир къадру ц1унула, ях1-намусалъе, идеалазе хисуларо.

Мух1амадбегица кинабго бихьизабун буго х1икмалъи гьабизе ккараб махщалида, гьев рик1к1ине бегьула бищун цеве вахъарав авар миллаталъул эпосияв халкъияв поэтлъун. Шамил ккола т1олго халкъалъул вождь, Мух1амадбег абуни гьев коч1олъ, к1одо гьавурав гьунар т1ок1ав шаг1ир. Миллияб адабияталда эпосалъул асар г1уц1иялъул фольклориял гурел традициял х1албихьаби, рахьдал мац1алда рук1инч1ониги, Мух1амадбегица г1уц1ун буго т1ад калам гьабизе рес гьеч1еб, бокьарав поэтасул асараздаса г1одобег1ан гьеч1еб х1икматаб поэма. Адабияталъул г1елмуялъул, теориялъул къануназдасан балагьани, гьеб асаралда щибниги сакъатаб, мух1канлъич1еб рахъ нилъеда бихьуларо. Дагьабго г1олареб, бич1ч1изе квал-квал гьабулеб жо буго поэмаялъул текст рук1алиде ккун гьеч1олъи – г1урусалде буссинабулеб мехалъ гьеб г1емерал бак1аздасан къокъ гьабун буго.

Поэмаялъул г1уц1и ва сюжет буго камилаб, цок1алаб, гьеб г1уц1араб бугоункъго бут1аялдасан: т1оцебесеб ккола г1урусал, гуржиял, хъазахъал, эрмениял пачаясул буюр т1убан, г1емерал аскарал рак1арун Шамилил щулалъи Гъуниб бахъизе х1адурлъиялъул бицунеб ва гьелъул х1акъалъулъ шаг1ирасул пикраби баян гьабулеб.

Решт1арав гьев донгъуз Дагъистаналда

Кибего капурлъи т1аде т1амилин.

К1иабилеб бут1а – маг1арулал, Шамилил нухмалъиялда гъоркь Ват1ан ц1унизе х1адурлъиялъул, гьел рагъарал куцалъул бицунеб. Наибзабазул гьунар гьеч1олъиялъ киналго ракьал г1урусаз ккола.

Г1иялъе к1анц1улеб ник1аб бац1г1адин,

Шамилги ворч1ана Гъунимаг1арде.

Кинабго Дагъистан х1ат1иде ккеялъе г1иллабиги рихьизарун руго: г1емерал бах1арзал хвана: Идрис наиб - Хьаргабив, Муртазг1али – Салт1а,

Мусал Г1али – маг1арда, Саг1ду – Г1ахъущалив, Жабраг1ил, Мах1мут1ил Муса, Х1ажимах1ат1 ва гьел гурелги.

Г1аркьелал къот1ани, гъвет1ги бакъвала,

Гьел лъик1ал чи хведал, росу ч1унтана.

Г1емераз хиянатлъи гьабуна хасго ч1ахъадерица.

Лъабабилеб бут1аялда бицунеб буго Гъуниб росу сверун кквеялъул, Шамил кверде иналъул. Гьениб бищунго к1вар бугеб бак1 буго Шамилил монолог (тушбабазде хит1аб). Гьелдасан бихьула имамасул хасият, психология:

Ришбат г1емерлъана нуж г1урусазул,

Г1арцухъ ралагьана дир наибзаби.

Сунареб ц1а гъуна Дагъистаналда.

Аллагьасе г1оло къач1ел чалмаби,

Чахт1ал гьаре абе наибзабазда.

Харбиени раг1и г1емераб бугинги абун, шаг1ирас поэмаялъул ахиралда кьолеб буго рагъдаса хадуб Дагъистаналда ккараб ах1вал-х1алалъул сурат ва Шамилил къисматалъул х1акъалъулъ къокъаб баян. Ц1алулел, ах1улел диналъул вацазде хит1абги гьабун буго:

Дунги дуг1адукьа камизе тоге.

Камилав жагьилас херхараб г1ажам

Г1айиб батунилан, рехонги тоге…

Чияр напакъат1а маг1арда вугев

Дудаги мун гурх1а, х1алк1олев Аллагь.

Мух1амадбегица чанго лирикиял асарал хъвана хадурги Шамилил, гьесул вас Гъзимух1амад к1одо гьарун: «Шамилиде», «Шамилил вас Гъазимух1амадиде», «Гьерсихъабазде» ва гь. ц.

Г1елмуялда «Шамил асир гьави» поэмаялъе къимат кьун буго Бадави Мух1амадовас, Сиражудин Х1айбулаевас, Чакар Юсуповалъ. Гьез аслияб к1вар кьун буго  поэмаялъул халкъияб творчествоялдехун бугеб бухьен,

гьединго гьелъул ц1иял оригиналиял рахъалги миллиял хаслъабиги рихьизариялде.

## 5. Инхоса Г1алих1ажи.

Инхоса Г1алих1ажи ккола маг1арул адабияталъе кьуч1 лъурав к1удиял шаг1иразабаздасан цоявлъун; живго ч1аго рук1аго, щвана гьесие халкъалъул рокьиги машгьурлъиги, шиг1рабиги т1ирит1ун рук1ана квералъ хъван. 1903 соналдаса байбихьун гьел рахъизе лъугьана М.Мавраевасул басмаханаялда бат1агоги бат1и-бат1иял сборниказдаги (Г1ободаса Сиражудинил «Бустан Аварисатналда», Ч1охъа Г1абдулах1ажил «Ваг1забазул т1ехьалда»), 1913 соналъ къват1ибе биччана «Макка бахъи» абураб поэмаги.

Совет Союзалъул заманалда шаг1ирасул цо-цо шиг1раби лъун рук1ана Г1абдулат1ип Шамхаловас данде гьабураб «Маг1арулазул нек1сиял куч1дул ва харбал» абураб т1ехьалда 1928 соналъ. Г1алих1ажил т1оцебе т1ехь басмаялда бахъана 1972 соналда «Назмаби» абураб ц1арги лъун. Хадубги бач1ана к1иго лъик1аб к1удияб т1ехь: 1995 аб. ва 2001 аб. соназда «Асарал» абураб ц1арги лъун. Шаг1ирасул назмаби рак1арана ва гьеб т1ехь данде гьабуна гумбет районалъул Гъоркь Инхо росулъа Г1усман-х1ажи Мух1амадовас.

Шаг1ирасул асаразе т1оцебесеб къимат кьуна Г1абдулат1ип Шамхаловас, гьес хъвалеб бук1ана Г1алих1ажи рекъараб лага-черхалъул, берцинаб гьаракьалъул, гьайбатабщинаб бокьулев чи вук1анилан, хасго гьесул бер щолаанин берцинал мусудузде, гьел рихьаралго коч1ол мухъалги сок1к1унаанин.

Хадусел соназ шаг1ирасул асаразул х1акъалъулъ гъваридал х1алт1аби хъвана г1алимзаби Уздият Далгатица, Бадави Мух1амадовас, Камил Султановас, Сиражудин Х1айбулаевас, Чакар Юсуповалъ, Расул Мух1амадовас, Мух1амад Г1абдулаевас ва поэтал Г1абасил Мух1амадицаги Мух1амад Ах1мадовасги.

Гъезда гъоркьосан т1адег1анаб къимат кьезе мустах1икъаб буго Чакар Юсуповалъул 1997 соналда г1урус мац1алъ хъвараб т1ехь: «Али-Гаджи из Инхо: жизнь и творчество». Гъениб шаг1ирасул творчество лъазабун буго киналго сиясиялги эстетикиялги рахъал х1исабалде росун, гъорлъе яккун, диниялги, миллиялги, романтикиялги, реалистиялги гъаталги баян гьарун, заманалъул т1алабазда шаг1ирасул творчествоги бухьинабун.

Г1алих1ажияв вук1ана гьайбатав инсанги, к1удияв г1алимчиги, бергьараб гьунаралъул ва пасих1лъиялъул поэтги. Абизе ккола гьев вук1анин кутакалда динияв чиги, иман-исламалъул кьуч1азда г1уц1араб бук1ана гьесул кинабго г1умруги творчествоги; г1адамаздасаги т1алаб гьабулеб бук1ана, напсалъе бокьа-бокьараб гьабич1ого, черх исламияб диналъ бихьизабухъе куцазе, Аллагьасе бук1ине кколеб куцалда хъулухъ гьабун.

Къуръан ц1алун г1уц1е харабаб г1умру,

Хвалил хъарчигъаялъ хъат кьабилалде.

Хъата-масан ц1але хирияб г1елму,

Г1амал бугъун кьурав лагъ мун ватани.

Диналъ щибниги квешаб жо малъулеб бук1инч1о инсанасда, мажгиталги къан, диниял г1алимзабиги х1акъир гьарун, дин халкъалъе загьру бугин коммунистазул бут1руз абуниги.

Советияб заманалда шаг1ирасулги атеист вахъинавун вук1ана, гьесул г1емерисел асаразул мекъияб, «гунащ» маг1наги гьабун. Гьелъул х1акъалъулъ берцинго бицун буго профессор С.Х1айбулаевас «Асарал» (1995 с.) абураб т1ехьалъе хъвараб цебераг1иялда: «1903 соналдаса байбихьун басмаялда рахъарал г1ажам мажмуг1азда т1убан, щибго хиси гьеч1ого, кьун рук1ана гьесул асарал. Гьелги лъуг1изаруна, гьел хъварал чаг1иги т1аг1инаруна яги, к1алдибе лъимги босун, руц1ц1ух1ун ч1езаруна».

Ц1ияб къаг1идаялъ хадусел соназ къват1ире риччарал асаралги лугби камурал х1ет1е-бох, квер-гъеж къот1арал рук1ана. Гьедиг1анго кутак бук1инч1ониги, г1емераб г1ала-гъважа гьабуна Г1алих1ажил асаразе,

гъалат1алгун, хис-басгун, къунц1а-к1ут1ун, маг1на хисизабун рахъун. Цо-цояз халкъиял куч1дул, жидецаго хисизарун, т1аде жидерго мухъал журан, яги жидецаго гьарун, рит1ана газетазде, гьениса росун т1ахьаздаги лъуна. Цо мисал. 1958 соналъ батилин ккола маг1арул газеталда бахъун бук1ана Г1алих1ажил бугин абун «Хъах1аб чаба чурарай» абураб кеч1. Г1али Мух1амадица бит1ун бач1анин. Гьеб бук1ана цо аварав поэтас гьабураб, яги къач1а-к1ат1араб, жуба-гъубараб асар. Жакъа гьелъие мук1урлъана живго гьев гьалмагъги.

Маг1лисез абула: «Вазуневги вазунаревги чи довасан ваккаравго лъалин», цо к1иго куплет, мухъ ц1аланиги лъала шаг1ирасул, ай авторасул ц1ар, хасго Г1алих1ажил. Щивав поэтасул куч1дул хъваялъул жиндирго къаг1ида бук1унелъул.

Бата-батараб гьабун к1удияв шаг1ирасул ц1арги, творчествоги, маг1наги хвезабизе бегьуларо. Г1алих1ажи вук1ана ц1акъго к1удияб гьунаралъул шаг1ир, гьевгун расандизе, х1азе лъугьинч1ого, гьев вич1ч1изе ва халкъалъе х1акъикъияб куцалъ баян гьавизе жигар бахъизе ккола. Гьесул х1акъалъулъ хъварал х1алт1аби рук1ине ккола гьесулгун г1аммаб мац1алда хъварал, гьесул балъголъаби рагьизе жигар бахъарал. Г1емерал руго поэтасул рч1ч1изе зах1матал, к1улги жиндихъго тун, нилъеца рагьизе кьурал хазинадул ц1урал гъамсал. Гьес нилъеда абулеб буго:

Г1арцул т1алида жаниб т1упараб пампа г1адин,

Т1убараб дир раг1уе маг1на дуцаго гьабе, - ян.

Шаг1ирасда лъалаан жиндирго асаразул т1адег1анлъи, борхалъи. Хьулги бук1ана нахъисел г1елаз гьеб дагьабги борхат гьабизе:

Г1елму-х1икматалъул х1албихьаразе

Х1алхьараб рукъ буго дица гьабураб.

Дирго рак1 бахилаб борхалъиялда

Бараб к1алг1а буго к1варас къач1азе.

Гьенисан нилъеда бич1ч1ула, шаг1ирасул хьул бук1ин «борхалъиялда бараб к1алг1а», ай адабияталъул камилаб рукъ, к1алг1а – творчество, ирс,

хадусел рач1унел поэтаз «къач1азе», ай цебе т1езабизе, т1адеги къач1азе. Гьедин гьесул мурад т1убазабуна Эльдарилас, Ч1анк1аца, Мах1мудица, Х1амзатица, Расулица. К1алг1аялъул къадалъ цо-цониги гамач1 лъезе жигар бахъана Г1-Х1.Шахтамановас, Фазуца, Г1адаллоца, М.Ах1мадовас, Г1абасилас, Г1. Дагановас, М.Г1исаевас ва г1емерал цойгидазги. Амма поэзиялда жаниб г1емераб «ч1анда хабар» г1емерлъана.

Г1алих1ажил х1акъалъулъ г1елмияб х1алт1и хъвазе бигьаяб жо гуро. Дицаги хъвалеб буго, к1удияб гьунар бугев чи вук1ун гуреб, диего шаг1ир хиралъиялъ, гьесул асараз х1икмат гьавидал, дидаго бич1ч1араб жо чияда бицине бокьиялъ, ц1алдолезулгун дандбан, цо бит1араб пикруялде рач1ине бокьиялъ.

Г1алих1ажи гьавуна 1845 соналда Т1адинхо (гьанжесеб Гумбет районалда) росулъ мискинав векьарухъан, Шамил имамасул рагъухъан Гъази-Мух1амадил хъизамалъе. Росдал г1адаталда рекъон, г1олохъабазе к1удияб т1ут1ги лъун, цевеги вахъун, инсуца гьал раг1аби абун руго:

Дунял гьибигьиндал гьабураб лачен,

Гьин к1обок1улелъул борчараб лъугъур,

Алжаналъул нуц1а, гьоц1о т1ураб к1ал,

Мун гуревищ, гьудул, дие вокьулев, - абун!

Гьенисан бихьула шаг1ирасул эменги ц1акъ пасих1аб каламалъул чи вук1ин. Гьес васасе г1емер бицунеб бук1ун буго Шамилил рагъазул, маг1арулазул бах1арчилъиялъул, пачаясул солдатазул, офицерзабазул хъамалчилъиялъул. Г1олохъанчи вахъинег1ан гьесда жиндагоги бихьулеб бук1ана маг1арулазул къеркьей, - бергьенлъабигун, зах1малъабигун. Шамил асир гьавураб мехалъ гьесул бук1ана анц1ила ич1го сон. Дагьаб мехалъ мадрасалде вит1ула. Хадув гьев ц1алула Ч1ик1аб, Гъадариб росабалъ. Гъадариве гьев ккана 1859 соналъ.

2001 соналда къват1ибе биччараб «Асарал» абураб т1ехьалда лъурал шаг1ирасул х1акъалъулъ биценаздасан нилъеда бич1ч1ула Г1алих1ажи гьит1инго кеч1 гьабизеги, ц1ализеги, ай малъараб босизеги жиндилъ бугеб

лъай чияе кьезеги гьунар бугев чи вук1ин. Рузман сордоялъ ниг1матал гьаризе унаго мутаг1илзабаз гьев цеве т1амулаан, берцинаб макъаналъ коч1охъего рекъезабун каламгун к1алъалаан гьев г1адамаздехун: «Хирияб сордо буго, кири батила. Ниг1матал гьарза гьареги, балагьал рик1к1ад гьареги, халатаб г1умру, чорхое сахлъи… Бокьун кье, бокьун босе, кьолелда разилъе. Малъулел г1емерлъаги, лъалел гьарзалъаги, бихьаралде щукру, щваралде иман. Аллагь гурх1и, х1акъаб бокьун, т1екъаб рихун, рек1елъ иман, аск1ов вали…»

Г1алих1ажица кеч1 бигьаго гьабулеб бук1ун буго. Ч1ик1ав ц1алулеб мехалъ лъимги ц1ун яч1унеей цо берцинай яс данде ккедал, гьес абун буго:

Вай тамаша, х1икмалъи щиб, г1адамал,

Х1урулг1инцин гуродай гьай яч1унеей?

Щунусго яс ячун жиндихъ кьуниги,

Цо рас гьезухъ бихьизецин кьоларей.

Нилъеда лъала гьединабго х1алалда Ч1анк1аца ясалде «Алжаналда жанисан жакъа яч1ун ятила», - ян абигун, Мах1мудица «Жеги алда гьава-бакъ хъванцин батиларо», - ян т1аде жубараблъи. Гьел шаг1ирзаби цоял-цояца рехулел чаг1и рук1инч1о.

Г1алих1ажил творчество, темабазухъ балагьун, бикьизе бегьула чанго т1елалде: рокьул лирикиял куч1дул, сатирияал, философиял, патриотиял, тарихиял, сиясиял-политкиял, гьединго диниял, дин киналго асаразулъ бессун бук1аниги.

Рокьул кинабниги т1ехьалда лъун буго анц1ила ункъог1ан кеч1. Анц1ила щуабилеб гьениб лъураб, «Хъах1аб чаба чурарай» абураб гьесул гуро. Шаг1ирасул т1оцебесеб иллагьияб рокьи ккун буго, Гъадари росулъ Къурбанов Къади абулев чиясда цеве ц1алулеб мехалъ, гьезул яс Салих1атихъ. Гьей йик1ана къоролльуда йигей ц1акъ берцинай г1адан. Гьелде гьарурал руго г1емерисел куч1дулги. Гьелде щвезег1ан гьарурал куч1дуздасан т1оцебесеблъун рик1к1ине бегьула «Вай, тамаша» абураб. Хадусел ккола «Гъункарасул Сайгибат», «Аман, рак1ги унтун», «Т1олго

Дагъистаналда», «Зулму ц1ик1к1ун», «Жаннатул Бакъиг1алда». Гьел куч1дузулъ т1адег1анаб къимат кьун буго йокьулелъе, к1одо-к1одо гьабун, гиперболаби х1алт1изарун, гьей г1арабазул адабияталъул героязда релълъинаюн. Гьенир ратула фолклоралдасан росарал сипаталги, диналда хурхараб жоги г1емер гьеч1о.

Аслияб куцалда гьел куч1дузулъ кьун буго жиндирго рек1ел х1ал, йокьулелде бугеб гьари: «сабаб гьабе», «капурал хиялаца холев вуго г1адада», «гьеч1ебищха мунгун цолъизе къадар», - ан.

Санал меседил гьудул, гьабе диде цо калам,

Къечалъ вух1арав дие, х1ухь базе, кье дагьаб лъим…

Яс йокьиялъе г1иллабиги рихьизарун руго. Ясалъул руго «чалухъал лах1 г1адал берал,», жийго йиго «меседил ц1ураб сах1», «рокьанщинал рехседал дуде данде руго ч1ах1».

Хасаб форма т1ад рет1ун, гьудул къват1ий яхъани,

Хъах1ил зодихъ бакъгин моц1 нахъ руссун балагьула.

Бераз, квераз кинниги ишан алъ гьабунани,

Хун нусго сон баравги тирщун т1аде вахъина.

Авар адабияталда жаниб т1оцебе Эльдариласда, Г1анхил Маринида цадахъ Г1алих1ажица маг1арулай зодое яхинаюн к1одо гьаюна, гьей релълъинаюна Къуръаналъул бищунго хирияб (гьелъул маг1на жанибе бачараб) сура Алх1амалда: «Сипат кинха гьабилеб, кибго ц1алулеб алх1ам». Киг1анго зах1мат бугониги, шаг1ирасда г1уц1изе к1вана маг1арулалъул гьайбатаб сипат-образ.

Дир черхалъул х1ал хисун хиял дур гьабулаго,

Гьудулалъул цояб квер г1арщалда ч1ван батила.

Шаг1ирасул фантазиялъе г1урхъи гьеч1о. «Т1олго Дагъистаналда» абураб гьайбатаб шиг1руялда хъван батула: «Йокьулелъул ц1ар ах1ун Х1авагицин г1одула. Х1ажалъул х1арабаал х1асратлъун инагьдула», - ян.

Г1алих1ажил рокьул куч1дул руго ч1ванкъот1арал, г1емер халатал гьеч1ел, маг1на гъваридал, сипатал г1емерал. Йокьарай яс гьес

релълъинаюна бакъ-моц1алда, кавсар х1инч1алда, хъах1миккиялда. Гьелъул руго висрудал гарал г1адал ч1ег1ерал берал, шагьрустан кагъат г1адаб керен, моц1алъул къот1ел г1адаб нодо:

Надалда гъоркьа кьунсрул, субх1аналъул нур г1адал.

Г1адат1а ругел гъалал гьилияб чилаялъул.

Жиндие йокьарай яс Салих1атиде хит1аб гьабун, шаг1ирас абулеб буго жив боц1и г1емерав базарган гурин, мун йигин жиндир бечелъи, къадар хъван батанани, данделъилин:

Рак1ги мац1ги бугони, малги жанги жо гуро.

Жаниб керен роц1ани, боц1иги зах1мат гуро.

Г1елму-г1амал бугони, г1ордаги х1инкъиларо,

Г1акълу дие кьунани, кьурдаги т1урк1иларо.

Халкъалда гьоркьов Г1алих1ажи машгьурав вук1ана сатирик х1исабалда. Гьес къват1ир ч1вазаруна зулмучаг1и, гьерсихъаби, хъамалчаг1и, гьекъолдухъаби, мац1ихъаби, исрапчилъи, к1вах1аллъи, гьереси щайихзаби:

Квание х1алги кьун, х1алт1и к1очон тун,

К1варалъ мискинзаби зурулел гьанже.

Зарукь х1инкьарал къан, къарал х1ат1икь ккун,

Кват1и щакаб, Зайну, зулму халкъалда.

Гьедин хъван буго надада г1ет1 ц1ирич1ого боц1и кьабулел бечедал чаг1и какараб кеч1алда.

Насих1атиял назмабазулъ шаг1ирас аслияб пикру буссинабуна г1аданлъи, г1акълу-лъай, инсанасул лъик1аб г1амал-хасият бецциялде. Хьвада-ч1вадиялъул т1убараб кодекс г1уц1ун буго «Г1акълудал ралъад» абураб насих1атияб поэмаялда. Гьеб суфияб тайпа, бич1ч1изе зах1матаб, т1убанго кицабаздалъун, бицанк1абаздалъун хъвараб буго. Дица цо мисал бачун толеб буго нужеда бихьизе:

Г1елму камилаб ккве, квелъ щулияб ккве,

Кинго камуларин коцокъил чучлъи.

Чанги х1ал бихьарав хьибил ккун ваче,

Хьопода кьурарас кьолеб щулалъи.

Шаг1ирас хъварал чанги коч1ол мухъал халкъиял кицабилъун лъугьана. Гьениб бищунго гьайбатаблъун дида бихьула:

Ват1анияб т1алаб т1обит1улаго,

Т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1оченаро.

Ват1анияб т1алаб т1обит1улаго, т1ерхьарал бищун т1адег1анал ц1вабилъун Г1алих1ажица рик1к1унел руго нилъер имамзаби. Гьел к1одо гьарун хъвараб буго «Гьаб Дагъистаналда» абураб поэма.

Гъазимух1амадги, Х1амзатбегги, Шамилги рихьизарун руго нилъер халкъалъул ч1ух1илъун, тушманасдаса ват1ан ц1унун, рух1 кьун, къеркьарал бах1арзаллъун, патриоталлъун, щивасе кьун буго рекъараб къимат, жиндир бугебщинаб пасих1лъиги х1алт1изабун. Гъазимух1амадил бах1арчилъиялъе къимат кьун абулеб буго:

Ралъдалъ гама г1адав гуч бугев имам

Гендерил къварилъухъ къокълъун раг1ула.

Къоязда нур барав багьадурасде

Балагье щвараб хвел росдал раг1алда.

Х1амзатбегица имамлъи к1иго соналъ гурони гьабич1о, амма

Г1адлу-низам гьеч1еб залимаб къукъа

Зарукье бачунев лачен вук1ана.

Чаранги биунев балагьалъул къо

Бач1ун т1аде щвана, щунгъар бегана.

Х1амзат имам ч1ван хадуб ват1аналъул халкъ нухде т1обит1ана «х1ал-зулму рихарав, хвалчен лебалав» Шамил имамас. Гьев вагъана къоло щуго соналъ, т1олго дунялалъул рит1ухъал г1адамазул баркала щвана, г1адлу щула гьабуна. Амма щавкат г1емерлъана. Гьалмагълъиги чарлъана, хиянатги ц1ик1к1ана – Шамил Гъуниб маг1арда кверде ине ккана. Гьеб бук1ана 1859 соналъул август моц1.

Шаг1ирас абулеб буго кверде ин гьеб нич гурин, Аллагьасул х1укму бугин.

Тушман г1емерлъидал, г1адлу биххидал,

Маххул сангар талхин тамаша гуроян.

Берал къанщунилан, къадру холаро,

Халкъ бахилаб гьунар нахъе танани.

Г1алих1ажил творчество бук1ана XIX г1асруялъул к1иабилеб бащалъиялда авар литератураялъ г1емерал бергьенлъаби росиялъул нуг1лъун. Адабияталъул г1алимч1ужу профессор Чакар Юсуповалъ хъвалеб буго:

«Г1алих1ажица хадубккунги цебет1езабуна гьесде щвезег1ан Къудукьа Мусалас, Г1аймакиса Абубакарица, кудалиса Х1асаница ва цогидалги Дагъистаналъул г1алимзабаз хъвалеб бук1араб философияб поэзия. Гьес жиндирго назмаби г1емерго ургъун хъван руго. Гьезда жанир г1аммаб г1амал-хасияталъул, рук1а-рахъиналъул ва гьединго г1умруялъул маг1наялъул х1акъалъулъ суалал лъун руго. Гьел назмабаз ц1алулесе к1удияб асар гьабула. Гьезда гьоркьоб бищунго лъик1азул цояблъун рик1к1уна «Хъах1аб рас». Гьениб буго гъваридаб пикру, бац1ц1адаб мац1, мух1канал образал. Коч1ол гьит1инабго байбихьуда поэтас х1исаб гьабулеб буго араб г1олохъанлъиялъул, т1аде щолеб бугеб херлъиялъул, херлъизе бокьулареб рак1алдаги ва заманаялъе мут1иг1аб черхалдаги гьоркьоб бугеб къецалъул. Гьесде щвезег1анги абун бук1ана хехго унеб г1умруялъул х1акъалъулъ, амма Г1алих1ажица г1адин мух1канаб сурат гьелъул лъицаниги цебе ч1езабун бук1инч1о».

Циндаго гьесда бихьула жиндаго баккараб хъах1аб рас: гьелъ хъах1 гьарун руго къунщби ва нахъаса бет1ер, рещт1ун буго каранде. Т1оцебесеб иргаялда пашманаб пикруялдаса ине, хъах1аб расалде гьабулеб буго махсара. Амма гьедин нахъ буссунеб гьобол гуро гьеб, жиндирго х1ал бич1ч1арав авторас виххун абула:

Дир бет1ер ц1унараб ч1ег1ераб нухъа

Рузица ч1ван хвараб ахир замана.

Бот1рода бусен лъун бук1араб гъеду

Боржун къват1иб араб къиямасеб къо.

Ракьалда инсанасул г1умруги хвелги цоцазде данде лъей, гьениб т1оцебесеб бецциги диналда божулев шаг1ирасе х1икматаб ишлъун гьеч1о. Гьеб бич1ч1лун, хъах1аб расалде хит1аб гьабун гьес абула хвел къабул гьабизе жив х1адур гьеч1илан.

Гьобол ч1алг1арасул ч1ваги х1абибат,

Гъоркь бак1 къач1ач1елъул, дун къварид вуго.

Шаг1ирас абулеб буго динги лъик1лъиги г1олохъанго, чорхолъ сахлъи бугеб мехалъ гьабизе кколин. Херлъиги унтиги ц1акъ лъач1ого бач1унеб жо бугин чиясде. Шаг1ирас х1алт1изарурал эпитетазул, дандекквеязул, метафоразул ва цогидалги сипатазул х1исаб гьабураб мехалъ, баянлъула гьел росун рук1ин г1иц1го маг1аруласда лъик1го лъалеб г1умруялдаса ва сверухълъиялдаса. Гьесул лъик1ал, насих1атиял асаразулъ гьеч1о ч1обогояб ваг1заги бакъвараб малъа-хъвайги. Гьезда жанир г1емерал руго халкъиял кицаби г1адал г1акъилал, т1ок1к1арал жугьаби, махсара х1алае ккун, кант1изариялги, сатираялъул ц1ал к1ут1ун, г1унгут1аби къват1ир загьир гьариги. Балагье цо кицилъун лъугьарал раг1абазул пасих1лъи ва гъварилъи бихьизе:

Зах1мат бихьич1ого, рах1ат бокьарас

Бекьич1ого лъилъе, нилъ гьеч1ого, хур.

Гьединал къокъал, маг1на бечедал, мац1алда рекъарал, роц1арал жугьаби кицабиял алфазаллъун лъугьарал г1емер руго Г1алих1ажиясул.

Берцинго г1уц1араб, ц1одораб, бег1ераб ва пасих1аб къокъаб каламалда х1икматаб каламилан, ялъуни афоризмайилан абула. Гьале шаг1ирасул шиг1рабаздасан цо чанго мисал:

* * *

Г1акъиллъи бот1ролъ бугев сабруялда хьвадула.

Сабруялда хьвадарав мурадалде вахуна.

* * *

Инсанасул жавабалъ жиндир г1акълу бицуна,

Калам къокъаб бугони, къимат ц1ик1к1ун гьабула.

* * *

Чидае гвенд бухъани, бухъарав жанив ккола,

Бахъун хвалчен кьунани, тушманас ч1ван рехула.

* * *

Рекъеч1еб бицарасда бокьулареб раг1ула.

Гьавадуй мут1иг1лъич1ес иях1 чорхолъ ц1унула.

Г1алихажица хъвадарухъанлъи рик1к1унаан т1адег1анаб, жавабияб гуребги, къиматаб ишлъун, гьединлъидалин гьес хъвараб:

Меседил ч1олоялда чергесал маххал г1адин,

Хехараб гьаб дир шавкъат щивнигияс ц1алилеб,

Г1арцул т1алида жаниб т1упараб панпа г1адин,

Т1убараб дир раг1уе маг1на дуцаго гьабе.

Гьел раг1абаздасан нилъеда бихьула шаг1ирасул зах1мат релълъинабун бук1ин г1арцул устарасул х1алт1уда.

Шаг1ирасул чанго руго маг1на кквезе, гъорлъе раккизе зах1матал коч1ол мухъалги т1убарал куч1дулги. Гьединаздасан цояб ккола «Бисмиллагь – дур ц1ар бахъун» абураб анлъго куплеталдасан г1уц1араб рокьулгун философияб шиг1ру.

Киналго критиказ рик1к1унеб буго Г1алих1ажица бисмиллагьалъул бак1алда йокьулелъул ц1ар абулеб бугин. Бусурбабаз кинабго иш бисмиллагь бахъун гьабула. Шаг1ирасги гьедин гьабулеб бугин ккола дида – кеч1 гьабулеб буго, бисмиллагьги бахъун.

Жибго гьеб кеч1 буго ц1акъго бич1ч1изе зах1матаб маг1наялъул, гьабунги буго гьеб рифмаги ц1унун (къалам – г1алам-салам; лъим – ятим; калам – лам ва гь.ц.). Гьеб рифмаялъги буго кеч1 бич1ч1изе зах1малъизе гьабулеб. Хасго зах1матаб буго к1иго цоцалъ гъункараб куплет:

Хъвараб къадар г1елилан г1одов виччан ч1ун Х1аким,

Х1исаб гьабураб мехалъ, даим къулун ч1араб къавм.
Къаси-къадлъи лъач1ого, бизарлъарав гьав залим,
Замана индал лъалев ай йосулевги Муслим.

Росдал г1адамазда гъорлъ г1аданлъун ккурав рах1им,
Г1адлу-низам ц1униялъ ц1акъав бах1арчи Х1асим.
Х1укму бит1ун ккanани, кьолеб хех талих1 г1алим,
Г1умру икъбалаб кьуни, кьолей яс хехго Салим…

Гьеб кеч1алъе маг1на гьабизе къасд гьабун буго Г1абасил Мух1амадицаги Чакар Юсуповалъги. Гьезул цо пикру буго: коч1олъ шаг1ирас бихьизабун бугин заманалъул х1акъикъат, «г1умруялъул бат1и-бат1иял г1унгут1аби ва рахъал: рух1анияб (рух1ияб), сиясияб (социалияб), г1одов, виччан ч1арав Аллагь, зулмудукь бугеб халкъ, такъсирал гьарулев зулмучи, талих1 батизе гьеч1еб рес ва гьединго рит1ухълъи бах1арчияв г1алимасда батиялда бугеб хьулги». Гьеб пикру бит1араблъун рик1к1ине бегьула, амма бук1ине бегьула бат1иябги.

Гьаб кеч1 бич1ч1изе ккани, лъазе ккола шаг1ирасул киналго рокьул куч1дузул маг1на. Гьеб ккола йокьулейгун цолъизе къот1и Бет1ергьанас цебего гьабун бугин абураб: «Дунял бижилалдего жиб т1убан ккараб къот1и т1аса кин инабилеб, киналго ургъаниги». Рокьи т1убала, къадар хъван батани, гьеб хъван батиялда поэтасул хьулги буго.

Амма рокьи ккарав поэт г1едег1ахъдулев вуго, гьев циндаго мурадалде щолев гьеч1о, жаниб рек1ел судиялъ сардал рогьарав гьес гьудулалда гьарулеб буго: «гьабе цо къокъаб калам», - абун. Жиндаго бугеб х1алалъулги хьулалъулги бицун йокьулелъухъе хъвараб шиг1ру ккола «Бисмаллагь – дур ц1ар бахъун» абураб кеч1. Гьелъул бакьулъ вуго шаг1ир – аслияв лирикияв герой. Гьесул рек1ел х1ал загьирлъула нилъеца рехсарал куплетаздасан. Кумек гьеч1о х1акимасдасаги, халкъалдасаги, т1адчиясдасаги. Амма заманалдасан мурад т1убала, къадар бугелъул, гьеб бит1ила – йокьулей йосила Муслимас – поэтас. Щайгурелъул, гьев ккола росдал г1адамазда

гъорлъ (гурх1ел бугев рах1им) г1адлу-ннизам бугев бах1арчиги, г1алимги, салимги. Гьеб бич1ч1ула нилъеда гьаб мухъ ц1алани: «Х1укму бит1ун кканани, кьолеб хех талих1 г1алим».

Г1алих1ажи вук1ана кутакалда динияв чи, гьединлъидал, иманги исламги гьесул творчествоялда бессун буго. Гьеб нилъеда к1очене бегьуларо, шаг1ирасул творчествоялъул бицунаго.

«Хъах1аб рас» абураб художествияб асар-шиг1ру 2001 соналда бахъараб т1ехьалда лъун буго «Ваг1заби ва туркаби» абураб разделалда. Амма 1972 соналъ бахъараб «Назмаби» т1ехьалда гьеб кьун бук1ана, жиндир маг1на гъорлъ бугеб ахирияб к1иго мухъги нахъе рехун. Гьале гьел:

Киназулгоги хан мухтарасулги

Халикъ Аллагь вуго, алх1амдулиллагь.

Гьел хириял раг1аби рук1инч1о школалъул хрестоматияздаги, антологияздаги, цогидал басмабаздаги. Гьединлъидал коч1ол маг1наги мукъсанго бич1ч1улеб бук1ана.

Хъах1аб рас релълъинабун буго хвалил чапаралда, «ханзабазулги хан Хъах1ав ханасда». Амма гьездаги т1ад Халикъ Аллагь вуго. Хадуб лъураб «Замана чарлъидал» ваг1заялдаги абулеб буго «Ах1макъаб къавмалде ургъел бикьани, унтила дур бет1ер, т1ела дур лугби», - ян.

Гьаб къадаралдаса нахъе къан ч1езе

Къуват кодоб бугеб кивниги гьеч1о.

Аллагьасде гьари гьабун хьвадани,

Хьихьилилан абун т1ехьалда буго.

Г1алих1ажи вук1ана поэт-гуманист, просветитель; инсанасул бищунго т1адег1анаб бечелъилъун, хасиятлъун гьес рик1к1унаан г1акълу-лъай, ц1одорлъи, иман буголъи. Жиндирго ваг1забазда шаг1ирас г1емераб бит1араб жо малъулеб буго бергьараб пасих1лъиялда. Рак1 бан ц1ализе бокьулел руго «Рицинин цо харбал», «Къуръан-х1адисалъул…», «Ахир заманалде», «Мадинатул Наби» г1адал ваг1заби ва туркаби. Гьел руго рич1ч1иледухъ, пасих1го, берцинал раг1абаздалъун хъварал асарал.

Бухлу, гьереси бугев дуца гьудул гьавуге,

Лъик1аб, квешаб т1абиг1ат чорхоца бикъулебин.

Лъик1ал г1адамаздехун гьудуллъи дуца тоге,

Дуй рокьаралгин цадахъ цо мурадалде щвела.

Сурукъал сипатал, хасиятал г1емер ругин абулеб буго шаг1ирас:

Зина гьаби, гъин кванай, риба, чи ч1вай, мац1 гьаби,

Болъе ах1игун лъути, бесдалазул боц1и кквей,

Эбел-инсуй г1азаб кьей, ришват боси, бидг1а кквей,

Вац1ц1адасде рогьо бай, дармилъ гьереси бици.

Шаг1ирасул «Ахир заманалде» абураб туркиги гьаб жакъасеб къоялде гьабун бугин ккола. Гьес анц1ила ич1абилеб г1асру рик1к1унеб буго ахир заманалъул, гьелъул г1асилъи, халкъалъул пасалъи, г1адлу-низамалъул ч1унти, г1елмуялъул басралъи, диналъул инжитлъи, жагьиллъи, х1илла-макруялъул бергьенлъи бихьидал:

Питнаби т1ирит1араб, бат1улаб берцинлъараб,

Биял г1одоре т1олеб, г1адада чаг1и ч1валеб,

Х1алал-х1арам жубараб, жах1да-х1усуд г1емераб.

Г1алих1ажияс живго релълъинавулев вуго, чундузда гъорлъе ккараб чахъуялда, гьесие замана ч1ег1ерлъун буго, гьабизе к1олеб жоги гьеч1о.

Вай, бух1аяб замана, зулму-мункар г1емераб,

Гьал ч1унтарал рак1азе гьеч1ебищха дарманго?

Маг1арулазул шаг1ирзабаз киназго хъвана заманаялъул куч1дул. Революциялда цересез лъицаниги замана беццич1о; гьанжеги какулеб буго. Г1алих1ажияс рехсарал г1унгут1абиги гьанжеги ругелъул. Амма лъик1алде хьул буго.

Нилъеца къокъго бицана Г1алих1ажил творчествоялъул цо-цо рахъазул, гьелъул к1одолъиялъул, гъварилъиялъул ва борхалъиялъул. Амма кинабго бицараб г1ей гьеч1еблъун бук1инаан «Макка бахъиялъул турки» абураб поэма гьоркьоб биччани. Гьеб буго авар адабияталда эпосияб поэма х1исабалда т1оцебесеблъун жиб рик1к1ине бегьулеб, к1вар бугеб

художествияб асар. Гьелъие къимат кьезе ккани, гурх1ундай къвариг1ина лъик1аб гьунар, махщел; лъазе ккола тарихиял лъугьа-бахъинал, дин щулалъизе, ислам т1ибит1изе гьарурал рагъазул х1акъикъат. Гьеб кинабго лъазабун Г1алих1ажил поэмаялъул х1акъалъулъ лъик1ал х1алт1аби хъван руго гьунар бугел г1алимзаби Б.Мух1амадовас, С.Х1айбулаевас, Ч.Юсуповалъ, Х1.Х1амзатовас.

Гьезда гьоркьоса ц1акъ мух1канго, бич1ч1иледухъ, баянго, г1емер х1ажат гьеч1ел «г1елмиял» раг1аби х1алт1изарич1ого, поэмаялъул анализ гьабун буго С.Х1айбуллаевасул «Духовная литература аварцев» абураб т1ехьалда.

Гьес ц1акъ берцинго хъвалеб буго поэмаялда ругел цо-цо рич1ч1уларел бак1азул х1акъалъулъгицин, баян гьарун буго шаг1ирасул гьунаралъул хаслъаби, Макка бахъизе аварагас (с.г1.с.) гьабураб сапаралъул г1илла, к1иго кьибилалда гьоркьоб цебего бук1араб тушманлъи.

Тарихияб х1акъикъаталда рекъон, исламияб дин щула гьабиялъе ва цойгидалги экономикиял, политикиял, г1умруялъулал, маг1ишатиял масъалабазе к1удияб к1вар бук1ана Макка шагьаралъул. Гьенир рук1ана аслияб куцалда бусурманаб диналъул тушбаби: яг1удиял, мушрикинал, капурзаби, къурайшиязул бет1ер, аварагасул лъадул эмен Абу-Суфьян. 628 соналъ Мух1амад аварагасеги (с.г1.с.), ракълил къот1и гьабун бук1ана анц1го соналъ рагъ гьабунгут1изе ва х1аж гьабизе бусурбабазе изну кьезе. Лъаг1алидасан ракълил къот1и хвезабуна Маккаялъул капурзабаз (язычниказ), бакрулаз, гьел т1аде к1анц1ана аварагасул рахъ кколел хазаг1ат1илазде. Авараг (с.г1.с.), аскарги бак1арун, гъазаваталде вахъана. Гьеб буго тарихияб кьуч1. Г1алих1ажица абулеб буго: «Макка шагьар бахъизе г1илла щибан гьикъани», гьаб т1ехь лъазе кколин: к1иго гьудул вук1анин: цояв бакрулав, цойгидав хазаг1атилав. Базаралде унеб мехалъ бакрулав, хъущт1ун г1одов кканин, Х1абибасде хьандола. Квешаб хьами гьабидал, бакрулав хазаг1атилас ч1вала.

Рец1ел босизе бакрулаз балъго т1аде к1анц1ун хазаг1атилал гъурула, к1иго чи хут1изег1ан. Гьезул цояв уна аварагасухъе кумек гьарун. Аварагас, Абулх1асанги ах1ун, кирего кагътал хъвана, боял рак1арана, бакрулаздаса къисас босизе.

Гьединаб буго шаг1ирасул поэмаялъул байбихьи, гьениб тарихияб х1акъикъат ц1унун буго, амма жиндирго къаг1идаялъ, эркенго фантазия гъорлъ жубан бихьизабун буго гъазаваталъе (ай Макка бахъизе гьабураб рагъуе) г1илла. Шаг1ирасул аслияб мурад бук1ана ислам, Авараг к1одо гьари, Аварагасул т1адег1анаб хасият, гьайбатлъи бихьизаби, гьеб гьесда к1унги буго, т1адег1анаб, адабияб къаг1идаялда. Байбихьиги жиндицаго фантазия х1алт1изабун, ургъун, хадур ккарал лъугьа-бахъинал х1акъикъияб, бук1араб куцалъ, рихьизарун руго поэтас щибго хис-бас гьеч1ого.

Поэмаялъул буго цок1алаб сюжет, г1уц1и; образал рагьун руго гъваридго, сурат бахъараб г1адин цере ч1езарун. Хабар бицунеб буго эпосияб ва лирикияб куцалъ.

Поэмалъул х1асил, маг1на бич1ч1изе квал-квал гьабула, т1ехь къват1ибе биччалеб мехалъ гьенир г1емерал гъалат1ал тун рук1иналъ, шаг1ирасул асаразул текстазулаб анализ гьабун гьеч1о.

Редакторзабазги раг1а-ракьанде щун х1алт1и гьабун гьеч1о. Дица хал гьабуна г1ажамалъ хъвавухъеб «Сабаб» журналалда бахъараб, «Асарал» т1ехьалда бахъарабги поэмаялъул текстал данде ккун. Гъалат1ал г1емер руго, раг1аби, ц1арал рич1ч1изе зах1малъулел руго. Хьул буго поэмаялъул текст рук1алиде ккезабулев г1алимчи ватилин, к1удияв шаг1ирасул адабияб ирс гъваридго рагьилин, х1ажат гьеч1ел г1адамаз т1аде журарал «куч1дулги» нахъе гьарун. Живго шаг1ирас поэмаялъул ахиралда абулеб буго:

Х1абибасул х1акъалъулъ х1алгун бицараб сарин,

Х1акъикъат бич1ч1ич1ого, ч1оразе г1ужлъун гъоге.

Г1алих1ажияв ургъун гьабураб г1ажам мадих1,

Г1ажам бугилан абун, мугъзаде нахъе ккола…

Т1агьаясул гьунарал гьоц1олъун ккарав чияс

Цодагьаб к1алдиб хъвани, хъант1ун г1емер ч1амила!

Гьел коч1ол мухъаздалъун поэма лъуг1ула. Амма щаяли лъаларо, 2001 соналъ бахъараб «Асарал» т1ехьалда поэмаялъул ахиралда т1аде жубан буго щибниги бич1ч1улареб анлъго куплет.

Гьелъ нуг1лъи гьабула к1удияв шаг1ирасул асарал мух1канго рахъизе ккей жакъа аслияб масъала бук1иналъе. Т1ехьалъе редакторлъи гьабунин хъвараб г1оларо, гьеб гьабизе ккола мух1канго, рак1 унтун.

К1удияв шаг1ирасул творчествоялъул х1акъалъулъ дирго пикраби лъуг1изаризе бокьун буго Истамбулалдасан Индиралде росдал дибир Алхамат–х1ажихъе К1ик1униса устар Шарапудин Къадица бач1араб кагътида ругел мухъаздалъун (гьел руго «Макка бахъи» поэмаялъул х1акъалъулъ):

«Г1ажаиблъи гьабизе ккараб жо буго Г1алих1ажияв живго г1ахьаллъич1ев ватани гьеб Макка бахъиялъул рагъулъ. Гьес гьениб мух1канго бихьизабун буго боязул къадар, гьезул рач1ин, асх1абзабазул ва цо-цо рагъухъабазул бах1арчилъи, Аварагасул сабрулъи, г1акъиллъи ва данде ругезул цолъи, х1алагъин ва х1алихьалъи. Гьес бег1ераб раг1удалъун ва г1акъилаб каламалдалъун бихьизабун буго рагъул байбихьудаса лъуг1инег1ан ккараб ишалъул. «Макка бахъи» хъварал г1ажамиябги, «Аминатазда» хъвараб г1арабиябг1ан пасих1ал, г1акъилал раг1ул устарзаби дунялалда т1ад жеги рижун гьеч1о».

## 6. Ругъжаса Эльдарилав.

Эльдариласул машгьурлъиялъул х1акъалъулъ бицунаго Ц1адаса Х1амзатица «гьев вук1ун вуго куч1дул гьаризеги гьел ах1изеги гьунар т1ок1ав чи» ян хъвана. Гьесул поэзия жиндир заманалда Аваристаналда ц1акъ машгьураб бук1ана. Жакъа къоялдаги поэтасул куч1дул гьираялда ц1ализе рокьула, г1емерисезда рак1алдасан лъала. Амма гьедин бук1аниги гьесул куч1дузул цо гьит1инабго, ич1го асаралдасан данде гьабураб т1ехь гурони къват1ибе биччан гьеч1о. Гьеб данде гьабуна М.Раджабовас 1969 соналъ.

Поэтасда ц1ар бук1ана Мах1амад, гьесул инсуда – Элдар. Маг1арухъ г1адат батахъе гьесде Эльдарилавилан абулаан. Эменги хун, васасул т1алаб эбелалде ккун буго.

Элдарилав гьавуна ва г1уна Г1андаллъиялъул машгьураб Ругъжаб росулъ, хабада бугеб заниялда бихьизабун буго 1847 сон. Т1оцеве гьев ц1алана росдал мадрасалда, хадув Ч1охъ, Хунзахъ, Ч1ик1ав. Т1оцебесеб рокьи ккола Ч1охъа наибасул ясалъухъ, т1оцебесеб кеч1ги гьелде гьабула. Хадур гьарурал киналго рокьул куч1дулги гьелъие сайгъат гьарурал руго. Рокьи сабаблъун Ч1охъа г1адамаз берталъ загьруги кьун хвезеги гьавула коч1охъан. Гьелъул х1акъалъулъ мух1канго бицун буго «Поэтасул хвел» абураб ахирисеб поэмаялда.

Бищунго аслияб бак1 Элдариласул творчествоялда ккола рокьи ва йокьарай яс к1одо-к1одо гьарулел куч1дуз. Гьел руго кутакалда пасих1ал, сипатал г1емерал. Авар адабияталда бищунго цебе гьениб батула нилъеда маг1арулалъул образ-портрет г1уц1унги. Гьелдасан мисал босула хадусел поэтаз.

Ясалъул портрет г1уц1улаго халкъиял асараздасан мисалги босун, гьелъул къаг1идаби г1ат1ид гьарун ратула т1оцересел куч1дузулъго («Зодил т1авус», «Росу берцин», «Ч1охъдол ясалде», «Аваданай гьудулалде»). Ясалъул черхалъул ва т1абиг1аталъул берцинлъи гуребги гьениб бихьизабун буго рух1ияб бечелъиги, жанисеб дунялалъул гьайбалъиги. «Ч1охъдол ясалде» абураб коч1олъ ратула гьадинал сипатал:

Ц1олбол гарал г1адал гургинал берал,
Бах1ри къалмид хъварал ч1ег1ерал кьунсрул,
Кьералъул бац1алъи, берзул чалухлъи,
Черхалъул ч1урканлъи, куцалъул рекъей…
Нур дудасан буго г1олохъабазе…
Унтарал сахлъула дуда бер ч1вани,
Ч1вараб байрахъ буго мун г1андаллъуе.

Хадусел куч1дузулъ ясалъул портрет г1уц1иялъул махщел дагьабги камиллъула, сипатал рехсей г1емер халат гьабич1ого, цо-цо деталал, ц1акъго хасиятал рахъал рехсон тола, берцинай ясалъ шаг1ирасе гьабураб г1ищкъул асар бихьизабун, эмоционалияб рахъ ц1ик1к1инабун:

Вабабай гьайбалъи, гьалъул берцинлъи.

Сипат кагътил буго, куц г1арцул буго.

Кьер-кьер бат1аб рет1ел т1ад рет1ун буго,

Т1огьол квац1и г1адин г1одой ч1ун йиго.

Дидехун сверула суждаял гьарун,

Сверун ялагьула сух1матал гьарун,

Гьуинаб гьаракьалъ, гьаваяб х1алалъ

Дир рак1 биинзеяб раг1и бицуна.

Элдариласул куч1дул г1уц1иялъул, ай художествоялъулаб формаялъул рахъалдасан рикьизе бегьула к1иго т1елалде: диалогалъул формаялда гьаруралги монологалъул формаялда гьаруралги. Хадуб ккун авар литература цебе т1езе квер бакъи гьабуна т1оцебесеб тайпаялъ, лирикиял героязул поэтикияб мац1 цебе т1езе кумек гьабун. Гьеб рахъалдасан мисалалъе бачине бегьула «Алданил яс Меседо» абураб лирикияб поэма.

- Ассаламу г1алайкум бакъалдайищ Меседо?

Букъулелъе квербакъун, куналда баркат лъеяй.

- Ваг1алайкуму салам вач1аравищ, г1олихъан?

Г1адамал гаргадилин, г1емерай х1инкъун йигин.

Х1алхъубаз бугьтан лъелин, щай вач1арав, чияр вас?

Монолог х1исабалда хъварал асаразулъеги г1емераб ц1ияб жо бач1ана, заман хисиялъул х1асилалда лирикияв героясул рух1ияб г1умру хисун, жанисеб дунял бечелъун. Элдарилав лъугьана доб заманалъ маг1арулазул г1умруялда жаниб кколел к1удиял лъугьа-бахъиназул нуг1лъун. Дагъистан Россиялде цолъизабун хадуб бечелъиялдаги власталдаги гьоркьоб бухьен ц1ик1к1ана, мискин халкъ язихълъана, пачаясул чиновниказ кибго рищват боси т1ибит1изабуна. Бечедаздаги мискиназдаги гьоркьоб манзил

ц1ик1к1ана. Гьеб бихьулеб бук1ана хасго Гъуниб округалда. Бегавуласде гьабураб цо коч1олъ Элдарилас абулеб буго:

Бегавулзаби ругел гьаб нилъераб росулъе,

Росдаца жал рищич1ел, жамаг1аталъ т1амич1ел.

Жалго х1акимзабаца рищваталъухъ росарал.

Мискинасе бахъараб хвалчен г1адин х1алт1улел,

Бечедав чи вач1ани, ворч1амиян х1елулел.

Элдариласул творчествоялда бищунго камилаллъун ва гъваридаллъун рик1к1ине бегьула «Сибиралде ине къот1идал», «Хъуру-хъара» ва «Поэтасул хвел» абурал асарал, гьел руго кутакалда пасих1го хъварал ва социалияб маг1на гъваридал.

«Сибиралде ине къот1идал» буго тарихияб лъугьа-бахъиналда сверухъ г1уц1араб гьит1инаб къиса-поэма. Гьениб бицунеб буго цо мисалги бачунн, 1877 соналъ маг1арулазул восстаниеги ч1инт1ун халкъалде бачараб к1удияб балагьалъул – росаби рух1иялъул. Асияв геройлъун вихьизавун вуго Т1елекьа Г1абдуразакь. Хабарги гьесул ц1аларалдасан бицунеб буго. Эмен ч1варав тушман тезе к1веч1ого, гьев «вит1ана Стамбулалде». Рокьулел гьудулзаби тун, чехьалъул эбелги угьдизе т1амун, т1ул-рак1 паналъун т1улил яцги тун, таманаб мех бала Стамбулалда. Росулъе рак1 щвеялъ керенги бух1ун, панаго вуссуна инсул росулъе. Амма гьесда гьеб т1ат1ала ккезабун батула:

Биххун рехун буго хирияб росу.

Ч1урх1ун, къвагъун буго хирияб росо…

Каг1ба-х1арам г1адаб мажгитул жамиг1

Харица щущазе щай намуслъич1ел?!

Гьалаг гьарун Сибиралде рит1ун ратула киналго г1алимзаби. Эбелги ялагьун, гьелда аск1ов вук1арав Г1абдуразакь Инквачиласул чапараз ккун вачун капурзабахъе кьола. «Дуй Сибир бугилан ц1ар ккун абуна». Поэмаялда бит1ахъе рак1 биинабуледухъ кьун буго Г1абдуразакъица эбелалъулгун, яцалъулгун, лъадулгун къо-мех гьабураб сурат:

Угьдизе рек1ана чехьалъул эбел,

Ч1арбид г1одой ккана ячарай лъади.

Г1одизе лъугьана т1ул бикьарай яц.

Амма Г1абдуразакъ х1еккунаро, Аллагьасул х1укмуян тола. Гьев х1адур вуго бокьараб жо х1ехьезе. Гьединавго бах1арчилъун шаг1ирас живгоги вихьизавун вуго «Поэтасул хвел» абураб поэмаялда. Гьелъул х1акъалъулъ Р. Мух1амадовас хъвалеб буго:

«Нилъеда бихьулеб буго рокьул куч1дузульги социалияб лирикаялъульги Эльдариласул бук1ин цо аслияб къаг1ида – гьес г1умру кьолеб буго к1иго цоцалъ рекъезе к1оларел къуватал данде кьабиялъул формаялда.

Гьеб къаг1ида ц1акъго мух1канго загьирлъана гьесул ахирисеб «Поэтасул хвел» абураб поэмаялда. Гьелъие кьоч1ое босун буго цоцазде данде ч1араб къуваталда гьоркьоб бугеб тунки.

Героясул щибаб ишалде данде ч1ун буго цоги къуват ва гьединан дагь-дагь ккун, т1адеялдаса-т1аде х1алуцуна поэмаялда жаниб лъугьа-бахъин. Поэмаялъул байбихьиго буго к1и бикьараб. Поэт ах1ун вуго наибасухъе ва гьениве иналде гьесул рак1 к1и бикьун буго – инадай инародаян абун. Амма герояс щакдари нахъе хъамула ва ине кьуч1аб х1укму гьабула. Гьелдаса хадуб поэт уна ругъеждерил бегавуласулгун г1акълу данд базе.

Бегавулас поэтасде унгеян амру гьабула, амма гьес гьаб нухальги жиндиего бокьараб гьабула. Поэтасул щибаб гали данде ч1араб цогидаб къуватги къине гьабун т1амураб буго, ва гьединаб х1ал хут1ула поэмаялъул ахиралде щвезег1ан».

Ч1охъе щвараб мехалъ гьесда хадув вач1уна поэт берталъе ах1изе вит1арав гьоболасул вас. Эльдариласе бокьун бук1унаро берталъе ине, амма гьев гьоболасул васас вачинч1ого толаро.

Гьаб г1аламат щибилан,
Щибдай-киндайин абун,
Тира-сверун балайдал,
Чарчарал гъудузда гъорлъ,
Т1инч1аб мокъокъ г1адинан,
Т1охил раг1алда йигей
Йокьулелда берч1вана.
Дидехун балагьула,
Тирун кверлъин хьваг1ула,
Дир рак1 къварид гьабизе,
Щу-щу, къвакъвай бахъуна…
Гьаракь-бакъан рекъейдал,
Гьекъолеб жо ц1ик1к1индал,
Лъабго раг1и абеян
Г1емер чи гаргадана…
Йокьулейги гьоркьой ккун,
Лъабго раг1и абуна…
Рижи квешав кашишас
Босун самовар лъуна.
Босун лъезе бокьич1о,
Сородана дир лугбал.
Гьаракь-бакъан рекъезе
Гьабулеб жо бугилан,
К1алал гьикъуму ц1уна,
Гьедун гьекъезабуна.

Жергъен гьартун ккана
Гьаракь-бакъан къот1ана,
Хъващт1ан т1аде вахъана,
Цо расанди гьабуна,
Жергъен к1ут1ун, кеч1 ах1ун,
Лъабго раг1и абуна,
Х1ал лъазе биччач1ого,
Къо-лъик1 гьабун, гьеб тана.
Гьенисаги вилълъана,
Росу раг1алде щвана,
Росу раг1алда йиго
Ч1ух1ав наибасул яс.
Аск1ове дун щвелалде
Чвахулеб маг1у буго,
Г1одулел берал руго…
- Жакъа къварилъич1ей дун
Кидаха къварилъилей?
Загьру-закъумалъул лълъар
Къезе дуе кьун буго.
Мунгиму данделъизе
Дарманин къеркьолаго,
Къанабазукь мун лъезе
Лъий бокьилеб, г1олихъан?
Дуе гьеб гьабулеблъи
Дида лъаму бук1ана.

Аслияб куцалъ поэмаялъул героял к1иго лагералде рикьула. Цояб рахъалде ккола поэт, гьесул йокьулей, гьесул эбел, яцал: цогидаб рахъалде ккола наибги, гьесул ч1укъбиги, офицералги, поэтасда х1ал гьабун гьекъезеги ах1изеги гьабулелги.

Рокьул къецалъул куч1дузда жанибго г1адинан гьанибги Эльдарилас к1иябго лагералъе хасиятаб баян кьола.

Пачаясул чиновниказул х1алихьалъиялдеги, макруялдеги данде лъун буго бит1ахъего хвел босизе унев поэтасул бах1арчилъиги, бихьинчилъиги. Гьес жиндирго г1умруялдаса т1адег1ан гьабула жиндирго бац1адаб ц1арги намусги. Гьесул ях1алъ гьев ах1араб бак1алде вит1ула – гьединаб буго маг1арулазул нек1сияб г1адат.

Гьебги ва цогидалги рахъалъан «Поэтасул хвел» ц1акъго релъараб буго Хочбарил къисаялда. Бищунго гьел г1агар гьарулеб рахълъун ккола гьеб к1иялъго бицунеб бук1ин бат1и-бат1иял заманазда маг1арулазул социалияб г1умруялъул х1акъалъулъ.

Хочбаридаго г1адинан Эльдриласул поэмаялъул героясдаги г1емерал х1албихьиял данде ч1вала.

Филологиял г1елмабазул доктор Сиражудин Х1айбулаевас хъвалеб буго:

«Революциялда цебесеб аваразул поэзия лъазабулез гьанжелъизег1ан дагьго гурони к1вар кьолеб бук1инч1о Эльдариласул сатираялде. Гьеб рахъалъ гьев Инхоса Г1алих1ажиясдаса цеве ана. Гьелда т1адеги, гьесда к1вана махсароде ккурал маг1аруласул берал рагьизаризе, гьесул балагьазе г1айибиял ч1ванкъот1ун рихьизаризе».

Эльдариласул творчествоялъулъ к1удияб бак1 ккола рук1а-рахъиналъул, культура борхизабиялъул, г1адамазул гьуинаб гьоркьоблъиялъул, берцинаб г1амал-хасият куцаялъул суалаз. Гьеб загьирлъула: «Рац1алъиялде ах1и», «Ц1ияб приказ», «Дир дарсал» абурал ва цогидалги куч1дузулъ.

Г1умруялъул авалалдаса ахиралде щвезег1ан Эльдарилав рекъеч1о жиндир заманалда рук1арал рук1а-рахъиналъул шарт1азда ва гьеб разилъунгут1иялъ кьуна гьесул асаразе ц1ияб маг1на, ц1ияб форма ва халатаб г1умру.

Социалияб зулмуялде, ращалъи гьеч1олъиялде данде ч1арал куч1дузул цояб ккола шаг1ирасул «Хъуру-хъара» абураб кеч1ги.

Россиягун Дагъистан цолъаралдаса маг1арухъ байбихьана ц1иял нухал гьаризе. Гьеб мехалъ гьабуна Темир-Хан-Шураялдаса Гъумекибе ва Гъунибе шагьранухги. Гьел нухал гьарулаго т1адеги зах1малъаби ва зулму ц1ик1к1уна рекьарухъабазе, щайгурелъул гьеб зах1мат аслияб къаг1идаялъ т1аде кколеб бук1ана г1адатияб халкъалда. Жидер х1акъалъулъ коч1олъ бицен гьабулел хъуру-хъараял ккола бищунго язихълъиялда г1умру гьабулел г1адамал. Бечедал чаг1иги кепалда тун, гьел рук1ана нух гьабизе рахъинарулел. Жиндир заманалъул бащалъи гьеч1олъиялъул сурат Эльдарилас гьеб кеч1алда бег1ерго цебе ч1езабула:

Рахъа, хъуру-хъара нухал гьаризе,
Пирказ бач1ун бугин бегавуласул.
Газа кодоб босе, эхул Г1амирхан,
Дур хьитал гьеч1олъи лъаларин гьазда.
Гъуниве унаго бец1къварилъухъан
Лъарад ун раг1ула Г1уртанил айгъир.
Г1арада нухдасан нух батич1илан,
Нахъ вуссун раг1ула Айтамир – наиб.
Писарь Жамалудин къварид раг1ула,
Къварилъухъан ине х1инкъи бугилан.
Г1уртан гьедун вуго гьаб сапаралда,
Гьакил нух бахъизе халкъ т1амилилан.
Т1олго мискинзаби нухдеги рахъун,
Нахъа рукъ кутакав кепалда тола.
Гьал пакъирзабазда зулмуги гьабун,
Залимзаби тола годек1абахъго,
Гарбал рицатазул х1урматги гьабун,
Х1алт1изе рит1ула рет1ел-хьит гьеч1ел.

## 7. Г1анхил Марин.

XIX аб. г1асруялъул к1иабилеб бащалъуда Дагъистан Россиялъул империялде цолъизабуна областалъул ц1арги кьун. Гьелъул халкъал пачаясулги бечедазулги зулмудукье ккана. Адабияталда рагъулабги бах1арчилъиялъулги тема нахъе цуна рух1ияб къварилъи ва рокьи бихьизабулел темабаз. Бижун бач1ана бечедаб лирика, гьелъ гъваридго рагьулеб бук1ана инсанасул жанисеб г1умру гуребги сверухъ бугеб х1акъикъатги. Рокьи к1одо гьабурал, ч1ужуг1аданалъе эркенлъи т1алаб гьабурал куч1дул гьаруна ва ах1ана Г1анхил Мариница. Гьей гьаюраб сон мух1канго ч1езабун гьеч1о, цояз хъван батула 1840 сон, цойгияз 1860 сонцин. Элдарилав хвараб мехалъ гьелъие 22 сон г1умруялъул бук1анин абула. Хварай сон 1905 сон ккола.

Поэтессаялъул х1акъалъулъ лъик1ал баянал кьун руго 1996 соналъул 20 январалда бахъараб «Х1акъикъат» газеталда Маринил ясалъул яс Меседуца рицарал баяназда. Гьениб лъун буго «Г1анхил Марин ва гьелъул ирсилал» абураб М.Къебедовасул лъик1аб макъала. Марин хун йиго ц1адул унтуца, гьеб мехалъ гьелъул яс Г1айшатие бук1ун буго 14 сон (1905 сон).

Маринил эбел-эмен лъик1го рес бугел чаг1и рук1ун руго, ясги гьез гъарзикъго, якъун теч1ого лъик1 хьихьун г1езаюн йиго. К1удияй г1ураб мехалъ чорхолъ йит1арай, гьайбатай, беричай ва къуват бугей г1аданги лъугьун йиго. Гьей къварид гьайизеги лъиданиги к1олеб бук1ун гьеч1о, к1ал букъун бук1анин абураб жоги гьереси буго.

Нилъеца рехсараб макъалаялда Меседуца бицунеб буго: «Гьединай лебалай, х1инкъи гьеч1ей йик1иналъ росулъ тохлъукьего жинцаго ч1варав чи сабаблъун къват1ие, Гьидалъе йит1ун унаго, цогидал лъималазда гьоркьоса эбелалъ – Чамасдакица цадахъ ячун йик1ана Марин». Г1агараб росуги рак1алде щун, гьудул-гьалмагъзабазухъ ч1алг1араб мехалъ, жийго г1адал бах1ар руччабазухъе гьелъ гьадин хъван буго:

Кеч1 ах1ун ч1аралел Ч1ах1иеги тун.

Ч1алг1ун буго дида
Аб гьидерил к1к1ал.
Ч1ег1ер боц1и гьолеб
Гьогьоеги тун,
Сурун буго дида
Аб Исиб росу.
Исие анилан
Басралъиладай

Исибги бук1унин
Меседгин г1арац.
Щобал гирунилан
Багьа хвеладай
Щобал гирунилан
Багьа хвеладй
Щобал ч1ван хьвадулин
Зодил баг1арбакъ.

Гьеб батизе бегьула Маринил т1оцересел куч1дуздасан цояблъун. Пасих1лъиялъул рахъ босани, гьеб буго камилаблъун рик1к1ине бегьулеб асар, калам дагьаб – маг1на гъваридаб.

Маринил махщел бук1ана кеч1 гьабизе  гуребги рет1ел букъизе, угьаризе, есаризе, хьухьаризе. Гьеб нилъеда бихьула яцалъул вас Якъуб гуржиялъ чияца ч1ван вач1араб мехалъ гьабураб кеч1алдасан:

Гъеж ккун ракьандаса
Квер къот1аяй дун
Капурзабаз бахде
Гужгат букъарай.
Керен ссун жаниса
Рак1 бахъаяй дун
Г1алхул чундуз квенде
Талан хьихьарай.
Гьалагаб гурони
Чуги рек1инч1ин

Чорхол тату хвараб
Кинан дир дарман.
Чарамул гурони
Ярагъги бач1ин
Яргъиде квер инч1еб
Кинан хирияв.
Г1уру кколеб барти
Дир Г1анхил Якъуб
Кибедай щапана
Щват бугеб лага.

Халкъалда гьоркьой Марин машгьурлъиялъе бищун к1удияб сабаблъун ккараб жо буго, гьелъ гьелъул заманалда пачаясул наибзабилъун рук1арал Сугъралъа Хуршил Мах1амаги, Ч1охъа Мамалавги г1адал бечедал г1адамал какун кеч1 гьабулеб бук1ин. Цо нухалъ Хуршил Мах1амацаги Мамаласги

жалго данделъараб бак1алде Г1анхил Марин ах1ун йиго. Гьез гьелда кепалъего г1адин абун буго, гьанже жал херлъунги ругин, жал хвараб мехалъ кинаб маг1удай дуца гьабилаяли нижее гьанжего раг1изе бокьилаанилан. Гьелъ, гьез абураб жоялда разилъун, маг1у гьабизе байбихьун буго гьадин:

Г1урусал хирияв Хуршил Мах1ама,
Харж кьунищ босилеб дуца ахират?
Хъалаби ч1ах1ияв Ч1охъа Мамалав,
Чу рек1унищ бахлеб сират1алъул кьо?

Марин йик1ана яц1адай, гьайбатай, чуруклъи ва квешлъи бокьуларей г1адан. Гьелъ куч1дузулъ какулаан рах1му гьеч1ел бечедал чаг1и, мац1ихъаби, хоч1ихъаби, бугьтанчаг1и, басриял г1адатал ц1унулел к1игьумерчаг1и, рокьи гьаби мунагь бугин абулел гьереси рух1аниял.

Воре, рокьи тело, тулакаб хъиргъу,
Къот1ноб бицен бугин мац1ихъабазул,
Биххало, гьавали, гьабураб къот1и,
Лъилго к1алдир ругин нилъ к1иялгоги.
Нухъид берал квина, чудказ хвел квина,
Бек-бекун керен кьун кверде вачина,
Бац1ал г1авусдила, гьаби х1апдела,
Малакьан бахъила гважи-дуниял.
Борхатаб кьурулъе чанги гьабила,
Чарчурал гъудузул мугъал рекизе.
Щварал г1урул бакьуль урдуги ч1вала,
Гьал къват1ул харбал хачадулел тун.
Г1емер къва-къвадуге, къват1ул г1анк1аби,
Дун какунищ хъвалел кирго таптарал.

Динияй г1адан йик1аниги, Мариница т1алаб гьабуна рокьуе эркенлъи кьезе ккей, рокьи инсанасул талих1, т1абиг1аталъ инсанасе кьураб рохел бугин. Гьелъ жиндирго куч1дузулъ рокьи ккей васазе бук1аниги, ясазе

бук1аниги, ничлъун, намусалдаса бахъараб жолъун рик1к1унеб гьеч1о. Гьелъ рокьи рик1к1унеб буго инсанасул рек1ел хасиятлъун. Рокьи ккарал сурун рихьулел г1адамал какун ва гьел г1ад гьарун, гьелъ абулеб буго:

Рокьи гьабунщинал чороклъанани,

Черде лъим г1еларо гьаб дунялалда

Балай гьабунщинал капурлъанани,

Кинабгоги халкъалъ хъанч1 базе ккела.

Маринида лъалаан г1адамаздаса жиндирго бугеб т1адег1анлъи, гьайбалъи, гьелда к1олаан гьеб кинабго куч1дузулъ кьезеги:

Маргъадул гъогъолъан борч1араб ч1имих

Дун руччабаздасан т1асан йищарай.

Жавгьарул кьурулъан бортараб гамач1

Дун гьал ясаздасан г1емерго лъик1ай

Дунялгин данд ц1араб иях1 бугей дун,

Мун берцин вихьидал мук1урлъун ккана.

Дун дуе гурони чучун ятани,

Чаргъудуз т1ут1уйги маргъалалъул черх,

Дир гурого рокьи ккеч1еб батани,

Дуего г1умру тун, г1ажал босила.

Маринил куч1дузул аслияб хасиятлъун рик1к1ине бегьула гьениб инсан к1одо гьавиялъул х1асратаб шавкъ, пафос бук1ин. Бечелъи, боц1и-мал гуро аслияб жо, аслияб буго инсанасул къадру-къимат, рух1ияб бечелъи, берцинаб г1амал, иман, ях1 бук1ин. Инсан вижун вуго талих1алъе, рац1адал ишал гьаризе, хияналъи гьавизе гурев. Гьедин Маринил асаразда цере лъун руго заманалъул жамг1иял ва сиясиял к1вар бугел суалал. Ч1ужуг1аданалъул бук1ине кколеб х1урмат гьабич1они, нилъер г1умру кепкил багьаяб жо бук1унаро.

Тушбабаз загьру кьун, Элдарилав хвей Г1анхил Мариние к1удияб къварилъилъун ккана, гьелъул х1акъалъулъ шаг1иралъул чанго элегия буго. Бищунго пасих1аб 1989 соналъ бахъараб 10 классалъул хрестоматиялда лъун

буго «Зигара» абураб ц1аралда. Гьенисан бихьулеб буго Мариние Элдарилав хирияв вук1ин г1адан ва поэт х1исабалда. Элегия байбихьула «Цо зигара буго дур гьудулалъул, моц1 щинк1арал ц1ваби рокьиларилан» абурал алфазасдасан. Хадуб бицунеб буго ккараб къварилъиялъул ва гьелъ жиндиегоги г1адамазеги гьабураб асаралъул.

Элегиялъул ахиралда буго шаг1ирасул г1агарлъиялда бараб зигара. Гьедин гьабун батула халкъиял маг1абалъги, гьениб х1алт1изабун батула т1абиг1аталъул сипат-сурат кьеялъул къаг1ида:

Исана маг1арда херго баладай,

Халатал лугбузда мусру жемидал?!

Харида гьоркьобги т1егь бижиладай,

Ц1орол мат1уялде т1аде ракьги хъван?

Коч1олъ бугеб синтаксисияб параллелизмалда данде ккун буго т1абиг1аталъул г1умруялъул образги инсанасул хвалил суратги. Мариница халкъияб коч1олъ г1адин абулеб буго:

Маг1ардаса г1азу чалараб мехалъ,

Чол к1вархухъ урхъарай ч1ужуго гьеч1ищ?

К1к1алада ч1вараб ц1ер чучараб мехалъ,

Вегьагиян ккарав гьудулго гьеч1ищ?

Маг1ардаса г1азу чалараб мехалъ,

Чол к1вархухъ ч1алг1ина Ахтал Муъминат.

К1к1алада ч1вараб ц1ер чучараб мехалъ,

Улгьида къач1ала, огь, гьудул Ахта.

Элегиялда рехсолел руго бищунго поэт хвезави жидеда зах1малъарал гьесул гьобол ва гьудул Ахтаги, лъади Муъминатги.

Г1умар-Х1ажи Шахтамановас жиндирго «Мутаг1илги муг1алимги» абураб т1ехьалда хъвалеб буго:

«Берталъ загьруги кьун ч1вана Элдарилав. Шамилил рагъул хъуди лъуг1ун хадуб т1охаздеги, т1огьаздеги, магъилъеги, майданалдеги къват1ибе бахъун бук1араб маг1арул кеч1 нахъеги лъукъана. Унтараб х1инч1 г1адин

бук1ана гьеб цин хьиндалазул х1урул нухалъан хъурщулеб, цин маг1арул гох1анахъан бахунеб, бахунеб, бахунеб. Кoч1ол х1ат1азда судулел, рух1улел рук1ана ригъун гурони регъонго рахъунарел басриял ругънал. Кoч1ол раг1аби, г1адамал г1адин, к1алъалел рук1ана к1отун ругила жал гьал ганч1алъ свакан. Кoч1ол мухъал рук1ана пириялъ рух1арал рохьил гъут1билъун.

Амма анц1ила ич1абилеб г1асруялъул ахиралда, Элдариласухъа бортараб маг1арул кеч1 кодобе босана цойги маг1арул чияс ва гьесул х1асратаб х1ухьел ч1варабго гьеб хъудана г1урччинаб рохь г1адин.

Гьев чи щив? Гьев вук1ана Бакьагьеч1иса Ч1анк1а – Тажудин.

У, Ч1анк1а. Огь, пайда щиб, гьесулги г1умру бук1ана къосараб, икъбал бит1ич1еб».

## 8. Ч1анк1а.

Маринилги Элдариласулги творческияб ярагъ кодобе босана ва гьез цере лъурал суалал гъварид гьарун рихьизаруна Ч1анк1ацаги Мах1мудицаги. Гьел к1иялго рук1ана бергьун кутакаб пасих1лъиялъул рокьул шаг1ирал. Гьезул куч1дул рек1ехъе лъалаан халкъалда. Гьезие бищун т1адег1анаб къиматги кьуна г1алимзабаз, хъвадарухъабаз, критиказ.

Ч1анк1алъ г1олиллъудаго загьирлъана т1абиг1аталъ кьураб пагьму-гьунар. Гьединавго вук1ана Мах1мудги.

Ахираб заманалде щвезег1ан гьесул г1умруялъул х1акъалъулъ мукъсанал гурони бянал рук1инч1о. Гьелъул ц1ех-рех гьабурав филологиялъул г1елмабазул кандидат Б.Мух1амадовас 1961 соналда къват1ибе бичч ана «Аваразул революциялда цебесеб литератураялъул очеркал» абураб т1ехь. Гьениб лъик1аланго даражаялда баян кьун буго Ч1анк1ал г1умруялъул ва творчествалъулаб х1арактчилъиялъул х1акъалъулъ.

Ч1анк1а гьавуна Хунзахъ округалъул Бакьагьеч1иб росулъ 1866 соналъ мискинав векьарухъанасул хъизамалъе. Гьев ц1алана Буц1раса Исх1акъил Мух1амадида, Г1ашилт1аса Къурбанг1алида, Мест1ерухъа Нурмух1амида,

Рихьуниса Шайих-Г1арифида, ц1ар раг1арав математик Ч1ик1аса Х1амзатх1ажида ва цогидалги г1алимзабазда цеве. Буц1ра ц1алулеб мехалъ муг1алимас Ч1анк1ада абун буго дур ц1ар хисизе кколин, гьайбатав г1олохъанчиясда рекъараб бук1инин Тажудин абураб ц1ар. Гьедин лъугьана шаг1ирасул к1иго ц1ар. Амма бекьеч1дерица гьесда эбел-инсуца лъураб ц1ар абула.

Ч1анк1аца лъабго нухалъ х1еж борхун буго. 1909 соналъ гьенивго хунги вуго, Вади-Фат1имат абураб бак1алда вукъун вуго.

Мискинав чи вук1иналъ рокьи ккарай ясги щвеч1ого, шаг1ирас ячуна рес бугел г1адамазул яс Гьат1астан, амма киданиги гьезул раг1и данде ккеч1о. Ч1анк1ада бищунго цебе ккараб рокьи к1оченабизе к1оларо. Гьесул куч1дуздасан нилъеда бич1ч1ула шаг1ирасул т1оцебе рокьи Гулишат абурай К1ахъа ясалъухъ ккун бук1ин. Гьелде гьабураб кеч1ги буго ц1акъ пасих1аб, ясалъе берцинал сипатал гьарурал, г1езег1анго халатаб. Гьеб ц1алулаго нилъеда бихьула Ч1анк1а унев вук1ин Элдариласул нухдасан маг1арулалъул сурат, ай портрет г1уц1улаго. Коч1олъ ратула романтикиялги, х1акъикъиял реалистикиялги сипатал. Гулишат релъинаюлей йиго къуръаналда, зобалъул т1авусалда, куркьбада накъиш угьараб гьаваялъул х1инч1алда, х1урулг1иналда, баг1араб меседалда («кибридул ах1маралда»):

Вабабай асиллъи, унго, ч1урканлъи,
Ч1ег1ерлъи беразул, берцинлъи гьурмал.
Гьай, г1ужбу карамат камиллъи чорхол,
Чергеслъи, х1адурлъи, х1ат1ил т1адагьлъи.
Унго, логол бит1и, т1ад рекъей рат1лил,
Къвалзукьа чергеслъи, чорхол къаг1ида.
Лугбал инсанилай, сан маргъалулай,
Сон рик1к1ун чапана мун дир чорхолъе.
Сипат х1авраияй, х1ет1 тулпарулай,
Х1айванги херлъила дур х1исаб гьабун.
Г1урусазул пургон, гьорол машина,

Машааллагь бечед, чорхол ч1урканлъи.

Меседил карапин, кибритул ах1мар,

Кинанха йокьулей, йокьилей цойги.

Коч1олъ ратула шаг1ирас ц1ияб рух1 къун поэзиялъул кутакаб борхалъуде рахинарурал халкъалъул к1алдир ругьунал сипатал: «бакараб кан г1адаб бахьинаб гьумер», «курмузул гургинлъи, горбол халалъи», «к1иябго бералъул берцинаб балай», «боялда нур барай» ва гь.ц.

Х1икматго берцинай Гулишатица Ч1анк1а асир гьавуна, данде жаваб гьеч1еб рокьуца сабруяб рак1алъул г1адлу хисизабуна, «Г1аданул беразул низам биххана»:

Ал ясазда гьоркьой мун ч1араб мехалъ,

Хьухьикьан баккулеб бакъилан ккола.

Яч1ун гьезда бакьулъ мун г1одой ч1едал,

Дир г1акълудул асар босун лъуг1ула.

Дудехун гаргазе г1ащикъаб дир мац1

Цабзазда бухьуна мун йихьарайго.

Йихьизе урхъараб ургьиб гьинал рак1

Жаниб гьалаглъула гьаракь раг1игун.

Дунял берцинлъана ракь пахрулъана

Боялда нур барай, улка гвангъарай,

Губерна къалъарай, къут1пудул х1уби…

Г1адан инсанилан яти гурони

Ракьда х1ет1е гуро, х1урда лъалк1 гуро.

Гьурмазул нур буго бакъул нур г1адаб,

Бакьуде рехарал хьухьал риунеб,

Чорхое сан буго, сардилъ моц1 г1адаб

Дагъистан гвангъараб Гулишат бикал.

Ч1анк1ал чанго кеч1 буго бат1ияз гьарун, гьезул мурад т1убан гьарурал. Гьединаздасан ккола «Бегуниде», «Гьарак1униса Г1айшат», «Т1алх1атиде», «Рек1ел гьудуласде…», «Т1инай жо» ва цойгидалги.

«Т1алх1атиде» абураб кеч1 буго Унсоколоса ясалъ гьарун гьабураб. Гьелъул х1акъалъулъ буго гьадинаб бицен. Ч1анк1аги Т1алх1атги цадахъ мутаг1илзабилъун рук1ун руго Рихьуниб росулъ. Ресги ц1арги бугеб лъик1аб тухумалъул ясалъул рокьи ккун буго Т1алх1атихъ. Рокьи т1атараб мехалъ яс к1алухъ яхъун йиго. Ч1ух1араб тухумалъ х1укму гьабула Т1алх1ат ч1вазе. Гьеб хабар лъарав росдал дибирас гьев рокъове т1овит1ула. Ясалъ Ч1анк1ада гьарун буго кеч1 гьабун жиндир ц1аралдасан Т1алх1атихъе кагъат хъвайилан, гьесги гьелъул мурад т1убан буго, халкъалда раг1араб берцинаб кеч1 хъван буго. «Гулишат» абураб коч1олъ шаг1ирас рокьул психология рагьараб батани, «Т1алх1атиде» абураб коч1олъ рагьун буго рокьи ккарай ясалъул рух1ияб дунял, рек1елъ бугеб рагъ, гьелъул психология.

Ясалъ вокьулев цин какула, цин веццула, цин жиндего г1айиб гьабула, хадуб гьеб т1аса ккезабизе жигар бахъула. Гьеле гьеб бук1ана авар поэзиялда ц1ияб жо, Г1анхил Мариница байбихьи лъураб Ч1анк1аца гъварид гьабун цебе бачараб:

Кагътал хъван кьун рокьи дидаги малъун,
Лъик1 йик1аян тана дун тайлануца.
Теларилан гурищ къот1и бук1араб,
Къвал щайха чучараб, чукъаби г1емер.
Бода кьили лъураб кьибил къулана,
Къадар гьеч1ев дуда к1алъанин абун.
Къоязда нур барай дун басралъана,
Росо лъаларев духъ балагьунилан.
Муг1рузда свердулев, Хизри авараг,
Халкъалда сурана мун сабаблъун дун!
Хваразда рух1 лъолев, Г1иса авараг,
Мун сабаблъун гурищ гаргалел ругел!
Месед хъванин абун хъирин хвеларо,
Халкъул г1алам тела дица гаргалел.
Гудраде кканани, гъалбац1ги ккола,

Ккуниги к1вар гьеч1о дун маахсароде.

Зодой бахунеб чан кверде буссарав

Мусаниф т1ад къот1и къварилъи гуро.

Къуръангиму х1адис х1охь бан гьекъарав

Г1алимчи сабаблъун суре абе дун.

Хъвадарухъан Гъазимух1амад Гъалбац1овас 1991 соналъ бахъараб Ч1анк1ал «Куч1дул» абураб т1ехьалда хъвалеб буго «Щибав шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ бищунго лъик1 бицуна гьесул куч1дуз». Ч1анк1ал буго щуго кеч1 росасда йигей г1аданалде хъвараб: «Анкьабилеб зодобе», «Щобазул г1анса», «Лъукъараб рит1уч1», «Аминатихъе», «Г1енекке х1урулг1ин». Гьезда гьоркьосан бищунго интересаб буго «Аминатихъе» абураб, «кеч1алда ц1арги Ч1анк1аца лъураб гуро, Мух1амадсайидица лъураб буго: гьей Аминат щияли хъвараб бак1ги гьеч1о… Ч1анк1аца гьаниб г1ажаибго гъваридго, г1орхъулъа борч1изеги теч1ого, щибаб раг1иги жиндирго бак1алда кьун, х1алт1изабун буго доб заманаялъ маг1арул адабияталъулъ ц1акъ къанаг1атаб жо – диалог…

Ч1анк1аца хъвалеб къаг1идаялъ гурони росасда йигей г1адан жиндихъго рокьи ккарав васасда к1алъазе рес гьеч1о, Ч1анк1аца гьениб г1ажаибаб махщалида рагьун буго ч1ужуг1аданалъул жанисеб х1ал, гьелъул хасият».

Жинца г1умру гьабулеб заманалда лъугьарал общественниял гьоркьорлъабазда хурхун, Мах1мудица г1езег1анго гъварид гьабуна дин яги г1адат рак1алъ къабул гьабуларей, эркенаб рокьуде жигар бахъулей маг1арулалъул сипат-сурат гьаби. Гьеб темаялде т1оцебе нуц1а къирарав чи вук1ана Ч1анк1а.

Гьеб рахъалъ х1икматаб буго «Аминатихъе» абураб кеч1. Гьениб цоцаздехун гьабулеб к1алъаялдалъун кьолеб буго вах1щиял г1адаталги исламалъул законалги рилъанхъизарулеб обществоялда маг1арул ч1ужуг1аданалъул бук1араб талих1 къосараб г1умру.

Вокьулесдехун к1алъалей ч1ужуг1аданалъ рагьун бицунеб буго жиндиего г1агарал, божарал г1адамаздасагицин бахчизе кколеб рек1ел жанисеб х1алалъул, пикраби-хиялазул. Жиндир талих1 къосиналъе т1олабго г1айиб, г1илла гьелда бихьулеб буго «къо-ас борхатаб тухумалъулъ», г1адатазулъ. Гьел г1адатазул рахсаз юхь-юхьун йиго маг1арулай.

- Щибилеб, вокьулев, кьоге г1азабго,

Г1ураб зах1мат буго гьанже диеги.

Бечас азалалда хъван бук1ун бугин,

Хъвараб жо лъвинч1ого чара щиб бугеб.

Щобда хъах1миккилъун йоржанхъаниги,

Йорч1изе йиччач1еб дудаго лъала.

Дунялго рехун тун, херлъун ч1аниги,

Ч1орид ворлъадида иях1 батич1ин.

Мисри жамиг1алда г1ажаибаб х1инч1,

Дун х1айран гьаюрай х1улаги эбел.

Х1авзалъул лъадалъе кьер канч1аб ччуг1а,

Дие г1азаб кьураб кьибил т1аг1аги.

Т1агьаясул ясгин гьин барщадай дун,

Гьасде юхьунелъул мунги вихьич1о.

Гьаваялда х1анч1ил х1ули хъвач1еб черх,

Х1арщулъе ккезег1ан мунги ваккич1о.

«Кьибил т1аг1агиян» абизе гьей т1амулей йиго тухумалъул гуч доб мехалда гьедиг1анги борхатаб даражаялда ва кьварун билъанхъизабулеб бук1индал, гьелде данде ч1ей гьабизе зах1мат бук1индал. Гьелъго ч1ужуг1аданалъе ихтияр кьолеб буго вокьулесдехун бадиб ч1вай гьабизеги.

Ч1анк1аца хъвана чанго элегияги. Гьезда маг1арулаз абула маг1абиян. Халкъалда машгьурал руго «Сайгидул Бат1алиде», «Инквачилав хвеялде», «Къурбанг1алиде» абурал.

«Сайгидул Бат1алиде» буго Рихьуниса (Иргьаниса) Шапиг1илас гьарун гьабураб элегия. Гьелъул буго тарихияб кьуч1. Г1урусазулги

Япониязулги 1904-1905 соназ ккараб рагъде ине Дагъистаналъул г1олохъабазул полк гьабун буго. Гьезда гьоркьов хъван вуго Шапиг1иласул к1иго васги. Гьезул цояв рагъда ч1ван вуго. Гьесде гьабураб буго элегия. Рихьунив мутаг1иллъун вук1индал, Ч1анк1ада лъик1 лъалеб бук1ун буго васасул гьунар.

Г1урусазулги Япониязулги бук1араб рагъул къурбанлъун ккарав солдатасда – маг1аруласда нилъер рак1 гурх1уледухъ гуреб, гьесдаса нилъ ч1ух1уледухъ хъван буго гьеб кеч1. Гьев ккола къвак1иялъул, рагъда бергьенлъи босизе бугеб гьунаралъул, х1инкъи гьеч1олъиялъул мисаллъун.

Жиндир кьерилаца чу кьололелде

Кьалул ч1ел босарав Сайгидул Бат1ал.

Дандиял васаца ярагъ балелде

Давла бак1арулеб к1алкъулаб гъалбац1.

«Сайгидул Бат1ал» абулеб коч1олъ поэтас кьун буго ц1алулесе к1удияб асар гьабулеб цойги сипат. Гьеб буго херав маг1аруласул, рагъда хварав васасул инсул сипат. Г1адатиял дагьалго раг1абаздалъун г1уц1ун буго васасул хвалил х1акъалъулъ бач1араб рак1 бекулеб ругьел бихьинчилъиялда къабул гьабурав херав чиясул сурат.

Рак1алъул чаранлъи чи т1аг1аясул,

Чорхол ях1 хваниги х1ал лъазе теч1о.

Тавбудул щулалъи Шапиг1иласул

Швараб къадаралде сабру гьабизе.

Аллагьасул къадар къабул бугилан,

Къулараб борхана эхеде бет1ер.

Т1аде щвараб х1укму х1ехьелин абун,

Иях1 кьун черхги ккун, чи г1адин ч1ана.

Революциялда цебесеб Дагъистаналда г1емерисел поэтаз куч1дул ах1улаан яги рокьул, яги зах1матаб, рит1ухълъи гьеч1еб г1умруялъул х1акъалъулъ. Жидеда сверухъ бугеб нур гьеч1еб х1акъикъаталъулъ,

халкъалда т1ад бугеб ц1об гьеч1еб г1азабалъухъ балагьун, гьез хьул гьеч1ого валагьулев вук1ана жидерго заманалъул герой. Абизе бегьула Ч1анк1а вук1анин сахаб г1амал-хасияталъул героясул х1акъалъулъ т1оцебе хъварав чийилан.

## 9. Мах1муд.

Мах1муд гьавуна гьанжесеб Унсоколо районалъул Хъах1абросулъ Анасил Мух1амадил хъизамалда 1873 соналъ. Инсуца малъана васасда т1оцебе ц1ализе. Хадуб г1елмуялда хадув гьев вит1ана рокьи батараб Бекьилъе, Г1ашилт1е, Рихьуниве ва цогидалги росабалъе, лъик1аланго лъазаруна доб заманалъул г1елмаби, хасго г1араб мац1 ва адабият.

Мах1мудил г1олохъанго рокьи ккола Бекьилъа Муихъ, амма гьей росасе кьола пачаясул офицерасул вас Къебедмух1амадие. Гьесда цадахъ Муица бан буго микьго сон, гьавун вуго к1иго вас. Йокьарай яс росасе араб мехалъ Мах1мудица т1оцее ячана жиндирго росулъа Рабиг1ат абурай яс, лъимер лъугьинч1ого рат1алъана. Гьел соназ (1899-1902) Мах1муд вук1ана росулъ дибирлъун. К1иабизе гьес ячана Ц1ат1анихъа Жамилат, гьелде шаг1ирас абурал раг1аби руго:

Жамилат, Жамилат, жан берал берцин,

Жаниб керемалда кьабулеб саг1ат.

Эбел-инсуца гьел халатаб заманаялъ тун гьеч1о цадахъ г1умру гьабизе, рат1алъун руго. Рат1алъиялъе цойги г1илла бук1ана Мах1мудида Муи к1очене к1веч1олъи.

Рос хун микьго сон т1убараб мехалъ Мах1мудица Муида гьарула жиндие яч1аян, цин разилъиги кьун, хадуб йокьулелъ хиянатлъи гьабула, гьелъул къуват г1оларо г1агарлъиялде ва г1адатазде данде ине. 1914 соналъ Мах1муд Т1оцебесеб дунялалъул рагъде уна. 1918 соналъул риидаялде полк биххула, поэт Дагъистаналде т1ад вуссуна. Гьес бухьен гьабула Мах1ачилгун ва гьесул т1адкъаял т1урала. Гьеб иш лъарал тушбабаз поэтасе къор гъола, Игьаливе ах1ула, гьекъезеги гьавун Магьдил Мух1амад абурав чияс нахъасан таманчаги реч1ун ч1вала.

Мах1муд рик1к1уна гениалияв поэтлъун, гьединал къанаг1ат рук1уна, халкъалъ рек1елъ ц1унун ратана гьесул асарал ва киналго гьел лъун руго совет заманалда бахъараб микьго т1ехьалда. Т1оцебесеб т1ехь къват1ибе биччана 1927 соналъ г1ажам алфафиталда, микьабилеб 1993 соналъ Г1. Малачиевалъ данде гьабун, Г1абасил Мах1амадица паргьангги гьабун.

1940 соналъ къват1ибе биччараб т1ехь данде гьабуна ва цебераг1и хъвана халкъияв поэт З. Х1ажиевас. Гьес абулеб буго «аслияб куцалда росани, Мах1мудил образал, суратал, релъинариял реалияб х1акъикъаталдасан руго. Хасго хадусеб заманалда гьарурал куч1дузулъ ругел образал, суратал, сипатал ц1акъго т1абиг1иял, реалиял руго» - ян. Зайидил гьел пикраби к1вар бугел руго нилъее, щайгурелъул Мах1муд романтик вугин хъвалеб бук1ана г1емерисез.

Мах1мудил творчество бикьизе бегьула к1иго периодалде: т1оцебесеб романтикияб, ай г1ага-шагарго 1890 соналдаса 1910 соналде щвезег1ан хъварал асарал ва к1иабилеб, ай 1910 соналдаса 1919 соналде щвезег1ан.

Мах1мудил т1оцебесеб берцинго хъвараб рокьул кеч1лъун Бадави Мух1амадовас рик1унеб буго «Мун г1адан ятани, г1инт1аме раг1ухъ» абураб. Коч1олъан нилъеда цеве ч1ола рокьи ккарав вас, гьесул рек1ел х1ал, сипат-сурат, амма гьениб йокьулелъул портрет мукъсанаб буго: берцинал гъалал, къиматал берал, багьаял къунщби ва гь.ц. Гьенир х1алт1изарун руго романтизмаялъе хасиятал къаг1идаби гиперболаби, к1одо-к1одо гьаби, лирикияб тартиб гьеч1олъи, символал ва ишараби.

«Къалмиде чучула чара хвейдал черх» коч1олъ ратула гъваридал маг1набазул раг1аби: «Кьурул чан бахуна борхаталъубе, халкъ духъ инагьдидал угьдана дунги» г1адал. Гьенисан нилъеда бич1ула йокьулей яс цойгидаздаса т1ок1ай йик1ин, сипатал гьарулаго рехсолел руго г1анаби, к1аркьаби, швеншвен, нилъу, къула-йорхи, килщал, гъажаби, баргъичал, курхьаби, т1абиг1ат-г1амал, кьунсрул, къунщбал, нодо. Гьел сипатал хадурги г1ат1ид ва баян гьарула шаг1ирас.

Т1оцебесеб периодалде гьоркьоре уна «Шамсузух1аялъухъ рух1 босун индал», «Гьит1инго ккараб рокьи», «Рокьиян кьерилал, кьалан г1олилал», «Рокьул конторалъул кавуги рагьун», «Г1ищкъул ц1ец1а кваналеб», «Макьу» г1адал куч1дул. Гьел хъварал руго нек1сиял рокьул къецалъул куч1дузул къаг1идаби ц1унун, нек1сияб къаг1идаялда: диалог, рокьи ккаразул къец, рец-бакъ гьаби, къисмат. Х1ал гьабун, эбел-инсуца рес бугев чиясе кьурай маг1арулай шаг1ирас ах1улей йиго, рехон гьевги тун, вокьулесе ине:

Лъабго ц1ар т1амун, т1ул бух1адги тун,

Ц1алк1азда хьолбохъан, хьваде ц1вайилан…

Чанги хьул къот1арал, къоринир ккарал

Къвал бан гьудулзабаз къват1ир рахъарал.

Ц1уне гьудуллъиги, гьабе рокьиги,

Рокьи ккараз кколин, ккураз риччаги.

«Меседил щакъиялъ, г1арцул къаламалъ» абураб коч1олъ йокьулелъ васасда гьарулеб буго, черхалда ярагъ борчун жий эркен гьайеян, «Бакьулъа мугъ бекад угьдилевги тун, тезин к1ияцаго рижараб росу» - ян.

Жив мурадалде щолареб г1умурялдаса рази гьеч1олъи, бач1унеселде хьул бук1ин, талих1 батиялде рек1ел божи – гьеб кинабго бихьула нилъеда т1оцебесеб периодалъул г1емерисел куч1дузулъ. Гьенир г1емер ратула хиял, къасд, хьул, анищ, г1ищкъу г1адал раг1аби. Шаг1ирас х1алт1изарула романтизмалъул къаг1идаби, гьениб ц1ик1к1ун буго объективияб (х1акъикъияб гуреб), субъективияб (жиндаго бихьахъе), идеалияб образ г1уц1улеб къаг1ида (стиль). Поэтасе бокьун буго жиндирго куч1дузулъ йигей г1адай маг1арулай г1умруялдаги йихьизе, зулмуялдеги бец1лъиялдеги данде гьей къеркьезе. Рокьукъав росасул образ г1уц1улаго гьес х1алт1изабулеб фантазиялъе г1урхъи гьеч1о. Гьев данде ккола сурукъабщинаб жоялда: къоркъода, турараб хъабхъида, гъадида, цида, щайт1аналда, ц1улал х1ехьалда, рузида.

Мах1мудил мировоззрение, к1удияв г1унаг1ан, г1умру бихьанаг1ан гъварилъула, хисула. Гьесда бич1ч1ула чурукаб г1умруялда жив мурадалде

щолаpевлъи, анищги х1акъикъатги ц1акъ pик1к1адал жал pук1ин. Мискинчи мурадалде щола макьилъ. Гьелъул х1акъалъулъ хъвараб буго «Макьу» абураб лиро-эпосияб поэма. Гьениб почалъул сторожасул г1умру т1убан хисула. Гьесухъе яч1уна йокьулей, гьабула бертин, баркизе рач1уна пачазаби, къиралзаби, киназго х1урмат гьабула бах1аразул:

Дицаги фурман кьун, бокьанщинав чи
Иргадал риччана аск1ой рач1ине…
Ц1оралъул чиллаг1ан чурхдул ч1урканал
Чергес ясал руго савболан сверун.
Сабах1ул хайиран къажаразулги
Хъах1аб, ц1вакараб жо ц1ерг1адин буго.
Бицун инсанасда ургьибе унеб
Эдин данделъараб дуниял гуро!..

Нилъеда ккезе бегьула шаг1ирас бертадул романтикияб сурат кьолеб бугин: столалда т1ад тебси-сурпа буго силияб бихьун, испирт-г1аракъи, коньяк, чанил бурт1азул закуска, т1айпусалъул т1анч1ил гьан; канлъуй ракарал жавгьарал, г1арцул забру бугеб зурма ва къали. Гьеб кинабго буго сторожас анищал гьаризе бегьулеб, амма бечедазул берталъ х1акъикъаталдаги бук1унеб жо. Шаг1ирасда рихьулаан г1умруялъул контрастал, дандеккунгут1иял, г1адамазда гьоркьор гьеч1ел рит1ухълъиялъул гьоркьорлъаби, гьединлъидалин гьес хъварал:

Гьанже дунялалъул халго гьабуге,
Хинк1ал ц1ик1к1арасул ц1ар бахъун бугин.
Ц1уяв, бихьинав чи бат1алъи гьеч1о
Т1аде нац1 бахарав хан лъугьун вуго.

Творчествоялъул к1иабилеб периодалда Мах1муд лъугьана унго-унгояв реалист, гьес х1акъикъат бугеб х1алалда бихьизабуна, ургъун рахъарал жал ва фантазия г1емер гьабич1ого, дуниялгун вагъун гьев бергьинч1о, дуниялалда нур барай йокьулелъги хияналъи гьабуна: йокьулейги дунялги цоцазда релъарал ратана.

Йокьулелъ хияналъи гьабилалде цебе, г1ага-шагарго 1910 соналъ Мах1мудица хъван бук1ана х1икматаб поэма «Эбелги ясги». Гьеб буго романтизмаялъулги реализмаялъулги периодазда гьоркьоб г1уц1араб асар. Поэтасул хьул бук1ана Муи жиндие яч1иналда, гьединлъидал йокьулелъе мисаллъун йихьизаюлей йик1ана жийго мурадалде щвезе къеркьарай таваккалай  яс. Гьелъул гъваридал пикрабаз ва т1адег1анаб ц1одорлъиялъ мук1ур гьаюла эбел. Поэмаялда кьун руго рокьи ккарал ясалъулги васасулги образал. Гъваридго ва пасих1го рагьун буго рокьул психология, гьедин гьабун цониги маг1арул поэтасухъан бажарич1о. «Эбелги ясги» поэмаялда вокьулесе ясалъ гьабураб г1адаб сипат-сурат дунялалъулго литератураялдаги къанаг1атго батула. Гьале гьеб, нужецаго пикру гьабе:

Дунилан чапулев чи вуго, эбел
Чорхол гьанги бакъван, берзул нурги ссун;
Къот1и гьабун буго гьесулгин дица,
Дуда цвич1они черх чабхилъ лъелилан.

Цо дир хъергъу буго хъархъица х1улун,
Х1ат1ил малъал т1аг1ун т1омол х1ули гъун,
Х1еренал лугбазда бараб гъаргъаралъ
Дица квер босулеб керен дурилан.

Кванилгун кьал ах1ун, макьилгун рагъ лъун,
Кьурул лачен буго чан гьабун дие,
Чорхол рух1ги бичун, хадубги лъугьун,
Гьаваялде бахун дихъ балагьун ч1ун.
Гьедун дун ц1унарав ц1адал х1инч1 буго
Ц1илада, каранда квешал ругъналгин.
Гъарим дирги рек1ел бук1уна пикру
Кваркьида хъвалаян, хъатдай балаян.

Бакъгин къокъун унеб итаркlо буго,

Угьараб хlохьелалъ хьухьал рухlараб;

Дунилан тирулеб тулпаралдаса,

Туманкl речlчlаниги, би баккуларо.

Гъваридго гlумру бихьизабулел, реалистиял поэмабилъун рикlкlине бегьула «Рекlел гьаваялъул гьундул рихханин» («Хиянатай гьудул»), «Почтавой кагътиде керенги чучун» ва «Мариям».

«Хиянатай гьудул» поэмаялда шагlирас хlасил гьабулеб буго жиндирго гlумруялъул, рокьул ккараб къисматалъул, йокьулелъ гьабураб хиянаталъул, гьелъиеги жиндиегоги кьун буго къимат, абун буго жиндирго къасидатазул бачlунеб гlелалъе бугеб кlваралъул. Гьедин поэма лъугьун буго гъваридаб философияб магlнаялъул кlвар бугеб асарлъун. Гьеб буго бищунго халкъалда гьоркьоб тlибитlараб гlажаибаб къиса-поэма. Цlадаса Хlамзатица гьенисан росарал кочlол куплетазе кьолеб буго тlадегlанваб къимат, гъваридаб анализги гьабун буго: «Кечl гьабизе ккани, гьелда жанир цоял гьаниса росун, цоял дораса росун, данде гьарурал мугь-тlехх гlадал хехарал рагlаби рукlине бегьуларо гьел рукlине ккола цоцадехун недегьал гьуинал,… мугъги чехьги гlадал, цоцазде гlагарал…

Гьеб нухдасан рачlарал рагlаби Махlмудил асаразда жанир гlемерал руго. Гьезда гьоркьоса ккола масала, гьаб хадуб рехсараб куплет:

Дунял гlаламалъе гlишкъул рукъги бан,

Дун къотlнов хутlана къадал ракьанда

Къиралзабазецин рокьул кьоги лъун,

Дун кьурулъ хутlана кьодул сакги тlун.

Гьединго Махlмудие мутlигlал, амма магlарул кочlохъабаздаса тlурарал бакlаздаса руго гьал хадур рехсарал рагlаби:

Рокьи басандулеб росуги танин,

Саламилан абе бецlал сардазда,

Балагьи тlегьалел мугlрулги танин,

Тlехьунгеян абе багlарбакъалда…

Меседил лъималъул т1ад кьерги гьабун

Пахьул бук1ун буго бицараб раг1и.

Г1арцул хъал т1ад жемун, жаниб т1охьи лъун,

Йижун йик1ун йиго рак1алъул гьудул…

Гьадинал маг1арул коч1охъаби рахине зах1матал болъодал х1ок1ал Мах1мудил асаразда жанир дагьал гьеч1о».

Рек1ел гьаваялъул гьундулги риххун, гьудулалъ хияналъиги гьабун, поэт зах1матаб х1алалде ккола, гьудул-гьалмагълъиялде божилъи хола, г1умруялдаса рак1 буссуна, рит1ухълъи батиялдаса хьул буссуна. Жиндирго талих1 къосиналъул г1иллалъун гьес рик1к1уна мискинлъи, йокьулелъул кьибилалъул ч1ух1игин х1илла-рек1к1ги:

Дунял бихханиги биххулареб кьуч1, -

Кьолбол гьунар буго гьадин нилъ хут1и.

Т1упан т1унаниги т1ерхьунареб си,

Т1абг1го данделъич1о дирги нужерги.

Мах1мудида лъалаан жиндирго гъваридаб ва пашманаб къисматалъул ва жиндица г1уц1арал г1емерал рокьул къасидатазул хирияб маг1арул халкъалъе бугеб к1вар, гьес абула гьудулги дунги Дагъистан кант1изе кицилъун кканин.

Рокьуца г1орц1ич1ел г1олохъабиги

Г1емерал г1одила дир раг1абазухъ,

Г1едал рокьи ккарал г1олил ясалги

Г1одулел ч1еларо дир хабар лъани.

Дунго хвананиги халкъалда лъалел

Къасидатал руго таманал рокьул

Ракьулъ вукъилалде къанихъ урхъараб

Къо г1емер бач1ина г1ищкъу ккаразул.

Поэтас «Почтовой кагътиде керенги чучун» поэмаялда къасд гьабула г1адамазул цоцаздехун бугеб рокьи бищунго гучаб, къуватаб бугилан абураб бербалагьи загьир гьабизе. Гьединаб къасд нилъеда бихьула гьал мухъазулъ:

Х1асрат ц1ик1к1арасе ц1ар щолебани,

Ц1ер г1адин, дуниял дир бук1инаан,

Ц1ик1к1ун хиял лъурав хан лълъуневани,

Халкъалъул ихтияр дихъе щвелаан.

Халкъалъул кверщел кодоб бугел ханзабиги рокьи рек1елъ бугев живгоги аск1ор ч1езарун, шаг1ирас г1адамазул цоцаздехун бугеб рокьиялдаса т1ок1аб, т1адег1анаб жо гьеч1олъи бихьизабун буго. Амма гьеб пикру ц1акъ къокъ гьабун буго. Гьелъие г1иллаги буго фронталъул г1умруялъ гьесие т1ок1аб бат1ияб рес кьолеб гьеч1олъи. Амма армиялъул, рагъул жинда бич1ч1араб рахъ, пачаясул армиялда бугеб т1илияб г1адлу гьес къват1иб ч1вазабулеб буго, гьелда т1ад велъанхъулев вуго:

Гьеб балагьалдаса бичасул ц1обалъ

Вац1ц1ад хут1ун вуго, хирадай гьудул,

Харда т1егь баледде т1ад вуссинч1они,

Т1олго щолеб балагь диде бук1ина.

Булдул, г1ащт1ал руго г1олохъабазул

Рачлихъ, тунчул г1адин, г1одоре далун.

Г1урус пелшерзабаз, щула гьареян,

Щивасул хвалчада ч1артал рухьана.

Ч1ван т1огьир хучдулгун тунк1алги кьуна,

Кьалде рортилелде тимар гьабеян,

Гьездаго гьоркьосан к1укьмахалги кьун,

К1инус-нус патиран бана гъажилда.

Бицун ч1алг1унареб ч1амуч1аб хабар

Халат гьабунилан г1айибги ч1ваге,
Ч1обогояб кагъат кодой босеян
Кин дуда абилеб, Аллагь разилъад?!

Рагъул хабарали, хирадай гьудул,
Ххамиде терекг1ан г1емер бугоан,
Рокьи гьоркьоб гьеч1еб кьалул хабаралъ
Кьоларо дие кеп, кин бицаниги.

Мах1мул киназго рик1к1уна халкъияв поэтлъун – новаторлъун. Гьеб гьедин бук1ин бихьула «Мариям» поэма ц1алараб мехалъги.

1961 соналда «Поэтасул библиотека» абулеб к1удияб сериялда къват1ибе биччана «Дагъистаналъул лирика» абулеб лъик1аб т1ехь. Н.С. Тихоновас цебераг1иги хъван бахъараб гьеб т1ехьалда Дагъистаналда XVIII-XIX веказда рук1арал цогидал поэтазулазда цадахъ Мах1мудил куч1дулги лъун руго. Мах1мудил поэзиялъул х1акъалъулъ Тихоновас гьадин хъвалеб буго: «Заманаялъул рахъалъ Хъах1абросулъа Мах1муд нилъеде г1агарав вуго, гьесие хъван бук1ун бугин ккола маг1арулазул лирикияб поэзия цебет1еялъул х1исаб тун к1удияб нух г1иц1го Дагъистаналъул гурев, дунялалъулго лирикаялъул т1адаг1анаб мисаллъун кколел асарал хъваялдалъун ахиралде щвезабизе. Гьесул творчествоялъул бищунго к1удияб бергьенлъилъун «Мариям» абулеб поэма бук1ана. Гьеб бук1ана г1адатаздасаги, исламалъул законаздасаги эркенаб рокьул манифестлъун ва гьеб муг1рул ч1ужуг1адан макьидасан йорч1иялъул кеч1 г1адин раг1улеб бук1ана. Гьеб поэма бижизе рес бук1ана г1иц1го Мах1мудица цересел г1емерал цогидал коч1охъаби т1ад х1алт1араб тема ц1ияб ва г1ат1идаб куцалъ рагьиялъул х1асилалда. Рокьул х1акъалъулъ Хъах1абросулъа Мах1мудица хъварал куч1дул халкъиял куч1дул г1адин ах1улаан. Бечедаб ва гучаб буго гьесул коч1ол мац1.

…Хъах1абросулъа Мах1муд вуго к1удияв лирикияв поэт. Дица кидаялиго цебе гьесда Кавказалъул Блокилан абун бук1ана ва гьанжеги гъираялда гьеб такрар гьабулеб буго»[1].

Сверухъе бугеб дунялалъухъ поэт валагьулев вуго рокьул роцадалъун. Х1асратаб рокьул бицунаго, гьес цояб рит1ухъ гьабула, цогидаб нахъ ч1вала.

Эркенаб рокьуе бугеб ихтияр рит1ухъ гьабулаго, Мах1мудида к1олароан ва гьесие рес бук1инч1о бусурман диналъул г1адлуялде данде вахъинч1ого ч1езе. Гьеб нилъеда бихьула гьесул г1емерал асаразулъ, хасго империалистияб рагъул фронталда вук1аго хъвараб машгьураб «Мариям» абураб поэмаялъулъ. Х1атта рагъул пашманаб х1акъикъаталдацин к1веч1о Мах1муд жиндирго творчествоялъул аслияб темаялдаса т1езавизе. Т1адег1анаб рокьул асар поэтас данде ккола хвелги г1акъубаги г1емераб бидулаб рагъгун:

Къирал-пачазаби рагъул ургъалилъ
Эргъелел рук1уна, бак1арун халкъгун,
Холев вугониги, диргоги пикру
Дур гуреб каламалъ гаргадуларо.

Поэтас щибха гьабулеб? Рик1к1адасан поэтас маг1арухъ хут1арай йокьулелде гьадин хит1аб гьабулеб буго:

Лъилгун къец гьабулеб, къаг1ида берцин,
Мун жаниб гьеч1еб ракь жагьаннамлъидал;
Мун яхунел т1охал, т1асан унеб нух –
Эб гуребдай алжан иман бугезе!

Дур хиялал гьарун, дица тирич1еб
Тиритор хут1оч1о г1урус ракьалда,
Дуралда релълъараб сурат батани,
Ссун бахъун рак1ги кьун, нахъе босилин.

[1] Тихонов Н. Поэты старого Дагестана. Сб. – Дагестанские лирики, Л., 1961. Сов писатель, гь. 11-12.

Ч1обогояб базар бугин гьабилан;
Балагьун свакана, свердун ч1алг1ана –
Илбисгин рас цоял австриязул
Росабалъе щвана Росси тун хадуб.

Дур ч1ух1и бикъарал, къули куцарал
Карточкаби руго кинабго рокъоб,
Къиматаб дур гьумер, гьайбатаб лага, -
Къосараб бак1 гьеч1о, яч1ун мун йиго.

Критик Камил Султановас хъвалеб буго: «Мах1мудица шиг1раби гьариялъулъ жииндирго учительлъун рик1к1унев вуго Ч1анк1а. Мах1мудил куч1дузулъ г1емерал темаби ва сипатал Ч1анк1алалде данде ккола, гьезул буго цо кинабалиго релъен-хъвай… Мах1муд хадувккун жиндирго учителасда пагьму-гьунаралъул рахъалъ т1ок1ав вахъин гуребги, гьезда гьоркьоб бук1ана цоги к1вар бугеб бат1алъиги. Рокьул х1асрат, асар коч1олъ к1одо гьабизе г1адатаз гьукъараб бук1аниги, басрияб заманалъул гьеб хут1елалде дандеч1ун т1оцеве цеве вахъана Ч1анк1а. Гьев вук1ана гьеб тайпаялъул шиг1руялъе байбихьи лъурав, гьеб минаялъе кьуч1 лъурав чилъун. Амма гьеб нухдасан ахиралде щвезег1ан, мурадалде вахъинег1ан ине Ч1анк1ал къуват г1еч1о. Ч1анк1аца байбихьараб раг1алде бахъинабуна Мах1мудица»[1] - ян.

Камил Султановасул пикру бит1арабги буго. Мах1мудил х1акъалъулъ гара-ч1вари лъуг1инабизе дие бокьун буго профессор С. Х1айбуллаевасул раг1абаздалъун:

«Мах1мудил рокьиги рокьул шиг1рабиги лъут1а-къот1ун, рикьа-риххун хъвана жидерго асарал гьесул заманалъулги, гьесда хадур рач1аралги лъик1аланго машгьурал маг1арул коч1охъабаз. Гьединаб буго гьес г1уц1араб

[1] Султанов Камил. Инсанасул рек1ел х1ал рагьулев шаг1ир. Газета «Х1акъикъат», 2006 с., 31 март, гь. 6.

поэзиялъул низамалъул къуватги, хазинаялъул х1алк1олъиги, т1адег1анлъиги, гьайбатлъиги.

Мах1мудил асарал ц1алулаго цоялдаса цояб гъваридаб, гьайбатаб, пасих1аб, беричаб гурони пикруги мухъги батуларо, каламги данде ч1валаро. Киналго гьел цебе рехун, к1алзухъ рахъун, давара гьабунги бжаруларо. Цох1о хут1араб сабаб буго, зама-заманалдасан гьесул асаразул т1ехьги рагьун, г1одоре риччан, сабурго машгъуллъун гьесул асарал т1ат1ала руссун ц1али»[1].

## 10. Мах1мудил заманалъул шаг1ирзаби.

Мах1мудил ва Ч1анк1ал заманалда маг1арулазда гьоркьосан чанго шаг1ир вахъана рокьулги цойгидал темабаздаги лъик1ал куч1дул хъвалел, амма к1удиял шаг1ирзабазул даражаялде жал рахинч1ел. Гьединаздасан ккола Т1елекьа Этил Г1али, Ч1ик1аса Мух1амад, Инхелоса Къурбан, Кьохъа Мух1амад, Г1ободаса Т1айгиб ва гь.ц. «Хъах1абросулъа Мух1муд» абураб г1елмияб х1алт1иялда Ц1адаса Х1амзатица хъвалеб буго: «Т1елекьа Этил Г1али вук1ана жиндицаго куч1дулги гьарулев, жергъен ч1ван кеч1 ах1изе ц1акъ гьунарги бугев, базалияв г1олохъанчи. Дида к1очонаро: цо нухалъ нижер росулъе Г1али вач1араб мехалъ г1олохъабазе гьес рогьинег1ан кеч1 ах1ана. Цин ах1араб кеч1 к1иабизе такрарги гьабич1о»[2].

Г1алил бищунго лъик1аб кеч1лъун Х1амзатица рик1к1унеб буго г1акдаде гьабураб.

Этил Г1али гьавун вуго г1ага-шагарго 1850 соназда Т1елекь росулъ. Куч1дул гьаризе гьес байбихьун буго гьит1инав чи вугеб заманалдаго. Гъогъолъ росулъ гьев данд ч1ван вуго Мах1мудгун. Шараканил бак1алда к1иясго куч1дулги ах1ун руго. Гьезие къимат кьолаго Мах1мудица абун буго: «Х1асил: кеч1 гьабизе дун лъик1ав вуго, ах1изе мун лъик1ав вуго»[3] - ян.

[1] Х1айбулаев С.М. Рек1ел гьудулзаби. Дагъ.кн. изд-во, 1995, гь. 103.
[2] Ц1адаса Х1амзат. 4 томалде данде гьарурал асарал. 4-аб том. Махачкала, 1956, гь. 390.
[3] Х1асраталъул кеч1. Этил Г1али, Муртазаг1али, Г1амирг1али. – Мах1ачхъала, Дагкнигоиздат., 1995, гь. 6.

Г1алица кеч1, ах1улаго гьабулеб бук1ун буго, гьесул г1емерисел куч1дулги руго йокьулелде гьарурал. Йокьарай яс гьесие щун гьеч1о. Хабар буго гьес жиндирго куч1дул цо ццин бахъараб мехалъ рух1ун ругин. «Т1елкьадерил раг1ул устарзаби» абураб Исмаг1ил Таймасхановас данде гьабураб т1ехьалда рехсолел руго Г1алил «Гьолокье сапар», «Макьилъ бихьараб», «Салих1атиде», «Г1ака билидал гьабураб» ва цойгидалги куч1дул. Гьезие хасиятаб жо буго г1емераб махсаро-хоч1, юмор, гьединго хабар г1емер бук1ин.

Г1алида ратулел руго г1ажаибал сипатиял каламал: «Гьолокье сапар» абураб коч1олъ гьес живго релъинавулев вуго «ябу чуялда, ясалъул кьунсрул - къуръаналъул хат1алда, лугбал рит1уч1ил г1адал ч1урканал ругин абулеб буго»:

Т1асан зобалъул Загьрат зияраталъ рещт1арай,

Зобалазул рагьаби рагьун миг1раж бихьаяй.

Бец1аб сордо къалъулеб къут1бу кодоб решт1аяй,

Къадар гьеч1еб х1асраталъ х1алалда толев гьеч1о.

Г1алил рокьи ккарай яс йиго чияр росулъа, гьедин бук1иналъ дагьабги тату хвезабулеб буго, «ч1алг1индал балагьизе йигей аниш росулъе», - ян. Цо-цо бак1аздасан Г1алил куч1дул Мах1мудилазда релъаралги руго:

Щвараб балкан кваналеб квач1ал квешаб чудкие

Чараб мокъокъ ккун кьурай кьуруд аги дур эбел.

«Г1ака билидал гьабураб кеч1» ц1алидал, нилъеда бихьула гьенир Ц1. Х1амзатил цо-цо махсароялъул куч1дузулъ ругел г1адал сипатал рук1инги.

Г1алил кеч1 буго лъик1аб эпосияб асар. Пасих1ал шиг1рабаздалъун, г1емер ч1анда гъорлъ гьеч1ого гьес бицунеб буго «х1ама-к1артихъ щвараб» г1ака сабаблъун, хъизамалде бач1араб къварилъиялъул. Нилъеда бихьула бат1и-бат1иял сипатал гьаризе шаг1ирасул бугеб махщел: г1акдал буго «г1ор г1адинаб к1ал», бац1ц1адаб чилайдул халатаб рач1, туртил бок1нал г1адал к1удиял г1ундул, куракул гьегь г1адаб к1удияб бет1ер, г1уру гьелегьунел

ч1ах1иял лълъурдул. Гьел сипатал релъарал руго халкъиял куч1дузул художествоялъулал алатазда.

Г1али эркенаб пикруялъул, ихтилат-кеп бокьулев, махсаро-хоч1 лъалев вук1ин бихьула киналго асараздасан. Билараб г1ака, хун батараб мехалъ гьес абулеб буго:

Берцинал дур цаби, цогидал г1усал
Г1адада хун тезе х1айран гури ал,
Х1ажатав чиясе носода лъезе,
Лъаб-лъаб капекалде ричун гурони.

Ч1агояв чиясдехун г1адин рукъалъул х1айваналде гьабулеб бербалагьиялъул нилъеца ц1алана Гьарак1униса Саг1идил х1амихъ гьабураб маг1уялда гьениб х1ама х1алт1ухъан г1адин беццун буго, Г1алил кеч1 абуни сатирияб буго, гьес г1ака какулеб буго.

Г1алил махщел бук1ана т1абиг1аталъе къокъго сипат-сурат гьабизе. Масала, Т1елекь росулъ рогьалил г1ужалъе сипат гьабулаго гьес абула:

Г1ег1улел х1елкал руго, х1апдолел гьаби руго,
Х1орихъ мег1ер тун т1аде т1ибит1ун щун бакъ буго.

Г1адамасул хасият хисиялъе сипат-сурат гьабулаго абулеб буго:

Ихдаде кьаг1рил г1адин, кьурдулеб бук1унеб рак1,
Кьерут1а г1анк1ил г1адин, т1урк1улеб ч1олеб гьеч1о.
Гьаваялда ц1удулг1ан ц1одораб к1иябго бер,
Ц1адухъ катил кинигин, къанщун балагьун руго[1].

Йокьарай ясгун Г1али данделъулев вуго макьилъ. Дунялалда лъавуда щвеч1еб, макьилъ щвараб талих1алъул гьес бицунеб буго «Макьилъ бихьараб» абураб коч1олъ. Гьунар бугев коч1охъан Этил Г1али хвана 1930 соналъ вижараб росулъ.

Инхелоса Къурбан вук1ана Ч1анк1адаги Мах1мудидаги хадувго вач1арав гьунар бугев шаг1ир, к1иявго к1удияв поэтасул къуватаб поэзиялъ

[1] Х1асратаб кеч1, гь. 9.

цеве ваккизе теч1о гьев, гьезуласдаса г1емерго къураб гьесул кеч1 бук1инч1ониги.

Къурбанил творчество лъазабун, гьелъие бит1араб къимат кьуна 1961 соналъ басмаялда бахъараб «Революциялда цебесеб авар литератураялъул очеркал» абураб т1ехьалда Бадави Мух1амадовасги 1987 соналъ «Гьудуллъи» журналалда щуабилеб номералда бахъараб «Инхелоса Къурбанил куч1дул» абураб макъалаялда Сайпудин Набигулаевасги.

Къурбан гьавун вуго 1870 соналъ цебе Г1анди округалъул, гьанжесеб Болъихъ районалъул Инхело росулъ Г1алиханил хъизамалда. Эбел-эменги хун хут1арав вас г1агарал чаг1аз ц1анавехьлъи гьабизе т1амун вуго. Гьев вук1ун вуго т1абиг1атги адабиятги бокьулев, г1аданги хирияв, кутакалда ц1одорав вас. Куч1дулги гьит1инго гьарулел рук1ун руго. Нилъехъе щварал асараздасан бихьула гьезул тематика г1ат1идаб бук1ин: рокьи, рук1а-рахъин, бах1арчилъи, рагъ ва рекъел, г1адамасул хасият, совет х1укумат ва гь.ц. Рокьул куч1дузул аслияб маг1на ккола йокьулелъул образ рагьиги, гьеб чорхол асаралъул хасият лъазабиги.

Машгьурал руго Къурбанил «Йокьулелъухъ унеб кьо…», «Божа, макьу гьеч1о», «Рек1ел гьудулалде» абурал куч1дул.

Къурбанил рокьи ккарай яс эбел-инсуца бечедав чиясе кьун йиго, г1азабалде поэтги ккезавун:

Радал йихьич1они, къо унарев дун

Къваридаб х1алалда, х1айранго вуго!

Къаси йихьич1они, макьу щоларев

Макьилъ цее т1амун, т1урк1ун ворч1ула.

Нилъеда рак1алде рач1уна Элдариласул коч1ол мухъал: «Вегула бусада, щоларо макьу. Щола мун рак1алде к1оларо ч1езе». Къурбанил нилъеца рехсарал коч1ол мухъал Элдариласул, Ч1анк1ал, Мах1мудил куч1дуздаса къурал гьеч1о, гьел руго г1одоре риччарал, рак1 бац1ц1адал, реалистиял. Ясалъул ч1урканлъи, т1адагьлъи бихьизабун, Къурбаница абулеб буго:

Инаго х1ат1ида х1ур к1ут1уларо,

Х1ат1ил боси буго т1инч1аб мокъокъил.

«Художник х1исабалда цо-цо асаразда Къурбан Мах1мудил даражаялде вахуна, - ян хъвалеб буго Бадави Мух1амадовас. Масала, «Кьили ч1вараб мехалъ тай-г1ала г1адин», «Кьури хун буго». Нилъее зах1малъула гьел асарал Мах1мудилаздаса рат1а гьаризе. Гьезул цояб, гъалат1 ккун, Мах1мудил т1ехьалдацин лъун буго»[1]. Къурбаница цо ясалъул гуреб, бат1и-бат1иял мусудузул образал г1уц1ун руго. Г1анхил Мариница г1адин, гьес рокьи бет1ергьанас кьураб рах1матлъун, т1абиг1ияб ишлъун рик1к1унеб буго:

Ях1 гьал г1адамаца г1айиб ч1ваниги,

Г1айибго лъаларо ккараб рокьуда.

* * *

Рокьи унти буго ургьиб ц1а араб,

Ц1унейилан гьаре гьардарасдасан.

Ч1ужуг1аданалъул берцинлъиги Бет1ергьанас инсанасе кьураб сайигъатлъун рик1к1ун, гьеб бича-хисулел маг1на гьеч1ел г1адамал коч1олъ какун руго:

Хиялазда хадуб дуниял гьеч1еб,

Дунял кванаразда киндай лъалареб!?

Дур ч1урканлъабаца ч1аголъи босун,

Бечелъич1ей киндай чехьалъул эбел!

«Кто больше?» - йилан бечедазухъе ун,

«Больше ничего», - ян чанц1ул юсарай!

Къурбанил руго ясалъул ц1аралдасан вокьулев васасде гьарурал куч1дул. Мисалалъе рехсезе бегьула «Босноб макьу гьеч1о». Ясалъе вокьун вуго илбис г1адав, «гьудул г1емерлъиялъ г1адлу хварав квешлъиялда г1умру г1емерав арав» вас.

- Гьаб росдалго васал дунилан хола,

[1] Мух1амадов Б. М. Цебехун рехсараб т1ехь, гь. 124.

Дун мунилан хола, хиялал г1емер.

Гьеб кеч1 буго васасдаги ясалдаги гьоркьоб диалог х1исабалда гьабураб. Гьединал руго шаг1ирасул г1емерисел рокьул куч1дул.

Къурбанил социалиял темабазда хъварал, к1вар бугел лъугьа-бахъиназда бицунел куч1дулги руго маг1на гъваридал, пасих1го хъварал. Бищунго лъик1аблъун рик1к1ине бегьула «Шамилиде гьабураб», анц1ила анлъго куплет бугеб кеч1. Гьеб буго нахъе ругезе гьинал рак1 бахъун, Шамил имамасул х1аракатчилъи, маг1арулал к1одо гьарун хъвараб сарин.

Балеб гуллил ц1адухъ ц1ар босаразе

К1одолъи щвараб бак1 Шамилил Ват1ан.

1904 соналъ Япониягун Россиялъул рагъде гуккун рачун арал г1олохъабазул къисматалъул бицун буго «Наибзаби х1елун…» абураб кеч1алда. Х1урият бахъулеб мехалъ шаг1ир вук1ана цебесеб кьерда. Гьес сатирияб куцалъ какана г1адада мискин халкъ гъурулев Х1оцоса Нажмудин; чахъаби г1емерав г1иявехьасул, г1акълу гьололъиялъ г1емерав чи хванин. Гьединго какана турказул аскар: «Т1аждал г1агал г1ебал турказда божун, к1иц1улго ц1а лъуна Дагъистаналда».

Къурбанил х1урияталде гьабураб кеч1 буго цониги маг1арул поэт кант1ич1еб пикру жаниб бугеб. Х1урияталъ г1емераб ч1аголъи кьуна. «Чан вакъарав г1орц1арав, чан г1иц1гуяв г1уц1арав», амма г1емераз гьелъул «керен хахана». Гьединав вуго секретарьлъун ккарав Хъайтилав:

«Ц1арде гьекъолеб жо Маску г1аракъи буго,

Бац1адаб гьес ц1алеб жо – ц1оралъул тутун буго.

Мажгиталъул къват1ахъан къалъул какде дун индал,

Къадги бакун батула гьесул рукъалъул чирахъ».

Маг1арулазул кици буго: «Бихьич1есда къо бихьани, къадги чирахъ бакулин», гьеб буго ц1акъго гъваридаб маг1наялъул кици. Реццулеб хвелги гьабун Къурбаница х1урияталъул цо-цо чиновникал какулел руго.

Поэт хун вуго 1934 соналъ. Совет х1укуматги, большевикалги гьес рецциьч1о. Реццун рук1аралани, гьесул халкъияв поэт вахъинавилаан.

Ч1ик1аса Мух1амад гьавураб сонлъун Бадави Мух1амадовас рик1к1унеб буго 1864 абилеб, гьесул творчествоялъул х1акъалъулъ т1ехь хъварай г1алимч1ужу Н.М. Х1айбулаевалъ ва цойгидазги бихьизабулеб буго 1846 сон, хадубго хъвалебги буго: «Мух1амада ц1аланин Индиралда Инхоса Г1алих1ажиясда цеве»[1]. Цо ригьалъул чаг1и цоцазда цере кин ц1алулалъи лъазе к1оларо. Ч1ик1аса Мух1амад Г1алих1ажиясдаса гьит1инав вук1ине ккола.

Мух1амадил эмен Рурах1ма вук1ана мискинчи, росдал г1ел. Шаг1ирасда Г1еласул Мух1амадилан абулаан. Гьесие лъик1аб лъайги тарбияги щун буго бат1и-бат1иял мадрасазда.

Шаг1ирас т1оцебе гьабураб кеч1лъун рик1к1уна «Г1ухьбиги мутаг1илзабиги» абураб. Хадур гьес гьаруна ч1ужуг1аданалъул берцинлъи бецц арал романтикиял тайпаялъул рокьул куч1дул: «Гуниялдаса Зайнабиде», «Рокьул кеч1», «Жунгут базаралда йихьарай ясалде» ва гь. ц. Гьел куч1дузулъ ц1ияб жо г1емер гьеч1о. Гьале бищунго лъик1ал г1адал коч1ол мухъал:

Румазул къебедас къот1араб месед
Къебедил Зайнабил логол чергеслъи
Истамбул ч1ум г1адал ч1ег1ерал берал,
Ч1ван руго гьал васал, меседил налбик.
Мусудул г1ажизаб г1анч1аб г1аламалъ
Г1адал гьарун руго гьал г1олохъаби…

Зайнаб релъинаюн йиго Танжаялъул сураталда, къилбаралда, меседил аяталда, т1аипалъул гъвет1алда, къубайсалъул бурт1ида. Куч1дузулъ ратула г1емер г1арабалъул раг1аби:

Авал жавгьаралъул, жисмо нуралъул,
Ахир х1ариралъул, х1арп якъуталъул,

[1] Х1айбулаева Н.М. Творчество М. Чиркеевского. Автореф., Махачкала, 1999, гь. 7.

Варакъ сандусалъул, сипат Загьраил.

Ц1акъ берцинго сок1к1арал раг1аби руго, амма г1адатав чиясе зах1мат буго гьезул маг1на рагьизе.

Тарихияб кьуч1алда гьарурал руго Мух1амадил бах1арчилъиялъул куч1дул: «Ах1улгох1да ккараб рагъ», «Гъуниб маг1арда», «Шамил хун хадуса», «Залимханиде» (анлъго вариант), «Гьижра гьабун иналъул», «Рах1маталъул бакъ ч1вана».

Ах1ул гох1да ккараб рагъул х1акъалъулъ гьабураб шиг1руялда рагьулеб буго инсан ва тарихияб х1акъикъат абураб тема, бицунеб буго Шамилил нухмалъиялда маг1арулаз тушманасде данде гьарурал бищунго зах1матал бах1арчиял рагъазул, халкъалде бач1араб балагьалъул.

Гьеб асар жанралъул рахъалдасан лиро-эпосияб поэмалъун рик1к1ине бегьула. Жиндицаго авторас байбихьуда хъвалеб буго:

Х1абибасул диналъухъ жиндица рух1 бичарав

Шайих Шамилил къиса бицинин нужеего…

Аллагьас кверги бакъун кутакалда рагъидал,

Лъабго моц1 т1убалалде рагъул бут1рул т1аг1ана.

Гъалбац1ал гъорлъа ч1вайдал, ч1ужу-лъимер г1одана.

Кверде ани киндаян, киналго зигардана.

Гьеб ах1вал-х1алада Шамилица гьабула лъик1аб ваг1за, гьенисан нилъеда бихьула имамасул пикро, рух1ияб дунял, гьесул к1алъазе бугеб махщел:

Хьиталги тун, какал ран, кванач1ого к1алал ккун,

Лъабго моц1алъ бахъараб гъазаваталъул хвалчен.

Г1аламалда хьолбохъ ч1ун, гъуждул гурунги рагъун,

Гьанже нужги кверде ун, мурадалде гьел щвезе.

Дин сабаблъун бахъараб хвалчен лъалиниб лъоге,

Гъазаваталъул байрахъ кодоса биччан тоге.

Чара хварав имамас лъукъарал гъазизабазда, руччабазда, херазда абула, тушманзабахъе щвезе, гьез басра гьаризе рук1унгеян, г1урулъе к1анц1унги

хвел босеян. «Валлагъ дунги хвелаан хъизанги цебе гъабун, х1абибасул шариг1ат ч1унтилин гуребани».

«Шамил хун хадуса» поэмаялда нилъеда цере ч1ола имамат т1егъалеб заманалъул суратал, рихьула маг1арулазул къисматалъул х1акъалъулъ гъваридал пикраби. Гъениб г1уц1ун буго Шамилил гьайбатаб образ. Бищунго цеве гьев рик1к1унев вуго динияв цевехъанлъун, хадуб бах1арчилъун, г1акъилав полковниклъун. Г1ат1идго бицун буго Даргъов Шамил вугеб мехалъ Воронцовасул аскаралде данде маг1арулаз гьабураб к1удияб рагъул.

Г1урус къираласе ц1акъ рек1ее г1еч1о имаматалда, г1адлу-низам щулалъулеб бук1ин, гьесул х1укму ккола Шамил кверде восизе лъабкъоазарго чигун Воронцов вит1изе.

Чин барал г1адамалгун, г1емераб хазинагун,

Шамил хараб гьавизе, хазина талагьизе,

Буртиязул улкаби кверде росун рух1изе.

Шамилицаги х1укму гьабула т1адеги г1адлу щула гьабун, г1инт1а хер бух1ич1ого, хвалчен къват1иб ц1ач1ого, Воронцовил аскарал гъуризе.

Поэмаялдасан нилъеда бихьула, гьелъул автор Шамилил рагъазул тарихияб х1акъикъат лъалев чи вук1ин. Къарахъа Мух1амад Т1агьирица Воронцов Дагъистаналде вач1иналъул х1акъалъулъ хъвалеб буго: «Г1андадерица гьарулеб бук1ана рагъ гьабизе изну кьеян, амма имам разилъич1о… Г1урусал Г1анди росулъе жанире лъугьана»[1].

Шамилие бокьун бук1ана бач1инахъего рагъде лъугьинч1ого Воронцов махсароде ккун, гьесул х1ал дагьлъизабизе. Гьес бальго къуватал рак1арана, Воронцовги тохлъизавун гьесул аскаралде т1аде к1анц1ана. Хасго зах1матаб рагъ ккана Шамхал-Бирди абулеб бак1алда. Гьелъул х1акъалъулъ мурлшид Сугъурияв Г1абдурах1маница гьабун буго къасидат:

Шамилил гьайбатал ишал рихьидал,

Г1аламалъул гьумер нуралъ гвангъана!

---

[1] Мух1амад Т1агьирил хроника. гь. 182, 183

1877 соналъ пачаясде данде гъабураб восстание ч1инт1ун хадуб г1емерал росаби рух1ана, г1адамал Сибирь къот1ун рит1ана, аза-азар чи Дагъистан тун ана. Бит1ахъе пасалъи бач1ана халкъалде. Ч1ик1аса Мух1амадица халкъ ах1улеб бук1ана пачаясул х1укумат т1аса рехизе. «Гьижра гьабун ин» абураб кеч1алда гьес рак1 унтун, хъвалеб буго:

Николайил х1укмабаз х1ал т1адлъураб мискин халкъ,
К1анц1изе бак1ги т1аг1ун пасалъун унеб буго.
Зулму г1емерлъун буго, зина берцинлъун буго,
Т1олалго шагьаразда хъах1баханаби руго.

Гьереси, мац1, ц1огьалъул гьуинлъи гьазухъ буго,
Босулеб ришваталъул ч1ч1ел кодобе щун буго…
Ч1ах1иял шагьаразда туснахъханаби руго,
Г1айиб бук1а-бук1унге, гьел ц1езарулел руго.

Бит1араб нух малъулев т1адчи толевго гьеч1о,
Рач1а т1аде рахъинин, т1аса гьелги рехизин…
Зулмугун зах1малъаби киг1ан г1емерлъаниги,
Гьезда хадуб г1ат1илъи г1унт1ун бач1ине буго.

Гьеб кеч1 буго шаг1ирасул творчествоялда бищунго маг1наялъул рахъалдасан гъваридабги, формаялъул рахъалдасан щвалде щварабги, авар адабияталдаго бищунго лъик1аздасан цояблъун рик1к1ине бегьулебги. Гьениб буго гъваридаб пикру: маг1арулаз г1асрабаз ц1унун бук1араб моралиябги рух1иябги бечелъи т1аде бач1араб балагьалъ ч1унтизабуна. Гьелъие г1иллалъунги ккана Дагъистан чияр кверщаликье ккей, ч1ах1иял халкъаз г1исинал миллатазе ч1ух1и ва зулму гьаби.

Пачаги т1аса рехун инкъилаб ккараб мехалъ шаг1ирасул рак1 дагьаб г1одобе биччана, халкъалъе эркенлъи щвеялде хьулги лъуна

Нилъер мискин халкъалде рах1маталъул бакъ щвана,
Мах1ачица х1урият бачун кодобе кьуна.

Доногъонол Нажмудин «имамилан» вахъана,

Шамил имам вичарав эмен гьесда к1очана.

Мискинзаби гуккизе гьесие ц1акъ бокьана,

Деникин т1аде ах1ун Дагъистан гьес бичана,

Х1урияталъул лучнуз ц1идасан гъеж гурана.

Лъараг1азул азнавур Зайналг1абид вахъана,

Округ квердеги босун, партизанал г1уц1ана…

Салатав партизаназ бехе авлахъ босана,

Муц1абахъе ц1ал т1амун г1урусалгун цолъана.

Деникинил хъах1азда баг1араб ц1а бакана,

Чанго багьадурасул би г1одобе чвахана.

Бит1араб т1аде ккана, т1екъаб г1одоб реч1ана.

Ч1ик1аса Мух1амадица хъвана г1емерал маг1аби, элегияби. Гьел руго гьудулзаби, бах1арзаби, г1алимзаби, шаг1ирзаби хведал гьарурал. Халкъиял куч1дузул асаралда гъоркь гьарурал киналго элегиябазда рорхун руго инсанасул г1умруялъул ва хвалил философиял темаби. Г1алих1ажиясулго г1адаб темаялда хъван бугониги Мух1амадил «Хъах1аб расалде» гьабураб элегия буго социалияб маг1на гъваридаб:

Дир бот1рода рещт1ун цо гьалбал руго,

Умумул лъаларел, улбул лъаларел…

Г1елму-г1акълуялъул къадру хун буго.

Жагьлу-бец1лъиялъул бакъ баккун буго.

Цере рук1арал шаг1ирзабазда гьоркьоса Ч1ик1аса Мух1амад вук1ана г1емерал темабазда, социалияб маг1на гъваридал асарал хъвалев поэт.

Гьединавголъун рик1к1ине бегьула Кьохъа Мух1амадги.

Кьохъа Мух1амад гьавуна 1868 соналъ гьанжесеб Болъихъ районалъул Кьохъ росулъ Къурамух1амадил хъизамалъе. Гьесда хъвазе-ц1ализе малъана мадрасазда. Анц1ила микьго сон барав чи 1898 соналъ гьев бет1ербахъи гьабизе Бакуялде уна, гьениб лъай-хъвай ккола Хъах1аб Росулъа

Мах1мудилгун. Х1алт1ухъабазул багъа-бачариялда г1ахьаллъи гьабунин, 1905 соналъ жанив т1амунги вук1ана.

Мух1амадил т1оцересел куч1дул йокьарай ясалде гьарурал руго, гьей гьесие щвеч1о, бечедав чиясе ана.

Дуе щибха ургъел халкъ гъураниги,

Ханасе инеги рес бугей, Багьжат.

Бакъалъе щиб, зодиб моц1 лъуг1аниги,

Лъаг1ел кодоб ккезе кверщел бугелъул…

Кьохъа Мух1амад вук1ана ц1акъ мискинаб бет1ербахъиялъул чи, кивго мискиназул рахъги ккун, бечедазде данде ч1унги к1алъалаан. Гьелъул х1акъалъулъ хъвараб буго «Раг1и к1одо, к1ал г1емер» абураб сатирияб кеч1. «Мискинлъи - гьвелъи», - ян кици буго. Гьебго маг1наялда Кьохъа Мух1амадица данде кколел руго мискиналги бечедалги. «Мискинасул раг1уде г1ин т1амулев щоларо», «Эбел-инсул батараб боц1уда т1ад ц1а гъурал», гьаваялда хьвадулел, раг1и к1удиял, к1ал г1емерал бечедазул буго сси. Гьезул зулмуялъ «Дунялго сурун буго, сабабго т1аг1ун буго».

Бакуялда хъварал куч1дузулъ Кьохъа Мух1амадица х1алт1ухъабазул классалъул язихъаб, зах1матаб г1умруялъул суратал цере ч1езаруна. Дагъистаналъул литератураялдаго бищунго цебе бихьизабуна ч1ег1ер х1алт1ухъанасул-отходникасул г1умру кинаб бук1арабали. Художествоялъул к1удияб къуваталда къват1иб ч1вазабуна капитализмалъул даран-базаралъул хъант1иялъул г1аламатал[1].

Ч1ег1ераб х1алт1иялъ черно работниксаби,

Чвахун нартилъ къан, къулун мугъалгун руго.

Къадру-дараж азул бицун дида х1ал к1олеб

Х1амал нуцалги вуго, азда аск1ове ккани.

Кьохъа Мух1амад рик1к1ине бегьула халкъалъе тарбия-лъай кьолев чилъун, просветительлъун, гьес малъулеб бук1ана берцинаб раг1и, гьуинаб

[1] Х1айбуллаев С.М. Бах1арчилъиялъул ва недегьлъиялъул поэзия. Мах1ачхъала, 1878

г1амал гьабе, ккеч1еб т1аде босуге, ккарабги рехун тоге, хиянатаб гьабуге, ламартаб жо жибго теян.

Бакуялдаса рокъове т1ад вуссуна. Гьеб заманалъ лъараг1лъиялда вабаъ унти т1ибит1ун бук1ун буго. Кьахъадерица карантинги лъун, росу сверун къан буго.

Мух1амад росулъе виччач1ого колода ч1езавун вуго. Гьеб мехалъ гьабураб буго х1акимзаби какараб сатирияб кеч1 «Вабаъ». Дун гьедиг1ан г1умру хирияв чи гурин, хасго гьаб инжитаб заманалда, ч1ег1ер х1айваназул бац1ал ч1вазе къасд ккараб, хъарчигъаялъул берал булбул х1инч1алъ рахъараб.

Росуцояздаги лъик1го тункизабун буго шаг1ирас, гьобол-гьудуласдаса росуги ц1унун

Рек1а-ворчун вач1арав ч1ух1арав чи гурони,

Ч1овогояв гьардухъан гьукъун вуго росулъе.

Гьеб сатирияб кеч1алъул буго ц1акъ гъваридаб маг1на: вабаъ унтиялдаса росу ц1унулел кьахъадерида бич1ч1изабулеб буго гьеб унти дунялалде нек1ого щун бугин, кибго низамги гьеч1ин

Воре Мух1амадсултан, сангар къан ц1уне росу,

Сапаралъ арал чаг1и жаниреги риччаге.

Совет х1укумат ккун хадуб Кьохъа Мух1амадил хьул бук1уна дунялалъул иш лъик1лъиялде. «Эркенлъи» абураб кеч1алда, инкъилаб беццулебги буго, гьелъ кьурал ц1иял, лъик1ал жалги рихьизарун. Амма махсаро гьабулеб буго, эркенлъи щванин беццлъун хадув, «ханзабаз, бегзабаз квегъулеб мехалъ, киб хут1ун бук1араб байтулманияб» - абун. Ц1акъ гъваридаб социалияб маг1наялъул кеч1лъун рик1к1ине бегьула «Г1арац» абураб кеч1. Гьеб реллъараб буго Ц1.Х1амзатил «Капек» абураб, совет х1укуматалъ гьукъун бук1араб кеч1алда.

Бугелги ч1ух1улел, ч1ванги рехулел

Г1арац бук1ун буго гьунар т1ок1аб жо.

Х1амзатида Кьохъа Мух1амад лъик1 лъалаан, халкъияв поэт 1933 соналда Кьохъе вач1ун вук1ана.

Хъах1аб Росулъа Мах1мудицаги к1удияб къимат кьолаан гьесул куч1дузе: «Рокьул куч1дул гьаризе Мух1амад диде вахунаро, амма заманалда рекъарал куч1дул гьаризе Мух1амадилъе вахунев чиги гьеч1о», - ян.

Гьединавго к1удияб социалияб маг1наялъул куч1дул гьарулев чи вук1ана Г1ободаса Гъазиясул вас Т1айгиб. Г1обода росу ккола г1емерал г1алимзаби рахъараб, исламияб дин т1обит1изабиялуъ центрлъун лъугьараб бак1. Дагъистаналдаго бищун цеве вахъарав г1алимчилъун рик1к1уна Г1ободаса Шаг1банкъади (1608-1668 сс). Гьес росулъ 1639 с. рагьана мактаб, хадубго мадрасаги. Гьенир ц1алун рахъарал руго Къудукьа Мусалав, Кьохъа Салман, Мох1оса Дамадан, Г1аймакиса Абубакар, Кудалиса Х1асан. Шаг1банкъадил яс Пат1иматги йик1ана лъик1ай шаг1ир.

Г1обода рахъана к1иго динияв хъвадарухъан, 25 техь хъварав устар Мух1амадх1ажи Г1ободияв ва «Бустани Аваристан» т1ехьалъул автор х1исабалда Дагъистаналда машгьурав Х1усенил Сиражудин.

Т1айгиб гьавуна 1861 соналъ мискинчиясул хъизамалъе. Г1елму-лъай босана росулъ мадрасалда ц1алун. Гьесул г1умру, къисмат ц1акъ пашманаб бук1ана. Гьит1инго хвана эмен. Цо базаркъоялъ Хунзахъ хъаладухъ г1урусазул солдатаздаги маг1арул г1олохъабаздаги гьоркьоб ккараб тунка-г1усиялда г1ахьалъунилан, жанив т1амуна. Туснахъазеги г1адатиял солдатазеги кьолеб г1азабалъул бицун хъвараб буго гьесул «Дунги вуго хъаладухъ» абураб кеч1:

Дунги вуго хъаладухъ

Хъарщи ккурал рукъзабахъ.

Маххул чали хьухьарал,

Чармил к1улал рахарал,

Гьит1ин солдат гурони,

Т1аде чи виччаларо…

Ихдал бусен гъабизе, х1инч1 г1адин хъизан гъабизе х1адурулев вук1арав чи, вачун жанив лъунин, къварилъахъдулев вуго шаг1ир. Гъелдаса рохарал мац1ихъабиги г1емер ругин.

Туснахъалда вугеб мехалъ Т1айгибида бихьула солдатазул бугеб зах1матаб г1умру, офицерзабаз гъезда т1ад гъабулеб зулмуялъул бицун, шаг1ирас абулеб буго:

Капурал нужеда гурх1ел щиб лъалеб,

Гъаркьил маг1ал г1адин ч1арал солдатал,

Бадире тударун инжит гъарулел.

Туснахъалдаса виччан, росулъе щведал, гьесда бицуна эбелалъухъе цо ц1аларав чи рокьи гъабизе хьвадулев вук1анин. Гъединаб иш рогьояблъун рик1к1унаан доб мехалъ. Т1айгибица жив х1акъир гьавурав чи ч1вала. Гьеб иш сабаблъун шаг1ир жанив т1амула, нахъойги туснахъ гьавун Сибиралде вит1ула. Гьелъул х1акъалъулъ хъвараб буго «Сибир къот1и» абураб кеч1. Гьеб байбихьула гьадинал мухъаздасан:

Гьанже дун вахъине заман щун бугин,

Къо-лъик1 г1олохъаби, лъик1 рук1а ясал,

Къват1ив лъугьайилан чапар щун вугин,

Воре дуг1а гьабе дий нух бит1аян.

Рик1к1адаб Сибиралда, рохьоб бук1араб зах1матаб х1ал Т1айгибица реалистияб куцалъ, махщалида бихьизабун буго, сипатал цере ч1езарун, «Х1ат1азда маххал руго» абураб кеч1алда:

Бакъул ч1ор реч1улареб,

Мах1цараб мах1 бахъараб,

Рохьове ккун вуго дун,

Черхалда унтиги ккун,

Жужах1 г1адаб ракьалда,

Бадиса кьерги босун,

Хьул къот1ун, къуват лъуг1ун,

Черхалдаго нац1ги бан.

Рик1к1адаб туснахъалда бук1араб зах1матаб г1умруялъул бицун Т1айгибица росулъе чанго куч1дуздалъун хъвараб кагъат бит1ула.

Гьес хъвалеб бук1ана «Бохдузда махалги ран, радал рохьоре рачунин, бакъанида квачалъ гьумер-черхги бух1ун т1ад руссиндал, к1отарал г1адин, кьижун кколин. Бак1аб х1алт1и гьабиялъ чорхол лугби гьорон, кверазда пинкьал рахъун, г1орц1изег1ан квен гурого, гьекъезе лъим щвеч1ого, ч1орогоял хъарщазда регун, униеб бугин г1умру. Ц1акъго инжит гьарулин маг1арулал, г1исинал миллатазул г1адамал. «Пачаясул зулмудакь, дунял рихун буго. Бит1ун х1укму къот1улев цониги х1аким гьеч1о», -ян.

Анц1ила ич1абилеб г1асруялъул ахиралда ва къоабилеб г1асурялъул байбихьуда Дагъистаналда бук1ана жамг1иябгун политикияб ах1вал-х1ал ва г1аламатал рихьизабулеб Т1айгибил творчествоялъул нилъее к1удияб к1вар буго. Амма гьесул творчество мух1канго лъазабун гьеч1о. Куч1дулги рахьдал мац1алда кирниги рахъунги гьеч1о, 1999 соналъ бахъараб «Г1обода росу» абураб М.Шигьабудиновасул т1ехьалда лъураб лъабго-ункъо кеч1 гурони.

Доб мехалъ, ай XX г1асруялъул байбихьудаги, хадубги росдал г1адамазда Т1айгибил куч1дул рек1ехъе лъалаан, г1енеккаразе рик1к1унаан. Херал, ригь арал г1адамаздасан 1953 соналъ гьел хъван рук1ана дицаги, жиндир мунагьал чураяв росдал учитель Х1айбулаев Камилицаги, С.Х1айбулаевасги. Машинкаялда кьабун киналго куч1дул маг1арулазул газетаялде редактор М.Шамхаловасухъе кьуна, гьенисаги росун Бадави Мух1амадовас т1аг1инаруна.

Сибиралдасан Т1айгибица куч1дул рит1улел рук1ун руго жиндирго яцг1ал Г1алил Мух1умил Г1айшатихъе. Гьелъги гьединабго куцалъ жаваб кьолеб бук1ун батила. Москваялда аспирантураялда ц1алулеб мехалъ Г1алиев Мух1амаднуридасан гьал мухъазул авторас хъвараб нилъее интерес буго «Г1енеккея ва Т1айгиб» абураб кеч1алъул:

Г1енеккея ва Т1айгиб, т1ул бикьич1ев ва дир вац,

Маг1арда вехь гьеч1они, г1иялъ хъумур реч1ч1ула.

Г1айиб гьеч1о, г1олохъай, Г1умар цадахъ вахъиндал.
Г1унк1к1ал ругеб рокъобе кутуца къасд гьабула.
Щибха г1олохъабазе Г1умар цадахъ вугелъул.

Ихдал бачалъе гъолеб чехь хъах1аб бихьинх1ама,
Бах1аралъул бусада бегизе къасддай бугеб?!
Баг1ар меседил абун, дица кодойги йосун,
Карпиталъул ятани, тураги элъул курмул.

Бахьин г1арацин абун, г1адамахъаги яхъун,
Хъах1маххалъул ятани, рахъаги элъул берал…
Гьел г1оркьилал къвакулел къимат гьеч1ел беразухъ,
Ралагьун кеп босарал рахъаги гьал дир берал.

Гьел г1оркьилал квалараб керемалда т1ад лъурал,
Т1айгибил хъах1ал кверал кват1ич1ого къот1аги.
Вахъанщинас кваназе, курмул хьихьун ратани,
Каранзул ц1илаздаги ц1а багиха Баринил.

Гьениб цолъизабун бугин ккола жиндицаго Г1аишатица гьабураб кеч1алъул щуго мухъги, Т1айгибил кеч1алдасан лъабго куплетги. Гьеб кеч1 дагьабги халатаб бук1ун батизе бегьула. Гьелдасан нилъеда бич1ч1ула шаг1ирасухъе хабар щун бук1ин гьесул абурай яс Барин, ц1акъ берцинай г1аданги йик1ун, г1олохъабаз гьарулей йигин. Кин бугониги, нилъеда цебе буго ц1акъ гъваридаб маг1наялъул, пасих1аб шиг1ру.

Цойги нилъехъе щвараб Т1айгибил кеч1 буго 1967 соналъ Темирбулатов Мух1амадх1ажидасан машгьурав историк Г1ободаса Шигьабудинил Мух1амадица хъвараб:

Г1енекке г1адамал сарин ах1изин,
Сибиралде арав мутаг1иласул,
Г1инт1аме кьерилал хабар бицинин,

Хиялалда рекъон къадар хъвач1есул.

Дидаго т1ад ккараб т1обит1улагун,
Т1асан гъоркье бана бакъул дуниял,
Дунялалъул иях1 т1аде босидал,
Т1ок1аб вуссин гьеч1еб Сибир къот1ана.

Начальникас диван мекъса гьабуна,
Бит1и гьеч1еб къоялъ къват1иве вахъун.
Кинан т1амуниги как рекъоларо,
Ц1вайиде бадиве ккараб лъаларо.

Радал бакъанида къват1ир рахъиндал,
Къойил циндалг1аги дир бицунарищ?
Г1ободаса росу дица таниги,
Вацг1алзаби ч1ч1ела годек1анире.

Т1айгибил хадуб ккараб къисмат нилъеда лъаларо: вач1анищ гьев Сибиралдаса, яги доваго хвезейищ хварав. Амма бич1ч1улеб жо буго гьунар бугев шаг1ирасул бук1араб зах1матаб къисмат. Гьесул г1умруги куч1дулги гьанжесеб г1елалда лъазе мустах1икъаб буго.

## 11. Ц1адаса Х1амзат.

Х1амзатил художествиял асараз ккола авар адабият цебет1еялъулъ нилъее тараб бечедаб ирс, хвел гьеч1еб хазина, халкъалъул нахърател, гьелъул къадру ва къимат борхизабулеб ч1ух1и. К1удияв шаг1ирасул ц1ар халкъалъул рек1елъа ва к1алдиса киданиги инч1о ва инеги гьеч1о. Ц1алдолезулги г1алимзабазулги гьесул творчествоялде бугеб интерес т1адеялдаса т1аде ц1ик1к1унеб буго, щайгурелъул поэт вук1ана ц1акъго гъваридаб пикруялъул инсан, гьес г1емераб жо рагьун абич1ого, ц1акъго

бат1и-бат1иял литературиял къаг1идабиги х1алт1изарун, махщалида, сих1ирго, г1акъилго абулаан, хъвалаан.

Г1урусазул машгъурав хъвадарухъан Николой Тихоновас Х1амзатил х1акъалъулъ гъадин хъвалеб буго: «Гъев вук1ана Аваристаналда бищунго ц1одораб г1акълуялъул ва бег1ераб пикруялъул инсан, ц1ияб дунялалъул тушбаби раг1удалъун гъурулев шаг1ир, г1иси-бикъинаб жоялде г1унт1ун халкъалъул рук1а-рахъиналда хадув гъурав г1акъил, гьересияб ва рек1к1абщинаб жоялда ц1об гьабуларев, жагълуялде, тохлъиялде ва т1екълъи-мекълъиялде данде гурх1ел тун вагъулев бах1арчи».

Х1амзатил асарал рикьизе бегьула к1иго т1елалде: революция ккезег1ан цере хъваралги совет заманалда г1уц1аралги. Х1уригат бахъизег1ан цере хъварал асаразул аслияб тема бук1ана сатирияб, халкъалъул яшавалда, рук1а-рахъиналда хурхараб. Авар литератураялда кутакалда цебе т1ун унеб бук1ана романтизмаялъул чвахи (Элдарилав, Ч1анк1а, Мах1муд) хисана Х1амзатил реализмалъ. Гьеб бук1ана ц1ияб къаг1ида. Рокьул ва г1ищкъул бицунел асараздасан авар литература буссана сверухъ бугеб х1акъикъат, г1умру, мискинчиясул яшав, лъугьа-бахъинал рихьизариялде:

Дирни къалмил рак1алъе рокьиго къабуллъич1о,
Кьурун вуссун, халкъалъе хъулухъалде лъугьана.
Хасал коч1охъабазул мисал босун х1алт1ич1о,
Басриял г1адаталгун гара-ч1варун хут1ана.

Х1амзатица бергьараб пасих1лъиялда нилъее рагьана ва рихьизаруна заманалъул г1емерал г1аламатал. Авар ракьалда XIX г1асруялъул ахиралда ва XX абилелъул байбихьуда бук1араб ах1вал-х1алалъул бицунаго Э. Капиевас хъвалеб буго: «Гьеб заманалда бижун бач1уна даран-базаралъул, буржуазиялъул г1аламатал, бегзабиги ханзабазул хут1елалги бечелъула, гьел цолъула г1урус бюрократиягун. Зах1матчаг1азда т1ад зулму ц1ик1к1уна. Цо-цо диниял чаг1ицин г1урусазе хъулухъ гьабизе лъугьуна».

Пачаясул х1акимзабаз маг1арулазе бет1ер т1аде борхизе толеб бук1инч1о, зулмуялда гъокь ч1езарун рук1ана мискинзаби. Гьелъул баянго бицун буго «Гьижра гьабиялъул…» абураб кеч1алда доб заманалъ вук1арав шаг1ир Ч1ик1аса Мух1амадица:

Ник1алайил х1укмабаз х1ал т1ад лъураб мискинхалкъ,
К1анц1изе бак1ги т1аг1ун, пасалъун унеб буго…
Гьереси, мац1, ц1огьалъул гьуинлъи гьазухъ буго,
Босулеб ришбаталъул ч1ел кодобе щун буго.

Заманалъул киналго г1аламатал нилъеда ратула Х1амзатил сатириял асарздаги. Гьесда кутакалда гъваридго лъалаан г1умру, т1абиг1аталъ гьесие кьун бук1ана бергьараб гьунар ва рек1ел ц1одорлъи. Гьев вук1ана маг1арулазул интеллигенциялъул т1оцебесеб кьерда.

Жиндирго творчествоялъул нух шаг1ирас байбихьана мадугьалзабазул къабих1ал ишазул бицун, хварал гьабзазул бет1ергьабазул къарумлъи, бец1лъи рехсон, гьеб какун. Жиндирго гьве бакъуца хвезабурав бечедав чиясде хит1аб гьабун, поэтас абулеб буго: лаила бачине, къулгъу ц1ализе рак1аризе ругин, ц1акъ «кьарияб», гьардухъабаздаса нилъ ц1унулеб Аргъут бук1анин.

| | |
|---|---|
| Аман, дур цо ирс щолев | Х1алакъаб хераб боц1и, |
| Инсухъа чилъун анищ, | Хасало холеб умат, |
| Албурил х1ама-к1ертги | Хундерил диваналъги |
| Х1амзатица инаан. | Дий ккезе гьабилаан. |

Гьеб коч1олъго нилъеда бихьула шаг1ирасул рехсолеб предметалъе сипат-сурат гьабизе бугеб бергьараб махщел, бецулеб ххвелги гьабун, гьес коч1олъ кьун буго бечедав чияс инжитлъиялде ккезабураб х1айваналъул – гьвел сипат:

| | |
|---|---|
| Гьвейищха доб бук1араб, | Роцда нахъе к1анц1улеб… |
| Гьабзазул анц1ил бет1ер, | Бокьоб гъвалил г1адинаб, |
| Бац1ил гьаракь раг1ани, | Г1уц1араб габуралъул, |

Т1урараб г1анк1ил г1адал, Г1арч1ихарал беразул.

Гьеб кеч1 хъван буго пародиялъул къаг1идаялда, гьеб къаг1ида шаг1ирас хадубккунги г1емер х1алт1изабула. Рехсараб коч1ол х1акъалъулъ мух1канаб гара-ч1вари гьабиялъе г1илла буго цо-цо г1алимзабаз т1оцересел Х1амзатил куч1дул т1аса-масагояб махсара-хоч1 х1исабалда хъвараллъун рик1к1унелъул. Х1акъикъаталдайин абуни, гьел руго гъваридаб социалияб маг1нялъул, г1умруялъул г1емерал рахъал жанире рачун хъварал, цо-цо диниял г1адаталцин рехсон.

Гьединал «махсараби» нилъеда ратула к1удияв г1алим, имамзабазул муг1алим Гьарак1униса Саг1идил творчествоялдаги («Х1амиде кеч1»). Абизе бегьуларо гьел шаг1ирзаби динги гьабуларел, гьебги какулел г1адамал рук1анин. Гьел рук1ана г1умру хириял, аваданал, махсара г1емерал г1акъилзаби.

Х1амзатица жиндирго т1оцересел асаразулъ рихьизарулел г1адамал руго рух1ияб рахъалъан заг1ипал, жагьилал, лъавукъал. Балагьеха нужго: х1айваназул г1умруялдаги г1адамазул г1умруялдаги гьоркьоб к1удияб бат1алъиго гьеч1о. Гьеб буго к1вар бугеб суал, жакъа нилъер беразда рихьулел вах1шиял ишал щай кколел? Гьелъие цо г1илла г1адамасул лъавукълъи, рух1ияб бец1лъи гуребдай? Гьеб кида лъуг1улеб жо бук1унеб?

Инсан куцазе мурадалда, гьесие дарсал х1исабалда хъварал руго шиг1ирасул киналго асарал. Квешаб бихьизабун, лъик1алде ах1ун, лъик1алъул мисал бачун, квешалдаса рак1 гъанц1изабун:

Хварал бах1арзазулни
Х1исаб гьабун к1веларо,
Х1айваназул умумул,
Эл рик1к1ун лъуг1иларо.

Элги нужги ах1ила
Х1акимас мах1шаралде,
Х1исаб-суал гьеч1ого,
Рит1ила жужах1алде…

Г1емераб чорокаб жо, квешлъи, вах1шилъи шаг1ирасул пикруялда бижулеб буго дунялалъул боц1уда хадур лъугьиналдалъун, пайдаяб зах1мат,

х1алт1и рехун теялдалъун, дин, ц1али, г1елму рак1бац1ц1адго гьабунгут1иялдалъун. Инсан к1одо гьави, гьесул къадру борхи, гьесдехун рокьи ва рах1му бижи бук1ана Х1амзатил мурад. Гьес цебе т1езабуна Г1аймакиса Абубакарил, Кудалиса Х1асанил, Инхоса Г1алих1ажиясул ирс. Гьез г1емерал адабиял дарсал кьуна маг1арулазе.

Инсанасул бац1ц1адаб намус, лебаллъи ва къвак1и к1одо бгьабун буго 1913 соналъ хъвараб «Рец1ел» абураб коч1олъ, халкъалда гьоркьоб гьеб ц1акъго т1ибит1араб бук1ана кидаго ва жеги ц1акъ гьанжеги. Гьениб шаг1ирас бах1арчи щив кколеван жиндирго пикру бицунеб буго:

Дицани г1адамасул г1амал – т1абиг1ат ц1ала,

Ц1ик1к1ун г1елму бергьарав бах1арчийилан тола.

Г1адамас чи веццула, чу – ярагъ лъик1ав вихьун,

Чорхолъ гьунар гьеч1они, гьесдаги урхъиларо.

Гьеб коч1ол мисалги бачун, Х1ажи Х1амзатовас хъвалеб буго: «Рак1алде ккола авар литератураялда инсанасул адабалъулги, лъик1лъиялъулги, лебаллъиялъулги гьадинаб гъваридаб ва цок1алаб программа Х1амзатиде щвезег1ан г1емер г1уц1ун бук1ун батиларилан».

Х1амзатие хасго машгьурлъи щвана «Ашбазалде гьабураб» кеч1 хъван хадуб. Хважаинас шаг1ирасда гьарула ашбаз беццун кеч1 гьабеян. Амма гьелъул г1аксалда ккола. Жиндирго къаг1идаялъ беццулеб ххвелги гьабун, ашбазги гьелъул бет1ергьанги кутакалда какула. Гьеб лъарав Х1ажияс, кеч1 къват1иб бахъугеян гьарула, кьолон чу рокъобе щвезабилин. Амма шаг1ир вичун восулеб тайпаялъу чи вук1инч1о, кеч1 халкъалда гьоркьоб хехго т1ибит1ана. Гьениб г1ат1идго пайда босун буго гипербола (к1одо-к1одо гьабун) х1алт1изабиялдаса. Ашбазалде ун, гьениб бихьараб сурат кьун буго ц1акъго г1адамал релъиледухъ. Мух1канал руго х1ужаби: туриг1ан ц1амг1алаб ц1орораб чурпа, гъорлъ чакар гьеч1еб щаг1ил гъудрухъе т1ураб чай, жаниб ккал ч1вараб ч1ег1ераб сухари, къадада ч1вараб х1арщ, х1апара бараб чед, жиладал ц1ураб чурпа… Гьеб киналдасаго ч1ух1арав хважаинас «Кинаб сурпа-къайи батараб» - абун гьикъидал, шаг1ирас жаваб кьола:

Валлагь, бадиб абун, беццулеб гуро,

Бер ккелеб х1ал буго, х1алт1ухъ балагьун,

Гьудул-гьалмагъасде ц1алеб мех гуро,

Ц1амул гуч бугоан чурпаялда гъорлъ…

Киназго чайдалъе чакар балелъул,

Керен унтилилан тун буго дуца.

Коч1ол аслияб пикру, маг1на кьун буго байбихьудаги ахиралдаги лъурал куплетазулъ: байбихьуда абулеб буго: «Чванта г1арцул ц1ураз г1ебеде регун, маг1арда ах гьаби гьанже х1акълъана» - ян. Ахиралда х1асил гьабулеб буго: гьеб ах г1адамал махсароде кколеб жо буго, гьерсилаб, мискинчи гуккараб, г1арацги дунялалъул боц1иги инжитго данде гьабураб, шаг1ирасе бакьан гуреб:

Мискинзаби гуккун кодобе щвараб

Шагьи-параялда дун урхъуларо.

Х1амзатица г1ат1идго пайда босула бат1и-бат1иял литературиял къаг1идабаздаса: юмор, сатира, гипербола, контраст, т1ад релъи ва гь.ц. Вабил г1акса кканин абула маг1арулаз: гьедин ккана ашбазалдаги, т1аг1амалда кваназе арав шаг1ир, «гавурас гъванщаги ч1ван» хут1ана, хьулалги х1орлъун. Хьулал х1орго хут1и – гьеб буго г1емерал асаразул аслияб тема.

Бечедал Парилазда къец бан хьитазул устар Г1иник1ица, магъалоги бак1арун, бечелъизе хьулалда балеб буго кор. Шаг1ир велъулев вуго гьесда, дурго хъирис боркьизе вахъайин гьанже:

Бекьизе хур гьеч1ев мун тайпаялъе,

Гьеч1о кор г1адаб жо, кин ургъаниги!

Квине хинк1ал гьеч1ев мискинчиясе,

Бищун эб раг1ула ракъи кколеб жо.

Г1исиница гьабураб г1антаб жоялъе авторас къимат кьолеб буго ахирисел мухъазулъ: г1адамазул г1адаб корни щун бугин, кидал боркьулаян балагьун вук1а.

Романтикиял, г1орхъулъа арал рокьул куч1дузда велъанхъун хъвараб буго гьит1инабго поэма-миниатюра «Рокьул къец».

Гьеб тайпаялъул куч1дул халкъалда гьоркьор ц1акъго т1ирит1арал рук1ана. Г1емерисеб мехалъ гьел лъуг1улаан, ясалда т1ад васас бергьенлъи босун, г1емер натуралиял суратал, сипаталги рехсон. Х1амзатил коч1олъ вас мурадалде щоларо, хьулал х1орлъула. Йокьулелъ гьесда абула:

Аллагьас хъван батани,

Хвеч1ого нилъ хут1ани,

Т1аде-харе ургъила,

Гъоркьиса дун яч1ина.

Хъах1абросулъа Мах1мудицаго г1адин, Ц1адаса Х1амзатицаги жигар бахъула г1умруялда жаниб жиндирго бак1 балагьизе мискинчияс гьарулел къасдал рихьизаризе, рокьиги эркенлъиги ц1унизе бахъулеб жигаралъул бицине. Амма гьезул героял мурадалде щоларо, къасдал х1орго хут1ула: йокьулелъ нахъ ч1вала, сверухъ ругел г1адамал гьезда релъанхъула; гьеб бук1ана х1акъикъат, литератураялда гьелда абула реализмаян. Х1амзат вук1ана к1удияв реалист-сатирик.

Мискинчиясул къварилъиги, щибго ихтияр гьеч1еб, талих1 къосараб г1умруги бихьизабун буго «Ах1уд рахъин» абураб коч1олъ. Гьениб бицунеб буго г1умруялъул г1емерал дендеккунгут1иязул. Поэт велъанхъулев вуго г1умруялда рит1ухълъи батилин хьул бугел мискинзабазда:

Огь, пакъирзабаца гьабулеб хиял,

Пача рехулев куц гъаст1аги рук1ун!

Къаси паракъатго боснорги регун,

Москваялде уна, адвокатги ккун.

Гьеб коч1олъ социалияб рит1ухълъи гьеч1олъи, кинабго г1акса бук1ин бихьизабулеб буго гьал мухъазулъ:

Ролъул хур кванарал гамщал жалго тун,

Гугьун бачал руго рачун жанир гъун.

Х1арщулъ т1ил кьабарал балагьунги тун,

Мунагь гьеч1ел лагъзал гъоркье рехана.

Нилъеца абизе ккола Х1амзатил бугин ц1акъ бечедаб, пасих1аб, сипатал г1емераб мац1, халкъалухъа босун, ц1и гьабун накъищал лъугьанарун, халкъалъухъе нахъ буссинабулеб.

Х1амзатил цо-цо асарал хъварал руго Эзопил мац1алъ, ай рагьун абич1ого, балъго абун, чанго маг1на кьолеб куцалъ, аслияб маг1на бахчун. Гьедин хъвараб буго Х1амзатил «Дибирги Г1анхвараги» абураб басняги. Гьелъул маг1на рагьулаго, бат1и-бат1ияб жо хъвана г1алимзабаз. Цояз абуна, гьенив дибирги динги какун ругин, г1анхвара беццун, гьелъул образалда мискинчи вихьизавун вугин (Бадави Мух1амадов, Очерки аварской дореволюционой литературы, 1961, гь. 164), цогидаз абуна дибирги какун вугин г1анхвараги какун убгин. Гьел к1иялго ругин чияр гъин кунел мунапикъалан.

Амма бич1ч1изе к1олеб жо гуро: г1анхвара кинав зах1матчи кколев, дибир щай какулев живго дибирлъун вук1арав поэтас. Дибирас гьабулеб х1алт1и г1емераб бук1уна росулъ, гьабсаг1атги буго. Гьеб бук1ана кинабго жо сиясияб кьуч1алде бачиналъул, идеология ц1ик1к1иналъул х1асил, дин какулел коммунистазул пикру.

Киг1ан ургъаниги, дидаги к1олеб бук1инч1о гьеб баснялда релълъараб асаралъе бит1араб къимат кьезе. Дица рик1к1унеб бук1ана дибир какизе рес гьеч1ин, г1анхвара бугин колхозал пасат гьарулев ц1огьорасул образилан. Амма г1анхвара ккола рух1ч1аголъи, гьеб буго т1абиг1аталъ бикъаризе гурони гьунар кьеч1еб жанавар. Гьелъ дибирасда абулеб жоги бит1араб бук1ана. Кин бугониги баснялъул идеялъулаб х1асил рагьизе зах1мат буго. Нилъ мурадалде щвезе г1агар гьарулел пикраби дида ратана профессор Г1.Г. Х1ажиевасул цо макъала ц1алидал. Гьеб бахъун буго «Народный учитель» газеталда. Х1ажиевсул пикруялъул интерес гьабизе ккола г1алимзабаз, Х1амзатил творчество лъазабулез, гьеб бокьулез. Гьес рик1к1унеб буго: г1алимзабазул аслияб гъалат1 бугин г1анхвараялъул «прообраз» (гьелда нахъа вихьизавурав чи) лъазе к1веч1олъи, К.Султановас,

Н.Капиеваль хъвалеб бугин: г1анхвара динги исламги какулеб ц1одораб жо бугин.

Х1ажиевас рик1к1унеб буго Х1амзатил басня маг1арулаз 1913-14 соназ пачаясде данде гьабураб къеркьеялда хурхараб бугин. Гьеб х1акъикъаталдаги бук1араб жо буго. Дибирзабиги хисун, маг1арухъ тун рук1ана г1урус писарал, хъвай-хъваг1ай бачана г1урусалде, г1арабги нахъе кьабун. Гьедин бугониги аслияб х1алт1и гьабулаан дибирзабаз, харж босулаан писараз. Х1алт1и гьабич1ого мухь босулел писарал – гьел кколила г1унхрул. Х1акъикъаталдаги г1унхрул цере Дагъистаналда рук1арал жал раг1уларо, гьел рач1ун руго г1урусаз Шамил кверде восун хадур. Х1акъикъаталдаги х1алт1ич1ого, халкъалъул маг1ишат бикъун кваналел г1адамазда г1унхрулин абизе бегьула. Нилъер заманалда гьединал г1емерлъун руго.

Х1амзатил куч1дузе хасиятаб рахълъун ккола гьезулъ х1еренаб махсара, недегьаб гьими, ай юмор бессун бук1ин. Юмор ккола нилъеца чурпадалъе балеб ц1амул х1ури г1адаб жо, гьелъ т1аг1ам кьола. Сатираги юморги цоцазде г1агарал руго, амма сатираялъ мекъаб-т1екъаб жо, ч1ор речч1ч1ун, ч1ван лъола, квешлъи-чороклъи суризабун бегуниса бахъула. Юмораль релъанхъизе т1амула, гьеб ккола ццидалаб гуреб махсара, бокьарасда бокьухъин жиб бич1ч1улеб.

Х1амзат вук1ан г1акъилав, пасихlав шаг1ир, гьес т1оцебе авар адабияталде бачана ц1ияб къаг1ида: беццун какулеб ва какун беццулеб, авар мац1ги сургу т1амун къач1ана.

## К1иабилеб бет1ер

## АВАРАЗУЛ СОВЕТИЯБ ЛИТЕРАТУРА

### (Къокъаб баян)

Совет литератураян абула революциялдаса хадуб, ай 1917 соналдасан байбихьун г1уц1араб адабияталда, Дагъистаналда Совет власть т1убанго бергьараб сонлъун 1920 сон рик1к1аниги. Гьеб заманалдасан байбихьун маг1арулазул кинабго х1аракат, зах1мат, литературияб иш хурхараб бук1ана социализм г1уц1иялъул къеркьеялда.

1917 соналъ февралалда пача рехараб инкъилаб ккана, халкъазе эркенлъи щвеч1ониги, гьелъ г1ат1идго нух рагьана къеркьезе. Пача рехиялдаса рохарал киналго Дагъистаналъул шаг1ирзабаз куч1дузулъ къват1ире кьуна мискин халкъалъул пикраби. Гьезул куч1дузулъ бук1ана жидерго напсалъул ургъел гьаби гуреб, т1олго мискин халкъалъул къисматалъул ургъел гьаби. Рекъарухъаби ва х1алт1ухъаби ах1улел рук1ана инкъилаб цебе бачине, эркенлъи т1алаб гьабун къеркьезе. Жиб бижараб къоялдаса нахъе Дагъистаналъул совет литератураялъ г1умруялда ккарал к1удиял лъугьа-бахъинал: ц1ияв инсан вижи, г1адамазда гьоркьор ц1иял гьоркьорлъаби, гьудуллъи, вацлъи, цоцазул адаб-хъатир гьаби, щулалъи, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи, божилъи цебет1ей т1адег1анаб даражаялда бихьизабуна.

Революциялъул тушбабазде, чияр гъиийин ц1ц1улел бечедазде ва гьединго чияр ракьал рахъулезде данде къеркьолаго Дагъистаналда бижун бач1ана бат1и-бат1иял миллатазул гьудуллъиялъул бухьен. Прогрессивияб поэзиялъ квербакъи гьабулеб бук1ана инкъилабалъул къуватал г1урус пролетариаталда сверун гъункиялъе. Хъах1абросулъа Мах1мудица Февралалъул революциялде гьабураб коч1олъ (1917 с.) кинабго мискин халкъалде хит1аб гьабулеб бук1ана цолъун къеркьезе рахъаян. Гьес коч1 хъвана жиндирго миллат гуреб, т1олго халкъалъул рахъ ккун, классияб мурадалда. Гьеб бук1ана жеги поэт полкалда хъулухъ гьабулев вугеб мех,

живго г1адал бат1и-бат1иял халкъазул г1олохъабазул пикраби революциялде руссунеб заман:

Г1арабул аскарал кутакалилан
Кагътида бач1уна бит1ун энисан.
Ах1иларо коч1ой, кквеларо хоч1ий,
Ч1алг1аде соролев гьеч1о гьав салдар.

Рикъзи т1еренав гъоркь, т1имугъ керчав т1ад
Т1екъаб г1умруялда г1адалъ жоги бан,
Жал меседилаб бис, вуссина дунги
Дур нуралъ гвангъараб Дагъистаналде!

Февралалда ккараб инкъилабалдаса хадуб нилъер улкаялъул киналго халкъал рагъа-рачарана. Киналго миллатаз байбихьана къеркьей. Зулмуде данде къеркьезе, тушбабазде данде унго-унгояб к1удияб ва законияб рагъ гьабизе т1оцебе байбихьана г1урус халкъалъ. Гьеб мустах1икълъана рецщалъе ва эркенлъи талих1алъе. Инкъилабалъулъ г1урус х1алт1ухъабаз кколеб бак1 бихьана аваразул шаг1ир Мах1мудида, гьес коч1олъ ах1ана:

Зодисан решт1араб аятцин гуриш,
Гурун ругин гъуждул мискинзабаца.
Москва-Петербургалъ телдай бач1ана,
Туманк1 кодоб кквеч1ев инсанго гьеч1ин.

Эркенлъиялъе г1оло къеркьей багъарана т1олго Дагъистаналда. Мискин халкъалда гьоркьоб тарбия кьеялъул х1алт1и гьабулеб бук1ана революционераз, большевиказ, церет1урал хъвадарухъабаз, шаг1ирзабаз. 1917 с. май моц1алда г1уц1ун бук1ана ДПАБ – Дагъистаналъул лъай кьеялъулгин агитациялъул бюро. Гьелъул бут1рул рук1ана Уллубий Буйнакский ва Гьарун Саг1идов. Мах1ач Дахадаевас ва Дж. Къоркъмасовас г1уц1ун бук1ана Дагъистаналъул социалистияб къукъа. Гьез къват1ире риччалел рук1ана газетал, листовкаби. Гьел т1ирит1изарулел рук1ана росабалъ. Май моц1алъул ахиралда Унсоколо рекьарухъабаз восстание

багъаризабуна, х1укуматалъул ракьал мискинзабазда гъоркьор рикьеян т1алаб гьабун. Щаклъи гьеч1еб жо буго, Мах1мудил куч1дуз мискинзабазул къеркьеялъе гъира-шавкъ базабулеб бук1ин. Г1емерисел гьесул политикиял куч1дул нилъехъе щун гьеч1о, амма щварал бергьун гъваридаб маг1наялъул ва пассих1ал руго:

Гьаваялда бакъул хьвади хисундай,
Хъах1лъи т1амулеб рахъ бат1ияб бугищ?
Бет1ергьанас росдай хурдай бач1ина,
Хасалил сардазда зобал гъугъанищ?

Гъорлъ-гъорлъ жеги пача чучун гьеч1илан,
Чарал харбал руго хважаинасул.
Хвараб жаназадул ч1агояб раг1ад,
Дунни божуларо бук1инин абун.

Шаг1ир божарав вуго т1екъаб г1умру т1аг1иналда, рит1ухъаб, гьайбатаб г1умру т1аде бач1иналда. Хважаинзабазул «чарал харбазда» гьес г1адалъ жо бана. Мах1мудил пикруялда рекъон, инкъилаб т1олго халкъалъул иш ккола, гьеб гучаб чвахи ва цебет1ей ч1езабизе к1олев чи вук1инаро, «щвараб г1ор гьукъулев чи ватиларо».

Инкъилаб ккараб буго мискин халкъалъул мурадал ц1унун, гьезул гьудуллъи, вацлъи ва г1аданлъи щулалъизабизе, «бач1ина бакъул къо дун тайпаялъе» - ян угьун х1ухьел биччалеб буго Мах1мудил гьалаглъараб керенальъ. Чан нухалъ гьев инжит гьавурав бечедаз, вухун, кьабун, т1аде ццидалал гьаби гьусунги… Инкъилабалъул х1акъалъулъ хъварал куч1дуз нилъее нуг1лъи гьабула Мах1мудил бит1араб ва камилаб политикияб пикру бук1иналъе, г1умруялъухъ гьев бит1ун валагьулев вук1иналъе.

1917 соналъул 3 апрелалда М.Дахадаевас «Заман» абураб газеталда хъван бук1ана: «Г1емерал г1асрабазул тарихалда жаниб т1оцебе Россиялда гьелъул халкъаз эркенго х1ухьел ц1ана, цо кьабиялдалъун инкъилабалъ зулмудукь рук1арал бат1иял халкъал г1урус халкъгун цолъизе толареб

бук1араб квек1ен т1аг1инабуна… Жалго жидедаго ч1езе инкарги гьабич1ого, щибаб халкъ г1едег1улеб буго Россиялъул демократиялъул кьералгун цолъизе, гьелъул лозунгаздаса нахъе ккунгут1изе, гьелъ киналго зулму, лагълъиялдаса эркен гьаруна».

Амма эркенлъиялде нух Дагъистаналъул шарт1азда ц1акъ зах1матаб бук1ана. Революция цебет1еялъе хасго квал-квал бук1ана миллатал г1емерлъиялъ, рух1ияб нахъеккеялъ, бечедал г1адамаз.

Дагъистаналда дол соназ бук1араб ах1вал-х1алалъул сурат цебе ч1езабулаго, халкъияв поэт Ц1адаса Х1амзатица хъвалеб буго:

Ханзабазгун бегзабаз
Бак1-бак1аздасан реч1ун,
Беццал маг1арулазда
Баг1араб ц1а бакана.

«Большевиказул х1алт1и
Хун бугиланги» абун
Халкъ цоцазде гьусизе
К1вараб жигар бахъана.

Бечедаз жидерго бет1ерлъун вищун вук1ана Х1оцоса Нажмудин. Гьес к1удияб аскарги бак1арун гъазават – «динияб рагъ» лъазабун бук1ана большевиказда. Кавказалда капурзабиги нахъе гъун, бусубабазул х1укумат г1уц1изе кколин абулеб бук1ана. Рух1аниязул аслияв тушман вук1ана Мах1ач Дахадаев.

М. Дахадаевасулгун Мах1мудил лъик1аб гьоркьоблъи ва гьудуллъи бук1ана. К1удияв революционерасда лъалаан коч1ол раг1ул къуват, маг1арул халкъалда гьоркьоб Мах1мудил бук1араб къимт. Киназего баянаб жо буго 1918 соналда Мах1муд Мах1ачил т1адкъаял т1уразе росабалъе хьвадулев вук1ин. Жиндирго куч1дузулъги гьес баян гьабулеб бук1ана Х1оцоса Нажмудин щив чи кколевали. Гьев шаг1ирасул жиндирго тушманги кколаан. Октябралъул революция ккун хадуб Дагъистаналда Совет власть лъазабуна. 1918 с. марталда Нажмудин имам Петровскиялде т1аде к1анц1ана, гьениб жеги т1убан щулалъич1еб Советияб властги нахъе кьабг1ун, жиндирго режим ч1езабуна. Гьеб лъугьа-бахъин ккелалде цебе Мах1мудица коч1олъ ах1ана:

Мискинаб халкъалда кьан бан хьвадарав
Х1оцосев раг1ула жив имамилан.
Унго божиладай гьаб язихъаб халкъ
Г1умру нахулъ араб къоркъочехьалда.
Г1урус пачаясул божараб бах1ри,
Гьанже х1апдеялъе сабаб лъач1ого.
Мах1ач ч1вазе кколев капурчийилан
Кибго росабалъе ах1и щай балеб?
Аллагьас т1ад тарав пача вугилан,
Ник1алай веццарал щай нечоларел?!

К1удияв шаг1ирасул политикиял куч1дузул бергьун ц1ик1к1араб к1вар бук1ана маг1арулазе революциялъулаб, интернационалияб тарбия кьеялъулъ.

Ц1ияб г1умруялде бугеб маг1аралазул г1ищкъу кутакаб бук1ана. Гьелъ батила мискинзабаз Мах1ачилги, Мух1амадмирза Хизроевасулги, Муслим Атаевасулги ва цойгидал революционеразулги рахъ кколебги бук1араб. Граждан рагъул заманалдаго баг1арал партизаназул рахъги ккун, Ц1адаса Х1амзатица хъвана «Дунги нужеда гьоркьов» абураб кеч1. Революциялъул рахъги ккун, Хъах1аб росулъа Мах1мудицаги «Рек1елъ иях1 бугев аск1овег1ан ц1ай» абураб коч1олъ рохел загьир гьабуна:

Ракьул бут1а гьеч1ел, бокьоб панз гьеч1ел,
Гьаб бурангун лъугьа, дунял лъухьизе.

Литература цебе т1еялъе лъик1аб квербакъи гьабуна Дагъистаналда кколел рук1арал лъугьа-бахъиназ: къоабилел соназда рагьана чанго басмахана, къват1ире риччазе байбихьана газетал, журналал. 1922 соналъ басмаялда рахъана т1оцересел букварал, ц1алул т1ахьал. Хадур къват1ире риччана бат1и-бат1иял т1ахьал, гьезда гьоркьор рук1ана художествиял асаралги: халкъиял куч1дул, Мах1мудил къасидатал, поэмаби.

Совет власталъул заманалда х1адурана г1емерал учительзаби, врачал, инженерал, рагьана лъабго институт, цо университет, Дагъистаналда рахъана г1емерал машгьурал, гьунар бугел г1алимзаби. Кин бугониги, революциялда

цебе авар литература ц1ик1к1ун бухьараб бук1ана г1елмуялда. Хъвадарухъаби рук1унаан г1алимзабилъун. Гьединаб къаг1ида дагьаб чучлъана Совет власть бергьун хадуб.

Гьеб рахъалъан мисал босизе бегьулевлъун, г1елмуги гъакълуги коч1олъ бессарав шаг1ирлъун ккола Ц1адаса Х1амзат. Гьесул «Г1адатазул жул» абун ц1арги лъун, т1оцебесеб камилаб т1ехь къват1ибе биччана 1934 соналъ. Х1амзатида цадахъго литературиял асарал хъвалел рук1ана Заид Х1ажиевас, Ражаб Динмух1амаевас, Асадула Мух1амаевас, Мух1амад Хуршиловас ва цогидазги. Гьез жигар бахъулеб бук1ана куч1дул, поэмаби гурелги, харбал, къисаби, романал, комедияби хъвазеги. Амма абизе ккола, прозаялъул асарал жеги заг1ипал рук1анин.

Рагъул соназда нилъер литература лъугьана халкъалъул пикру бихьизабулеб гучаб алатлъун. Аслияб тема бук1ана тушманасде бугеб гьалагаб ццин, ват1аналде бугеб рокьи, бах1арчилъи ва гьединго хияналъи. Хъвадарухъабаз х1албихьула маг1арулазул тарих ц1и гьабун, гьенисан ват1ан ц1унун рагъарал багьадурзабазул образал рихьизаризе. Ц1адаса Х1амзатица хъвала тарихияб поэма «Шамил».

Гьениб поэтас бит1араб къимат кьун буго «рак1азда чаран лъурал» багьадурзабазеги, гьезул бет1ер Шамилица гьабураб рагъуеги, рак1ч1езабулеб буго Дагъистаналъул васал кидаго бах1арзал рук1иналда:

Дагъистаналъул лъимал,
Лъиего рокьи гьеч1ел,
Кьалде ккун х1ал бихьарал
Бах1арзаллъун рик1к1уна.

К1удияб Ват1анияб рагъул соназда Х1амзатица бихьизабуна жив унго-унгояв патриот вук1ин, гьесул ццидалаб ва х1алуцараб гьаракь багъана Дагъистаналъул кьурабазда:

Цадахъ ярагъ бухье, бихьинал-ц1уял,
Бахьи гьеч1еб г1умру г1унт1улеб бугин! –

Гьедин ах1ана халкъияв шаг1ирас рагъ ккарал т1оцересел къоязда радиоялдасан гьабураб хит1абалъулъ. Рагъул заманалда гьев к1вах1 тун х1алт1ула, басмаялда рахъула «Ват1аналъе г1оло» (1942), «Къисасалде!» (1944) абурал т1ахьал, «Базалай», «Рагъда дандч1вай» абурал пьесаби.

1943 соналъ Заид Х1ажиевас къват1ибе биччараб «Кьалул куч1дул» абураб т1ехьалда маг1арул г1олиласул рек1ее зах1малъула г1алхулал фашистаз улка мерхьунеб бук1ин, рагъде унеб мехалъ вижараб т1алъиялде вуссун, гьелъул гьайбалъиялдаса ч1ух1ун, бергьенлъи босизе бук1иналда рак1ч1ун, гьес абула:

Къо-мех лъик1, хирияб т1адмаг1аруллъи,

Т1огьода росарал дур расалъаби,

Хъах1ал т1охал ругел дур рорхалъаби,

Лъарал гъулгъудулел дур гъварилъаби.

Гьединал гьайбатал сипатал гьарун, рек1елъе рортулел раг1абаздалъун хъвараб буго Заид Х1ажиевасул «Къо-мех лъик1» абурабги ва цогидалги асарал.

Берцинго хъвараб буго архивалда батараб Ражаб Динмух1амаевасул «Хиянатчи» къисаги. Рагъул соназда, кинабго совет халкъалъулго г1адин, маг1арулазулги рух1ияб къуват щулалъана, адабият бечелъана, хъвадарухъабазда к1вана гьайбатал образал г1уц1изе. Литератураялда гъорлъе лъугьана г1олохъанаб г1ел: Х1амзатил Расул, Мухтар Абакаров ва гь. ц.

Ват1аналъе рух1 кьун, рагъда хвана хъвадарухъаби Т1агьиров Абакар, Ражаб Динмух1амаев, Мухтар Абакаров, лъукъун т1ад руссана Сулиманил Мух1амад, Г1абдулмажид Хачалов.

Совет Союзалде т1аде к1анц1ун вах1шияб рагъ байбихьидал Гитлерида рак1алда бук1ана нилъер миллатазул гьудуллъи щулияб гьеч1ин, гьеб цо чармил зар кьабурабго бихъун инин. Амма фашистазе бокьухъе гуреб, гьелъул г1аксалда ккана. Рагъалъ гьудуллъи т1адеги щула гьабуна.

Гьеб гьудуллъи ва вацлъи щулалъиялъул бицун хъварал руго авар литератураялъул г1емерисел асарал.

Советиял халкъазул бихxи гьеч1еб цолъи ц1акъго гьайбатал сипатаздалъун бихьизабун буго 1947 соналъ хъвараб Ц1. Х1амзатил «Кремлиялде» абураб коч1олъ. Гьеб кеч1 маг1арулазул халкъияб кеч1лъун лъугьана, киназдаго рек1ехъе лъала ва ах1ула панаяб макъаналда. Кеч1алъе хасиятаб буго недегьлъи, х1еренлъи, чвахун бач1ин ва т1адег1анаб цок1аллъи. Гьеб кеч1алъ музыкаялъухъ г1енеккараб мехалъ г1адаб асар гьабула рек1ее, беричал сипатаз гьениб бахчун буго гучаб пикру ва маг1на:

Дир рек1ел тел буго тахшагьаралде
Тари гьеч1еб х1обол кварида бараб
Берзул канлъи буго Кремлиялде,
Кунч1и меседилаб ц1ваялъ гвангъараб.

Дица квер бан буго маххул кварида,
Халкъ т1аделъаниги, т1езе к1олареб.
Мугъ буго дица ч1ван кьурул сирталда,
Дунял т1ун аниги т1урк1изе гьеч1еб.

Нилъер Ват1аналъул талих1 бихьулищ
Тушбаби соролез сверухъе къараб?
Совет улкаялда баркула рохел,
Бергьараб къуваталъ къолден рет1араб.

Коч1ол маг1наги куцги гьениб биххизабизе к1олареб х1алалъ цолъараб буго. Шаг1ирас гъваридаб рек1ел тел бит1улеб буго тахшагьаралде, гьеб тел тари гьеч1еб куцалъ щвела гьенибе, шаг1ирасул рек1елаб бухьен буго кунч1и меседилаб ц1ваялъ гвангъараб Кремлялъулгун. Гьеб хурхен кидалго хвел гьеч1еб, киг1ан к1удиябги

къуваталда т1езе к1олареб буго. Шаг1ирас мугъ ч1ван буго дунял т1ун аниги, биххизе гьеч1еб кьуруялда.

Х1амзатица гьудуллъи, совет халкъазул вацлъи релъинабулеб буго т1олареб кьурул сирталда, гьесул рак1 ч1араб буго гьудуллъи абадиялъ т1урк1изе гьеч1олъиялда. Нилъер Ват1ан талихх1аб буго, гьеб данде гьабураб, «сверухъе къараб» буго багьадурал халкъаз — «тушбаби соролез». Совет улкаялъ, кутакаб къуваталъул къолден рет1ун буго. Гьеб къуватаб къолден – кидалго биххилареб вацлъи ккола. Гьединаб маг1на бич1ч1ула Х1амзатил кеч1алдасан.

Инсул ирсги босун литератураялъул лъик1ал г1адатал ва гьайбатал къаг1идаби цере т1езаруна Расул Х1амзатовас – чанго премия босарав халкъияв шаг1ирас. Гьесул куч1дузулъ руго пикраби: Датъистаналъул культура ва маг1ишат цебе т1уна, щайгурелъул маг1аруласул ват1анлъун Советияб Россия лъугьиндал, шагьаразул, росабазул, т1абиг1аталъул гьумер гуребги, маг1аруласул хасият хисана, ц1илъана, вацлъи ц1ик1к1ана.

Совет власталъул заманалда маг1арулазул г1умруялъулъ ккараб хиса-басиялъе къимат кьей, жакъасаб къоялъул т1алабалда рекъон тарихиял лъугьа-бахъинал рихьизари г1адал суалал аслияллъун лъугьуна Р. Х1амзатовасул творчествоялда.

Жиндирго миллат ц1унулев чилъун гурев, т1олго миллатал к1одо гьарун гьезда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи щула гьабизе г1оло х1алт1ана поэт. Жиндир росдаде ва Дагъистаналде бугеб гьесул рокьи кутаклъана гьел к1удияб улкаялъул гьит1инал бут1аби ругин абураб пикру рек1елъ щулалъиялъ.

1955 с. къват1ибе биччараб «Дагъистаналъул их» абураб куч1дузул т1ехь лъугьана шаг1ирасул поэзиялда жаниб иххлъун, гьесул т1адег1анаб пагьмуялъе нуг1лъун. «Гьесул куч1дузул бищунго къиматаб рахълъун ккола гьел гучал, къуватал рук1ин, гьез шавкъ бижизабула» — ян хъвана 1955 с. Михаил Светловас.

Рагъдаса хадусел соназда хъварал лъик1ал асаразда гьоркьор рехсезе бегьула Ц1адаса Х1амзатил «Вехьасул къиса», Х1амзатил Расулил поэмаби,

лирикиял асарал, Асадула Мух1амаевасул «Маг1арулай» къиса, Заид Х1ажиевасул сатирикял куч1дул ва гь. ц.

К1икъоялда анц1абилел – лъабкъоабилел соназда авар литература цебе т1езе лъик1аб квербакъи гьабуна Х1амзатил Расулил, Муса Мух1амадовасул, Мах1амад Сулимановасул, Машидат Гъайирбековалъул, Г1умар-Х1ажи Шахтамановасул, Г1адаллол, Х1ажи Гъазимирзоевасул, Фазу Г1алиевалъул асараз. Рак1ч1ола Х1амзатил Расулил «Т1адег1анал ц1ваби», «Дир Дагъистан», «Маг1арул къиса», «Къо бащалъукь щобда Дагъистаналда»; Муса Мух1амадовасул «Къисас», «Борч», «Горо-ц1ер баледе цебе»; Фазу Г1алиевалъул «Муг1рузул закон», «К1иго микьир», «Хъах1илаб ц1ад»; Мух1амад Шамхаловасул «Дир эмен», «К1к1алахъ бахъараб кьвагьи», «Намус»; Мух1амад Сулимановасул «Огниялда», «Рагъул нухазда» ва гьел гурелги нилъерго хъвадарухъабазул т1ахьал маг1арулаз гьираялда ц1алулел рук1иналда.

## 1. Ц1адаса Х1амзат совет заманалда.

Х1амзатил гьунар камиллъана, творчество т1егьана советияб заманалда. Гьесул бук1ана жиндирго нух, г1умруялъулаб позиция, ц1ияб г1умру ва маг1ишат г1уц1иялда рак1ч1ей. Гьев х1алт1ана бах1арчиго, рух1алда барахщич1ого, бихьана г1емераб квешабги лъик1абги, х1ехьана г1емераб къварилъи, зах1малъи. Зах1матал рук1ана 20-30 сонал, дагьалги зах1матал рук1ана рагъул 40-абилел сонал. Рагъалъги къварилъиялъги гьев заман щвеледе хер гьавуна, рагъда ч1варав к1иявго васасда хадуб рак1 бахъун ана. Амма къуркьич1ого шаг1ир х1алт1ана, къеркьана, хъвадарана, г1уц1ана г1емерал гьайбатал асарал; гьесул творчество бечелъана маг1наялъулги, жанралъулги, художествиябги – кинабго рахъалъ; г1уц1ана поэмаби, хъвана политикиял куч1дул, элегияби, одаби, къасидатал, очеркал, щуго пьеса, г1емерал сатирикял асарал.

Аслияб къуват шаг1ирас буссинабуна г1адамазул пикрабазулъ ва ишазулъ, хьвада-ч1вадиялъулъ басриял ва заралиял хут1елазде рагъ гьабиялде. Кьаби щвезабуна бюрократазда, рищватчаг1азда, х1елх1елчаг1азда, нажимчаг1азда, ц1огьазда, ч1ужуг1адан инжит гьаюлезда. Жиндирго цо макъалаялда шаг1ирас хъвалеб буго: «Х1амзат ах1дола ахихъабазде, хурухъабазде. Х1амзат ах1дола учительзабазде, ц1алдохъабазде, Х1амзат ах1дола колхозазде, совхозазде. Хасго Х1амзатие бокьула басриял г1адатазде данде вагъизе. Х1амзатие бокьула хиянатчаг1азда жиндирго сатириял ч1орал реч1ч1изе. Х1амзатица рецц1ула Совет Ват1аналъул бах1арзал ва гьелъул х1урматиял байрамал. Х1амзатица какула халкъалъулги х1укуматалъулги боц1уда жанибе мекъса квер бегьулел намартчаг1и, талавурчаг1и ва хъамалчаг1и».

Т1оцебе къват1ибе биччараб жиндирго т1ехьалда шаг1ирас ц1ар лъуна «Г1адатазул жул» абун. Жиндирго куч1дул гьес релълъинарулел руго басриял г1адатал лъухьулеб жулалда:

Мискинчи х1улулел г1адатал руго,
Г1адамазда жанир – жул кодой босе!..

Бищун квешаб г1адатлъун маг1арулазда гьоркьоб бук1ана бидул рец1ел боси: «бидухъ би» абун, кицицин бук1ана «Налъи к1очонарин, би бакъваларин» абун. Бидухъ би, бидул рец1ел боси какулеб буго «Ханжар», «Бидул тушманлъи», «Бидул алат г1одобе рехарал маг1арул росаби», «Ч1андал рагъи», «Х1амузул рагъ» ва цогидалги куч1дузулъ. Гьезул хаслъилъун ва кьиматаб г1аламатлъун буго г1умрудул ч1ванкъот1арал х1ужаби рихьизарун рук1ин.

Харайч1и росуги мисалалъе босун, шаг1ирас хъвалеб буго гьенир:

Цоял лъукъун, цоял ч1ван,
Цо тайпа туснахъ гьарун,
Цониги ватуларо,

Тушман нахъа гьеч1ев чи.
Гьит1инаб росу гуриш,
Нусго ц1араки гьеч1еб,

Нагагъаб сон унаро,
Ункъо-щуго чи ч1вач1еб.
Жив ургьивго вук1аго,
Эмен ч1вараб лъимерги,
Лъай-г1акълуялде щведал,
Къисасилан вортула...

Цо-цо маг1арул росабалъ хьвадулел ратарал маг1на гьеч1ел г1адатазул цояб бук1ана хас гьарун гьаби хьихьиги гьел рагъизариги. Гьеб какун гьабураб сатира ккола «Багъизе гьве хьихьи». Гьеб хъван буго т1убараб къиса г1адин, сюжет буго ц1акъго интересаб, аслиял герояллъунги эменги, васги, цо таращги ккола. Г1уц1ун буго гьит1инаб пьеса г1адин, диалогал х1алт1изарун. Эмен г1амал хисун, ци г1адин лъугьиндал, вас Г1алица гьикъула, щай мун къварид вугеван. Г1илла батула Давудил гьвеца багъулаго гьазул Гороч лъукъи. Инсул амру т1убазе, багъизе хьихьизе лъик1аб таращ балагьизе сапаралъ вахъуна Г1али. Вас т1ад вуссиналъухъ халккун вук1арав эмен, нухде хал гьабизе т1охде вахунаго, молодахъан вортун хола.

Хадуб хъураб басидул
Цо ракьаги щокъроб къан,
Щуабилеб къоялде
Хадуб таращги хвана.

Х1амзатил асаразулъ г1емерисеб мехалъ балагь-къварилъи ккола ц1акъго пайда гьеч1еб г1иси-бикъинаб жо сабалъун, кьуч1 гьеч1еб г1антаб ч1ух1иялдалъун, сабру гьеч1олъиялдалъун, г1амал к1одолъиялдалъун, гьалмагъасул пикру г1адахъ босунгут1иялдалъун. Щибаб жоялъул бук1уна культура, гьабулеб къаг1ида. Х1амзатил сатириял героязул гьеб гьеч1о. Цебе т1ибит1араб жо бук1ана дагьабниги г1айиб ккани, г1ак1а бахъи. Гьеб г1адлу цо-цо мехалъ х1укуматалъ «кверщел кьун тарав кутакчияс» бит1ахъе зулмуялде сверизабулаан. Лъимер каранде къарай эбелалъухъа ликпункталде кват1унилан букъараб зарг1анав Г1исаевас кини бахъун буго, кинабго ихтияр

жиндихъ бугин («Г1ак1аде кини бахъи»). Гьединал ишаз советиял хIалт1ухъабазда ч1ег1ераб т1анк1 лъезабулеб бук1ана.

Г1адлу кутак гьабулел зулмучаг1азда шаг1ирас ц1ар лъун буго нажимчаг1иян, гьезде гьабураб хасаб кеч1ги буго («Нажимчаг1азде»). Гьеб буго кутакаб, гъваридаб социалияб маг1наялда, черх сородиледухъ ццидалго ва пасих1го хъвараб политикияб сатира. Гьединаб т1адег1анаб поэзиялъул кеч1 дунялалъулго литератураялда къанаг1ат батула. «Халкъалъул ихтияр» кодобе кьурав х1акимасде вуссун, жиндирго хит1абалда поэтас гьесие «г1акълаби» кьолел руго, росабалъ ругел биргадаз пролетаразе кьолеб г1акъуба дагьаб бугин, дуца «г1инда нахъа жо байин жамаг1аталда»:

Берцинаб хабаралъ халкъ квегъуларин,
Хвалчен къват1иб бахъе, хъах1аб гверделав.
Х1еренаб раг1уде г1ин т1амуларин,
Г1инда нахъа жо бай жамаг1аталда.

Дур х1елмуялъ х1алт1и нухда ккеларо,
Х1акимлъи кодобе кин босулареб?
Кинго дур насих1ат бич1ч1изе гьеч1о,
Ч1езабизе ккела зарул кутакалъ.

Мун нечон ватани, бутылка рехе, -
Хухаллъун рихьила дуда г1адамал.
Данде к1алъаразул заметка гьабе, -
Политикалъидал къвариг1ун бугеб...

Гьеб 1932 соналъ хъвараб коч1олъ нилъеда рихьула заманалъул хасиятал: мискинзабазда х1ал гьаби, гьезул ихтиярал хвезари. Гьеб бихьизабун буго заем хъваялъул мисалги бачун. Сатираялъул маг1на баян гьабулаго, Х1амзатица гьадин хъвалеб буго:

«Росабазул жамаг1атазе заемалъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьезе рит1арал бригадабазда гьоркьоса цо-цо гьалмагъас, гьекъон лъик1 жогун, жамаг1аталъул г1адамазул цоял заметкаялде росун, цоял туснахъ гьарун, цо тайпа гьаркьидаса мах1рум гьарун, цо-цо г1арац гьеч1ин абуразул г1иялъажал рахъун, г1акъуба кьедал, гьел махсараде гьарун абурал раг1аби руго гьал».

«Ч1андал рагъи» абураб сатираялда протескалъулаб къаг1идаялда кьун буго г1умруго х1ажат гьеч1еб рагьулъ арав, 92 сон барав бецав рагъул бац1 Муст1апал образ. Г1адамал рагъулелъул маслиг1ат гьабизе кколев чи, кодоб ханжаргун, «дихъе риччаян» ах1и балев вуго. Канлъи бихьич1ониги, ч1инхъиялъухъ г1ин т1амун, щвара-щварасда ганч1ал реч1ч1ун, «т1охил щомери къараб къоноги» бахъун. Рагъ гьеч1ого гьесда ч1езего к1олеб гьеч1о. Шаг1ирас кици рехсолеб буго, «херлъунин абун, хъурмица жиндир г1амал г1одобе рехуларин»:

Цебесай хъирщаниги,

Гьесул бот1ролъ реч1ч1ич1еб,

Ч1андадерил корталда

Гамач1ги раг1уларо.

Берзул канлъи инег1ан,

Кодоб бук1араб махщел

Жакъа г1одоб лъезедай

Г1адамазе бокьараб?

Маг1арухъ г1емер вагъулев чиясда Муст1апаян абула. Г1емер ру-ччаби рачунесда Далаголав, ясал гуккулев «гьагулаясда» Ях1я г1адин. Г1емер руччаби рачин Къуръаналъ гьукъараб гьеч1о (гьеб биччала ункъоялде щвезег1ан), гьел хьихьизе рес бугев чиясе. Далаголас абуни руччаби рачунел руго гьездаса жо бик1изе, кепалье. Гьесул ц1ар бахъун буго, «анкьидасан вуц1ц1ун моц1иде виххун», чамг1алал жал гьарун. «Ях1я» абураб кеч1ги г1умруялда рук1арал лъугьа-бахъиназда сверухъ

г1уц1араб буго. Гьениб бицунеб буго Сивухъ абулеб росулъе учительлъун вит1ун вук1арав Уздал росулъа Ях1я абулев г1оркьиласул ккараб иш. Росдал жамаг1аталъ «цо намус-ях1 бугев муг1алим кьеян» гьаридал, Сивухъе вит1ун вач1уна ц1акъго ц1уял жал хирияв «гьагула», гьес жамаг1аталда лъазабула:

Цо решт1ине рукъги бакъвараб ц1улги

Къвариг1араб буго ч1езе гьабизе.

Ц1ализе росулел ясазул къукъа

Къаси данде гьабе дида рихьизе.

Кoч1олъ кьураб Ях1ял сатирияб сураталъ ц1алдолел бит1ахъе х1икмат гьарула, гьенир руго г1емерал деталал: «ясазул рух1 унеб мах1 берцинаб лъим», «к1алалъ ч1амулеб папирус», «хъах1аб гордеялъул гарбида сверун ккураб гуржиба», «т1аждада ккураб г1арцул чалу», «чилайдул михъал» - г1емерисел ясазул рат1лида рук1унел ц1ек1ал г1аламатал. Хиялалги х1орлъун, Ях1яца росу тезе ккола. Гьеб кеч1 Ях1яца жиндицаго ах1улеб бук1ун буго, г1енеккаразе бергьун кеп кьеледухъ.

Г1урусазул к1удияв критик В.Г. Белинскияс сатириял куч1дул рик1к1унаан лирикаялъул к1вар бугеб жанрлъун. Гьес хъвалеб буго: «Сатираялда поэтас жиндирго пикраби, анищал, хьулал ва чорхол асарал къват1ире кьола ч1агоял образаздалъун, малъариги ваг1заги гьениб дагь бук1уна. Сатира кколаро г1иси-бикъинаб жоялда т1ад релъанхъи, гьеб ккола мекъаб, т1екъаб ва квешаб, сурукъаб жо бихьидал, пирхараб пири, гъугъади г1адин, чорхол асаралъул къуват кагътиде кьей. Сатираялъул аслулъун ккола г1адатияб махсара-хоч1 гуреб, гъваридаб юмор».

Сатираялъул аслияб къаг1идалъун буго сурукъаб, мекъаб жоялда релъанхъун, гьайбатаб ва лъик1аб жо тасдикъ гьаби. Шаг1ирасул идеал - рек1ее бокьараб жо гьениб бихьизабула чурукаб жо какун, гьединлъидал

сатираялъул аслияб мурад данде ккола адабияталъул аслияб мурадалде - инсанасе тарбия кьеялде, берцинаб, гьайбатабщинаб жо к1одо гьабиялде. Сатириял асарал Х1амзатица ц1акъ г1емерал хъвана, гьел руго ц1акъ камилал, т1адег1анаб адабияб даражаялда г1уц1арал. Гьединаздасан рехсезе бегьула «Очередь», «К1их1ат1илал хъурмал», «К1игьумерилав», «Подхалим», «К1ал бег1ерал г1унк1к1ал», «Хъамалчаг1и», «Учительлъиялдаса вас милициялде ах1и», «Илбис», «Капек», «Тухумчаг1азул ц1огь» ва гь. ц. Куч1дузул ц1араздасанго бихьула нилъеда щиб темаялда гьел хъварал ругелали. Шаг1ирас гьенир какулел ругел квешал г1адамал руго улкаялъе х1инкъи бугел, ват1ан суризабулел, жидерго т1омалъул гурони, т1ок1аб жоялъул ургъел гьеч1ел чоргелал.

Х1амзатие бищунго рокьулароан цо бицун, цогидаб гьабулел гьересикоммунистал, гьезул х1акъалъулъ хъварал руго гьал раг1аби:

К1ал бахъин бугони, михьида жаниб
Бахчараб чороклъи лъида бихьилеб?
Лъалда лажбарги хъван, жаниб рехараб
Хъах1аб х1араялде х1исаб лъил щвелеб?

Цебе ханзабазе канлъи гьабизе
Кан ккун рук1аразе к1ибуц1 ккун буго.
Кисан свераниги гьорода хадур, —
Гьет1арухъабазе бихъун кьун буго.

Х1амзатил сатираялъухъа мекъал х1акимзаби кутакалда х1инкъулаан. Власть кодоб бугез шаг1ирасул цо-цо куч1дул ц1ализе гьукъун рук1ана. Масала: «Капек», «Учительлъиялдаса вас милицаялде ах1и», «Шамиль» ва цогидалги.

Гьел руго абадиялъги маг1на ва къимат холарел куч1дул, гьаб жакъа хъварал г1адал. Нужго балагьун рихье «Капек» кеч1алда г1арцул къуваталъе кьун бугеб къимат:

Бах1арчилъиялъул щайзе бицунеб,

Шагьабазухъ гурищ бергьенлъи бугеб?
Щай, г1умруги бичун, г1елму ц1алилеб,
Г1арац-меседалъе сужда гьабулеб?

Дуда бихьуларищ, чан лебалав чи
Чванта г1ат1идазде г1ин т1амун вугев?
Г1елму-лъай бугезухъ балагьуларищ,
Мегьед к1удиязул к1алт1а женжелел?

Следователас къалам сверула,
Сурав босулелъул дуда бер ч1вани.
Судияс статья хисизабула,
Хулжиниса къват1иб мун баккун хадуб...

Гьаб нилъер заман лъугьун буго лъай-г1елмуялъулги къимат хвараб, х1укуматалъги учительзабазулги, тохтурзабазулги, г1алимзабазулги х1алт1и инжит гьабураб мехалде. 1942 соналъ учительзабазул лъик1аб къимат бук1ана, гьедин бугониги, т1адчилъи ва кутакчилъи къвариг1ун милицаялде арав цо росуцояв гьалмагъасде хит1аб гьабун, Х1амзатица хъвалеб буго:

Дуй культураялъул х1ажалъи гьеч1о,
Кутакчилъи буго гьанже къвариг1ун.
Канлъи-лъай босулеб заман аб гуро,
Милицалъи буго балагьизе ккун.

Хадубги махсаро гьабулеб буго, таманча балареб г1умруялдаса г1адада араб жо лъаларин. Гьанир рехсеч1ого г1оларо подхалимасул хасият бихьизабулел мухъалги, гьесул психология рагьун буго, живго к1алъазе т1амун:

Бит1араб бугилан, т1екъаб раг1иги,
Т1адги рекъон, дица щула гьабула.
Дицаго ц1аги лъун, г1ариги бух1ун,

Г1ерт1ица лъимги т1ун, т1аделъула дун.

Гъединаб буго нилъер х1укуматалъул цо-цо бут1рузулги г1амал. Сатирикасул г1умру ва х1алт1и бигьаяб бук1унаро, гьев г1емерисезе вокьуларо, гьесдаса рец1ел босизе лъугьуна. Хасго лъеберабилел-к1икъоабилел сонал рук1ана зах1матал, г1адамаз цоцаздасан мац1 гьабулел, цоцаздаса х1инкъулел, бокьараб бугьтан лъун чи жанив лъезе бегьулел. Бугьтанал Х1амзатидаги лъуна, дибирлъун х1алт1улев вук1анин, ц1аларав динияв чи вугин... Чанго комиссия г1уц1ун бук1ана шаг1ирасдасан хъварал г1арзазул ц1ех-рех гьабизе. Гьелъул х1акъалъулъ бицун буго «Гьалмагъасе жаваб» абураб Х1ажи Заловасе сайгъат гьабураб коч1олъ. Жиндасан г1арзал хъвалел мац1ихъаби поэтас релълъинарулел руго заг1ипал х1анч1аздаги, чурукал гъудуздаги:

Дир х1укму гьикъани, х1еренго бице,
Х1анч1азги гъудузги толев гьеч1илан.
Тухумчилъиялъул къавмги т1аделъун,
Къват1ул хабаразда хадув вугилан.

Мегеж хъах1лъизег1ан жанив вегич1еб
Судалъул рукъ буго рагьулеб-къалеб.
Инкъилаб ккелалде къаница ккурав
К1удав инсул буго аслу ц1ехолеб.

Х1амзат къуркьич1о, гьес хъвана г1емерал гьайбатал асарал, бат1и-бат1иял жанралги х1алт1изарун: басняби, пьесаби, поэмаби, рокьул ва политикиял куч1дул, харбал, очеркал, памфлетал, макъалаби, гІелмиял статьяби. Хасго гьунар т1егьана рагъул соназда.

К1удияб Ват1анияб рагъул ункъо соналъ шаг1ирас хъвана ва къват1ибе биччана чанго т1ехь «Шамил», «Ват1аналъе г1оло!», «Къисасалде», «Мукъурберцин». Т1ахьазул темаби заманалда хурхарал рук1ана. Наталья Капиевалъул пикруялда рекъон, рагъул соназ Х1амзатил гьунаралъул ц1иял рахъал т1атун руго: «Цебеялде данде ккун, гьанже

публицистияб лирикаялда цадахъ гьес г1уц1ун руго гьайбатал лирикиял чорхол, рек1ел асарал ва къасдал къват1ире кьолел куч1дул». Гьединазул цояблъун ккола халкъалдаго лъалеб «Гьит1инай Пат1иде» абураб элегия.

Рек1ел бух1игун, х1асратгун хъварал руго: «Ц1унизин намус», «Ват1аналъе г1оло», «Къисасалде», «Сталинград» г1адал куч1дул. «Фашистазул «культура» абураб сатирияб кеч1алда г1уц1ун буго тушманасул г1аммаб портрет:

Фашистазул хасият
Хъирис бараб гьвел буго,
Гьезул т1абиг1ат-г1амал
Г1алхул хъурмазул буго...

Гитлерил жанавараз
Жаниб сордо бараб бак1
Чурун бац1ц1алъуларо,
Моц1ица мах1 унаро.

Рагъул соназда г1уц1араб буго Х1амзатил «Шамил» абураб чанго соналъ гьукъун бук1араб эпосияб поэма. Шаг1ирас Шамилиеги, гьесул эркенлъиялъе г1оло гьабураб къеркьеялъеги кьун буго бит1араб къимат. Поэмаялда г1уц1ун буго Шамилил гьайбатаб образ. Гьев вихьизавун вуго бах1арчи, полководец, политик, патриот х1исабалда. Хадуб цо-цо бет1ер сверарал политиказ Шамилиде гьев турказ вит1арав агент ва хиянатчи вук1анин маргьаби рицине лъугьараб мехалъ Х1амзатица хъвана:

Гъунараз ц1ар босараб
Мисалияб лочноде
Мухъ къосараб пикруялъ
Гъадил хвалчен хьваг1ана.
Пачаясул зулму-х1ал
Зах1малъидал гьабураб

Гьайбатаб къеркьеялда
Къабих1ал г1ужал лъуна...
Шамилил история
Эсул т1анч1азда лъала, -
Аслу гьеч1еб раг1уде
Г1инт1амизе ккеларо.

К1удияб Ват1анияб рагъул соназда Х1амзатица бихьизабуна жив ват1аналъул унго-унгояв патриот вук1ин; гьесулъ г1ажаибго дурусго загьирлъана маг1арул халкъалъул сахалщинал г1адаталги г1амал-хасияталги... «Гьесул назмабазе щвана ц1иял сверелал ва бакънал, гьезда реч1ч1ана цо бат1ияб рух1. Халкъияв поэтасул ццидалаб ва х1алуцараб гьаракь багъана Дагъистаналъул кьурабазда, гьесул ах1и бараб раг1ухъ г1инт1амуна Кавказалда рук1арал фашизмалде данде ч1арал халкъиял митингазда. Х1амзатил х1асратал к1алъаял ва гъваридал каламал, рек1елъе роргулел макъалаби ва г1акъилал насих1атал лъугьана патриотияб публицистикаялъул гьайбатал мисалаллъун».

Рагъда хадусел соназ къват1ире риччана шаг1ирасул к1иго т1ехьалде данде гьарурал асарал, гьединго «Эркенаб зах1мат» абураб т1ехь. Гьединго к1иго т1ехь бахъана Москвалдаги г1урус мац1алде руссинарун: «Муг1рул т1огьал» (1948) ва «Т1аса рищарал асарал» (1951).

Х1амзатил творчествалъул борхалъилъун ккола 1951 соналъ Пачалихъалъулаб премия кьураб «Вехьасул къиса» абураб поэма. Гьеб буго г1емерал соназул х1алт1ул х1асил. Маг1арулазул ц1ияб г1умруялъул х1акъалъулъ къиса хъвазе шаг1ирасул пикру ккун бук1ана рагъ ккелалде цересел соназго. Х1амзатил планалги хьулалги хвезаруна Ват1анияб рагъуца. Поэмаялда т1ад гьев х1алт1ана 1946 соналдаса 1950 соналде щвезег1ан. Поэмаялъул жанр авар литератураялъе ц1ияб жолъун бук1инч1о. Поэмаби рук1ана Хьаргабиса Бегиласулги, Г1алих1ажиясулги, Ч1анк1алги, Мах1мудилги, живго Х1амзатилги. Амма «Вехьасул къиса»

г1адаб г1ат1идаб, г1емерал лъугьа-бахъинал жанир рачараб, бечедаб эпосияб асар бук1инч1о.

Г1уц1иялъул рахъалдасан гьеб буго ц1акъго камилаб, микьго бет1ералдасан данде гьабураб, цок1алаб сюжет бугеб, махщалида хъвараб. Поэмаялда бихьизабун буго маг1арул росдал к1иго г1елалъул г1умру: Хирачилги ва гьесул лъимал Г1умарилги Г1алилги. Хирач вук1ана унго-унгояв х1алт1ухъан, гьес лъик1аб маг1ишат г1уц1ана, холеб мехалъ хъизанги ах1ун гьес гьарана: «Дир т1ил Г1алица босе, Г1умарица пуруц кквe, гьоркьоб г1урхъи гьеч1ого, к1иялго рекъон х1алт1е», - ян. Рикъзи бат1а гьабуни, рак1ал рат1алъулин, «дир», «дур» гьеч1ого рак1ал журан х1алт1еян. Чанго соналъ вацал гьедин, инсуца малъухъе хьвадана. Муг1рузде бач1ана революция, байбихьана колхозал гьаризе, гьит1инав вац Г1али гьениве лъугьуна, халкъалда цадахъ ана, амма ц1ик1арав вац Г1умарие колхоз рек1ее г1оларо, инсул щвараб лъабкъоябго г1иялъажоялъул гьес бежа-белъун х1ур гьабула. Г1али вахъуна унго-унгояв колхозниклъун, гьесул х1урмат гьабула х1укуматалъги г1адамазги. Жиндир гъалат1 бич1ч1арав Г1умарги хадув бит1араб нухде ккола.

Поэмаялда г1уц1ун руго камилал, художествияб рахъалъ щвалде щварал реалистиял образал. Бищунго лъик1 кьун буго Г1алил образ.

Гьев вуго гьайбатаб хасияталъул маг1арулав. Г1адамазда гъорлъги хъизам-лъималазда гъорлъги гьесул буго х1алимаб г1амал. Г1алие йокьун ячарай лъади Г1айнаъги, ц1ияб г1умруялда рекъон, х1алт1улей г1адан йиго, гьезул гьоркьорлъаби рихьизарулагоги, шаг1ирас х1алт1изабун буго реалистияб къаг1ида. Гьеб киналъего г1оло г1алимзабаз ва критиказ «Вехьасул къисаялъе» т1адег1анаб къимат кьуна.

Рехсеч1ого г1оларо Х1амзатил творчествоялда хасаб бак1 кколеб, г1акълудул ралъадлъун жиб рик1к1ине бегьулеб, адабиял дарсаздаса данде гьабун хъвараб х1икматаб поэма «Г1умруялъул дарсал». Гьениб буго маг1арулаз нус-нус г1асрабаз данде гьабураб хазина, халкъияб

г1елму - «адаб»; г1адамасул адаб гьаби, гуманизм, жаниседб культура, иман-ях1, къадру-къимат, сабру, х1алимлъи, т1абиг1ат-г1амал - кинабго инсан х1айваналдаса ват1а гьабулеб жо.

Адаб буго г1адамасул
Г1умру берцин гьабулеб жо,
Живго вахчун вук1аниги,
Халкъалда гьев вихьулеб жо...

Лъик1аб г1амал гьабулесул
Г1умруялда баркат лъола,
Г1ет1 баккич1еб бет1ер ахир
Баг1аргьиналъ къазе ккола.

Г1адамасул бищунго квешал рахъаллъун шаг1ирас рик1к1унел руго г1амал к1одолъи, сабру гьеч1олъи, хъач1лъи-г1асилъи, ч1ух1и, мекъаб квер, божуда рек1к1 гьаби, мац1 гьаби, г1емер гаргади, хъизаналъул г1унгут1аби г1адамазе гьурщи, чохьой хъулухъ гьаби, рукъ бакъараб садакъа гьаби.

Ц1адаса Х1амзат 50 соналдасаги ц1ик1к1ун заманаялъ маг1арул халкъалъул учительлъун вук1ана, гьелъул анищал, хьулал, рохелал, къварилъаби куч1дузулъ ах1ун, мат1уялъур г1адин г1амал-хасиятал рихьизарун. Гьесул творчествоялъ ц1ияб рух1 лъуна Расулил, Г1умар-Х1ажил, Мусал, Фазул, Г1адаллол, Г1абасиласул, Дагановасул, Ах1мадовасул, Г1исаев Мух1амадил ва г1емерал цойгидазулги творчествоялда, гьезие Х1амзат вук1ана мисал.

## 2. Заид Х1ажиев.

Дагъистаналъул халкъияв поэт Заид Х1ажиев гьавуна 1898 соналъ машгьураб Хунзахъ росулъ мискинаб гуреб, рес бугеб г1елму-лъаялъул адаб гьабулеб хъизамалъе. Гьит1инаб мехалъ гьев вук1ун вуго ярагъги чуялги хирияв, халкъиял куч1дулги рокьулев романтикияв чи. Анищ

бук1ун буго яргъил устар вахъине. Гьеб мурадалда жеги гьит1инав чи имг1аласда цадахъ ун вуго Бухараялде яргъил мастерскаялда х1алт1изе. Пача т1аса рехараб революция ккун хадуб Заид т1ад вуссана г1агараб росулъе, гьениб хъизамги гьабун, 15 сон барай яс Г1абидатги ячун, Муслим Аатаевас г1уц1ун бук1араб партизаназул отрядалдеги лъугьун, вагъана совет власталъе г1оло Х1оцоса Нажмудинил ва Бичераховасул бандазде данде. Гьениб гьабунила т1оцебесеб кеч1гиян абулеб буго поэтас жиндицаго нахъа тараб нухалъул бицунаго:

Гьел къояца хъвана т1оцебесеб кеч1,

Хъах1ал аскаразул курмул унтулеб.

Гьеб кеч1 г1урусазул полкалда цадахъ

Партизаназ босун цебехун ана.

Т1оцебесеб гьеб кеч1алда ц1ар бук1ана «1920 соналъ Хунзахъа бандал хъами», халкъалда гьоркьоб гьеб машгьурлъана «Бандазде гьабураб» абун. Кеч1 гьабулаго Заидица х1алт1изарун руго фольклориял асаразул къаг1идаби: имамасул «боял» ц1акъ какун руго, партизаназе т1адег1анаб къимат кьун:

Ч1ег1ерал г1анграца «г1иву» ах1идал,

Баг1арал гъалбац1аз гъуждул гурана…

Бакъда къвакъвадулел мокъокъаз г1адин,

Бакънал пулел руго пулеметаца.

Яргъида куцарал эскадронаца

Кулаказул полкал пасат гьаруна.

Рагъуе ругьунал партизанаца

«Муридзаби» щущухъ рихизаруна.

Гьединго машгьураб бук1ана бандаз гъоркьч1ел гьабун, нахъасан реч1ун ч1варав коммунист Муса Кундуховасде хадусел соназ гьабураб кеч1ги. Гьебги хъван буго фольклориял сипатал х1алт1изарун:

Рек1елъ чаран бугев чергесазул вас

Сунгрузда нахъасан сверун ккун вуго.

Чармил биун т1ураб осетин тулпар,

Туманк1азе босун басун лъун буго.

Заидил т1оцересел куч1дузе хасиятаб буго политикияб, сиясияб маг1на, г1умруялъухъ шаг1ир валагьула коммунистасул бераздалъун. Гьесул тушбаби руго рух1аниял, кулакал, «бандал».

Гьединаб классияб къаг1идаялъ лъугьа-бахъинал рихьизари доб мехалъ т1ибит1араб жо бук1ана. Кидалго гуро Заид вит1арав вук1арав. Масала, «Тушманасе жаваб» абураб коч1олъ Сталинил заманалда гьарурал репрессиял реццун руго, Г1алихановазул хабал рихизариги, минаби колхозалъе рахъиги, боц1и бикьиги. Г1алихановасдаги абулеб буго «Гуржистан бух1арав, рах1му т1аг1арав, Романоваз ккурав зулмучиян». Жакъа балагьани бат1ияб пикруги биччалеб буго, хабал рихизариги мекъаблъун рик1к1унеб буго, боц1и-малги бет1ергьабахъе нахъ бусинабуна. Репрессиязул гьабикье ккаралги г1айиб гьеч1еллъун ч1езаруна. Г1алихановазул х1акъалъулъ к1удияб т1ехьцин хъван буго.

1929-1932 соназ Заидица редакторлъи гьабуна «Маг1арулав» газеталъе. 1934-1936 соназ ц1алана Москваялда журналистикаялъул институталда. Гьеб лъуг1изабун бажарич1о, анкьго сон барав васги хун рукъове т1ад вуссана дагьаб мехалъ ВКПСбялъул обкомалдаги х1алт1ун, 1941 соналъ гьев т1амула маг1арул республикаялъул газеталъул редакторлъун. 1958 соналъ гьенив гьев хисана М. Шамхаловас.

Шаг1ирасул кинабниги лъебергог1ан т1ехь бахъана басмаялда. 1931 соналъ бахъараб т1оцебесеб т1ехьалда ц1ар бук1ана «Маг1арул куч1дул». Гьеб рагьулеб бук1ана «Маг1арул коч1охъабазде» хит1аб гьабураб асаралдалъун. Нилъер умумузул рокьул ва кьалул гурони къисаби гьеч1ин, ц1иял темаби ратун, сверухъ кколел ругел ишазул бицун, куч1дул хъваян абулеб бук1ана Заидица:

Рокьул къисабазда къокълъун ч1еч1ого,

Къалмида ц1ияб мац1 щай малъулареб?

Цого бакъаналда къот1аричlого,

Т1амуралда цойги ч1ва щай балареб?

Гьеб кеч1алъулъ бук1ана т1олабго авар литератураялъе цо ц1ияб жо - гьеб ккола сверухъ бугеб т1абиг1ат-пейзаж бихьизаби. Гьеб лъик1абго махщалида кьунги буго:

Риидалил бакьулъ муг1рузул т1огьир

Т1упун г1одор лъурал г1азулал г1ансал,

Г1ансазда жанисан чвахун рач1унел,

Чабхил иццаздасан лъугьарал лъарал...

Радалиса бакъ шун, къалъуда нак1к1 лъун,

Къоялъул хисулел бат1иял х1алал,

Вахьан балеб ц1адалъ ц1ер, пирхи кьвагьи,

Ваххи-хъуй иххалъул лъарамухъазда.

Коч1ол ахиралда шаг1ирас ах1улел руго куркьби ругел, рик1к1аде роржунел, маданияб нухде халкъал ах1улел шиг1раби гьаризе. Маг1арул къисматалъул, гьелъие эркенлъи кьеялъул тема г1ат1идго т1ибит1араб бук1ана XIX векалъул литератураялда. Заидица гьеб тема г1ат1ид гьабуна, рагъ бана басриял г1адатазде данде, хъвана чанго асар. «Хундерил г1адат», «Маг1арулай» ва гь.ц. Араб заманги рак1алде щвезабун, маг1арулалдехун вуссун поэтас абулеб буго: «Дуе ихтияр кьун мех г1емер банин, Г1елму кьолеб рукъой ц1ализе яч1а… Совет г1уц1абазда х1алт1изе яхъа».

Заидица хъвана рокьул куч1дул. Гьел руго чвахун рач1унел, ах1изе хъварал г1адал: «Рокьул кеч1», «Эбел-ясалъул къец», «Щ1иял г1адамалги г1анч1аб рокьиги», «Берцинаб сардида сурукъаб гьобол» (гьеб кеч1 1957 с. бахъараб «Рек1ел асарал» т1ехьалда лъун буго «Макьу» абураб ц1арги лъун), «Берзул ч1ор», «Берцинай яс», «Х1асратай коч1охъан» ва гь. ц.

Зулх1ижат Х1ажиевалъул «Заид Х1ажиев. Г1умрудул ва творчествоялъул нух» абураб т1ехьалда гъваридаб анализ гьабун буго шаг1ирасул рокьул х1акъалъулъ хъварал куч1дузе, гьеб рик1к1ине бегьула

адабияталъул г1елмуялда ц1ияб раг1илъун. «Рокьул кеч1алъе» къимат кьолаго З. Х1ажиевалъ хъвалеб буго: «гьениб нилъеда бихьула кутакаб пасих1лъи, ц1илъиялъул г1аламатал, маг1арулазул рокьул х1акъалъулъ гъваридал куч1дул ругониги, Заидида к1ун буго халкъиял куч1дузулги, традициязулги кьуч1алда сипатал г1емераб, гугьар бугеб гьайбатаб кеч1 гьабизе. Рокьи раг1ун буго т1адег1анаб даражаялда:

Къаси сардил макьу рокьуй бусана,
Рокьуй куцарай мун камиллъанаг1ан.
Кунел ниг1матазул т1аг1амги ана,
Т1огьолъ булбул г1адай гьудул г1унаг1ан.

Ихдал гъут1буздасан т1анхилъ ах1долеб
Т1инч1аб гагуйилан гирула маг1у.
Риидал паст1абахъ сверун гьещт1олеб
Гьавадул т1айпусан т1аг1уна сабру»[1].

Цойгидал поэтазго г1адин Х1ажиевас жигар бахъана ц1ияб г1умруялъул г1аламатазул, социалистияб зах1маталъул, классияб къеркьеялъул, партиялъул ишазул, гьелъул вождазул г1адег1анлъиялъул, бец1ал г1адатазул х1акъалъулъ хъвазе. Ленинил ишалги, гьезул хвел гьеч1олъиги беццун буго анц1ила к1иго кеч1алда. Жакъа къоялда гьезул бицине х1ажалъи гьеч1о, Ленин цояз веццула, цойгияз какула, историялъ кьела бит1араб къимат. Амма социлизм г1уц1улаго ккарал к1удиял ишал нилъее якъинал руго: электростанциял райги, гьаваялде, космосалде совет г1адамал роржинги, г1орал къайги, ахал гьариги, школал, институтал рагьиги, тушманасда т1ад бергьенлъи босиги, ц1иял заводал, фабрикал райги ва гь. ц. Гьеб киналъулго х1акъалъулъ хъвана Заидица лъик1аб махщалида. Халкъалда машгьурал руго лъеберабилел соназда˙ гьарурал куч1дул «Электрик кьолеб кьурулаб

[1] Гаджиева З. Г. Заид Гаджиев. Жизненный и творческий путь. Махачкала, 2005, с. 43.

контор», «Ц1ар араб экипаж», «Ц1иял г1адамал», «Воржарухъан», «Макьу».

Социализм балаго халкъалъ росарал бергьенлъабазул х1акъалъулъ хъвараб буго 1940 соналъ басмаялда бахъараб «Поэтасул гьаракь» абураб т1ехь.

Пачаяс квегъараб колониялда

Коммунизмаялъул байрахъ ч1ван буго.

Ч1ег1ераб хъвекалъул куркьбал кьабураб

Кавказалъул улка эркенлъун буго.

Ват1аналъе сипат гьабун буго гьеб ц1умалда данде ккун, жиб борхалъудасаги борхалъуде боржунеб, коч1олъ такрарлъун руго к1вар бугел раг1аби:

Нуж твархе, нуж твархе халатал куркьбал,

Эхеде, эхеде, жеги эхеде!

Мунги тирхе, тирхе, тирияб мотор,

Хекко, хекко цебе, гьай хекко цебе!

«Маг1аруллъи» абураб коч1ги хъван буго берцинал т1абиг1аталъул сипатал гьарун, сурат бахъараб г1адин, цебе т1олеб бугеб маг1ишат бихьизабун:

Маг1аруллъиялъул маг1на гьикъулев

Г1иял рехъабазухъ рехъат1е балай.

Маг1арул васазул бицен бокьарав

Боц1уде хьвадулел г1ухьбузухъ балай.

Ц1ияб г1умруялъул г1аламатал рихьизариялда цадахъго х1ажат бук1ана халкъалда т1ад раччарал бец1ал г1адатал, заралиял хут1елал ва ишал, г1адамасул хасияталъулъа жеги т1аг1ун гьеч1ел чурукал рахъал бег1ераб раг1удалъун къват1ир ч1вазаризе. Гьедин Заидица хъвана чанго сатириял куч1дул, басняби, комедияби. Щибаб къват1ибе биччараб т1ехьалда батула сатира ва юмор абураб раздел. Гьенир нилъеца ц1ализе бегьула «Мулла ва дунял», «Хасмуш», «Алиментги циги», «Шайт1аби»,

«Гьет1арал ц1ороберал», «Гьекъолдухъан», «Стиляга» г1адал бег1ерал куч1дул. Шаг1ирасул яс профессор Х1ажиева Зулх1ижатица хъвалеб буго: «Инсуца г1унгут1абазул бицунаан. Амма жибго политикияб г1уц1иялде г1айиб ч1валароан. Какулароан партия. Щибаб г1унгут1иялъе ругел г1айибал рехсолаан, гьел къват1ир ч1вазариялъул рахъги кколаан. Расги г1айиб гьеч1ев чи, партиялъул обкомалда инструкторлъун х1алт1улелъул, гьев тамих1алде ц1ана. Маккаялда г1умру гьабулев г1агарав чи вук1ин, партиялде лъугьунелъул балъго гьабун бугиланги абун, гьев х1алт1удаса вачахъана. Хадув абуни Дагъучпедгизалде вит1ана. Гьединал къварилъаби гьаруниги, гьесда партиялъул нухмалъиялъулъ ва коммунистазул идеологиялъулъ улкаялъеги халкъалъеги заралиял рахъал рихьулароан ва социализмалъул нух бит1араб бук1иналдаги божулаан».

Абизе мустах1икъаб буго Ц1адаса Х1амзатида цадахъ Х1ажиевас кьуч1 лъунин драматургиялъул асарал г1уц1изе. Гьес хъвана ва театралда лъуна «Х1аскъил ва Шамил», «Къиямасеб къо», «Йиларай ч1ужуг1адан» абурал пьесаби.

Заидица хъвана анц1гоялдаса ц1ик1ун поэма. Бищунго цебе хъвараб бук1ана 1940 соналъ басмаялда бахъараб «Дагъистан» абураб. Гьеб рик1к1ине бегьула тарихияб темаялда хъвараб асарлъун. Гьелъул сюжетги г1адатаб буго, шаг1ирас бицунеб буго Дагъистаналъе автономия кьураб къоялъ гьарурал Г1алилги Марямилги къисматалъул. Вас летчик вахъуна, яс - врачлъун ц1алула. Гьезул рокьи т1аса-масаго бихьизабуниги, поэмаялда пасих1го кьун руго Дагъистаналъул тарих бихьизабулел бак1ал. Нахъисел поэтаз гьездасан мисал босана.

Заидица киналго тарихиял лъугьа-бахъиназе кьун буго бит1араб къимат:

Нилъер умумузул азарил сонал
Эркенлъи бокьараб кьалда ун руго.
Кьурул г1усал г1адал сиязда васал,
Росабиги ц1унун, ц1адулъ хун руго,

Яргъил чвархъи гьеч1еб,  чол пурхи гьеч1еб
Бач1ун гьеч1о мехго, харил мах1 ч1вач1еб.
Хвалчадул паркъиги гуллил пишт1иги
Т1аса босун гьеч1о ч1унти, бихxиги.

Кор боркьарал рагъал Дагъистаналда лъуна г1арабаз, персаз, г1урус пачаяс:

Гьанир бах1арзазул къанал ратула,
Къаркъала багъарал,  бут1рул къот1игун,
Церехъаби лъурал хобал ратула,
Цо гъежалъ рагъарал, цояб къот1игун.

Заидил поэмабазда гьоркьор бищунго камилаблъун ва пасих1аблъун дида бихьула «Хъах1илаб экран». Гьеб хъван буго гъираялда ц1алиледухъ, халкъияб легендаги кьоч1ое лъун, цебесеб ва гьанжесеб г1умруги данде ккун, композицияги буго цок1алаб. Поэма буго маг1арул ясалъе сайгъат гьабураб, гьеб байбихьула ва лъуг1ула цого сураталдалъун:

Яхъа, маг1арул яс, къоноги борхун,
Хвалдаса бергьараб рокьул бицине!
Хасалил сордоялъ дарайги рет1ун,
Мунго т1ад кьижараб кьурт1е яхине!

Гьанже доб г1асияб кьурул г1усалда
Дуе г1азаб кьурав вазирги гьеч1о.
Аваристаналъул тахшагьаралда
Хундерил ханлъун дур эменги гьеч1о.

Хундерил ханас вах1шияб иш гьабула,  вокьарав васги живго тун, эбел-инсуца кьолеб бак1алде инч1огойилан, жидерго яс Бахтика, Г1акаро маг1арде т1еренаб рат1лилъги йит1ун, г1унизаюла. Гьанже гьениб зодихъе г1унт1араб телевизоралъулаб зани - вышка буго. Гьеб ккола ц1ияб г1умруялъул г1аламат.

Заидил коч1ое бугеб гьунар хасго цебе т1уна К1удияб Ват1анияб рагъул соназда. Гьес хъвалеб бук1ана фронталдаги тылалдаги совет г1адамаз бихьизабураб бах1арчилъиялъул, тушманасде бугеб гьалагаб циналъул бицун. 1943 соналъ басмаялда бахъана «Кьалул куч1дул» абураб т1ехь. Халкъалъе машгьурал рук1ана «Тушманасе хвел», «Марямил кагъат», «Кавказалъул кавудахъ», «Дуе нух бит1аги» г1адал куч1дул. Ц1акъго пасих1го хъвараб бук1ана «Къо-мех лъик1» абураб кеч1, гьеб рик1к1ине бегьула авар адабиятаялъул жавгьарлъун:

Къо-мех лъик1, хирияб т1адмаг1аруллъи,
Т1огьода росарал дур расалъаби!
Хъах1ал т1огьал ругел дур рорхалъаби,
Лъарал гъулгъудулел дур гъварилъаби!

Метер кьили лъела кьалул бартуда,
Кьалул авлахъазде ах1уд вахъине.
Борчина черхалда чарамул ярагъ,
Чабхад рахъаразде данде вагъизе...

Рагъдаса хадур соназ къват1ире риччарал т1ахьаздасан бищунго лъик1ал руго «Муг1рул ц1ум» (1947), «Рек1ел асарал» (1957), «Маг1арда ц1ваби» (1962), «Баг1араб отряд» (1987). «Баг1араб отряд» буго шаг1ирас прозаялдалъун хъвараб къиса. Живго автор бицен гьабулел лъугьа-бахъиназда гъорлъ г1ахьаллъиялъ, гьесда к1ун буго граждан рагъул соназул х1акъикъат бит1ун цебе ч1езабизе.

Къиса г1уц1ун буго х1ужабазул кьуч1алда, гьеб рик1к1ине бегьула документалиябгун-художествияб асарлъун. Гьенир руго ургъун рахъарал лъугьа-бахъиналги, героялги. Масала Баг1араб Армиялъул бригада, гьелъул командир, пулеметчи, медсестра. Амма аслиял героял руго х1акъикъиял: Муслим Атаев, Х1ажиясул Мух1амад, Х1осенил Саг1ид, Хъайитмаз Г1алиханов, наиб Жабул Мух1ума.

Хъвадарухъанас граждан рагъул бицун гуребги, к1вар кьун буго «кьурул парсаз санграл къараб» хундерил т1алъиялъул берцинлъи бихьизабизе, тарихалде ваккун гьенир г1урал г1адамазде эркенлъи бокьулеб хасият рагьизе. Гьеб гьайбатаб ракьалда г1адамал рах1аталда, г1одоре риччан, кидалниги рук1инч1о. Ханзабазги, бегзабазги, къват1исел тушбабазги зулму гьаби кидалниги теч1о. Чуязул т1варкъиги гулбузул пешт1ейги т1аг1инч1о. Гьенир рахъана г1емерал бах1арзал: Х1ажимурадги, Ахъбердил Мух1амадги, Дайтилалги, Пажилалги.

Къоабилеб г1асруялъул байбихьуда хундерил бах1арзал инкъилабалъе г1оло къеркьезе х1адурана, байбихьана классияб граждан рагъ Нажмудинида, турказда, Деникинида, Г1алихановасда данде. Бет1ерлъи гьабуна Муслим Атаевас. Гьесулги гьесул тушбабазулги образал къисаялда рихьизарун руго психологияб куцалъ гъваридго, щибго жо бахъич1ого реалистияб куцалъ х1ужабигун «Жанисеб дунялги рагьун, щвалде щун, пикраби, хьулал ишал рихьизарун»[1]. Заид Х1ажиев жиндицаго т1аса бищараб нухдасан кьурич1ого цеве ана. Гьев вук1ана бах1арчияв инсан.

## 3. Ражаб Динмух1амаев.

Аваразул прозаялъулаб, ай харбидалъун хъвараб литература бук1ана раг1улаб искусство бижаралдаса нахъе. Амма гьеб бук1ана фольклор - халкъалъул к1алзулаб творчество х1исабалда. Маг1арулаз цебегоялдаса нахъе г1уц1улаан г1ажаибал маргьаби, харбал, къисаби, абиял, биценал. «У, маг1арулаз, хъвазе ва ц1ализе лъач1ониги, гьайбатал, пасих1ал асарал тана наслабазе. Гьениб маг1арулазул хасият ва рух1алъул бечелъи бихьизабун буго», - ян хъвалеб буго Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул Х1амзатовас маргьабазул х1акъалъулъ бицен гьабулаго. Маргьаби рук1ана прозаялъул т1оцересел асаралльун, байбихьилъун. Маг1арулазда гьоркьор

[1] Гаджиева З. Г. Рехсараб т1ехь, гь. 325.

машгъурал руго г1акъилав Шамилил, бах1арчияв Х1ажи-Мурадил, ц1одорав ва сих1ирав Малла Насрудинил х1акъакъулъ къисаби ва маргъаби. Г1емерисел къисаби, харбал хурхарал руго х1акъикъияб историялда. Дагъистан г1емер къеркьезе ккана тушманзабазде данде. Гьелъул х1акъалъулъ бицуна 16-17 веказ г1уц1арал харбазцин. Надир-Шагь щущахъ виххизавиялъул къисаби ц1алулаго нилъеда бихьула маг1арулазул жидерго ват1аналде бук1араб х1асратаб рокьи.

Къват1исел тушбаби какулел асаразда цадахъго, нилъеда ратула бечедал чаг1и, цо-цо мекъал будунзаби, дибирзаби какулел асаралги. Гьедин халкъияб прозаялъулаб литератураялъе хасиятаб бук1ана социалияб бич1ч1и буголъиги.

Прозаялъул асарал рижизе байбихьана дагь-дагь ккун коч1одалъун хъвараб литератураялъулго г1адал темабазда. Прозаиказе мисал бихьизабуна фольклоралъул асараз ва г1урус прозаялъ. Авар прозаялъул т1оцересел асарал, куч1дулго г1адин, сатирикиял темабазда хъварал рук1ана.

Дагъистаналъул киналго миллатазул прозаиказ байбихьана цо темаялдасан. Масала, лъараг1азул прозаик Юсуп Гереевасул т1оцересел къокъал харбал хъварал рук1ана шайихзаби, дибирзаби, будунзаби, гьезул ишал какарал. Доб мехалъ партиялъ т1алаб гьабулаан диниял г1адамал какизе.

Ю. Гереевасда хадув вач1ун Дагъистаналда прозаялъул асарал г1уц1изе лъугьарав хъвадарухъан вук1ана Р. Динмух1амаев. Гьев гьавуна 1905 соналъ Урма росулъ мискинаб хъизамалда. Революция ккун хадуб, Совет власть щула гьабизе г1оло гьес г1ахьаллъи гьабуна граждан рагъазда ва маг1арул росабалъ ц1ияб г1умру г1уц1изелъун гьабулеб къеркьеялъулъ. Ражабил махшелги гьунарги бихьун партиялъ гьев вит1ана ц1ализе.

Ц1алун т1ад вуссун хадуб Ражабица к1удияб х1алт1и гьабуна Ц1адаса Х1амзатида, Заид Х1ажиевасда, Асадулла Мух1амаевасда, Шигьабудин Микаг1иловасда, Мух1амадсайид Саидовасда цадахъ

Дагъистаналда ц1ияб «адабият» - литература г1уц1иялъе, маг1арулазда гьоркьоб цебет1ураб культура-лъай т1ибит1изабиялъе.

20-30 абилел соназда Дагъистаналда гьанже г1адаб к1удияб хъвадарухъабазул организация бук1инч1о. Цойгидал миллатазул ругел секциялцин маг1арул мац1алда рук1инч1о. Ражабица жигараб г1ахьаллъи гьабуна гьел киналго г1уц1иялъулъ. Гьес редакторлъи гьабулеб бук1ана маг1арул мац1алда бахъулеб бук1араб т1оцебесеб литературияб журналалъе - («Коммунист маг1ариф»). Ражабица г1емер соназ бет1ерлъи гьабуна газеталъул редакциялъе, г1езаруна махщел бугел журналистал.

Ражаб лъалел г1адамаз бицуна гьев ц1акъ рак1 аваданав, гьалмагъзабазда гъорлъ восарав, рак1 жубарав чи вук1анилан. Гьес гьабун щинаб х1алт1иялъул цо мурад бук1ана - маг1арулал ц1ияб г1умруялде, ц1ияб культураялде киг1ан к1ваниги хех рач1ин, гьез умумузул намус, рухlалъул бечелъи яс бер г1адин ц1уни, бец1лъиялде данде рагъ бай. Бец1ал г1адатал какун асарал хъвараб мехалъ цо-цо г1адамаз гьесда г1айиб г1унт1изабуна, маг1арулазул хасият мекъи бихьизабулеб бугилан. «Бидухъ-би» абураб къисаялда авторас какулеб буго бидул рец1ел босиялъул басрияб г1адат. Гьениб маг1арулал квешал чаг1и ругин абулебго гьеч1о, гьес гьел басриял, бец1ал г1адаталги рехун тун цоцазул адаб-хъатир гьабиялде, сабурал, ц1одорал, лъик1ал лъай бугеллъун рук1иналде ах1улел руго.

Ражабица литературияб х1аракатчилъи байбихьана 1926 соналъ. 1936 соналъ гьесул литературияб иш байбихьаралдаса 10 сон т1убай т1обит1ана, т1оцереселлъун рук1ана «Цеве аллагь, хадув рос», «Къанал ч1ваяв Къади» абурал хабарал.

1929 соналъ газеталда бахъун бук1араб «Къанал ч1ваяв Къади» абураб очеркалда хъвадарухъанас бицунеб буго диналъул рахъги ккун, халкъ «бит1араб» нухде бачунев херав къадица г1олохъанай, гьайбатай яс х1акъир гьаюрай куцалъул х1акъалъулъ. Къади Аминатида т1ад реч1ч1ула, гьелдаса ч1инч1у бахъула. «Сурарай» яс эбел-инсуца х1ал гьабун херав къадие росасе

кьола. Рокьукъав росасда цадахъ гьайбатай ясалда г1умру гьабизе к1оларо, жиндирго тушман т1ад ц1а бакун вух1ула, жийгоги г1умруялдаса ят1алъула. Вокьуларев херав чиясда цадахъ йик1иналдаса гьелъ хвел т1аса бищула. Хъвадарухъанас бихьизабураб г1адаб иш г1умруялда ккола, ва амма лъутьа-бахъин рехсон гурони, авторас Аминатил пикраби, хьулал, ургъелал нилъее рагьулел гьеч1о. Аминатил г1умруялъул х1акъалъулъ нилъеда лъазе к1ола цох1ого гъолъ гьабураб таваккалаб ишалъухъ балагьун. Гьедин т1оцересел асаразе хасиятаблъун лъугьана лъугьа-бахъиналъе анализ гьабун къимат кьеч1ого, гьеб рехсон, гьелъул х1акъалъулъ къокъ гьабун бицун тей, художествалъулаб къаг1идаялъ бихьизабич1ого. Литературияб асар г1уц1иялъул къаг1идаби жеги камиллъич1ел, ц1орач1ел, раг1алде рахъинч1ел рук1ана. Прозаялъул асарал г1уц1улел законал жеги хъвадарухъабазда гъваридго лъалел рук1инч1о.

1929 соналъ Р. Дин-Мух1амаевас лъуг1изабуна «Бидухъ-би» абураб къиса. Гьеб бук1ана Дагъистаналъул литератураялда жаниб бищунго к1удияб прозаялъулаб асарлъун. Гьеб къисаялда хъвадарухъанас цебе лъола к1вар ц1ик1араб масъала: «Бидухъ-би» - бидул рец1ел боси абураб бец1аб г1адат къват1иб ч1вазаби. Гьеб вах1шияб г1адаталъ халкъалъе к1удияб зарар гьабулеб бук1ана. К1иго тухумалда гьоркьоб кьал кколаан ц1акъго пайда гьеч1еб жоялдасан, гьит1инаб рак1 хвей к1одо гьабиялъ к1удиял биял г1одоре т1еялде рачунаан. Гьединаб ишальул х1акъалъулъ бицунеб буго Дин-Мух1амаевас «Бидухъ-би» абураб къисаялда. Авторас ц1акъ к1вар бугеб тема т1аса бищун бук1ана. Амма гьеб раг1алде бахъизабулаго зах1малъаби данд ч1вана. Къиса хъван буго ч1амуч1аб, пасих1аб гуреб, бак1аб мац1алъ, гьелъ ц1алдохъанасе гьабулеб асарги заг1ип гьабула. Г1емерисел бак1ал кьун руго натурализмаялъул х1исабалда, шибго хис-бас гьабич1ого, ч1вай-хъвеялъул суратал цере ч1езарун, бицунеб жо художествалъул борхалъуде бахинабич1ого. Къисаялда дандч1вала ц1алдохъанасул бер биххулел, рак1 гьанц1улел бак1ал, масала, гьадин бицун батула ч1вай-хъвеялъул: «Черхалдаса къот1ун гьанал кескал Мух1амад Камилил к1алдир къазарулел

рук1ана» к1иявго вацас рец1ел босулаго абун. Доб мехалда критикаялъ къисаялъе лъик1аб къимат кьеч1о, машгьурав хъвадарухъан Э. Капиевас къисаялда абуна «мух1канго хъвараб протокол г1адаб жо» буго гьеб абун. Гьенив цониги г1аданлъи бугев, ч1агояв чиясул сипат гьеч1о абун. Къисаялъул героял х1акъикъаталдаги ц1акъго г1асиял чаг1и руго, щибго инсанлъи жидер чорхолъ гьеч1ел, г1аданлъи хварал г1алхул г1адамал г1адал.

Асаралда, цебе т1ураб, лъик1аб образ гьеч1олъи хъвадарухъанасул г1унгут1и кколаро. Литератураялда цох1о квешал рахъазул бицунел асарал г1емер данд ч1вала, амма квешал рахъазул бицунаго авторас гьезие мух1канаб къимат кьола бат1и-бат1иял алатал х1алт1изарун. Гьел художествалъул алатал Р. Дин-Мух1амаевасул къисаялдаги руго, амма дагьал руго.

Р. Дин-Мах1амаевасул асар мух1канаб, камилаб лъугьун гьеч1о, г1емерисел бак1ал рихьизарун руго натурализмаялъул къаг1идаялда.

Натурализмаялъулаб куцалъ, т1аса-масаго, гъорлъе ккеч1ого г1умру бихьизабизе хъвадарухъан лъугьуна камилаб куцалъ, гъваридго гьеб лъалареб мехалъ, гьединго художествалъулаб махщелги заг1ипаб бугони. Дин-Мух1амаевасда х1ужжаби, лъугьа-бахъинал т1аса рищизе лъалел руго, амма гьел данд разе, гьезул гъваридаб чвахи батизе, гьел ч1аго гьаризе, гьезда рух1 лъезе лъалеб гьеч1о.

Бидул рец1ел боси къват1иб ч1вазабиялъул тема ц1ик1ун к1вар бугеб, къвариг1араб тема бук1ана Дагъистаналъул литератураялда. Хасго совет власть г1уц1улел т1оцересел соназ литератураялъ рагъ базе кколаан бец1ал г1адатал ц1унулезда данде, ц1ияб г1умру бергьине кумек гьабун.

Г1емерал заг1ипал рахъал рук1аниги, маг1арулаз Р. Дин-Мух1амаевасул «Бидухъ-би» абураб къиса лъик1 къабул гьабуна. Бец1аб г1адат къват1иб ч1вазабиялъул тема т1оцебе жиндица бихьизабураб гьеб къисаялъул 30 абилел соназда ц1ик1араб к1вар бук1ана. Аваразул литератураялда т1ад х1алт1улей филогогиялъул г1елмабазул кандидат Л. Соколовалъ бит1ун

хъвалеб буго: «Бец1аб г1адаталъе къурбанлъун жиб ккараб мискинав векьарухъанасул хъизамалъул мисалги бачун, хъвадарухъанас рак1 ч1оледухъ баянго бихьизабулеб буго феодалиялгин-патриархалиял г1адатазе мут1иг1лъиялъ г1адамал г1асияб балагьалде рачунеб куц... Образал т1аса-масаго г1уц1ун рук1иналъухъ балагьич1ого «Бидухъ-би» абураб къисаялъул ц1ик1араб к1вар бук1ана жиндир заманалда халкъалъе тарбия кьеялъулъ. Гьеб бук1ана авар литератураялда к1вар бугеб темаялда хъвараб т1оцебесеб асарлъун»[1].

Дин-Мух1амаевасда хадуб бидул рец1ел босиялъул бец1аб г1адат какун асарал хъвана З. Х1ажиевас, Ц1. Х1амзатица, Ш. Микаиловас. 1932 соналъ З. Х1ажиевас хъван лъуг1изабуна «Х1аскъил ва Шамил», «Къиямасеб къо» абурал пьесаби, «Шамил ва Х1аскъил» абураб пьесаялда бицунеб буго бидул рец1ел босизелъун г1умру г1адада хварал г1адамазул х1акъалъулъ. К1иго гьудуласда гьоркьоб тушманлъи ккола, гьел бидулал тушманзаби лъун лъугьуна расги гьезда г1айиб гьеч1ого. Х1аскъилихъан тохаб иш ккола, гьес Шамилил вац ч1вала. Шамил 17 соналъ Х1аскъилида хадув лъугьуна, гьев ч1вазелъун, т1ок1аб дунялалъул шибго пикру гьабич1ого гьев цох1ого рец1ел босиялъул ургъалида вук1уна. Ахирги гьес Х1аскъил ч1вала. Ц1алдохъаби рак1 унтун хут1ула героязул къисматалда. Гьеб пьеса маг1арулазда гьоркьоб ц1акъ т1ибит1араб бук1ана.

30-абилел соназда муг1рузда социализм г1уц1изе г1оло гьабулеб х1ал т1уца лъик1ал х1асилал кьола. Росабалъ ц1ияб г1умруялъул г1аламатал загьирлъула. Гьел ц1иял рахъал художествалъул асаразда рихьизареян абулеб бук1ана хъвадарухъабазда нилъер партиялъ. Пролетаразул к1удияв хъвадарухъан М. Горькица абулеб бук1ана, киг1ан лъик1, баянго ц1иял рахъал рихьизаруниги, гьадиг1анго басриял рахъалги жалго къват1ир лъолин абун. Гьедин гьабизе байбихьула маг1арулазул хъвадарухъабазги.

[1] Л. М. Соколова. Дагъистаналъул халкъалъул литература 20 абилел соназда. «Дагъистаналъул совет литератураялъул очеркал». Мах1ачхъала, 1957 сон, 70 гьумер.

Ц1ияб г1умру г1уц1иялъул аслияб мурадлъун бук1ана ц1ияв инсан вижи, гьесул кинабго хасият-г1амал, психология, рух1ияб г1умру ва пикру ц1илъи. Гьеб рахъги хъвадарухъабазул берда цебе бук1ана. Гьез байбихьула ц1ияв инсанасул образ-сипат г1уц1изе. З. Х1ажиевасул «Сулахъалъул раг1алда» абураб поэма бук1ана индустриализациялъул темаялда хъвараб т1оцебесеб асар. Камилал, ч1ван-къот1арал образал кьун гьеч1ониги, гьениб аслияб бак1 ккола ц1ияв инсанас.

Социализм г1уц1улаго маг1аруласул хасият-г1амал ц1илъараб ва хисараб куцалъул тема босун асарал хъвала прозаиказги. Лъараг1азул хъвадарухъаби: Ю. Гереевас, А. Аджаматовас, А. Сулеймановас, лезгияв А. Фатах1овас, маг1арулав Р. Дин-Мух1амаевас инсанасул рух1ияб пикру цебет1ей бихьизабуда руччабазул образал г1уц1ун.

30 абилел соназул байбихьуда Дагъистаналда литература цебе т1еялъе квер бакъи гьабуна партиялъ гьарурал тадбираз. 1930 соналъ Дагъистаналъул XI партконференциялъ республикаялъул пролетариял хъвадарухъабазул ассоциация г1уц1иялъул суал цебе льола. 1930 соналъ 11 августалда ах1ула литературияб совещание. Бищула ДАССРалъул хъвадарухъабазул оргбюро. 1931 соналъул 15 апрелалъ оргбюроялъ «Дагъистаналъул киналго хъвадарухъабазде, поэтазде, литературиял х1алт1ухъабазде!» абураб хит1аб къват1ибе биччала.

1933 соналъ «Штурм» абураб литературиябгин художествалъулаб ва публицистикияб журналалъул т1оцебесеб номер къват1иб биччала. Гьелъ хъвадарухъабазда цере масъалаби лъола: ц1ияв инсанасул хасият бихьизабизе, социализмалъул бергьенлъаби г1ат1идго рихьизарулеб искусство г1уц1изе, г1олохъанал хъвадарухъабазе кумек гьабизе, халкъияб литература бак1аризе х1алт1аби гьаризе.

Амма «Штурм» журналалъул цо номер гурони къват1ибе бач1инч1о. 1934 соналдаса киналго мац1азда къват1ибе биччазе байбихьана «Коммунист маг1арип» журнал. Гьелъул гьурмазда рахъулел рук1ана Х1амзатица, З. Х1ажиевас ва Р. Дин-Мух1амаевас хъварал асарал. Гьениб бук1ана З.

Х1ажиевасул «Чирюрт» абураб очерк. Дин-Мух1амаевас «Рабият» абураб очеркалда бицунеб буго советияб заманалда тарбия кьун г1урай ц1ияй ч1ужуг1аданалъул х1акъалъулъ. Рабиятица, росдал мац1ихъабазул ва росабазул харбазухъ г1инги т1амич1ого ц1ияб г1умру г1уциялъулъ жигараб г1ахьаллъи гьабула. Росас кьолел х1инкъабазухъ г1ин т1амуларо. Хабар г1уц1араб буго росасдаги ч1ужуялдаги гьоркьоб ккараб конфликталда сверухъ. Шарифие рек1ее г1оларо ч1ужуялъул хьвада-ч1вади. Гьес Рабиятида абула рукъ-бак1ги къач1ан рукъой ч1аян, г1аммаб х1алт1улъ г1ахьаллъи гьаби руччабазул иш гурин. Амма Рабият бергьуна, гьелъ жигар бахъула г1умруялдаса нахъа хут1унгут1изе. Дагь-дагьккун Шарифида бич1ч1ула живго мекъи вук1ин. Конфликт гьелда лъуг1ула.

Хъвадарухъанасда ратун руго г1умруялъул данде ккунгут1иял, амма героязул мурадал бигьаго т1уралел руго. Гьелъ хабар дагьаб гъорлъе ва-ккич1ого т1аса-масаго хъвараблъун ккола.

Авар прозаялда лъик1аб лъугьа-бахъинлъун бук1ана Дин-Мух1амаевас «Галинал гьалбал» абураб хабар къват1ибе биччай. Т1оцебе маг1арул литератураялда жаниб гьаниб берцинго бихьизабун буго г1урус ясалъул, Россиялдаса яч1арай учительница Галинал сипат-сурат ва хасият-г1амал. Авторасда к1ун буго маг1арулазул сипат-суратги лъик1го рагьизе. Херал маг1арулаз ц1ик1к1араб адаб-хъатир гьабула Галинал, гьелдаса рохарал рук1уна. Амма цо-цо г1оркьилаз, нахъег1анал пикраби гьарула. Финотделалъул х1алт1ухъан Мух1амадица Галина къварид гьаюла, изну гьеч1ого къаси гьелъул рукъове к1анц1изе жигарги бахъун. Херал г1адамазул гьесда рак1 релъула.

Авторас Мух1амадил образ кьолеб буго сатирикияб планалда. Сатирикияб къуват щвалде щвезелъун хабаралда х1алт1изарулел руго бат1и-бат1иял къаг1идаби. Герой чода рек1ун росулъе вач1арав куц (маг1арул г1адатги хвезабун), гьев гьудуласухъе ун гьекъарав куц. Гьесул гьудуласул рокъоб ч1абар рух1ун хут1арал папиросазул рач1аз ц1ун, мокърокь хъанхъра бан бук1уна.

Авторас г1ат1идго х1алт1изарун руго дандекквеял. Галинал гьит1инаб рукъ гьайбатго къач1ан бук1уна, Мух1амадил гьудуласул рукъ рохьдол, х1урул ц1ун бук1уна. Галинал рек1ел аваданлъи, рохел, гьелъул рек1ел хьулал, пикраби, школ лъималаздаса, х1алт1удаса разилъи авторасда х1айранаб ва рек1елаб къаг1идаялъ кьезе к1ун буго.

Хабар хъван буго берцинаб, х1еренаб мац1алъ, жура-гъурарал г1уц1иял зах1матго ц1алулел предложениял гъорлъ гьеч1ого. «Галина т1аде яхъана рогьалил хъах1лъи лъалалде. Гимнастикаги гьабун, гьит1инал х1ат1азда т1еренал мачуял рет1ана, маг1арул къаг1идаялъ бот1рода ч1инч1у ч1вана. Жеги бакъ баккун бук1инч1о, Галина абуни классалъул гордохъан муг1рузул гьайбатаб т1абиг1аталъухъ ялагьун йик1ана... Лъимал школалде рач1унел рук1ана. Гьезул рохалил ц1урал гьурмал бакъуде данде кенч1олел рук1ана».

Хабар г1уц1араб куцги г1адатияб буго. Гьеб байбихьула т1абиг1аталъе сипат-сурат гьабиялдасан. Галина муг1рузде яч1уна рик1к1адаб г1урус ракьалдасан, гьей маг1арул т1абиг1аталъ х1икмат гьаюла, гьеб гьелъие бокьула. Хадуб авторас нилъее бицуна Галинал г1умруялъул х1акъалъулъ. Гьаниб гьес х1алт1изабула рак1алде швеялъул къаг1ида. Росолъе вач1уна Мух1амад, гьесул х1акъалъулъ бицунаго авторас хъвалеб стиль хисула. Лирикияб макъан нахъе ун, сатира ва юмор цебе бач1уна. Галиналги Асх1абиласулги тунка-г1уси ккола. Гьениб бергьенлъи босула Галинаца.

Р. Дин-Мух1амаевасул асаралъул героиня Галина йик1ана ц1ияй г1адан, ц1ияб пумру Дагъистаналда г1уц1изе рач1арал г1урус вацазул ва яцазул мухъилъа цояйлъун.

Хъвадарухъанас бихьизабуна, маг1арухъ ц1ияб г1умру г1уц1изе бук1ин маг1арулазул лъик1ал г1адатазде мугъч1вайги гьабун. Галинал образ маг1арул литератураялда т1оцебесеб реалистикияб образ лъугьана.

Ражаб ц1акъ г1емер х1алт1ана «Хъабчилъ бах1арзал» романалда т1ад. Хъвадарухъан дагъав г1едег1ана гьеб басмаялда бахъизе, гьеб иш нилъеца жакъа кинго бальго гьабизе бегьуларо. Роман къват1ибе биччан бук1ана киг1ан дагьабниги редакторасул х1алт1иги т1ад гьабич1ого, г1емерал гъалат1алгун, Ражаб т1ехь лъик1лъизабиялда т1ад х1алт1ана, гьеб къват1ибе биччан хадуб. Къач1араб вариант нахъе хут1ун буго г1урус мац1алда, гьелъие кьун буго бат1ияб ц1ар - «Г1инт1идул т1егь» абун. Унго-унгояб г1инт1идул т1егь зазил ц1ураб бук1унеб г1адин, унго-унгояв бах1арчиги цо-цо хъабчилъин ватулев. Гьеб к1иябго пикру цого маг1наялъул буго.

Романалъул фабула г1уц1араб буго гьадинаб куцалъ: росу рехун тун Г1али уна къват1иве маг1ишат гьабизе. Ччуг1а кколеб батагъалда х1алт1улев вук1арав чи Пайзулагьица гъоркьан т1амурал чаг1аз рек1к1 гьабун ц1огьги т1ад ч1езабун туснахъалде ккола. Туснахъалда гьесул революционер Акайилгун лъай-хъвай ккола. Акайица Г1алие политикияб бич1ч1и кьола, Бакуялда революциялъул багъа-бачариязул бицуна.

Туснахъалдаса ворч1ун хадуб Г1алие ралъдалъ гъанкъулей йик1арай бечедай г1урусай хвасар гьаюралъухъ сайгьаталъе г1емераб г1арац щола. Гьебги босун Г1али росолъе вуссуна г1умруялъул г1ураб х1албихьиги щун. Щвараб лъайги, х1албихьиги кумекалъе босун гьес жигар бахъула росдал г1умру хисизабизе. Граждан рагъ байбихьарабго гьев партизаназда цадахъ вагъизе уна. Амма авторас аслияб фабула цебе бачунеб гьеч1о. Г1али цевеса т1аг1уна, гьелъ романалъул г1уц1иги мекъса ккезабула. Аслияв геройлъун лъугьуна рагьт1ател Мух1ама. Кинабго лъугьа-бахъинги гьесул ишазда хурхуна. Гьев г1емерисеб мехалъ маргьабазул героязда релъуна. Рагьт1ател Мух1амаца къват1ир ч1вазарула бечедав чи Пайзулагьил, гьесул

ч1ужуялъулгун балъго рокьи гьабулев росдал дибирасул чорокал ишал.

Октябралъул революция ккараб мехалъ росолъ г1уц1ула кружокал, партизаназул отряд. Рагьт1ател Мух1ама вищула росдал бегавуллъун. Росолъе бандал рач1араб мехалъ Мух1амал бет1ерлъиялда гъоркь мискинзабаз рагъ гьабула тушбабазда данде. Бандаз вах1шиял ишал гьарула, росо кодобе босула, г1емерал биял т1ола. Амма партизаназул щибго иш бихьуларо. Роман раг1алде бахъун гьеч1о, героязул къисмат раг1алде щвеч1ого хут1ула. Гьениб г1емераб вала-рахас буго цоцазда хурхинч1еб. Романалъе кьуч1лъун росарал лъугьа-бахъинал х1акъикъиял рук1аниги, гьел цо ккураб фабулаялда сверухъ г1уц1ун гьеч1о, ц1алдохъанасда цебе ч1езабизе к1оларо лъугьа-бахъиназул цо ккураб сурат ва тартиб. Г1емерал бак1ал ч1амуч1го, ц1алдохъанасе асар гьабиларедухъ хъварал руго. Масала, романалъул байбихьудаго 4-5 гьумералда бицунеб буго рос-лъади Рукъиятилги Г1алилги бук1инесеб лъимадул х1акъалъулъ. Гьеб гара-ч1вари хурхарабго гьеч1о романалъул т1олабго х1асилалда.

Дол соназ Ражабил роман г1адамаз ц1алулаан, гьоркьоб лъун данд балаан. Масала, гьелъул х1акъалъулъ 1935 соналда Аварпедучилещеялда ц1алдолезул конференция ах1ун бук1ана. Гьелдаса нахъе автор романалда т1ад г1емер х1алт1ана, гьеб къач1а-к1ат1алаго мисал босулеб бук1ана г1урус литератураялдасан.

Нилъее к1удияб к1вар буго Динмух1амаевасул т1ехьалъул х1акъалъулъ г1урусазул хъвадарухъан Лев Пасынковасул бук1араб пикруялъул. 30-абилел соназда гьев Дагъистаналде вач1ун вук1ана, Ражабил гьудуллъунги лъугьана. Москвалдасан Лев Пасынковас Ражабихъе хъвалеб бук1ана: - Дуца раг1и кьун бук1ана дихъе дурго «Хъабчилъ бах1арзал» роман г1урус мац1алде буссинабизе бит1изе. Дица бицен гьабуна редакциязда, издательствабазда, кирго дуца роман бач1иналъухъ к1удияб гъираялда ралагьун руго. Цох1о дур рахъ гурелъул х1асабалде босизе кколеб, к1вар буссинабизе ккараб жо буго гьанжелъизег1ан к1удияб маг1арул халкъалъул

асарал г1урус мац1алде руссинарич1ого тей. Дуда рак1алде кколеб батила формаялъул рахъалъ роман дагъаб раг1а-ракьанде щвеч1еб бугин. Гьеб иш бит1изабун рук1алиде ккезабизе бегьулеб жо буго. Дица дуе раг1и кьун бук1ахъе, г1урус мац1алде буссинабулаго къач1азе кумек гьабила. Гьединаб асаралъе кьолеб заманалда яги зах1маталда дун барахщуларо. Гьеб роман нижее кугакалда х1ажатаб ва бергьун к1вар бугеб буго. Маг1арулазул бечедаб таварих буго, амма гьелъул ц1ех-рех мукъсанго гурони гьабун гьеч1о. Гьабсаг1ат т1олабго халкъ социализмалде лъугьунеб бугеб мехалъ, кинабго мух1канго лъазабизе ва бихьизабизе ккола. Гьелъие байбихьи «Хъабчилъ бах1арзаз» лъелин хьул буго».

Пасынковас гьарулеб буго т1ехь бит1еян, кинаб бокьаниги кумек гьабилин. Амма Ражаб г1едег1улев вук1инч1о, гьесда лъалаан романалъул г1унгут1аби, гьел т1аг1инаризе ккани, г1емер х1алт1изе кколевлъи. Кин бугониги, гьудуласул гьари т1убазабун, жиндицаго г1урус мац1алде буссинабун «Хъабчилъ бах1арзал» роман Ражабица Пасынковасухъе бит1ана.

Гьале г1емерал сонал ун хадуб 1955 соналъ «Знамя» журналалда бахъараб «Шолоховасул ц1алдохъаби» абураб макъалаялда гьес хъвалеб бугеб жо:

«Ражаб Динмух1амаевас дие сайигъат гьабуна жиндирго «Хъабчилъ бах1арзал» абураб роман. Т1ехь маг1арул мац1алда хъван бук1индал, гьелда цадахъ лъун бук1ана подстрочникги. Романалда г1умруялъул х1акъикъат бук1ана.

Амма х1икмалъабазул бицунеб литератураялъул мугъруги бук1ана. «Ражаб, - ан абуна дица, - мун вижудасаго к1удияв хъвадарухъан вуго, амма дуца дурго квералъ чехь бихъун буго романалъул». Цо соналдасан Динмух1амаевас дихъе кьуна ц1ияб романалъул т1оцересел бут1рул. Гьес абуна: - «Шолоховасул асарал т1ат1а вуссун ц1алана, нижерго муг1рузул г1умру лъазабуна. Гьедин лъугьана гьал мухъалги», - ян. Гьел т1оцересел т1амчал ц1акъ лъик1 хъван рук1ана. Дица гьал щвезаруна «Дружба народов» журналалде. Анкьидасан редакциялъул х1алт1ухъаналъ дида абуна:

- Кибха бугеб хадусеб? Дур Динмух1амаев бит1ахъего г1олохъанав Толстой вуго!

Динмух1амаевас роман лъуг1изабич1о, амма бах1арчиго лъуг1изаруна г1умруялъул къоял. Ват1аналъе, халкъалъе эркенлъиялъе г1оло рагъда хвана». Гьеле гьеб чанго мухъ буго к1удияб г1урус журналалда Ражабил х1акьалъулъ хъвараб жо.

Романалъул ц1ияб вариант гьеч1ин абураб пикру бук1ана гьал ахирал соназде щвезег1ан. Амма къач1араб т1ехь г1урус мац1алда нахъе хут1ун батана. Гьелъие кьун буго бат1ияб ц1ар, «Г1инт1идул т1егь» абун. Гьеб ц1акъ гьайбатаб ц1ар буго. Унго-унгояб г1инт1идул т1егь зазил ц1ураб бук1унеб г1адин, унго-унгояв бах1арчиги цо-цо хъабчилъин ватулев. Гьеб к1иябго пикру цого маг1наялъулин бугеб. Роман ц1унун бук1ана Ражабил лъади, журналистка Зинаида Михальскаялъухъ. Гьелъул ахирисеб т1амчил гьумералда хъван бук1ана: «Жакъа рагъ лъазабуна, романалда т1ад х1алт1и лъуг1изе тана. Ват1ан ц1униялъул ишалде байбихьана», - ян. К1удияб Ват1анияб рагъалъ Ражабил планал ва хьулал хисизаруна. Гьев лъугьана рагъухъанлъун, амма рагьде иналде гьес хъвана лъабго лъик1аб къиса: «Гьа», «Т1улакьераб борохь» ва архивалда нилъеда батараб «Хиянатчи». Гьел асаразда бицунеб буго рагъул заманалда маг1арулазул тылалда бук1араб г1умруялъул, бах1арчияб х1алт1ул, фашистаз халкъалде бачараб балагь-къварилъиялъул. Аслияб бак1 гьениб ккола нилъер халкъалъул ват1аналде бугеб рокьиялъ, тушманасде бугеб гьалагаб цциналъ. Т1улакьераб борохьлъун бихьула маг1арулазда вах1шияб фашизм. Киг1ан к1удияб къварилъи т1аде бач1аниги, гьел къуркьуларо, бергьенлъиялде бугеб шавкъ г1одоцунаро.

Ц1акъго лъик1 хъван буго «Хиянатчи» абураб къиса. Киналго рахъаздасан гьеб рик1к1ине бегьула камилаблъун. Гьениб бихьула хъвадарухъанасул жиндирго хат1, сипатал кьезе ругел хаслъаби, маг1арул т1абиг1ат, инсанасул хасият лъай. Къисаялда бицен гьабураб иш ккола маг1арухъ рагъул соназда. Гьелъул аслияв герой Х1осен-дада унго-унгояв бах1арчи вук1уна, Совет власталъе г1оло вагъарав, мисалияб куцалъ колхозалда х1алт1улев. Гьесул ц1ик1к1арав вас багъадур г1адин Ват1ан ц1унун вагъула.

Рагъде т1овит1ула гьит1инав вас Мух1амадги. «Гъалбац1лъун рагъда хвей лъик1, г1анк1лъун ч1аго хут1иялдаса. Бах1арчи рагъда хола. Ват1ан ц1униялдаса х1урматаб иш бихьинчиясе щибго гьеч1о» - гьедин абула инсуца вас т1овит1улаго росуцояздехун вуссун. Амма дагьаб заман иналде Х1осенида бугьтан лъола, Мух1амад лъутун вугин лъазабула органаз. Амма бокьоб гьесул т1агъур батидал, инсул бадиса канлъи босула, туманк1гун рокъоса т1аг1уна. Мух1амад хиянатлъараб куц авторас психологияб кьуч1алда бицун, ц1алдолев божиледухъ бихьизабун буго. Режиссер М. Мусаевас, Ражабил къиса кьоч1ое босун, лъик1аб спектакль г1уц1ана телевидениялдасан бихьизабизе.

Ражаб вук1ана к1удияв патриот, литератураялда г1уц1арал бах1арчиял героязул иш гьес жиндицаго г1умруялда такрар гьабула. Тифлисалда офицерзабазул школаги лъуг1изабун, гьев 1943 соналъ рагьде уна. Мах1ачхъалаялъул вокзалалда гьев т1овит1улел рук1ана Х1амид Темирханов - машгьурав переводчик, Шигьабудин Микаг1илов - к1удияв г1алимчи, Мух1амад Хуршилов - хъвадарухъан, г1агарал-божаралги. Рагьдаса гьев т1адвуссинч1о, т1ад вуссиналда божарав вук1аниги.

Украинаялъул фронтадда гьев кколаан капитан, батальоналъул комиссар, полкалъул агитатор. Гьев г1ашикъ вук1ана рагъул х1акъалъулъ х1асратаб асар хъвазе. Рагьдаса рач1арал кагьтал ц1алулаго нилъеда цебе ч1ола гьайбатав инсанасул, рагьухъанасул, патриотасул сипат. 1943 соналъул 10 ноябралда гьес хъвалеб бук1ана: «Дица г1ахьаллъи гьабич1ого граждан рагъги лъуг1ич1о, Ват1анияб рагъги лъуг1иларо. Немцазул г1ащт1ичаг1аздаса Ват1ан ц1унизе г1оло дуца щиб гьабурабан бук1инесеб г1елалъ гьикъараб мехалъ, гьелъие жаваб кьезе к1веяддаса дун вохарав ва ч1ух1арав вуго».

Ражаб кинав чи вук1арав ва кин гьев тушмангун вагъаравали нилъеда бихьула гьес г1агарал-божаразухъе рокъоре хъварал кагьтаздасан. Гьале Тифлисалда рагъулабгун политикияб училищеялда ц1алулеб мехалъ росулъе хъвараб кагьтидаса мухъал: «Хирияй эбел, дун т1ад ч1ун ц1алулев вуго, Ват1аналде къо ккун къват1иве вахъун вугелъул. Дудаса рик1к1ад

вук1ин гурони, щибго къварилъи гьеч1о». Училищеги лъуг1ун рагъде араб мехалъ хъвалеб бук1ана: «Дир хирияй эбел Г1айшат, яц Салимат, босе дир урхъараб салам. Дир х1ал гьикъани, ч1аго вуго. Дун вуго рагъул цебесеб кьерда. Щибаб къоялъ ниж церехун унел руго. Сордо ва къо бат1а гъабич1ого вачахъулев вуго тушман нилъер ракьалдаса. Ват1аналде т1аде зах1матаб къо бач1араб мехалъ рух1алда барахщич1ого х1алт1изе ва рагьизе кколелъул. Нужер вас, к1удияв лейтенант Динмух1амаев. Полевая почта 04080. 21 июль 1943 с».

Рокъобе хъвараб щибаб кагътида гьес росдал х1ал-х1укму ц1ехолаан. Гьале Ражабил эбелалъухъе бач1араб ахирияб кагътидаса мухъал: «Гьабсаг1ат ниж кутакалда рагъулел руго тушмангун ва гьесда кьаби щвезабулел руго. Нужеда раг1ила нужерго васасул гьунар, гьеб бук1ина г1агарал къоязда. Хьулги буго гьаб кагътие нужер жавабги щвелилан». Ражабихъе жаваб щвеч1о, амма раг1ана гьесул гьунар росдада ва г1агарлъиялда: Ват1аналъе г1оло г1умруги кьун Ражаб бах1арчиго хвана 1944 соналъул апрель моц1алда Украинаялъул ракьалда. Гьев вукъун вуго Тернополь районалъул Зоболотниково росдада г1агарлъухъ.

Рагъда хварал Дагъистаналъул хъвадарухъабазда гъорлъ вук1ана адабияталъе лъик1ал хабариял асаралгун жив вач1унев вук1арав, 1913 с. Г1ахьвахъ районалъул К1к1арат1а росулъ гьавурав бах1арчи Абакар Т1агьиров. Гьесул бищун лъик1ал ва машгьурал асарал руго 1939 соналда хъварал «Г1андадерил ралъдахъ» къиса ва «Ци ккве й» абураб хабарги.

Гьеб хабар 1995 соналда бахъараб «Аваразул хабариял асаразул антологиялда» лъун буго, лъик1аб мац1алда хъван бугониги, гьелъул тема - будун каки лъик1 кьун гьеч1о.

Пасих1аб мац1алда, рек1ее асар гьабуледухъ хъван буго «Г1андадерил ралъдахъ» къиса. Г1агараб ракьалъул т1абиг1аталъухъ рокьи ккун вуго автор. Гьеб т1абиг1ат-пейзаж бихьизаби гьесул анищги буго. «Дир цо цебегосеб анищ бук1ана. Гьелъул бицен гьабулев чи дир к1удияв гьудуллъун лъугьунаан». Гьединаб недегьаб, х1еренаб мац1 буго Абакарил.

Киналго пикраби, т1абиг1аталъул сипат-сурат гьаби Ват1аналде бугеб рокьиялъул г1аламатлъун ккола. Къисаялда г1уц1ун буго 60 сон барав колхозчи Темирханил гьайбатаб образ. Гьес бицуна щибаб халкъалъул г1умруялдаса босараб суратлъун кколеб ункъо легенда «Шамил», «Шейх», «Пачаясул вас», «Гьереси имам». Гьел хъван руго бечедаб мац1алъ.

30 абилел ва 40 абилел соназда авар литератураялда жаниб профессионалияб, художествалъулаб проза бижи пайдаяб, к1вар бугеб ишлъун ккана. Хадусел соназ лъик1ал асарал г1уц1иялъе лъалеб куцалъ квербакъи гьабуна къисаби ва романал г1уц1иялъул т1оцересел х1албихьабаз. Амма байбихьудасанго авар прозаялъул цо унти бук1ана, хадубги сах гьабизе к1олареб: хабар халат гьаби, г1алимчи М.-С. Саидовас абухъе, «бахъухъ г1емерлъи», гьединго, маргьабалъ г1адин, кьуч1 гьеч1ел жал рихьизари. Гьеб ч1амуч1лъи, ч1анда г1емерлъи т1аг1инабизе хъвадарухъаби г1емер х1алт1изе ккана.

Гьезда цебе х1ехь г1адин ч1араб, цоги зах1малъи бук1ана — эркенго, рак1 рагьун хъвадаризе рес гьеч1олъи. Т1асан малъарулел чаг1и г1емер рук1ана, гьадинги додинги, роценал, законал ц1унун х1алт1изе кколин. Гьелъ хасго г1емераб квал-квал гьабуна нилъер гьунар бугев прозаик Мух1амад Сулимановасе. Гьесие критика гьабуна квешал, сурукъал ишал ц1ик1к1ун рихьизарулел ругин, нилъер гьайбатаб г1умруялъе чороклъиги г1унгут1абиги хасиятал гьеч1ин. Цо-цояз малъулебцин бук1ана г1урус мац1алъ хъвадарани лъик1аб бук1инин.

## 4. Асадула Мух1амаев.

Лъик1аланго авар проза цебе т1уна 50-60 соназда. Гьелъие к1удияб квербакъи гьабуна 1951 соналдаса бахъизе лъугьараб нилъер журнал «Гьудуллъиялъ». Гьелъул гьурмазда рахъана Асадула Мах1амаевасул, Мансур Х1айдарбеговасул, М. Хуршиловасул, М.Сулимановасул, Муса Мух1амадовасул, М. Сайгидил, М.- С. Саидовасул ва г1емерал цойгидазулги

асарал т1оцере, адабияталъул асаразул х1акъалъулъ критикиял, г1елмиял макъалабиги.

Нилъер критикаялъ бук1ине кколеб къимат кьеч1ев чи вуго Асадула Мух1амаев, гьелъие сабаб ккана асарал г1урус мац1алде руссинарун гьеч1олъи. Хехго г1урусалде жидерго асарал руссинаризе г1едег1улаан нилъер г1емерал хъвадарухъаби. Гьеб цо рахъалъ лъик1 буго – ц1алдохъаби г1емерлъи, машгьурлъи, г1арац щвей, амма квеш ккараб жо бук1ана рахьдал мац1алъул адаб гьабунгут1и.

Асадула Мух1амаев вук1ана кутакалда авар мац1ги бокьулев, гьебги гъваридго лъалев чи. Гьев гьавуна 1896 соналъ Гьамущиб росулъ (гьанжесеб Хунзахъ районалъул) мискинал рекьарухъабазул хъизамалда. Гьит1инаб мехалъго гьев збел-инсуца г1араб мац1 лъазабизе т1амун вуго. Лъай гъварид гьабизе г1оло эбелалъул вацас Асадула Турциялде вачуна. Гьенив ва Сириялда бат1и-бат1иял мадрасазда ц1ализавула, лъик1аб лъайги щун, 1913 соналъ Да-гъистаналде т1адги вуссун, Темир-Хан-Шураялда (гьанжесеб Буйнакскиялда) Мух1амад-Мирза Мавраевас рагьун бук1араб басмаханаялда г1ажам ва г1араб мац1алъ т1ахьал хъвалев чилъун х1алт1ула.

Дагъистаналда совет х1укумат бахъун хадуб, Асадула дагьаб ааманалъ Авар округалъул завонолъун, авар мац1алда «Баг1араб байрахъ» газета къват1ибе биччазе байбихьаралдаса гьелъул редакторлъун, жавабияв секретарьлъун ва цойгидалги ишал т1уразарулев чилъун х1алт1ула. Гьесда лъик1 лъалаан г1араб, турк, лъараг1, г1урус мац1ал. Мух1амаевас г1урус мац1алдаса авар мац1алде руссинаруна К. Чуковскиясул, М. Лермонтовасул, Л. Толстоясул асарал. Гьев вук1ана 1951 соналъ къват1ибе биччараб литературияб авар альманахалъул редакторлъун.

Асадулагьица хъвана «Маг1арулай» (1951 с), «Чаландарил сапар» (1955 с.), «К1удадаги васги» (1959 с.) абурал къисабиги цо чанго хабарги.

«Маг1арулай» къисаялда бицунеб буго рагъул соназда маг1арул цо росулъ бук1араб г1умруялъул, руччабазул бах1арчияб зах1маталъул. Гьениб бихьизабун буго унго-унгояй маг1арулай Х1афизатил образ. Гьей йихьизаюн йиго сабурайлъун, къо х1ехьолейлъун, зах1мат бокьулей, росасе ва г1адамазе хиянатлъи гьеч1ей, рак1бац1ц1адай, гьайбатай г1аданлъун.

Киналго х1алт1изе к1олел бихьинал, гьезда гъорлъ Х1афизатил рос Ах1мадги фронталда рук1уна. Росулъ хут1ула херал-бецал г1адамал, х1алт1изе к1оларел инвалидал, гьединго г1олохъанал руччабиги. Х1афизатида т1адкъала ахил бригадирлъи гьабизе. Гьеб х1алт1улъ гьелъ бихьизабула унго-унгояб жигарчилъиги гьунаргн, гьабула ц1ияб ах, ресал ратула гьеб лъалъазе, рак бан беэн гьабизе. Амма кинабго бигьа бук1унаро, г1емерал зах1малъабн дандч1вала. Колхозалъул председательлъун х1алт1улев Ахкубек вук1ана бич1ч1и гьеч1ев, нахъе ккараб пикруялъул чи. Гьесул квалквал гуреб, щибго кумек бук1инч1о.

Х1афизатие к1удияб къварилъилъун, рак1 бекараб ишлъун ккана Ах1мад фронталда хабар лъач1ого т1аг1анин бач1араб кагъат. Гьелъ рак1-мак1 гьабизе кколеб бук1ана гьесул эбел-инсуеги. Фронталдаса лъукъун т1ад вуссун вач1уна Ах1мадил гьалмагъ Сурхай. Г1олохъанлъуда гьесие Х1афизат йокьулаан, рокьул кагътал хъвалаан, амма ясалъе Ах1мад вокьулаан, гьесие росасеги ана. Фронталдаса Сурхай бажари бугев, иш лъалев, х1алт1и бокьулев, пикру цебе т1урав чи лъугьун вач1ана. Х1афизатица жигар бахъула гьев колхозалъул председательлъун гьавизе. Амма росдал цо-цо г1адамаз, х1алихьатав Ахкубекица гьусунги т1амун, мац1ал гьарула Х1афизатилги Сурхайилги рокьи бугилан. Гьеб гьедин гьеч1олъи росдал г1адамазда кват1ич1ого бич1ч1ула. Цо заманалдасан зах1матго лъукъ-лъукъарав Ах1мад, хабар гьеч1ого, рокъове т1ад вуссуна.

Асадулагьил «Маг1арулай» къисаялъе ц1алдолез ва критиказ лъик1аб къимат кьуна. Масала, 1954 соналъ Дагъисаналъул

хъвадарухъабазул к1иабилеб съездалда гьабураб докладалда Х1амзатил Расулица гьеб къиса бищунго лъик1ал художествиял асаразда гъорлъ рехсана. Гьес абуна: «Ахириял соназда Дагъистаналъул адабияталда лъик1ал образал г1уц1изе к1вана. Масала, Ц1. Х1амзатил «Вехьасул къисаялдаса» Хирачил Г1алилги Г1айнаилги ва Асадула Мух1амаевасул «Маг1арулай» къисаялдаса Х1афизатилги. Гьеб ккола ц1илъиялъул г1аламат». Асадулагь Мах1амаевасул лъик1аб мац1, хабар бицине махщел, образал г1уц1изе гьунар буго.

Лъалареб х1алалъ ругъназул сог1аз гьумер хисарав Ах1мад рагъдаса вач1ун эбел-инсуда рещт1уна. Лъазег1ан ккараб гара-ч1вариялда фронталдаги тылалдаги къеркьарал г1адамазул рух1ияб бе-челъи, т1адег1анлъи, г1аданлъи. бихьула:

« - Лъик1 щварав, гьобол,— ан абун, кверги босун, гьикъа-бакъи гьабулаго, Г1исаца, ахадаса т1араде щвезег1ан бер реч1ч1и забун, гьоболасул хал гьабуна. Кинго лъазе к1веч1о. Т1ад рет1а раб шинелалъги г1ундул ругеб т1агърицаги бицунеб бук1ана фронталда вук1аравлъи. Къвалакь ккураб г1ансаялъгин гьурма да ругел г1ужаз лъазабулеб бук1ана госпиталалдаса вахъун ва ч1унев чи вук1ин. Г1исаца хъваш-баш гьабун лъуг1илалде, Г1а шураца гьоболасда гъоркь бак1 лъуна. Гарбидасан тиризабун ч1ологин, хьолбодасан дализабун бук1араб сумкаги Г1исахъе кьун, гьобол г1одов ч1ана…

- Лъукъунги вук1арав куц вугоха, дир вас, мун! Гьанже сахлъун т1уванг1аги вугевищ?

- Сахлъи щибха, дир эмен, бук1инеб? Цояб бералдасаги цояб бохалдасагн ват1алъарав чиясда сахав чийилан абизе бе гьилищ? Сундуего пайда гьеч1ев, ч1агого хварав чи лъугьун ху-т1анаха.

- Рокъоб лъади-хъизан бугебищ, дир вас, кагъат жог1аги бач1унеб бук1арабищ?

- Лъадиги йик1ана, валлагь, дир эмен, гьадинав гьит1инав васги вук1ине ккола. Иххица бач1араб канал х1ехь г1адин лъугьарав дунги дир гьаб куц-бег1ги гьанже лъадиялъеги щайха?

- Расги ургьел гьабуге, гьудул, халкъалъе дур къадру гьан же дагьабги т1адег1анлъизе буго. Мун к1одо гьавизе вуго.

Гьеб кесекалдасан нилъеда бихьула х1ужаби (деталал) рехсон, диалогал кьун, психологияб анализ гьабун, жиндирго героязул пикраби, жанисеб дунял рагьизе Асадулагьил бугеб махщел. Абизе бегьула гьес халкъияб мац1алдасан пайдаги босун, г1уц1анин авар адабияталъул художествоялъулаб мац1. Гьелъ кумек гьабуна авар прозаялда реалистияб метод цебе т1езе.

Р.Динмух1амаевасул «Хиянатчиги» А. Мух1амаевасул «Маг1арулайги» рик1к1ине бегьула миллияб прозаялда камилаллъун ккарал т1оцересел асаралльун. Гьел къисабазда г1уц1ун ругел маг1арул руччабазул образал мисаллъун рук1ина рач1унел г1елазе.

## 5. Расул Х1амзатов

Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул Х1амзатов гьавуна 1923 соналъул 8 сентябралда Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ машгьурав шаг1ир Х1амзатил хъизамалда. Эбелалда ц1ар бук1ана Хъандулай. Гьел к1иялго рук1ана ц1акъ г1адамал хириял, махсара-хоч1 бокьулел, рак1бац1ц1адал маг1арулал. Эбел-инсул хасият-г1амал васасул чорхольги, бидульги, рек1ельги бессич1ого хут1ич1о.

Т1абиг1атальги т1адег1анав бет1ергьанасги Расулие кьуна къанаг1атаб ва х1икматаб гьунар, бергьараб к1алзул пасих1лъи, рек1ел ц1одорлъи; живго гьит1инаб мехалъ ва г1олохъанлъуда дагьав хехдарулев, ц1акъго рак1 г1анч1ав, г1орхъолъа ун г1адамазда божулев чи вук1аниги, Расулил вахъана к1удияв шаг1ир, гьесул асараз рохел щвезабуна, маг1арулазе гуребги, дунялалъулго миллионал г1адамазе.

Жиндирго г1умруялъул аслияб мурад Расулица баян гьабуна коч1ол ункъо мухъалдалъун:

Рорхатал ц1вабзазде сухъмахъал гьарун,

Гьенире ракетал роржаян абе.

Бищун т1адег1анал, г1агарал ц1ваби –

Г1адамазухъе щвей буго дир мурад.

Гьел мухъаз жанибе бачуна к1иго аслияб маг1на: т1оцебе босани, г1адамазул хасият, гьезул рек1ел балъголъаби, анищал, хьулал рагьизе, лъазе бугеб х1асрат, к1иабизе абуни, - инсан х1айран гьавиледухъ, гьесие недегьаб асар гьабиледухъ хъвадаризе бугеб анищ. Т1урана гьел мурадал. Расулие г1адамалги, г1адамазе Расулги цоцазе ц1акъ хириял лъугьана. П1аг1ирасул куч1дул рек1ее бокьухъе г1ужда щвана, гьез хъулухъ гьабуна т1олабго цебе т1ураб инсаниятальe, бец1лъиялде данде рагъ бан, гьайбатлъи ва канлъи к1одо гъабун.

Къуватаб, кидалго беролеб иццлъун поэтасул творчество лъугьиналъе аслияб г1иллалъун ккана т1абиг1аталъ кьураб жиндирго гьунар гьес щибаб къоялъ щула гьаби, г1умруялъул ц1ия-ц1иял гьатал гъваридго рагьизе жигар бахъи. Рух1ги, жанги, рек1ел шавкъги гъорлъ гьеч1еб кеч1 Расулил асаразулъ къанаг1атги батуларо. Гьединлъидалин гьес коч1олъ ах1араб:

Дица кеч1, бидулас къисас босизе,

Жанисеб къасд г1адин, рек1елъ ц1унана.

Дица кеч1, гьукъараб рокьи киниги,

Макьил заманаялъ сардилъ гьабуна.

Расулица цебе т1ун унеб авар адабияталъул тарих, гьеб г1уц1улел шаг1ирзабазул рахас т1езе биччач1о. Гьеб ккола, дир пикруялда, гьесул бищунго цебе рехсезе кколеб к1удияб к1вар. Авар адабият пасих1абги, гьайбатабги, бечедабги буго, гьелъул аслуги маг1наяб бук1ана, цебет1ейги т1абиг1ияб, гьоркьоса къот1и гьеч1еб бук1ана: Къудукьа Мусалав, Кудалиса Х1асан, Г1аймакиса Абубакар, Гьарак1униса Саг1ид, Хьаргабиса Бегилав, Мух1амад-Т1агьир, Инхоса Г1алих1ажияв, Элдарилав, Г1анхил Марин, Ч1анк1а, Мах1муд, Ц1адаса Х1амзат, Х1амзатил Расул. Расулида хадурги руго поэтал... Гьезул талихI ккола жавабчилъиялда

хъвадаризе гвангъарал мисалал жидеда цере рук1ин. Мисалал руго гьунаралъул рахъалъ гуребги, берцинаб хьвада-ч1вадиялъулъ, бах1арчилъиялъулъ, халкъалъе, гьелъул тарихалъе гьабураб хъулухъалъулъ.

Авар адабият цебе т1езабиялъул бищунго к1удияб зах1мат Расулиде ккана. Гьес цере т1езаризе ккана адабияталъул лъик1ал къаг1идаби, г1уц1изе ккана ц1иял жанрал, рагьизе ва ратизе ккана бат1и-бат1иял темаби. Расул х1алт1изе ва ц1ализе ккана бищунго г1емер, лъазабизе ккана Бакъбаккул улкабазул гуребги, Западалъулги - т1олабго дунялалъул литература. «Бигьаяб бук1ун батиларо т1оцебе хур бекьулесе. Бигьаяб бук1ун батиларо дунялалда бищун цебе кеч1 хъвалесеги. Азаргояс хур бекьун хадуса, хур бекьизе бигьалъула. Азаргояс кеч1 хъван хадуса, ц1ияб хъвазе зах1малъула. Ц1ияб махщел т1адеялдаса т1аде, ругьунлъанаг1ан, бигьалъун уна. Гьаб махщел т1адеялдаса т1аде зах1малъула». Гьедин хъвалеб буго шаг1ирас жиндирго х1алт1ул, гьелъул зах1малъиялъул х1акъалъулъ «Дир Дагъистан» т1ехьалда. Гьес живго релъинавулев вуго бух1араб бакъукь х1алт1улев ч1ег1ерав неграсда ва абулеб буго:

Рах1ат гьеч1ев ришка, - дица хвезег1ан
Хадуб ц1алеб бугеб гьаб гьокоялда
Пикрабазул тупал бак1лъулел руго,
Асаразул ц1айи ц1ик1к1унеб буго.

Халкъалъ Расулил зах1маталъе бук1ине кколеб къимат кьуна: гьев мустах1икълъана г1емерал халкъазда гьоркьосел премиябазе: к1удияв шаг1ир Фирдоусил ц1аралда бугеб, Болгариялъул хъвадарухъан Христо Ботевасул, ц1акъго даража ц1ик1к1араб сайгьат - дунялалъулго шаг1ирзабазда гьоркьоб Италиялда т1обит1араб «Къоаби-леб г1асруялъул поэзия» абураб конкурсалъул т1оцебесеб, Шолоховасул ц1аралда бугеб.

«Къоабилеб г1асруялъул поэзия» премиялъул конкурсалъе бет1ерлъи гьабулев вук1арав Арабелла Коподьечица х1асил гьабулаго

абуна: «Жиндирго асаразулъ Расулица х1айранго, пасих1го, х1асратаб куцалъ, цох1о жиндиего хасиятаб къаг1идаялъ бицунеб буго т1олго дунялалъе к1вар бугел ишазул, масъалабазул х1акъалъулъ. Гьезда гьоркьоб цояб - ракълилаб г1умру гьабизе инсаниялъул бугеб гьира, анищ. Гьеб буго киналго г1адамазе хирияб пикру, хасго жакъасеб къоялда - дунялалда такъсир ва питна г1емерлъараб мехалда».

Х1амзатил Расул маг1арул мац1алда хъвадарулев шаг1ир ккола, авар литератураялъул ч1ух1илъун ва борхалъилъун лъугьарав, амма гьесул гьунар ва творчество т1олабго Дагъистаналъул рух1ияб хазиналъун буго. Гьединаб пикру буго г1емерал г1акъилзабазул, г1алимзабазул, критиказул, хъвадарухъабазул: Н. Тихоновасул, Ч. Айтматовасул, А. Фадеевасул, С. Маршакил, К. Чуковскиясул, Гр. Абашидзел, М. Светловасул, М. Каримил, Вл. Огневасул, Казбек ва Камил Султановазул, Фазу Г1алиевалъул, С. Х1айбуллаевасул, Ч. Юсуповалъул, П. Дагановасул, космонавт В. Севастьяновасул ва г1емералги цойгидазул. В. Севастьяновас бищунго хирияб т1ехь х1исабалда космосалде босун бук1ана Расулил «Т1адег1анал ц1ваби» абураб т1ехь. «Г1умру цебехун боржаниги, къоял нахъа хут1аниги, нилъее асар гьабурал литературиял образал рек1елъ кидалго ч1аго рук1уна. Гьединаблъун дица рик1к1уна Лев Толстоясул («Рагъ ва рекьел» абураб романалдаса г1олохъанай яс Наташал образ... Расул Х1амзатовасул т1олабго творчество бихьула дида Толстоясулго г1адаб философиялъул рахъалъ гъваридаблъун, рек1ее ч1агояб асар гьабулеблъун. Космосалда бараб анц1ила микьго къоялъ цадахъ босараб Расул Х1амзатовасул куч1дузул т1ехьалде чучулаан дицаги дир гьудул Андриян Николаевасги рак1ал. Нижее ц1ияб къуват кьолаан гьез», — гьедин хъвалеб буго космонавтас.

Мух1канго, бег1ераб раг1удалъун Расулил творчествоялъул интернационалияб хасият коч1одалъун бихьизабун буго Россиялъул халкъияв артист, хъвадарухъан Мах1муд Г1абдулхаликъовас:

Расулил кеч1 буго Дагъистаналде,

Дуниялги сверун, гьасде буссараб,

Гьит1инаб халкъалъул к1удияб гьаракь

Т1олго г1аламалда раг1изабураб.

Дунялалда Дагъистаналъул гьаракь ва хасият раг1изаби гуребги, Расулил творчествоялдасан маг1арулазда лъана жидерго тарих дагьабги гъваридго, баянго, гьел бечед гьаруна камилаб рух1ияб г1елмуялъ ва рит1ухъаб философиялъ. Шаг1ирас хъулухъ гьабула заг1ипазе, мискиназе, язихъазе, зах1матхалкъалъе. Х1акимзаби, зулмучаг1и, къиралзаби, гьерсихъаби, хъамалчаг1и, такъсирчаг1и, г1акълу мукъсанал х1укуматалъул бут1рул Расулие рихарал руго, г1емерал мисалал рачун, сипатал г1уц1ун къисаби ва махсараби рехсон, сатириял къаг1идаби х1алт1изарун, гьес гьел г1емер какана.

Лъабкъоабилел, гъединго хадусел сонazги Расулил творчcствоялъ ц1ияб рух1 лъолеб ва ч1аголъи, шавкъ кьолеб бук1ана т1олабго совет литератураялъе, гьев хъвадарулев вук1ана х1инкъи-къай гьеч1ого, гьелъ гьев цо-цо х1укуматалъул бут1рузеги вокьулароан. Х1укуматалъул ишазда вук1унги гьес г1емераб х1алт1и гьабуна миллиял культураби, тарих, мац1 ва хасият-г1амал ц1униялъе. Гьеб къеркьей бигьаяб бук1инч1о цох1о партиялъ, цох1ого пикруялъ бет1ерлъи гьабулеб пачалихъалда. Шаг1ирасде г1айиб г1унт1изабулел г1адамал жакъаги данд ч1вала, гьес пачалихъалъул бут1рул рагьун какич1ин, х1укуматалъул г1уц1и, социализм беццанин, х1атта туснахъалде ккеч1ин.

Гьединал г1айибал г1унт1изари ц1акъ бигьаяб жо буго гъасдаги рук1ун рохъо хъирщулел рук1унел г1адамазе. Расулица цо к1алъаялда абулеб буго шаг1ир х1укуматги т1аса рехулев пачаги хисулев чи гурин, гьезда лъик1аб бихьизабулев, лъик1алде кант1изарулев художник вугин, рит1арал суалал ва масъалаби цере лъун, жиндирго творчествоялда гьезие бит1араб жаваб ва нух батун. Х1укумат биххизе Расулие бокьун бук1инч1о, киг1ан квешаб гьеб батаниги, гьев вит1аравги ватана. Нилъер

беразда бихьулеб буго т1аде бач1араб балагь, къварилъи. Жеги бук1ине бугеб жо лъалев чи цониги гьеч1о.

Щивав шаг1ирас г1уц1ула жидерго рек1ел анищ бугеб гьайбатаб дунял, гьединаб дунял г1уц1ана Расулицаги. Гьеб дунялалде раккизе, гьеб бихьизе ва бич1ч1изе к1вани нилъер талих1 ккола, гьелъ ниль бечед гьарула, нильедаго лъач1ого. Исана сентябралда Х1амзатил Расулица лъабкъоялда анц1ила щуго сон т1убала, гьеб ккола хасаб юбилей, рецц-бакъ, ах1и-х1ур гьеч1еб, сабураб. Нилъеда цеве вуго гьайбатав, г1акъилав, рак1 г1ат1идав, г1адамазул рохелги къварилъиги бич1ч1улев, г1олохъанльиялъул шавкъ ва къадро рек1елъа киданиги инч1ев г1адатав инсан. Цевеялдаса гьанже гьев г1емер вихьула къварилъи ккараб мехалъ кверкьабаздаги, унтаразухъе щун больницабаздаги, г1олохъанал ц1алдохъабазда, студентазда гъорлъги. Гьеб нилъер рохел буго.

Жакъа къоялде щвезег1ан Х1амзатил Расулица къват1ибе биччан буго лъабкъоялда анц1го г1анасеб т1ехь: лирикаялъул, сатираялъул, эпосалъул ва драмаялъул. Щибалъ нуг1льи гьабула шаг1ирасул творчество соналдаса соналде т1егьалеб бук1иналъе, гьунар цебе т1еялъе г1урхъи гьеч1олъиялъе.

Киналго т1ахьаздаса бищунго хирияблъун авторас рик1к1унеб т1оцебесеб т1ехь басмаялда бахъана 1943 соналъ «Х1асратаб рокьиги боркьараб ццимги» абураб ц1арги лъун. Гьеб ц1аралъго бихьизабулеб бук1ана Расулил творчествоялъе хасиятаб рахъ: рокьиги ццимги ц1удул к1иго кваркьи г1адин асаразулъ цадахъ бук1ин. Рагъул саназда хъварал г1емерисел кучIдул г1уц1арал рук1ана хит1абал г1адин, рагъухъабазде яцаз, улбуз къват1ибе кьолеб рек1ел чучи рехсарал кагътал х1исабалда.

К1икъоабилел саназда басмаялда рахъана «Ц1адулал жугьаби», «Нижер муг1рузда», «Дир гьудул» абурал т1ахьал. Гьенир г1емер руго г1ажаибго рек1елъе ротулел, пасих1го хъварал асарал: «Ахилчихъе»,

«Маг1арулал», «Гъуниб», «Ч1охъ», «Дагъистан», «Булбулалъул кеч1» ва цойгидалги.

Х1амзатил Расул коч1ол дунялалде вач1ана жиндирго къаг1идагун, макъангун, жиндиего хасиятаб мац1-стильгун, хиял-анищгун. Рагьдаса хадусел соназда гьев ц1алана Москваялда Максим Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институталда. Гьениб камиллъана куч1дул гъаризе бугеб гьунарги. Къиматаб дарслъун ккана г1урус поэтазулгун ккараб гьудулльи. Г1урус поэзиялъе ва т1олабго миллаталье, гьелъул культураялъе т1адег1анаб къимат кьуна Расулица. Гьеб бнхьула нилъеда «Г1агараб мац1», «Маша», «Вера Васильевна», «Цох1о хъизаналъул лъимал» г1адал асарал ц1алидал.

Г1олохъанав шаг1ирасул куч1дузулъ к1икъоялда анц1абилел саназул байбихьуда цодагъаб рецц-бакъ г1емерлъулеб бук1ана. Амма росдал годек1аниб ккараб цо лъугьа-бахъиналъ кутакаб асар гьабуна Расулие. Гьелъул х1акъалъулъ хъвараб буго «Иисулгун ккараб гара-ч1вари» абураб поэма. Ич1го-анц1го т1схьги печаталда бахъун, гьелъул цоялъухъ цебе Сталинил, гьанже пачалихъалъулабин абулеб премияги босун Расул щвана инсул росулъе. Гьеб бук1ана ихдалил заман. Гьит1инаб мехалъ г1адин магъилъ тирана, годек1аниве вилълъана. Куч1дузул хабар ккейдал, херал маг1арулаз Расулиде лъик1аланго г1айибал г1унт1изаруна: цояс абуна куч1дул гьари х1алт1и гурин, цогияв к1алъана жидер х1укму-х1ал Х1амзатида лъик1 лъалеб бук1анин, лъабабилес ц1акъго тункизабуна: «Дуда данде ч1вач1ии маг1арухъ квачай, Кидаго бихьич1ин иижер къварилъи». Унтараб рак1гун, бак1аб ургъелгун х1акъикъат ц1ехезе вас инсухъе уна. Инсуца васасе кьурал дарсал ва малъа-хъваял ц1акъ г1акъилал руго: г1адамазда гьоркьор «хъурмал» г1емерлъулел руго, ц1акъго сих1ирлъун ва чанк1к1ун руго.

Дуца гьел рик1к1унге, ц1ехон ралагье,
Ц1ар, хъулухъ, чин, хурхен хал гьабич1ого.
Сородуге дур квер, х1инкъуге дур рак1,

Печ1ч1е коч1ол ч1орал дуца г1ужилго...

Лъа, мун лъуг1ел гьеч1еб, рекъел льалареб

Рагъде ах1ун вук1ин т1убан векалъе...

Машгьурав хъвадарухъан А. Фадеевас 1953 соналъул 11 ноябралъ Расулихъе кагъат хъвала поэмаялдаса жиндирго ккараб разилъи баян гьабун: «Пайда щибха, хирияв гьудул, маг1арул мац1алда дур асарал ц1ал1изе к1оларелъул. Амма Я. Хелемскияс г1урусалде буссинабураб «Инсулгун ккараб гара-ч1вари» поэмаялъ рес кьола дур гьунар бихьизе. Гьеб поэмаялъул т1адег1анлъилъун дица тола гьениб нилъер поэзиялъул т1абиг1ат ва гьелъул аслу, кьуч1ал бергьун пасих1го рихьизаризе к1ун бук1ин».

Т1адеялдаса т1аде ц1ик1к1уна Расулил поэзиялъул лирикияв героясул гуч ва шавкъ, г1умруялъул карачелазулъ квач1 базе бугеб гьира. 1955 соналъ къват1ибе биччараб «Дагъистаналъул их» абураб т1ехьалда г1емерал руго ц1алдолесул рак1 х1айран гьабиледухъ хъварал куч1дул: «Лек1и», «Ц1умада г1урухъ», «Т1анса», «Х1абиб», «Берал», «Г1аздада лъалк1ал», «Гьудуллъи» ва гь. ц. Г1урус мац1алда бахъараб «Лирика» абураб т1ехь ц1алидал, г1урусазул поэт Михаил Светлов г1ажаиблъана: «кинаб кеч1 босун балагьаниги, гьенив нилъеда х1аракатав инсан, бечедаб пикру бихьула», - ян.

Расулил асаразул лъик1аб рахълъун М. Светловас рик1к1унеб бук1ана гьениб г1емераб рек1елъе бортулеб сахаватаб юмор бук1ин. Гьеб юмор алъ кеп-г1оркь гьабун лирикияб гвангъи г1одоцинабунгут1и, гьелъул г1аксалда, гьеб кутаклъизаби. Жиндирго пикраби рит1ухъ гьаризе критикас мисалалъе рачун руго заманалъул х1акъалъулъ куч1дул:

Замана, дур гьакил гьеб х1ос бекизе

Бокьилаан дие ракьалда даим.

Инсанги заманаги - гьеб буго к1удияб философияб суал. Инсан заманалъул гьорохъе ине бегьуларо. Лъик1ав шаг1ир, гьороде данде

ц1ум боржунеб г1адин, заманалъул квешал рахъалгун къеркьезе, чвахиялде данде ине ккола, амма кидаго гуро гъеб бажарулеб, поэт мекъса ккезе бегьула. Гьединал руго Расулил пикраби — гъалат1 ккола х1алт1улезул ва къеркьолесул:

Дир гьудул, г1адада т1амуге заман,
Г1умру цо нухалда кьун бугин ннлъей —
Кьолода кверги ч1ван, ч1ух1араб чода
Ч1олорхъо базе мун х1алт1е гьит1инго.

К1икъоялда анц1абилел соназул к1иабилеб бащалъиялда хъварал куч1дулги ц1алдолез гъираялда къабул гьаруна, гьезулъ загьирлъана шаг1ирасул пагьмулъул цоги ц1илъи. Гьеб ккола щибаб каламалъулъ бессараб гъваридаб философия, инсанасул жанисеб дунял дагьабги мух1канго рагьизе к1вей, куч1дузулъе бач1уна цо недегьаб пашманлъиги, йокьулелде бутеб х1асратаб асарги. Гьеб нилъеда бихьула, 1959 соналъ басмаялда бахъараб «Таса рищарал асарал» абураб т1ехь ц1алидал. Гьенир руго т1адег1анаб даражаялда хъварал г1емерал куч1дул. Ц1акъго лъик1аллъун дида рихьана: «Маг1ил горо», «Рортун унел руго т1огьилал т1амхал», «Макъсадерил кьодухъ» (поэт Г1умар-Х1ажие сайгъат гьабураб), «Мунги тун Севералде унеб мехалъ», «Мун йиго дир г1умру», Грузиялъул куч1дуэул цикл ва цогидалги.

Щивав поэтасул жиндирго тема, жиндирго пикрабазулги хьулазулги гъамас бук1уна. Р. Х1амзатовасул аслияб тема буго Ват1ан. Ват1аналъул сипат гвангъун бихьула гьесул т1оцересел куч1дузулъго. Бат1ияв чи кант1илароан гьадин г1адатго абизе: «Мокъокъил къва-къвайги х1анч1ил ч1ич1ийги Х1анч1азул мац1алда ват1ан батила. Бат1ияб маг1надул раг1и гъебани, Гьез гьедиг1ан г1емер абилароан».

Шаг1ирасе Ват1ан байбихьула вижараб рооулъан, росу абуни ккола улкаялъул бут1алъун. Улкаялъул иш лъик1 бугони, росдал ишги лъик1 бук1уна. Жиндирго муг1рул рокьулаçесе, улкаги, цинги дунялги бокьизе рес гьеч1о. Гьит1инаб ц1ваялъги берцин гьабула зоб. Маг1аруллъи

Расулие буго к1удияб гъот1ол г1аркьел. Цебе абуни, пуланаб, гъаримаб бук1ана маг1аруласул къисмат. «Кици буго: маг1арулав чол кьолонив г1унин, гьавунин. Гьединал руго г1емерал куч1дузулъ загьир гьарулел пикраби: «Г1олохъанлъиялъул г1ужде рахунаго, дир халкъалъул васаз ярагъ кодобе босизе кколаан. Амма дун гьавуиа бат1ияб заманалъ, — абун хъвалеб буго гьес цо макъалаялда, - Гьанже ханжар ургъел гьеч1ого къеда бан тезе бегьула, нилъехъа эркенлъи бахъизе к1олев чи гьеч1о. Маг1аруласул Ват1анлъун т1олабго улка лъугьана. Гьелъул к1удияб къисматалда хурхарал руго дир куч1дулги».

Халкъалда гьоркьоб бук1араб бидул тушманлъи лъуг1ана, гьелъул бак1алде бач1ана унго-унгояб гьудуллъи, вацлъи. Ват1аналда цере т1уна киналго халкъал, хисана г1амал-т1абиг1ат, бижун бачана ц1ияб - советияб халкъ. Гьеб халкъалъул вакиллъун лъугьана Расул Х1амзатовги. Миллатчилъи какун гьес куч1дузулъ ах1ула миллатазул гьудуллъи. «Гьудуллъи бищунго г1агараб буго. Гьудуллъиялде кеч1 г1емераб буго». Гьудуллъиялъ ц1ияб къуват кьола муг1рузул улкаялъе:

Нек1ого хвелаан дур муг1рул халкъал,

Гьаб хирияб вацлъи бук1инч1ебани.

Киназего машгьурал руго Расулил «Грузиялъул куч1дул», «Армениялъул куч1дул», «Азербайджаналъул куч1дул», «Абхазиялъул куч1дул». Жакъасев маг1аруласул рух1ияб бечелън, божараб гьудуллъиялъул асар, рек1ел ц1одорлъи, г1амал-хасият гьениб мат1уялъуб г1адин бихьула. Рек1елъе лъутьун унеб махсара, недегьаб гьими, кант1и кьолеб релъи, лазаталда рек1ее асар гьабулеб пасих1лъи - кинабго буго гьел куч1дузулъ. Гуржиязул яс Нана Гвенипадзел берцинлъиялъул бицунаго, поэтас рак1алде щвезавула цересел къисабазул герой Рекъав Ражбадин:

Дур г1адаб берцинлъи бихьун хадуса,

Хваниги щиб досий гулбузул ц1адакь.

К1удияв г1унаг1ан, г1умру бич1ч1анаг1ан Расулил кучІдузулъ цо недегьаб пашманлъи лъугьуна, хисула рек1ел асарал, хиялал, анищал

къват1ире кьолел къаг1идаби, бечелъула мац1. Гьит1инал ишарабаздасан дагьал раг1абаздалъун рагьизе к1ола к1удиял пикраби. Гьит1инаб к1улалъ ричч1ула гьес к1удияб гъамас:

Ц1игьулдерил хабзал, гьанже дур занал
Гьаб дунялалда т1ад кисанго руго.
Дур г1емерал васал бусада хвеч1о,
Инсул ват1ан ц1унун ц1адай к1анц1ана.

Гъорлъе ваккун г1адамазул г1умру лъазаби, гьелъул х1акъалъулъ пасих1го ва х1айранго цогидазда бицине х1аракат бахъи — гьеб ккола х1урматияб иш. Гьеб ишалъулъ к1удияб бут1а лъуна Расулица. Гьес бечед гьабуна аваразул литература ц1иял сипатаз, пикрабаз.

1957 соналъ лъуг1изабураб «Маг1арулай» къиса-поэма лъугьана, авар литератураялда гуребги, т1олго совет адабияталда к1вар бугеб лъугьа-бахъинлъун. Маг1арулазул г1умруялъул энциклопедиян абизе бегьула гьелда. Гьеб асаралъул щибаб мухъилъ, щибаб раг1улъ данде кьабулеб ток, к1ет1олеб рак1 бугин абизе бегьула.

«Жиндирго х1алт1удалъун ва коч1одалъун Расул Х1амзатовас нилъер рак1 ч1езабулеб буго жакъасеб къоялдаги шиг1ру жиндир кинабго къуваталда бук1иналъе, гьеб цересел раг1ул устарзабазул пагьмуялдаса г1одобег1ан гьеч1олъиялъе. Гьадинаб бечедаб гьунар ва г1ат1идаб махщел бугев цогидав шагьирасда ц1ар ч1вазе зах1ат буго». Гьедин хъвана машгьурав хъвадарухъан Н. Тихоновас. Дунялалда ц1ар раг1араб совет литератураялда гьединаб къиматалъе жидер шаг1ир мустах1икълъи т1олго маг1арулазул талих1 ва ч1ух1и ккола.

Хъвадарухъанлъиялъул х1асилал данде росулаго Расул Х1амзатовас жиндирго творчество лъабго свериялде бикьулеб буго: лъимерлъиялъул, г1олохъанлъиялъул ва «к1иабилеб лъимерлъиялъул». «Дир поэзиялъул г1олохъанлъилъун (гьеб бугеб ва бук1унеб батани) дица тола «Т1адег1анал ц1ваби», «Ц1ваялда ц1ва буго к1алъай гьабулеб», «Мулатка»... Гьел т1ахьазда дица хъвана ирсалъе щвараб хазинаялъул х1акъалъулъ гуреб,

дидаго батаралъул, г1умруялъ малъарал дарсазул. Гьел ккола дир нухазул, дандч1ваязул, къварилъи, г1ат1илъиязул х1асилал. Гьениб бицун буго дунялалъул ракьалъул г1урхъиялъул гуребги, недегьлъиялъул, бах1арчилъиялъул, ях1, намусалъул г1урхъиялъулги, сордоялъул ва къоялъул, г1умруялъул ва хвалил, лъик1лъиялъул ва квешлъиялъул г1орхъиялъул».

Росизин «Т1адег1анал ц1ваби» - 1962 соналъ Ленинил премия щвараб т1ехь. Гьеб т1ехьалда лъурал куч1дузул пассих1лъиялъул, гъварилъиялъул, ц1илъиялъул ва х1икмалъиялъул х1акъалъулъ г1емераб жо хъван буго бат1и-бат1иял г1адамаз: г1алимзабаз, критиказ, хъвадарухъабаз, космонавтаз. Гьезда гьоркьор руго гъваридго поэзия бич1ч1улел раг1ул устарзаби: М. Карим, А. Твардовский, К. Чуковский, Н. Тихонов, Н. Капиева, С. Наровчатов, Вл. Огнев ва гь. ц.

«Т1адег1анал ц1ваби» мустах1икъаб буго киг1ан т1адег1анаб къиматалъе гуребги, гъваридаб г1елмияб ц1ех-рехалъеги. Щибаб г1елалъ абила гьелъул х1акъалъулъ жиндирго раг1и. Заманалъул ва жиндирго х1акъалъулъ шаг1ирас бах1арчияб раг1и абуна. Ва гьеб мисаллъун дарслъун хут1ила наслабазе.

Маг1арул мац1, маг1аруласул ват1ан — г1азизаб т1алъи, гьелъул тарих, умумузул хасият, беролел иццал, иццазде т1аде къуларал муг1рул - гьеле шаг1ирасул пикраби руссунеб бак1. Нилъер бук1араб ва нилъее щвараб, нилъ рохараб ва нилъ пашманаб — г1адатияв инсанасул рак1алъ жанибе бачунеб кинабго жо камилго рагьун буго гьениб. Шаг1ирас росдахъ балагьун борцуна «г1умруялъул сах1», г1агарал ц1игьул рихьун ц1ала рохел, къварилъи. Гьес наг1ана кьола маг1аруллъи биларасе, муг1рул г1адат к1очарасе, г1агараб мац1 къосарасе, инсул къадру ц1унич1есе, х1елх1елалъе, х1инкъиялъе:

Х1айранал гьал муг1рузе
Къулич1есе наг1ана.
Халкъал киналго лъик1ал,

Какулезе наг1ана.

Миллаталдаса инкар гьабич1ого, жиндир халкъ к1одо гьабулаго, к1одо гьабула т1олабго улка, цинги т1олабго дунял, бит1ухъ гьабула халкъазул гьудуллъиялъул гьайбатлъи. Муг1рул т1огьисан Расулида т1олго дунял бихьула. Дунялалда гьесул г1емер гьудулзаби руго.

Щибаб халкъалъул къисматалъул ургъел гьаби, г1адамазе талих1 бокьи, гьез цоцазул адаб гьаби, ракьалда кидалго рекъел бук1ин — гьел пикраби хасиятал руго маг1арул шаг1ирасул ахириял соназ хъварал асаразеги. Гьес хъвалеб буго жакъасеб къоялъул т1алабалда рекъон, амма гьелдаго цадахъ гьесул пикру буссуна араб заманалдеги халкъалъул адабиял дарсаздеги.

Иццал рихьана дида байбихьуда т1ок1арал,

Пикру бихьана дида байбихьуда гьайбатаб...

Халкъалъ г1асрабаз данде гьабураб рух1ияб бечелъи, г1акъиллъи бихьула нилъеда «Авар мац1», «Ханжар», «Наг1ана», «Эбелалде», «Херал маг1арулал», «Г1урччинлъулеб буго», «Дуца т1ола, эбел, бух1араб маг1у», «Къо-мех лъик1, Стамбул», «Гьудул гьавураб къоялъ», «Г1ахьвахъ» ва г1емерал цойгидалги куч1дузулъ.

Бергьараб къуваталда ва махщалида хъвараб «Къо-мех лъик1, Стамбул» абураб коч1олъ нилъеда цебе ч1ола Турциялъул зах1матчаг1азул язихъаб г1умру, шаг1ирасда рихьула «г1иц1ал, чамг1алал х1ат1алъ» чияр чакмаби рац1ц1унел лъимал, ракьалда ч1варал накаби, аза-азар саназ какал раниги, аллагьас рехун тарал мискинзаби:

Къо-мех лъик1, Стамбул, Султанил гьундул,

Сулейманил маж1гит, мискинаб улка,

Г1арцул ригьзабазда аск1ор г1одор ч1ун

Унел - рач1унезул гьардолел кверал.

Мискиназе г1азабалъе, бечедазе кепалъе г1уц1араб капитализмаялъул дунялалде шаг1ирас данде ккола гьайбатаб, хирияб ват1ан:

Г1азул т1охал ругел дир рорхалъаби,

Лъарал гъулгъудулел дир гъварилъаби.

Расул вуто поэт — философ, г1адатияб, баянаб мац1алда цадахъ гьесул куч1дузулъ кидалго бук1уна инсан кант1изавулеб пикру, рек1елъ гъваридаб лъалк1 толеб асар. Гьесда к1ола к1иго яги ункъо мохъилъ к1удияб г1акъиллъи лъезе:

Г1ор г1адин чвахун уна

Г1олохъанаб замана.

Г1олохъанго гьабураб

Гьунар хут1ула даим.

Ц1акъго г1ажаибал ва ц1одорал руго заназда, лъльаразда, кавабазда, нуц1бузда, пандрида, т1ахьазда, хунжрузда хъвай-хъваг1аял х1исабалда ургъарал афоризмаби — бег1ерал коч1ол каламал. Гьел рухьарал руго маг1арулазул г1умруялда, яшавалда, т1абиг1аталда ва г1адаталда. Гьале зонода гьабураб хъвай-хъваг1аялъулъ инсанасул т1убараб къисмат:

Гьанир к1игоял руго

Ц1акъ цоцазе хириял.

Цадахъ гьанир гурони

Регизе щвеч1о гьазий.

Аваразул миллияб культураялъ совет литератураялда лъураб к1удияб бут1алъун г1алимзабаз рик1к1уна Расулил микьго мохъил къокъал куч1дул. Гьеб жанралда поэт г1умруялъул г1емерал рахъазде ваккулев вуго, г1адамазул рук1а-рахъиналъул дарсал дурусго ва берцинго къалмикье росун руго, хадусеб г1елалъул нухда нуг1заллъун хут1иледухъ. Жиндиего ц1акъ хириял гьел куч1дул рижараб куцалъул бицун шаг1ирас хъвалеб буго: «Руго маг1арул халатал куч1дузулъ хасго ц1акъ дие рокьулел микьо мухъал. Гьединанго бат1аго дие хириял мохъал руго дир куч1дузульги. Цо-цо куч1дул гьел мохъазе г1оло хъварал ратилин ккола... Дица х1исаб гьабуна щай гьаб дица микьго мухъалье

г1оло микьц1ул анкьго мухъ хъвалеб? Жалго микь-микь рокьулел мухъал хъван тани, т1ок1аб щибго гьеч1ого? гьедин хъвана дица г1умруялъ гьарурал пикрабазул х1асилал, роржунаго ккурал х1анч1азул карманал, цо каранда даларабдир маржаналъул рахас — дир микь-микь мохъал»:

Гьеб бигьаяб иш гуро —
Бергьараб гьунар гьаби.
Гьелдаса зах1мат буго
Гьунаралъул ц1ар ц1уни.
Зах1матаб унти буго
Рогьояб пиша гьаби.
Гьелдасагн зах1матаб –
Рогьо нахъе бахъизе.
Цо-цо мехалда ккола
Цо лъаг1елалъ хун лъик1ан.
Хадув т1адеги вахъун,
Цох1о духъ балагьизе.
Мун пашманго ятани,
Вохун т1аде вач1ине,
Роххалида ятани,
Нахъойги хвезе ине.

Гвангъарал пикрабаз, т1адег1анал къасдаз, цо-цо г1олилазул г1унгут1аби рихьун рек1елъ х1унсулел унтабаз, гьалагаб рокьиялъ т1амуна шаг1ир «Херал маг1арулал» абураб кеч1 хъвазе. Гьединаб кеч1 циндаго хъвалеб жо гуро, гьеб ккана г1емерал пикрабазул ва кутакаб х1алт1ул х1асиллъун. Рек1ел би гъорлъ бессарал пассих1ал раг1абаздалъун гьес инсан пана гьавиледухъ абулеб буго:

Рорхатал муг1рузда руго г1адамал
Жодорго г1адатаб ч1аголъиялда.
Жодорго ч1ух1игун, жодорго ях1гун
Жододаго хассаб къасдгун, г1акълогун.

Гьениб буго авалалдаса ахиралде щвезег1ан цо къаг1идаялъ чвахулеб, гьулчун камиллъулеб калам, нилъеда лъалеб бук1араб, амма ц1идасан рагьараб, шаг1ирас ц1ияб рух1 лъураб ва жиндирго пагьмудул печать-мугьру ч1ван тасдикъ гьабураб дунял:

Лъаларо цо-цояз к1ич1ун бут1рулгун,
К1иго-лъабгро раг1и ц1ияб лъаниги,
Бец1ал умумулин, гьагаб г1адатин,
Г1амал к1удияб мац1 ч1амеян абе.
Амма дие г1ела т1олго г1умруялъ
Нужер г1акълуялъул къуват, разилъи.

Халкъияблъун лъугьана Расулил «Гъуниве щвараб мехалъ» абураб кеч1, жиндир халкъалъул къисмат, гьелъул церегосел бах1арзал ва тарих х1акъикъияб куцалъ бихьизабун буго гьениб.

Цо-цо г1адамазулъ ратула жеги басрияб дунялалъул хут1елал: хъант1и, мац1ихъанлъи, ургьел гьеч1олъи, ц1огь.

Авторас жиндирго «к1иабилеб лъимерлъилъун» рикук1унел «Г1ахьалаб чед», «Саназу л ч1умал», «Дир Дагъистан» абурал т1ахьазда ц1ик1к1араб бак1 ккола сатираялъ. Гьенир г1умруялде рахъинарун руго цересел куч1дузулъ бицен гьабун тарал пикраби, т1бан буго «Инсулгун ккараб гара-ч1вари» абураб поэмаялда жиндицаго кьураб гьа — «инсул коч1ол ярагъ каранде къазе».

Лъеберго сон ана «Г1ахьалаб чед» къват1ибе биччаралдаса. Масала, щибаб соналъ ц1алана дица гьеб т1ехь, ургъана, лъазабуна. Панаял куч1дузул пасих1лъиялъ х1икмалъизавурав дир рак1алъ гьезул х1акъалъулъ бакъвараб г1елмияб мац1алъ хъвазе къабул гьабич1о. Дунялалъул унтаби рек1ел бидурихьазулъан риччан хъварал куч1дуздасан мохъал рехсон телин: «Жакъа футболазул мехтарал гьаркьаз Пасах1атаб г1акъло къинабун буго»: «Унге, коч1охъаби, нуж бертабалъе. Бертаби - кор буго, куч1дул рух1улеб... Дирги чанги гьаракь гьениб бакъвана». Гьел мухъал жакъасеб авар поэзиялъул жавгьарал ккола. Гьаниб куч1дузда

гъорлъе бач1ана г1акъиллъи гуребги, г1умруялъул х1албихьиги. Инхоса Г1али-Х1ажияс абухъе: «Г1елму-х1икматалъул х1албихьаразе х1алхьараб рукъ» бана маг1арул гьанжесев шаг1ирас. Расулил коч1ол рукъ цойгидазда релълъараб гьеч1о. Устарзабазул росулъе гьев вач1ана жиндирго макъангун, гьаракьгун. Жиндирго г1унгут1абазул бицунебилан абун гьес бицуна нилъер г1унгут1абазул, нилъеда бихьуларебги бихьула гьесда, раг1уларебги раг1ула. Гьесда лъала т1олго т1абиг1аталъул мац1. «Т1угьдузда берал руго. Балагьула гъол нужохъ, кинида лъимал г1адин».

Ч1анк1ал ва Мах1мудил х1асрат, Г1али-Х1ажиясул ва Х1амзатил г1акъиллъи, Пушкинил божилъи, Лермонтовасул ццин буго «Маг1арулаз жужах1алъуре щал рехулел» циклалда лъурал куч1дузулъ. Азарго бат1ияб т1аг1ам, нус-нус кьерал рихьула шаг1ирасул рек1ел к1ут1иялъул, кеч1алдаса кеч1алде хисула интонация. «Ц1огьазул кеч1 хъван буго хехаб чвахиялда, гъункараб, гьарзаяб аллитерациялда: «Ч1ах1иял ц1огьал руго, Г1исинал ц1огьал руго. Цояца ц1ц1ула-хула, Цояца ц1унк1ун тола».

«Цо бертадул къиса», «Жах1да», «Кумек гьабе», «Ахиралде щвезег1ан» абурал куч1дузул чвахи г1одобцуна:

Чанги тушбаби руго,

Чанги унтаби руго.

Ургьел гьеч1олъи буго

Бищуи рак1 лъукъараб жо.

Халкъияб творчествоялъул г1адатлъи, х1еренлъи ва недегьлъи буго «Х1ажимурад» абураб картинаялъе циклалъул куч1дузулъ. Коч1ол формаялъул ва роценалъул хал гьабуни, нилъеда якъинго бихьула т1оцебе, гьениб пайда гьеч1еб рецц-бакъ, ч1амуч1аб, ч1алг1араб калам гьеч1олъи; щибаб раг1улъ гьуинлъи, ц1одорлъи, рек1ее гьогьомараб асар гьабулеб гъваридаб маг1на бук1ин. Куплетал, мухъал цоцазда херхинарулаго Расулица ц1унун буго гьайбатаб адабияталъул нух. Ц1адаса Х1амзатица хъвана «кинавго чиясул квер г1унт1улел, лъидасаго лъутуларел, къот1норе рехарал сипатал» коч1олъ бегьуларин, рук1ине

кколин жеги щивго кант1ич1ел сипатал, дандекквеял. Гьеб рахъалъан Расулил куч1дул киналго поэтазе мисаллъун ч1ола. «Дун дунлъун вук1ин, дида дунго вати — гьеб г1ола дие, дир хасаб сухъмахъ бук1ине ккола — гьедин абуна шаг1ирас. Гьеб мурад т1убана, Расулица щивго такрар гьавич1о. Гъединлъидалин гьесул гьудул Мустай Каримица хъвараб: «Х1амзатовасул творчество — х1икматаб лъугьа-бахъинлъун рик1ине бегьула. Гьелъ нилъее рагьула жеги лъалеб бук1инч1еб, амма ц1акъго г1агараб ва божараб маг1арул халкъалъул рек1ел х1асратаб дунял» — абун.

Дуца, дур лирика, пачалихъалъул
Пикругун, х1алт1игун цолъизе гьабе.
Гьал дур раг1абаца нилъер халкъалъул
Г1акълуялъ босараб босе борхалъи.

Халкъалъул г1акълодул борхалъиялдеги вахун шаг1ирас гали бегьана ц1ияб борхалъиялде, гьесул асараз бечед гьабуна рух1ияб культура ва адабият. Шаг1ир лъугьана заманалъул дандерижилъун, гьеб гвангъизабулеб канлъилъун. Заманалъе гьабураб коч1олъ руго гьадинал мухъал: «Амма пагъму бугез, пикру гьваридаз... гьаб г1алам, гьаб г1умру, г1азизаб улка Ва замана Жибго гвангъизабула» — абун. Г1асрудал чирахъал Гомер, Гёте, Шекспир, Данте, Тургенев — гьел ц1арал ц1акъ хириял руго маг1арул шаг1ирасе. «Огь, гьездаса хадуб дун маг1арулас щиб раг1и абилеб гьаб дунялалда» — абун щаклъи ккола гьесул, «азаргояс кеч1 хъван хадуса ц1ияб хъвазе зах1мат бук1уна». Амма нилъер замана ц1ияб, бат1ияб буго, гьелъиеги къвариг1уна жиндирго коч1охъан.

Муг1рузул т1огьол гьоц1оялда хасаб мах1 ва т1аг1ам бук1уна. А. Фетица абухъе, «Т1огьолъ бахчараб гьоц1о батула цох1ого цо наялда. Кибго бахчараб гьайбатлъи бихьула цох1ого ша1ирасда». Пасих1лъи камилал коч1олал мухъаз кутакаб гьабула рек1ее асар. Расул лъугьана нилъер заманалъул шаг1ирлъун. Заманалъул г1аламатал киналго руго гьесул напсалъулъ ва напс къват1ибе кьолел асаразулъ: гьалат1ал рук1а,

щакдари бук1а, ц1одорлъи, гъварилъи бук1а, недегьлъи, божилъи, рокъи ва ццим бук1а; гьев ругъунлъана гъварилъабазде, рик1к1адисел г1ат1илъабазде, карачалабалъан гучаб гама г1адин лъедезе. Жиндирго гьудул А. Твардовскиясдехун вуссун гьес абула:

Дир, хирияв гьудул, нилъер улкаги
Океан кинигин гьалделоб буго.
Раг1аллъуда руго г1исинал русби,
Г1ат1илъуда руго ч1ах1иял гуми.

Гьайбатаб г1умру г1уц1улеб дунялалде шаг1ирас данде ккола басрияб, мекълъиялъ рит1ухълъи ч1валеб, «чанахъанлъунги чи чанлъунги г1адан» вугеб дунял. «Гьересигун ханлъи хадуб ц1ан унеб лагълъиялъе» нилъер халкъалъул рац1ц1алъи, намус, ях1, багьадурлъи ва къох1ехьей мисаллъун кквеян абулеб буго Расулица:

Гьанир х1елх1едула г1иц1го х1анч1азе,
Х1илла гьабуларо чундузегицин.

Г1орхъи буто дунялалъул, г1орхъи буго щибаб жоялъул, щибаб гали бахъаралъуб. Гьеб ц1унун хъаравуллъуда буго намус. «Лах1заталъул заман, цо х1ат1ил манзил х1алихьалъиялде лъик1лъиялдаса». Дунял к1ийиде бикьун буго: гьаб цояб рахъалда буго гьалдолеб г1ишкьу, х1еренаб т1егь, бах1арчилъи, ах1улеб кеч1, х1икматаб музыка, берцинаб къасд, добцояб рахъалда — ццим, жах1да х1енсолеб заз, рогьояб х1инкъи, х1алихьалъи, х1елх1еди, х1иллагун рек1к1, г1асилъи...

«Азарго кеч1 буго дир каранлъ жаниб» — ян абулеб буго Расулица. Бит1араб буго, азарго карандаса къват1ибеги бач1ана. Киналго рехсон бажариларо. Кеч1алъе къимат жибго кеч1алъ кьола. Гьелъ цох1ого нилъеда бихьизабула киг1ан г1емераб шавкъ, х1асратал макънал ва музыка, рокьи ва ццим цо рек1елъ бук1ине бегьулебали.

Расул Х1амзатов т1амун галигун цевехун унев вуго каранзулъ ц1агун, рек1елъ рокьигун, рукьбалъ ццимгун. Бихьула гьайбатлъи - воххула, бихьула т1екълъи — ццидахуна.

Дунял бихьун, г1алам бихьун, г1акълу камиллъарабго, шаг1ирас цебего рек1елъ бук1араб цо къасд г1умруялде бахъинабуна. Гьес хъвана прозаялъул асар «Дир Дагъистан» абураб т1ехь. Гьеб лирикияб къисса г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан. Т1оцебесеб хъван буго цебераг1и г1адин. Авторас бицунеб буго, т1ехь — художествоялъул асар кинаб бук1ине кколебали, кин гьеб хъвазе кколебали. «Гьаб дица хъвалеб т1ехь дир киналго хъварал т1ахьазул х1асил буго», — ян абулеб буго авторас цебераг1иялда. Гьедин бугизеги буго: т1ехьалда бицен гьабун буго церегоялдаса нахъе шаг1ирасул рек1елъ ва куч1дузулъ рук1арал хиялазул ва суалазул. Аслияб суал буго: искусство, ай адабият кинаб бук1ине кколеб абураб. Жакъа гьелъие бищунго цебе къвариг1уна ракь, халкъ, мац1. «Гьебги дагьаб буго... Нилъ дунялалъулго адабияталъул бет1ергьаби руго».

Цо пикруги кьоч1ое босун гъелда сверухъ биценги гьабун г1уц1ун буго г1емерал харбаздасан, рак1алде щвеяздасан, маргьаби, биценаздасан, лъугьа-бахъиназдасан данде гьабураб къисса. Калам берцин гьабизе рехсон руго кицаби, биценал, махсараби. Ленинилаб премиялъул лауреат, киргъизазул хъвадарухъан Чингиз Айтматовас «Дир Дагъистан» т1ехьалъе къимат кьолаго гьадин хъвана: «Поэтал г1емер руго. Расул Х1амзатов г1адал къанаг1ат рук1уна. Гьединлъидалин гьесул къадру-къимат т1ок1аб бугеб... Гьаб нухалъти гьес хъван буго дунялалда гьанжелъизег1ан бук1инч1еб г1адаб жанральул асар». Гьеб буго нилъер заманалъул х1акъалъулъ гьабураб рак1бац1ц1адаб ва х1асратаб калам. Рак1-рак1алъул баркала авторасе гьадин г1умру бихьаралъухъ ва бицаралъухъ».

«Бищун сурукъаб щиб? - Сородулев бихьинчи. - Дагьабги суру-къаб щиб? - Сородулев коч1охъан». Коч1охъан рохъо хъирш гуро, ц1а бакулев г1акъил, устар вуго. «Дир Дагъистаналъул» к1иабилеб т1ехьалда мух1канаб хабар буго улкаялъул - Ват1аналъул х1акъалъулъ, гьениб хъвадарухъанасул рак1, хат1, мац1 цере лъурал масъалабазда рекъараб,

мух1канаб лъугьун буго. Х1айранго бицун буго эбелалъул, инсул, Шамилил, маг1арулазул г1адатазул, къисматалъул, г1умру, яшавалъе чара гьеч1ел жалазул. Тарихалъул, жакъасеб къоялъул.

- Цере щиб сабаблъун дагъистаниял цогиялгун рагъулел рук1арал? — Дагъистаналъул г1орхъаби сабаблъун. Гьанже гьел рагъула Совет улка ва кинабго дунял ц1адудаса ц1унизе г1оло. Гьединал руго пикраби. Гьел г1емерал руго.

«КIиго чирахъ буго дир г1умруялъул. Цояб - дун сапаралъ унеб мехалъ нух къосунгут1изе эбелалъ горт1а лъураб. Гьеб чирахъ свани, свана дир г1умру. К1иабилеб — к1удияб сапаралда, г1ат1идаб дунялалда дие канлъи бихьизе дихъе кквезе улкаялъ кьураб. Гьеб гьеч1они гьеч1о дие ч1аголъи». Улкаялда ккарал хиса-басияз маг1арулазул мац1ги, ц1арги, миллатги нахъе цвич1о. Гьелъул г1аксалда цебе т1езебуна. Кенч1елеб буто адабияталъул зодихъ маг1арул ц1ваги, гьеб кибго бихьула, лъиего канлъи кьола.

Расулида рак1алда бук1ана «Дир Дагъистан» лъабго бут1аялдасан г1уц1изе, амма к1иго гурони лъугьинабизе к1веч1о, унтуцаги ургъелазги лъабабилеб бут1а рук1алиде ккезабун бажарич1о. Гьелда ц1ар «Дагъистаналъул конституция» бугин абулаан шаг1ирас.

«Дир Дагъистан» т1ехьалъул жанралъул бицунаго критиказул, г1алимзабазул пикраби данде кколаро. Цояз «эссе», «исповедь», роман – бугин абула, цогияз мемуарал, хроника, лирикияб къисаян абула. Живго авторас Болгариялъул критик Л. Георгиевасе кьураб жавабалда абулеб буго «Дир Дагъистан» мемуарал, эссеистика, хроника гурилан[1]. Дир пикруялда «Дир Дагъистан» ккола къиса, ват1аналъулги гьелъул г1адамазулги х1акъалъулъ хъвараб, цебесебги, гьанжесебги, тарихги, жакъасеб къоги, бергьенлъабиги-камиялги, квешлъиги-лъик1лъиги, сурукълъиги-гьайбалъиги, - г1емераб жанибе бачараб. Гьеб т1ехь лъугьана авар прозаялда к1удияб бергьенлъилъун. Авторасда лъана прозаялъул балъголъаби, к1вана

[1] Гамзатов Р.Г. 8 томалде данде гьарурал асарал, т.8 М., «Сов. писатель». 2003 с, гь.29.

мац1 пассих1лъизабизе. «Гьаб т1ехьалъул тайпа, жинс» абураб бет1ералда хъван буго: «Инсуе г1умру бук1ана хабар, хабар бук1ана г1умру. Кеч1 бук1ана рак1.

Гьит1инго дие ах1улеб кеч1 бокьулаан киналго харбазда. Коч1олъ ана дир санал, сапарал, рохел, къварилъи, гьит1инаб мех, бах1араб заман…

Амма гьанже гьаб т1ехь хъвалеб мехалъ, дун прозаялде, харбиде вуссунев вуго. Дица дир муг1рузул рахъалъ г1одове виччан бицунеб буго. Проза, мун ц1умалъ балагьараб мег1ер г1адин, х1анч1азухъ балагьараб гъвет1 г1адин, васасухъ балагьараб рукъ г1адин бак1ана кинабго дир г1умруялъ. Духъе вуссунев вуго, дун къавул гьаве. Дуда гурони х1ал к1везе гьеч1о дие къвариг1араб  кинабго х1акъикъат бицун». Гьел пикрабазулъ бихьула прозаялъул  асаразул хасияталл, г1аламатал, хаслъаби. Жанралъул х1акъалъулъ бицунаго, т1ехь хъвалеб мехалъ «дица гьелъул ургъелго гьабич1оян абулеб буго Расулица. Литератураялъул законаздалъун гуро, закон гьеч1еб дирго рак1алъ хъвалеб буго», - ян. Бит1араб бугогьес хъван буго дунялалъулго литературяалда цойги гьеч1еб г1адаб х1икматаб асар. Нилъее гьелъул цойгиги рахъалъ к1вар буго: Дагъистаналъул адабият т1убанго социалистияб реализмаялъул т1алабазда г1уц1араб бук1анин абулел г1адамазда  лъазе, гьеб гьедин бук1инч1олъи. Советияб заманалда г1уц1ана гъваридаб, бечедаб литература, гьелде т1аде тударизе бегьуларо, жойид гьабич1ого, «Дагестанцы» газетаялда г1адин хъвадарун. (2004 с. № 1, гь. 14).

«Дир Дагъистан» т1ехьалъ квербакъи гьабуна доб мехалъ т1олабго Союзалъул, Россиялъул литератураялъе цо ц1ияб ч1аголъи, эркенлъи кьезе.

Расулили т1ехь г1уц1ун бугоц1акъ мух1канго, гьениб цо ккураб сюжет – лъугьа-бахъин гьеч1oниги, гьелъул буго цок1алаб, ургъун гьабураб композиция. Т1оцебесеб т1ехьалда буго искусствоялъул художествоялъул асаралъул хасиятазул х1акъалъулъ г1ат1идаб гара-ч1вари. Гьелъул буго чанго бет1ер: т1ехь бижараб куц, гьелъул маг1на, форма, мац1, тема, жанр, стиль, сюжет, гьунар, х1алт1и, рит1ухълъи, бах1арчилъи. Гьел суалазул

бицунаго авторасе рес щолеб буго г1умру ва х1акъикъат г1ат1идго рагьизе, киналъулго х1акъалъулъ гъваридаб гара-ч1вари гьабизе, пикраби ва хьулал ц1алдолезулгун дандразе. Киналго суалазе кьун руго г1акъилал жавабал. Т1ехьалъул героялльун руго г1емерал машгьурал г1адамал: Ц1адаса Х1амзат, Батырай, Рабадан Нуров, Ирчи Казак, Зайнулг1абид, Абут1алиб, Сулейман, Эффенди Капиев, Мах1ач, Уллубий, Шамиль, Х1ажи-Мурад ва г1емерал цойгидалги. Расги х1инкъич1ого бицунеб буго г1емерал камиязулги, гьединго бергьенлъабазулги.

К1иабилеб т1ехьалда Расулил гьунар ц1акъго камиллъун, мац1 пассих1лъун, т1ехьалъул маг1на гъварилъун бихьула, автор цеве ч1ола г1акъилав философлъун, т1адег1анав шаг1ирлъун. Гьес бицен гьабулеб буго эбел-инсул, рукъ-минаялъул, Дагъистаналъул лъабго хазиналъул (ракь, лъим, хут1араб кинабго), инсанасул, халкъалъул, раг1ул, кеч1алъул. Ахиралда лъун буго «Хъвай-хъваг1ай. Т1ехь» абураб бет1ер.

«Дир Дагъистаналда» руго г1емерал рак1алдещвеял, хъвай-хъваг1аял, маргьаби, притчаби, абиял, биценал, легендаби, х1акъикъиял къисаби. Гьенир ратула г1емерал жиндицаго хъваралги халкъалъ г1уц1аралги шиг1раби, маг1аби. Амма бищунго рак1алда хут1улел руго Ц1. Х1амзатилги, Абут1алибилги биценал, Шамилил х1акъалъулъ хъварал харбал. Гьале мисал: «Тушбабаз Шамилида г1емераб абун буго: «Кверде вач1а, киве мун инев, зодове воржине куркьбал гьеч1о дур. Ракь борлъун ине малъал гьеч1о дур» абун. Шамилица абун буго: «Дир кваркьи – дир хвалчен буго. Хвалчаца бахъила нух. Дир малъал – дир газаргъоялул ч1орал руго. Ч1ораз ч1умал г1адин рорлъила тушбаби»[1]. Яги цоги мисал:

- «Г1адада кканагури кинабго дур жигар, кинабго дур къеркьей, - ян абуна Барятинскияс жиндирго к1удияв асирасда.

- Г1адада ккеч1о,- ян абуна имамас. – Гьеб дир халкъалда г1емераб рак1алде щвезе буго. Дир къеркьеялъ чан бидулазул ваццал гьарурал, чан цоцалъ кьалда рук1арал росабазул рак1ал г1агар гьарурал, чан жидер мац1,

[1] Р. Х1амзатов. Данде гьарурал асарал. Проза. VI т. Мах1ачхъала 1975 с., гь. 408.

жидер миллатин рук1араз жидер Дагъистанин абураб. Дагъистанин абураб асар к1удияб асар буго дица наслабазе толеб». (гь. 411) Хъачагъаца Дагъистаналъул мискинлъи хъамал гьабиялъул бицен ккарабго, «инсуца бицана: ц1огьал кидаго г1орц1уларин. Гьезул г1амал бац1ил бугин: - ци ч1ваднибе к1анц1ун, бищун цебе батараб чахъуги гъежда ч1ван, жиндирго нухда уна… бац1 абуни рехъен ч1вач1ого паракъалъуларо. Бац1ал руго Дагъистаналъул тушбаби» (гь. 413)

«Гьит1инаб халкъалъул к1удияб къисматан ах1долел руго Дагъистаналда х1анч1и». «Гьит1инаб халкъалъул к1удияб къиса. Хъвалеб буго. Гьелъие лъуг1и гьеч1о. Куч1дул, кицаби, маргьаби, дур аслияб закон, дур конституция – киназулго г1ахьалаб, г1аммаб, т1адаб т1ехь кодоб ккун, дудаса ч1ух1арав дур васас, дицаги ах1улеб буго дур рокьиялъул, дур анищазул х1акъалъулъ дирго кеч1». Гьедин хъван буго «Дир Дагъистаналъул» ахиралда, х1акъикъаталдаги кеч1 г1адин, чвахун бач1инедухъ, т1адег1анаб пассих1лъиялда хъван буго гьеб гучаб асар. Гьеб буго аваразул рух1ияб бечелъиялъул гъамас, жинда жанир г1емерал жавгьарал, меседил мугьал гурел, меседил пудал ц1унараб. Нилъер щивасда лъазе ккола гьеб хазина. Амма лъаларел маг1арулал г1емер руго. Къваридал минутазда гьаб жакъа бугеб жо «дир Дагъистан гурилан» абулаан мунагьал чураяс. Амма г1умруялъул ахиралда лъик1го разиго вук1ана бит1араб нух батулеб бугин, гьедин батила Ват1аналъ къураб т1адег1анаб шапакъат – орден Андрел Первозвянного шаг1ирас босараб.

Расулица ахириял соназ хъварал т1ахьал руго ц1акъго гъваридаб маг1наялъул, гьенир руго бат1и-бат1иял темабазда ва формабазда хъварал асарал. Аслияб куцалда шаг1ирасул пикраби руссарал руго дунял-г1аламалъул къисматалде, инсанасул хасият-т1абиг1аталде, рагъалде ва рекъелалде, намус-ях1алде ва бах1арчнлъиялде. 1976 соналъ басмаялда бахъараб «Ахирияб багьа» т1ехьалда руго адабияталда лъик1аб бак1 ккурал лъабго поэма: халкъияв багьадур Хочбарил х1акъалъулъ «Гъумекдерид ханги, хундерил нуцалги, гьидерил Хочбарги, лъараг1азул

шамхалги, гьесул васги» ва гьединго к1иго философияб маг1наялъул — «Ахирияб багьа», «Эбелалъе кеч1» абурал. Т1оцебесеб поэмаялда фольклоралде мугъч1вайги гьабун г1уц1ун буго Хочбарил гьайбатаб образ, гьеб хурхинабун буго жакъасеб къоялъул суалазда ва т1алабазда, рагьулел руго моралиял суалал: ях1-намусалъул, хиянатчилъиялъул, бихьинчилъиялъул, муг1рул г1адаталъул. Хочбарица ханасул васасда абула:

Кьурабазул т1алъидал
Иях1ги, мах1ги, рух1ги,
Гьел кьижизе риччаге,
Гьел гьеч1они, гьеч1о нилъ...
Гьеч1о жибго Дагъистан.

Дунялалда базар г1емерлъун, низам дагьлъун буго, кинабго бича-хисиялде сверун. Ахирияб багьа поэмаялда цебе ч1ола Тегераналъул базар, кепкихъ кьолареб жо гьениб щибниги гьеч1о. Шаг1ирас пашманал пикраби гьарула: бичулареб жого ракьалда гьеч1ин: эркенлъиги, г1аданлъиги, лъималаз умумулцин, х1укуматалъул бут1руз улкабицин. Тегераналде бараб чвахун ц1адалъ поэт ч1ег1ерал пикрабаздаса эркен гьавула: гьелъ дунял чурула, нур ч1езабула. Г1умру - багьа, гьеч1еб хазина буго, «ч1ахъаги г1умру» — гьединаб буго поэмаялъул пафос ва идея.

Эбелалъулги руччабазулги х1акъалъулъ хъварал руго Расулил г1емерал гьайбатал асарал. «Эбел ц1уне!» — гьеб бук1ана инсул васият. «Т1адмаг1арул руччабалъ к1удияб къуват буго» — гьединаб буго «Эбелалде кеч1» поэмаялъул аслияб маг1на. 1981 соналъ бахъараб «Маг1арул къиса» т1ехьалда буго «Руччабазул ч1инк1иллъи» абураб поэма - пашманаб ва х1икматаб къиса. Гьениб бицунеб буго т1убараб инсаниялъул къисматалъул, Руччабазул ч1инк1иллъиялда ккараб балагь-къварилъиги мисалалде бачун. Поэма г1уц1араб буго данде ккveязда (контрастазда) сверухъ. Гьелъул сюжеталда аслияб конфликт

буго анищги х1акъикъатги дандеккунгут1и. Мексикаялда «Исла де мухарес» абураб ч1инк1иллъи бугин раг1идал, шаг1ир х1икматал раг1абаз х1айран гьавула, анищ ккола гьеб бихьизе, сапаралъ вахъуна. Амма «Исла де мухарес» батула балагь-къварилъиялъул ч1инк1иллъи: гьенир ралъад багъарун, ччуг1а кквезе арал киналго бихьинал хола.

Дове ана ч1ух1адго, ч1ах1иял къасдалгун дун,

Ч1обого нахъ вусунев вуго къварид х1исабалъ...

Росасе инч1ел ясал: Россал, бах1арал абун.

Россаби хварал лъудби: Лъимал, лъималин абун.

Балагьал дунялалда г1емерал, руго гьел Кавказалдаги, Дагъистаналдаги, амма шаг1ирасул божилъи, анищ гъин гьеч1еб буго. Феникс х1инч1 ч1аголъула, гIумру т1аг1унаро. Гьел рух1изе бегьу ларо...

1985 соналъ печаталда бахъана «Г1умруялъул гьоко» абураб т1ехь, гьенир лъурал поэмабаз, куч1дуз нуг1лъи гьабула Расулил гъунаралъе г1урхъи гьеч1олъиялъе, творчествоялъул география (г1орхъаби) г1ат1илъиялъе, пикраби гъваригьиялъе. «Ч1агояй аллагь» поэмаялъул тема буго инсанасул г1асилъи, къварилъи. Гьениб бицунеб буго аллагьльун тарай яс Кумарил къисматалъул: Поэт гьей йихьизе гьираялда щола Катмандалде (Непалалда). Кумари ятула «Г1ажаибаб лъимер, жеги би т1инк1ич1ей», ясик1абигун ясандулей, г1одулейиш йигей, яги к1арун елъулейиш йигеяли лъазе к1оларей.

Шаг1ирас г1ахьаллъи гьабула къиралай гьаюраб къо к1одо гьабиялъул байрамалда. Гьелъул сурат ц1акъ пасих1го ва берцинго кьуч буго: тахида йиго къиралай, гьелъул х1урматалда буго г1аламго, къого зурма пула, нусго къали кьабула, г1арадаби кьвагьдола, куч1дул ах1ула, чуял т1амула, палупаби риччала, азарго ц1а бакула, маскаал свердола, корона кенч1ола. Амма байрам лъуг1игун шаг1ирасда бат1ияб сурат бихьула базараб, х1апу-чапураб г1умруялъул.

Дагъистаналде рукъове щведал поэтасда цебеса унаро х1икматай Кумарил образ, гьелъул гьайбатлъи, аваданлъи. Амма гьеб рохел къварилъиялъ хисула, Катмандалъул поэтас «Кумарие ахирал моц1ал хут1ун» ругин бициндал. «Гьит1инай аллагьалъул т1оцебе би баккигун, гьей гьундухъа хъамула», рос-рукъалде ине гьукъула, г1умрудул рахас т1езабула. Гьеб г1асилъи гьабуна къиралас. Поэтас ах1улеб буго:

Йиччай нилъер Кумари щибаб кодоб лъимергун

Яч1ине наслабахъе: нужор аллагь йигин дун.

«Г1умруялъул гьоко» («Мандала») поэмаялда шаг1ирас цебе лъолеб буго «г1умруялъул маг1на щиб?» абураб суал. Гьелъие жаваб щивасул жиндирго буго. Расулил пикруялда, г1умруялъул гьоко цебе цулел чаг1и гьерсихъаби, ц1огьал, борхьал, г1унхрул, х1акимзаби ва цогидалги тухьулаби гурел г1уц1арухъаби, зах1матчаг1и, жигар, вацлъи, гьудуллъи, панаяб кеч1, рекъел ва берцинлъи кколел руго:

Огь, г1умруялъул гьоко,

Огь, гьайбатаб Мандала,

Мун цебехун бачунеб

Лебаллъи, гьунар буго.

Гьединабго маг1на буго «Диван» поэмаялъулги. Гьеб хъван буго Историялъулги гьелъ х1акъир гьарурал г1адамазулги даг1ба, бах1с х1исабалда. Къварилъи бихьараз киналго г1айибал Историялде рехула: «Дур х1акъикъиял т1амчал т1ут1ун рана, рух1ана», дуда божизе бегьуларо: Дагъистаналъул имам Шамилил рахъалъцин «Щуго нухалъ хисана Дур хабар, — история». Амма историяги къун ч1оларо, кинабго такъсир, квешлъи, чуруклъи нужоцаго г1адамаз гьабулин абула:

Г1орц1уларо рищватчи

Г1оларо ц1аргин, орден.

Гьеб рищватги к1алалъ босугеян абулаго, квералъ босула (гьелъул бицун бук1ана Мах1муд Г1абдулхаликъовасе жиб сабаблъун бадибч1вай щвараб «Ц1огьазул кеч1алда»).

Расулил руго г1емерал машгьурал г1адамазе сайгъат гьарурал къасидатал. Гьел руго ц1акъ ц1одорал, бег1ерал, г1акъилал шиг1раби. Киназулго бицун бажаруларо. Рехсезе бегьула к1иго мисал: тIоцебе Г1абдурах1ман Данияловасе сайгъат гьабураб сарин. Гьев нилъеца т1адег1анаб къимат кьезе кколев политикасул к1вар шаг1ирасда гъорлъе ккун бич1ч1ун буго:

Лъик1лъиги гьунарги т1аде бач1уна,

Гъоб ралъдал т1иналде рехананиги.

«Рогьо гьеч1ел», ай ях1-намус гьеч1ел халкъалда к1очена, «К1оченаро даим, Даниялов, мун».

Расулица цо коч1олъ абулеб буго: «Дир бицунге, бицунге. Бицунеб бит1ун гьеч1о. Рецци понц1ораб буго. Каки ч1имиг1аб буго», - ян. Дица жигар бахъана бит1араб хъвазе. Г1унгут1абазул шаг1ирасда жиндаго лъала, гуреб ани гьес абилароан: «Буго дир каранда кутакаб ругъун, киг1ан мех баниги гьеб сахлъуларо». Дие бокьилаан Расулил мурад т1убазе: г1адамал г1адамаллъун рук1ине.

Рекиларо куркьбал, кивго воржина.

Т1еларо маржанал — кивго кенч1ела...

Дир коч1ол х1айранаб их бикъиларо.

Бакъназул бах1арлъи даим бук1ина.

Ахирал соназ Расул Х1амзатов унтунги, рек1ел аваданлъи хунги вук1ана. К1удияб рух1алил асар гьесие гьабуна к1удиял камиязги гьединго улкаялда ккарал лъугьа-бахъиназги, Коммунист партия гьукъиялъ, Совет союз биххиялъ, сверухъ чуруклъи, чамг1аллъи г1емерлъиялъ, г1адлу гьеч1олъиялъ. Гьелъул х1акъалъулъ жиндирго пикраби поэтас баян гьаруна журналистазе кьурал жавабазда ва художественныял асаразда.

«Союз бихxи гьеб ккола моральги, адабги иманги били. Рилана гьудулзаби, кибго бидул мах1 буго, ц1ик1к1ана такъсирчилъи, лъимал гьари дагьлъана»[1]. Цебе бук1ана г1емераб гьереси, гьанжеги гьеб дагьлъич1о, буго корупция, мафия, ц1огь. Дунги г1уна социализмалъул системаялда, амма гьелъул бут1алъун вук1инч1о, гьединал руго шаг1ирасул пикраби. 1998 соналъ шаг1ирас абулеб буго: «гьаб саг1ат Дагъистаналда лъугьунеб жо «ц1игьабун г1уц1и» байбихьаралдасаго цебего х1адурулеб бук1ана. Х1укуматалъул бет1ералде хъачагъал рач1ана, коррупция т1обит1ана»[2]. Хъачагълъиялъе шарт1алги г1уц1ун, гьанже гьел кколел руго, жидецаго ц1аги гъун, гьеб свинабулел чаг1илъун ришватчаг1иги лъугьана «бах1арзаллъун». Дида кколеб жо лъалеб гьеч1о. Гьалги цойгидалги суалазда т1ад ургъулаго хъван буго шаг1ирас «Ч1ег1ераб ящик» ва «Нухалги мехалги» абурал поэмаби. Т1оцебесеб сайгъат гьабун буго Х1ажи Мах1ачевасе, к1иабилеб Шапи Казиевасе. Т1оцевесев вуго бах1арчилъун рик1к1унев г1емерал лъик1ал ишал гьарурав, машгьурав Госдумаялъул депутат. К1иабилевги вуго – гьунар бугев, машгьурав хъвадарухъан.

«Ч1ег1ераб ящик» абураб метафоралъун рик1к1ине бегьулеб ц1аралъго бихьизабула поэма бич1ч1изе зах1матаб асар бук1ин. Гьеб хъван буго лирикаги эпосги жуба-гъубан. Шаг1ирас жиндирго г1умру данде кколеб буго Х1ажилалда. Х1ажи вуго бах1арго эхеде унев, шаг1ир вуго херлъун эхеве, т1инде унев, «Мег1ер тун г1иги ун, хадув валагьун – хут1арав вехь г1адин», жиндирго ч1аголъиялъул ч1ег1ераб ящик балагьулев. Ч1ег1ераб ящик кколеб буго, дир пикроялда г1умруялъул маг1на, ахирияб заманалда ккарал хис-басазе г1илла.

Гьел хис-басазе Расулица кьолеб буго жиндирго къимат: «къориниб ккун бугин Дагъистан», мах1цун, мах1 бахъун, г1асилъун хъах1баяй, магьари лъеч1ого ячарай ч1ужу г1адин. Цебесеб совет заманги квешаб бук1ана, гьанжесеб дагьабги квешаб буго: «Саву кьун босараб кьаву г1адин».

---

[1] Гамзатов Р.Г. Данде гьарурал асарал, Т. 8, М., 2003, гь. 169.
[2] Гьенибго, гь. 222.

Гьаб хъачагълъи киса, хъах1балъи киса?
Г1ахъушдерил щобде щвараб баг1ар бакъ
Шамилил ракьалде кин бач1унареб?!.
Дир ч1аголъиялъул ч1ег1ераб ящик,
Щиб ч1инк1иллъиялде гьанже мун ккараб?
Гъут1бузул т1огьазде т1адеги рач1ун,
Кинал пигмеяца дур гьоц1о ц1ураб?

Расулил рек1елъ цо х1алхьи толареб рух1ел буго, лъималазе жиндица «г1узрабазул ц1ураб т1алъи танилан», Кавказалъе бугеб налъи т1убач1ин. Амма Дагъистан шаг1ирас коч1олъ ах1ана, гьеб к1одо гьабуна, «Гьелъул наслабазе гьеб дир сайигъат». «Ч1ег1ераб ящик» кколеб буго Дагъистан, гьелъие шаг1ирас гьабураб лъик1абщинабги, гьабизе к1веч1ебги, бергьенлъабиги, гьединго гъалат1алги. Бищунго цебе васигатги буго Х1ажиде гьеб ц1унеян.

Расул ккола Социалияб зах1маталъул бах1арчи, г1емерал премиязул лауреат. Гьесие В.В. Путиница кьуна Россиялъул бищун т1адег1анаб орден. Гьесг1ан Дагъистаналъе лъик1аб жо гьабурав чи къанаг1атги ватиларо. Чанго соналъ вук1ана СССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул членлъун. «Президиумалда г1одов ч1ун вуго, амма талих1 гьеч1о», - ян хъвана гьес рукъобе.

К1удияб гьунаралъул пикраби рихьула нилъеда «Нухалги мехалги» поэмаялда. Гьеб буго г1олохъанав гьудул Шапидехун вуссун гьабураб к1алъай-монолог. Поэма г1уц1ун буго анц1ила лъабго сонеталдасан. Т1оцебесеб сонеталда буго г1олохъанав гьудул, поэт Шапиде гьабураб хит1аб:

Шапи, г1умруялъул календаралъул
Ахирияб т1амач т1олев вуго дун.
Т1алъидал ссиялъул сиялги рихxун
Эхей гирун унел ганч1ал – дир иххал.

Хадусел сонетазда сурат бахъун бихьизабун буго гьанжесеб мех-заман, «чияс ияхlалда лахl бахараб», рельсазда бегараб улка, гьеб унеб мекъаб нух, рикlкlада хутlараб талихlалъул цlва, «Рухlдакълъараб чилъи, чидакълъараб яхl, Чагlи дагьлъун руго гlадамазда гъорлъ». «Гlаксаб рахъалъ пулеб улкадул зурма». «Кlиго чlужугlадан гьаб дир замана». Кидалго щвечlо шагlирасе талихlаб мех, гьединго улкаялъул гlадамазеги, тlадчагlаз чурхъана улка, гlасилъиги хъахlбалъиги бекьун.

Азарго тlегь рехе ралъдал тlиналде,

Гъобе тlинде арал дир анищазде

Борхатаб зани чlвай зоб чlван боржунеб

Чlухlараб божидал жаназаялъе.

Шагlирас абулеб буго кигlан гlасияб заман букlаниги, «шапакъатаз гуккичlо шигlру» - ян. Битlарабги буго, Хlамзатил Расул ритlухълъи балагьулев къеркьохъан вукlана. Гьев «нахъе цузе» бокьарал мурадалде щвеларо.

Гьелда тlад шагlир гlемер соназ хlалтlана, гьедин тlолго творчествоялъул хlасил гlадин ккана. Поэмаялъе эпиграфаллъун росун руго Махlмудил, инсул, цlикlкlарав гьудул, профессор Ш. Микагlиловасулги рагlаби. Хlамзатица абун буго: «захlматаб хlал буго хlабашиязда», Микагlиловас: «Заманаби рукlана ракlалдаса унарел». Гьенисан бихьула гьанжесеб заман захlматаб букlин, цебесеб – захlматаб букlаниги, ракlалдаса унареб букlин. Шагlирасул хьулго гьечlо захlмалъаби къезаризе кlвеялде.

Россия рельсазда лъун, гьелде балагь бачиналъе гlайибаллъун Расулица рикlкlунел руго ельцинал, бурбулисал, чубайсал, хlайдарал – ва гьел гурелги гlемерал бечелъиялда хадур лъугьарал – улка бихxизабурал чиновникал, чиналчагlи.

Кидалго захlматаб гlумру букlана улкаялда, халкъалъе кьечlеб гlазаб хутlичlо: граждан рагъги, репрессиялги, хасго лъеберабилел соназ, хадубги. Живго тlагlинавичlого киндай хутlанаян пикроялда вуго шагlир.

Къварилъи-г1асилъиялъул маг1на лъач1ого, заманалъул балагь бич1ч1ич1ого, рохалил куч1дул ах1иялъг1аги, ч1аго хут1ун ватилин. Г1адлу бихизабун гурони, я Хрущевас, я Брежневас, я Горбачевас щибго лъик1аб жо гьабич1ин.

Ахирисел соназ хъварал Расулил асаразе къимат бат1и-бат1ияб кьезе бегьила, амма гьел руго рак1 унтун хъварал. Улкаялда ккарал ишазул адабияб анализ хадусел г1елаз гьабила.

Нилъее якъинаб жо буго Х1амзатил вас Расул к1удияв шаг1ир вук1ин. Гьесда рохелги бихьана хвелги бихьана.

## 6. Муса Мух1амадов.

Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан, С. Стальскиясул ц1аралда бугеб республикаялъул премиялъул лауреат Муса Мух1амадов гьавуна Къах1иб (гьанже Шамиль) районалъул Гьандихъ росулъ 1926 соналъул июнь моц1алда мискинав векьарухъанасул хъизамалда гьоркьов. Росдал школа, хадуб Саратовалда партшкола, хадубги анищ бук1араб М. Горькил ц1аралда бугеб литературияб институт — гьеле хъвадарухъанас лъай босарал бак1ал. Гьев г1емерал соназ «Гьудуллъи» альманахалъул редакторлъун, авар секциялъул руководительлъун Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул секретарьлъун х1алт1ана.

М. Мух1амадовас хъвадарухъанлъиялъул нух байбихьула куч1дул гьариялдасан. 1941 соналъ 15 сон барав г1олиласул рек1елъан къват1ибе бач1уна ч1агояб, жаниб гьалдараб пикро: «Дунги ина, эмен, улка ц1унизе, Ц1ик1арал вацазул хьолбохъ вук1ине». Гьел мухъал росараб «Пионерасул гьа» абураб кеч1 г1ажаибго рек1елъе бортулеб куцалда сок1к1араб буго. Гьелъул авторасул литературияб гьунаралъе пагьму-пассих1лъиялъе нуг1лъи гьабула гьелъ. Вук1инисев прозаикасе куч1дул гьариялъ к1удияб квер бакъи гьабула хъвадаризе ругьунлъиялъе. стиль-хат1 сок1алаб, мух1канаб лъугьиналъе.

1954 соналъ къват1ибе биччараб «Муг1рул ицц» абураб т1ехьалда лъурал куч1дузулъ рек1ее асар гьабиледухъ хъварал г1езег1ан ратула: «Коммунарасул хоб», «Эмен», «Рек1арав», «Рек1ел гьа» ва гь. ц. Киналго гьел асаразулъ цо пикро бук1ана: ц1ик1аразул хьолбохъ вук1ине, гьезул иш цебе бачине, гьезул т1адег1анаб ишалъе г1оло къеркьезе мустах1икъав вук1ине, «хвел гьеч1еб х1алт1и ч1аго нахъе тезе» бугеб гъира. Кеч1 ва шавкъ кьине толареб ицц г1олохъанав поэтасда хирияб улкаялъул, гьелъул г1адамазул ишазулъ бихьулеб бук1аиа: «Г1умруялде бугеб бух1араб рокьи Кьуна гьаб г1ат1идаб ват1аналъ дие». Ват1аналъ, ц1ияб г1умруялъ г1езабураб ккана Мусал литературияб  гьунар.

«Муг1рул т1огьазда» абураб коч1олъ буго поэтикияб асаралъул аслияб мурад баян гьарурал мухъал: «Гъол хадур ругезе рак1алде щвезе, Бик1ила дицаги кьурулъ памятник, Гьарила щваралъур щулиял г1ужал». Щваралъур гьарурал щулиял г1ужал ругин абизе бегьула М. Мух1амадовас хъварал, авар адабият бечед гьарураб чанго аса-ралда.

«Муг1рул расалъуда» абун ц1ар лъураб куч1дузул к1иабилеб т1ехь къват1ибе биччана 1958 с. Гьениб бихьулеб буго г1олохъанав поэтасул сипат-сурат г1уц1изе бугеб махщел, цебе т1ей. Цо жиндиего мустах1икъаб ишараялдалъун рек1елъ бугеб пикру маг1наяб куцалъ кьезе к1ола гьесда.

Шиг1раби гьаризе Мусал лъик1аб гьунар бук1иналъе нуг1лъи гьабула архивалда ц1унун ругел жиндирго йокьулей лъади ва г1умурялъул гьудул Фазуде гьарурал лирикиял куч1дузги. Кинабниги 26 кеч1алдаса гьоркьоса 1992 соналъул 5 декабралда «Х1акъикъат» газетаялда бахъун бук1ана чангояб: «Доб къоялъ»,  «Жакъа мун…», «Дуе рек1ел гьудул». Гьел руго аслияб куцалда 1956-1957 соназда гьарурал шиг1раби, дида ккола гьез аваразул советияб рокьул лирикаялда мустах1икъаб бак1  кквелин, йокьарай ясалъе  сипатал гьаризе Мусада ратун руго ц1иял къаг1идаби ва мустах1икъал раг1аби, рак1 сородун рагьун буго йокьулелъул образ. Шиг1рабалъ буго рек1ел к1ут1иги, рохелги, х1инкъиги, щакдари, божилъиги.

Дур лъалк1алда хадув вилълъунев вуго,
Йокьулин абизе х1инкъулев вуго.
Дур т1адег1анлъабаз гьит1инлъунги ун,
Гьит1инаб лъимерлъун заг1иплъун вуго.

«Дуе рек1ел гьудул» абураб кеч1 хъван буго рек1ел гъамас гъваридго рагьун, рокьул диалектика цебе лъезабун. Шаг1ирас коч1ол раг1аби хъван руго йокьулелде бугеб х1асраталъ кодове восун гуребги, гьей ц1унизе г1оло:

Зобал г1ат1илъараб, гьумер роц1араб,
Гьаб т1олго дуниял дуе гьимулеб
Берцинлъул, къач1ан мун йигел къоязда
Дур рохел бикьизе рук1а абе гьал.

Зобал рук1к1ун арал, нак1к1ал руччарал,
Дуе г1агаразул, гьудулзабазул
Мун гьимизайизе къуват г1оларел
Къояца дур ургъел бикье абе гьаз.

Гьаниб рехсезе бегьула Мусаца хъвараб «Шуг1айнат» абураб психологияб поэмаги. Гьениб басриябги ц1иябги г1умру данде ккун, темаги ц1ияб гьеч1о, ц1ияб жо буго маг1арулалъул образ, гьелъул нафсияб рахъ, балагьаб къисмат, рокьул къуват, рух1ияб гьайбалъи. Вокьулесе хияналъи гьабизе к1веч1ого гьей г1орулъе к1анц1ула.

Мусал поэзиялда психологизм, драматизм, сюжет бук1инги бихьун Литинституталда ц1алулеб мехалъ машгьурав поэт В. Луговскояс Мусае г1акълу кьуна прозаялъул асарал хъвазе байбихьеян. Мусаца малъи г1адахъ босана, гьев вуссана прозаялде. 1956 с. г1урус мац1алда басмаялда бахъана «Чагъана» абураб харбазул т1ехь. Гьелъие лъик1аб къимат кьуна хъвадарухъан Т. Таймасхановас 1956 соналъул 4 декабралда «Баг1араб байрахъ» газетаялда бахъараб макъалаялда, мац1 г1адатаб, пасих1аб пикраби г1емераб бугин, жаниб ч1анда гьеч1еб.

Мусал харбазе («Барашек», «Друзья», «Встреча с поэтом») лъик1аб къимат къуна г1урусазул гьунар бугел критикал Ю. Арбатица, Н. Капиевалъ, Вл. Огневас.

1956 соналдаса нахъе г1умруялъул ахиралде щвезег1ан (нилъедаса ват1алъана 1997 с.) Мусаца маг1арул ва г1урус мац1алда къват1ире риччана г1емерал прозаялъ хъварал т1ахьал: къисаби ва романал – гьезул къадар к1икъогоялдаса бахуна. Гьес аваразул прозаялъул мац1 цебе т1езе, гьеб пассих1аблъун, ай художествоялъулаблъун, ц1ализе бокьулеблъун лъугьине гьабураб х1алт1и лъик1аб къиматалъе мустах1икъаб буго. Г1урусазул хъвадарухъан Н. Тихоновас абухъе, «Мусаца маг1арул проза цебе т1езе щулияб къуч1 лъуна».

Т1оцебесеб к1удияб бергьенлъилъун рик1к1ине бегьула 3 т1ехьалдасан – романалдасан данде гьабураб трилогия. Гьелъул руго цого героял, цого иш лъугьунеб бак1. Т1оцебесеб романалда ц1ар буго «Къисас» (1955-1960 сс.), к1иабилелда – «Кьалбаз ккола гьвет1» (1960-1963 сс.), лъабабилелда – «Лъукъарал кьураби» (1964-1965 сс.). Лъабабго романалда бицунеб буго лъебергог1ан соналда жаниб Дагъистаналда ва Бакъдаб росолъ ккарал лъугьа-бахъиназул: 1916 соналъул ихдалидасан байбихьун 1945 соналъул рагъ лъуг1араб къоялде щвезег1ан.

Прозаялдаги Муса поэт хут1ун вугин абизе бегьула. «Къисас» роман хъван буго г1емерисел бак1аздасан поэтикиял къаг1идаби х1алт1изарун.

Мусаца г1умру гьабулеб трилогия хъвараб заманги, гьениб бицен гьабулел лъугьа-бахъинал ккараб заманги бук1ана совет власть бахъизе къеркьолеб, щула гьабулеб, социалистияб г1уц1иялъул заман. Рук1ана г1емерал бергьенлъабиги, -лъик1ал рахъалги, рохелги, аваданлъиги, гьединго рук1ана зах1малъабиги къварилъабиги, балагьалги, камиялги. Цо-цояз абула бук1анин социализм гуреб тоталитарияб г1уц1и, цо партиялъ цо идеологиялъ бергьенлъи гьабун., дин, эркенлъи гьукъараб, планалда рекъон маг1ишат гьабулеб заман.

Якъинаб буго: нилъеца нахъ ч1вана классияб ва граждан рагъ, гьеб пасатаб жо бугин, напс к1одо гьаби, репрессиял, чи х1акъир гьави, дин каки, боана

демократиялда, эркенлъиялда. Амма кинабго пасалъи батана, гьереси демократаз халкъ гуккана, х1урудахъ бана халкъалъул маг1ишат. Бач1ана капитализм, цадахъ террорлъиги, х1укуматалъул бет1ералде ккана капиталистал. Гьелгущинал пикраби гьаридал суал бач1уна: къвариг1ун бугиш нилъее граждан рагъул, социализмалъул, колхозазул, Ват1анияб рагъул бицарал асарал. Гьелъие жаваблъун бугин ккола Мусаца 1996 соналъ к1иабизе бахъараб жиндирго роман «Къисасалъе» хъвараб цебераг1и.

Гьес хъвалеб буго т1оцересел жиндир куч1дул инсуе рокьич1ин, «кеч1алъ чи хьихьуларин». Амма хадуб гьит1инав вацас «Къисас» роман ц1алараб мехалъ эмен разилъун вуго: «т1ехьаладсан жиндирго г1умру бихьараб г1адин г1ажаиблъи гьабулаан гьес… Цо-цояз абила гьанже бат1ияб заман буго, гьел т1ахьал абуни маг1арулазул сонисеб г1умруялъул х1акъалъулъ ругилан. Амма гьезда к1очонге абе нилъер тарихалда инкъилабги, колхозияб г1уц1иги, К1удияб Ват1аналъулаб рагъги бук1араблъи. Гьенир цо-цо гъалат1алги г1унгут1абиги рук1ун ратаниги, гьеб нилъер г1умруялдаса хъваг1азе лъилниги ихтияр гьеч1о. Биччанте ц1ияб г1елалдаги лъазе нилъер умумузулги, ц1ик1к1арал вацазулги г1умру чвахараб куц: гьезда бихьараб лъик1лъиги, зах1малъиги, рах1атги, рах1ат хварал соналги»[1].

Якъинаб жо буго Мусаца граждан рагъ совет власть, колхозал гьари коммунистазул х1алт1и какулеб гьеч1олъи, гьеб бещулеб бук1ин. Гьев живго партиялъул членги вук1ана. Амма романалдасан нилъеда бихьула гьелъул автор рит1ухълъи бокьулев чи вук1ин, партиялъ риччарал г1емерал гъалат1азда гьев рази гьеч1олъи. Гьес рахъ кколеб буго зах1мат бокьулев чиясул, гьесда рихараб буго гьереси, ц1огь, хъант1и, чуруклъи, хъамалчилъи, г1асилъи. Заманалъул х1акъикъатги Мусаца г1езег1ан гъорлъе ваккун бихьизабун буго. Гьесие бищун рокьулел героял руго зах1мат бихьун маг1ишат гьабулел, г1адамал, масала., середняк Саг1ид, гьесул яс Г1ашура, гьелъул рос Салим. Жакъа нилъее якъинаб буго маг1арул росабалъе кулакалилан абун г1емерав векьарухъан, (маг1ишат гьабизе лъалев, рес бугев) т1аг1инави, гьеб гьабулеб бук1араб куц ва гьеб

[1] Мух1амадов М. Къисас. – Махачкала, Даг.кн. изд-во, 1996, гь. 5-6.

мекъияб нух бук1ин «Кьалбаз ккола гъвет1» романалда мух1канго, расги х1инкъич1ого бихьизабун буго. Гьеб бук1ана т1оцебе Мусаца адабияталда абураб бит1араб рагl1и.

Эркенлъиялъе г1оло къеркьолаго мискинзабазул цебе т1ураб сиясияб пикро бижи, гьезул хасият-г1амал кьуч1дасанго хиси, гьел социализмалде рач1арал куц, ц1ияб г1умру г1уц1улаго бихьизабураб жигарчилъи, дандч1варал зах1малъаби – гьединаб буго т1оцебесеб к1иго т1ехьалъул аслияб х1асил. Гьеб кинабго бихьизабизе авторасда ратун руго жиндирго художествоялъулал къаг1идаби, поэтикиял алатал – хъвадарухъанасул палитра бечедаб буго.

Романалъул байбихьудаго нилъеда цебе ч1ола цоцазде данде къеркьолеб к1иго лагерь – чияр гъийин кваналел бечедал г1адамазул ва жидерго намус ва ихтиярарл ц1унун къеркьезе лъугьарал мискинал рекьарухъабазул. Бечедал сих1рабаз, х1алихьатал ва такъсириял ишаз рес гьеч1еб язихълъиялде ккезарурал мискинзабазул щивав жинди-жиндир нухалъ рач1ун сиясиял рагъазул маг1на бич1иялде. Жидерго напс ва намус-ях1 ц1унун чадил кесекалъе г1оло къеркьезе лъугьиналъ гьел рачуна кьуч1дасанго г1умру хисиялъе г1оло х1алт1ухъабаз гьабулеб къеркьеялда гъорлъ жигараб г1ахьаллъи гьабиялде. Классиял къеркьеязулъ лъадарула гьезул г1амал-хасиятал. Классияб къеркьеязулъ лъадарула гьезул г1амал-хасиятал. К1удиял хиса-басиял лъугьуна щивасул г1умруялъулъ. Цоял бач1инахъего ккола революциялъул ишалде гъорлъе, цойгиязул нух гьенибе халалъула ва зах1малъула. Ц1ияб г1умруялъе, эркенлъялъе г1оло къеркьолел бах1арчиял героязда гьоркьосан аслияллъун ккола Салим, Г1алисултан, Муртазаг1али, Атаев, Мах1ач, Мух1ума, Х1осен-даци, Зубаржат, Г1ашура, Субх1анат, Х1ава.

Гьезул щивасул буго жиндирго нух, къисмат, г1амал-хасият. Салим вук1ана рагьт1ател Дарбишил вас. Холеб мехалъ инсуца гьесде васигат гьабула наиб Г1абдулат1ипидаса рец1ел босеян. Цоял чах1ида регун, цойгиял хъупил бусада расандун унеб г1умру буго гьабан. «Амма цо бечелъи батана дида гьаб

дунялалда, дир вас… Гьеб хазина буго хъизаналъул гьуинлъи, рекъел, дур эбелалъул диде бук1араб рокьи. Йокьарай гурони лъади ячунге»[1].

Херав пуланасда лъалеб бук1инч1о васас жиндиего г1оло гуребги бечедаздаса киналго мискинзабазе г1оло къисас босизе бук1ин.

Эмен хун хадуб Салим, инсул бак1 хисун, бечедаб Г1амирханида цеве х1алт1изе лъугьуна.

Гьесул рокьи ккола середняк, (гьоркьохъеб рес бугев векьарухъан) Саг1идил яс Г1ашурахъ. Гьелъие Салимги вокьула. Амма гьей абула Г1амирханил вас ях1 гьеч1ев Къурбание. Жиндирго талих1 батиялде, мурадал т1ураялде Салим вачуна г1умру хисизабизе гьабулеб къеркьеялъ. Т1оцебесеб дунялалъул рагъда вук1арав Муртазаг1алидасан лъала басрияб х1укумат т1аса рехизе гьабулел ругел ишазул х1акъалъулъ. Шагьаралда вук1арав Г1алисултаница бицуна х1алт1ухъабазул зах1матаб яшавалъул, гьезул багъа-бачариязул. Салимица х1укму гьабула, хъамун ячун Г1ашураги эбелалда аск1ой тун, баг1арав командир Муслим Атаевасул партизаназул отрядалде ине. 1919 соналъ гьев Деникин гъурулев рагъда г1ахьаллъула. Хадувго Г1ахьвахъа Шамхалил отрядгун бандазде данде вагъулаго, гьес ч1вала наиб Г1абдулат1ип: «Инсуда рарал ц1алазухъ, имг1аласул хвелалъухъ, халкъалъе кьураб г1акъубаялъухъ къисас! – абун Салимица хвалчен хьваг1ун бичана. Г1абдулат1ипил бет1ер хьибилалде ч1ван ана». (гь. 403)

«Къисас» трилогиялъул т1оцебесеб т1ехь лъуг1ула инсудехун вуссун абурал Салимил раг1абаздалъун: «Нижеца басрияб дунялалдаса къисас босана ва гьале ц1ияб г1умру г1уц1изе байбихьулеб буго. Дица дур васият т1убазабуна ва дур ц1ар ц1и гьабизе васги гьавуна… Дир Дарбиш» (432)

Муг1рузда Совет власть бергьун хадуб Салимица жигараб г1ахьаллъи гьабула Бакъдаб росулъ колхоз г1уц1иялъулъ, гьесда к1ола вакьад Саг1идги бит1араб нухде вачине. Данде ч1вала г1емерал зах1малъаби, балъгоял тушбабаз квал-квал гьабулеб бук1ана г1аммаб маг1ишат г1уц1иялъе. Росдал советалъул председательлъун ккун вук1ана балъгояв тушман «гьереси партизан» Г1усман,

[1] Мух1амадов М. Къисас, 1996, гь. 129.

гьесие кумек гьабуле букlана райисполкомалъул председатель Шараповас. Гьез кlиязго мискинзабазда совет власть рихxинабизе гlемер хlалтlи гьабуна, колхозал гlуцlулеб мехалъ, дагьабниги рес бугел рекьарухъаби кулакал гьаризе кколин.

Салимида цадахъ романалда цого даражаялда вихьизавун вуго Гlалисултан. Гьев чанго соналъ хlалтlула Гlамирханил гlияда вехьлъун. Хуриб цо букlараб генул гъветlги къотlун, гьес инжитги гьавун, Гlалисултаница росо тола. Шагьаралда гьесул лъай-хъвай ккола хlалтlухъаби Андрейилгун ва Рамазанилгун. Тlоцебе классиял рагъазул магlна бичlчlичlого, гьев ккола Хlоцос Нажмудинил муридзабазда гъорлъе: Гьезул мурадал ричlчlидал, туснахъалъуса Андрейги Рамазанги хвасар гьарун лъутула багlар аскарилазул мухъилъе. Гьений гъесда данделъула йокьулей яс Зубаржатги. Совет властадъул заманалда гьев росулъ партячейкаялъул секретарьлъун хlалтlула, халкъалъе бичlчlи кьеялъул хlалтlулъ гlахьаллъи гьабула. Амма тушбабаз Гlусманица ва Шараповас мацl гьабун Гlалисултан жанив тlамула.

«Къисас» романалда цlикlараб бакl ккола Муртазагlалил образалъги. Хасго цlикlараб бакl гьесие кьун буго лъабабилеб тlехьалда. Росолъ тlоцересел данделъаби, бечедазде данде чlеял гlуцlи гуребги гьев мискинзабазул мурадал цlунун, гьезул рахъ ккун бечедазде данде вуссуна. Рагъул соназ гьев райком партиялъул секретарьлъун хlалтlула.

Авторас махщалида рихьизарун руго магlарул ясазул Гlашурал, Шагьрузатил, Зубаржатил, Узлифатил образалги. Гьел гlуцlун руго ракl чlеледухъ реализмалъул кьучlалда. Гlалисултанил яц анцlила микьто сон барай гьайбатай Шагьрузат Къурбанил вахlшилъиялъ гlумруялдаса ятlа гьаюла. Гlамирханил яс Зубаржат херав бегавул Хlасание хlал гьабун кьолей йикlун рукъоса лъутула. Захlмалъаби, къварилъаби рихьун гьей ячlуна революциялъул нухде. Гьединаб буго Гlашурал къисматги. Гьей йиго цо рахъалъ жиндирго намус цlунун бажарулей, къадро бугей

къеркьохъан, цойги рахъалъ  хасият берцинай, х1еренай ва недегьай лъади.

Бечедал г1адамазул образал рихьизарулагоги М. Мух1амадов реализмалъул т1алабаздаса ва тарихияб х1акъикъаталдаса тарун гьеч1о. Гьел руго сих1ирал, жидер мурад т1убазе г1оло гьабулеб чуруклъиялдаса нахъе къаларел, г1алхул жанавараздул г1амал чорхолъ бугел. Революциялде данде ч1ун къеркьолел рук1ана цоял балъгого,  цоял т1атун: Г1амирхан, гьесул вас Къурбан, Ниг1матула дибир, Х1оцоса Нажмудин, Хъайтмаз, Г1усман, Шагьидав, Т1алх1ат, Х1асан ва гь. ц.

Г1амирхан мискинзаби махсароде ккун ва ц1огьодун бечелъарав х1алихьат рагьун вагъулев вук1ана совет власталде данде. Гьев х1адур вук1ана мискинзабазул би ц1узе, жиндиего таманча бат1а гъабизе г1оло гьес рос хварай мискинч1ужу Субх1анатие бит1ахъе  г1азаб кьола. Росдал бегавул Х1асангун рекъон херай ч1ужу мац1ихъан Баху хвезаюла, г1умру рихинабула жиндирго ясалда. Инсуда релъарав лъугьана гьесул вас Къурбанги, боц1уца цулъизавурав гьев гьалаглъана мискинзабаз эркенлъи бахъизе ярагъ кодобе  босидал.  Бечедазул  такъсириял ишал рахчулел рук1ана бегавул Х1асаница, дунялалъул тадбирал ва законал хисизе бегьуларин ваг1заял ц1алулел рук1ана Ниг1матула дибирас.

Гьел халкъалъул тушбабазул г1амал-хасият, сипат-сурат бихьизабулагоги авторас х1алт1изаруи руго бат1и-бат1иял художествоялъулал къаг1идаби: романалда г1емер ратула гьоркьор лъурал харбал, биценал, гьарзаго кьолел руго диалогал ва монологал, дандекквеял ва характеристикаби. Масала, Г1амирханил образ г1уц1улаго кинабго махшел буссинабун буго гьесул чияр гъийин кунеб бац1илаб г1амал рагьизе, гьесул руго «чахъдал г1адал берал», «расул ц1урал кверал», «нахуца чуруклъараб хъабарча», «к1удияб чехь», «чахьалдасан далараб ханжар». Сатирикияб куцалъ кьун буго Х1оцоса Нажмудинил образги.

Романалъул к1иабилеб т1ехьалда («Кьалбаз ккола гъвет1») лъугьунеб иш росу тун къват1ибехун унеб гьеч1о, гьениб г1ат1идго ва раг1а-

ракьанде щун бицунеб буго колхоз г1уц1иялъул, баян гьабун буго мискинзабазе талих1алде ва лъик1аб яшавалде нух цого г1ахьалаб маг1ишат г1уц1иялъулъ бук1ин. Аслияб к1вар кьун буго цере зулмудукь рук1арал рекьарухъабазул рух1ияб ва сиясияб пикро щулалъи, жидерго напсалъул кьадро ц1унулелльун гьел лъугьин гъваридго рагьизе.

Мух1ума, Х1ава, Сайбулла г1адал рекьарухъаби к1удияб жигаралда ва х1аракатчилъиялда ц1ияб г1умру г1уц1изе лъугьуна. Цого жидерго маг1ишаталъул ва напсалъул ургъел гьабун ч1еч1ого гьел лъугьуна колхозалъул х1алт1ул х1аракатчаг1илъун, гьезул рек1ел хьулал, рохелал ва пашманлъаби ц1алдолезул рек1елъ хут1ула. Жиндирго бах1арзал авторас рихьизарун руго к1удияб рокьигун, недегьаб гьимигун, гьоркьоб цо-цо махсаро-хоч1ги реч1изабун.

Мусаца гъункун цолъизабун буго бечедаб тарихияб ва фантазиялъ ургъараб материал, данд ран руго г1емерал г1адамазул къисматал ва г1уц1ун буго лъик1аб художествоялъул асар. Гьеб рик1к1ине бегьула XX г1асруялъул 20-40 соназда маг1арул росдал г1умру бихьизабураб энциклопедиялъун.

М. Мух1амадовасул героял лъугьун руго маг1арул халкъалъул эстетикиял идеалал чорхолъ ругелльун, жидедасан х1алт1улъ ва хьвада-ч1вадиялъулъ мисал босизе бегьулелльун. Салим, Муртазаг1али, Г1ашура, Г1алисултан - гьел руго рак1 бац1адал, зах1мат бокьулел, маг1арулазул лъик1ал г1адатал ц1унулел, халкъалъе г1оло рух1 кьезе х1адурал, бах1арчилъи чорхолъ бугел г1адамал.

Роман хъван буго роц1араб, эстетикияб куцалъ къач1араб мац1алда, автор ругьунлъун вуго жиндирго стиль - хат1алде. Хасго мац1 берцинлъиялда т1ад к1удияб х1алт1и гьабун буго к1иабилеб т1ехьалда, гьенир ратула героязул рух1ияб г1умру рагьулел монологал, т1абиг1аталъе гьарурал сипат-суратал (пейзажал). Гьале революциялъул тушман, цох1о живго хут1арав Къурбанил пикраби кьун ругеб куц:

«Шураса вахъун лъабабилеб къоялде рогьалилъ щвана Къурбан г1агарал муг1рузде. Гъоле росдал к1алалдасан г1ачиязул рехьед буго вехьас г1алахалде бачун унеб. Т1охазул т1улбухъан бахъун бач1унеб к1к1уй буго хъах1илаб гьин-катан бигъараб г1адин, гьаб жаниблъиялда т1ад щущалеб. Гъоле росда цебе г1ат1идаб хур. Гьенир г1арал гьарун рихьула бецараб лъилъараб т1ощалил. Г1арал гьарулев эменги, гьесухъе гулал рехулев живгоги вук1араб мех рак1алде щвана Къурбанида. Гьанже лъицадай г1арал къана».

Гьаб кесекалда авторасул каламги героясул каламги цин цоцалъ жубала, цин бат1алъула, гьеб буго т1оцебе М. Мух1амадовас авар литературоаялда х1алт1изабураб къаг1ила.

Абич1ого г1оларо, Мусал к1удияб махщел буго рокьул психология рагьизе, ч1ужуг1аданалъул берцинлъиялъул х1акъалъулъ х1икматго хъвазе. Х1асанил яс Узлифат йик1ана гьайбатай г1адан, гьелъие вокьулаан Салим, амма мурадалде щвеч1о. Гьелъул портрет, г1амал-хасият, хъвадарухъанас кьун буго т1адег1анаб адабияб даражаялда. «Кьалбаз ккола гъвет1» байбихьула Узлифатие сипат-сурат гьабиялдасан, гьеб ц1алулаго нилъ бит1ахъе х1айран гьарула, т1ат1ала руссун ц1ализе бокьула.

Т1абиг1талъул суратги, инсанасул г1умруги кьун буго цоцазде цолъун. «Бит1ун сордо бащалъараб мехалъ гъугъана зоб. Рак1алдаго гьеч1ого бахъараб гьеб гьаракьалъ  макьидаса борч1изабуна, харибак1алда къараб рехъен г1адин, к1иго гох1да гьоркьоб т1ецун бугеб цоцалъ къарал рукъзабазул бакъдасезул росо…

Хинго ругел гъуждузде китайшалги рехун рагъиде лъугьун яч1ана Узлифат. Х1обода мугъги ч1ван, ц1адахъ урхъун сородулел т1амхазул саринаалъухъ г1енеккун ч1ана гьей. Т1инкъги гьорлъан канлъи бихьулареб сардил биццатаб бец1лъиги хъвалхьун пирхун бач1ана пири…

Цо кибалиго сасун х1охьги бахъун бач1ун, нахъойги къвал ц1уц1ун ц1адги рахъ-рахъалде хъамулаго боржанхъула гьури. Гьелъ самсамун бала шаликьан раккарал Узлифатил меседил кьерал расал, гьеб х1енчола гьелъул

г1азохъах1аб каранда, гьелъ ц1орораб къвал жемула гьалъул халатаб горбода. Лъик1 мехалъ мут1иг1го басандизе тола Узлифатица жиндир бах1арлъиялъул ц1а свинч1еб черхгун гьури…» (гь. 7-8)

Бищунго жигаралда хъвадарухъан х1алт1ула авар прозаялда къисаялъул жанр цебе т1езабиялда т1ад. Гьес хъвана къогоялдаса ц1ик1ун къиса. Бищунто лъик1ал руссинарун руго г1урус мац1алде. Москвалда чанго нухалъ рахъана гьездасан данде гьарурал т1ахьал: «Ханжар» - 1968, «Муг1руэул сухъмахъал» - 1970, «Ч1ег1ераб гамач1» - 1972, «Бакъда росулъа г1адамал» - 1973, «Къолодаса зурмихъан» - 1974. «Манарша» - 1975, «Г1аздада ц1аял» - 1984, «Къисаби» - 1985, «Жагадул г1аркьел» - 1987, «Муг1рузул дандерижи» - 1990 сс.

Инсанасул чорхолъа басриял г1адатазул хут1елал т1аг1инариялъул ва гьесул психология хисиялъул бицунеб буго: «Ханжар» къисаялда. Гьелъул герой херав Х1адис ц1ияб росулъе вахъинч1ого вук1уна васас гьабураб ишалда рак1 хун. Инсул разилъи гьеч1ого, Г1усманица бидул тушманасул яс ячуна. Гьезие гьавула вас. Г1адаталда рекъон к1удияв инсуда васасе ханжар кьезе кколаан. Амма гьеб Х1адисица ц1унун бук1ана рец1ел босизе. Ц1ияб г1умруялъ вигьинавурав херас рек1ел къварилъи - ургъел жиндирго гьудуласе ва. васасе бикьула: «Макьилъги тушманасул ц1ар бахъарабго хонжроде гьесулеб бук1ана дир квер… Гьедин лъабго моц1алъ ч1амуна дица ч1амуч1аб ялгъузлъи. Къаси сардилъ ц1огьор г1адинан вач1унаан дун ц1ияб росулъе, - дирго васасул рукьзабазда цеве... Чанц1улха рагьо бахине ,гьесарав, ях1 г1еч1о «гьаб рокъой Зада йиго, Зада дир, тушманасул яс», - ян ах1долаан илбис».

Илбис нахъе гьабун, г1акъло цебе ккун, Х1адисица ханжар к1их1и бекула, гьанже гьеб х1ажат гьеч1ин.

Моралиял к1вар бугел суалазда т1ад М. Мух1амадов к1вах1тун х1алт1ула, гьелъ лъик1ал х1асилаздеги вачуна. Цересел хъвадарухъабазул дарсаздасан мисалги босун, художествоялъулал традициялги цере рачун гьес

авар прозаялъул, жанрал цере т1езаруна. Гьелъие нуг1лъи гьабула Муг1рузул сухъмахъал» къисаялъги.

Гьеб г1уц1араб буго анлъго хабадалдасан. Щибаб хабаралъул буго жиндирго маг1на, хассал героял, гьебго заманалда: гьел цолъарал руго цо пикроялдалъун. Росдал г1умру, гьелъул г1адамал, г1адатал, г1олел-г1оларел рахъал сурат бахъун рихьизарулел руго щибго жо бахчич1ого, эркенаб куцалъ. Хъвадарухъанасул бер хибего щолеб буго, гьев жиндирго героязул рак1азулъе льугъунев вуго. Г1адамазул ишазул бицун теч1ого, гьес щивасул хасият-г1амал бижараб аслу лъазабула. Гьале Х1асанилав, гьит1инго бокьич1о гьесие х1алт1и «х1алакун квер бара-бараб ишги нухаго рехон тун, «йохъ аллагьас икъбал гьеч1ев вижун вуго дун, я боц1ул ккеч1о бит1, я х1алт1ул, ккеч1о талих1», — абун ах1дола, живго гурев, жиндир к1ох]аллъи, т1адгольиялъе г1айибиял цойгидал г1адамал ругел г1адин гаргадула». Бакъдаб росолъ кколеб лъутьа-бахъиналдаса гьев камуларо хьагиниса гелг1анги. Щивав чиясда х1унсизе раг1иги кибго х1адур бук1уна.

« - Вай бух1аяб дунял, данде вуссине чиго щолареб мун… Ц1ад гьаризе рахъарала ц1унц1рабазул х1исаб буго гьанже гьал г1адамазул, цин доре роpтун, цин гьанире рекерун маг1ишаталда хадур хапдолел, хъант1ун дуниял гьабулел».

Х1асанилас жиндирго чахъабазул бут1рул къот1ула «баракат бахъизабуна гьанже гьазулги», - ян. Цин изну кьола г1иги г1ачиги хьихьизе, цинги бокьараб къоялъ рахъун гьукъизе х1укму гьабула нилъер Г1израилица... Хасалоде хер бецизе гьукъула, колхозалъул план ц1езабедила цин. Плангиха лъалареб жо гуро». Х1асаниласул мугъзал ч1оло бит1ула росдал колхозалъул ва советалъул х1акимзаби какизе щвани. Амма гьев гуро т1убаи рижи мекъса ккарав чи, гьес бицунеб жоялъулъ бит1араб жоги камуларо. «Курорталдеги жалго уна, жеги Москвалде выставкаялдеги санайил, пирсидател уна, г1адамазда малъарилаго мац1алда сог1алрахъарав чи ине ккеларищ, Раисат гогьдаризайизе саййгъаталги росун, колхозалъул г1арац гьереси документазде буссинабун, нахъ вуссине.

Росдал колхозалъул председатель Г1узаирица жиидидаг сверухъ х1ехьезе бегьулареб х1ел-х1елчилъиялъул ах1вал-х1ал бижизабулеб бук1ана. Гьесдаса разиял рук1инч1о Х1асанилав гуревги г1емерал колхозникал. Орденазул керенги ц1ун, капитанасул ц1арги босун вуссана Г1узаир рагъдаса. Щивав росоцоясдехун гьесул бук1ана х1еренлъи. Гьез хъач1го валагьана кьабг1ун колхозалъул боц1и-малгун жиндиего хъала г1адаб ригьги бан ватарав Гьиматихъ. Лъик1ал хъулухъаздаса инкарги гьабун, гьев х1алт1ула росолъ бригадирлъун, хадув киналго колхозниказ гьарун председательлъи гьабизе разилъула. «Гьанже ккана колхозалъул бет1ерлъун вит1арав ва бажари бугев чи»,— ян абула рак1 бац1адго х1алт1улев Исх1акъица. Колхоз дагьалго соназдасан бечелъун ана, г1адамал х1адурал рук1ана капитанасда хадур бокьараб ишалде ине, «гьесул г1акълу г1адахъ босизе». «Гъодот1аги Г1узаир, г1оч1от1аги Г1узаир» лъугьана районалъул руководительзабазеги.

Амма рецц-бакъалъ критика бокьич1олъиялъ ва жив хиси гьеч1ев чи вугин рак1алде ккеялъ г1аданлъи хун ана Г1узаирилъ, гьев г1адамазде хъихъидизе, данде жо абурал щиназдаса рец1ел босизе ругьунлъана. Г1узаирил образ г1уц1улаго хъвадарухъанас к1вар кьун буго руководитель мекъаб нухде ккеялъул суал рагьизе. Г1умруялъул х1ужаби росун рагьун руго заманалъе хасиятал цо-цо рахъал. Маг1арулазе мустах1икъал лъик1ал хасиятал чорхолъ ругел героялльун авторас рихьизарун руго Исх1акъ, гьесул лъади Маг1азат, парторг Ибрагьим ва гь. ц. Гьезул х1акъалъулъ къисаялда г1емер бицун гьеч1о, амма бицараб жоялдасалги нилъеда бич1ч1ула гьезул нухал — сухъмахъал гьайбатал, халкъалъе г1оло рух1 бичун х1алт1изе лъурал рук1ин.

Нилъеда бихьуда «Къисас» трилогиялдаги хадусел къисабаздаги гьоркьоб щулияб бухьен бук1ин.

Авар литератураялда жаниб к1удияб бергьенлъилъун тезе бегьула «Ч1ег1ераб гамач1» къиса. Гьеб буго г1емер бечедаб маг1наялъул асар. Чвахун бач1унеб кеч1 г1адин циндаго ц1ализе бокьула гьеб г1умруялъул к1вар бугел масъалаби жанире руссинарураб бац1адаб, философиялъулаб

асар. Гьеб хъвалаго, Мусаца пайда босун буго халкъияб творчествоялъул бечедаб хазинаялдасан ва гьанжесеб авар адабияталъул бергьенлъабаздасан.

Къисаялда руго ц1одорал притчаби, г1исинал харбал, маргъаби, биценал, авторас жиндицаго ургъарал гьайбатал лъугьа-бахъинал. Гьел кинало чалуялда т1ад хурал маргъалазул ц1ал г1адин цо сюжеталда сверухъ гъункунцолъизарун руго бег1ераб гьунаралъ. Хъвадарухъанасул махщел ва таваккал г1ун буго ц1алдолезул рак1азе панаяб асар гьабизе. Къисаялда бицунеб бугеб лъугьа-бахъин ккола лъеберабилел соназда, росабалъ класияб къеркьей жеги лъуг1ун бук1инч1о. Г1емеррисез жидерго боц1и-мал разилъун холхозалде кьола. Цо-цоял бат1и-бат1иял г1иллабазе г1оло халкъалдаса т1ола. Бечедав чи Шамсудин рохьаздаги вахчун большевикал кидалдай т1аса инаян хал ккун вук1уна. Гьес цадахъ вачуна расги г1айиб гьеч1ев бах1арчияв вас Мазгарулав. Мазгарулас рокьи ккун хъамула совет школалда куцарай яс Ханикака. Гьелъул рек1ее хъачагъас бергьараб асар гьабула. Ханикал ц1одорльи ва бах1арчилъи г1ола жиндида г1айиб гьеч1ого мекъаб нухде ккарав Мазгарулав мук1ур гьавун ц1ияб г1умруялде вуссинавизе. Ярагъ г1одобе рехун кверде вач1унев гьев х1алихьатав тушманас ч1вала. Амма Ханикал гьайбатал пикрабаз, хиялаз ва ишаз нилъ х1айран гьарула. Инсан вит1араб нухде вачиналъе г1оло г1емерал г1адатаздасан ва басриял хут1елаздасан, гьединго зах1малъабаздасан т1асан галиги бегьун гьелъ гьабулеб иш г1емеразе дарслъун хут1ула. Ханикал образалъ нуг1лъи гьабула авторасул асаразулъ ккарал лъик1ал хиса-басиязе, гьединго аваразул прозаялъ росарал бергьенлъабазе.

Ханикалго г1адаб гьайбатаб ва камилаб буго 1972 соналъ «Огонёк» журналалъ премия кьураб «Богогьан» къисаялда бицен гьабулей Загьидатил образ. Загьидатги Зубаирги г1олохъанлъудаго цоцазе рокьулаан. Г1умруялъ рек1елъа унареб асар хут1ула гьезул чорхолъ заманалъе къисматалъ цоцаздаса рат1а гьаруниги. Гьезда талих1 батула г1емерал къварилъабаздаса хадуб. Жидее г1адамалги г1адамазе жалгоги рокьиялъ, гьезие г1оло рух1 ва

жигар кьун х1алт1иялъ рес кьола Загьидатиеги Зубаириеги талих1алъе ва адабалъе мустах1икълъизе.

Мусал асарал, хасго къисаби, машгьурал руго нилъер маг1арулазда гьоркьор гурелги улкаялъулго т1ахьал ц1алулездаги. Гьелъие нуг1лъи гьабула хъвадарухъанасухъе рач1арал г1емерал кагътазги. Гьел хъварал руго г1олилазги, пенсионеразги, г1алимзабазги, хъвадарухъаби — критиказги Москвалдасан, Сибиралдасан, Украиналдасан, Абхазиялдасан, Татариялдасан… Гьале машгьурав хъвадарухъан С. Баруздиница М. Мух1амадовасухъе бач1араб кагъаталдасан мухъал: «Хирияв Муса! Изну кье рак1-рак1алъго баркала кьезе нижер «Дружба народов» журнаалалъул ункъабилеб номералда бахъараб «Аваразул къисаялъухъ». Гьеб буго Дагъистаналъул литератураялъул х1акъалъулъ г1урус ц1алдохъанасул пикру г1ат1ид гьабулеб прозаялъул асар. Ва гьелдалъун х1ажатабги буго дур къиса... Дир мурад буго дуе, дур рукъалъе талих1». «Аваразул къиса» чанги нухалъ бахъана Москваялда бат1и-бат1иял сборниказда лъун. Гьелъул героял ц1акъ рак1алда ч1олел руго, гьезул хасияталги психологияб куцалъ рагьун руго.

Къисаялда бицунеб буго вехь Мирзалги гьесул йокьулей Мадиналги къисматалъул. Гьел талих1 батун данделъула, аваданго х1ал рекъон, г1адмал бахиллъиледухъ рук1уна. Амма гьезде жанисан жах1да бук1уна Мирзахъ рокьи ккарай Халисатил. Гьелъ къинабула Мирзалги Мадиналги талих1, биххизабула хъизан. Ват1анияб рагъда вугев Мирзахъе кагъатги васасул суратги бач1уна лъади хияналъун йигин бох къот1ун рагъдаса вач1арав дур гьудул Халидиеги ун, гьезие васги гьавун вугин. Гьеб хъван бук1ана Халисатица. Мирза гьелда божула (васги кодов ккун Халидил сурат бук1индал конверталъуб лъун), рокъоса т1аг1аян кагъат хъвала Мадинахъе. Х1илла-рек1к1 гьабун, Мирзал эбелалъе х1ел-х1едун, Халисатида к1ола гьесда жийго ячинайизе. Амма к1оларо йокьизайизе. Мирза росу тун маг1арде уна, Мадиналги васасулги ургъалида вук1уна. Гьесда бич1ч1ула жиндаго г1айиб бук1ин. Мирзадасан гьуинлъи ва рокьи щвеч1ей чара хварай

Халисатица, маг1арде хадуйги яч1ун кинабго рагьула Мирзае. Гьев хехго васасухъе «г1едег1ула», щайгурелъул г1умруялъул къоял дагьал хут1ун рук1ана. Вас эмен гьеч1ого г1уна, йокьулей лъади къороллъуда хут1ана. Кинабго заманалда бит1изабизе бегьулаан ч1ух1и, беццаб ццин гуребани, сих1ирай Халисатил макруялда божич1евани.

Мирзал образ авар адабияталда бищунго лъик1аздасан цояблъун т1адег1анаб къиматалъе мустах1икъаб ккола. Гьев вуго рак1 г1ат1идав, вац1ц1адав чиясда божулев, х1алт1и бокьулев, х1албихьи бугев вехь, бах1арчиго вагъана рагъда

Г1ухьбузул х1акъалулъ Мусаца хъвана чанго къиса. Гьездасан лъик1аб къиматалъе мустах1икъаб буго романтикияб къаг1идаялъ хъвараб «Г1аздада ц1аял» абураб, гьелъул героял Г1абдулфатах1ги Румиятги хасало пуй-ч1вай (буран) бахъараб авлахъалда г1и хвасар гьабизе цадахъ ккола. Г1ияда йик1арай Румият, вехьасул т1агъурги лъун, буртинаги рет1ун, чодаги рек1ун циндаго бахъараб пуй-ч1ваялъ, квешаб квачалъ чахъаби ц1орон хвезаризехъин рук1ана. Гьеб бихьана машинаялда унев васасда. Кумекалъе вортарав гьесда вехьлъун яс йик1инцин лъач1о (больницаялде ккараб мехалъ гурони). К1ияцаго г1и цо хьвай бугеб бак1алде бачуна. Хадуб гьезул цоцахъ рокьи ккола.

Муса Мух1амадовасул творчествоялда аслияб тема буго инсанасул зах1мат, гьелъул берцинлъи, бах1арчилъи, г1аданлъи, рокьи. Гьесие инсанасул бициналъул маг1на ккола кинабго лъик1аб жо ц1уни, араб гьеч1они – бук1инесеб гьеч1о. Хъвадарухъанасе рокьула миллияб хасият ц1унарал г1адамал. Гьесул киналдего бер щола, бихьула щибаб ишара, х1ужа, деталь. Мац1 буго берцинаб, роц1араб.

Ахириял соназ хъварал Мусал асаразда гьоркьосан лъик1аб къиматалъе мустах1икъаб буго 1991 соналъ къват1ибе биччараб чанго соналъ т1ад х1алт1ун хъвараб «Горо-ц1ер балелде цебе» абураб роман. Гьеб буго ц1ияб къаг1идаялъ хъвараб ва г1уц1араб заманалъул х1акъикъат гъваридго рагьараб асар. Гьениб бицунеб буго ч1ун хут1иялъул заманалда

т1егьан бач1араб т1екълъиялъул, ришватчилъиялъул, даранчилъиялъул, х1акимчилъиялъул къадарал рахъазул.

Аслияв герой вуго к1иго: мединститутальул ректор, профессор Г1абдурах1им Х1амидович ва гьес куцан г1езавурав тохтир Хъазами. Гьел руго т1убан бат1иял г1амал-хасияталъул г1адамал. Г1абдурах1им К1удияб Ват1анияб рагъул г1ахьалчи, бергьараб гьунаралъул, г1аданлъиялъул врач, киналго бахиллъун рук1унаан гьесул вац1алъиялда, рит1ухълъиялда, г1аданлъиялда, махщалида, кинабго г1амал-хасияталда. Рук1ана г1емерал жах1да бугелги, гьездасан бищунго ц1акъ бальгого гьесул бак1 кквезе жанисан къеркьолев вук1ана Хъазами, жиндилъ инсанасул хъубабщинаб г1амал бугев, амма тохтерлъиялъе гьунар бугев г1олохъанчи. Гьеб гьунарги гьес ч1ужуялъулги, якьадалъулги асаралда гъоркь бечелъи данде гьабиялде, ришватал росиялде ругьун гьабуна.

Хъазамица бальго т1асан г1арзалги хъван балагьалде, г1азабалде сверизабуна профессорасул г1умру, ч1имиг1 гьабуна сахлъи, хирги хвалде вачана. Т1екълъиялъ рит1ухълъи къезабуна, гьелъие квербакъи гьабуна т1адег1анал идарабазда х1алт1улел цо-цо х1акимзабазги. «Г1адан хола, г1аданлъи нахъе хут1ула», - ян абула зигара базе рач1арал г1адатиял г1адамаз.

Г1абдурах1имил бак1алде т1амула Хъазами. Гьеб мехалъ кутак гьабула гьес лъади Загьидатил кумекалдалъун ришватал росизе. Хъах1аб чол г1адин ц1ар ана гьезул. Г1адамаз г1ажаиблъи гьабулаан «гьадинаб бег1ераб, г1акъилаб гьунарги, гьеб хъубаб хъант1иги – к1иябго цадахъ цох1о чиясухъ рекъон кинан т1убалеб, къацандун, цояб цоялъ къинабич1огоян». Якьадалъ Хъазамида г1емер абула: «Гьанже гьересиялъ къинабун буго рит1ухълъи. Щибаб жоялъул жинди-жиндир заман бук1унеб буго. Гьанже гьерсилги, ц1огьолги замана буго, - ян…Дуцаго хъваге, Загьидатица хъвай. Хъвазе квег1аб квералъ». Лъадуца кьуна г1акълу: «Г1абдух1амидил яс Турсунай т1аме дурго заместительлъун; цо реч1ч1аралъ к1иго ч1вазе. Дурго тушман

дудаго цее йик1ине. Гьеб – цо. Гьелъул инсул х1урмат гьабулеб бугин дуцаян абизе. Гьеб – к1иябго».

Амма къисматалъ рецинабула Хъазамидаги: якьадалъул бет1ер сверула, живго гъоркьеги рехун, мугъги бекун боснов лъола, лъади Загьидатги саяхъго хьвадизе, тиризе лъугьана. «Бергьун ч1оларев, къун ч1олаян» абулеб буго Мусаца. Заманги, г1адлуги, х1акъикъат, г1умруги г1адамалги хисизе ккола. Ц1ияб гьава реч1ч1изе ккола г1умруялда, горо-ц1ер, ц1ад бан бац1ц1ад гьабизе ккола дуниял.

Мусал гьеб роман буго гъваридго х1акъикъат рагьараб, ц1ияб формаялда хъвараб. Гьеб байбихьула ахиралда ккарал лъугьа-бахъинал авалалда байбихьуда рихьизариялдасан.

Мусаца х1акъикъат рагьун буго гъорлъе ваккун, г1умру гъваридго лъазабун. К1вар кьун буго инсанасул психология лъазабизе ва гьеб бихьизабизе. Жах1да, хъант1и бугеб жоялдаса бер г1орц1унгут1и гъорлъе ваккун, кьалбал рагьун рихьизарун руго Хъазамил, гьесул ч1ужу Загьидатил образал рагьулаго. Г1умру унеб бак1 хъвадарухъанасул ц1одорал беразда ц1акъ лъик1 бихьун буго. Коррупция, ришват ц1акъго ц1ик1к1ана нилъер г1умруялда ахирисел соназги.

Г1абдуллагьил вас, Гьандихъа Муса вук1ана лъик1ав инсанги, гьудулги, эменги, росги, гьунар бугев прозаикги, имам бугев бусурманчиги. Гьев нилъедаса ват1алъана 1997 соналъ. Нахъе тана адабияталъул бечедаб ирс. Х1икмалъизе бач1уна гьес хъварабщинаб т1ехь столалда сок1к1индал. Нилъеца бицен гьабуна гьезда гьоркьосан ц1акъго лъик1алин ккаразул. Ц1алдохъанас т1аса бищизе бегьила жиндиего бокьараб.

## 7. Машидат Гъайирбекова.

Машидат Гъайирбекова гьаюна 29 декабралда 1927 соналъ Г1ахьвахъ районалъул г1емерал бах1арзал, г1алимзаби, рахъарал К1арат1а росулъ динияб хъизамалда. Гьелъул эбел Загъаласул Пат1имат йик1ана Шамил имамасул наиб Тавуш-Мух1амадил васасул яс. Гьит1инго бихьана гьелда рак1 унтараб къварилъи. 1937 соналъ эмен Г1алибек-Х1ажи наибзабазул чи

вугилан жанив т1амуна, араб бак1 лъазе теч1ого т1аг1инавуна. Гьединго т1аг1инавуна чанго г1агарав г1олохъанчи.

Москваялда М. Горькил ц1аралда бугеб литературияб институтги лъуг1изабун, Машидат х1алт1ана Авар театралъул директорлъун, «Маг1арулай», «Гъудуллъи» журналалъул редакторлъун. 1981 соналъ «Рак1алъ ц1а ч1олеб буго» т1ехь хъваралъухъ кьуна республикаялъул С. Стальскиясул ц1аралда бугеб литературияб премия.

Машидатил т1оцереселлъун рук1ана «Маг1арулалъул раг1и», «Рик1к1адисей яц», «Г1умруялъе г1оло», «Борхалъуде нухда» абурал т1ахьал. Гьез жанибе бачунеб буго маг1арул ч1ужуг1аданалъул къисмат, намусаб зах1мат, хьвада-ч1вади, г1амал-хасият. Г1урус мац1алде бусинабун «Советияв хъвадарухъан» басмаханалда 1955 с. бахъана «Маг1арулалъул раг1и», 1960 с. – «Борхалъуде нухда» т1ехьги. Гьезие лъик1аб къимат кьуна «Литературияб газеталда» машгьурав поэт К. Вакщенкиница: «Машидат Гъайирбекова ккола лирикияй поэт. Гьелъул куч1дузулъ г1емер руго образал-сипатиял каламал. Бищунго лъик1аблъун рик1к1ине бегьула жиделъ аваданлъи, махсаро г1емерал «Ц1адухъ», «Ц1ибил», «Гагу», «Щвант1их», «Кьег1ер», «Дир эбелалъе» г1адал. Дагьаб халалъун бугониги лъик1 г1уц1ун буго «Рик1к1адисей яц» поэмаги»[1]. гьениб берцинго бихьизабун буго к1иго образ: лирикияй героялъулги, налъухъ йичарай, хадуй революцияб къеркьеялъ г1ахьаллъарай туркай Маржанадилги.

Г1алимзабаз ва критиказ машидатил ц1ар рехсолаго Дагъистаналъул бищунго лъик1ал хъвадарухъабазда гьоркьоб. Профессор Э. Ю. Кассиевас 1967 соналъ хъвалеб бук1ана: «Дагъистаналъул поэзия цебе т1еялъе к1удияб квер бакъи гьабуна шаг1ирзабазул ц1ияб г1елалъ. Рашид Рашидовасул, Машидат Гъайирбековалъул, Муса Мух1амадовасул, Нуратдин Юсуповасул, Г1умар-Х1ажи Шахтамановасул, Бадави Рамазановасул ва цойгидазулги асаразда гъваридго рагьун руго гьанжесеб х1акъикъаталъул г1алматал. Гьез

[1] Ванщенкин Константин. Слово горянки. М. ЛГ, 1955.

жигар бахъулеб буго ц1иял формаби ратизе, цере рук1арал романтикиял къаг1идаби х1алт1изаризе»[1].

Машидат киналго хъвадарухъаби г1адин к1вар кьун х1алт1ула жиндирго устарлъи, гьунар камил гьабиялда, шиг1руяб пикро гъварид гьабиялда, х1ажат гьеч1еб ч1амуч1аб калам кoч1oлъа т1аг1инабиялда т1ад. Гьеб гьедин бук1ин нилъеда бихьула шаг1иралъ рагъул ва ракълил темаялда хъварал асарал ц1алидал. Рек1ел гъварилъабазде яккун, жиндирго анищалги, хьулалги, х1асратги, бег1ераб раг1удалъун къват1ибе кьун буго «Рак1алъ ц1а ч1олеб буго»[2] поэмаялда. Гьениб рагьун буго х1асратаб рокьуде рагъалъ бачараб балагь (трагедия). Шаг1иралда батун буго рокьул тема рагьизе ц1ияб къаг1ида. Лирикияй героялда г1умруялъ к1очонаро бах1арчиго рагъда хварав г1олохъанчи Къудрат, рек1елъ бук1уна гьесухъ ккараб г1ищкъу. Гьеб гьелда цадахъ бук1уна г1ат1илъиялъулъги къварилъиялъулъги. Балагье цо раг1абазулги, маг1набазулги камиллъи, гьел гъункун цолъун ругеб куц, гьез бихьизабулеб чара къосин:

…Арав, вуссинч1ев Къудрат! Вач1арав, инч1ев, Къудрат!

Жакъа гьаб байрам г1адин, даимго дилъ вуго мун.

К1удияб рагъул корохъ бежулебго бежулеб,

Бежунго бахъунареб рак1 буго кеч1лъун лъугьун.

Машидатил буго жиндиего хасаб, цо-цо мехалъ нилъ хадурцин гъолареб шиг1руяб калам г1уц1иялъул къаг1ида, сипатал рук1уна г1ажаибал, метафораби г1емерал, г1адатияб, ругьунаб г1уц1и хвезабурал. Г1адатияв ц1алдохъанасда куч1дузул жаниб бахчараб маг1на бич1ч1ич1огоцин хут1изе бегьула, адабияталъул агьлуялъул чиясда гьеб бич1ч1аниги. Цо гьит1инаб мисал бачине бегьила. Шаг1иралъ лирикияй героялъул рокьул анищазул х1акъалъулъ абулеб буго:

Росдал раг1и-гъвелалде, мугъалъ баччун, гъегъги бан,

Дуца ах1аралъуе яч1инин йик1ана дун!

---

[1] История дагестанской советской литературы. Т. 1, Махачкала, Изд-во ДФ АН СССР, 1967, гь. 187.
[2] Гъайирбекова М. Рак1алъ ц1а ч1олеб буго. Махачкала, Дагкнигоиздат, 1980.

Жемун бот1рода ч1вараб горменду гарбидегун

Дуца хъушт1изабулеб мех щвелин йик1ана дун.

Коч1ол т1оцебесеб к1иго мухъалъул (бейталъул) маг1на рагьани, нилъеда бихьула рокьи ккарай г1олохъанай яс сундуго х1адур йик1ин г1адамазул, харбихъ г1енеккеч1ого росдаца г1айиб-гъвел гьабиялде яч1инч1ого, гьелде кверги хьваг1ун, ай «мугъалъ баччун, гъегъги бан». Ясалъе вокьарав – вас вуго гьайбатав, рак1 бац1адав г1олохъанчи, Ват1аналъе г1оло рагъда хварав. Машидатил коч1ол цойги къаг1ида бугро жиб-жиб бейталъул ахиралда цого маг1наялъул раг1аби такрарлъи, гьелъ ц1ик1к1инабула ц1алдолесе гьабулеб асар, гъварид гьабула шаг1иралъе кьезе бокьараб маг1на. «Йик1ана дун» абула раг1аби такрарлъиялъул кумекалдалъун анищал т1урач1олъиялъ гьабулеб асар ц1ик1к1уна. Гьединал раг1аби такрар гьариялъул къаг1идаби куч1дузулъ шаг1иралъ г1емер х1алт1изарула.

Машидатица коч1олъ ах1ун, к1одо гьабула бах1арчилъи, г1аданлъи, г1акъиллъи, иманлъи, рац1ц1алъи, ц1одорлъи, г1елму-карамалъи, гьайбалъи, Ват1аналде, гьелъул г1адамазде, т1абиг1аталде бугеб рокьи.

Г1емерал маг1на гъваридал куч1дул лъураб 1970 с. бахъараб «Маг1арухъа г1адамал» т1ехь буго ц1алдолез лъик1 къабул гьабураб, аваразул литератураялда лъик1аб бак1 ккураб мажмуг1. Гьенир руго рак1 авадан гаьрулел, пассих1го хъварал лирикиял куч1дул: «Т1абиг1аталъул сих1ру», «Щай мун вач1унарев?..», «Духъе яч1уна», «Гьедун йиго дун», «Муг1рул хьваг1елел руго» ва гь.ц. Гьел руго халат гьарич1ого, халкъиял куч1дузул гугьаралда, чвахун рач1унел саринал. Маг1арулазул фольклоралда буго г1ажаибго, т1абиг1атги ясалъул рек1ел х1алги данде ккун, параллелизмалъул къаг1ида х1алт1изабун г1уц1араб гьайбатаб «Яхъа, эбел, къват1ие» абураб кеч1. гьединабго пассих1аб цо раг1и нахъе рехизе к1олареб кеч1 буго Машидатил «Т1абиг1аталъул сих1ру» абураб. Гьеб г1уц1араб бугоясалъул монолог х1исабалда:

Эбел, нилъер гордазда

Гвангъараб жо бакъ гуро.
Гъудулас дихъе кьолеб
Г1ищкъуялъул нур буго.

Эбел, нилъер рагъида
Гъудулеб микки гуро.
Гъудуласул ругьелгун
Бач1араб чапар буго.

Эбел, зодихъе бахун,
Бихьулеб жо моц1 гуро
Гъудулас анищ ц1унун,
Тараб хъаравул буго.

Эбел, рогьалил г1ужалъ
Гвангъулеб жо нур гуро.
Гъудулас дий гьабулеб
Рокьул ишара буго…

Шаг1иралъ т1абиг1аталъ гьарулел киналго г1аламатал ва х1икматал рокьи ккарай ясги васги данде ах1улеб сих1рулъун рик1к1унеб буго. Коч1олъ «нур» абураб раг1иги ч1алгаде такрарлъун гьеч1о, - гьеб буго шаг1иралъул рек1елъги.

Машидатица авар театралда х1алт1улаго араб анц1го соналъ г1емераб х1алт1и гьабуна драматургия цебе т1еялъе, хъвана чанго пьеса: «Талих1 бугеб къо», «Даният», «Рагъул дандерижи», «Баг1арав партизанасул яс», «Вехьасул намус». Гьелги ва цойгидалги рихьизаруна Аваразул ва лъараг1азул театразда. «Дун – вацазул яц» абураб пьеса бахъун бук1ана «Гъудуллъи» журналада. Гьел киналго асарал Машидатица к1вар бугеллъун

рик1к1унел руго. «Унго-унгояб драматургиялъул бицинелъун хъварал руго дир г1емерисел пьесабиян»[1].

Ахирисел соназ хъварал къисаби «Дагъистаналъул вас», «Имам Шамил», «Мархlаба ах1улаго рехселел бусурбабаз», «Черкесиялъул имам, шайих Мух1амад-Амин» жиндие ц1акъго хириял ругин рик1к1унеб буго шаг1иралъ. Х1акъикъаталдаги гьел къисаби хъварал руго эркенго, рак1 рагьун, ц1ик1араб шавкъалда. Гьелъул рес кьуна заманалъ «Къисаби хъвазе пикро кидал ва кин бижарабилан?» кьураб суалалъе Гъайирбековалъ гьадинаб жаваб кьолеб буго: «Мунагьал чураяй эбел йик1унаан дида гьел гьерсал хъвалей йик1инч1ого, дурго к1удада Тавуш-Мух1амадил рух1алъег1аги бук1ине имам Шамилил х1акъалъулъ щай дуца хъваларебан. «Я гьарин, эбел, гьесул х1акъалъулъ хъвазе пагьмуги гьунарги бук1ине кколарищ дир, гьеб борхизе к1олеб рух1ги бук1ине кколарищ», - ян абулаан дица гьелда. Мунагьал чураяй эбел хваралдаса нахъе гьелъул васигатлъун хут1ун бук1ана дие гьеб. Эбелалда цебе бугеб налъиялъ дие къасиги къадги рах1ат толеб бук1инч1о. Эбелалъе бокьараб жо дица цониги гьабич1ого теч1о. Партиялдаги йик1ун доб заманалъ дег1ен г1адин к1азги ч1вач1ого хьвадулаан, амма эбелалъ малъаралдаса нахье дица цониги как теч1о. Гьедин, эбелалъул мурад т1убазабизельун, байбихьана дица имам Шамилил х1акъалъулъ т1ехь хъвазелъун материал бак1аризе. Гьесул х1акъалъулъ киг1ан г1емер хъваниги, т1ехь щвалде щвараб бук1ине ресги гьеч1о, амма гьеб роман-поэма раг1алде бахъин буго дир г1умруялъул бищун к1удияб рохел».

Шамилил х1акъалъулъ хъвараб асаралъул жанрлъун Гъайирбековалъ бихьизабулеб буго роман-поэма. Гьединаб жанр адабияталда бук1унарелъул гьелда абизе бегьул я романилан яги поэмалъунилан. Дир пикроялда, «Иман Шамил» ккола коч1одалъун хъвараб къиса. Дунялалъулго адабияталда Шамилил х1акъалъулъ г1емер хъвана, хадубги хъвала.

[1] Гъайирбекова М. «Эбелалъул мурад дица т1убана», газета «Х1акъикъат», 2002 с., 30 июль.

Авар мац1алда Машидатица г1адин мух1канго, гъваридго г1ат1идго, киналго рахъал х1исабалде росун Шамилил х1акъалъулъ жеги лъицаниги хъвач1о, гьелда г1адин ц1алдолев х1айран гьавизе лъиданиги к1веч1о. Шаг1иралъе бищунго цеве гьев вуго к1удияв шайих, динияв цевехъан, хадув – бах1арчи, рагъухъан, къеркьохъан, политик, гьединго г1адатияв, рит1ухъав инсан, эмен, вас, рос, г1акъилав г1уц1арухъан, полководец. Абизе бегьула, гьединал г1адамал дунялалда г1емер рахъинч1ин.

К1удияв инсанасул х1акъалъулъ хъвазе бигьаяб жо бук1унаро, къвариг1уна к1удияб гьунар. Шаг1иралъул гьунаралъ нилъ рази гьарула. Устар Саг1ид Афандияс гьелда абуна: «хъвадарич1ого ч1ани, дуе мунагьцин бук1ине бугилан. Дуца хъвалеб бугила имамзабазул, шайихзабазул, Дагъистаналъе лъик1абщинаб гьабурал г1адамазул х1акъалъулъ»[1].

«Шамил имамасде» хъвараб жиндирго цебераг1иялда Машидатица абулеб буго «Шамилил къеркьеялъул тарихалъул х1ужжабазулъ дица биччараб гъалат1 гьеч1еблъи лъала дида. Поэмаялъул диего г1олеб рахъ буго цох1о – дирго къибилалъул г1адамазул бицен цогидас, гьелъие мустах1икъал чаг1аздаса ц1ик1к1ун бук1ин…

Эбелалдаса ирсалъе щвараб Шамил имамасде рокьиялъ каранлъ рек1араб ц1адул к1алт1уги рагьун, къват1ибе гьулчараб х1асрат кьун буго дица лъабкъоялда анц1ила ункъабго поэмаялда жаниб»[1].

Гьединаб г1уц1и бук1иналъ бигьалъи гьабулеб буго доб заманаялъулги, живго Шамилиги, сверухълъияллъулги сипат-сурат гьаби камиллъиялъе.

Къиса ц1алулаго щолеб рохелги, рек1ее гьабулеб аваданлъиги ц1ик1к1иналъе г1иллалъун дида бихьула шаг1иралъ рак1алда бугебщинаб х1инкъич1ого – къач1ого, х1акъикъияб куцалъ, бах1арчиго бихьизаби.

---

[1] Гьайирбекова М. «Эбелалъул мурад дица т1убана», газета «Х1акъикъат», 2002 с., 30 июль

[1] Гьайирбекова М. Г. Имам Шамил. Мах1ачхъала, Дагъучпедгиз, 1994, гь. 6-7

Къисаялъе г1елмияб къимат кьолаго абизе ккола, дагьаб халатго хъван бугилан кканиги гьеб камилаб художествоялъул, т1адег1анаб асар бугилан. Шамилиде бугеб г1ищкъуялъги, гьев аралъув «хадуй гъезе г1едег1иялъги» бит1ахъе гьалаглъизабулеб буго гьелъул хиял, абизе жо г1емерлъун буго: жиндирго г1ищкъуялъулги, «г1умрудул маг1данахъан хазина балагьизе» халкъалъ кьураб буюрухъалъулги, цевеккун имам какун, хадув вецун «к1иго гьумер бугезул ругъун к1очон тогеян» намусалъ абиги, бищунго имамасда цебе бугеб налъиги. Гьелъул бицун буго къисадул экспизиция – цебераг1илъун кколеб лъабго бет1ералда.

Хадусел бут1абазда-поэмабазда лъугьа-бахъиназул бицун буго заманаялъул тартибалда, хадуб-цебе, цо низамалда, цок1алаб сюжет г1уц1ун. Гьелъиеги шаг1иралда батун буго санг1атаб ц1ияб къаг1ида: хабар бицунеб буго Генуб, росолъа херас кьураб мажмуг1алда рекъон, гьелъул т1анчал регулаго. Г1алица (Шамилица) гьавуралдаса накълулъизег1ан тараб нухалъул х1акъалъулъ. Коч1одалъун бицунеб хабаралда гъорлъ журан руго г1емерал лирикиял пикраби. Гьедин бук1иналъ къиса лъугьун буго лиро-эпосияб асарлъун. Гьеб формаялъ авторалъе рес кьола лъугьа-бахъиназе жиндирго къимат кьезе, гьединго жийгоги къисаялъул аслияй геройлъун лъугьине.

Шамилил рагъазул бищунго зах1матазул якъинго бицине г1оло шаг1ир щола гьел ккарал бак1азде: Ах1улгох1де, Ч1ик1аб, Даргъоб, Веденое, Чачаназул ракьалде, Гъуниб хъалаялде. Къисаяца бицун буго руччабазул жигарчилъиялъулги, хасго гьайбатаб образ г1уц1ун буго Шуг1айнатил. Пашманаб къиса буго Жамалудинил х1акъалъулъ.

Ц1аял гвангъарал балал гьеч1еб К1к1арат1а росулъ,

Х1едул чирахъ кинигин виунев вук1ана эв.

Къисаялъул бакьулъ руго Ах1улгох1да, Гъуниб маг1арда ккарал балагьазул бицарал поэмаби, рагьун руго имам асирлъиялъе ккарал г1иллаби. Маг1наялда бицун буго г1урус пачаяс турказул къиралас гьесул гьабураб адабалъул, гьединго х1ежалде иналъул. Шаг1иралъ гъваридго

бихьизабун буго Шамил асир гьавун хадуб Дагъистаналда бук1араб ах1вал-х1ал: зулму ц1ик1к1ин, иман т1аг1ин гьереси, ц1огь ц1ик1к1ин. «Х1елх1едигун, бадиб рецц, беццун цебе бачана», - ян.

Шамил! Мун аралдаса аб дур Кавказалъул халкъ

Хвел бищулеб х1акъирлъи х1ехьезабун чурхъидал…

Цебехъанлъи гьабизе мац1ги рек1к1ги т1амидал,

Росулъ раг1и билълъарал, симир къот1ун рит1идал…

Бихх-биххана нажияб маг1аруласул сипат.

Г1емер руго къисаялда пасих1ал, г1акъилал кицаби г1адал сипатиял каламал. Гьел рач1унел руго, ракьулъан к1анц1араб ицц г1адин, шаг1иралъул лъукъараб рек1елъан. Г1адамасул напс чуруклъиялъе г1илла Машидатица г1адин лъицаниги бихьизабич1о, гьанже г1емерлъарал, къвакъвадулел, «вождазул» заманалъухъ г1ащикълъун ругел, зигардулел «пуй этазги».

Машидатица бит1ун абулеб буго «Вождасги, Шамил, дуде рагъ лъазабун бук1ана… Шамил миллатчи вугин, Нич бахъарал к1алъана. Ц1ар арал г1алимзаби какун кеч1 хъвазе к1вана», - ян. Гьедин къисаялда бихьула ц1одорай г1акъилай, бах1арчияй шаг1иралъул образ. Гьелъ х1алт1изабураб къаг1идабазда гьоркьоб буго романтикияблъун рик1к1ине бегьулебги. Хабалъан вахъун Шамил к1алъала:

Жиб-жиб г1асру сверигун, т1ад ругезе бокьухъе,

Бега-бит1изе к1олеб хазина гуреб тарих…

Къудратгун гьунар бугеб жидер нахърателалъул

Нахъа г1урал г1адамаз гьабулеб г1адлу-низам.

Къисаялда лъурал бат1и-бат1иял биценаздасан, лъугьа-бахъиназдасан, рак1алде щвеяздасан т1убараб поэма г1адин хъвараб буго Шамилилги шаг1иралъул умумузулги сипат-хасият рагьизе квер бакъулеб К1к1арат1аса Гъалбац1дибирил вас Х1адисил х1акъалъулъ бугеб хабар. Гьев бугьатн лъун, мац1 гьабун мекъаб диваналъ ч1вазе кьот1ула. Гьеб

ишалъулъ Шамилил гъалат1 ккун бук1ин лъайдал, эмен сабуралда ч1ола, имамгун кьаллъуларо. Гьез цоцазул к1удияб адаб гьабула.

Машидатица коч1олаб памятник бан бугин Шамилиеян рик1к1ине бегьула, «жиндирго рек1елъ рукъ ккураб, имамасда хурхараб х1асратаб пикру аслияблъунги гьабун, гьелда сверухъ щущунел руго Шамилил г1умруялъул яги гьес бет1ерлъи гьабураб гъазаваталъул лъугьа-бахъинал, х1ужаби, … гьайбатаб памятникалъе х1ажалъулебщинаб»[1], къвариг1арал т1аса рищун ва жиндирго рек1елъ рижизарунгицин. Х1асрат ц1ик1к1иналъ шаг1ир цо-цо бак1аздасан, къиса г1уц1улаго, романтизмалъул къаг1идабазде гьет1арулейцин йиго.

Жиндирго т1ахьазда гьоркьоб бищунго рак1 рекъараблъун Машидатица рик1к1унеб буго «Черкесиязул имам, шайих Мух1амад-Амин» абураб. Гьелъул тема буго Шамилил рагъги, гьениб бах1арчиго къеркьарав Гьонодаса Мух1амад-Аминги. Г1емерал соназ гьев Шамилида хадув т1оцебесеб бак1алда ч1олев къеркьохъан, х1алт1ана наиблъун черкесазул ракьалда. Гьесул бодулъ вук1ана 80 азаргог1ан рагъухъан.

Мух1амад-Аминил х1акъалъулъ хъварал шиг1раби г1емер гьеч1о, рик1к1ад вук1иналъ гьев халкъалда гьоркьов машгьурав вук1инч1о, ц1акъго зах1матаб, к1удияб иш гьабуниги. Машидатица 2003 соналъ басмаялда бахъараб ц1акъ маг1наяб, гъваридаб т1ехь г1уц1араб буго лъабго бут1аялдасан. Т1оцебеселда бицунеб буго Мух1амад-Амин гьавураб Гьонода росдал, гьесул эбел-инсул, гьит1инаб мехалъул, гьит1инго г1елмуялде, гьунаралде гьесулъ бижараб рокьиялъул. Мух1канго хъван буго, «кеч1-бакъан ва кьурди-хъат имамас гьукъаниги», Айзай-эбел, эменги хун хут1арав васасе бертин гьабизе х1адурлъиялъул ва гьелъул ккеч1еб х1асилалъул. Гьеб бук1ана Воронцов Шамилил аскар кисанго сверун ккураб заман. Амин росулъе вач1уна эбелалъ ах1ун, гьелъул мурад т1убан. Амма хехго т1ад вуссуна, бертаде рег1ун гьеч1ин.

[1] Х1айбуллаев С., Гьиматов М-К. Кавказалъул гьалдолел къоязул къиса. – Махачкала, 2005, гь. 131

Г1ат1идго бихьизабун буго Черкесиялда т1оцебесеб щулияб пачалихъ г1уц1и.

К1иабилеб бут1аялда бицун буго Калугаялда к1иго бах1арчи дандч1ваялъул ва гьезда гьоркьоб бук1араб гара-ч1вариялъул, накъиталъул. Шамилихъе Асиялав вач1уна чияр ц1аралда гъоркь имамасда зигара базе. Гьесухъ г1ащикъ вук1арав Шамилица г1емераб жо бицуна гьудуласда, т1ехь хъван рак1алде щвеял тарихалъе щвезе мурадалда. Ц1акъго рек1елъе бортулеб хабар буго Гъазимух1амадида хирияв Х1абибасул равх1ания бихьиялъул, гьесухъе муршидал Ярагъиявги Жамалудинги рач1иналъул гъазават байбихьиялъул, т1оцересел имамзабазул х1ракаталъул, гьезул къисматалъул бицунел.

Нилъеда цебе ч1ола Калугаялда асирлъуда вугев имамасул зах1матаб х1ал, рек1ел рух1ел, х1алкъараб сурат.

Ургьиб жужах1 боркьараб жандармаялъул «ц1обалъ»,

Ц1ан бахъун рух1ги босун Симиралде дун вуго…

Х1асратгун маг1арухъе дун хъамулел хивалал,

Ц1ц1адай пири кинигин, маг1и пирхулел руго…

Маг1арулазул эркенлъиялъе г1оло гьарурал рагъазда хурхарал киналго зах1матал суалазе Машидатица бит1араб жаваб кьолеб буго. Гьедин бук1иналъ т1ехьалъул къиматги борхизабула, гьеб буго нилъер умумул к1одо гьарун хъвараб къиса.

Намусалда, ях1алда ч1ег1ераб т1анк1 лъунани,

Лъуг1анин нужер ишан, умумуз куцарал ниж…

Хвалчен бахъун рач1унел хъамалчаг1азде данде

Къеркьарал холарилан кици ургъаралги ниж.

К1удияв шаг1ир Инхоса Г1алих1ажиясин абураб: Ват1аналъул т1алаб т1обит1улаго, т1ерхьарал ц1вазбазе хвел бук1унарин.

Т1ехьалъул лъабабилеб бут1а т1убан кинабго сайгъат гьабун буго Асияласеги, гьесул ракьалъул г1адамазеги, жакъасеб къоялда

имамазабазулги, наибзабазулги, шайихзабазулги халкъалъ гъабулеб адабги къадру-къиматги бихьизабиялъе.

Халкъалъул тушбабиян туснахъазда к1век1арал

Гъеч1еб г1айибалдаса рац1алъизарун руго.

Жамалудиница Россиялда хут1арай II рокьи ккарай ясалде, хвелалде цебе хъвараб кагъаталъе къисаялда гъадинаб къимат кьун буго:

…Машааллагь! Шиг1рияб гьасул гьунаралъул гуч!

Гугьар дуде гьабурал сипатазул гьайбатлъи!..

Гьебго жо абизе бегьула Машидатил къисаялда ругел т1олалго шиг1рабазул х1акъалъулъги. Гьенир нилъеда ратула цере нилъедаса балъго гьарурал, т1оцере шаг1иралъ нилъее рагьарал, Кавказалъул халкъазда бук1араб зулмуялъул гьезие кьураб г1акъубаялъул х1ужжаби. Гьелъ хъвараб т1ехь буго къо х1ехьеялъул, бах1арчилъиялъул х1акъалъулъ бах1арчияй ч1ужуг1аданалъ хъвараб. Шаг1ир к1удияб г1акълоялъул бет1ергьанлъун цее ч1ола нилъеда. Гьелъ г1умруялъе къимат кьолеб буго т1аса-масаго, хъалалъан гуреб, гъварилъуде яккун; жанисел г1иллаби лъазарун, анализ гьабун. Конюнктурщиналин абула т1асан малъухъин хъвадарулезда (т1асан Бет1ергьанас малъухъе гуреб, т1адчаг1азе х1елун мухьдахъ хъвадарулезда). Машидат ккола бет1ергьанасул бит1араб нухдасан уней илагьияб нуралде яккарай шаг1ир. Устарас ч1алг1аде гурелъул гьелда абураб, хъвадарич1ого ч1ани, дуе мунагь бук1инин.

## 8. Мух1амад Шамхаловасул творчество.

Шамхалов гьавуна рик1к1адаб Ц1умада районалъул Льондода росулъ 1916 соналъул 25 декабралъ мискинав векьарухъанасул хъизамалъе. Гьев ц1алана ва куцана школа-интерналда. Гьит1инго бесдаллъун хут1арав Мух1амадилъ льик1ал хасиятал щулалъиялье квербакъи гьабуна к1удияй эбелалъ, гьелъ гьесда малъана рак1бац1ц1адавлъун, рит1ухълъи бокьулевлъун вук1ине.

Мух1амад х1алт1ана почтальонлъунги, учительлъунги, гьесие бокьулаан «Маг1арул большевик» газеталда рахъулел Х1амзатилги, Р. Динмух1амаевасулги, 3. Х1ажиевасулги ц1ализе. Жиндицагоги хъвалаан г1емерал макъалаби, куч1дул. Цо нухалъ Мух1амадица, росдал х1аким какун, макъала хъван бук1ана, гьеб сабаблъун гъоркьч1елги гьабун рец1ел босизе дагьаб хут1ана.

Макъалаби хъвазе бугеб гьунарги х1исабалде босун, Шамхалов республикаялъул «Маг1арул большевик» газеталде х1алт1изе восула. Гьесул вахъуна машгьурав журналист ва хъвадарухъан. Чанго соналъ гьес бет1ерлъи гьабула «Баг1араб байрахъ» газеталъул коллективалъе ва гьединго Дагъистаналъул журналистазул Союзалъе. Лъик1аб х1алт1и гьабуралъухъ гьесие щвана чанго шапакъат, медалал ва орденал, Дагъистаналъул культураялъул мустах1икъав х1алт1ухъан абураб ц1арги.

Мух1амад адабияталде вач1ана поэт х1исабалда. Гьесул т1оцересел куч1дул рахъана К1удияб Ват1анияб рагъул соназда «Маг1арул большевик» газетаялда, т1оцебесеб «Куч1дул» абураб т1ехь къват1ибе биччана 1954 соналъ Дагъистаналъул т1ахьазул басмаханаялъ.

Куч1дул гьаризе Мух1амадил гьунар бук1ин нилъеда бихьула «Таня» абураб поэма ц1алараб мехалъ. Гьеб хъван буго ц1ализе гьира баледухъ, пассих1аб мац1алъ, гьелъул къимат жакъа къоялдаги хун гьеч1о, гьедин батила «Гьудуллъи» журналалъул 2003 соналъул к1иабилеб номералда лъун бугеб гьеб лъик1аб асар.

Поэмаялъул тема – рагъ ва бах1арчилъи лъугьана хъвадарухъанасул творчествоялъе аслияблъун. «Таня» поэмаялъул лъик1аб рахълъун буго, пасих1аб мац1 бук1ин гуребги, бах1арчияй г1урус ясалъул хасият, рек1ел хьулал рагьизе к1вей. Гьелъул анищ бук1ана Ват1аналъе г1оло гьунар гьаби, тушманасдаса рец1ел боси:

Чарамул рак1 бугев багьадур г1адин,

Бец1ал сардаздаги рохьазда анищ.

Тушман Москваялде г1агарлъараб мехалъ ясалъ ярагъ кодобе босула ва партизаназехъе нух бахъула. «Ц1а гъун тушбабазул рук1налги рух1ун», бах1арчиго х1алт1ула, рак1алда бук1ана немцазул штаб бух1изецин, амма жасусас гъоркьч1ел гьабун, яс геспаточаг1ахъе кьола. Г1емераб г1азаб кьуниги, гьелъ цо раг1и абуларо; Габунибе к1ич1 рехараб мехалъ гьабула ахирисеб калам:

Цох1о дун ч1ванилан, халкъ ч1вазе гьеч1о.

Ч1аго хут1араца босила къисас.

М. Шамхалов машгьурлъана гьунар бугев прозаик х1исабалда. Гьес к1удияб х1алт1и гьабуна гьеб жанр цебе т1езабизе. Цоялда хадуб цояб гьабун ц1алдолезухъе щвана лъик1ал т1ахьал: «Дир к1удияв вац» (1956), «Гьанжесев маг1арулав» (1961), «Г1умруялъул дарсал» (1962), «Дир эмен» (1963), «Салтанат» (1968), «Гьаб маргьа гуро» (1977), «К1удияб г1умруялъул къоял» (1981), «Ц1удул вас» (1982), «К1к1алабахъ бахъараб кьвагьи» (1984), «Намус» (1990), «Ват1аналъул унти» (1998), 2002 соналда «Х1акъикъат» газеталъул х1алт1ухъабазул х1аракаталдалъун, хъвадарухъан Х1усен Х1ажиевасул лъик1аб цебераг1игун басмаялда бахъана харбал ва къисаби жанире рачараб «Т1арамагъадисеб зани» абураб т1ехь. Дун кутакалда рази вуго Х1. Х1ажиевас жиндирго цебераг1иялда кьурал пикрабазда: «М. Шамхалов вук1ана к1удияв раг1ул устар, щибаб асралъул буго гъваридаб маг1наги, киданиги г1одобе ккезе гьеч1еб к1варги. Кинаб асар босун балагьаниги, щибаб раг1и батула жиндирго бак1алда ва гьелъ квербакъи гьабула асарал рич1ч1изеги, пикру гьабизеги… Бечелъи бук1уна к1иго бат1ияб – рух1ияб ва материалияб. Рух1ияб бечелъиялъул рахъалъ Мух1амад Шамхаловасде вахъарав чи нилъер г1емерал рук1инч1о ва гьеч1о!»

Гьел руго ч1орг1ан бит1арал раг1аби. Щибаб асаралъулъ хъвадарухъанас лъуна жиндирго х1еренаб рек1ел к1ут1иги, хьулал, унтабиги, авар халкъалъул тарихияб х1албихьиги, ц1одорлъи, г1акълу, г1елмуги. Гьев хъвадарулаан сабурго, мух1канго, ц1ик1к1араб

жавабчилъиялда, гьесул бук1ана берцинаб г1амалги, ц1одораб берги. Гьедин бук1ин бихьула щибаб асаралъулъ.

Мух1амад Шамхаловас нилъее тана бечедаб ирс, х1укуматалъул к1удияб ишалда вук1аниги, гьес хъварабщинаб жо ц1алидал, х1икмалъи гьабизе бач1уна, черхалда барахщинч1ого гьев хъвадарулев вук1араб куцалда. Киналго асаразе мух1канаб къимат кьезе зах1матаб жо буго, дица жигар бахъила бищунго дир рек1ее г1урал цо-цо асаразе дидаго бич1ч1ахъе, адабияб г1елмияб къимат кьезе. Хъвадарухъан ч1аго вугеб мехалъ дихъан бажарич1о т1олабго творчествоялъе къимат кьезе, асаразул цо-цо хасиятал рахъал рихьизарун гурони. Дир х1алт1удаса ва пикрабаздаса гьев разияв вук1унаан ва бохулаан аваразул прозаиказул рахъалъ лъик1аб раг1и абураб мехалъ. Хъвадарухъанас дие сайгъат гьабураб руго гьадинал мухъал: «Маг1арул литератураялъул рит1ухъав судиясе, дир гьудул Мух1амадрасул Усаховасе. Автор. 28/I. 1969 с.». Гьел рук1ана дир рак1 батизе, кверч1вай гьабун хъварал раг1аби. Дир г1адатияб г1елмияб ц1ех-рехалъе къимат кьоларелги г1емерал рук1ин М. Шамхаловасда лъалаан. Гьединго лъалаан жиндирго асарал пайда гьеч1еллъун рик1к1унел г1адамал рук1инги. Нилъер авар адабияталда рук1ана ва руго жалго гурони рик1к1унарел г1адамал, гьел ч1ух1ун ралагьула цойгидаз гьабураб х1алт1ухъ. Гьеб напс к1одо гьаби илбисалъул иш буго.

Цо-к1иго чияс бо г1уц1уларо. Нилъер талих1 буго гьунар бугел прозаикал нилъер рук1ин. Гьеб ишалъул к1удияб бут1а лъуна М. Шамхаловасги. Гьесул г1емерал харбазда гьоркьосан бищунго лъик1аллъун, т1адаг1енаб даражаялда хъвараблъун рик1к1ине бегьула «Чиярал», «Вац», «Юбилей», «Ракь багъари», «Хераб гъвет1», «Султ1ан ва Саг1ида», «Буран», «Тамашаяв гьобол» ва гь. ц. Гьел руго моралиял темабазда, тарбия кьеялъул мурадалда хъварал асарал. Босани «Чиярал» абураб хабар, гьениб бицунеб буго эменги ясги чияраллъун лъугьараб куцалъул. Г1олохъанаб мехалъ Айвазица хъизанги яс Асиятги рехон тола. Амма херлъараб, унтараб

мехалъ яс гурони кумекалъе чи ватуларо. Больницаялде ккараб мехалъ Асиятица т1алаб гьабула Айвазил, гьев эмен вук1инцин лъач1ого.

Цо бицен ккараб мехалъ Мух1амадица абуна: «Дирго къисабазда гъорлъ бищунго лъик1аблъун дица рик1к1уна «Дир эмен» - абун. Гьеб бит1араб бугин тола дицаги, къиса ц1алдолезеги бокьана, гьеб хъван буго недегьаб, х1еренаб мац1алда, авар адабияталда ц1ияб къаг1идаги х1алт1изабун (къиса рик1к1ине бегьула лиро-эпосияб автобиографияб асарлъун), гьединаб цебе бук1инч1о. Къисаялда бицунеб буго Дагъистаналда Совет власталъе г1оло мискинзабаз гьабураб къеркьеялъул – гьит1инав вас Камалил ц1аралдасан. Гьеб г1уц1араб буго х1акъикъиял лъугьа-бахъиназда сверухъ.

Къисаялъул къокъаб х1асил гьадинаб буго: рик1к1ада муг1рузул к1к1абалъ бахчун бугеб Санада росулъе рачум рач1уна анкьго баг1араскарияв. Жидерго отрядги гъурун нахъе хут1арал чаг1и рук1ана гьел. Ц1акъго заг1ипаб рат1лилъ, г1емерисел хьитал гьеч1ого, яги кварица х1ат1азда рухьарал сумал гулалгун рак1 гурх1иледухъ рук1уна. Амма санадисез расги лъик1аб дандч1ай х1адур гьабун бук1инч1о гьезие.

Росдал дибир Г1абдулмузапир, бечедал чаг1и Бугъач, Ислам ва гьезул рахъ кколелги ч1ола гьел «хъачагъал» ч1вазейин. Цо лах1заталъ гьезда жамаг1ат жидедаго хадуб бачинеги к1ола. Гьале г1олохъабаз тунк1ал эхеде рорхулел руго. Бищун к1вар бугеб минуталъ хучизарун михъалгун цеве к1анц1ун вач1ана Муса - къиса бицунев Камалил эмен.

«- Г1адамал чаг1и! — ян абуна инсуца, кат1ари г1ебав г1урусасул гъежги ккун - нужеда киназдаго цебе дица лъазабулеб буго гьав чи дир гьобол вук1ин... Вилъа гьанже бокьарав чияс биччун килиш хъвай гьасда.

Гьес бицунеб жоги лъач1ого риххун ралагьун хут1ун рук1ана аскариял.

- Гьав г1олохъанчи дицаги гьоболлъун лъазабулев вугоха, вацалилан, - шинель рет1арав чиясда аск1ове ана Саг1идги. Гьабсаг1аталъ ч1вазехъин рук1арал анкьго чи гьоболлъун лъазавуна...».

Къуст1ант1ин ва гьесул гьалмагъзаби г1езег1ан мехалъ хут1ула Санада росолъ. Гьеб заманалда жаниб гьел г1адада ч1оларо, маг1арулазда гьоркьоб к1удияб бич1ч1и кьеялъул х1алт1и гьабула.

Х1уригат бахъана. Мискинзабазухъе щвана ракьги, ват1аналда т1ад ихтиярги. Рукъо-рукъоре, жидерго ракълилаб х1алт1уде руссана Дагъистаналъул халкъалъе кумекалъе рач1ун рук1арал баг1араскариялги. Санада росдал кресткомалъул председателлъун вищана Муса.

Халкъ бакъун бук1ана. Кулаказул амбаралин абуни х1алухъеналъул ц1ун рук1ана. Крестькомалде ах1ула Бугъач, Асилдер, Г1абдулмузапир ва цогидалги росдал бечедал чаг1и. Ц1идасан байбихьула рекъел гьеч1ел тунка-г1усиял. Гьеб къисаялда бихьизабулеб буго лъугьа-бахъиназде жиндир бухьен бугеб сураталдальун: «цого гамч1ил гьарурал залимал сиял г1адин бихьула Санада росдал бакъ баккул рахъалда бугеб Узун-кьурул к1иго г1ус. Цогидал кьурабиги муг1рул-щобалги гъоркьго тун, зобалахъе арал гьез рак1алде щвезавула г1исинлъималазда гьоркьов вахъун ч1езаврав к1иго гучав багьадур. Чан азарго сон, гьезул батилеб, гьедин цоцолъ реч1изе къач1арав к1иго сог1ав бидулав г1адин, сих1 къот1ун, цоцахъги ралагьун, рахъун ч1ун ругелдаса нахъе»...

Амма гьел г1усазул ахалъиялда бугеб росдал г1адамал цоцаль ран рук1ана... Ролъ бахъизе крестькомалъ гьабураб х1укму ц1алигун ццидахъана бечедал г1адамал. Гьез бец1аб сардилъ мугъзалъ таманчаги реч1ун ч1вала Муса... Гьесда т1ад ккун, рак1 кьвагьун хола Камалил эбел Пат1инаги, бесдаллъула гьезул гьит1инал лъималги.

Шамхаловасул асаразда аслияб бак1 кколеб буго моралиял, сиясиял ва рух1иял суалаз, г1адамазул бат1и-бат1иял хасиятаз,

лъик1лъи-квешлъиялъ, берцинлъи-сурукълъиялъ. Хъвадарухъанасда к1ун буго г1акъилал, ц1одорал г1адамазул образал г1уц1изе. Гьединаздасан цоявлъун ккола 1990 соналъ басмаялда бахъараб «Намус» романалъул аслияв герой Къади Мусаев. Бах1арчиго, щибго бахчич1ого бихьизабун буго хъвадарухъанас героясда данде ч1варал зах1малъаби, гьесул г1умруялъул нух, къисмат. Рестораналда цадахъ х1алт1изе ккарал г1адамал гьеcда ратула г1емерисел жулик1ал, ц1огьал, мац1ихъаби, ай жидерго боц1улги напсалъулги гурони ургъел гьеч1ел г1адамал.

Х1иллаби ургъун, чорокал г1арзал хъван ва мац1 гьабун, гьезда к1ола Къади х1алт1удаса вахъизавизе, гьесул чорхолъ унти ккезабизе. Нилъеда бихьула романалда цебе лъун бугеб к1удияб масъала. Инсанасул адаб, т1алаб гьабизе ккей, ургъел гьеч1олъиялъ квешалде рачунеблъи, гуманизмалъул суал. Къадие кумек гьабула фронталда цадахъ рук1арал гьудулзабаз, гьесда к1ола рит1ухълъи батизе, амма багьа к1удияб ккола.

Киналго художествиял рахъал росани, «Намус» буго берцинго хъвараб асар, гьелъул буго рак1 балеб, берцинго г1уц1араб сюжет, берцинаб мац1. Хъвадарухъанасда к1ун буго авар прозаялде психологизм бачине, ай романалъул героязул образазул психологияб анализ гьабизе. Гьеб бук1ана ц1ияб г1аламат. Авар мац1алъул ресаздасан, къо бахъанаг1ан цере ун, лъик1го пайда босулеб бук1ана маг1арул прозаиказ. Гьезда гьоркьосан бищунго жигаралда х1алт1улев вук1ана М. Шамхалов. Гьес ц1ик1араб к1вар буссинабуна маг1аруласул чорхолъа квешал г1амалал т1аг1инариялде, рагъ бана нек1сиял хут1елазде данде. М. Шамхаловасул асаразда ратула г1умруялда мекъса ккарал, хьвада-ч1вади квешал, пикро гьеч1ел, жидерго гурони т1алаб гьабуларел г1адамал. Гьединал хъвадарухъанас рихьизарулел руго сатирикияб куцалъ, критика гьабун.

Цеве т1урав героясул образ г1уц1иялъул масъала авар прозаиказда цебе ч1ун бук1ана т1оцебе проза бижаралдаса нахъе. Гьеб масъала т1убаялъулъги лъик1аланго х1алт1и гьабуна М. Шамхаловасги. Ц1иял сюжетал, конфликтал ралагьулаго, ч1ах1иял к1вар бугел темабазда т1ад х1алт1улаго хъвадарухъанасда ратун руго инсан вихьизавиялъул, гьесул жанисеб г1умру рагьиялъул ц1иял къаг1идаби, образ г1уц1иялъул ц1иял алатал. Масала босани, «К1к1алахъ бахъараб кьвагьи» къисаялъул аслиял героял руго к1иго вац («Дир эменалдаго» г1адин) дезертир, хиянатчи Жунус ва патриот, бах1арчи Мирза. Ц1ук1аяв ва х1алихьатав Жунусица г1емераб балагь-къварилъи бачуна г1агарлъиялде: лъадуде, эбелалде, вацасде, росдадего. Рагъде унев вук1арав гьев, ват1аналъул балъгоял тушбабаз жидедаго сверизавула, х1илла гьабун, чурокаб нухде ккезавула. Рохьазда , нохъазда вахчун Жунусица дезертиразда цадахъ к1уди-к1удиял такъсирал ишал гьарула, х1атта расги г1айиб гьеч1ел г1адамалцин ч1вала. Гьесул х1алихьилъиялъе г1орхъиго бук1унаро, жиндирго командир, сих1ирав тушман Марозхановасда бихьула берцинай лъади Г1аишатил сурат. Гьесул хиял ккола Г1аишат х1акъир гьайизе, гьелъул черхалдасан кеп босизе. Жунусил кагъатги босун гьелъухъе сардилъ вач1уна сих1ирав гъачагъ, х1ал гьабун, жиндирго мурад т1убала. Гьеб иш росолъа цо чурукай, хъах1баяй г1адамалда лъала, органазде хабар щвезабула тушбабазулгун Г1аишатил балъгояб бухьен бугин. Гьелдаса нахъе бах1арчияй учительница Г1аишатил г1умру бит1ахъин г1азабалде сверула, бит1араб бицине ресги гьеч1ого. Гьелда к1оларо тушманас жинда х1ал гьабунин абизе. Росоги тун, рохьаздеги ун, гьелъ жиндирго рос валагьула, нодо бакьулъ таманчаги реч1ун ч1вала. Гьеб иш лъала якьад Х1авада. Рух1г1ан жиндие хирияй Г1аишат гьелда рихуна. Амма хадуб гьелъие х1акъикъат баянлъула. Х1ава йик1ана эбел хун хут1арай Г1аишат г1езаюрай, рак1 лъик1ай г1адан.

Хъвадарухъанас махщалида анализ гьабун буго г1умруялда лъугьунел ишазул, жиндирго героязул хьвада-ч1вадиялъул, х1акъикъияб куцалда бихьизабун буго гьезул рух1ияб х1ал, жанисеб г1умру ва пикраби. Гьеб буго унго-унгояб психологизм, авар адабияталъе ц1ияб г1аламат. Нилъеда бихьула хъвадарухъанасул гьунар камиллъу, ц1убан бук1ин. Художествоялъул асаралъе х1ажатал жал ккола пасих1аб мац1 (щивав хъвадарухъанасул гьеб бук1уна жиндирго халкъияб мац1алъул бечелъиялдасан босараб), мух1канаб цок1алаб сюжет, к1вар бугеб тема, образал г1уц1изе авторасул гьунар. Гьеб кинабго Шамхаловасул асаразулъ бихьула.

Авар адабияталъе к1вар бугеб масъалалъун бук1ана ва жакъа къоялдаги буго лъималазе лъик1ал асарал хъвай. Шамхаловас г1емераб г1емераб х1алт1и гьабуна гьеб иш цебе т1езе, хъвана лъик1аланго харбал, къисаби. Гьезда гьоркьосан бищунго лъик1аблъун дида бихьула «Ц1удул вас» абураб къиса. Гьениб бицунеб буго 14 сон барав Гуллаца рагъул оназда гьарурал бах1арчиял ишазул. Гьев ч1ух1улаан росолъго цо вугев баг1арав командирлъун кколев инсудаса, бокьунги бук1ана живго гьесда релъарав вук1ине.

Гулла эбел-инсуда цадахъ бат1и-бат1иял бак1азде кколаан. Житомиралда ругеб мехалъ байбихьана К1удияб Ват1анияб рагъ. Эмен рагъде ана, хабар къот1ана. Эбел немцаз ч1вана, вас живго хут1ула, божаразул кумекалдалъун гьес таваккалго партизанахъе нух бахъула, «фашистазе хвел» абураб балъго х1алт1улеб къокъаялъул кумекчилъун лъугьуна. Гуллаца т1убазабула партизаназул чанго т1адкъай, цо нухалъ г1ахьаллъи гьабуна концлагеразде рит1изе х1адурулел совет г1адамал эркен гьариялъулъ, цойги нухалъ, къоги кьвагьун, х1охьода рек1ун г1ор бахине ккун, кутакалда квачала ва зах1матго унтула. «Эбелалъго партизанлъун гьавурав раг1ула мун. Гьединасда абула ц1умилан. Мун гьит1инав вугелъул, дуда абизе бегьула ц1удул т1инч1илан», - разилъула партизаназул командир.

Васасда лъач1ониги, киналго советиял партизаназе нухмалъи гъабулеб бук1ана Гуллал эмен Асланов Г1абдулаца. Ахирги Гулла гьевгун дандч1вала. Хъвадарухъанасул мурад буго г1олилаз Гулладасан мисал боси, гьесда релъарал лъугьине жигар бахъи. Къиса хъван буго берцинаб мац1алда, ц1ализе гъира баледухъ, г1олиласул психология гъваридго рагьун. Авторас дие сайгъат гьабураб т1ехьалда хъван буго: «Хирияв гьудул Мух1амадрасулие. Бокьилаан дур лъимал гьав Гулла г1адал таваккалал, лебалал рук1ине». Лъик1аб мурад буго, амма киналго умумул гуро мурадалде щолел, хасго гьаб заманалда.

Хъвадарухъанлъиялъул нухда Шамхаловасда дандч1вана г1емерал зах1малъаби. Партиялъул т1алабаздаса къуругеян, гьесда малъарулел чаг1и г1емерал рук1ана. ц1акъго рац1ц1адаллъун х1алел т1ад ругез бит1ахъе г1азаб кьолаан гъоркьехун ругел рит1арал раг1аби абулезе.

Т1олабго г1умруялъ, партиялъ малъухъе, черхалда барахщич1ого х1алт1улев вук1ана Мух1амад. Гьесда лъалаан доб советияб г1уц1иялъул лъик1алги квешалги рахъал рук1ин, эркенго хъвадаризе, бит1араб раг1и абизе т1убан рес гьеч1олъи.

Жиндирго асараздаги публицистикиял макъалабаздаги хъвазеги хъвалаан гьелъул х1акъалъулъ. Райком партиялъул секретарь Салтанатил бицунеб къисаялда («Салтанат») гьелдехун вуссун колхозалъул председатель Мирзал Г1абдулаца абула: «Дунги вук1уна т1олабго бихьулевлъун, киналде к1вар кьолевлъун, Ленин г1адав г1адамазул т1алаб бугевлъун вук1ине къеркьолевлъун. Щибниги кколеб гьеч1о. Цо къоялъ релълъаралда рекъон г1адин унеб бук1уна, нахъисеб къоялъ к1очон тун батула». Абулебги гьабулебги дандеккунгут1и бук1ана аслияб унти. Миллатазул мац1ал, цере т1езарулел ругинги абун квал-квалал гьари г1емерлъун бук1ана. Гьеб бихьулаан хъвадарухъанасда. Шамхаловасдехун вуссун абураб буго Р. Х1амзатовас жиндирго «Авар мац1» абураб коч1олъ:

«Лъаларо, Мух1амад, цогиязул иш,

Амма дица дирго рахъалъ абила:

Метер маг1арул мац1 хвезе батани,

Хваги дун жакъаго жаниб рак1 къвагьун».

1972 соналда «Гьудуллъи» журналалда бахъун бук1ана Шамхаловасул «Ват1аналъул унти» абураб къиса. Гьениб бицунеб бук1ана Дагъистан тун Турциялде арал маг1арулазул къисматалъул, ват1аналъулгун бухьен гьабизе гьеч1еб ресалъул, гьединго Дагъистаналъул унтабазулги, мац1алъул, радиоялъул, газеталъул, адабияталъул. Гьеб гъваридаб маг1наялъул асар партиялъул обкомалъ какана заг1ипаб асар бугилан.

Х1акъикъияб куцалъ хал гьабуни, гьеб къиса бук1ана т1адег1анаб даражаялда хъвараб авар адабияталдаго бищун лъик1аздасан цояблъун, классикалъун рик1к1ине бегьулеб.

Т1оцебе босани, гьениб бицен гьабулеб суал буго ц1акъ к1вар ц1ик1караб – Ват1аналъул унти (Ват1аналъухъ г1ащикълъи). Къисаялъул аслияв геройлъун кколев Мурадаса Муслим-Х1ажияв унтун вук1уна, Дагъистаналъухъ урхъун: «рек1елъ кинабалиго ч1обоголъи буго, кидаго къасиги-къадги, х1атта къижараб мехалъги. Аслияб жо гьеч1о дир. Гьеб дидаса рик1к1ад буго», - ян къварилъахъдула гьев.

Гьесул инсуца Дагъистан тезе ккана лъимал ракъуца хвеч1ого рук1ине г1оло Турциялде уна, г1емерб къварилъи бихьула, Ват1аналъул х1акъалъулъ квешаб жо гурони раг1изе толеб бук1инч1о.

Турциялде вач1арав журналист Х1адисида к1ола Муслим-Х1ажиясул пикру хисизабизе: Дагъистаналда мац1алги, культураги, лъайги цебе т1олеб бук1ин бич1ч1изабизе. Хасго Х1адисица басрияб пандуралда бат1и-бат1иял бакънал рачараб мехалъ Муслим-Х1ажияв ч1аголъун вач1уна, сахлъун т1адецин вахъуна. Гьесул гуребги «ват1аналъул унти» буго киналго апарагзабазул. Цо херав маг1арулас живго унтараб мехалъ, мухьги кьун гьабизабула Дагъистаналъул х1акъалъулъ кеч1,гьелъул ахир гьадинаб бук1ана:

«Дуниял гъвангъулеб дир меседил бакъ,

Дунги ворхе т1аде Ват1ан бихьизе.

Сардид кунч1улеб канаб шагьри моц1,

Щай дун вачунарев Дагъистаналде».

Ват1аналдаса бач1араб щибаб жоялъ сах гьарула Турциялда ругел маг1арулал.

«Ват1аналъул унти» къиса ц1алулеб мехалъ дун х1айран гьавуна берцинаб музыкаялъухъ г1енеккарав г1адин, гьелъул щибаб раг1улъ, щибаб каламалъулъ бугеб х1икмагтго ц1алдолев т1аде ц1алеб бакъаналъ. Хъвадарухъанас махщалида х1алт1изарун руго бат1и-бат1ият художествоялъулал къаг1идаби: пейзажал (т1абиг1аталъул суратал), бат1и-бат1ият легендаби, биценал-притчаби, рак1алде щвеял, г1емерал сипатал, лирикиял хит1абал. Гьединго ратула халкъиял куч1дул. Прозаик х1исабалда Мух1амадица мисал босулеб буго Мух1мудил гьунаралдаса.

Дида лъаларо, кинг1аги к1вараб саламатал г1адамазда гьеб къиса какизе, гьеч1ел г1унгут1абиги, гъалат1алги ургъун т1аде г1унт1изарун. Авторасул пикраби ва хьулал загьир гьарулев чилъун гьенив вуго Х1адис. Гьесда к1ола ц1одорго ва гъваридго Дагъистаналда Совет заманалда кколел ишазе бит1араб къимат кьезе. Дир х1исабалда, Шамхаловасул къисаялъул нилъер адабияталъе ц1ик1к1араб к1вар буго.

Г1умруялъул ахирият соназ М. Шамхалов х1алт1улев вук1ана «Лачен» журналада. Гьев лъик1ав инсан, гьунар т1ок1ав прозаик нилъедаса ват1алъана 1995 соналъул 20 декабралда. Гьес нахъе тана адабияталъул хвел гьеч1еб ирс - рух1ияб бечелъи.

## 9. Мух1амад Сулиманов.

Мух1амад Сулейманович Сулимановасул г1умру ва къисмат мустах1икъаб буго т1убараб къиса хъвазе. Х1икматго интересал рук1ана гьел, лъимерлъиялдаса байбихьун ахирият къоязде щвезег1ан. Гьесул эмен Гъумекиса, эбел Хунзахъа рук1ана, гьит1инго бесдаллъун, херай

к1одол ц1обалде ккана. Хадуб тарбия щола советияб школа-интерναталда, детдомалда. Аварпедучилищеги лъуг1изабун маг1арул росабалъ учительлъун х1алт1ула.

Нальчикалда студентлъун вугеб мехалъ байбихьана К1удияб Ват1анияб рагъ. Мух1амад, г1арзаги кьун, Ват1ан ц1унизе уна, Северияб Кавказальул, Прибалтикаялъул, лъабабилеб Белоруссиялъул фронтазда бах1арчиго вагъула, чанго нухалъ лъукъула. Зах1матго лъукъун госпиталалда вегун вугеб мехалъ бач1ана бергьенлъиялъул къоги. Чанго сон ун хадуб гьес ч1ух1игун хъвала:

Цо ургъелги буго, дида бихьараб

Дирго лъималазда бихьиладаян.

Цо рохелги буго гьаб г1умру ц1унун,

Г1одой т1ураб бидулъ дирги лъалк1 бук1ин.

Рагъда бах1арчилъи бихьизабуралъухъ Ват1аналъ Мух1амадие анкьго медальги лъабго орденги кьуна. Рагъдаса хадув гьев, Москваялда Максим Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институтги лъуг1изабун, Дагъистаналде т1адги вуссун, радиокомитеталда, «Гьудуллъи» альманахалда редакторлъун х1алт1ула, хадув профессионалияв хъвадарухъанлъун вахъуна.

М. Сулиманов вук1ана - вук1анин абизе киг1анго рак1алъе къабуллъич1ониги — гьудулзаби хирияв, рак1 г1ат1идав, г1умруги г1адамалги рич1ч1улев, аваданав, г1акъилав ва х1алимав инсан. Гьесие бокьулароан х1ел-х1елчилъи, ц1аруе гьабулеб хъулухъ, гьединго жагьилчилъи. Маг1арулазул г1амал-хасият, сабурлъи, намус, ях1 кидаго ц1унана, т1анк1 лъезе теч1ого. Т1адег1анаб ях1алъул, къо х1ехьеялъул чи вук1ин гьес хасго бихьизабуна г1умруялъул ахирисял соназ, живго зах1матго унтун вук1аниги, канлъи босун г1одой ккарай лъадуда аск1оса нахъе вилъльинч1ого, гьелъул т1алаб гьабула. Дида рак1алда буго, унтараб босносаги вахъун, Мух1амад жиндирго гьалмагъ, рагъул

ветеран, хъвадарухъан Г1абдулмажид Хачаловасда юбилей баркизеги вач1ун, къвал бан баркиги гьабун, араб куц.

Мух1амад дидасан г1емер соназ ц1ик1арав вук1ана, амма дида гьев г1елбащадав чилъун кколаан, бокьарав чиясулгун гьуинлъи гьабизе цо балъгояб гьунар бук1ана гьесул, рух1 кьун т1убалаан гьалмагъасул къвариг1ел. 1989 соналъ хъвадарухъанасул г1умруялъул 70 сон т1убалаан, амма гьеб г1ужде вахиналде нилъедаса ват1алъана. Рак1алдаса унаро гьесул недегьаб гьими, гьайбатаб г1амал. Нахъе хут1ана киналго лъик1ал ишал, адабияталъул хинлъи бугел художествоялъул асарал. Г1умрудул роцен - г1адамазе гьабураб лъик1лъи бугин абураб маг1на буго гьезулъ.

«Гургур маг1арда» абун ц1арги лъун т1оцебесеб т1ехь къват1ибе биччана 1948 соналъ. Гьенир лъурал харбал камилал рук1инч1ониги, гьез нуг1лъи гьабулеб бук1ана гьезул авторасул адабияталъул гьунар бук1иналъе, божилъи гьабулеб бук1ана маг1арулазул лъик1ав прозаик г1ун вач1унев вук1иналъе. Т1ехьалда лъурал харбазда бицунеб бук1ана раг1араб-тараб жоялъул гуреб жиндирго беразда бихьаралъул, Ват1анияб рагъда ккарал лъугьа-бахъиназул, советиял солдатазул гьунаразул, бах1арчилъиялъул ва гьудуллъиялъул.

1950 абилел сонал лъугьана Сулимановасул творчествоялда х1аракатал ва бач1ин лъик1аллъун: хъвала кучIдул, харбал, къисаби, поэмаби, пьесаби, публицистикиял макъалаби, х1алт1ула романалда т1ад, авар мац1алде руссинарун рахъула Шекспирил, Мольерил, Пушкинил, Шевченкол, Маргарита Алигерил асарал.

Кеч1алье бугеб махщел шаг1ирас лъадарана ва камил гьабуна ахирисел къоязде щвезег1ан, куч1дузулъ ах1ана Ват1аналде, хирияб ракьалде, г1адамазде бугеб рокьи. Гьел рахъана бат1и-бат1иял журналазда, газетазда, (лъик1аб бук1инаан дандеги гьарун цо сахаватаб т1ехь басмаялда бахъанани, ц1арги «Вац1алъи, намус» лъунани).

Творчествоялъул байбихьудасанго Мух1амадил асаразул цебе рехулеб хасиятаб рахълъун лъугьана г1адамазулъ хут1арал квешал

рахъал, г1унгут1аби, чороклъаби къват1ир ч1вазари. Сатираялъ ц1ик1араб бак1 ккола киналго асаразулъ, хасго ч1ч1ун хут1иялъул, г1адлу-низам, закон хвезабиялъул, администраторал-бюрократазул заманалъ. Нилъер г1умру, культура, маг1ишат цебе т1ун гуреб, нахъехун бегун батана. Дида ккolaaн Мух1амадица нусго сон балин, гьесул жиндиргоги бук1ана гьединаб хьул:

Амма бокьилаан хут1арал сонал

Халатал рук1ине нусит1асаги.

Наг1ана х1алалал х1арщулъ мерхьине,

Баркала рекъарав каранде къазе.

Адабият бижаралдаса гьелъул масъалалъун бук1ана бец1лъиялде, квешлъиялде данде рагъ гьаби, лъугьа-бахъин рагьун ц1алдолесда бихьизабун, гьесул судалде кьей. Шекспир, Мольер, Инхоса Г1алиХ1ажияв, Х1амзат, Расул сатирикал ккола. Г1умру бецци т1алаб гьабула ханзабаз, т1адчаг1аз. Гьезие хъулухъ гьаби адабияталъул иш гуро, гьеб бук1ине ккола халкъалда цадахъ, гьелъул намуслъун, унтилъун. Гьелъ хъулухъ гьабула цого рит1ухълъиялъе.

Халкъалда гьоркьоб бищунго машгьураб буго М. Сулимановасул халкъияб маргьуялъул кьуч1алда хъвараб «Магьдил ахираб хабар» абураб романтикияб поэма. Гьеб авар литератураялъул хрестоматиязда ва авар поэзиялъул антологиялда лъун буго. Гьенир руго гьайбатал сипат-суратал, бицен гьабулеб лъугьа-бахъин буго ц1акъго г1ажаибаб ва х1акъикъияб г1умруялдасан босараб, т1адег1анаб художествоялъул даражаялда жиб бахинабун ц1алдолесухъе кьураб. Поэмаялда буго маг1арулазул рак1, г1акълу, хасият, ц1одорлъи, г1умруялъул х1албихьи ва дарс… Гьеб байбихьула т1абиг1аталъул беричал суратаздасан:

Бакъуде керен кьураб, керчаб рохьалъ бацараб

Цо муг1рул ахалъуда к1иго кули бук1араб.

Рахъ-рахъалъан чвахулел, чапун г1азул лъугьунел,

Г1исин иххал цолъулеб лъарги гьениб бук1ана.

Радал баг1ар бакъуца керен гвангъараб мехалъ

Кулаздаса къват1иве к1иго чи лъугьунаан.

Колода ч1арав херав Магьдица бицуна живго г1олохъанаб мехалъ ккараб къиса. Гьеб буго гьайбатай маг1арул ясалъул х1акъалъулъ. Х1илла гьабун, «гъоркьго вокьулевги тун» рухьун квералгун гъачагъас хъамурай гьелъ жиндирго намусги ц1арги бац1адго ц1унула, гьей къуркьуларо, вокьулесе хилиплъуларо. Магьди х1айран гьавула ясалъул къуваталъ, бах1арчилъиялъ, т1адег1анаб ях1алъ, гьелъул гьунаралъ.

Магьдил рек1елъ къан хут1ана кверал рухьарай гьей багьадурай яс ккveзе тушманасе гьабураб кумек – къабих1аб иш. Гьев т1ок1алъ чабхад вахъинч1о, чу-ярагъ рехун тана. М. Сулиманов ваккун вуго халкъалъул к1алзул хазинаялъул балъгоял гъамсахъе, гьениб батун буго гьайбатаб мац1 гуребги нек1сияб г1умруялъул сог1лъиги, г1адамазул кьвариги. Позмаялъул героял руго гучаб хасияталъул г1адамал. Гьелъул ахир буго халкъияб балладаялъул г1адаб:

Муг1рул ахада бугеб к1иго колода цебе

Бик1ун гьабураб ганч1ил к1иго зани батула...

Авар литератураялда к1удияб лъугьа-бахъинлъун ккана Сулимановас рахьдал мац1алде буссинабун А. С. Пушкинил коч1одалъул хъвараб «Евгений Онегин» роман басмаялда бахъун къват1ибе биччай. Гьеб къиматаб ишалда т1ад гьев х1алт1ана г1емерал соназ. Рагъде унеб мехалъ цадахъ босун бук1ана жинда г1емерисел бак1ал рек1ехъе лъалеб гьеб т1ехь. Жиндирго васасдаги хъвадарухъанас ц1ар лъуна Евгений абун - гьев машгьурав юрист вахъана.

«Евгений Онегин» гьваридаб роман буго. В. Г. Белинскияс гьеб рик1к1ана «г1урус г1умруялъул энциклопедиялъун». Романалъул гьварилъиги, авторасул коч1ое хасиятал рахъалги, мац1алъул бечелъиги пасих1лъиги к1удияб мукъсанлъи ккеч1ого кьезе к1ун буго переводчикасда. Расул Х1амзатовас «Дир Дагъистан» т1ехьалда

хъвалеб буго: «Маг1арулаз жидерго г1агараб мац1алъ бахъараб Пушкинил машгьураб асар гъираялда ц1алана», - ян.

Жакъа аваразул прозаялъул за драматургиялъул бицен гьабулаго, гьелъул г1уц1арухъабазда гьоркьоб рехсола М. Сулимановасул ц1арги. Гьеб к1иябго жанр буго литератураялда бищунго зах1матаб, жеги маг1арулал ругьунлъич1еб тайпалъул. Искусствоялъул иш зах1матаб, бигьаяб ц1ехон гьабулеб жо гуро, амма шивав хъвадарухъанасе живго вати к1вар бугеб суал буго. Мух1амадида живго ватана прозаик х1исабалда. Литературияб институталда ц1алулеб мехалъ гьесие дарсал кьолаан И.Эренбургица ва В.Катаевас, гьелъулги сабаб камун батиларо прозаик вахъиналъе. Раг1ус, коч1ое пасих1аб каламалъе бугеб гьунар рекьон ккана г1ун бач1унеб г1олохъанаб авар прозаялъе. Гьес хъвана чанго къиса: «Беццаб божилъи», «Такъсир», «Сулахъ - гьагаб г1ор», «Цо хъизамалда», «Х1инкъараб сапар» ва гь. ц.

Гьел руго бат1и-бат1ияб заманалда, бат1и-бат1иял темабазда хъварал асарал. Т1оцебесеб к1иго къисаялда бицунеб буго мекъаб хьвада-ч1вадиялъул г1адамазул, гьенир цере лъун руго тарбия кьеялъул ва ц1одорго рук1ине ккеялъул суалал. Масала, «Такъсиралда» бихьизабун буго г1адамазе тарбия кьеялъулъ халкъияб милициялъул бугеб к1вар. Гьеб жакъаги актуалияб суал буго, хасго такъсирчилъи ц1ик1ун гурони, дагьлъулеб гьеч1еб заманалъ. Жакъа г1олеб г1елалъе бит1араб тарбия ц1ик1араз кьезе ккей к1вар бугеб масъала буго. Заводалъул директор Маховасул хъизамалъ жидерго яс Викал квешаб хьвада-ч1вади к1вар гьабич1ого тола, гьедин гьелъул чорокал г1адамазулгун хурхен ккола, такъсирияб иш гьабула: рукъзал рикъиялда гьоркьой г1ахьаллъула. Милициялъул лейтенант Сафаровасул кумекалдалъун Маховазда бич1ч1ула жидерго гъалат1.

Къисаби г1уц1иялъе, г1умруялдасан росарал х1ужаби художествоялъул даражаялде рахинаризе Сулимановасул лъик1аб махщел буго. Гьелъие нуг1лъи гьабула лъималазе хъвараб, критиказ лъик1аб

къимат кьураб «Х1инкъараб сапар» къисаялъ. Гьеб асар «Ч1ег1ераб нохъо» абун ц1арги лъун Москваялда бахъун бук1ана 1960 соналъ. Гьелъул героял руго г1исинал лъимал Сами ва Наби. Гьезул ишал, хьвада-ч1вади, пикраби ва хьулал рихьизарун руго х1акъикъияб куцалда. Лъимал руго ц1одорал, хекко кант1улел, рек1ет1а ратулел, ккараб бак1алда къо х1ехьолел бах1арзал.

Гьезда к1ола данде ч1варал зах1малъаби къезаризе ва мурадалде щвезе. Гьез кумек гьабула хиянатчи, вахчарав хъачагъ Залимхан кквезе. Къиссаялъе т1адег1анаб къимат кьолаго «Г1олохъанаб гвардия» журналалда бахъараб макъалаялда Москваялъул критик Л. Исаровалъ хъвалеб бук1ана: «Къисаялда г1емерал героял гьеч1о, амма Сулимановас гьезул щивав г1умруялда вук1унедухъ вихьизавун вуго. Бергьараб махщалида бихьизабун буго героязул психология, бег1ераб раг1удалъун, узданго, ч1амуч1аб калам гьеч1ого»[1].

Гьеб бит1араб буго: «Х1инкъараб сапар» маг1арулаз гьираялда къабул гьабуна. Дида библиотекабазда бихьана кодобе босизе бегьиларедухъ х1улх1улун лъугьараб Сулимановасул «Лъабго къиса» абураб т1ехь. 1959 соналъ Дагъистаналъул прозаялъул лъик1аб асар х1исабалда «Х1инкъараб сапаралъе» республикаялъул премия щвана.

М. Сулимановасул прозаялда цойги аслияб темалъун ккола социалистияб зах1мат ва х1алт1ухъабазул класс Дагъистаналда щулалъараб куц бихьизаби. Гьеб к1вар ц1ик1к1араб темаялда хъварал асарал нилъер адабияталда ц1акъ дагьал руго. Хасго жакъа къоялъул т1алабал росани, гьеб к1вар кьезе ккараб рахъ буго.

Зах1маталъ инсан куцала, талих1авлъун, вац1ц1адавлъун гьавула — гьединаб маг1на буго «Сулахъ—гьагаб г1ор» къисаялъул ва «Огниялда» романалъул. Гьел асаразулъ авторас бихьизабун буго маг1арулазул хасият-г1амал ц1илъараб, хисараб куцалъул, г1умру бихьизабун буго г1ат1идго, басралъабигун, ц1илъабигун. «Сулахъ —

[1] Исарова Л. Лъимадулаб талих1. М.: Молодая гвардия, №1. 1958 с.235-238

гьагаб г1ор» къисаялъул аслияв герой вуго г1олохъанав вас Мух1амад. Армиялда хъулухъги гьабун, гьев т1ад вуссуна вижараб росулъе. Эбел-инсуца гьесие абун ятула росулъа яс. Амма гьев къан ккола гвангъараб пикруялъ — Сулахъалде электростанция базе ине бугеб хьулалъ. Г1агарлъиялъулгун даг1ба-раг1иги ккун, гьев вач1уна Чир-Юрталде, багьадураб зах1маталъулъ, лъик1ал г1адамазда гьоркьоб гьесда батула талих1.

«Огниялда» роман буго художествоялъул рахъалъ гуребги тарихияб, г1елмуялъулаб рахъалъ к1вар бугеб асар. Гьелъ кумек гьабула Дагъистаналда ц1орол промышленность бижараб куц лъазе гуребги, ц1акъ интересал г1адамазул къисматал лъазеги. Авторас цебераг1иялда хъвалеб буго: «Гьай-гьай, г1умруялъул халатал нухазда хьвадулаго ц1орол заводал дида чанги рихьана. Амма цох1о «Огни» заводалда гурони дун асир гьавизе к1веч1о! Дун тамашалъана машинабаздалъун ц1орол лента эхеде ц1алеб, дунялалдаго т1оцебесеб завод гьеб батиялъ. Дун виххун хут1ана к1к1арагги, борохьги, хьуц1алги гуреб т1ок1аб жо жаниб гьеч1еб, ракьулъан бурулеб мах1 квешаб газалъ х1ухьел ц1ан бажарулареб г1алахалда саламатаб шагьарги, шагьар бакьулъ залимаб ц1орол заводги бан батараб мехалъ!... Жакъасеб къо нахъа тун киг1ан санал раниги т1аде г1олел ц1иял г1елазда к1очене биччазе бегьуларо нилъер халкъаз нахъа тараб х1ат хун зах1матаб нух, бихьащинаб къо, ч1ванги хунги хабалъе анщинал миллионал бах1арзал, чваханщинаб г1ет1, х1ехьарабщинаб къварилъи».

Романалъул сюжет г1уц1араб буго г1лохъанав маг1арулав Мухтарил г1умруялъул лъугьа-бахъиназда сверухъ. Гьев лъугьуна маг1арулазда гьоркьосан т1оцеве вахъарав ц1ер биунев устарлъун. Гьит1инго эбел-эменги хун хут1арав васасе заводалъул коллектив г1агараб хъизанлъун лъугьуна. Парторг Воронининица, богогьан Варвара Ивановналъ, х1алт1ухъаби Къараюновас, Кубышкиница жигараб г1ахьаллъи гьабула Мухтарил къисматалъулъ, талих1 батизе.

Хасго Мухтарие г1агарайлъун лъугьана Мария, гьейги бесдалай йик1ана, гьединлъидал батила ялгъузав г1олиласухъ, гьит1инав вацасухъ г1адин, ялагьарай. Гьале гьелъул сипат-сурат гьабун бугеб пасих1го: «Гьадиг1ан берцинай ясгийищха комендантлъун йик1уней абун пикру гьабуна Мухтарица нахъойги Марияхъ валагьулаго. Гьелъул халатаб, гьуршун биччараб ч1ег1ераб расалъ, чинидул биун т1ураб г1адаб рахьхъах1аб габуралъ, гургинлъун араб, баг1арлъи г1анабазде рехараб г1ажаибго берцинаб гьумералъ, гьел кьунсруз, гьел бераз, гьел баг1арлъи к1ут1арал к1ут1буз гьасда гьай маргьабазулъ рехсолей х1урулг1инан ккана». Марияеги Мухтар вач1инахъего рек1ее г1уна, я гъалараб т1агъуралъ, я басралъараб парталалъ, я х1алакъаб лагаялъ гьелъул рек1елъ киг1ан гьит1инабниги рокьукъаб асар лъугьинабич1о.

Романалда чанги героясул хасият-г1амал, г1умруялъул къисмат бихьизабун буго, амма гьелъул бакьулъ вуго Мухтар. Заводалде щун цересел къояз гьесда т1ад къала щиб-щибги г1иси-бикъинаб х1алт1и. Заводги г1адамалги лъазарун гьес ц1орол мастер вахъине масъала цебе лъола, г1емер ц1алдола, къаси-къад ч1еч1ого х1алт1ула.

Романалда к1вар кьун буго Мухтарил ишал ва х1алт1аби рихьизариялъе гуребги, гьесул жанисеб рек1ел дунял, рух1ияб г1умру, психология рагьиялъеги, бицун буго гьудулзабазулгун гьоркьорлъабазул, рокьул.

1973 соналъ къват1ибе биччана «Рагьул нухазда» абураб лиро-эпикияб поэма. Г1абасил Мух1амадица гьелъул цебераг1иялда бит1ун хъвалеб буго: «Рагъул нухазда» ккола Мух1амадил автобиографияб поэма, гьесда жиндаго бихьараб, жиндаго бич1ч1ухъе бицараб... Гьениб буго кокмунистасулаб рит1ухълъиялда, патриотасулаб хасияталда т1амураб г1умруялъул цо кесек. Хъванги буго гьеб г1ажаибго бечедаб ва бац1ц1адаб маг1арул мац1алдалъун».

Поэма г1уц1араб буго къоло ункъо гьит1инаб бет1ералдасан. Жиб-жибалда бицен гьабулеб буго г1умруялъул лъугьа-бахъиназул цо-цо

мисалаздалъун. Масала, т1оцересел бут1рузда г1уц1ун буго апараглъун Хунзахъе вач1арав инсул сипат, бицун буго гьесул къисматалъул. Ункъабилеб ва щуабилеб бут1аялда бицун буго рагъда цебесеб жиндирго г1умруялъул, ц1алул, х1алт1ул, «гъалат1азул». 6—8 бут1рузда — фронталде иналъул, «вах1шияб х1алт1уде» — рагъде ккеялъул. Хадусел киналго бут1абазул х1асиллъун буго рагъулал нухазда советияв солдат лъадарараб куцалъул, гьесул бах1арчияб рагъул х1акъалъулъ хабар. Хъвадарухъанас щибго балъго гьабулеб гьеч1о, жиндирго герой вихьизавун вуго киналго рахъаздасан, баянго кьун руго рагъул т1оцересел соназул зах1малъаби, г1адатияв рагъухъанасде т1аде ккараб къварилъи, заманалъе аскарал нахъе къазе ккей гьесул рек1еда х1унсараб куц.

Гьеч1о жеги лъалхъи, нахъа тола ракь,

Рух1улел шагьарал, бух1улеб дунял.

Гьале кьуна Майкоп, кьабг1анщннаб щиб.

Поэмаялъул композиция камил гьабулаго, аслияб къаг1идалъун х1алт1изабун буго контраст — данде ккун рагьиялъул къаг1ида. Фашистал рихьизарун руго бидулаллъун: «Бидулъ ччураб гурищ гьазул тарихго. Таниш гьаз мадугьал парахат жеги. Немцав гурев чиги гьазий чи гуро». Советияв солдат абуни унго-унюяв патриот, интернационалист: «Цо рат1лилъ, цо зодикь цолъарал васал, Цох1о эбелалъул лъималан ккола. Цо буго къварилъи, цо буго рохел».

Советияв солдатасул гуманизмалда, сабураб г1амалалла, г1аданлъи бук1ииалда го немцаз х1икмалъи гьабула:

Нижехъ балагьула гьел г1ажаиблъун.

Х1инкъадго рач1уна ask1орецини.

Хасго лъималазе кашевараца

Квен кьолеб бихьидал, гьак1к1ан хут1ула.

«Рагъул нухазда» поэма лъугьун буго шаг1ирасул г1емерал пикраби, хьулал, дарсал жанире рачараб асарлъун. Гьеб рик1к1ине бегьула гьесул творчествоялъулъ аслияб асарлъун.

Бицен гьабич1ого г1оларо Мух1амадил драматургиял асаразул х1акъалъулъги. Драматургиялъе гьес кутакалда к1вар кьолаан, гьеб жанралъул г1емерал асаралги хъвана. Бищунго машгьурал руго «Балагьалъул кьибил», «Маг1арул хъала». Гьел чанго нухалъ лъуна Дагъистаналъул театразул сценабазда. Балагьараз ц1акъго лъик1 къабул гьабуна «Маг1арул хъала». Гьеб трагедиялъул къаг1идаялда хъвараб асаралъул аслияб тема буго бах1арчилъи ва хиялалъи, идея абуни: революционерал къуркьизаризе к1унгут1и. Х1оцосезул муридзабаз ва Хъайтмазил бандаз Хунзахъ хъалаялъур щулаго ч1арал Муслимил партизанал ва Петровасул баг1ар аскарилал кверде росизе г1оло г1емер х1илла, макру гьабула, амма гьезда гьеб к1оларо, бах1арчиго рагъула Петровасул рагъухъаби, кумекалъе щола революциялъул солдатал. Хъайтмаз Ц1оралдехун валагьун т1урула.

Трагедиялъул бакьулъ буго росдал ревкомалъул председатель г1олохъанав вас Х1ажилги гьесул йокьарай яс Мисайилги пашманаб къисмат. Бандаз т1аде к1анц1ун пасат гьарула, амма къуркьизаризе к1оларо. Ахиралда Мисай махсароде ккун ч1вала балъгояв тушман Чумчаца. Чумчал хасият, гьесул к1игьумерлъи авторас махщалида рагьун буго.

Сулимановасда к1ун буго машгьурав багьадур Муслимил сипаталъул цо-цо рахъал лъик1го рихьизаризе, амма, дида ккола, цодагьабги г1ат1идго гьесул образ кьун бук1арабани ц1акъго лъик1 бук1инаанин.

М. Сулимановасе 1978 с. С. Стальскиясул ц1аралда бугеб Республикаялъулаб премия кьуна. Гьев ккола РСФСРалъул культураялъул мустах1икъав х1алт1ухъан. Гьесул цо-цо асарал руссинаруна бат1иял мац1азде. 1984 соналъ г1урус мац1алде буссинабун Москваялда бахъана «Балагьалде цо гали» абураб т1ехь...

Жеги г1емерал асарал хъвалаан машгьурав хъвадарухъан, лъик1ав г1адан, бег1ераб пагьмуялъул устар Мух1амад Сулимановас сог1аб

хвелалъ гьев нилъехъа вахъич1евани. Адабият бечелъиялъе гьес гьабурабщинаб х1алт1и меседил хазиналъун лъугьине буго нилъер халкъалъе. Жиндирго гьунар т1ок1ав васасул ц1ар гьелъ ц1акъ борхатгоги ккун босила цебехун.

## 10. Фазу Г1алиева.

Халкъияй поэтесса Фазу Г1алиева гьаюна 1932 соналъул декабрь моц1алъ Хунзахъ районалъул Гиничукь абулеб росулъ. Гьелъул эмен г1олохъанчи вугеб мехалъго хвана, Фазул т1алаб гьабуна ва тарбия кьун к1удияй г1езаюна эбелалъ – Г1апица. Гьей г1амал берцинай, рак1 г1ат1идай ч1ужуг1адан районалдаго лъалаан, Г1араниб райбольницаялда унтаразе хъулухъ гьабизе х1алт1улей йик1индал. Фазул эбелалъухъан имг1ал Х1айдарбегил Мансурги вук1ана машгьурав ва гьунарт1ок1ав учитель, г1алимчи. Гурх1ундай, гьез лъик1аб асар гьабураб Фазул х1еренаб ва недегьаб г1амал-хасият камиллъиялъе.

Фазу гьит1инаб мехалдасаго рак1 г1анч1ай, г1умру ва г1адамал хирияй, гьайбатлъиялъул г1аламатал жиндир чорхолъ рессарай яс йик1ана. Куч1дул гьаризеги гьелъ Г1арани школалда ц1алулеб мехалъго байбихьана. Хунзахъ т1алъиялдасан рихьулел ругел риидалаги г1аздаца т1огьал рацарал муг1рузги, маргьабалъ рук1унел г1адал Тобот г1ор чвахулел свердерабазги, рорхатал чвахукь бак1азги, к1к1алазги, хъит1азги, кьалал т1ад лъурал муг1рузги, раг1и бег1ерал херал маг1арулазул г1акъиллъиялъги, муг1рузул т1егь г1адин, г1ун яч1уней г1олил яс х1икмалъизайич1ого телищ?! Гьелъул рек1елъ куч1дул рижана. Г1умруялъул сог1лъиги, къисматалъул кьог1лъиги, г1адамазул жах1да-х1усудги гьелъие ц1акъ рик1к1адаб жо бук1ана.

Дагьаб мехалъ Мах1ачхъалаялда руччабазул педагогияб институталдаги ц1алун, Фазу уна Москваялде, гьениб т1убала г1умруялъул цо лъик1аб мурад - лъуг1изабула Максим Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институт. Гьенир к1удиял г1алимзабаз, машгьурал хъвадарухъабаз кьурал дарсаз камил гьабуна коч1ое бугеб гьунар, гьварид

гьабуна г1акълу-лъай. Фазуе дарсал кьуна рек1елъ къвак1иги, чорхолъ гьунарги бугел Михаил Светлов, Владимир Луговской г1адал поэтаз.

Ц1али лъуг1ун хадуб Фазу х1алт1ула Дагъучпедгизалъул редакторлъун, гьабсаг1ат гьей ккола «Дагъистаналъул ч1ужуг1адан» журналалъул бет1ерай редактор, ракълил машгьурай х1аракатч1ужу. Кинабго жигарги, жанги, чорхол къуватги, рек1ел х1асратги Фазуца кьола г1адамазул рак1ал авадан рук1ине, жах1да-х1усуд т1аг1ине, вацлъи, гьуинлъи щулалъизабизе.

Фазуца к1икъогоялдаса ц1ик1к1ун т1ехь къват1ибе биччана. Щибаб т1ехь - гьеб ккола рек1ел цо кесек, г1умруялъул х1акъалъулъ гьарурал пикраби, анищал ва хьулал рехсарал сипат-суратал, образал. К1удияб рокьигун, адаб-х1урматгун хъвалеб буго Фазуца маг1арулазул, гьезул г1адатазул, г1амал-хасияталъул, т1абиг1аталъул х1акъалъулъ.

Фазуца хъварал поэмаби «Ч1агоял къисаби», «Анц1ила микъабилеб их», «Эбел», «Ц1умал муг1руздасан роржуна», «Гьа», гьединго къисаби: «Къисмат», «Ракьул г1ерекъ гьороца унаро», «Хъах1илаб ц1ад», «Кьолбол мугъру», харбазул т1ехь «К1иго микьир» маг1арулаз гьираялда ц1алана, гьез бечед гьабуна авар литература.

Россиялъул бищун т1адег1анаб шапакъат щварай Фазу Г1алиева авар прозаялде яч1ана пирхараб пири г1адин, таваккалго. Амма гьеб пири пархун свинч1о, авар адабияталъул зодиб гвангъараб ц1ваялде сверана. Гьелъул буго сипатал г1емераб бечедаб, гугьар бугеб мац1.

Фазуца лъабкъогоялдаса ц1ик1к1уц т1ехь къват1ибе биччана. Щибаб т1ехь — гьеб ккола рек1ел цо кесек, г1умруялъул х1акъалъулъ гьарурал пикраби, анищал ва хьулал, рехсарал сипат-суратал, образал. К1удияб рокьигун, адаб-х1урматгун хъвалеб буго Фазуца маг1арулазул, гьезул г1адатазул, г1амал—хасияталъул, т1абиг1аталъул хIакъалъулъ. Чанго асар сайгьат гьабуна Лениниеги.

Г1ажаибаб заман бач1ана нилъеде - кинабго жо какулеб, заманаялъ киналъего бит1араб къимат кьела. Гьалат1 кколарев чи вук1унаро, амма берцинлъигн рит1ухълъиги коч1одалъун к1одо

гъабурав чи мекъи ккеларо. Гъединаб пикру буго жакъа г1емерисезул. Жийго шаг1иральги «Диван чаг1и» абураб пасих1аб коч1олъ абулеб буго:

Жакъа рухулел руго хварал чаг1и нилъеца,
Г1айибалгун гъалат1ал т1олго гьездеги рехун.
Г1умруялъулъ рук1арал к1удиял камиялги,
Киналго балагьалги гьезул хобаздаги лъун,
Балагьани, ургъани, ниль диванчаг1и гуро,
Дозда гъорлъин рук1арал, гъалат1ал гьарулелъул.

Фазул буго жиндирго г1умруялда релъун, ц1акъ бечедаб, гъваридаб, бат1и-бат1иял кьераз, макъназ хъвараб поэзия ва гьединго прозаги. Гьениб аслияб бак1 ккола маг1арулазул къисматалъ, амма хъвадарухъаналъул бер щола г1емераб лъугьа-бахъиналде, пикру г1унт1ула гъварилъабазде ва борхалъабазде, г1асруялъул бергьенлъабазде ва кьварилъабазде. Инсанасул рух1ияб г1умру, гьесул хьулал ва къасдал, Дагъистаналъул ва гьелъул г1адамазул къисмат, тарих ва жакьасеб къо, бах1арчилъи, ц1ук1алъи, гьайбатлъи, сурукълъи, лъик1илъи, квешлъи - гьеб кинабго бихьула махщалида хъварал асаразулъ.

К1удияб Ват1ан, г1агараб Дагъистан — гьеб тема рагьизе шааг1иралда ратун руго бат1и-бат1иял къаг1идаби, пасих1ал раг1аби. «Дун г1уна гьит1инабго росулъ, Дуй ккола Дагъистаналъул яс».

Гиничукь, Гиничукь - дун г1ураб росу,
Дир коч1ол байбихьи, т1оцебесеб мац1,
Дир т1инк1араб маг1у, угьараб х1ухьел,
Дир рельи, дир гьими, гьуннаб макьу
Ва макьу к1очарал халатал сардал.

Гиничукь буго жибго гьит1инаб, амма к1удиял г1адамал жанир г1ураб росу. Гьенир рахьана бах1арзал, г1алимзаби, шаг1ирзаби, рекьарухьаби, х1алт1ухьаб - жидер намусги иях1ги, сабруги ц1ик1арал.

Гьеб росу 1921 соналъул авалада баг1араб армиялъулаз, балъго т1адеги к1анц1ун бух1ун бук1ана. росолъ ч1варазулги Ц1олбокь чвахулъе рехаразулги къадар бахуна 71 чиясде. Ч1агого вух1ана росдал Советалъул председатель Исмаг1илил Мух1амад[1].

Гьит1инаб росу шаг1ирлъе кколеб буго к1удияб дунялалде рагьараб гордолъун.

Гьенир зобал рук1уна, зирхун роц1ун хъах1илал,

Гьаниб сахаваталъул гъвет1 бук1уна пихъил ц1ун.

Бук1ана дир рек1ел рукъ г1адатаб ва бац1адаб.

Жийго жаний г1ураб росдае, рукъалъе, инсуе, эбелалъе, умумузе, г1адамазе шаг1ир даим налъулай йиго.

Эбелаб Ват1аналъул т1анк1г1анасеб бак1 ккураб

Муг1рул г1адатияб рукъ, дур гьит1инаб гордухъан

Дунял бихьула дида.

Росдаца кьурал дарсал, малъараб г1акълу, руччабазул г1адатлъи, сабурлъи Фазуца г1умруяльго цадахъ босула.

Дун гьанже йихьарал, дун гьанже лъарал,

Дие бокьилаан даим г1умруялъ

Нужода йихьизе диль дой муг1рул яс,

Маг1арул намусгун, росдалго ях1гун.

Намус-ях1, иман-иях1, сабурлъи, г1адатльи, берцинлъи, лъик1лъи, сахаватлъи, маг1аруллъи, бихьинчилъи — гьел пикраби гъорлъ рехсараб буго Фазул т1олабго поэзия. Гьел ккола муг1рузул законазул г1аламатал. Гьелде киналго г1адамал ах1иги буго гьелъул мурад. Намус бац1адай маг1арулайлъун йик1ине к1ванани, т1ок1аб жо жиндие х1ажат гьеч1ин абула гьель:

---

[1] Балагье: газета «Х1акъикъат», 2006 с., 28 февраль,

«Мег1ерг1анаб къварилъи, ч1имих г1адин къулч1улей

Цо т1инк1араб рохалил ралъад г1езе гьабулей.

Иях1 ц1унизе ккани, ц1адай Хочбарлъун уней».

Фазул куч1дул бечедал руго калам пасих1 гьабулел раг1абаз, эпитетаз, дандекквеяз, сипатиял суратаз, метафорабаз. Гьеб гьедин бук1ин бихьула нильеда, бокьараб кеч1 босун балагьаниги. Масала, «Шал» абураб кеч1 босун балагьани, гьенир пасих1ал раг1аби, сипатал ц1акъго г1емер ратула. Поэтессаялъе шал кколеб буго гьайбатлъиялгьул г1аламатлъун, маг1арул ясалъул чорхол ч1ух1илъун «нахъа терек угьараб», «расен гьабун, ясаца халатаб симис бараб», «лугбазда т1ад кьурдулеб», «васазда сири балеб».

Маг1арул шал — ясазул

Гьурмаде раг1ад хьвараб,

Рикьун арал кьунсрузул

Ракьанлъабазда хъвараб...

Гьале «Бихьинчи» абураб коч1оль гьесие гьабун бугеб сипат:

Ккаральуб букъараб зар, - залимаб кьурул кесек,

Ккаралъуб бегьараб квер – т1огьол тамахаб квац1и.

Рокь кканищ – таваккал, тана т1олго г1адатал...

Гьениб щибниги ч1амуч1аб калам гьеч1о.

Ц1олбол т1аг1ам лъазе ккани, гьеб ч1егь ц1ун кваназе кколаро, цох1о к1олк1оно кваниги г1ола. Шаг1ирасул коч1ол т1аг1ам, макъан лъазе ккани, дагьалго мухъал ц1алаги г1ола. Амма Фазул поэзия киг1ан ц,1аланиги г1орц1уларо, т1адеялдаса т1аде шавкъ бач1уна, гьеб ц1ализе бокьула.

Ф. Г1алиевалъул творчествоялъулъ ц1ик1к1араб бак1 ккола маг1арулазул ц1ар раг1арал г1адамазул, бах1арзазул, поэтазул, коч1охъабазул, къеркьохъабазул, имамзабазул образаз. Гьелда киданиги к1очонаро Шамил, Ц1. Х1амзат, Мах1муд, Мах1ач г1адал ракьалда кидаго нилъ ч1аго хут1изе ва бечельизе г1оло г1умру кьун хваразул лебалал

ц1арал. Амма гьелъие рек1ее г1оларо цо чи бергьине г1оло данделъарал г1адамал, цо чу бергьине г1оло рак1арарал чуял. Гьединалги рук1ана ва руго маг1арулазда гьоркьор, кверч1ван гьалмагъасее кумек гьабич1ого, гьев нахъе цулел.

Фазул поэзиялъулъ к1удияб бак1 ккола эбелалъул образалъ. Эбелалъе сайгъат гьарурал руго бищунго льик1ал куч1дул, («Дида бихьула», «Эбел», «Эбелалда гьикъе»). Шаг1ир жийгоги ккола х1еренай, недегьай, талих1ай ва гьединго ургьелал г1емерай,ункъго васасул эбел. Рек1ее ц1акъго хирияв, бищунго ц1ик!к1арав вас балагьаб хвалица гьельухъа вахъана, бет1ергьанасул къадар щун ват1алъана яцал васги. Дагьав цевег1ан хвана лъик1ав бах1арчи ц1ик1к1арав вац Набиги. Унтараб, лъукъараб рек1елъан рач1ана бух1араб маг1ил ц1урал, пашманал раг1аби.

Маг1ица ц1алтун риччун, мухъал хъван бажарич1ел.

Рихъун кескал гьарурал кагътазул гъонолъ йиго.

Рек1елъ жаниб рек1араб к1удияб ц1адул бух1и

Х1ехьезе к1оларедухъ рорун боркьулеб буго.

Инсанасе хасиятал рек1ел асарал «бух1улеб рек1ел панаяб х1ухьел» загьир гьабич1ев, рокьи коч1олъ ах1ич1ев шаг1ир ватизе зах1мат буго. Фазул асаразульги гьеб темаялъ ц1акъго ц1ик1к1араб бак1 ккола. Рокьул х1акъалъулъ хьван буго чанго т1ехь. К1одо гьабун буго бац1адаб, хиянат гьеч1еб чорхол асар, х1асрат. Рокьул тема хурхараб буго бах1арчилъналъул темаялда, напсияб эркенлъиялда, талих1алда:

«Рокьи» - ян ц1ар ах1улеб х1айранаб гьаб ахикъан

Х1ет1е ракьалда хъвач1о, йоржун уней йиго дун.

Гьанже г1адин дидаго дунго релъун йик1инч1о,

Релъи г1адатаб буго, г1оди роц1араб буго.

(«Дуца нахъе ах1уге»).

Фазуда г1умрудулъ талих1 батана, гьелъ жиндирго къисмат цолъизабуна лъик1ав маг1арулав, намус бац1адав гьунар бугев

хъвадарухъан Муса Мух1амадовасулгун. Гьес йокьулей лъадуе, гьудулалъе сайгъат гьарурал куч1дуулъ г1емер х1икматал, бергьараб шавкъальул шиг1раби руго:

Дуе, рек1ел гьудул, рак1ги г1умруги,
Г1умруялъ ах1араб х1асратаб кеч1ги,
Каранда боркьараб рокьиги ццинги,
Гьаб т1олго дуниял дуе гьимулеб.

Фазуца хъвана г1емерал поэмаби (г1ага—шагарго 40ялде бахун), гьел руго аслияб куцалда бах1арчилъиялъул ва г1аданлъиялъул темаялда хъварал, хасго машгьурал ц1алдолез къабул гьарурал руго «Анц1ила мнкьабилеб ихх», «Ч1агоял къисаби», «Ц1умал муг1руздаса роржуна», «Гъалайчи», «Муг1рул г1аздадаса х1инкъуларо», «Даимаб ц1а», «Маг1арулазул нус», «Борхалъи», «Гьа» ва гь. ц. Гьел руго махщалида, бат1и-бат1иял къаг1идабазда: легендаби, маргьаби г1адин, гьединго х1акъикъияб реализмалъул кьуч1алда, романтикияб стилалда хъварал. «Гьа» поэма г1уц1ун буго жиндирго вас - солдатасул образалда сверухъ. Гьелда бицунеб буго г1олохъанчиясул г1умруялъуль кколеб к1удияб лъугьа-бахъиналъул – г1агараб улкаялъе солдатас кьолеб гьаялъул, гьелда хурхун жиндирго рек1елъ рижарал гьайбатал асаразул, мурадазул, пикрабазул. Поэмаялъул аслияв герой - солдатасе гьабун буго берцинаб сипат-сурат:

Досул ч1ег1ерк1к 1уял беразда жаниб
Бахчун ч1араб ч1ух1и ц1алана дица.
Ц1убалеб гьурмадул м1ат1уялъусан
Бат1ияб цо асар бихьана дида.

Гьелдаса хадуб шаг1иралъ бихьизабулеб буго жиндирго рек1ел х1алги, чорхол асарги.

Цинги ч1ух1иялъул карачел ана
Диргоги каранзул рек1елъе жубан.

«Гьа» поэмаялъул аслиял бут1аби хъван руго чвахун бач1унеб 7 мухъалдасан г1уц1араб коч1одалъун;

Дида лъала, сунцаго нилъер солдат къулич1о,

Гьев къулизе т1амулеб къуват кибго батич1о.

«Анц1ила микьабилеб иххалда» ч1агого цеве ч1езавун вуго Ч1арада районалъул Ц1уриб росулъа Совет Союзалъул Бах1арчи Ах1мад Г1абдулмажидов. Гьес г1умру кьола хирияб ват1аналъе г1оло. Бах1арчилъиялде гьев х1адур гьавула жиндирго къокъабго г1умруялъ, умумузул мисалалъ, жиндирго т1адаб налъи бич1ч1иялъ.

«Муг1рул Г1аздадаса х1инкъуларо» поэма г1уц1араб буго гьайбатаб аллегория г1адин. Гьеб буго хабалъан («хвел гьеч1еб улкаялдасан») раг1улеб солдат Шапиг1ил гьаракь, гьанжесеб г1елалде гьабураб хит1аб. Гьев хвана Ват1ан ц1унулаго, амма абадиялъе ч1аго хут1ана. Рагъде инег1ан цеве гьев вук1ана къадахъан, ганч1азул накъитазулъ гьес ц1алулаан: «кинабго т1аг1уна, цох1о бах1арчилъи хут1ула».

Фазу йиго к1вах1 тун г1емер х1алт1улей хъвадарухъан. Гьелъ хъвана анц1гоялдаса ц1ик1к1ун роман ва къиса, г1емерал харбал. Гьел руссинарун руго анц1го бат1ияб мац1алде.

Прозаялъул асаразулъ аслияб бак1 ккола маг1арулалъул образалъ. Гьенир рихьизарун руго бат1и-бат1иял руччабазул хасиятал.

1964 соналда басмаялда бахъараб «Къисмат» абураб къисаялъ лъик1аб асар гьабула ц1алдолезе. Амма гьеб бокьич1ел, жах1да бугелги рук1ана. 1966 соналда Москваялда г1урус мац1алде буссинабун басмаялда бахъараб мехаалъ критиказ гьеб къиса беццана. Машгьурав г1алимчи Г. Ломидзеца «Правда» газеталда хъвалеб бук1ана хъвадарухъаналъ борхун бугин к1вар бугеб моралияб масъала — хъизамалъул, рос-лъадиялъул рокьулги, талих1алъулги суал. «Гулишат недегьай, х1еренай, рак1 аваданай, асилай, иман бугей яслъун ккола. Гьелъ г1асиял г1адатазда т1ад бергьенлъи

босула. Фазуца махщалида бихьизабун буго Гулишатилги гьелъул вокьулев Юсупилги г1амал-хасият. Рагьун буго психология».

Фазул ургьисан, рек1елъан, кеч1 г1адин, чвахун бач1уна инсан х1айран гьавулеб пасих1аб, г1ищкъу ва къуват г1емераб калам, т1адег1анав Аллагьас кумек гьабураб г1адин. Гьелъ хъвана авараздаги г1урусалъ ц1алулездаги гьоркьор машгьурлъарал романал: «Ракьул г1ерекъ гьороца унаро», «Иццал муг1рузда раккула», «Кьолбол мугьру», «Щуб щибаб хариде ккола», «Барщараб жагадул ч1еп», «Микьабилеб итникъо», «Хъах1илаб ц1ад», «Кьват1ел» ва г1емерал харбал.

«Ракьул г1ерекъ гьороца унаро» буго г1олохъанай яс Пат1иматил лирикияб дневник г1адин хъвараб роман. Гьелъул эмен Ах1мад бец1аб сардилъ, нахъасан кьабун, ч1вала х1алихьатав хъачагъ Жамалица. Гьесул г1олохъанго рокьи ккун бук1ана Пат1иматил эбел, Ах1мадил лъади Париханихъ. Ах1мадил хъизаналъул т1алаб гьабула г1акъилав имг1ал Г1умардадаца. Гьев вихьизавун вуго бергьараб махщалида киналго рахъаздасан: х1алт1улъги, къварилъиялдаги, халкъалда цадахъги. Гьеб миллияб образ авар адабияталда бищунго камилаблъун лъугьана.

Ах1мад ч1ван хадуб Жамалица Парихание рах1ат толаро, бихьинчиясда рекъеч1ел ишал гьарун. Рец1ел босизе ханжаргун Жамалил азбаралда йик1аго, каву рагьулаго, тушман г1одов ккола ва хола. Такъсир Париханиде рехула, суд гьабула. Амма судалда баянлъула Жамал ч1ван вук1ин Х1уризадаца, яс х1акъир гьайиялъе г1оло, рец1ел босун. Суд мекъса ккезабизе жигар бахъула прокурор Г1абдулг1азизица.

Профессор Г1абдулла Вах1идовас «Фазу Г1алиева. Творчествоялъул очерк» абураб т1ехьалда хъвалеб буго: «Романалда лъугьа-бахъиназул бицуней аслияй героиня Пат1ималги гьелъул автор Фазулги бищунго вокьулев герой Г1умардадаца жиндирго т1олабго г1умруялдалъун, ишаздалъун, рух1ияб бечелъиялдалъунги рак1ч1езабулеб буго намус бац1ц1адаб г1умру лъик1аб бук1ин. Киназулго ва щинав чиясул яшав лъик1лъизе аслулъунги зах1мат бук1ин». Жакъа зах1матчиясул къимат

гъабулареб заманалда, Фазуца романалда рорхарал суалазул ц1ик1к1араб к1вар буго. Ракь берцинго х1алт1изабизе ккола, гьелъул г1ерекъ гьороца унаро, х1алт1ухъанасулги адаб ц1унизе ккола. Закон ц1униги судалда божиги – нилъее ц1акъ къвариг1араб жо буго, гьет1араб т1илалъул бит1араб раг1ад бук1унарин абула халкъалъ.

Фазу Г1алиевалъул буго жиндирго хасаб тема, гьеб ккола маг1арулалъул рек1ел дунял, гьелъул хъизан, лъимал, г1агарлъи, росу-ракь, хур-хер, ах… Гьелъул аслияб масъала буго г1алимч1ужуялъ г1адин, искусствоялъул законазда рекъон, маг1арулазул г1умруялъулъ ккарал хиса-басиял рихьизари. Конфликталгун, къеркьейгун, драматизмагун, къварилъи-г1ат1илъигун.

«Дица дирго героязул образал ургъун рахъизе кколаро. Х1акъикъияб г1умруялъ жиндицаго кьола дие материал», - гьедин хъвана Фазуца. Амма х1акъикъияб г1умруялде гьелъ г1емерал легендаби, маргьаби, притчаби, кицаби-биценал рачуна. Х1икмалъизе бач1уна гьелъул фантазиялъе, хабар хъвазе бугеб гьунаралъе г1урхъи гьеч1олъиялда.

Фазул стиль, мац1, хат1 буго реалистияб, амма гьелъ гьелда куркьбал гъола, романтикияб, пафосияб къуват кьола.

Романазда, къисабазда к1удияб бак1 ккола рак1алде щвеяз. «Араб холаро, т1аг1унаро. Г1умруялъ гьеб рек1ел т1инда бахчула», — гьедин хъван буго новеллабаздасан г1уц1араб «Барщараб жагадул ч1еп» романалда. «Инсанасул к1иго г1умру бук1уна, гьанжесебги арабги, ай рак1алъ ц1унарабги. Рак1алдещвеял - гьеб нилъер к1иабилеб г1умру ккола», - гьедин хъван буго «Иццал муг1рузда раккула» романалда. «Память» абураб раг1и нилъер мац1алъулъе г1урусалдасан бач1араб буго, «Память хун бугин» абула маг1арулаз. Аллагьас нилъ гьелде ккезе тогеги. Фазуца абухъе, «Память хварав чи инсанлъи хварав чи ккола».

Фазуца г1емераб х1алт1и гьабуна инсанасул к1одолъи бихьизабизе, аваразул адабияталъул художествоялъул хазина бечед гьабизе, маг1арулазул къисмат, бечедаб тарих, г1адамазул бах1арчилъи бихьизабизе. «Иццал

муг1рузда раккула» роман буго гьайбатай маг1арулай Сидратил къисматалъул бицун хъвараб – лъимерлъиялдаса врачлъун яхъун рагъде ун, фашистазул концлагералде ккезег1ан. Роман хъван буго рак1алде щвеял г1адин. Гьеб байбихьула Сидратил яс Розал бертадул бициналдасан. Бищунго Сидратие бокьулаан эбел Зулх1ижат рак1алде щвезе, гьац1ул кьерал беразул, недегьаб гьимигун. Гьелъул къисматги ц1акъ пашманаб бук1ана, мац1-хоч1алда божун инсуца къват1ие гъола, ясалда аск1ое йиччаларо. Г1илла бук1ана ц1акъго пайда гьеч1еб жо – цо учителас гьелъул таргьа чода лъола. Гьеб рек1ее г1оларо вехьасе – инсуе. Язихъго хут1арай яс рукъоса лъутула. Хадуб рокьиги талих1аб ккеч1о. Вокъарав вас Рашидие кьеч1ого инсуца вокьуларесе къот1и гьабула. Рашид рагъда ч1вала. Рагъда Сидрат дандч1вала эменгун. Гьеб асаралда буго заманалъул т1убараб биография.

Сидратил къисмат бухьараб буго халкъалъул къисматалда. «Иццал лъарал цолъун к1удиял г1орал лъугьуна, хасал г1адамазул къисматаздасан, зах1маталдасан инсаниятаlъул г1умру лъугьуна» - гьединаб буго романалъул аслияб пикру. Иццал муг1рузда рижула, инсанасул г1умру – наслабазул кьалбаздасан бижула. Г1орал, лъарал эхере чвахула, инсан – борхалъуде, т1адег1анлъиялде вахине ккола, къеркьей ва г1умру киг1ан зах1матаб бук1аниги. Инсан к1к1алахъе гиризе ч1езе бегьуларо.

Фазу прозаялдаги поэт йиги абизе бегьула. Рак1 унтун, маг1ид чвахулаго, недегьаб рокьигун хъвараб буго пашманаб къиса «Кьват1ел», жиндирго васасул Г1алил х1акъалъулъ. Бит1ун г1умрудул завалалда, гьев гьайбатав г1олохъанчи нагагьаб балагьалъ авария ккун г1умруялдаса ват1алъана. Сахлъулареб кьват1ел лъуна эбел-инсул рак1азулъ. Фазуца г1умруялъего ч1ег1ер бана. Васасул хабада лъураб т1огьол квац1илъун лъугьана «Кьват1ел» къиса. Гьеб хъван буго рек1елъан, х1асратаб, пашманаб макъаналда ц1алдохъан х1айран гьавулеб куцалъ, шиг1руги, маг1уги г1ащикъаб биценги, гьайбатал рак1алдещвеялги журан. Хвалил кьог1лъи бихьич1ев чиясда лъаларин абула. Г1алил г1умру къисаялда

бихьизабун буго бищунго к1вар бугел лъугьа-бахъинал росун, мисалал рачун, гьит1инаб къоялдаса байбихьун г1умруялъул ахиралде щвезег1ан, г1уц1ун буго гьайбатаб образ. Хасго берцинго кьун буго эбелалъулги васасулги гьоркьоблъи, гьелъул гьуинлъи ва недегьлъи.

## 11. Х1ажи Гъазимирзаев.

Аваразул хъвадарухъабазда гьоркьоб хасаб бак1 ккола поэт Х1ажи Гъазимирзаевас. Дагъистаналъул т1ахьазул издательствабаз къват1ире риччана гьесул анц1гоялдасагн ц1ик1к1арал т1ахьал – поэт лъугьана жиндирго халкъалъе кутакалда машгьуравлъун ва вокьулевлъун. Гьев гьавуна 1927 соналъ Хунзахъ районалъул Бакьагьеч1иб росулъ. Жиндир заманалда т1адег1анаб лъай щвезе рес рекъеч1ониги Х1ажи Гъазимирзаев жиндир жанисеб рух1ияб культура ц1ик1к1арав, лъик1аб тарбия шварав, адаб-хъатиралъул къимат гьабизе лъалев, маг1арулазул хасият-г1амал, г1умру бич1ч1улев, намус, ях1, г1адат ц1унарав чи. Гьеб нилъеда бихьула гьесул асараздасанги. Гьел гьес т1аса-масаго хъвач1о, лъик1 ургьун, гъорлъе ваккун, щибаб раг1и къач1ан, бук1ине кколеб бак1алда рекъезабун, ц1иял сипатал ратизе жигар бахъун гурони. Гьесул творчествоялъулъ нилъеда вихьула г1езег1ан зах1матаб нух нахъа тарав, г1емераб лъик1абги квешабги, ракъиги-къварилъиги, аваданлъиги-рохелги, рокьиги-хиянатлъиги бихьарав инсан – лирикияв герой.

Куч1дул гьаризе жеги г1олохъанлъудаго, 17 сон бараб мехалъ, байбихьаниги, Х1ажил т1оцебесеб т1ехьлъун рик1к1ине бегьулеб «Дир муг1рул» абураб куч1дузул цикл (26 шиг1ру жанибе бачараб, басмаялда бахъана «Лъаразул гаргар» абураб г1аммаб т1ехьалда 1965 соналда Х1ажида лъалаан жинда цебе ч1араб масъала зах1матаб бук1ин - жиндир росулъа гьунар т1ок1ав поэт Ч1анк1а, мадугьалихъ росулъа Х1амзат, Расул, гьединалго Хундерил т1алъиялда г1урал Заид Х1ажиев, Фазу Г1алиева, Мух1амад Сулиманов г1адал раг1ул устарзабазда гьоркьове вач1ине хьул т1ами бигьаяб жо гуреблъи. Маг1арул пандрида к1иго ч1ва

бук1уна, амма макънал бат1и-бат1иял рачине бегьула, авар мац1 цо буго, амма гьунаралда рекъон х1алт1изабизе бегьила, адабият - г1урхъи гьеч1еб х1икмат буго, гьедин х1укму гьабула г1олохъанав поэтас. Х1ажида к1вана макъан батизе, жиндирго къисмат куч1дузулъ ах1изе, гьев мух1канго, ургъун вач1ана авар адабияталде. Гьесул хьул, нух, хаслъи ва къасдал рихьулел рук1ана т1ахьазда лъурал ц1аразулъ: «Дир муг1рул» «Чундузул, сухъмахъ», «К1иго ч1ва», «Вехьасул макънал», «Вехьасул рокьи» г1адал.

Т1оцебесеб т1ехь байбихьулеб буго «Дир муг1рул» абураб, ват1аналде рокьи загьир гьабулеб кеч1алдалъун. Муг1рузде нилъер поэтаз г1емерал куч1дул гьаруниги, Х1ажида ратун руго гьезие хасал сипатаЛ; «Роржун унел ц1умал ц1вабзазда хъвалел, моц1рода даг1нил лълъар лълъуранин кколел», гьенирго руго:- «Г1анса гочунаго, чабах бортани, т1инде гъугьан унел гъваридал к1к1алал, чи т1аде вахани, чехь г1орда цулел, кварил гьулак г1адал гьелчолел кьоял».

Нилъеда бихьулеб буго баибихьудасанго Х1ажи къеркьолев вук1ин ч1обогояб, пасих1лъи гьеч1еб, сипат камураб калам жиндир кеч1алда гьорлъе биччангут1иялъе г1оло. Т1ад калам гьеч1еб буго гьесул «Т1оцебесеб гали» абураб кеч1. Гьениб поэтас живго релълъинавулев вуго т1оцебе пархине палхан лъугьараб кьурулъ бусен лъураб ц1удул т1инч1алда, т1оцересел галабазулъ буго щакдари, ц1алдолезда божиги.

Дунги г1олохъанав маг1арул поэт

Рик1к1аде воржине х1инкъун вук1ана.

Байбихьараб иш раг1алде бахъинабизе Х1ажи к1вах1 тун, жигаралда, щавкъалда х1алт1ана, зах1малъаби нухда рук1аниги, борхалъуде вахине бугеб гъира гьесулъ свинч1о. 1984 соналъ т1ехьалда бахъараб «Борхалъи» абураб кеч1алдасан нилъеда бихьула поэзия Гъазимирзаевас т1адег1анаб ишлъун рик1к1унеб бук1ин, росарал бергьенлъабаздаса гьев жеги рази гьеч1олъи.

Дида лъач1о жеги дур борхалъи, поэзия.

Вуго т1аде харулев сардал рорч1ун, макьу тун.

Х1ажи г1емерал соназ колхозалда вехьлъун х1алт1ана, вук1ана завфермалъунги. Гьесда лъана т1абиг1ат, муг1рул, гьезул мац1, г1орал, рохьал, гьезул балъголъаби, г1умруялъул маг1на, киналъго гьесда малъана кеч1, кибго бихьана гьайбатлъи, рек1ее асар гьабулебщинаб жо; гьес абуна: «Вугодай гьаб ракьалда дун г1адинав г1алимчи, Г1орал данде к1алъалев, лъараз куч1дул ах1улев», - ан.

Поэтасул т1оцересел куч1дузулъ нилъеда бихьула т1адег1анаб романтика, амма гьел г1уц1арал рук1ана рит1ухъаб реализмалъул кьуч1алда:

Дир г1ангис буртинадул тириял куркьби руго,

Муг1рул т1огьазде вахун, т1авап гьабун вуссуна.

Т1илида рарал г1ужал г1умруялъул нухал дир,

Т1агьиги хъах1аб хонжрол намусалъул налъи дир.

Гьедин сипат сипаталде жубан, берцинго чвахун бач1инедухъ, рек1елъе бортиледухъ маг1наялда ва пасих1лъиялда г1уц1араб буго «Вехьасул кеч1» абураб гьит1инабго лирикияб поэма. Бит1ахъе къечарасул к1ут1буз лъел къат1раби г1адин, къабул гьарула гьал раг1аби рак1алъ:

Бец1ал нак1к1алги къанц1ц1ун, гьекъола ц1орораб лъим,

Ц1орол г1унсбиги рухъун, бахъула г1ияй г1идра...

Раг1аби гурел, гьанир руго сипатал, суратал. Гьединаб т1адег1анаб даражаялде вехь, гьесул г1умру ва зах1мат коч1олъ бахинабизе к1вей – гьеб гьунар ккола, гьит1инабго бугониги, гьеб буго вехьасе хъвараб гимн, ода, гьев к1одо гьави, гьесул зах1мат, рек1ел х1ал поэзиялде гьорлъе бачин.

Х1ажил т1оцебесеб т1ехьалдаго нилъеда бихьула бат1и-бат1иял темаби рагьизе гьарулел къасдал, вехьасул зах1мат, рагь ва рекъел, Ват1аналде бугеб рокьи, бах1арчилъи, гьудуллъи ва рокьи, тарих ва гьанжесеб къо, т1абиг1ат ва дунял, г1адамасул г1амал-хасият, лъик1ал ва квешал рахъал ва гь. ц. Гьел темаби шаг1ирас рикк1к1уна аслияллъун, нахъеги гьезда т1ад к1вар кьун х1алт1ула. Х1ажил цо-цо куч1дул коч1охъабаз ах1улел халкъияллъун лъугьана. Гьединаблъун ккола «Гуржаниса яс», махсаро-хоч1,

юмор гьорлъ бессизабун сок1к1араб гуржи ясалде гьабураб рокьул кеч1. Гьеб г1уц1араб буго васасул ва ясалъул диалогалда сверухъ. Гьезул халатаб гьеч1еб калам буго, амма нилъеда бихьула т1убараб драма: вас мук1урлъула гуржи ясалъе, амма гьей абун йик1уна вокьулев васасе, гьединлъидал жаваб кьола:

- Дур рек1араб ц1аялъ Ц1ор бух1аниги,

Гьудул рехун тезе таваккал гьеч1о.

Нилъеда цебе ч1ола раг1уе хисуларей, хилиплъи биччаларей, г1амал щулияй ясалъул сипат-хасият. Амма шаг1ирасда абич1ого ч1езе к1оларо, цебе заманги гьанжесеб заманги данде ккун, бат1алъи бихьизелъун: «Дол арал векаца киса гьедин мун, Дида ч1орги реч1ч1ун йорч1илароан».

Рокьул х1акъалъулъ тема нилъер авар литератураялъе ругьунаблъун ва зах1матаздасан цояблъун ккола. Мах1мудица ва Ч1анк1аца гьеб тема гъваридго, бугеб бечелъиялда рух1ияб гIумру бихьизабун, талих1 къараб, илагьи бегараб куцалда бихьизабуна. Советиял поэтаз рокьи бихьизабуна талихI бугеблъун, анищ т1убараблъун. Х1ажи, куч1дузухъ балагьун, рокьулъ талих1 батарав шаг1ир гуро - талих1аб рокьиялъ куч1дул гьаризе инсан къанаг1атги т1амуларо - амма рокьул асар гьесул куч1узулъ гьайбатаб, аваданаб, рак1бац1ц1адаб буго. Рак1 къварилъула, хияналъи бихьун: «Квер бачун гьабураб къот1и биххизе, Цо дур къадарлъиян къварилъула рак1». Амма рокьи хут1ула.

«Г1арзачи» абураб коч1олъ шаг1ирас махщалида х1алт1изабун буго антитеза, сундасаго рази гьеч1ев мац1ихъан къват1ив ч1вазавун вуго бег1ераб раг1удалъун. Шаг1ирас нилъехъе кьолеб буго бакъалъул бицараб кеч1 гуреб, нилъеде рещт1инабулеб буго бакъ щун роц1араб къоялъ чорхое лъугьунеб г1адаб асар, х1акъикъатги, х1икматги жиндилъ бессараб. Гьале поэтас ах1улеб «Маг1аруласул кеч1»:

Хвалчен х1адураб буго, чот1а тирияв вуго.

Тушманасе г1умруялъ г1одой къулун х1елич1о...

Гьудуллъи, вацлъи ц1унун, ц1адай ине къаларо.

Дун гьит1инав чийилан, чармида зар кьабуге.

Х1ажил г1емерисел куч1дузулъ нилъеда бихьула ват1аналдаса ч1ух1и, жиндир г1елалъул, наслуялъул ц1ар арал ишал к1одо гьарун, гьездаса бугеб разилъи: («Кавказ», «Дагъистан», «Сулахъ» г1адал куч1дузулъ) «Чундузул сухъмахъ» т1ехьалъул бакьулъ лъун буго шаг1ирасул гьунар загьир гьабулеб, гьес рек1ел кинабго х1асрат, чорхол къуват кьун щавкъалда хъвараб лирикиаб поэма «Хасел ун их щвела, щобазул мокъокъ». Гьес гьениб х1албихьулеб буго Мах1мудил ирс кодобе босун, гьевгун къецалде лъугьун, гьесул творчествоялъул мотивал кьоч1ое росун, жиндирго пасих1лъи рагьун, сипатал ратун, художествоялъулаб асар-къасидат г1уц1изе. Гьеб гьесухъан бажарунги буго. Х1ажица г1уц1улел руго Мах1мудил ва гьесул йокьулей Муил образал, гьелъие поэтикияб интересаб къаг1ида батун, ч1агоял чаг1и г1адин гьел цере ч1езарун, рек1ел хьулал рагьун. Х1ажилъ балъгояб, раг1ун къват1ибе рехулареб анищ буго жиндирго кеч1 Мах1мудил коч1ол даражаялде бахинабизе, гьесул традиция ц1унизе. Гьеб тавакалаб къасд реццалъе мустах1икъаб бугин тола дица, рек1ее бокьухъе мурадал т1урач1ониги.

Поэмаялда реалиялги, шарт1иялги г1аламатал ва ишараби цоцалъ журан кьун руго. Ч1агоял чаг1и г1адин, Мах1мудги Муиги рокьул гара-ч1вариялда, Хъах1аб росдал санул раг1алда цоцазе г1ищкъу рагьулел цере ч1ола нилъеда. Поэмаялъул буго лирикияб сюжет, гьеб цебе бачуна диалогалъул формаялда:

- Муи, ресукълъиян, къадру-ассилан,

Дун восунгут1изе сабаб ккеладай?

Мискинав инсуца бух1араб т1орччол

Т1огьол г1умруялда т1анк1 хут1илебдай?

- Инсул къадруялда къвал балеб гьеч1ин,

Дир чара бух1изе х1алал рихьуге,

Меседил гьонолъ лъун, дун хьихьаниги,

Дур т1армил бечелъи т1аса бищила.

Мах1мудил коч1ол г1адаб гучги чвахиги гьеч1ониги, Х1ажил куч1дузулъги тамашаяб гугьар, рак1 беэдулеб музыка, гьира базабулеб асар бихьула, нилъеда ккола живго Мах1удил шиг1раби раг1улел ругин. Муил ах1вал-х1ал, рес къот1араб куцалде ккараб сурат рагьула монологазулъ:

Барщун бугеб кьибил, кьаллъараб росу,

Кьуралъуй ч1айилан, ч1ун вугев эмен,

Дуниял кьуниги, ц1ар т1амуларев,

Ц1ар къанда хъвадида хъатикь йигей дун...

60 абилел соназда хъварал Х1ажил куч1дузулъе риторика бач1иналда х1инкъи бук1ана, «ч1ахъаги» «буго-вуго», «т1егьалеб» дагьаб ц1ик1к1ун абизе лъугьун рук1ана шаг1ирал. Ц1акъ бигьаяб жолъун бихьизабулеб бук1ана ралъад лъугьин, г1ор къай: «Жакъа совет чияс квер цебе ккуни, киг1ан гьалагабги г1ор нахъ буссуна».

Лъабкъоялда анц1абилел соназда нилъер поэзиялъулъ публицистикияб чвахи ц1ик1к1уна. Поэтаз нахъойги рак1алде щвезабула умумузул лъик1аб г1адат, хьвада-ч1вади, этика, мораль, г1умруялъул философия. Басрияб наккдалъа ц1ияб бут1а бахъизе лъугьинч1ого, араб къоялдаги жакъасеб къоялдаги гьоркьоб бухьен балагьула, Шамилги, Х1ажимурадги, Мах1мудги, Х1амзатги цох1ого тарих-история гуребги жакъасеб къоялъул бут1а кколеблъи бихьизабула. Гьединаб бук1ана Гьазимирзаевасул жиндирго пикру, берзул балагьи, поэзия.

1974 соналъ Дагъистанальул т1ахьазул издательствоялда бахъараб «К1иго ч1ва» абураб т1ехьалда аслияб тема буго история ва жакъасеб къо, маг1арулазул къисмат, рагъ ва рекъел, инсанасул зах1мат.

Гъанжесеб авар литератураялда Гъазимирзаевасг1ан камидго зах1маталъулх1акъальуль раг1и абурав поэт цонигн гьеч1о. Гьесда зах1матальул, х1алт1ул къимат льана ва образал г1уц1ун гьеб жиндирго творчествоялда бихьизеги гьабуна. Вехьасул ситат бат1и-бат1иял ресал ратизарун, киналго рахьаздасан цере ч1ола: зах1мальабакьа х1инкьуларев, рак1 аваданав, хиянальи чорхолъ гьеч1ев, ц1адакги, гъоролъги, рохьаздаги, муг1руздаги квачайги баг1ариги х1ехьон, бихьинчияб намус бац1адго ц1унун, халкьалье, удкаялье хьулухъ гьабудев. «Кьерхараб сордо» кеч1алда хъвалеб буго:

Риччарал буртаби, рец1ц1улел т1агърал,

Махил хат1ихалда дализаруна.

Ц1адут1е т1инк1араб т1ат1ул нахальул

Т1аг1амаб мах1 бахьун хьощниб бессана.

Т1олго дунялальул скульпторазде

Гьав вехьасул зах1мат бич1ч1улебани,

Киндай рекъелаан, къвадакь т1идги ккун,

Мармарул сиялде т1аде вахун вехь.

Гъазимирзаевасул аслияб льик1аб рахь ва хаслъи буго гьес рек1ель босич1еб жояде кеч1 гьабунгурт1и.

Гъесул кеч1 чвахун бач1уна жибго льарал чилчиди г1адин, пикроги асарги гьорль жубан, Гьале «Вехьасул гьеди» кеч1алдасан росарал мухъал.

Т1инк1ун бач1унеб моц1, ц1вабзазул,

Керен гьогьомудеб недегьаб гьури,

Эбел бат1алъараб льимадул г1адин,

Гьоба ахалъуда лъарал чилчили,

Льалха хералда т1ад, т1огьол къуч1бузухъ

Ц1вабильун кенч1елеб г1арац г1адаб щуб,

Г1орц1ун бегараб г1и, раг1 балел дуг1би…

Гьаниб маг1арул кoч1ол роцен, г1уц1иялъул закон, аллитерация, жанисеб рифма, интонация ц1уни гуребги, маг1арул поэзия бечед гьарулел сипаталги руго, кoч1ол мац1 буго т1ад раг1и абизе рес гьеч1еб, куч1дул херхун руго музыкалияб формаялда цо сипаталъ цойги сипат цебе бач1инабун. «Керен гъогьомулеб недегьаб гьури», «ц1вабильун кенч1олеб г1арад г1адаб щуб» - гьел руго маг1арухь г1иял сагабазда рогьел рехулеб г1ужальул г1аламатал. Нильеда бихьулеб буго Х1ажи авар кoч1ол кьимат г1одобе ккезе теларин къеркьолев вук1ин.

Кoч1ол къимат гьабиялдаса байбихьулеб буго Х1ажил «Вехьасул бакьнал» абураб 1981 сональ бахьараб т1ехь.

Ч1амуч1аб дур рек1ай асар гьабич1иш,

Бихьун рехе дир кеч1, дун рази вуго.

Унтулеб дур рек1ей дару  гьабич1иш,

Абе дида раг1и, дун рази вуго.

Амма раг1иго абизе бегьуларел поэталги руго гьанже, «цоял гьаниса росун, цоял дораса росун, данде гьарурал мугь-т1ехх г1адал ххехарал раг1аби»[1] куч1дул ругин ч1езаризе льугьунел. Гьединал куч1дуздасан данде гьарурал т1ахьал чанги руго тукабазда регун. Жеги Х1ажил т1ехь дида тукада бегун бихьич1о, гьеб буго ц1алдолазе вокьиялъул г1аламат.

Соналдаса соналде жанразул ва темабазул рахъалдасан бечельун гуребги гьесул куч1дул художествояльулаб формаяльул рахьальги камиллъана, масала, лирикияб асаралъул аслияб г1аламатльун ккола «къокълъи-бицалъи», гьаниб цо тохлъукьего бач1араб чорхол асар бихьизабун бук1уна. Халатаб кеч1аль ц1алдохьан сваказавула, гьелде интерес хвезабула, Х1ажил г1емерисел куч1дул г1уц1арал руго 5-6 куплеталдасан.

[1] Ц1адаса Х1. Сочинения. Т.4. гь. 396

Юмор адабияталда - кванда т1аг1ам бач1инабулеб ц1амул цо мискъал г1адаб жо ккола. Х1ажил ахирисел асаразулъ юморалъ ц1ик1к1араб бак1 кколеб буго. Цо-цо мехалъ юмор буссунеб буго кьварараб сатираялдецин. Бег1ераб сатира кидалго кьуватаб ярагъльун бук1ана маг1арул шаг1ирзабазул. Ахириял соназ литератураялда гьельул к1вар ц1ик1ин г1умруялда дандч1валел г1емерал г1унгут1абазда бараблъун льугьана.

«Вехьасул рокьи» абураб т1ехь Гьазимирзаевасул творчествоялда аслияблъун кколельул гьеб мустах1икьаб буго гьваридаб гара-ч1вариялъе ва гъорлъе раккун къимат кьеялъе. Гьанир нильеда цере ч1ола поэтасул аслиял рек1ел хьулал, анищал ва хиялал, т1адег1анал къасдал, умумузул ишазе, халкьальул къасдазе божаралльун ру1хине г1оло г1олохъанаб г1елалде гьабулеб хит1аб. Поэт кодове восун вуго «т1олабго дунялги гьаб махлукьатги каранде бачине бугеб х1асраталь». Дагьистаналде вуссун ах1улеб буго «Дица дур кьадруялда кьабих1аб т1анк1 лъеларо», - ян. Х1ажица жигар бахъулеб буго г1умруяльул т1олго бечельи, киналго кьерал ва рахьал поэзиялде гьорлъе рачине, рух1ияб г1умру кьеркьеяльулъ бук1ин бихьизабизе. Хасаб бак1 кколеб буго рагъул темаялъ, пассих1го хьван руго «Г1урус ракь», «Мамаев Курган», «Дида ккола», «Нильер гьужум» ва цойгидалги К1удияб Ват1анияб рагъул соназул бицарал куч1дул.

Поэтасда бич1ч1улеб буго жиндирго г1елалъул бук1инеселда цебе бугеб жавабчилъи, ц1одорго, рек1елье бортиледухъ хьвалебги буго гьелъул х1акъальуль. Т1адег1нал идеалал рихьизарун руго х1еренго хьварал «Лъалхьуге, дир барти», «Эбел», «Г1адатлъи», «Ханжар», «Брест», «Дицани абила» г1адал куч1дузуль. Философиял пикраби кьолел руго «Палугьан», «Ицц», «Сон ток1к1ун бук1араб лъар», «Гьалаглъуге гьури…», «Хехаб раг1и», «Х1акь» ва цойгидалги куч1дузулъ.

Расул Х1амзатовас «Г1умруялъул гьоко» абураб т1ехьалда хъвалеб буго гьереси г1адаб тушман инсасул гьеч1ин, гьеб бицунев г1адав къадарав чиги данд ч1вач1ин, амма бет1ер къулулеб буго рит1арал бах1арзазе:

Дир черх асир гьабула сих1ру гьеч1еб коч1оца,

Гьурал киг1ан пуниги, г1амал ккураб улкаяль.

Гъазимирзаевасул коч1олъ х1елх1елчилъияльул яги гьересияб калам батуларо, гьесул кеч1 «Сих1ру гьеч1еб» буго, живгоги берц1одорав, вит1арав бах1арчи вуго. Х1ажие мисаллъун руго умумул, гьезул поэзия, гьунар. Гьелъ батила бищунго х1айранал мухъалги умумузе сайгьат гьарурал ругел.

Киналго куч1дул цого даражаялда хъвач1ого рук1ине бегьула, амма рук1ун цо-цо шаг1ир мурадалде щварал, гьев ч1ух1изе бегьулел, пассих1лъи ц1ик1к1арал, ц1алдолезул рек1елъе роргулел г1ажаибал куч1дул. Рук1уна щивав чиясда бищунго рек1елъ рекъон ккаралги. Гьединаблъун дица рик1к1уна "Дицани абула...» абураб кеч1. Гьеб, дир пикруялда рекьон, Х1ажил гьунаралъе бищунго хасиятаблъун ккола. Ц1алдолезул рак1ч1езе дица гьелъул цо ц1ик1к1араб бут1а рехсолеб буго:

Хьах1ал к1азал ч1варал к1удаби г1адин,

Г1азукь т1упун руго Ц1оральул муг1рул.

Ц1ах1илал нак1к1азул пардавги бигъун,

Гъалулльун бихьула лъебелазул мухъ.

Гъоба ахалъуда, к1к1алал т1иналда,

Цебе г1анси бегун, г1унун буго лъар.

Г1арацг1ан бац1адал ц1орол т1окъазукь

Бакъуде кенч1елел рихьула иццал.

Балагье, Мах1амад, кьурул г1усазда

К1к1уйт1а росун ругел росаби, кулал.

Жодойго багъилал бакьльул курмузда

Бакъалде руссарал гъозул рагъаби...

Х1ажил кеч1 льугьун буго гъваридаб пикро жиндилъ бугеб якъинаб суратльун. Берцинаб т1абиг1аталда руго эркенал, т1адег1анаб ях1алъул, умумузул ирс ц1унарал, гьобол хириял г1адамал. Рещт1а бокьарасда гьоболлъи баркун, Дуй нодо бук1к1ани, гьез рик1к1унаро. Бежт1а, Льарат1а мухьальул муг1рузул гьайбатлъияльул сурат поэзиялде сверизабун, шаг1ирас маг1арулазул хасият цебе ч1езабулеб буго т1абиг1ат-пейзажальул кумекалдальун.

Ракьалда рекьел ч1езаби, ярагь г1одоб льей - щивав поэтасул анищ буго. Авар поэзияль г1емерал пассих1ал куч1дул г1уц1ана ракьлие рецц гьабун, рагь, вах1шильи кьват1иб ч1вазабун, мух1канал мисалал рачун, инсаниялде балагь бачине къасд гьабулезул къабих1ал ишал какун. Т1адег1анаб гражданльиялъул къуваталда ракълил байрахъ борхулезда гъорлъ нилъеда вихьула Х1ажи Гъазимирзаевги. Кьалул бет1ергьабаздехун вуссун гьес ах1улеб буго, нужое суд т1олго дунялалъ гьабизе кколин.

Ливаналъул лъималаз лъил росаби рух1арал?

Гьезде г1арада базе нуж г1адамал кколерищ?..

Жакьа нужор такьсиралъ дунял гьалдолеб буго,

Гьельул вулкан к1анц1ани бач1унеб жо льаларищ?

Гьел руго рак1 унтун, дунялалъул кьварилъи рек1елъан биччан угьараб х1ухьел, маг1на гьорлъ бессарал шиг1раби

«Поэзия ккола киназего г1аммаб ва гьебго заманалда хас гьабун щивасул пиша», - ян хъвана Р. Х1амзатовас. Гьениб щивасул бук1ине ккола цойгидал т1асан хьвадич1еб живдирго сухьмахь, нух, амма гьебго заманалда бук1ине ккола цо киназего г1ахьалаб г1ат1идаб нухги.

Гьаниб киназего г1аммаб пикроялда рекьоледухъ, гьелда данде кколедухь, биччазе ва бачине ккола живго бет1ергьанаб хасаб жиндирго пикрояльул чу. Нилъ ругьунлъизе ккола чуял кьолозеги, космосалде роржинеги, иццазул льим гьекьезеги, г1ат1идал г1оразда лъедезеги, ральдал берцинльи, гьелъул т1ину борлъун бахьулеб нартица чорок

гьабиларедухь, ц1унизеги… Кинаб бук1аниги миллатчилъиялъулаб ва шовенизмалъулаб бербалагьиги пикрабиги нахье гьарун, нилъеца цолъизабизе ккола миллиябги интернационалиябги».

Гьазимирзаевги, рак1ч1ун абизе к1ола, жиндирго сухъмахьалдасан поэзияльул г1ат1идаб нухде вач1ана. Гьев халкъалъ къавул гьавуна.

Лъик1аблъун, рещалъе мустах1икъаблъун рик1к1ине бегьула ахириял соназ поэтас льималазе хъварал к1иго т1ехь «Нух бит1аги» (1983 с.), «Лъималазул хор» (1986 с.). Гьел руго льималазул психология, рух1ияб дунял, пикраби, хьулал рич1ч1ун, гьезул г1ел, г1уж х1исабалде босун, тарбия кьеялъул т1алабал рич1ч1ун х1еренаб мац1аль, т1абиг1аталде, кинабго берцинлъиялде, х1айван, х1ут1-хьумуралде роххел бижиледухъ хъварал т1ахьал.

Х1ажица жеги г1емер асарал хъвалаан, амма гьев лъик1ав инсан ва шаг1ир нилъедаса ват1алъана зах1матаб унтудаса хадув 1994 соналъ.

## 12. Г1умар-Х1ажи Шахтаманов.

Профессор Ч.С. Юсуповалъ «Авар поэзиялъул лъеберго сон» т1ехьалда гъваридго бихьизабун 1955 соналдаса 1990 соналде щвезег1ан нилъер шиг1рияб адабияталъ тараб бигьаяб гуреб нух бихьизабизе. Х1исабалде росун руго киналго тарихиялги, сиясиялги, маданиялги, моралиялги рахъал к1вар кьун буго бергьенлъабаздеги къеяздеги. Г1ага-шагарго гьеб лъебералда щугог1ан соналда улкаялъ тараб нух бикьизе бегьулеб буго лъабго этапалде. Т1оцебесеб анц1го сон – халкъалъе дагьалго демократиял ихтиярал щвараб заман, к1иабилеб – гьел ихтияралги хвезарун улка ч1ун хут1иялъул хьуц1икь къараб, консерватизм, коррупция, чуруклъи т1егьараб. Лъабабилебги – 1985 соналдаса байбихьун демократиялъе нух кьураб, аралъухъ берал рагьун ралагьизе рес щвараб заман. Цебесеб г1уц1иялда ругьунал г1адамазе гьеб бокьич1о, гьелъие кумек гьабуна «демократия» мекъи бич1ч1арал совет

г1уц1иялдаго рук1арал т1адчаг1аз. Гьез пасат гьабуна пачалихъ. Гьанжего гьанже дагьаб рук1алиде кколеб буго г1умру.

Жиб-жиб этапалъе мустах1икъаб бук1ана жинди-жиндир г1аламат. Лъабкъоабилел соназда к1вар кьуна халкъалъул тарих бит1ун бихьизабизе, г1адатал, гьединго миллиял хасиятал ц1униялде. Гьеб темаги цебе бачун хадусел соназги (70-80 абилел) хъвадарухъабаз х1аракат бахъана г1умруялъул абадиял, хисуларел г1аламатал лъазаризе, миллаталъул къисмат т1олго дунялалъул къисматалде бухьинабизе, заманазул, наслабазул бухьен бихьизабизе. Якъинго гьеб бихьула нилъеда Х1амзатил расулил, Фазул, Адаллол, Г1умар-Х1ажи Шахтамановасул творчествоялда. Ункъоялда анц1абилел соназда миллияб тарихги, миллаталъул къисматалъе кьолеб къиматги т1убан бит1изабуна. Х1акъикъат балагьи, бит1араб къимат кьей лъугьана поэзиялъул темалъун. Ц1илъун рач1ана цере рук1арал жанралги, х1алт1изаруна чиярал тайпабиги (масала, сонетал).

Гьеб гьедин бук1ин бихьула нилъеда гьунар бугев поэт Г1умар-Х1ажи Шахтамановасул творчествоялъухъ балагьани. Гьев гьавуна 1933 соналъ Ч1арад районалъул Мокъсоб росулъ, нилъедаса ват1алъана г1олохъанго, 1989 соналъ. МГУялъул журналистазул факультетги лъуг1изабун дагьаб мехалъ «Баг1араб байрахъ» газетаялда мухбирлъун х1алт1ана. шаг1ирасул эмен Мух1амад вук1ана сахаватав инсан, к1вах1 тун х1алт1ун маг1ишат гьабулев гьоркьохъеб ресалъул векьарухъан. Г1умруялъго гьев мисаллъун хут1ана васасе. Рагъда ч1ван к1иго вац, гьит1инго лъана г1умруялъул кьог1лъи.

Г1умар-Х1ажица хъвадаризе байбихьана школалда ц1алулаго, т1оцересел куч1дул рахъана «Баг1араб байрахъ» газетаялъул, «Гьудуллъи» журналалъул гьурмазда. 1957 соналъ къват1ибе биччана «Нухда» абураб т1оцебесеб г1емерго камилал гьеч1ониги, лъик1ал асараздасан данде гьабураб т1ехь. Байбихьудаго шаг1ирас жигар бахъулеб бук1ана пасих1ал, маг1на бугел, «ч1анда» гъорлъ гьеч1ел раг1аби ралагьизе, жиндирго нух батун, цойгидазда релъаравлъун вук1унгурт1изе. Гьит1инго гьесда рихараб

бук1ана к1игьумерчилъи, х1ел-х1ел, ц1ук1алъи, гьереси ва рк1к1. куч1дулги гьес хъвалел рук1ана к1удияб г1ишкъу-шавкъалда адабияталъул т1алабал ц1унун. Бищунго гьесие хасиятаб жолъун лъугьана коч1олъ ах1улеб г1умру сурат бахъараб г1адин бихьизаби, сипатал ц1и гьаризе жигар гьаби. Гьеб бихьула нилъеда гьесул т1ахьал ц1алидал: «Г1ищкъудул къасидат», «Харил квац1и», «Ц1вабзазул аманат», «Г1аздада ц1аял», «Рорхатал т1огьазад г1азул бац1алъи», «Эхеде нухда», «Г1арцул лъарал», «Г1адатияб кеч1», «Дандч1вай», «Иццухъ», «Муг1алимги мутаг1илги», «Къарал г1ор».

Шаг1ирас г1емераб х1алт1и гьабуна Элдариласул, Ч1анк1ал, Мух1мудил асарал рак1аризе, гьезул т1ахьал рахъизе ва гьезул х1акъалъулъ г1елмиял х1алт1аби хъвазеги. Арабги гьанжесебги заман, басрияб ва ц1ияб г1елалда ругел гьоркьорлъаби, камурабги щварабги, басриябги ц1иябги, умумузул к1одолъи – гьеб бук1ана шаг1ирасул творчествоялда аслияб темалъун.

1957 соналъ басмаялда бахъараб «Нухт1а» абураб т1ехь ц1алидал нилъеда бихьула шаг1ирасул шиг1ру гьабизе гьунар бук1ин, гьесул аслияб анищги, рек1ел хьулал руссунеб бак1ги г1адмал рук1ин, гьай-гьай бищунго цебе йокьарай гьелде бугеб г1ищкъу, г1умруялда лъик1лъи гьабун, хадув вач1унесе мисал бихьизаби.

Г1умруялъул нух ккун цеве унаго,
Ганч1ида тункула мех-мехалъ х1ет1е.
Дица гамач1 босун нахъе рехула,
Хадув вач1унесе квег1енлъиялъе.

Гьениб ганч1ил гуреб, г1умруялда данд-ч1валел квал-квалазул бицунеб буго, гьел къезарун, цере ине ккеялъул. Гьедин т1оцебесеб т1ехьалдаго баян гьабун буго шаг1ирасул г1умруялъул кредо – гьелде бугеб балагьи, мировоззрение.

Г1умар-Х1ажил т1олабго творчесвтоялда гъорлъ бессун буго г1агараб халкъалъул тарихалъулги, мац1алъулги, адабияталъулги ургъел. Гьеб

киналдасаго шаг1ир ч1ух1арав, вохарав вуго. Бидулъги, маг1илъги, рохелазулъги буцун гъабураб рахьдал мац1алъулъ раг1улеб буго «Росаби рух1арал ц1аязул лапи, руччабазул угьди, бихьиназул щцим». «Маг1арул мац1» абураб шиг1руялда хъван буго:

Дулъ биун т1ун буго Мах1мудил х1асрат,

Х1амзатил борхатаб, ачихъаб гьаракь.

Жиндицаго шаг1ирас т1оцебесеб т1ехьалда «жеги камиллъич1ел куч1дул» ругилан рик1к1унеб бук1аниги, гьенир ратула к1вар кьезе ккарал пикраби. Гьес цебе лъолеб бугеб суалалъулъ бук1ана к1удияб маг1на:

Ленин, дур хобалъул т1охт1еги рахун

Жидерго суратахъ ралагьарал щал?

Г1умар-Х1ажие бищунго рокьулел шаг1ирзаби рук1ана Элдарилав, Ч1анк1а, Мух1муд ва Х1амзат. Гьезул х1акъалъулъ хъварал яги гьезие сайгъат гьарурал асарал руго бищунго лъик1алги.

«Элдариласул зонокь лъезе шиг1рабазул квац1и» абураб циклалда буго къоло микьго сонет, ахирисеб лъуг1ун гьеч1о. Гьелъулъги цо маг1на батила. Гьел руго Элдариласул ургъелал, г1умруялъул, рокьул, гьесул к1одолъиялъул х1акъалъулъ пикраби. Гьел кьун руго жиндирго г1адинги, Элдариласул г1адинги. Сонетал хъварал руго гъваридал маг1набигун, гьезда рекъарал сипаталгун, мустах1икъалги руго гъваридаб анализалъе, хасаб г1елмияб х1алт1и хъвазе. Дица рехсела цох1о мисал, амма гьеб гьабизе зах1малъана, сонетал руго цоялдаса цояб рек1ее г1олеб, г1ажаибал. Гьале «Г1ищкъул болъо лъе…» абураб:

Иях1алъул х1убал, х1асратал муг1рул,

Г1емераб ирс гьеч1о нужой тезе дир:

Жеги гургинлъич1еб къоло анкьго сон,

Сариназ бекьараб бесдаласул хур.

Чукъаяс мал т1ад ч1ун бекараб чагур,

Бихъараб дир жергъен… Цойги хут1араб?
Загьруялъ бух1араб цо къисматалъул
Къасидатал тела маг1на гьабизе.

Амма дуй, хирияв хадусев шаг1ир!
Щиб телеб ирсалъе Элдарилас дуй?
Дица жагьиллъидул кьуруги г1анлъун,
Цо мег1ели лъуна, болъо дуца бай.

Дие г1умру кьеч1о г1емераб лъазе,
Лъаралъухъ рух1 кьезе дунги х1инкъич1о.

Шаг1ирасда к1ун буго сурат бахъараб г1адин к1удияв шаг1ирасул пашманаб, талих1 къараб къисмат бихьизабизе. Гьесул ахикье «г1асилъиялъ каву бек-бекун бана». «Бугъица ах буго пасат гьабулеб». Шаг1ирасул рокьуда «г1ассияб жах1даялъ ц1а гъуна».

Жах1да, рак1 хъублъи, хъант1и, рак1 мах1син – гьеб кинабго инсан вижаралдаса бук1араб жо буго. Гьелъие г1иллаги Аллагьасда гурони лъаларо, илбисалъул иш бугин абула. Унго илбис инсанасул рек1елъе кин лъугьунеб, алжаналъубе борхьил ургьибеги лъугьун бугин к1к1уржун ун бугин батула т1ехьалда. Борохь разилъич1еб ани, гьелъул ургьибе лъугьине илбисалда к1олароан. Инсанги разилъулев ватилаха. Аллагьасги абун бугелъул, унеб нух дица бихьизабун буго, нужецаго т1аса бищеян. Г1умар-Х1ажица жиндирго къисматалъул х1акъалъулъ, цо илбисалде гьабураб кеч1алъ нилъ х1икмалъизарула. Гьелда ц1ар буго «Мун сабаблъун дида дунго к1очана», бахъунги буго «Къарал г1ор» абураб т1ехьалда. Гьале гьелдасанункъго мухъх, гьенисан бихьула божуда-рек1к1, х1ел-х1елчилъиялъул х1асил:

Дур демагогиялъ гуккарав дида
Дирго улка лъач1о ургьиве ваккун.

Дур к1одолъи беццун, беццлъарав дида

Дирго к1одолъицин к1очон батана.

Шаг1ирасул г1емерал куч1дул руго жиндирго ккарал гъалат1азул х1акъалъулъ, лъидениги г1айибги гьабулеб гьеч1о, жиндего гурони.

Шахтамановасул асаразул темаби бат1и-бат1иял ва бечедал руго. Гьес сурат бахъараб г1адин цебе ч1езабуна Кавказулъул т1абиг1ат, х1урматалда, ч1ух1игун рихьизарула зах1матчаг1и, муг1рузул г1адамал, г1ухьби, рессарухъаби, дояркаби, хурухъаби, коч1олъ ах1ула гьудуллъи, вацлъи, бах1арчилъи, берцинго рагьула бат1и-бат1иял г1адамазул къисматал. Шаг1ирасул жиндирго чорхолги, напсалъулги хасиятаб рахъ ккола шавкъ бук1ин, рак1 рагьи, аваданлъи, х1асралъи. Шиг1рияб мац1ги сипаталги г1емераб, пассих1аб, берцинаб гугьар бугеб буго. Эпитетал, дандекквеял камилал, багъилиял, ч1ванкъот1арал, рит1арал х1алт1изарун ратула, маг1нагши пассих1лъиги цолъизарун.

Г1умар-Х1ажиясул творчествоялъул бакьулъ вуго гьанжесев инсан, гьесул г1умру, хасият-г1амал, гьес жигар бахъула г1адамазе пайдаявлъун вук1ине, лирикияв геройги кидаго нухда вуго, х1алт1улъ ва къеркьеялъулъ. Т1абиг1аталъ гьесие кьун буго рек1ел недегьлъи, х1еренлъи, г1адамал рокьи, гьезул ургъел гьаби, чорхолъ бессун буго рух1ияб хъарсинлъи, чороклъи, мекълъи, т1екълъи рихин. Жиндирго гьудуласе Г1. Г1алиевасе сайгъат гьабураб кеч1алда хъвалеб буго:

Лъалк1ал… Лъил рек1елъе лъик1лъидул лъалк1ал

Лъурал вац нилъеца гьаб риидала?

Кинаб нуц1ик1алт1а нилъер лъалк1азда

Муг1рул ч1ужуг1адан урхъун къуларай?..

Къисматалъ инсанасе г1емер халатаб г1умру кьун гьеч1о, заман г1адада биччач1ого, нахъе рач1унезе лъик1лъи, мисал тезе, лъалк1 тезе ккола. Амма гьеб киназдаго гуреб к1олеб. Хьулал к1удиял, ресал дагьал рук1уна.

Дихъе цо-цо мехалъ пикру бач1уна

пайда гьеч1ел чаг1и гьеч1иш нилъилан,

гуребани гьанже нилъер хабат1а

хер бук1инаанин оц г1орц1изег1ан.

Дида ккола гьел раг1абазул маг1на бугин, бах1арчиял, сахал чаг1и рук1аралани церего хун рук1инаанин абураб. Амма хун гьеч1о, щайгурелъул шаг1ирал жеги г1умруялъе х1ажат руго.

Жиндирго асаразда Г1умар-Х1ажица г1емер баян гьабула гьабураб жоялдаса рази гьеч1олъи, ай ц1ик1к1ун х1алт1изе, хъвадаризе кколаанин маг1наялда. Гьеб ккола жиндирго ишалде гьесул к1удиял т1алабал рук1анин абураб маг1на, «тараб нух дида цебе т1еренаб, лъуг1ич1еб сухъмахъ г1адин» бугин.

Гьал цо куч1дул хъван гуреб

Гьунар дихъан лъугьинч1о, -

Анищазде данде ккун

Иш гьит1инаб батана.

Амма кеч1 гьаби гьит1инаб, бигьаяб иш гуро, зах1матаб, рух1ёги жанги кьун гьабулеб х1алт1и буго. Кеч1 гьеч1еб г1умру ц1акъ ч1амуч1аб жо бук1инаан, гьелъ рак1 бохизабула, шавкъ бижизабула, ч1алг1аде гурелъул лъик1аб коч1охъ кьолораб чу кьолеб бук1араб. Гьединал лъик1ал куч1дул Г1умар-Х1ажил г1емерал руго, мисалалги г1емерал рачине бегьилаан, гьес жинцаго хъвалебги буго:

Маг1арухъа г1адамал, дагъистаналъул лъимал,

Жеги Мах1мудил бидулъ, бук1арабха дир кеч1ги.

Йохъ, дунги ахир гуро жакъа ах1улеб коч1ол,

Ахириявги гуро аваразул ях1алъул.

Кинабго гьарзаяб гьаб дунялалда шаг1ирас иях1алде ах1улеб буго, кьижун бегьиларин, балагь кьурт1а тун.

Дица ах1улеб буго берцинлъиялде шиг1ру,

Дун к1ет1олеб бак1 буго, бихьинчилъи, дир каву.

Лъик1аб шиг1ру, х1акъаб, камилаб, х1айранаб раг1и, - гьеб буго берцинлъидул таж

Бекараб рак1алъе ч1агояб бальзам,

Бигъараб ругънае даруяб зам-зам.

Ч1арадисезул гимнлъун лъугьана «Къаралазул г1ор» кеч1. гьенир инсанги т1абиг1атги цолъун руго, гьенив шаг1ир нилъеда вихьула лъик1ав махщалил устарлъун:

А даим цебехун, цолъе г1оралгун,

Цолъиг1адаб къуват гьеч1ин ракьалда.

Бук1а, г1ор, кидалго гьедин гьалагаб,

Ниж ч1арадисезул х1асрат кинигин.

Инсанасул г1умруялда жаниб коч1ол, ай искусствоялъул к1варалъул бицунеб к1удияб тема шаг1ирас г1ат1идго рагьулеб буго «Г1адатияб кеч1» ва «Билараб кеч1» абурал лиро-эпосиял поэмабазда. Т1оцебеселъул маг1на буго кеч1 инсанасул т1адаг1анаб кумекчи, судияв ва учитель вук1ин. к1иабилеб поэмаялда бицун буго г1олохъанай яс Шуг1анатица жиндирго гьунаралъул – коч1ол гьабич1еб къиматалъул. Гьунар гьеб ккола т1абиг1аталъ кьураб сайгъат гуребги, халкъалда цебе бугеб жавабчилъиги, халкъалъулгун бухьен хвезе тани, кеч1алъул къимат хола.

«Билараб кеч1» буго г1емераб ах1и-х1ур г1емераб ах1и-х1ур бахъинабураб, сверухъ даг1ба ккараб кеч1. Критик М.Х1асан-Х1усейновас гьелъие кьвавbooth критика гьабуна, х1акъикъат, мекъса бихьизабун бугин, маг1арул яс шагьаралда квеш хьвадун йигин аби – гьеб бугьтан бугин. Квеш хьвадулел ясал, гурх1ундай камуларо. Гьеб буго аслияб жо, г1умруялда кколел ругел хиса-басиязе мух1канаб къимат кьезе кколал бажарун. Цо-цояз г1урус г1адатал, агъаз гьеч1ого росула, умумузул г1адатал, г1амал-хасият к1очон.

Г1умар-Х1ажил поэма т1убан цок1алаб лъугьун гьеч1о, гьениб бицунеб буго чанго жоялъул маг1арул яс Шуг1анатил г1амал-хасият, психология хиси, гьунар щиб жо кколеб, халкъги гьунарги, жамаг1атги инсанги, инсанги цивилизацияги, рокьиги кьалги ва гь.ц.

Поэма хъван буго шарт1ияб – романтикияб къаг1идаялда. Гьелъул сюжет буго маргьоялъул г1адаб. Вехь – шаг1ирасул рокьи ккола гьайбатай коч1охъан Шуг1анатихъ, гьей шаг1иралде ц1ализе уна, йилула, кеч1 бит1ула ялагьизе, ятула компониязда, концертазда, гьелда к1очана институталда лекциял, цох1о мурад бук1уна рецц-бакъ, машгьурлъи щвезе. Шаг1ирас суал лъолеб буго: Мун щий? Щиб ккараб, щай кеч1 билараб? Гьеб суал хъвадарухъабаз г1емер рехсараб жо буго. Г1умар-Х1ажицаги гьезго г1адаб жаваб кьолеб буго: ясалъ кеч1 жиндиего рецц балагьиялде буссинабун бугин, ц1али, зах1мат, умумузул г1адатал к1очон. Шуг1анат хьвадулей йигин «Гали т1амулелъул, бох бихьиледухъ наказдаса ссураб юбкаги рет1ун». «Дур бицунеб хабар цого бук1ана: цин – ц1аргун реццалъул, цин - машгьуразул». Ясалъе бокьана, х1алт1иги к1очон, шагьаралъул кепаб, т1адагьаб г1умру, кеч1 дарамалде сверизабуна, ц1аруе г1оло.

Г1умар-Х1ажиица такрар гьабулеб буго нилъеда куч1дузулъ чанги раг1араб пикру: «Дурги дирги кеч1 бич1ала, сун ина, халкъалъул къисмат гьелъул бакъаналъулъ бессун гьеч1они».

Х1амзатил Расулил «Инсулгун ккараб гара-ч1вари» (953 с.) поэмаялда аслияб пикруги буго поэт халкъадаса т1езе бегьуларо абураб. Инсуца васасда абулеб буго кеч1 гьабги зах1матаб пиша бугин, гьелъие бищун цебе къвариг1унин г1адамазулгун бухьен, гьезул къисмат, х1ал бич1ч1и:

Бечедал, гъваридал асарал хъвазе,

Вусса гьумер бит1ун г1адамаздехун.

Жакъа Шахтамановасул поэмаялъе къимат кьолаго, М.Ах1мадовас хъвалеб буго: «Гьеб бук1ана поэма – рек1ел ах1и, лъазаби. Гьелъул героиня, рахьдал мац1 гуребги, маг1арулалъул намус-ях1 биларай маг1арулай Ват1аналде т1аде г1унт1улеб бугеб балагьалъул г1аламатлъун лъугьана,

ахириял соназ нилъеде рач1арал къварилъаби гьенисан байбихьана: хъах1балъи, наркомания, талавурчилъи, ч1вай-хъвей. Лъеберго соналъ цебе Шахтамановас т1оцебе бицана гьелъул»[1]. М.Ах1мадовас дагьаб зани бегизабун бугониги бит1араб жо хъвалеб буго. Хъах1балъи, чуруклъи кисан бач1арабали Ч1ик1аса Мух1амадицаги абун бук1ана нусиялда к1икъоялда анц1го соналъ цебе «Гьижра гьаби» абураб кеч1алда. Социалистияб г1уц1и какич1ониги, Х1амзатил Расулицаги жиндирго сатириял асаразда г1емер хъвана г1умруялъул г1унгут1абазул х1акъалъулъ.

Чакар Юсуповалъ хъвалеб буго Расулил нилъее к1вар бугила, к1удияв шаг1ир вук1ин гуребги, гьес т1убараб шаг1рияб школа, направление г1уц1анин. Гьес бищунго цебе к1удияб асар гьабунин авар поэзиялъе, гьелъу церехъабазе: М.Гъаирбековалъе, Ф.Г1алиевалъе, Г1-Х1. Шахтамановасе, Г1адаллое, Г1. Дагановасе ва гь.ц. Устарасда хадур ун гьез халкъалъул г1умру рагьулел образал г1уц1анин, моралиялгун психологиял суалазе к1вар кьун. «Хасго Расулил асаразда релъараб жо г1емер буго Г1умар-Х1ажил «Муг1рул т1огьазда г1азул бац1алъи» поэмаялда. Гьениб г1умру бихьизабулеб буго гьваридго, кьалбал рагьун, халкъалъул ъкисматалъул х1акъалъулъ пикраби гьварид гьарун, аралдаги гьанжеселдаги гьоркьоб бухьен балагьун»[1]. Хадубги г1алимч1ужуялъ баян гьабулеб буго рехсарал поэтал Расул такрар гьавулел чаг1и гурилан, гьел ругин жидерго нух батарал гьунар бугел шаг1ирзаби. Бит1арабги буго, халкъалъул къисматалъул тема, масала, Г1амур-Х1ажица Расулидаса бат1аго рагьулеб буго, жиндирго нухдасан ун, маргьабазул, романтикияб къаг1идаялдаса ват1алъун г1умру х1акъикъияб куцалъ бихьизабун. Гьедин бук1иналъе нуг1лъи гьабула «Ихдалил чапар» поэмаялъ. Гьениб г1уц1ун буго Ват1аналъулги халкъалъулги образ, Юрий Гагарин космосалде воржинги кумекалъе босун.

Гьваридаб поэмалъун рик1к1ине бегьула «Муг1рузул т1огьазда г1азул бац1ц1алъи». Гьениб кеч1 ах1улеб ва хабар бицунеб буго Дагъистаналъ.

---

[1] Ах1мадов М. Г1умар-Х1ажи Шахтамановгун пикрабазда. Сб. – «Г1умар-Х1ажи Шахтаманов». Сост. Мурад Ахмедов, Махачкала, 1994, гь. 23

[1] Юсупова Ч.С. Авар поэзиялъул лъеберго сон. Изд-во ДНЦ РАН, Махачкала, 1998, гь. 45-46

Гьеб ккола аслияб геройги. Муг1рузда кьижун вук1арав шаг1ир – вехь, кеч1 раг1ун, ворчула. Гьеб ах1улеб бук1ана Ват1аналъ «бах1араб мехалъул, херал къоязул, къисматазул, ццидал, цойги ишазул, араб заманалъул, жакъа къоязул, загьроялъ к1отарал, хвалчад къот1арал, раг1уца регъарал гьал дир ругъназул. Бач1а дууниялго, - дир рукъ г1ат1идаб».

Хадуб поэмаялда Ват1анги шаг1ирги цолъула, гьезул цого макъан раг1ула х1асратаб коч1олъ:

«Дун вуго гьал муг1рузда г1урав г1адатияв чи,

Чорхой муг1руз къвак1и кьурав кьурабазда къвал жемарав…

Муг1рул ругебг1ан мехалъ, наслу свинч1ебг1ан мехалъ

Хут1ила дир ц1ар векалъ ц1аруц1арал т1огьазда

Хут1ила дир гадатгун, г1аданлъигун, иях1гун

Х1алт1улезулъ дун х1алт1ула, ах1улезулъ кеч1 ах1ула»[2].

Шаг1ирас бицунеб буго умумузул к1одолъиялъул, бах1арчилъиялъул ва гьединго г1унгут1абазулги, къварилъабазулги. Г1емерлъун руго бюрократал, лъималазда к1очонеб буго рахьдал мац1. Инсуда вас к1алъалев вуго: - «Папа, спой мне аварскую песню», - абун. «Рух1улел руго ч1ах1иял миллатаз г1исинал», Избербашалда аск1об буго цо Шамшагьарул хут1ел-ччук1ел. Шагьар бух1ана тушбабаз. «Нужехъ ралагьила лебалал берал лъебералда анкьилъ ч1варал васазул». Умумузул г1умру цох1о лах1заталъ к1очене бегьуларо.

Поэма г1уц1ун буго микьго бет1ералдасан, к1иго бут1аялдасан. К1иабилеб бут1аялда шаг1ирас данде кколеб буго цебесебги гьанжесебги г1умру. Цебе киг1ан г1емер какал раниги, мискинчи Аллагьасда раг1ич1о, г1умру лъик1 гьабизеги, киг1ан къеркьаниги к1веч1о. Жакъасеб наслу талих1аб буго, мискинлъи-язихълъи т1аг1ана. гьеч1о щибго раг1и дандеккунгут1и. Г1уц1иялде данде кколарел халкъалги гьеч1о. Кинабго

[2] Шахтаманов Г1-Х1. Муг1рузул т1огьазда г1азул бац1алъи. Махачкала, 1966, гь.8

лъик1 буго. Лениница кьуна гьеб эркенлъи. Гьел пикраби руго т1адчаг1азе данде кколел.

Лъик1аб поэмаялда шаг1ир вач1ун вуго г1уц1и бецциялде, замана к1одо гьабиялде, х1атта Ч1ик1аб росо ралъдал т1инде ккезаби ц1илъиялъул г1аламат бугин абиялде. Гьаниб дие бокьун буго устар Ч1ик1аса Саг1ид Апандил «Хирияб инсул росу басралъиялъул къисаялдасан» куплетал рехсезе, гьезул гъварилъи, пасих1лъи бихьизе:

Хирияб инсул росу басралъиялъул къиса
Къалмица хъинт1ун тезин памятлъун жиб бук1ине.
Жанив Малик гьеч1ого ч1ороголъун хут1идал
Хараблъарал ч1вабазде ч1ег1ер бан хъвазин кагъат.

Кинабго г1аламалъул г1акълу-тадбир бихидал,
Боржалалде щвелалде щущан ана жамаг1ат.
Жанисан най т1урараб т1аладул мисалалда
Басрияб Ч1ик1абилан ч1алг1араб ц1арги тана…

Г1арац-меседги бухун авлахъалда таниги,
Ват1анлъун кколеб гьеч1о Ч1ик1аб росу гуреб бак1.

«Шахтамановасул жиндирго нафсалъулги, гьесул асаразулги хасиятаб рахълъун ккола гьенир эмоциял, шавкъ, х1асрат г1емер бук1ин, инсанги гьанжесеб дунялги диалектикияб куцалъ бизьизабунги буго шаг1ирас». Гьедин хъвалеб буго машгьурав критик Камал Абуковас.

Бит1араб буго шаг1ирасул асаразулъ эмоциял, шавкъ, рек1ел гуч, воххи г1емераб буго, амма бук1ине ккола гъваридаб г1акълуги, бит1араб бербалагьиги, г1одове виччайги, ургъиги, анализ гьабиги. Х1амзатил Расулил заман г1уна жив гъоб г1уц1иялъул бут1а вук1инч1ин абизе Г1умар-Х1ажи г1умруялдаса г1олохъанго ват1алъана, советияб г1уц1и бихизег1ан ч1аго хут1ич1о. Кин бугониги гьунар бугев поэтас г1емер х1алт1и шьабуна авар

адабият цебе т1езе. Гьесул «Муг1алимги мутаг1илги» къиса ц1акъ берцинго хъвараб прозаялъул асар буго. Гьелъ нуг1лъи гьабула Г1умар-Х1ажи унго-унгояв хъвадарухъан вук1иналъе.

## 13. Г1абдулмажид Хачалов.

Г1абдулмажид гьавуна 1925 соналъул июнь моц1алъ Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъ векьарухъанасул хъизамалда. 1943 соналъ гьев жиндиего бокьун фронталде уна, Прибалтикаялъул ва Донецк фронтазда тушмангун бах1арчиго вагъула, г1емерал орденал, медалалги росула. Рагъдаса хадусел соназда гьев чанго соналъ учительлъун, партиялъул Гъуниб райкомалда х1алт1ула. Хадув Г1абдулмажид «Баг1араб байрахъ» газетаялде вачуна ва жавабиял ишазда х1алт1ула. Х1алт1улаго лъуг1изабула М. Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институт.

Хачаловас хъвадаризе байбихьана рагъдаса хадусел соназ, т1оцересел куч1дул ва харбал рахъана «Ц1ияб канлъи» ва «Баг1араб байрахъ» газетазул гьурмазда. 1956 соналъ Дагъистаналъул т1ахьазул басмаханалда къват1ибе биччана т1оцебесеб т1ехь «Устарасул сайгъат». Гьебги хадусел «Щибали лъай?», «Катил т1инч1 сабаблъун», «Г1ажаибал гьакибурдул», «Моц1роде сапар», «Маг1арул маргьа» т1ахьал рук1ана х1еренаб мац1алда лъималазе хъварал камилал т1ахьал. Гьенир нилъеда ратула бат1ии-бат1ияб г1амал-хасияталъул, т1абиг1ат-г1амалалъул ва г1умруялде бербалагьиялъул лъимал. «Бищун аслияб жо, гьезулъ г1ахьаллъи гьабулел киналго лъимал, кинаб т1абиг1ат-г1амалалъул гьел ругониги, нилъеда рихьула, цере ч1ола ва рак1алде ккола бит1ахъе нилъеда цадахъ гьел ругел г1адин, гьединлъидал нилъее рек1ееги г1ола»,[1] – гьедин хъван буго редколлегиялъул ц1аралдасан 1995 соналъул анлъабилеб номералда бахъараб «Пасих1аб раг1ул устар» абураб макъалаялда. Х1акъикъаталдаги Хачалов вук1ана г1одове виччарав раг1ул устар. Гьедин бук1ин бихьизабула бат1и-бат1иял жанраздалъун хъварал асараздаги: куч1дузда, харбазда, къисабазда, поэмабазда, пьесабазда. Кинабниги хъвадарухъанас къват1ибе биччана анц1ила щугог1ан т1ехь.

[1] «Гъудуллъи» журнал, 1995, № 6, гь. 59.

Бищунго лъик1аллъун рик1к1ине бегьула «Рихьуларел лъалк1ал», «Солдатасул лъади», «Хваразул ц1аралдасан», «Нижер хириял улбул», «Ц1удул бусен». Бит1араб бицани, гьесул гьеч1о цониги г1айиб ч1валеб г1адаб т1ехь.

Г1абдулмажид машгьурав вук1ана шаг1ир х1исабалда, амма гьес лъик1аб махщалида цого заманалда хъвалаан шиг1риялги прозаялъулги асарал. Авар проза цебе т1езе гьабураб лъик1аб х1алт1илъун рик1к1ине бегьула к1вар бугел темабазда хъвараб лъабго къиса «Рихьуларел лъалк1ал», «Басрияб гъамсил балъголъи», «Аманат».

«Унго гьаб рогьалил, гьаб дунялалъул, гьаб т1олго г1умруялъул берцинлъи! Берцинлъи гьал гвангъарал чирахъазул, чвахулеб ц1адал! Щайдай гьадинаб гьайбатлъиялда, ч1урканлъиялда цадахъ жонсокълъиги, хъублъи ва х1алихьалъиги бижулеб! Киг1ан роц1араб, аваданабха гьаб г1умру бук1инебан гьал талавурчаг1иги, ц1огьалги, ч1вадарухъабиги гьеч1ел ани... Бач1ина гьединаб заманги. Амма гьелъие г1оло жеги г1емерал х1алт1изе, къеркьезе ккезе руго». Гьедин хъвалеб буго г1умруялъе г1оло, нилъер сахлъи ва талихl ц1унун х1алт1улел г1адамазул х1акъалъулъ 1966 соналъ бахъараб т1ехьалда «Рихьуларел лъалк1ал» абураб.

Гьеб данде гьабун буго цо гьит1инаб къисаялдасанги щуго хабаралдасанги. Хъвадарухъанас жиндирго асаразул героялльун росун руго нилъер г1умруялда дандч1валел такъсирчаг1и къват1ир ч1вазарулел ва гьезул «рихьуларел лъалк1азда» хадур лъугьарал милициялъул таваккалал х1алт1ухъаби. Нилъеда бихьухъе хъвадарухъанас т1аса бищун буго актуалияб, к1вар бугеб ва к1вар кьун рагьизе кколеб тема. Жигар бахъун буго г1умру лъазабиялъул кьуч1алда жиндихъе щварал х1ужаби, лъугьа-бахъинал художествалъулаб куцалда ц1алдохъанасде кодобе кьезе, гьел искусствоялъул асаразде сверизаризе. Цебе лъураб масъала раг1алде бахъинабизе к1унги буго.

Т1ехь рагьула «Рихьуларел лъалк1ал» абун ц1ар кьураб гьит1инаб къисаялъ. Кинаб бугониги такъсир т1атинабиялъулги рук1унел руго жиндирго нухал, жиндирго балъголъаби. «Щивав чиясул бат1и-бат1ияб хасият, цоцазда релъинч1еб хат1 бук1унеб г1адин, щибаб такъсиралъулги жиндирго хаслъи бук1уна», - ян абула къисаялъул аслияв герой майор Багъановас.

Гьале шагьаралъул раг1алда бугеб гьит1инаб рукъоб ц1а ккола. Рукъ бакьулъ ч1арбиде ккун батула херай ч1ужуялъул жаназа. Аск1обго батула башдаб биун лъуг1араб х1едул чирахъ. Пожарниказ х1укму гьабула ц1а ккеялъе г1илла гьеб чирахъ бугилан. Амма бат1айиса рик1к1уна гьенире рач1арал милициялъул х1алт1ухъабаз. «Ц1а жибго ккараб жо гуро. Гьеб лъилалиго квералъ ургъунго гьабураб иш буго».

Лъазе ккола ишалъул х1акъикъат, такъсиралъул мурад, ралагьизе ккола лъалк1ал, гьезул бет1ергьан. Гьеб кинабго рагьиялъе г1оло гьабулеб х1алт1уе бет1ерлъи гьабула майор Багъановас. Гьес кумекалъе рачуна г1олохъанал х1алт1ухъаби Шатылов, Салих1ов. Гьезда лъалаан киг1ан сих1ирав вук1аниги такъсирчиясда лъалк1 теч1ого ворч1изе к1унгут1и. Х1исаб-суал ва ц1ех-рех байбихьула. Далилал ва х1ужаби дагь-дагь ккун кодоре щола, т1оцересел х1асилал гьарула. Баянлъула: такъсирчи - ч1варай Халиловалъул рукъалъул, азбаралда бук1араб гьойдул х1ал-х1укму лъалев, папирос ц1алев чи вук1ин. Т1адеги Халиловалъул рукъоб хал гьабулаго батула щаклъи ккезабулеб цо кагъат. Гьеб хъван бук1ана чияр квералъ туснахъалда вугев Халиловалъул вас Мах1мудил ц1аралдасан. Гьеб кагъаталъ т1амун йиго херай ч1ужу г1арац данде гьабизе. Эбелалъ васасухъе хъван бук1ун буго: «Кодоб-хъатикь г1арац бугони, мун туснахъалдаса хехго виччазавизе к1оларищан». Гьеб г1арац бук1ин лъалев чи ккола такъсирчиян щулияб х1укму гьабула Багъановас.

Ч1варалъухъ г1арац бук1ин лъазе рес буго гьелъул васасда цадахъ туснахъалда вук1арав, хадув къват1иве виччарав чиясда. Амма такъсирчи лъазе к1вараб г1оларо, гьев ватизе ва рак1 ч1олел х1ужаби ралагьизе ккола. Гьеб кинабго мух1канго рагьиялъул зах1матаб масъала раг1алде бахъизабула Багъановас ва Шатыловас.

Къисаялда авторас кьун руго таваккалал, иш бажарулел ва к1вах1 лъаларел милициялъул х1алт1ухъабазул образал. Багъанов ва Шатылов рихьизарун руго ц1одорал ва бажари бугел, жидедасан мисал босизе бегьулел х1алт1ухъабилъун. Хачаловас, жиндирго бах1арзазул ишал рихьизари гуребги, бицунеб буго гьезул хьулазул, инищазул, пикрабазул.

Героязул рух1ияб пикру, жанисеб г1умру рагьи художествалъулаб асаралъул лъик1аб рахъ ккола. Бицунеб хабар ц1алдохъанас гъираялда ц1ализелъун х1алт1изарун руго бат1и-бат1иял, калам берцин ва пасих1 гьабулел алатал ва къаг1идаби. Масала, къисаялда ратула гъваридал маг1на бугел диалогал, монологал, рак1алде щвеял, т1абиг1аталъе сипат-сурат гьабиял.

Гьединабго куцалъ хъварал руго цойгидал асаралги. Бат1и-бат1иял бах1арзазул х1акъалъулъ бицунеб бук1аниги, гьезул цох1ого тема буго, гьел цолъизарула лъик1лъиялъ квешлъи къезабула абураб цох1ого пикруялъ.

«Нух бикьулеб бак1алда» абураб хабаралда бицунеб буго милиционер Х1осен Г1алидаевасул бах1арчияб гьунаралъул. Гьес т1атинабула к1удияб ц1огь. Ц1огьал ккolaго, Г1алидаев г1умруялдаса ват1алъизе дагьав хут1ана. Милиционеразул х1алт1и таваккалаб, г1умруялъе х1инкъи бугеб ва х1урматаб иш ккола. Ц1огьал, талавурчаг1и, «хулиганзаби» ва х1арамзадаби ц1об гьеч1ел, х1алихьатал ва ц1ук1аял рук1уна. «Хъулухъалъул борч» абураб хабаралда бицунеб буго ц1огьаздаса халкъалъул буголъи, г1аммаб мал ц1унулаго, хварав лейтенант Чупановасул. Гьес хвасар гьабуна чанго чиясул г1умру. Жиндирго г1умру абуни халкъалъе г1оло кьуна.

Дагъаб рагlалде бахъичlого хъвараблъун бихьаниги, цlикlкlараб кlвар буго «Парахатаб сордо» абураб хабаралъул. Гьениб бицунеб гьечlо кинаб букlаниги такъсирияб лъугьа-бахъиналъул. Капитан Гlумаровас хъулухъ гьабулеб сордо парахатго ана. Амма сержант Мухlамад Гъазиевасул рекlелъ рагъ букlана. Мухlамадие милиционерасул хlалтlи цlакъ бокьула, гьеб тlадегlанаб букlин бичlчlула. Амма киназдаго гуреб гьеб бичlчlулеб. Мухlамадил рокьи ккарай яс Сакинатил вац Булачица абулеб буго: «Дурцилан жиндир къавулъе милиционер хьвадизе жиндие бакьангурила». Гьес яцалъе гьукъулеб буго Мухlамадие росасе ине.

Гьеб къварилъиялъул ургъел бикьи гьабидал капитан Гlумаровасул рахlат хола, гьев гlедегlула гьалмагъасе кумек гьабизе. Милициялъул хlалтlухъаби цохlого такъсирчагlи гlадлуялде, тамихlалде цlалел чагlи гуро, гьезда данде чlвала гlумруялъул батlи-батlиял суалал - гьединаб пикруялде рачуна нилъ Хачаловасул хабаралъ. «Цогидазул талихl цlуниялда цадахъго, нилъ нилъерго талихlалъе гlологи къеркьезе ккола», - ян абула капитан Гlумаровас Мухlамадида. Хабаралда лъикl ккараблъун рикlкlине бегьула Мухlамадилги Сакинатилги рокьул, гьудуллъиялъул бицунел бакlал.

Хачаловасул харбазул лъикlаб рахълъун ккола милициялъул хlалтlухъаби тамихl гьаби гуребги халкъалъе тарбия кьолел чагlиги рукlин бихьизабизе кlвей. Гьеб пикру хасго лъикl кьун буго «Гlурчинаб борохь» абураб хабаралда. Батlи-батlиял гlиллабаздалъун мекъса ккарав Разакъов милициялъ битlараб нухде вачуна. Милициялда кlола, напс хlакъир гьабичlого гьесулъ инсанлъи бижизабизе.

Психологияб анализ гьабизе кlунгутlи - авар прозаялъул гlаммаб гlунгутlи букlана. Гьеб гlунгутlи тlагlинабизе гlоло Хачаловас лъикlаланго хlалтlи гьабуна. Гьеб нилъеда бихьула «Гlурччинаб борохь» абураб хабар цlалидал. «Рази-ракияв, гъорлъ восарав гlолохъанчи» Разакъов «чlегlераб сухъмахъалде» ккола. Хъизан

гьабуралдаса «лъималазда кодобе кьезе конфет г1анасеб жо гьес рукъобе бач1ун гьеч1о», базаралда бикъараб к1аз бичулев ватула. Майор Муст1афаевалда к1ола гьев чи кант1изавизе, такъсиралдаса ц1унун, тарбия кьезе.

Хас гьабун абизе ккола харбазул мац1алъул х1акъалъулъ. Гьел хъван руго лъик1аб, недегьаб, х1еренаб мац1алъ. Абизе бегьула, Хачалов прозаялдаги поэт хут1ун вугин.

Ц1одорго х1алт1изарун ратула журарал, нахъбилъарал предложениял, деепричастиялъулал ва причастиялъулал г1уц1иял: «Нартил ч1ах1иял цистернал т1ад рекъезарураб поездалъул ахирисеб вагон Мухтарил беразда цебесен паркъун араб заман сордо бащалъулеб г1уж бук1ана...»

Раг1и къокъаб лъик1, г1арщ халатаб лъик!» - гьедин абула маг1арулаз. Л. Толстоясул герой Х1ажимурадие гьеб кици ц1акъ бокьулаан. «Рихьуларел лъалк1ал» абураб т1ехьалда хабар халат гьабун, калам ч1амуч1 гьабун гьеч1о.

Нилъер г1емерисел хъвадарухъаби прозаялде рач1ана поэзиялдасан. Поэтаз прозаялъулал асарал хъвазе х1ал бихьулаго х1исабалде босана коч1олги хабаралъулги мац1 цого бук1унареблъи, образал г1уц1и, сипат-сурат гьабиялъул къаг1идаби бат1и-бат1иял рук1унеблъи. Прозаялъ т1алаб гьабула калам г1адатго, баянго кьей, сипат-сурат ц1ар ч1ван гьаби, метафораби, эпитетал г1емер х1алт1изарич1ого.

1972 соналъ хъвараб ва лъаг1алидасан хасаб т1ехь гьабун къват1ибе биччараб «Басриял гъамсил балъголъи» абураб къиса ц1алидал, нилъеда бихьула авторасул махщел дагьабги камиллъун бук1ин, сюжет г1уц1изеги, образал рагьизеги ц1иял къаг1идабиги нухалги ратун. Къисаялъул аслияб тема буго маг1арухъ г1умру, г1адамазул яшав, г1олилазул гьоркьорлъаби, гьезул рух1ияб г1умру, жанисеб дунял бихьизаби. Гьенир ратула интересал биценал, лъугьа-бахъинал, жиндирго росдал тарихалда хурхарал х1ужаби.

Лъик1ал прозаялъул асарал хъваниги Хачалов авар адабияталда хут1ана гьунар бугев шаг1ир х1исабалда.

«Унго-унгояб шаг1ирасул рак1алъги, пасих1аб мац1алъги, - ян хъвалеб буго М. Бисавг1алиевас, - Гъазимирзаев лъугьана халкъалъе вокьулев, ц1алулев поэтлъун». Гьединавго вук1ана Г1. Хачаловги, «пасих1аб буго гьесул поэзияги. Амма гьесул т1ок1лъи буго г1иц1го ц1ияб заманалъул къаг1идаялъулъ гуреб, халкъиял куч1дузе хасиятаб, нек1сияб маг1арул коч1ол лугъаталда хъвана гьес асарал.

Рехъен г1одоб баче, г1ангисал берцин,

Г1азу балеб буго дир керемалде.

Г1ухьбузул удаман, чода кьили лъе,

Рукьбазда ц1а буго к1к1уй бихьулареб»[1].

Маг1арулазе рокьулел куч1дуздасан цояблъун кколеб «Вехьасде ясалъул кагъат» абулеб кеч1 байбихьула халкъиял куч1дул г1адин, пассих1го хъварал шиг1рабаздасан:

Муг1рул г1одоблъуда г1идра бакканин,

Г1иял къайи лъезе вач1а, дир лачен.

Г1арцул лъараздаса ц1ерги бианин,

Ц1араб болжалалда вусса, удаман.

Гъваридаб маг1наялъул, х1акъикъияб сурат цебе лъолел куч1дуллъун рик1к1ине бегьула «Маг1арухъ сордо», «Басрияб росу», «Муг1рузул нухазда», «Рокьула нуж, г1адамал», «Росулъе щвейгун», «Вехьасул кеч1» абурал ва г1емерал цогидалги. Гьаниб мисал бачине бегьила «Вехьасул кеч1алдасан» куплетал рехсон:

Дир рукъалъул т1ох буго

Т1упун ц1вабзаз ц1ураб зоб,

Т1ад балеб юргъан буго

Дир ч1ег1ераб буртина.

[1]. Бисавг1алиев М. Х1ажат бугищ поэзиялъе хаслъи? Журнал «Х1акъикъат», № 1. Махачкала, 2001, гь. 88.

Тамахаб бусенги дир

Хъах1ал нак1к1азда гьоркьоб.

Гьороца к1ибик1ула

Къаси вехьасул кини.

(«Маг1арул маргьа» т1ехьалдасан)

г1емерал руго шаг1ирасул х1алуцун хъварал сатириял куч1дулги, рехсезе бегьила «Г1оркьилазе жаваб», «Виларав эмен», «Мац1ихъан», «Ц1унайги», «Ц1огьорасул г1арз» ва гь.ц.

Хачаловас хъвана чанго поэмаги. Гьездасан машгьурал руго «Лъукъараб кеч1», «Хваразул ц1аралдасан». Гьел хъварал руго к1удияб Ват1анияб рагъул темаялда. «Лъукъараб кеч1» г1уц1араб бугоункъо гьит1инаб бет1ералдасан. Т1оцебеселда сурат гьабун буго рагъ байбихьилалде маг1арул росдал г1умруялъул. К1иабилеб бет1ералда кьолеб буго Дон г1оралда ккараб рагъул сурат: «Хъах1аб г1аздада т1асан г1ор унеб буго бидул», «Г1адамазде гьаб балагь щай рещт1ине гьабулеб?» абураб суал кьолеб буго шаг1ирас. Жаваб батулеб гьеч1о. Поэмаялъул бакьулъ кьун буго ч1варав г1урус солдатасул чантиниб батараб йокьулелде хъвараб кеч1. Гьеб кеч1ги маг1арул шаг1ирасул гьаракьги цолъун поэмаялда лъугьуна рагъул г1асияб сурат.

Хъурщун щиб, рекерун щиб, окопалги нахъа тун,

Унел руго солдатал хвел гьеч1еб гьунаралде…

Хвалил пикро гьабизе гьеч1о лъиего заман,

Гьалагаб цциналъ руго рец1елалде ах1улел.

Поэмаялда берцинго бихьизабун буго советияв рагъухъанасул гьайбатаб образги, гьесде данде ккун хъант1арав тушманасул чурукаб образги: «Руччабазул щватабицин тун гьеч1о бикъич1еб жо». Рагъда ч1варал бах1арзазе хвел гьеч1о – гьединаб буго поэмаялъул аслияб пикро. Рагъул бицунеб мехалъ, шаг1ирасул кидаго рак1алда буго г1урус гьудуласул лъукъараб кеч1.

Хачаловас г1емераб х1алт1и гьабуна рагъда хварал бах1арзал к1очонгурт1иялъе. Гьес байбихьараб буго т1оцебе щибабросулъ рагъда т1аг1аразе памятникал раялъул суалги.

Рагъул тема гъваридго рагьун буго «Хваразул ц1аралдасан» поэмаялда. Гьеб байбихьула харабазе, нек1сиял бах1арзазе рецц гьабун, нек1сияб тарих рак1алде щвезабиялдасан. Хадуб кьун буго к1иго гьудуласул къиса. Гьит1инго гьел рук1ана кутакалда рак1 жубарал, рагъдеги цадахъ ана. цояв нахъ вуссана, цояв вуссинч1о. К1иясулго ккараб къисмат буго поэмаялъул х1асилги. К1иявго гьев к1алъалев вуго хваразул ц1аралдасан:

Рук1ана, гьеч1о ниж, ч1вана, рукъана,

Рокъоре рит1ана ахирал кагътал.

Амма дагь-дагь ккун цо-цоязда к1очени байбихьана Ват1анияб рагъги, гьелъул бах1арзалги, умумузул иях1ги, къварилъабиги.

Муг1рул рагъухъаби квешал рук1униш,

Кибниги нижее памятник гьеч1еб?

Хачаловасе бокьулаан бах1арзазул х1акъалъулъ хъвазе, гьезул гьунар коч1олъ ах1изе, гьелъул х1акъалъулъ пикраби гьаризе. Маг1арулазул тарихалда х1икматияб къвак1иялъул бах1арчи вук1ана Х1ажимурад. 1988 соналъ Хачаловас гьесул х1акъалъулъ «Наибасул хвел» абураб поэма басмаялда бахъана. Х1ажимурадил х1акъалъул г1емерал адабиял асарал хъван рук1ин х1исабалде босани, гьеб бук1ана таваккалаб иш. Шаг1ирас сундуениги жиндирго къимат кьеч1ого г1одове виччан бицунеб буго лъугьа-бахъиназул

Шамилида рак1 хунищ, хат1аяб иш лъугьунищ,

Лъутана Х1ажимурад муридзабигун цадахъ.

Г1емерал г1иси-бикъинал х1ужаби (детала), лъугьа-бахъинал рехсон, х1акъикъаталдаса т1еч1ого Хачаловасда к1ун буго лъик1аб эпосияб поэма г1уц1изе. Гьениб аслияб бак1ги кколеб буго психологияб анализалъ, героясул жанисеб г1умру (ай хьулал, пикраби) бихьизабиялъ.

Х1ажимурад г1урусазухъ вугеб мехалъ, г1емер ургъула, бит1араб жодай гьабунаян. Эбелалъги абулеб буго гьесда: «Мун гьеб гьунаралъейищ гьавун вук1арав дица», - ян. Бат1иял г1адамазул хасият-г1амал х1ехьезе к1веч1ев багъадурас х1укму гьабула Ват1аналде т1ад вуссине, лъутизе. Лъутулаго, багъадур г1адин хвезеги хола.

Профессор Чакар Юсуповалъ лъик1аб къимат кьун буго гьеб поэмаялъе, «шаг1ирас Х1ажимурадил образ г1уц1ун бугин ц1акъ гъваридго, г1акъилго ургъун, «Наибасул хвел» поэмаялда авторас хабар г1одове виччан, ургъел гьеч1ого бицунеб бугилан кканиги, гьенир нилъеда рихьула рахчарал эмоциялги, пикрабиги, къиматалги. Гьесда к1ун буго ц1алдолезухъе хасаб пикро кьезе. Х1ажимурадил рек1елъан рач1унел пикраби, жанисел монологал ккола кинабго бицунеб бугеб жоялъул анализ гьаби. Шаг1ир цолъулев вуго жиндирго геройгун»[1]. Гьеб буго хъвадариялъул т1адег1анаб къаг1ида, гьеб мустах1икъаб бук1ана к1удиял шаг1ирзабазеги. Х1ажимурад ккана «ах1макъаб ч1ух1иялъул», мац1-хоч1алъул, жиндирго ч1ух1араб хасияталъул къурбанлъун.

Академик Х1. Х1. Х1амзатовас рик1к1унеб буго «Г1абдулмажид Хачалов вук1анила цо-цо халкъиял поэтаздасаги г1адег1анав, пасих1ав ва гьунар бугев»[2], гьединаб ц1ар х1укуматалъ гьесие кьеч1ониги. Гьев рецц-бакъалда хадув лъугьунароаан. Гьев кидалго пикрабазда, х1алт1улев вук1унаан. Гьесул цо кеч1алда ц1ар буго «Дун жеги рагъда вуго» абураб. Рак1 биинедухъ хъвараб буго шаг1ирасул «Дуца ч1арал гъут1би» абураб кеч1, армиялдаса ракълилаб заманалда вас Мух1амадмирзал жаназа бач1араб мехалъ хъвараб. Лъик1ав инсан, гьунар бугев шаг1ир нилъедаса ват1алъана г1умруялъул 69 сон бараб мехалъ 1994 соналъ. Ахирисел куч1дуздасан рехсезе бегьула «К1олеб гьеч1о кьижизе» абураб, гьенир руго гьадинал мухъал:

Дунялалда т1екълъи бук1ун,

[1] Юсупова Ч. С. Авар поэзиялъул лъеберго сон. Махачкала, 1998, гь. 221.
[2] «Х1акъикъат» журнал, № 1, 2005 с., гь. 4.

Т1адчаг1азул зулму бук1ун,
Дир абизе раг1и бук1ун
К1олеб гьеч1о макьу щвезе.

## 14. Г1абасил Мах1амад.

Поэзиялда жиндирго нух батизе ккани, къвариг1унеб буго к1удияб пагьму-гьунар. Гьеб киназулго бук1унеб гьеч1о, цо халкъ, миллат босани, нусго соналда жанив вахъунев вуго гьелда гьоркьосан т1адег1анаб гьунаралъул к1иго-лъабго шаг1ир. Гьеб рахъалдасан маг1арулазе бит ккана. Адабияталъул тарих хъвазе, цебе т1еялъул нух бихьизабизе ккани, къвариг1уна гьоркьохъеб гьунаралъул хъвадарухъабиги гъорлъе рачине. Гьелъиеги рес кьола заманаялъ. Жакъа къоялда авар миллаталъул жидер т1ахьал басмаялда рахъулел рик1к1ен г1емерал шаг1ирзаби руго. Г1емерисез абулебги буго, жив гурони поэт кколарин, хут1арал графоманал ругин.

Щив кколев поэт, щив кколаревали лъазе кумек гьабула критикаялъ. Гьеб гьеч1они, адабияталъул история хъвазе зах1малъула.

Маг1арулазда гьоркьосан ц1одораб бералъул ва пикроялъул профессионалиял критикаллъун рик1к1ине бегьула М. Т1агьировги С. Х1айбуллаевги З. Х1ажиеваги М. Бисавг1алиевги. Гьезда к1ола адабиял асаразе бит1араб къимат кьезе. Масала 2001 соналъ «Х1акъикъат» журналалъул т1оцебесеб номералда бахъараб «Х1ажат бугиш поэзиялъе хаслъи?» статьялда М. Бисавг1алиевав бит1араб къимат кьун буго цереселги гьанжеселги поэтазул асаразе.

Авар поэзиялъул классиказе, гьединго Расулил заманалъул гьунар бугел шаг1ираллъун рик1к1ине бегьулел Х1. Гъазимирзоевасул, Г1. Хачаловасул, М. Сулеймановасул, Г1. Г1алиевасул, Г1. Шахтамановасул куч1дузе къиматги кьун, хадуб хъвалеб буго: «Киналго шаг1ирал рехсезе х1алк1веларо, рехсонгут1и гьел адабияталда хут1уларин абураб маг1наги кколаро… Рехселин Г1абасил Мах1амад, М. Ах1мадов, М. Г1исаев…,

Г1. Дагановасул, М. Хириясулаевасул, М. Гунашевасул поэзиялъул буго г1аммаб, нилъер заманалъул кеч1 хъвалеб къаг1ида. Пасих1ал руго куч1дулги, амма аслияб раг1и жеги абун гьеч1о. 90-абилел соназул байбихьуда поэзиялде рач1ана ц1иял ц1арал – М. Х1амзаев ва М. Патах1ов»[1]. Гьел киналго шаг1ирзабазул творчествоялъе г1аммаблъун лъугьана гьанжесеб, ай демократиялъул заман каки.

Т1оцебе гьеб темаялъе байбихьи лъуна Х1амзатил Расулица. Гьесул хьул бук1ана Дагъистаналда чуруклъи т1аг1иналде, гьелъул ч1ва «бац1ад ц1унизе» к1веялде. Амма гьеб хьул т1убач1о.

Чан закон бахъараб, пикро ц1илъараб

Бук1араб нек1сияб х1ур-муч ц1алк1араб.

Щайха цо х1еренго х1ухьел биччазе

Х1алуцун чиясе биччалеб гьеч1еб?..

Инсудехун вуссун гьесул «Г1адатазул жул» рак1алде щвезабун хъвана:

Гьанже гьел г1адатал гуро, дир эмен,

Г1асияб мех буго лъухьизе кколеб.

Ахирги рагьана цойги х1икматаб балъголъи, гьабуна г1акъилаб х1аал:

Вай, дир г1агараб Кавказ,

Киса эркенлъи нужой –

Эркенлъи киданиги

Лъач1еб Россиялъ кьелеб?

Х1амзатил Расулида хадур рач1ун заман какизе лъугьана киналго шаг1ирал Г1абасил Мах1амад, Г1. Даганов, М. Г1исаев, М. Ах1мадов, М. Патах1ов, З. Батырова ва гь. ц. Гьезул киназулго куч1дузулъ бихьула заманалдаса рази гьеч1олъи:

Х1алихьатаб замана,

Хъубал ишалги рахъун,

[1] Бисавг1алиев М. «Х1ажат бугиш поэзиялъе хаслъи?» Журнал «Х1акъикъат», № 1, 2001 с., гь. 90.

Гьанже Дагъистаналъул

Къаданиб бегун буго (М. Г1исаев).

«Цоцахъе бахъулеб буго дуниял» (З. Батырова).

«Инсанасул къадру кепкиде кканин» (М. Патах1ов).

«Борхалъи хун буго – Дун холев вуго» (М. Ах1мадов).

«Аллагьасе рецц буго – хвезе вижарав вуго» (М. Г1абасил).

«Ц1а рек1ун бух1аяб гьаб дунялги тун,

Дицаги бухьина г1ахьалаб сапар» (М. Мах1амадова).

«Хачалеб, хъамулеб, хъамал гьабулеб,

Хъачагъаз зурулеб гьаб заманалда» (Г1. Даганов).

Гьел рехсарал киналго поэтал руго жигаралда хъвадарулел, г1емерал т1ахьал къват1ире риччарал, гьунар бугел, саламатал г1адамал. Гьезул цоцазда гьоркьоб щулияб гьудуллъиги буго, цоцазе къимат кьун, макъалабиги хъвала. Гьелъие мустах1икъалги руго. Бищунго машгьурав вуго Г1абасил Мах1амад.

Г1абасил Мах1амад ккола Дагъистаналъул халкъияв поэт, драматург. Гьев гьавуна 1932 соналъ Хунзахъ районалъул Лъаг1илухъ росулъ. Болъихъ гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, г1емерал соназ х1алт1ана учительлъун, 1971 соналъ лъуг1изабуна М. Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институт, пенсиялде инег1ан х1алт1ана дагъистаналъул т1ахьал рахъулеб бак1алда к1удияв редакторлъун. Мах1амадица къват1ибе биччана анц1ила щугог1ан т1ехь, т1оцебесеб бахъана 1965 соналъ «Дерец» абун ц1арги лъун, хадусел соназ «Сардил чирахъ» (1966), «Кьурт1а ц1ум» (1968), «Ралъдал карачел» (1971), «Нак1к1ут1а муг1рул», «Маг1арухъ», «Иргаби», «Рохьил маргьаби», «Аскарал» (1982), «Рокьул таватурал», «Аслиял асарал» (2004). 1974 соналъ «Мах1муд» абураб трагедия хъваралъухъ шаг1ирасе кьуна Ц. Х1амзатил ц1аралда бугеб республикаялъул премияги. Г1абасиласул х1акъалъулъ макъалаби, г1елмиял х1алт1аби хъвана Х1амзатил Расулица, С. Х1айбуллаевас, М. Ах1мадовас, М. Бисавг1алиевас,

Маржанат Х1ажиах1мадовалъ, М.-Р. Х1айбулаевас, М. Патах1овас ва гъ.ц.

С. Х1айбуллаевасда бищун цебе бихьана Г1абасил Мах1амадил асаразул хаслъи, пассих1лъи: «гьесул поэзиялъе хасиятаб буго т1абиг1аталъул г1умруялъул рахъал ругел х1икматазде ц1алдохъабазул берщвезаби, х1атта г1иси-бикъинал жалазул бицунаго к1удиял пикрабазе мут1иг1 гьаби»[1].

Г1абасиласул т1олабго творчествоялдасан нилъеда цебе ч1ола авар халкъалъул тарих, къеркьей, багьадурзабазул образал, т1абиг1аталъул суратал, х1атта бат1и-бат1иял жанаваразул, х1анч1азул, т1егь-хералъул хасияталцин. Буго гьесул асаразулъ ц1алдолев хадув гьоларев цо балъголъиги. Халкъияб г1умру, гьелъул культура, к1алзул гьунар лъик1лъаялъ рес кьолеб буго жиндирго асарал лъик1аб даражаялда г1уц1изе. Шаг1ир кидалго адабияталъул суалазда т1ад ургъулев, пикрабазда вук1унев, ц1ияб жо рагьизе, абизе къеркьолев чи вук1ин бихьула г1олохъанго хъвараб г1ажаибаб поэма-къасидат «ражбадинил ях1» ц1алидалги. Гьениб бицунеб уго гьоркьохъел г1асрабазул вакил, ц1оралъул ракьалде чабхъенал гьарун машгьурлъарав цевехъан Ражбадинил х1акъалъулъ: гьев цеве ч1езавулев вуго ях1 бергьарав бихьинчи х1исабалда. Гьес чабхъад араб бак1алда гуржиязул гинязазул яс хъамула, гьелъухъ рокьи ккун, лъадилъун яч1аян гьарула, амма гуржибикаца инкар гьабула: «К1велароха, дир игит, дин тун рокьи босизе», - ян. Игитас йокьулей рокъое нуха рег1ула, гьений гьей х1ал гьабун, «къо-асс бугев азнавурасе» кьола. Гьес гьелъие бадибч1вай гьабула, лек1ияс зурун йигин мун. Гьеб иш лъарав ражбадин рукъове к1анц1ун вач1уна, бика эркен гьаюла, Дагъистаналде ячуна. «Дица рокьуе г1оло кьун бук1инч1еб дирго дин Дур ях1алъе х1алалаб къурбанлъун толеб буго», - ян абула бикаца.

[1] Х1айбуллаев С. Поэтазул росулъа вас. «Ралъдал карачел» т1ехьалъе хъвараб цебераг1и. Махъачхъала, 1971, гь. 7.

Шаг1ирас поэмаялъул аслулъун босараб иш, лъугьа-бахъин гьедиг1ан к1вар бугеб гьеч1ин ккезе бегьула, амма цо моралияб гъваридаб маг1на бихьула гьениб. «Диналдаса бергьараб рокьул бицен кьеч1ого» ч1езе к1веч1ин абулеб буго авторас, ц1алдохъанасдехун вуссун, гьединго Ражбадинил ях1 гуребги гьениб бихьизабун буго гуржиясалъул ях1ги. Гьелъ ях1алъе дин «къурбанлъун толеб буго». Ях1 инсанасул т1адег1анаб моралияб хасият буго. Гьеб бихьизабиялъ щвана Ражбадин мурадалде, ясалъул намусги ц1унун.

Нилъеда дандч1валагури ясалъ вокьуларин абуниги, гьей ячинч1ого теларин рец1ел босизе лъугьарал чухьаял г1олохъаби. Ях1 бугев чияс гьедин гьабуларо. Г1абасилав г1олохъанго, творчествоялъул байбихьудаго х1алт1ана к1вар бугел суалазда т1ад. Хадуб гьеб тема лъугьана хъвадарухъанасул творчествоялъул аслияблъун. Ях1 гьеч1ев бихьинчиясул образ рагьун буго т1адег1анаб даражаялда хъвараб аваразул драматургиялъул т1огьлъун лъугьараб «Саба-Меседо» трагедиялда. Шаг1ирас рихьизарулел руго заманалъул г1аламаталги: яс йикъи, чабхенал гьари доб заманаялда билълъун араб иш бук1анин, хасго дин бат1ияб ракьалде, Ражбадинида г1айиб бук1инч1ин, заманалъул иш бук1анин.

«Гьал г1адамазда жаниб жакъасеб г1адат гьеч1о,

Гьазулаб намусалда давла рогьолъун гьеч1о».

Г1абасилас поэма хъван буго маргьабазулгун романтизмалъул къаг1идаялъ, авар коч1ое хасиятаблъун бук1инч1еб рифмаги х1алт1изабун. Гьелъ дагьаб квал-квалги гьабун буго коч1ол чвахиялъе. Т1олабго творчество босани гьенир рифмаги аллитерацияги цолъун г1емерал шиг1раби ц1акъго лъик1 ккунги ратула. «Шаг1ирасул х1акъалъулъ раг1и» абураб «Асарал» т1ехьалъе хъвараб цебераг1иялда Х1амзатил Расулица хъвалеб буго: «Г1абасил Мах1амадил асарал ц1алулаго ц1идасан бич1ч1ула раг1ул берцинлъиги, бицине рес гьеч1еб коч1олаб къуватги. Гьесул поэзиялъ г1адамал г1агар гьарула, г1амал

берцин гьабула, г1умру г1ат1ид гьабула… Гьесул буго жиндирго нух, жиндирго хат1, жиндирго раг1и… Аваразул коч1олъ рифма бук1инч1олъи лъиего балъголъи гуро. Гьеб гьеч1ониги маг1арул коч1ол пасих1лъи борхалъуда бук1инги лъалареб жо гуро. Амма якъинаб буго Г1абасил Мах1амадица маг1арул мац1алъе гьелъул х1икмалъи рагьи, поэзиялъул гъаст1а ц1иял х1енх1ал киниги, гьел кунч1изари, камиллъизари»[1].

Гьединго пикро буго критик М. Бисавг1алиевасулги: «поэтасул ц1ар тасдикъ гьабуна аллитерацияги рифмаги – к1иябго рекъарал асараз:

Бицине нечеялъ чара т1аг1араб
Чанги анищ буго ургьиб бахчараб.
Абизе к1веч1ого к1улал ран тараб
Таманаб жо буго жаниб гъанкъараб.

Анищазул хурзал, хиялазул ах,
Унго кидал телев ножоца дун сах.
Дир квер г1унт1урареб г1ищкъуялъул тах,
Щиб къоялъ бачунеб дуца дие ахх?..

Дица абилаан маг1арулазул бищун гьунар бугев драматургги Г1абасил Мах1амад вугин. Коч1одалъун хъвараб пьеса «Саба Меседо» рик1к1ине бегьула гьесул творчествоялъул ва маг1арул драматургиялъул т1огьлъун». [1]

2004 соналъ Ах1мадил Мух1амадица цебераг1и хъван къват1ибе биччана «Аслиял асарал» абураб т1ехь. Гьенир лъун руго шаг1ирасул аслиял асарал: назмаби, шиг1раби, саринал, гъазалаби, къасидатал, элегиял, пьесаби. Гьел асарал ц1алидал, нилъеда бихьула унго-унгоял, кьолболал маг1арулал ях1, намус ц1унулелллъун кидалго рук1араллъи ва гьанжеги ругеллъи.

---

[1] Х1амзатов Р. Шаг1ирасул х1акъалъулъ раг1и. Г1абасил Мах1амадил «Асарал» т1ехь. Махачкала, Дагкнигоиздат, 1982, гь. 6.
[1] Бисавг1алиев М. Х1ажат бугищ поэзиялъе хаслъи? «Х1акъикъат» журнал, 2001, № 1, гь. 89.

Шаг1ирасул г1емерисел асарал гъваридго г1умру рагъулел философиял тайпаялъул руго. Гьеб якъинго бихьула сонетал, «г1ищкъул алпазал», «Пикрабазул къат1раби», «Лах1затазул ч1умал», «Насих1атиял калимаби», «Г1умруялъул масъалаби», разделазда лъурал куч1дул ц1алидал Г1абасиласе хасиятаб рахъ буго, гьев коч1ол формаялда, г1уц1иялда т1ад г1емер х1алт1и. Гьеб ккола устарлъи камил гьабизе жигар бахъиялъул г1аламат, цо цебе лъураб масъала т1убазе бугеб г1ищкъу, жиндирго х1акъалъулъ хъварал руго гьал мухъал:

Дуруслъи куцарал дир жугьабазул

Жидеего хасаб хинлъи бук1ина:

Рек1елъан рец1ц1арал дир аятазул

Аслу баянлъулеб канлъи т1атина.

Шаг1ир к1удияб пасах1алъиялъул мурадалде щвана рахьдал мац1алда лирикаялъул зах1матаб жанрлъун кколеб сонет г1уц1иялъулъ. Сонетал г1емераз хъвана, амма Г1абасилас гурони киналго гьелъул г1аламатал, хасиятал ц1унич1о. Дунялалъулго адабияталда рифмаби ц1унич1еб сонетал рук1унаро, гьединлъидал поэзиялда гьеб буго бищунго зах1матаб тайпа. Гьеб зах1малъи шаг1ирас къезабун бук1ин бихьула, гьаб сонет ц1алидал:

Жакъаа баг1ар бакъги бух1ун щун бугин,

Щай хасалил къоял рак1алде щолел?

Хъилил кват1аздаги хъаличин гьеч1ин

Гьал дун унел нухал щай к1ержадулел?

Жакъа г1азу гуро г1адат1е балеб,

Г1одой гъунеб буго сон бук1араб т1егь.

Т1еренаб ц1ер гуро нухазда бугеб,

Гъот1ол х1ули буго – сон бук1араб т1егь.

Гьале цо к1удада данде вач1унев,

Гъавги гуриш вугев сон вук1арав вас.
Доле цо к1одоги хадуйго гьолей,
Дойги гурищ йигей сон йик1арай яс?

Гьот1одаса т1угьдул гьунарел анищ!
Нилъер г1олохъанлъи унаребанищ!

Сонеталъул тема ккола т1абиг1ат беч1азе инсан херлъизе лъугьин. Гьеб сабаблъун инсанасде бач1унеб пашманлъиги. Психологияб маг1наги эмоциялги ц1ик1к1инарула шиг1рабалъ г1емерал сипатал, метафораби, дандекквеял, параллелизмаби рук1инальги, т1абиг1аталдаги г1адамасул г1умруялдаги гьоркьоб бухьен бук1ин бихьизабизе жигар бахъиялъги. Профессор Ч. Юсуповалъ хъвалеб буго: «Маг1наялда ургъун буго сонеталъул композицияги, миллиялги миллиял гурелги художествоялъул алаталги къаг1идабиги х1алт1изарун, ай сонет г1уц1араб буго ингилисазул къаг1идаялда, лъабго катреналдасанги, х1асил гъабулеб бейталдасанги. Шаг1ирас г1уц1ун буго цоцаца къот1улеб тайпаялъул рифмаби. Сонеталъе музыкалияб чвахи кьолеб буго аллитерациялъ. Нилъеда бихьухъе сонет кутакалда профессионалияб махщел къвариг1унеб, зах1матаб форма кколеб буго. Нилъер шаг1ирзабаз гьениб лъик1ал бергьенлъаби росана»[1]. Х1албихьун буго сонетазул венок (квац1и) форма г1уц1изеги, масала анц1ила щуго сонеталдасан г1уц1араб буго «Панаяб х1ухьел» абураб цикл. Бит1араб буго Мух1амад Патах1овасул пикро: «роценалъухъ, къаг1идаялъухъ, г1уц1иялъухъ балагьич1ого, кинаб кеч1 босаниги, Г1абасил Мух1амадил асаразулъ батула цо бат1ияб ц1илъи, ч1аголъи, ц1алулев асир гьавулеб, бицине лъалареб цо х1алк1олъи».

Хъвадарухъанас маг1арулал рохизаруна драматург х1исабалдаги гьес Авар театралъе хъвараб лъабго трагедия «Хъах1абросулъа Мах1муд», «Камалил Башир», «Саба-Меседо» кутакаб махщалида

[1] Юсупова Ч. С. Авар поэзиялъул лъеберго сон. Махачкала, изд. ДНЦ. РАН, 1998, гь. 159.

рихьизаруна сценаялдасан. Хадуб «Рокьул таватурал» абураб ц1арги лъун т1ехьги бахъана. Лъабабго асар хъвараб буго мурадалде щвеч1еб рокьул х1акъалъулъ. Драматургасул аслияб масъала буго рокьул психология рагьи, рокьуца балагьалде рачиналъе г1иллаби лъазари, рокьул къуват бихьизаби. Мах1мудие йокьулелъ хияналъи гьабула, гьелда к1оларо г1умруялъул к1ич1икьа йорч1изе. Т1оцебесеб трагедиялда х1икмалъи гьабизе ккараб жо буго авторасда Мах1мудил г1умру ва творчествоялъул маг1на гъваридго бич1ч1изе ва рагьизе к1ун бук1ин. Мах1мудил рокьул балагьалде Г1абасиласул буго жиндирго балагьи, гьесие яч1ине инкар гьабиялде Муи т1амулей йиго г1асиял ццидалал, ях1 гьеч1ел г1адамаз, ч1ег1ерал къуватаз.

«Камалил Башир» трагедия г1уц1араб буго халкъияб легендаялъул кьуч1алда, рокьиги, берцинлъиги жагьилаб жамаг1аталда балагьаб бук1унеблъи бихьизабун. Гьеб буго берцинлъиялъул къисматалъул бицараб трагедия. Гьайбатав Баширихъ рокьи ккола росдал киналго руччабазул. Гьезда к1оларо сабру, ях1 гьабизе, сурарал ишалцин гьарула, гьедин эменги васги балагьалде рачуна. Вас ч1вазе кколин ч1ола росдал жамаг1ат.  Эмен гьезда разилъизе ккола. Г1абасилас рик1к1унеб буго жагьиллъи, лъавукълъи, бец1лъи гьеб бугила г1асиябги вах1щиябги бергьиналъе г1илла ва ццидалгун, балагьалъул кьуч1. гьайбалъи ч1вала, гьелъул къимат гьабизе лъалареб г1алхулаб бак1алда.

«Саба-Меседо» трагедиялдаги авторас рагьулеб буго г1ассилъиялъулги лагълъиялъулги философия. Гьелъул х1акъалъулъ гъваридго абуна Г1умарх1ажи Шахтамановас, трагедиялъе т1адег1анаб къиматги кьун. «Ханлъиялъул г1оркь ккезе щун хадуб гьев чи вах1шияв тиранлъун, г1ассияб зулмуялъул ва ццидал илбислъун вахъунеблъи бихьизабулеб буго Г1абасил Мух1амадица.

Г1асилъи тахиде бахун хадуб тарих к1алагъоркье ч1валеблъи, жамаг1ат гьартлъун ч1емеч1лъулеблъи нилъеда нилъер заманалдаги бихьана, лъала.

Мугъ къулараб лагълъи – гьеле жагьиллъиялъул буголъи ва нахърател. Г1ассилъи – жагьиллъиялъул ц1алги, гьелъул г1ашт1ичиги. Мац1ги ц1огьги – гьелъул хьуц1илъ рижарал къуркъби».

Сонетал хъваялъульго г1адин Г1абасилав новаторлъун лъугьана драматургиялдаги. Гьелъул законалги, шарт1алги ц1унун хасго махщалида ва коч1одалъун хъван буго «Саба-Меседо». Гьелъул х1акъалъулъ г1елмиял х1алт1аби хъварал критиказ к1вар ькеч1ел рахъал ругелъул, мустах1икъаблъун бихьула анализ дагъаб г1ат1ид гьабизе, авторас цере лъурал психологиял, филосифиял суалазе жавабал ралагьизе. «Саба-Меседо» трагедиялда рихьизарун руго ях1 бугелги, ях1 гьеч1елги героязул образал-хасиятал. Бергьараб инсанлъиялъул, иях1алъул яс йиго Саба-Меседоги, гьелъул вокьулев суратчи Баланурги. Саба-Меседо г1олей йик1уна боц1улги, бечелъиялъулги, хъачагълъиялъулги, чуруклъиялъулги гурони мац1 лъаларел г1адамазда гьоркьой. Гьелъул эмен Г1андуник1 – аваристаналъул к1удияв нуцал вук1уна жиндирго ханлъиялъулги чабхъеназулги, хазинаялъулги ургъалида вугев чи, «ханзабазул хазинадул рукъ хазинадул ц1ураб бук1ине ккола» ян абула гьес жиндирго вазир Аракода. Херав нуцал ургъалида вук1уна жиндиго хадув ханлъун щивдай телаян, х1укму гьабула вацасул вас Булачие Сабаги кьун, гьев ирсилавлъун гьавизе. Гьеб заманалда гьоркьоб ханасул тохалчи Харитоница вичун восун вач1уна бергьараб гьунаралъул, гьайбатлъиялъул суратчи лагъ Баланур. Гьесулги Саба-Меседолги цоцахъ рокьи ккола. Яс х1айран гьаюла гьесул гьунаралъ гурейги, рек1ел бечелъиялъги бихьинчияб ях1алъги. Баланур х1икмат гьавула Меседол берцинлъиялъ, рек1ел ц1одорлъиялъ. Гьел мурадалде щвезе квал-квал гьабула ях1 гьеч1ел Булачица, лагъай Хасипатица ва гъараваш Наник1оца. Инсуца жиндие мут1иг1лъич1ей яс, улкаялъул къади Г1алимирзаца малъухъе, т1еренаб рат1лилъ хасало Г1акаро маг1арде йит1ула, гьений г1унула, гьей хвасар гьайизе унев Баланурги Булачица нахъасан туманк1 реч1ун ч1вала.

Г1андуник1ил рак1 бух1ун бук1уна жиндирго гъалат1алдаса, гъесда к1олаан яс хвасар гьайизе, амма гьайич1о. Г1алимирзада гьес абула яс хвасар гьайилин, Балануридаса гьелъ инкар гьабунани

«Дунго хвасарлъизе ват1ан кьеларо,

Яс хвасар гьайизе ях1 бичиларо», - ян.

Ях1ги гьесда жиндирго къаг1идаялъ бич1ч1ула, ч1ух1и х1исабалда:

Г1умруялъ дир бидулъ батараб ч1ух1и

Ч1вазе толев гьеч1о гьаб ханлъиялъ дун.

Саба-Меседоца ях1 рехуларо. Маг1арде вит1арав Г1алимирзада: «Х1алица кодоса рокьиги бахъун, нахъе кьолеб г1умру дие щибизеян» абула, хвелги т1аса бищула.

Г1абаислас творчествоялъул байбихьуда рорхарал адабиял моралиял суалал, ях1, намус, гьунар, бах1арчилъи т1олабго творчествоялда гъварид гьаруна.

Гьелъул нилъее к1удияб к1вар буго, г1олохъанаб г1елалъе тарбия кьеялъул рахъалъан. Маг1арулазул кицаби руго: «Ях1 бугесе хоб дуниял», «Ях1 носол балада бараб жо буго». Ях1 гьеч1ел чаг1и г1емерлъиялъ чарлъун буго дуниял: ях1 бугев чияс жив вокьуларев ясалда, лъадилъун яч1аян абуларо, эбел-инсул т1алаб гьабула, гьереси бицунаро, бикьуларо, хъах1балъи гьабуларо, как-дин толаро, къурал къварид гьаруларо, ришват босуларо, къо ккараб къоялъ вахчуларо… Г1абасил Мах1амадил асарал ц1аларав чиясе лъик1аб асар гьабич1ого хут1иларо.

## 15. Г1абдула Даганов.

Дагъистаналъул халкъияв поэт Г1абдула Даганов гьавуна г1алимзабаз, коч1охъабаз машгьурлъараб Ч1арада районалъул Гьочоб росулъ 1940 соналда. Ц1алана педучилищеялда, х1алт1ана учительлъун. 1968 соналъ лъуг1изабуна Мгуялъул журналистазулаб факультет. Х1алт1ана журналистлъун, хъвадарухъабазул союзалда, «Гьудуллъи» журналалъул редакторлъун, бет1ерав редакторлъун. 1967 соналъ

къватlибе бачlана Дагановасул «Дун гlуна мугlрузда» абураб тlоцебесеб тlехь. Кlудияб бакl гьеб тlехьалда ккола тlабигlаталъул суратал, хасго «Кавказалъул борхалъуда», «Мугlрузул парсахъан», «Магlарухъ сордо», «Сулахъ» абурал кучlдузулъ. Хадур басмаялда рахъана «Рогьел», гlурус мацlалда Москваялда «Рорхалъабазда цlаял», «Дир цlурмал», «Гlинтlи тlегьалеб гlуж», «Хъахlилаб расалъи», «Лъаразул чили», «Гlадамазе рохел бикьулев», «Чlарадисезул хор», «Буругъазул цlваби», «Кечlги жергъенги» (1995 с.) абурал тlахьал.

Дагановасул кучlдузул хасиятал рахъал руго гьенир умумузул гlумру, гlакълу, сабру, гlолилазул рокьи, хlасрат, рекlел цlа бихьизабун букlин.

Тlабигlаталъул кьвари, хlеренлъи ва гьайбатлъи,

Огь, нужер гl1умруялда релъин щиб, магlарулал?!

Шагlирасул бищунго лъикlаб тlехьлъун рикlкlине бегьула «Лъаразул чили». Гьенир гlемер руго пасихlал, магlна гъваридал, жиделъ хlикматал сипаталги, «рекlел гъварилъуде иццлъун беролел роцlарал пикрабиги», заманалъе битlараб къимат кьураб кучlдул. Гьел хъварал руго батlи-батlиял жанразда. Хасго лъикlал руго элегиял. Масала, «Ахlул гохlде щведал», «Гвангвара», «Хоб» ва гь. ц. Лъикlал руго рокьул кучlдулги: «Дун гьурилъун вуго», «Лъарахъ чвердолей яс» гlадал.

Магlарулазе Ахlул гохl лъугьана зияраталъ, битlахъе хlежалде унеб бакlлъун, бахlарчилъиялъул символлъун, инсанасул рухlалъул къукьунгутlиялъул мисаллъун. Фудзиямалда япониялгlадин унаан гьенире магlарулал жидерго мунагьалги чуризе, тlадегlанлъиялъул гlаламатги бихьзе. «Цебе гьеб гьабулаан гlе мемерал соназ, тlадчагlаз гьукъун букlиндал, балъгого. Гьелъ унти цlикlкlинабун гурони, память тlагlинабизе кумек гьабичlо. Гьеб лъугьана миллияб поэзиялъул даимаб темалъун, цlи гьабун гlуцlиялъ рес кьуна шагlирзабазе рагьун кlалъзе. Цlакъ хlасратго черхалда гъар-гъар балеб хlалалъ гъваридго гьеб тема

рагъун буго Г1. Дагъановасул «Ах1улгох1де щведал» абураб пасих1го хъвараб элегиялда. Гьениб шаг1ирас к1удияб гьунарги къват1ибе кьун буго Ах1улгох1де щведал черхалъе лъугьараб асар. Гьесул пикрабалъ цере ч1ла г1асиял рагъазул суратал, ганч1азда бихьул ц1адул кьераб би, гьезда гъоркь ракь гуро, рукьби ругоан, гулбузул хунжрузул г1ужаз расарал. Унтараб каранзунисан рух1алил гьаракь к1анц1ула:

Огь, кинаб х1икмалъи х1инкъараб къиса

Жакъа гьал кьрабаз дие ц1алулеб!

Огь, дир гьит1инаб халкъ, дур хут1арав щив?

Ханжар ккуравщинав гьанив шапидал?

Амма г1акъилаб ракьалъ, ахир гьеч1еб т1абиг1аталъ абадияб г1умру, халкъалъул хвел гьеч1олъи, гьелъул к1удиял ишал тастикъ гьарула»[1].

Элегиялда руго г1акъилал пикраби: рагъда маг1аруллъи хун т1аг1инч1о, ханжарги хут1ана, халкъги хут1ана, памятьги хут1ана.

Шаг1ир вук1ине ккола г1акъилав, пассих1ав, г1инги берги ц1одорав, рак1 бечедав, т1абиг1аталъул мац1ги лъалев чи. Дагановасул асарал ц1алулаго дида рак1алде щвана немцазул шаг1ир Гётел х1акъалъулъ г1урусазул поэт Баратынскияс абурал коч1ол раг1аби:

Т1абиг1атгун цолъун х1ухьел ц1алаан.

Лъарал чилиялъул маг1на лъалаан.

Гъут1бузул т1амхазул мац1 бич1ч1улааан.

Ихдал т1егь т1ирщулеб щущ раг1улаан.

Гёте г1адин Г1. Даганов т1абиг1аталъулги мац1 лъалев шаг1ир вугин абизе к1ола. Гьедин бук1уна рек1ел т1инда щибниги ч1ег1ераб т1анк1, жах1да-х1усуд гьеч1еб мехалъ. Шаг1ирасул рек1ел х1еренлъи, г1амалалъул берцинлъиги гьесул асаразулъе инч1ого бук1унаро. Ч1алг1аде гурелъул поэзия зодосан рещт1унеб т1адег1анав бет1ергьанасул шапакъат бугин абулеб. Бет1ергьанас кьураб гьунар

[1] Юсупова Ч. С. Авар поэзиялъул лъеберго сон. Махачкала, 1998, гь.211.

ч1алг1аде теч1ого куцазе, цебе т1езабизе, «гьелъул нухда гали цебехун лъезе» жигар бахъана Г1абдулаца, ккарал-тарал гъалат1алги рит1изарулаго:

Амма гьел бак1лъунан, бохдулги босон,
Ссвадулев хут1ич1о нухда вахъарав,
Дица, гьал куч1дузул ч1орбут1ги гьабун,
Гьанже ц1акъ г1ужилго биччала раг1и.

Шаг1ирасул куч1дузулъ хъач1лъиги, гъулгъудиги къулкъудиги бук1ине бегьуларо. Гьедин гьабиялъул маг1на ккола живго гурони, чи гьеч1ин аби. Аваразул цо-цо шаг1иразул асаразулъ гьеб раг1ула, амма Даганов вуго рак1 бац1адав, г1адатияв, гъваридав шаг1ир.

Кеч1 лъугьун буго Г1абдулал г1умрулъунги анищлъунги, хазиналъунги. «Г1иц1го кеч1 гурони, щибго жо гьеч1о», - ян абула гьес. Кеч1ги сипатал г1емераб, рек1елъан бач1араб буго:

Зодил т1иналдасан т1аде баккараб
Х1икматаб гьвет1 бугин ккола дида бакъ.
Гьелъул г1аркьалаби – меседил ч1орал,
Ниг1матал – г1одоре гьурщарал ц1ваби.

Ралъадал, нуж даим руго гьалдолел,
Гьанал хьагал г1адин, х1ухьлагъунаго,
Нужода гъоркь ц1адул боркьараб кор щиб,
Карачелал гьедин к1вач1ид рахъине?

Г1умруялда кколел лъугьа-бахъиназе, къварилъиги г1ат1илъиги рек1елъан биччан, шаг1ирас бит1араб къимат кьола. Советазул Союз биххи цо-цояз лъик1аблъун рик1к1ана, гьеб таталитарияб г1уц1иялъул империя бук1анин, амма г1емеразе, ай г1акъилазе, гьеб рек1ее г1еч1о. Гьезул пикро Г1абдулаца коч1олъ баян гьабуна, улка биххиялъе г1иллаги бихьизабун:

Советазул дир улка, коммунаяз г1уц1араб,

Коммунистал кир ругел, дур аслулъун рук1арал

Биххана гурищ Союз, тушман сорозавураб,

Хвана гурищ гьелъул сси халкъаз би т1ун ц1унараб.

Советазул дир улка, улка кинан ц1унилеб,

Кремлялде руссараз Совет биххулеб мехалъ.

Х1укуматалъул бет1ералде ккарал г1адамал ратана жидер нафсалъулги рещ-бакъалъулги гурони ургъел-агъаз гьеч1ел чаг1и. К1ал базараз, карьеристаз, коррупционераз, гьекъолдухъабаз, хъах1баял г1адамаз талавур гьабуна улка. Гьезие ургъел бук1инч1о Афганалъулги цойгидалги чурукал рагъал «нилъее бигъараб ругъунлъун лъугьин». Т1аг1ана рохелги, кеч1ги, кепги, аваданлъиги. Жиндирго гьудул машгьурав коч1охъан Шагьав Г1абдурах1мановасе сайгъат гьабураб кеч1алда цебесеб заманги рак1алде щвезабун абулеб буго:

Гьадал нужер ихал роржарал хехе щиб,

Хер беч1алеб гьеч1ищ нилъер муг1рузда?

Т1огьазде г1азул хъал рехунан гурищ

Г1одоцараб к1к1алахъ лъаразул чили?

Гьединалго пикраби руго «Огь, рук1ана сонал…», «Телевизоралъухъ балагьун», «Лъукъараб къункъра» ва г1емерал цойгидал куч1дулги. Г1абдулаца рух1 лъола т1абиг1аталъул щибаб лъугьа-бахъиналда, гьесул бералда бихьула нилъеда бихьулареб, гьесул поэзиялда бищунго лъик1аблъун лъугьараб, т1адег1анаб художествоялъул гьунаралъе мут1иг1аблъун дида бихьула лирикияб жанр – элегия. Гьелъ рес кьола авторасе рек1ел къварилъаби, бат1и-бат1иял х1алал, пашманал пикраби, хьулал, анищал рагьизе, «т1олго г1аламалъе г1ищкъу бикьизе».

Унго, чан х1айранаб, х1асратаб лах1зат,

Х1акълъулеб г1умрудулъ берккелеб х1алалъ.

Х1орал пикрабазул нак1к1ул пардавалъ

Бахъун рак1гун гуриш дунго вук1арав.

Инсанасул рек1ел рух1алъул хасиятал балъголъаби рагъула шаг1ирас. Гьев вич1ч1изе ккани, къвариг1унеб буго г1умруялъул х1албихьи лъай-г1акъло гуребги, рек1елъ иман, сабру, г1одове виччай бук1инги. Г1абдулал куч1дузулъ бессун буго рак1 т1аде ц1алеб х1еренаб макъан.

Т1олго г1алмалъе г1ищкъу бикьизе г1оло, живго зодихъ ц1умлъуе, ралъдалъ ччуг1алъун, муг1рул бислъун аищан ккола гьесда. Кеч1 т1адег1анаб анищ, рек1ел шавкъ, фантазия, г1ащикълъи кколелъул:

Хъах1ил зодихъ свери // бахъулеб ц1удул
Кваркьилъун анищ дун // гьаб ракьалда т1ад!
Кьурул сверидуниб // сасунеб микки,
Сверухъ балагьизе те дур бералъан.

Ралъдал т1инноялде т1ерхьунеб ччуг1а,
Чан х1икмалъи лъалеб дур лъедеялда?
Релъедал зоб ц1урал ц1вабзахъ г1ин балеб,
Муг1рул бис, бице лъоб балъголъиялъул.

Унго, чан х1айранаб, х1асратаб лах1зат,
Х1акълъулеб г1умрудулъ берккелеб х1алалъ.

Г1абдула Дагановасул куч1дузулъ нилъеда бихьула т1абиг1ияб къаг1идаялъ чвахун бач1унеб аллитерацияги, х1икматиял сураталги, пассих1ал каламалги, бат1и-бат1иял калам пассих1 гьабулел сурсаталги, алаталги.

Гьес берцинго ц1унула кеч1 г1уц1улел къаг1идаби, поэтикияб синтаксис. Щибаб мухъилъ баянлъула авар коч1ое мустах1икъаб цезураги. Абизе ккола гьесул шиг1рабазул мац1 бугин бечедаб, гьесул гьунар буго раг1абаз суратал рахъизе. Цо-цо куч1дул халалъун ратаниги, гьел ц1ализе ч1амуч1лъуларо, гьезулъ авалалдаса бахъараб ахиралде щвезег1ан биххич1ого ц1унула маг1наялъул гъварилъи. Шаг1ирасул

г1умру «чияр рахъалда» хут1ич1о, гьев ват1ан тун инч1о, т1еч1о, росулъа къват1иве кканиги гьелъулгун бухьен хвеч1о, кидалго хириял ч1арадисезда цадахъ вук1ана, гьезул г1ат1илъиги къварилъиги бикьун.

1992 соналъул ноябрь моц1алда «Ц1ияб гулиян» г1аммаб ц1ар лъураб бет1еralда гъркь «Х1акъикъат» газеталда рахъун рук1ана анц1ила щуго бищунго машгьурав поэтасул куч1дул. М. Патах1овас цебераг1иялда хъван бук1ана гьеб ишалъул мурад бугин заманалъул хиса-басиязги, лъик1аб-квешалъги нилъер шаг1ирзабазе гьабулеб асар бихьизаби. «Нижеца гьарана исана хъварал ц1иял куч1дуздасан нужеаго лъик1аблъун бихьараб цо-цо кеч1 кьеян.» Расулица кьуна «Магниталъул къоял». Гьелъл маг1на буго ц1ияб заман каки, гьудулзаби рили. Фазул «Чохт1о» кеч1алъул маг1на т1убанго бат1ияб Расулилалда данде кколареб буго – умумузул заман т1ад буссин, чохт1о бухьине, как базе щвей; Г1абасиласул «Рецц буго Аллагьасе» - заманалдаса рази гьеч1олъи, къосарал хиса-басияздаса, жах1даялдаса ват1алъун, хвезе бокьи; М. Ах1мадовасул «Кьурабазул х1инч» кеч1алда пикро буго гьеб х1инч1 т1ок1аб бихьиларин, пикро бих-бихараб бук1иналъ маг1на кквезе т1убанго к1оларо, амма цо жо бич1ч1ула, ай Ват1аналъ йокьулей кьеч1олъи, роржине рес гурони, Машидат Гъаирбековалъ жиндирго коч1олъ Шамилил к1одолъи бихьизабун буго, гьелъул маг1на буго цебе гьелъие рес бук1инч1олъи, Майсарат Мух1амадовалъ бицун буго хвалил, Мух1амад Г1исаевас г1адамал ч1валеб, х1алихьатаб замана какун буго, З. Батировалъулги бет1ер унтизабун буго «рокьиги к1очон, г1арац бокьулеб» заманалъ. Киназулго бицун бажариларо. Бицине ккола Г1абдула Дагановасулги Мух1амад Патах1овасулги бищунго лъик1 ккарал, ц1алдолезул рак1ал рохизарурал шаг1ирзабазул. Гьенир руго лъб-лъаб куплет. Амма хъван руго т1адег1анаб даражаялда баянго, пасих1го. Патах1овасул х1акълъул хадуб бицине бугел, гьаниб рехсела Дагановасул кеч1. Гьелъул тема буго берцинлъи к1одо гьаби. Гьениб гьеч1о маг1уги зигараги, буго г1ажабаб х1икмалъи. Дида ккола

Г1абдулалги Фазулги творчествоялда гьоркьоб цо балъгояб бухьен батилин, гьениб рохелги пашманлъиги жубан бук1уна. Гьеб зах1матаб г1умруялда чуруклъи, хъублъи ц1алдолезда жидедаго бихьула, къвариг1уна цо рак1 батизабулеб жо. Гьеб гьабизе ккола шаг1ирас. «Лъарахъ чвердолей яс» кеч1алъ лъик1аб асар гьабула черхалъеги рак1алъеги:

Г1арцул ц1урмал рараб ц1вакараб лъарахъ
Риц1ц1игъот1ода гъоркь кьварараб раг1ад –
Г1инги берги ц1одор, ц1иналт1а квер лъун,
Кин-киниги лъугьун ана лъадалъе.

Гьелъул нич бахчизе халатал гъалал,
Рахъ-рахъалде ригъун, дугълъун ч1ана гъвет1.
Гьелъул х1ал чучизе х1айранаб чили
Чалухаб бакъанлъун бачана лъаралъ.

Г1аламалъи бакъул нур хисун инч1еб,
Хъах1ал гьелъул курмул цере рехидал,
Дирги гьал беразул канлъи босич1еб,
Балъгояб х1асраталъ рух1изаридал.

Гьеб кеч1 ц1аларав чияс киданиги ч1валарин берцинлъиян ккола дида. Гьединаб кеч1алъул анализ гьабизе зах1матаб бук1уна, цо х1ухьел ккун хъвараб бук1иналъ, гьеб буго доб Мах1мудица абураб шаг1ирасул рек1елъан бач1араб х1икматаб, панаяб х1ухьел. Шаг1ирасда чвердолей ясалъул сурат бихьилароан, гьесул рек1елъ х1асратаб рокьи бук1инч1ебани. Гьеб гьайбатаб асар ц1алдолесдехун бикьизеги гьев барахщулев гьеч1о. Гьеле дол поэзиялъул г1ажаибал жавгьарал, меседил мугьал. Гьел г1емер рук1унаро, киназдаго ратизеги к1оларо.

Поэзиялъул жавгьарлъун рик1к1ине бегьула «Муг1рул ицц» абураб кеч1ги. Гьебги халатаб гьеч1о, анлъго куплеталдасан г1уц1араб буго.

Маг1наги – чукдузеги, - инсанасеги ниг1матал кьезе к1веялдаса иццалъул рохел. Гьеб бит1араб маг1наялда бич1ч1изе ккеларо, гьеб раг1и буго инсанасул г1умруялда хурхараб метафора. «Ицц» абураб кеч1 буго Г1абасиласулги, гьес иццалъе берцинаб сипат-сурат гьабун буго, гьеб гьит1инаб ралъадалда, ч1агьиниб х1инч1алда, гордаца ккураб гьуриялда, байрахъалда, айгъиралда релъинабун, ай квал-квалал къезабун ралъдада къвал базеги бач1ун, добго маг1арде т1ад буссун, рокьиги ккун «ракьалда къочарилеб» бихьизабун буго. Шаг1ирас живгоги релъинавун вуго иццалда, бит1унги гьабун буго. Иццалъул мурад буго, дандч1валел зах1малъаби къезарун ралъдахъе щвей, шаг1ирасул – г1адамазухъе щвей. Нилъеда бихьула аваразул шаг1ирзабазул творчествоялда гьоркьоб бухьенги жиндир-жиндир къаг1идабиги нухалги рук1ин. Гьеб нилълъ рохизе ккараб жо буго.

Дагъановасул куч1дузулъ я хьами, я мимиди гьеч1о, буго г1одобе биччараб сабураб гьаракь. Руго г1емерал лъик1ал куч1дул, руго халат ккарал, цо-цо ч1амуч1го рихьулелги. Лъилниги рук1унаро щвалде щварал асарал.

Шаг1ирас х1укуматалъ кьураб т1адег1анаб ц1арги борхатго ккун буго. Дагъанов вуго халкъияв шаг1ир. Жакъа къоялда г1емарищ гьел ругел халкъиял поэтал: Фазу Г1алиева, Г1абасилав, Дагъанов, Ах1мадов. Гьезул киназулго нилъеца адаб гьабизе ккола. Гъелъул маг1на кколаро, гьел зодоре рахинарун рецции кколин абураб. Гьезул творчесвто гьорлъе раккун лъазабизе ккола, щивасул х1акъалъулъ г1елмияб, бит1араб къимат кьун, гьезул творчество халкъалда гьоркьоб т1ибит1изабизе кумек гьабун. Разилъизе бегьула М.Бисавг1алиевасул пикруялда, гьес Г1абдула Даргановасул поэзиялъул «г1аммаб, нилъер заманалъул кеч1 хъвалеб къаг1ида бугин абидал. Пасих1ал руго куч1дулги». Амма разилъизе к1оларо «аслияб раг1и жеги абун гьеч1о[1]», - ян абидал. Аслияб раг1и цо абич1о Г1абдулаца, цо чанго абуна. Абуна

[1] Бисавг1алиев М. Х1ажат бугиш поэзиялъе хаслъи? «Х1акъикъат» журнал, 2001, №1, гь.90

рокьул, тарихалъул, талих1алъул, рагъул, бах1арчилъиялъул, балагьалъул ват1аналъул, хиянатлъиялъул х1акъалъулъ.

Руго Дагъановасул маг1арулал муг1рулги тун, гат1иракьалде гочиналъул темаялда хъварал куч1дулги. Г1асрабаз умумуз г1умру гьабураб ракь рехон тей шаг1ирас к1удияб къварилъилъун рик1к1унеб буго. «Унел руго г1адамал» коч1олъ бихьула ругъун лъолеб пашманлъи:

Кинан тезе к1олел гьадин квер хьваг1ун,

Наку к1алт1а ч1варал ц1орорал иццал?

Пашманал руго «Чадил моч1у», «Басриял кагътал», «Ц1удул хвел» куч1дулги. Гьениб бицунеб буго рух1иял кьалбазулги, халкъалъул ях1-намусалъулги, г1данлъиялъулги.

Дагъановас х1албихьана бат1и-бат1иял жанразда хъвадаризе, лъуг1изабуна чанго поэма, «Эбелги, дунги, кеч1ги» къиса, г1емерал соназ х1алт1ана «Г1убилал ганч1ал» абураб романалда т1ад, хъвана Расул Х1амзатовасул х1акъалъулъ «Г1адамазе рохел бикьулев» абураб т1ехь, гьединго г1емерал публицистикиял очеркал, литературиял макъалаби, рахьдал мац1алде руссинаруна Пушкинил, Лермонтовасул, Есенинил, Блокил, К.Кулиевасул куч1дул.

Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан машгъурав критик Камал Абуковас хъвалеб буго «рехсеч1ого г1оларин Г1абдула Даганов унго-унголъун ги вук1ин г1емерал бат1и-бат1иял рахъазде бер щолев, шиг1рабазул цого рахънисан жиндирго творчествоялъул гьабихъе лъим т1амуларев, коч1одаса коч1оде, цо асаралдаса цоги асаралде ц1илъулев ва ц1убалев шаг1ир»[1].

Бугеб ах1вал-х1алалда рекъон хисардулев, гьелдаса пайда босун х1алт1улев яги к1алъалев чи гуро Дагъанов. Поэт х1исабалдаги, прозаик х1исабалдаги гьес къабул гьаруна ц1и гьабун г1уц1иялъул лъик1лъаби, рагъун киналъулго бицине рес щве1 ва демократия, гьединго

[1] Абуков К. «Каранда рек1ее бак1 къварилъана» (Шаг1ирасул асаразул х1акъалъулъ раг1аби), «Гьудуллъи», 1999с., №1, гь.58-59

экономикияб кризисалдаса улка хвасар гьабиялъул программа г1умруялде бахъине бук1иналде хьул-къасд. Амма гьелъул х1акъалъулъ гьура ах1ун рецц-бакъалъул куч1дул хъвач1о. Гьесда бихьулебю буго Ват1аналъул общественнияб г1умруялъул ч1ах1иял ва зах1матал хиса-басиял лъугьун рук1ин. гьесул рек1елъ х1унсулеб буго раг1иги х1алт1иги данде кколеб гьеч1олъи. Гьеб буго бит1араб къимат.

«Накъиш», «Школа», «Кват1араб гьоболлъи», «Ц1адулал ц1арал», «Къисмат», «Г1арациловасул рорхалъаби», «Маг1арда гвангъараб ц1ва», «Хасавюрт», «Бергьенлъиялъул къоялъ» г1адал ва цогидалги поэмабазулъ буго ч1ван къот1араб маг1наги, жиндиего хасиятаб гъварилъиги.

«Бергьенлъиялъул къоялъ» поэма байбихьулеб буго 9 маялъул бергьенлъиялъул къоялъул гьайбатаб рогьалил т1абиг1аталъул кьер-кьераб сурат г1уц1иялдалъун: маржаналин кколел ц1вакарал, ганч1азда гугьар барал, муг1рузул лъарал, чвахидукь ах1долеб муг1рузул г1анса, бакъуе гьимулеб сверухълъи, боржунеб ц1ум, ц1умалда релъарал, къадру-ях1алъул маг1арулал. Гьеб т1абиг1аталъул сураталъ, пейзажалъ нуг1лъи гьабула бергьенлъиялъул къоялъ инсанасул рек1елъе лъугьинабулеб рохел якъинлъиялъе. Гьебго заманалда г1адамазул рохалида цадахъго кьун буго рагъдаса руссинч1езда хадуб г1адамазул бугеб унтиги угьдиги, ургъелал, рух1елалги. Вас рагъда т1аг1арай эбел, гьесул суратги цебе ккун, ялагьун ч1ун йиго, гьев вач1иналде хьулгун:

Бице кив хут1арав, кинаб ракьалда,

Рокъове вуссине нух къосарав мун?

Поэмаялъул бакьулъ буго херав ветеранасулги, 9 Маялда годек1анире рак1арарал бах1арзазулги суратал. Халатаб чит1ираль гьел рачуна хабалахъе. Гьенир руго г1емерал Венгриялда шапарлги, Афганистаналда к1к1алахъ ч1варалги.

Шаг1ирас поэмаялда х1алт1изабун буго романтикияб-шарт1ияб къаг1ида: рагъда ч1варазе хвел бук1унареблъи бихьизабун зобалаздасан

шаг1ирасул героясул рух1 к1алъала: «Дунги вуго гьанив… Амма дир хут1ел киб хут1арабали лъазе к1оларо. Дун г1адал г1емерал руго зобалахъ». Рух1алда рак1алде щола жибго багъараб куц, холеб мехалъ г1ащикъго йокьулелъухье боржараб куц. «Доб мехалъ воржарав жеги рещт1инч1о». Поэмаялъул аслияб пикру балагьаб рагъдаса г1алам ц1унизе ккей, гьеб буго к1удияб пикру. Адабиятатлда зах1матаблъун кколеб рагъул ва ракълил темаби шаг1ирас хасаб къаг1ида батун, ц1алдолесул рак1 асир гьабилеб х1алалъ рагьун буго.

Г1абдула Дагъановасул творчество лъазабулаго, нилъеда бихьула гьесул жиндирго темабиги, жиндирго стильги (хат1), мац1ги бук1ин. Кеч1 хъвалеб къаг1ида гьелъул г1уц1и босани, гьеб киналго шаг1ирзабазе г1ммаб буго силлабикияб, ай слогазулаб. Поэтас ургъун бахъулеб жо гуро коч1ол г1уц1и, гьеб бук1уна жиб-жиб мац1алда рекъараб. Дунялалдаго гьеб лъабго гурони гьеч1о: силлабикияб, тоникияб, силлабо-тоникияб. Нилъер мац1алъе данде кколеб слогазулаб г1уц1иги, жанисел рифмабигун – аллитерацияги. Мухъазул ахаразда рифмаби ралагьулаго, коч1ол хасият ц1унизе ц1акъ зах1матаб жо буго. Дагъанов унев вуго классиказул нухдасан. Бисавг1алиевас гьесул поэзиялъул г1аммаб кеч1 хъвалеб къаг1ида бугин абураб жо бит1араб буго, гьелъул маг1на кколаро шиг1ирасул стиль гьеч1ин абураб. Кеч1 хъвалеб къаг1ида, г1уц1и цо шаг1ирас ургъун бахъулеб жо гуро.

Силлабикияб коч1олъ слогал рук1уна аслияб куцалда 7,8,12,14, данде ч1вала 10 слог бугебги.

Г1абдула Дагъановас х1алт1изарул киналго къаг1идаби, масала:

Гьочосезул хабалалъ – 7

Хер халатаб бижула – 7

Харилъан т1угьдул г1адин – 7

Г1олилазул гьал занал – 7.

Гьури, г1ел рурударaб – 8

Дир муг1рузул курмузда мун! – 8
Кват1улеб кин х1асратаб их – 8
Хъах1лъухъего бугин г1алам – 8.

Реч1алел муг1рузда т1ад ч1вараб месед – 11
Хасалихълъиялде ц1алеб Дагъистан. – 11
Хирияб дир т1алъи, щайзе гьал х1анч1и, - 11
Х1асратаб мунги тун, рик1к1ад роржунел? – 11

Хучдул г1адал лъурдузул оцал руго лалт1а ран – 14
Лулбузда хадуй уней г1олохъанай яс йиго – 14
Гьелъул баг1ар г1анаби, бакъгун гьогьен къочулел, -14
К1ут1би паркъезарулеб гьимиялъул берцинлъи. – 14

Г1абдула Дагъановасул учительлъун ва ц1ик1к1арав гьудуллъун вук1ана к1удияв шаг1ир Х1амзатил Расул. Расулица чаного кеч1 сайгъат гьабуна Г1абдулае, гьез нуг1лъи гьабула гьел цоцазе рокьулел рук1иналъе.

Гъасда ц1а босизе рач1унел г1адин,
Ц1ар кьеян рач1уна гьанже шаг1ирал.
Ц1аралдаса коч1ой ц1аго ц1аго лъик1 гурищ,
Ц1ер ч1вазе рек1еда г1ищкъуялъ теч1еб?

Г1абдула, г1ураб бак-рак1алъул гьулак,
Гьочобги Ц1адаги нилъер к1ик1арал.
Духъ ч1арадисезул т1оларел ч1ваби,
Т1ок1аб т1адег1анаб шапакъат кинаб?..

Дунги, дунялалда киве кканиги,
Кавказалъ ц1ун кьураб кьвагьулев вуго.
Кьурдасан чвахулел иххазул бакънал

Рекъезе пандрида гьарулев вуго.

Дихъан бажарич1о, дун г1едег1унищ,
Г1олохъанлъи ч1вана ч1валел хъатаца.
Дуеян абуни къо ккараб мехалъ,
Къаралазул иццаз гьабила кумек.

Дагъановасул творчествоялъе къиматги кьун, к1удияв шиг1ирас цебе лъолеб буго к1удияб суал, поэт халкъиявлъун вук1ине ккавани, къвариг1унин г1агарб ракьалъулгун, халкъалъулгун бухьен, гьелъул унтаби рек1елъан ричча1, къисмат, рухияб къуват коч1олъ бихьизаби. Гьеб Габдула Дагъановасду к1олеб буго, мекъса ккеч1ого цеве уневги вуго.

## 16. Мух1амад Ах1мадов

Дагъистаналъул халкъияв поэт Мух1амад Ах1мадов гьавуна 1956 соналъ Гъуниб районалъул Гьонода росулъ, г1иявехь Ах1мадилги Пат1иматилги хъизамалда. Поэзиялде рокьи бижана гьит1инго, школалда ц1алулеб мехалдаго. Бищунго вокьулев поэт вук1ана Х1амзатил Расул, гьев вихьизе г1оло Мух1амад, анлъабилеб классалда ц1алулев чи, лъелго уна Хунзахъе. Т1оцересел куч1дул, макъалаби рахъана районалъул «Ц1ияб канлъи» газеталда.

Хадур Расулги, Г1умар-Х1ажиги, Сулиманил Мух1амадги лъугьана вук1инесев шаг1ирасул муг1алимзабилъунги, насих1атчаг1илъунги, кумекчаг1илъунги. Гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, тетрадь ц1урал куч1дулги росун, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалде Мух1амад вач1араб мехалъ, к1удияв шаг1ирас абуна, мун нахъбахъич1ого ц1ализе лъугьине кколин Москваялъул Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институталдеян.

Отличноялда гьебги лъуг1изабун, 1979 соналъ Ах1мадов т1ад вуссана Дагъистаналде, х1алт1ана хъвадарухъабазул союзалда

оргсекретарьлъун, Расул Х1амзатов накълуцлъун хадув гьев вищана правлениялъул председательлъун.

Гьаниб абизе мустах1икъаб буго шаг1ир вахъиналъе Ах1мадовасе квербакъи ва икъбал ккарал ишазулги. Гьесул школалъул учительзаби, росдал г1адамал рук1ана адабият бокьулел г1адамал, к1одоэбелалда рек1ехъе лъалаан г1емерал халкъиял куч1дул, къисаби, лъугьа-бахъинал. Шаг1ирас рак1алде щвезабулеб буго, «дие г1енекизе бокьулеблъи бихьидал, гьелъ ч1алг1ен лъач1ого рицунаан гьел дие. Школалде хьвадизе байбихьидал муг1алимзабаз дарсида т1адкъалаан куч1дул рек1ехъе лъазаризе. Г1емер т1ахьал ц1алиялъ квербакъана дие куч1дузда т1ад ургъизе. Доб мехалда дица хъвалел рук1ана росдал, школалъул, т1абиг1аталъул темабазда хурхарал куч1дул. Гьездехун унго-унгояб бербалагьи гьабизе лъугьана анц1ила ункъо сон бараб мехалда. Цо къоялъ чанахъабаз нижер росулъе босун бач1ана ч1вараб бис. Т1абиг1аталъул гьеб берцинлъиялда хадуб угьдулеб рек1ел бух1иялъ т1амуна дун гьелде кеч1 гьабизе. Гъоб чаница дида рак1алде щвезавулев вук1ана бот1ролъ гуллаги реч1ч1ун ч1варав аваразул ц1ар арав шаг1ир Мах1муд».

Ах1мадов машгьур гьавуна г1умруялъул балугълъиялде вахиналдего хъвараб «Чан» абураб х1алуцун, пасих1го, жиндирго х1ал бицун хъвараб кеч1алъ. Гьеб г1емер ах1ула коч1охъабаз, беццана критиказ

Холеб буго муг1рул чан, чабхалъе маг1уги т1ун,
Г1умруялъ къеч буссинч1еб чабхил иццда к1алги ч1ван,
Маг1арул росдал мина т1амулеб буго цебе,
Т1хьидул гулла буго боржунеб шаг1ирасде.
Мах1муд ч1вараб гуллацин гурищ чанида щвараб,
Магьдиласул рак1гицин гурищ чанахъанасул?
Гьаб кинаб г1ажаиблъи, г1умрудул сухъмахъазда
Г1ужие щай босулеб берцинлъиги гьунарги?

Ц1алдолезул рек1елъе рортун ана гьел жугьаби, «поэтасул суалалде пикру буссана киналго маг1арул адабият бокьулезул» (М.Бисавг1алиев). Рехсарал коч1ол мухъаздасан бич1ч1ула Ах1мадов жиндирго нух балагьулев, цо ц1иял темаби поэзиялде рачунев, коч1ол агьлуялъул чи вук1ин. Аслияблъун бук1ана т1абиг1иябги рух1иябги берцинлъи ц1унизе, инсан к1одо гьавизе, гьесие эркенлъи кьезе ккей. хадуб гьес Байрониде гьабураб коч1олъ абила: «Диль цолъун рук1ана кеч1ги къеркье1ги», «асаразулъан бихьизе ккола халкъалъул бах1арчилъи, къуват, г1аданлъи, ях1, гьунар, ч1аголъи ва т1адег1анлъи», - ян.

Анц1ила ункъо сон баралдаса хадуб Ах1мадовас къват1ибе биччана анц1ила щугоялдаса ц1ик1к1ун т1ехь. Т1оцесеблъун бук1ана 1979 соналъ бахъараб «Сардил кагътал», хадусел «Заманаялъул балладаби» (1982), «Куч1дузул т1ехь» (1983), «Къоял» (1985), «Шагьаралъул куч1дул» (1989), «Балъгояб саг1ат», «Поэт», «Ц1адираби», «Классиказулгун пикраби» ва гь.ц.

Хъварабщинаб асар жиндие хирияб бугин абулеб буго шаг1ирас, щайгурелъул гьеб ккола дир зах1мат. Г1емерисел куч1дул, гьит1инал поэмаби, монетал, баллдаби, ункъмухъилал, микьмухъилал куч1дул. Гьесул г1емерал куч1дул рахъана Москваялда централиял «Юность», «Дружба народов», «Молодая гвардия» журналазда, «Литературная Россия», «Советская Россия», «Комсомольская правда» газетазда. Авар мац1алде русснаруна Пушкинил, Лермонтовасул, Блокил, Пастернакил, Цветаевалъул, Мандельштамил, Вл.Соколовасул, Ю.Кузнецовасул асарал.

Россиялдаги Дагъистаналдаги г1урусалъ ц1алдолезе поэт машгьур гьавуна 1983 соналъ Москваялда бахъараб «Строка» абураб т1ехьалъ. Гьенир лъурал куч1дул г1урусалде руссинарун руго лъик1аб махщалида Г.Фроловас ва М.Колюбакиналъ. Т1ехьалъе цебераг1и хъван буго шаг1ирасул муг1алим машгьурав критик Александр Михайловас. Гьесда маг1арул мац1 лъаларелъул, къимат кьолеб буго таржама гьабурал

куч1дузеги живго шаг1ирасул нафсалъеги: «Мух1амад вук1ана мух1канав, рак1 бац1ц1адав студент, х1алт1улаан махщел камил гьабиялда т1ад, г1емер хъвадарулаан.

Гурх1ундай, гьесул моралиябгун адабияб, эстетикияб позиция (рахъ) жеги т1убан баянлъун гьеч1о, балагьулеб буго, амма нух бит1араб т1аса бищун буго. Г1адамазул аза-азар къисмат бич1ч1ун, г1умруялъул х1албихьи щун, гьеб рек1елъан биччани, поэзиялде сверизабизе к1ола. Гьелъие ресал руго. Ц1ияб т1ехьалъги нуг1лъи гьабула. Г1адамазе г1оло х1алт1и, поэзия борхат гьаби гьеб ккола гьесул г1умрудул ах1илъун, ишлъун, мурадлъун»[1].

Ах1мадовасул творчествоялъул аслиял темабилъун лъугьана, цебеги абухъе, халкъалъул тарих, бах1арчилъи, гьунар, г1аданлъи, вижараб росу, ракь, шагьар, т1олго дунялалъул къварилъаби, рокьи, г1адамазул къисматал, хасго росу тун къват1ире арал маг1арулазул. Бич1инахъего гьев х1алт1ана коч1ол маг1на гъварид гьабиялдаго цадахъ, гьелъул форма камиллъиялда, мац1 пасих1лъиялда т1ад. Гьес хъвалеб буго: «Шаг1ир нухт1а вачуна жиндирго пэзиялъул мац1алъ. Гьеб мац1 якъинаб, пасих1аб гьеч1иш – гьеб мехалда гьев унго-унгояв шаг1ирлъун рик1к1унаро. Нилъер классиказул мац1алдасан буго гьац1ул т1аг1ам, киг1анго гьунар бугел переводчиказдаги к1олеб гьеч1о гьезул куч1дул, мац1алъул бечелъабиги, гьуинлъабиги ц1унун бат1иял мац1азде руссинаризе».

Шаг1ирас пайда босула маг1арул мац1алда бечелъиялдасан, куч1дул гьаризе ругел ресаздасан, гьезул хасиятал рахъал ц1унизе жигар бахъун, гьенир ратула гьарзаго х1алт1изарурал аллитерациял, такрарлъаби, г1емерал сипатиял раг1аби

Дун авараг гуро, аварав вуго,

Апарглъун къояз къват1ив къот1арав.

Гьелъулъги батила жиндирго маг1на,

[1] Михайлов А. Гьесул мурад. Коч1ол мухъ. – М., «Современник», 1983, гь.4

Маг1арухъ бух1араб бук1уна маг1у.

Гьеб маг1на гъваридаб, шаг1ирасе хирияблъун бихьулеб «Апараг» абураб кеч1 лъуг1изабулеб буго буго байбихьуда маг1на гъварид гьабурал жугьабаздалъун:

Дун аварг гуро,
аварав вуго
Апараглъун гьеч1о
дирго халкъалъе.

Бич1ч1изабулеб буго жиндрго ургъалида гьеч1ого, «Ват1ан, ват1анилан ах1делев вугин, гьелъ кьелин дие къимат».

Ц1одороб берги, х1еренаб рак1ги, г1елму-х1икмалъи гуребги шаг1ирасул асаразулъ бессун буго г1умрудул философия, гуманистиял идеалал. Гьале «Магъущ» поэмаялдасан росарал жугьаби:

Нилъ г1енеккун ч1ани, цогидал ч1вани,
Ч1агоябщиналда гулби реч1ани,
Рич1ч1и бакъвала дур, бакъул дуниял,
Ракъи-къечеялъул къисмат к1очани.

Ах1мадовас шаг1ир рик1к1унев вуго г1асрудал нухда вугев, г1аданлъи ц1унулев, г1адаллъи ч1валев, иях1алъул х1убилъун кколев магъущлъун.

Ват1аналъул унти рек1елъан биччан хъварал руго «Ват1ан», «Кьурабазде бортараб зоб», «Михир», «Хераб гъвет1» ва г1емерал цойгидалги «Шагьаралъул куч1дул» т1ехьалъул «Къисмат» абурал разделалда лъурал. 1989 соналъ къват1ибе биччараб гьеб т1ехь т1ад калам абизе гьеч1еб г1адаб маг1на гъваридаб буго, гьелъ нуг1лъи гьабула авторасул гьунар ц1убаялъе. Гьенир руго бат1и-бат1иял жанрал: элегиял, сатираби, къасидатал, лирикиял поэмаби, рисалатал, литературиял маргьаби, балладаби.

Шиг1руялъул хасият, маг1на маг1арулазул тарих, къисмат бич1ч1изе ккани, цох1о «Кьурабазде бортараб зоб» кеч1 ц1аланиги г1ела.

Гьениб сурат бахъун, рек1ел т1иналдасан рач1арал раг1абаз, угьараб х1ухьелалъ бихьизабун буго халкъалъул къисмат, тарих. Цебесеб кинаб бук1араб, гьанжесеб кинаб бугебали «Бец1изе к1олареб налъи буго дир – нилъер заманалъе тарихияб кеч1», - ян хъвалеб буго шаг1ирас. Гьес жиндирго налъи бец1анин абизе к1ола.

Нек1сиял ц1вабзазул жакъасел бераз
Бегьулеб бергьенлъи нахъ буссун кьела…
Нахъаги цебеги цо Гъуниб буго
Гъуниб кьурабазде зоб бортун буго…

Гьунаралъул накъищ къояз бик1араб
Бук1араб жакъаги къала каранде.
Къалеб гьеч1о дица Шамилил каву,
Каранзул нуц1алъун буго рагьулеб.

Дагъистаналде рещт1араб балагь, гьелъ жиндиего гьабураб асар шаг1ирас бихьизабун буго цо-цо сипат, х1ужа, ишара рехсон. Умумузул бах1арчилъиялъе рит1ухъавлъун вук1ин баян гьабун буго т1аса-масаго гуреб, жанисан.

Рагьараб гьурмада гьимулеб буго,
Буголъи кьуниги кьолареб ч1ух1и…

Рокьул бергьараб къувуталъул бицун буго «Хиянат», «Мах1мудил лъади» балладабазда. Нек1сияб рукъ-г1аданлъи ц1унизе ккеялъул х1акъалъулъ хъван буго гьединабго ц1ар лъураб поэмаялда.

Куч1дул руго шаг1ирасе ц1униги, хвасарлъиги, хияналъи гьеч1ел гьудулзабиги. Хияналъи г1емер бихьана, амма куч1дуз иях1алда х1ур хъвазе теч1о,

Амма кьват1ел лъач1о къисматалъ кьурал
Кьалбазда рижарал дирго куч1дузда.

Ах1мадовас хъвана чанго поэма. Гьесул т1оцебесеб камилаб поэмалъун рик1к1ине бегьула «Заманалъул балладаби» (1982 с.) т1ехьалда лъураб «Инхоса Г1али-Х1ажи яги заманалъул баллада».

Поэма г1уц1араб буго лъабго бут1аялдасан, гьениб буго лъабго оьбразги: поэт-авторасул, поэт Г1алих1ажиясул ва заманаялъул. Гьел лъабаздаго гьоркьоб буго гара-ч1вари инсанасул г1умрудул къисматалъул, заманалъулги шаг1ирасулги гьоркьорлъабазул х1а-къалъулъ. Т1оцебесеб бут1аялда к1алъала г1акълу – лъабго гьаракь, гьеб цолъула Г1алих1ажил гьаракьгун, баян гьабула заманалдаса рази гьеч1олъи: «дун заманаялъул къвак1арал квераз къват1иве ваккизе толевцин гьеч1ин». Г1алих1ажи вук1ана замана къезабурав шаг1ир. Гьес къуват кьола гьанжесев поэтасе, талих1 батизе, рокьи ц1илъизе, берцинлъи бач1ине. К1удияв шаг1ирасе дарсал кьола г1олохъанав шаг1ирас.

Нилъеда раг1ула Г1алих1ажил т1оцебесеб гьаракь, заманаялъ гьев рази гьавич1о: «Дунялалъул гьаракь – рек1елъ къараб ч1ор, дие зах1-малъана, замана г1адин». Къасдал г1емер рук1ана, мурадалде щвеч1о. Гьениб поэтасда – авторасда батулеб буго Г1алих1ажидехун вусине цо хасаб къаг1ида, ай чирахъалъул гьаракь кумекалъе бачун, гьелдасан байбихьула поэмаялъул к1иабилеб бут1а. «Г1алих1ажи, нилъер г1умру цо буго, цадахъ рук1ана нилъ гьелъул сверабалъ», дица кьуна канлъи «лагълъиялде данде вагъулев дуе».

Хадубги буго Г1алих1ажил к1иабилеб гьаракь: «Дица къоял ч1вана, къояз дун ч1вана. Къоязе дарулъун дир кеч1 батана». Амма гьеб заманалда бич1ч1ич1о. Бич1ч1изе бугин гьоркьоб к1алъала чирахъ, заманаги тарихги дуца кунч1изабизе бугин. Автор-шаг1ирасги т1аде т1аде жубала «гьесда т1ад ч1ун бугин даимлъидул нур». Гьесие жаваб кьола Г1алих1ажица, гьеб лъун буго поэмаялъул лъабабилеб бут1аялда. Г1алих1ажиясул щуго монологалдасан нилъеда цебе ч1ола гьесул рух1ияб г1умру, инсанасул к1одолъиялъул х1акъалъулъ пикраби,

заманалъул г1асилъи. «Дун инсан ватана, щайзе к1олареб щущазе гъабизе бец1лъидул ханлъи?» Гьеб суал буго абадияб, аслияб суал. Бец1лъи щущазе ккани, цо чиясул къуват г1оларо, киг1ан кутакав гьев вугониги, киг1ан жигар бахъаниги. Г1адамал къвариг1уна, инсанияталье г1оло рух1 кьолел. Хадуб цо коч1олъ г1адамал дагьлъун ругин абула Ах1мадовас.

Поэмаялда лъик1абго бак1 ккола заманаялъул х1акъалъулъ пикрабаз. Замана рази гьеч1о киналго гъалат1ал, г1айибал инсанас гьелде рехиялдаса. Гьеб суал цебелъун батула нилъеда Х1амзатил Расулицаги. Инсанас заман къезабизе кколин, (гьелъул «х1орс хъурун»), тарихалъе бит1араб къимат кьезе кколин абурал пикраби руго к1удияв шаг1ирасул.ах1мадовас Г1алих1ажил ц1аралдасан абулеб буго шаг1ир заманалде анде ч1анин: «Дуде данде ч1ела дир кеч1ги ццинги». Амма заман разилъулеб гьеч1о, «Дуда дун кидаго бич1ч1ич1о, инсан». Дуца ургъарал руго рагъалги, кьалалги, квешлъабиги.

Г1алих1ажи заманалдаса бергьана, гьесие даимлъи, хвелгьеч1олъи щвана. Гьеб буго Ах1мадовасул поэмаялъул аслияб пикро. Гьеб хъван буго творческияб къаг1идаялда. Гьелъул пикраби рикь-рикьун, лирикияб г1адло гьеч1огилъиги батула.

Кин бугониги гьеб поэма рик1к1ине бегула авар адабияталда ц1илъиялъул г1аламатал рихьизарулеб асарлъун. Гьелъие къимат кьун буго С. Х1айбуллаевас «Авар поэзиялъул художествоялъулаб г1уц1и» абураб т1ехьалда «Г1олохъанав шаг1ир Мух1амад Ах1мадовасул «Инхоса Г1али-Х1ажи яги заманалъул баллада» абураб поэма ккола г1уц1иялъул рахъалдасан философияб тайпаялъул таджиказул поэт Мумин Капоатил «Сталинингградалъул гьаркьал», «Авиценнал кини» поэмабазда релъараб. Амма гьеб гьезул асаралда гъоркь хъвараб гуро. Киналго рахъалдасан М. Ах1мадовасул асар ккола Дагъистанамлъул литератураялдаги к1удияб лъугьа-бахъинлъун. Гьениб гьеч1о цо мух1канаб сюжет, буго шавкъги г1ишкъуги, гьалдолел пикрабиги.

Поэмаялъул аслияб пикролъун риккине бегьула поэзия – халкъалъул хазиналъун, г1умрудул х1албихьилъун, шаг1ирин абуни авараг г1адав чилъун рик1к1ин… Гьеб пикро бихьула поэмаялда цебе лъураб эпиграфлъульги

Инхоса Г1али-Х1ажи, г1алимчилъиги шаг1ирлъиги…

Асир гьабуна дуца дир рак1ги заманаги.

Поэма г1ёуц1араб буго г1емерал монологаздасан, рек1ел исповедаздасан, диалогаздасан». Гьениб буго кинабниги къоло анлъго бет1ер. Гьенир пикраби пикрабигун къеркьолел, чирахъ шаг1иргун, шаг1ир заманагун дабг1адилел рихьула. Т1оцебесеб бет1ералда ц1ар буго «Г1акълуялъул т1оцебесеб гьаракь». Гьелъ абулеб буго, заманалъ инсан кьезавулев вугин, дунял пайда гьеч1еб жо бугин, щибго хут1уларин. К1иабилеб гьаракь данде ч1олеб буго: «х1асраталъул гьаркьилъ рахчарал бакънал» хут1улин, «т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1очонарин». Заманалда къезавизе к1оларо гьел раг1абазул автор Г1алих1ажи. Гьесул мисалги бачун бихьизабулеб буго шаг1ирас зах1матаб г1асру, заман, гьелде данде Г1алих1ажи къеркьарав куцги, мурадалде щвеч1олъиги. Гьев релъинавун вуго чирахъалда. Чирахъалъ абулеб буго шаг1ирасда:

Рач1ина г1адамал дур асаразул

Асарги, къуватги рух1ги биччарас.

Г1адада ц1оролеб х1ухьел гуро дур,

Гьелъ хинлъизабула жегиги дур халкъ.

Хъван тела г1адамаз дур заниялда

Замана жиндаса къурав чийилан.

Ах1мадовасул поэма буго ц1акъго гъваридаб х1асилалъул, бич1ч1изе зах1матаб, г1емер т1ад х1алт1изе кколеб, нилъеца пикраби гьаризе т1амулеб. Гьесул поэзиялъулъ пашманал бакънал камуларо, амма аслияб пикру буго г1умру, гьунар, бах1арчилъи к1одо гьаби. Г1умру бихьизабулеб буго диалектикияб къаг1идаялъ.

«Къоял» абураб т1ехьалъул аслияб пикро буго к1иийиде бикьараб дунял бихьизаби, лъик1алдаги квешалдаги гьоркьоб киданиги рагъ лъуг1уларо.

Лъуг1изе рес гьеч1о г1умруялда рагъ:

Рагъда руго рак1ал, къоял, къисматал

Рагъда буго намус, рагъул буго ях1,

Рагъда буго къадру, рагъда буго кеч1.

Намусалъ ц1унила кидалго намус.

Къадруялъ ц1унила кканани къадру…

Машгьурав философ К. Юнгица хъван буго: «Кьог1аб рит1ухълъи буго х1акъикъияб г1умру данде кколарел жалаздасан г1уц1араб бук1ин – къоги сордоги, г1умруги хвелги, талих1ги къварилъиги, лъик1лъиги квешлъиги. Нилъеда к1оларо, кинаб ц1ик1к1ун бугебали абизе, лъик1алда квешб къезабизе к1олин абизе, яги рохелалъ къварилъи къезабилин. Г1умру – гьеб ккола рагъул майдан. Гьеб кидаго бук1ана, бук1инеги буго, гьедин бук1инч1ебани, г1умру цебего т1аг1инаан». Квешлъи бук1ана инсан вижаралдаса нахъе. Гьеб т1аг1инабизе, гьелъул кьуч1ал лъазаризе г1емер х1алт1ана г1алимзаби, шаг1ирзаби, философал. Гьениб бут1а лъуна М. Ах1мадовасги.

Творчествоялъул байбихьудаги Ах1мадовас пикраби гьарулел руго философиял суалазда т1ад, жигарги бахъулеб буго гьезие бит1арал жавабал кьезе. Цо хасав чиясулги халкъалъулги бухьеналъул тема цоцазда хурхараб буго. Шаг1ирас жиндирго лирикаялда цонигияб нахъе къабуларо. Жиндирго г1умру г1уц1иялъулги, гьудуллъиялъулги, рокьулги, божилъиялъулги, хиянатчилъиялъулги, иях1алъулги суалал гьес рахчич1о, баянго цере лъола. Зах1малъаби къезарун, жигар бахъула дунялалда жиндицаго кколеб бак1алъулги, т1адал масъалабазулги, г1умруялъул маг1наялъулги пикраби гьаризе. Гьев лъугьунаро жиндирго напсалъул т1алаб гьабизе, гьесул рук1уна жиндирго, живго бет1ергьанал рух1иял пикраби, суалал – жавабал. Киналго асаразулъ Ах1мадовас

лъола рух1, ях1, героялллъун х1акъикъаталда рук1арал г1адамал рихьизарулагоги (Х1амзатил Расул, Шамил, Г1алих1ажи, Г1умарх1ажи) гьес балагьула жиндирго моралияб позиция, баян гьабулел х1алал, лъугьа-бахъинал.

М. Ах1мадовасул поэзия Х1амзатил Расулилалде г1агараб буго маг1наялъул рахъалъан, амма гьелъие гьесда релъин, такрарлъун гьениб гьеч1о. Гьеб г1агараб бугин абизе бегьула г1урус поэзиялдаги.

2002 соналъ къват1ибе биччараб «Поэт» абураб т1ехьалъе хъвараб цебераг1иялда шаг1ирас абулеб буго: «Дица гьаб т1ехь бигьагоги захlматгоги хъвана. Бигьаги бук1ана дие рек1ел х1алги рух1елги данде кколеб бук1ун, зах1матго бук1ана дие ц1акъго хириял ц1аралги, ц1ар раг1арал шаг1ирзабиги, гьезул асараз гьабураб асарги, г1умруялъулги къисматалъулги аслуялъул лъугьараб поэзияги, поэзиялъул рак1лъун бугеб маг1арул мац1ги ц1ияб заманалда, ц1ияб къаг1идаялъ, раг1абаздаса х1урги бац1ун, х1арпаздаса кьаг1уги бац1ун кьезе к1веладай абураб ургъел бук1ун… Расул Х1амзатовас дун ругьун гьавуна гьит1инал пикрабаздаса рик1к1алъизе, муг1рул иццги к1рчене теч1ого ралъдахъ г1енеккизе, коч1ол къуваталде бахараб къуват рак1алде гьеч1олъиялда рак1ч1езе, гьесул коч1ол х1асраталъул гучаб къуваталъ къулизе биччач1о дирги коч1ол бет1ер». Абизе ккола М. Ах1мадовасда к1вана ц1ияб къаг1идаялъ шиг1раби г1уц1изе. Р. Х1амзатовасул васигат бук1ана гьесде

Дица дуй толеб буго,
Диц дуй кьолеб буго
Доб кьурулъ ч1ег1ераб цер
Дир ч1оралда батич1еб.
Дун вахинч1еб борхалъи,
Дун лъугьинч1еб ахалъи,
Цо Аллагьасде гуреб
Дица бикьич1еб ургъел.

«Поэт» т1ехь буго г1емер пикрабазул гъамас: гьенир аслиял руго шиг1руялъул шаг1ирзабазул х1акъалъулъ. Г1емерал поэтазе, гьезул асаразе бит1араб къимат кьун буго шаг1ирас. Т1ехьалъул к1иабилеб бут1а бахъун буго «Гъудуллъи» журналалда (2006 соналъул т1оцебесеб номералда). Гьенир руго заманалъе, тарихалъе къимат кьурал бак1ал.

Ах1мадовас какулеб буго Ельцинил «гьерсилаб демократиялъул» заман. Рагьун бицунеб буго рак1алда бугекбщинаб жо. Т1адчаг1иги, заманги какарал чаг1и цебе х1укуматалъ хьихьулароан, гьелъул х1акъалъулъ шаг1ирас хъвалеб буго: «т1адчаг1аз чуриги т1ун, чорокаб рогьдухъ хьихьун рук1арал гьаби г1адал хъвадарухъаби, наг1анаги хадуб реч1ч1ун, хъамун уна, араб бак1 лъач1ого т1аг1уна» («Гъудуллъи», 2006 с. № 1, гь. 17).

Ахирисел соназ М. Ах1мадовас хъварал асаразулъ бессун буго Аллагьасде бугеб божилъи ва хьул, мунагьаздаса х1инкъи, аралъул пикру, тавбу гьаби. «Дица рецц ц1ехоларо, машгьурлъи гьаруларо, гьарула Аллагьасда дагьалъго кеч1гун тейин». «Кинабго уна, кинабго хисула, хисуларо динги Аллагьги».

«Поэт» абураб т1ехьалда руго ахириял соназ хъварал поэмабиги «Шаг1ирги ват1анги», «Шаг1ирги г1адамалги», «Шаг1ирги т1адчаг1иги». Гьенир руго бах1арчиял пикраби, гъваридал маг1наби.

«Жакъа поэтазда гьоркьор ц1акъ г1емерлъун руго «нилъер росулъа гурел васал». «Г1емерисезул х1укуматалъ кьурал ц1арал рук1аниги, поэзиялда ц1ар гьеч1о», «Лъалареб бицунелги, бицунеб лъаларелги шаг1ирзабаз нечезабун буго адабият». «Гьединаб х1алихьатаб, нахъег1анаб, г1адалаб, г1адамал хвараб заман гьаб ракьалда киданиги бук1ун батиларин ккола». «Маг1на гьеч1еб заманалъул маг1на гьеч1ел куч1дулги рук1уна». «Дида лъала цо-цо шаг1ирзаби, х1елич1ого рук1уна». «Гъвел г1амал босун буго жакъа халкъалъ».

Жив-жив чиясул ихтияр буго гьел пикрабазда разилъизе яги разилъунгут1изе. Амма шаг1ирас г1езег1ан ургъун абурал пикраби ругин ккола гьел.

М. Ах1мадовасе Дагъистаналъул халкъияв поэт абураб ц1ар кьуна 50 сон т1убаялда бан, х1исабалде босун батила гьунар ц1убайги. Г1урусазул к1удияв критик В. Г. Белинскияс рик1к1унеб бук1ана, халкъиявлъун вук1иналъул маг1на кколин рек1елъ ц1аги гьунарги бук1ин. Гьебги балагьун батуларин, т1абиг1аталъ, т1адег1анав бет1ергьанас кьолин.

Хъвадаризе лъай цо гьунар батани, халкъиявлъун вук1ине к1вей цойги гьунар ккола. Халкъиял шаг1ирзаби г1емер рук1унаро. М. Ах1мадовас абухъе, х1укуматалъ ц1ар кьунин, шаг1ир халкъиявлъун вахъунаро, гьесда к1везе ккола жиндирго халкъалъул анищал, хьулал, хасият, къисмат гъваридго творчествоялда рихьизаризе. Бук1ине ккола халкъияб нафсги, г1амалги, иманги, ях1ги.

Гьунар бат1и-бат1ияб бук1уна, гьит1инабги, к1удиябги, гениалиябги. Гьеб бараб буго, кинаб къадаралда хъвадарухъанасда к1олеб жиндирго миллаталъул рух1ияб бечелъи, къуват творчествоялда бихьизабизе. Цоязда гьеб к1ола кутакалда пассих1го – кинлго рахъаздасан бечедго, гъваридго бихьизабизе, цойгидазда чанго рахъ рагьун.

К1удияб гьунаралъул шаг1ирзаби рук1ана Инхоса Г1алих1ажи, Ч1анк1а, Мах1муд. Гьезул кеч1 шавкъалда чвахун бач1уна, нилъее ц1ия-ц1иял маг1набиги росун. Щибниги гьересияб жо гьениб батуларо. Т1адчаг1азе гьел х1елич1о. Х1икматаб, к1удияб гьунар бук1ана Ц1. Х1амзатил. Х1амзатил Раасулилги гучаб кеч1 буго, к1вараб х1алалъ къеркьана гьев г1унгурт1абазде данде. Рагьана тарихалъул, халкъалъул къисматалъул г1емерал рахъал, гьезие бит1араб къимат кьун буго М. Ах1мадовасги.

Авар халкъалъул гениалияв поэт вук1ана Мах1муд. Гениалияллъун рик1к1ине бегьула халкъиял куч1дул. Ц1. Х1амзатица гьезие ц1акъ борхатаб къимат кьолаан. Гьес абулаан: «Къалмица кагътида гурел, мац1алъ рек1еда хъван руго гьел. Г1ажаиблъизе ва пашманлъизе ккараб жо гьеч1ищ, нилъеда дозул додиг1ан пассих1ал, додиг1ан бечедалги рук1ин гурони, цонигиязул бет1ергьан лъаларо». Меседида кьаву ч1валареб г1адин, халкъиял куч1дузда хиса-басиги лъаларо[1].

Коч1ое гьунар бук1ана Г1. Шахтамановасул. Амма т1абиг1аталъ кьураб гьунар рахъ-рахъалде хис-хисизабуна. Цо-цо куч1дузулъ рещун ратула Ленин, партия, Кремль. Х1укуматги т1адчаг1иги какулел руго М.Ах1мадовас амма гьеб гьабулеб буго квал-квал, т1адецуй г1еч1еб мехалъ, эркенлъи кьурабмехалъ. Т1ад к1алъай гьеч1ел шиг1раби хъвала Г1аадалоца, гьеб х1укумат киданиги бецщич1о, амма гьев вич1ч1изе зах1матав чи вуго. Дун разияв вуго М. Бисавг1алиевасул пикроялда: «гьесги абич1о аслияб раг1и, т1олго творчество босани». Рит1арал ругин ккола Мух1амадсултан Шахтамановас, Г1адалол даражаялде жакъа вахунев поэт гьеч1ин абурал раг1аби. Г1адало вуго реализмаялъул заманалда вахъарав романтик.

К1удияв шаг1ир вуго Ч1ик1аса Саг1ид Афанди. Гьесул творчество бухьараб буго исламияб диналда, гьелъул нурги буго гьелда. К1удияв г1алим ва пикручи вук1иналъ, Саг1ид Афанди к1ола лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе, гьезул аслу рагьизе. Аллагьас кумекги гьабуеб буго устарасе. Гьесул Ч1ик1аб росдаде, Шамилиде гьарурал г1адал асарал ахириял соназ нилъеда ратуларо авар литератураялда. Саг1ид Афандияс гурони, демократиялъул, эркенлъиялъул маг1на рагьун шиг1руги хъвач1о:

Макьилъ бихьаниги божи лъалареб
Боржал т1аде щвейдал щвараб эркенлъи.
Исламги х1ат1икь лъун х1укумат квараз

[1] Х1айдарбегов Мансур. Ц1адаса Х1амзатилгун дир дандч1ваял. «Х1акъикъат», 2006 с., 28 апрель, гь. 8.

Кверал рорхе гьанже, г1акълу батани.

Саг1ид Афандияс маг1арул хъвадарухъабазде хит1аб гьабуна, щвараб эркенлъиялдасан пайдаги босун, х1акъикъат бит1ун бихьизабеян, г1асилъи-пасих1лъи бецич1ого, исламияб нухги ц1унун, г1елмуялда рекъон хъвадареян:

Г1исян фискъуялда рекъараб бицун,
Макъалаби хъвайзе х1адурал къалмал,
Инкъилаб лъугьиндал, къуватиш хвараб,
Къват1иб загьирлъулеб щибго жо гьеч1ин.

Гьуриги сверанин сиги бихханин,
Божи гьеч1огойищ гьедин нуж ч1арал?
Гьаваги хисанин, хаселги анин,
Хисе рат1лил форма, писательзаби.[1]

Амма рат1лил форма г1емерисез хисич1о, добго цебесеб макъан, бачине лъугьана, эркенлъи гьезда бич1ич1о. Гьелъ батила устарас хъварабги: «Т1аса лагълъиги ун х1урияб щвейдал, х1ехьезе к1вейч1они, ахир щиб ккелеб?»

Бит1раб буго цо-цояз эркенлъи х1ехьеч1о, бокьа-бокьараб гьабизе лъугьана. Зулмуялъ инсанасул рух1ияб г1умру ц1акъго пасат гьабун батана. Устарасул ах1иялъухъ г1енеккарал бит1араб нухде ккана. Масала, М. Ах1мадовас хъвалеб буго:

Ч1ик1аса К1удияв, къваридаб дунял,
Дур гьаракь раг1идал г1ат1илъун ана.

Г1емер руго шаг1ирзаби. Гьеб лъик1ги буго. Бокьилаан щивасул х1акълъулъ лъик1аб раг1и абизе, асаразул анализ гьабизе, амма гьеб зах1матаб масъала буго. Киг1ан ц1акъ бокьаниги, гьеб т1убазе к1веч1о. Ц1алдохъан х1исабалда мекъса кканиги, дун г1елмияв чи бегьуларо мекъса ккезе. Дун разияв вуго М. Ах1мадовасул пикруялдаса: «Цо-цо

[1] Ч1ик1аса Саг1ид Афанди. Назмаби. Мах1ачхъала, 1996, гь. 188.

шаг1ирзаби руго х1елич1ого ч1езе к1оларел… гьебго хасият буго гьезул куч1дузулъги», гьел мац1алда т1ад х1алт1улел гьеч1о.

Дица ц1алула Залму Батировалъул, Т1убх1ат Зугъраловалъул, Г1. Малачиевалъул, Сабигат Мух1амадовалъул, Майсарат Мух1амадовалъул, Зулайпат Г1алиевалъул, Бахумеседо Расуловалъул куч1дул. Гьезул буго жинда-жинда рекъараб гьунар, гьел киналго руго х1еренаб, недегьаб рак1алъул шаг1ирзаб. Гьезул поэзия мустах1икъабги буго хас гьабун къимат кьеялъе, мацйги гьезул сипатал г1емераб буго.

Гьаб т1ехьалда бицун бажарич1о Тажуид Та1масхановасул, Г1адалол, Мух1амад Г1исаевасул, Мух1амад Беркихановасул, Мух1амад Гъазиевасул, Х1асан Х1абибовасул, Къурбанмух1амад Мух1амадовасул, Мух1амад Насрулаевасул, Мах1муд-Апандилги творчествоялъул. Гьел киназулго х1акъалъулъ лъик1ал раг1аби абуна нилъер критикаялъ.

## Ахирияб заманалда художествоялъул асарал.

Къоабилеб г1асруялъул 80-90 соназда аваразул проза лъик1го цебе т1уна. Расул Х1амзатовасда, Муса Мух1амадовасда, М.Сулимановасда, М.Шамхаловасда, Фазу Г1алиевалда хадур рач1ун, гьеб жанр цебе т1езабиялда т1ад х1алт1ана гьунар бугел хъвадарухъаби: Мух1амад Г1абдулх1алимов, Х1усен Х1ажиев, Г1арип Расулов, Гъазимух1амад Гъалбац1ов ва гь.ц. Гьезул мисалиял асарал лъун руго 1975 соналъ бахъараб аваразул хабариял асаразул антологиялдаги, къват1ире риччана г1емерал т1ахьалги.

Авар прозаиказ г1ат1идго х1алт1изарулел руго пейзажал, монологал, психологиял диалогал; героял пикраби гьаризе, ургъизе т1амулел руго. Авторасулги героясулги калам цолъун ц1ияб калам г1уц1улеб буго. Мнологалъул къаг1идаби авар прозаялда гьал ахириял соназ х1алт1изаруна, амма гьелъул х1асилал лъик1ал ккана.

Прозаиказ инсанасул рух1алъул гъварилъи рагьизе рес кьолел художествоялъул къаг1идаби жеги гьарзаго х1алт1изаризе ккола.

Поэзиялда лъик1аланго х1алги бихьун вач1ана прозаялде хадусеб г1елалъул хъвадарухъан Мух1амад Г1абдулх1алимов. Газетаздаги журналаздаги гьесул куч1дул рахъулел рук1ун ратаниги, рак1алде ккола прозаялде вач1ин гьес бит1араб гьабунилан ва гьесда жиндирго творчествоялъул мустах1икъаб нух батун бугилан. Ц1алдолез гьираялда къабул гьаруна гьесул «Г1умруялъул кьерал», «Хъах1илаб х1инч1» абурал харбазул т1ахьал. Хъвана гьес г1исинал ц1алдолезе «Зиродул т1инч1», «Нилъералго рицине бегьуларо» абурал т1ахьалги. Амма хъвадарухъанас жиндирго пероялъул гьунар рагьун ва камилго бихьизабуна Москваялда г1урус мац1алда ва Дагъистаналъул т1ахьазул издательствоялъги 1995 соналъ бахъараб «Метер кват1изе бегьула» абураб къисаялдалъун. Гьелда авторас, г1умруги ишги лъан, берцинго ва махщалида рагьун буго маг1арул росдал К1удияб Ват1анияб рагъда хадусел соназул г1умру, махщалида бицун буго г1олилазул бац1ц1адаб рокьул, ркъиги язихълъиги къезабизе росдал зах1матчаг1аз бахъараб жигаралъул, гьезул къох1ехьеялъул. Рак1алде ккола гьеб зах1матал соназул темаялда Дагъистаналъул хъвадарухъабаз хъварал асаразулъ гьеб къисаялъ хасаб бак1 кколилан.

«Гьудуллъи» журналалда рахъун рук1ана М.Г1абдулх1алимовасул «Чачаназул суал» абураб хабарги «Кавказалъул азаралда цоабилев асир» абаруб къисаги. Цогидал асаралги жалго тун, щай дица гьел рехсолел ругел? Гье ккола жакъа къоялда бег1ерго цебе ч1араб к1вар бугеб тема. Рагъ нилъер ракьалда (улкаялда) 1945 соналда, Гитлерилаб фашизмалъул бет1рги ч1инт1ун, лъуг1ана, амма рагъул унел руго, г1адамал ч1валел руго. Рагъ. Лъие гьеб къвариг1ун бугеб? Лъие батаниги г1адатияб халкъалъе къвариг1ун гьеч1о. Гьедин абулеб буго авторас. Чачаназухъе асирлъуде ккарав г1урусав Алексейилги чачаназулгун г1урусазул рагъад рос ч1варай Х1авалги хасият-г1амал, гьезул къасдал ва г1умруялъул мурадал, рек1ел бечелъи берцинго бихьизабун буго къисаялда.

Г1абдулх1алимовасул махщел буго ц1алдолезул рак1 баледухъ асарал г1уц1изе.

Г1абдулх1алимовасул махщел буго т1абиг1аталъулги г1адамазул г1умруялъулги суратал цере ч1езарун х1акъикъияб куцалда рихьизаризе. Къиса байбихьул гьадинаб сураталдасан: Каримида «гъоба г1одоб бихьулеб бук1ана х1айваналъул мац1алда релъараб ч1инк1иллъи г1адаб г1ат1идаб берцинаб майдан. Т1угьдузул бакълъиян абула гьелда. Ихдал мих1и т1ирщизе байбихьаралдаса г1азу базег1ан гьеб бук1ана бит1ахъего бер биххизабулеб кьер-кьерал т1угьдуца босун. Гьелъухъ балагьун бер г1орц1уларого вук1ана нухлулав, гьесул рек1ее г1агараб бак1 бук1ана гьеб».

Лъик1аб гара-ч1вариялъе, мух1канаб анализалъе мустах1икъаб буго  Гъалбац1ов Гъазимух1амадил прозаялъул асаралги. Гьел хъван руго эркенго, рек1ее бокьухъе, лъик1аб мац1алъ, жиндиего хасиятаб хат1алда – стилалда. Цо-цояз абулеб буго гьесул прозаялъ нахъе кьабулеб бугин жинде щвезег1ан хъварал киналго харбал, къисаби. Дун гьелда, гьеб пикруялда рази гьеч1о. Авар прозаялъ г1емераб нух нахъа тана реализмалъул къаг1идаялде бач1инег1ан, жакъа маргьабазул нух лъик1аб бугин абизе бегьиларо. Бокьарв чияс бокьухъин хъвазе бегьила, амма г1иц1го жив вит1арав вугин аби мекъаб бук1ина.

Гъазимух1амадица ахириял соназда хъварал щибаб жоялъулъ гьунар бихьула, ч1обогояб пикру, пайда гьечйеб ч1андаяб хабар гьесул асаразулъ батуларо. Г1умруялъул х1акъалуъ ургъи, ургъелал ц1алдоезе рикьи – гьеб буго хъвадарухъанасул хасият. Цо-цо мехалъ балъголъиялда гъоркь бахчун, Гъалбац1овасул асаразулъ батула,  хъач1аб натурализм, иман гьеч1олъи, ч1амг1аллъи. «Хъанхъра» абураб хабаралда росас Г1арипица «рукъ бакьулъе рехун бук1араб Сакинатил, ай хварай ч1ужуялъул, жаназа нахъецин босуларо. Т1аде вач1арав Сеਰажудиница Сакинат ехъерхъулей йик1ана жанах1алъусан добцояб рокъое» (гь.83). гьедин хъвалеб буго «Хъанхъра» хабаралда.

Г1арип анц1ила щуго минуталдасан, «Серажудин цевеса т1ерхьингун, рокъове жаниве лъугьана ва Сакинатил жаназа бихьигун ахцан хут1ана. Жаназа бук1ана т1аса кинабго рет1елги бахъун, толох1очго….» Хадуб бугеб жо хъван бажаруларо. Гьеб буго чороклъи, хъублъи. Гьединго батула хварал, ч1варал, гъанкъарал, г1антал, щайт1абаз ккурал, гьекъолдулел г1адамазул бицун.

Гъалбац1овасул героязул философия буго фатализм – инсанасда бараб жо щибго гьеч1ин абураб. Гьеб философия коммунистияб идеологиялде данде кколароан. Гьеб кинаб бук1арабали нилъеда лъала. Гьеб какулев вуго хъвадарухъан. Героязулги гьесулги философия цо бугин абулеб гьеч1о дица.

Хъвадарухъанасе бокьун буго «кинаб бугониги г1амал-хасиятг гьеч1ев», «бокьа-бокьаралъуве унев» (гь. 99), «к1ийиде викьарав чиясул» психология рагьизе.

Хъвадарухъанасе бокьулеб буго инсанасда бараб жо щибниги бук1унарин абураб пикру ц1алдолезухъе кьезе. Г1арипида Серажудиница абула: «Дунял бижаралдаса нахъе кинабго цоцалъ хурхун буго аб…Дуда нусиречалъ бессараб хъанхъра бихьарабищ? Гьададин гьин г1адин бессун буго аб дунял… Мун вуго гьабсаг1ат нусиречалъ хьухьараб хъанхъраялъул кун ккун вач1инев» (гь.108). Ахирги Г1арип нусиречаз сверунги ккун хвелаъ гьаваялде вачун уна. Зах1матаб жо буго Гъалбац1овасул бат1ияб дунялалда ругел, цоцада хурхинч1ел г1ажаибал жалазул бицунел асаразе анализ гьабизе, гьезул маг1на кквезе. Гьел руго маргьаби г1адин, фантастикияб къаг1идаялъ хъварал.

Бугила гьезулъ реалистияб литератураялда бук1унеб к1удияб пикруян абулеб буго критик М. Т1агьировас ва г1алимч1ужу Зулх1ижат Х1ажиевалъ. Гьел божулел руго Гъалбац1овасул героязда, гьезда гурх1улелцин руго, авторги рик1к1унев вуго «к1удияв хъвадарухъанлъун», «рак1 ч1ун абизе к1ола нилъер советияб х1акъикъаталъ бижизабунин гьединаб бец1аб, унтараб, мистикияб

литература. Ва нилъ гьеб бец1лъиялдаса рорч1изе кумек гьабула гьелъ»[1], - ян хъвалеб буго М. Т1агьировас.

«Ва бана г1азу» къисаялда бицунеб буго Х1икмат абурав балагьлъун ккарав ханасул васасул. Гьев вук1уна гьавураб мехалъго к1иябго бер гьеч1ев, гьес ц1ар ах1арав чи гьебмаг1ат хола, Х1икмат ч1вани, ч1аго хут1ула. Эбелалъ гьев ц1унула. Т1агьировас хъвалеб буго Х1икмат вугила гьерсилаб тоталитарияб режим – совет х1укуматмлъул г1аламат. «Тираназ зулму гьабулеб мехалъ бат1и-бат1иял г1иллаби рачун гьел ц1унулел г1адамал камуларо». Г1емерал соназ партиялъул жавабиял хъулухъазда х1алт1идал лъалеб буго Т1агьировасда коммунистазул психология, гьеб бугин Гъалбац1овасул аслияб темагиян ч1езабулеб буго.

Критик М. Бисавг1алиевас М. Т1агьировасул пикраби мекъаллъун рик1к1унел руго, Гъалбац1овасул маргьабазул темаби Х1амзатил Расулил асаразул ругин. «Буго гьесул хъвай-хъваг1аялъул цо жиндирабго хасият. Дагьабниги иман бугев чиясул рек1елъе рач1ани, тавбу гьабулел пикраби».[2] Жиндирго аслияб хъвадарулеб къаг1ида Гъалбац1овас толел гьеч1о ц1иял асаразулъги. 2006 соналъ «Гьудуллъи» журналалда (№ 1) бахъараб «Саг1а-к1одоги цогидалги» хабаралда бицунеб буго г1олилаз шагьаралда гьарулел г1асиял ишазул. Росулъа яч1арай херай г1адан гьез инжит гьаюла, хъалиян ц1азабула, т1аса рет1ел бахъизе т1амула, кодоса чедги г1арацги бахъула. «Маг1арулас г1одой ч1ун йигей к1одо накуги тункун егизаюна», «маг1аруласги цогидасги гьей кьодухъа гъоркье гиризаюна». Инсанасул т1абиг1ат гьадиг1анго ц1акъ хун бугодаян ккола рак1алде, гьеб хабар ц1алун бахъиндал.

Ахириял соназ маг1на бугел, ц1ализе гьира балел харбал, къисаби, романал хъвана Х1усен Х1ажиевасги Г1арип Расуловасги.

---

[1] Тагьиров М. Гъалбац1овасул къисабазул ва героязул х1акъалъулъ. «Гьудуллъи» № 2, 2004, гь. 81-85
[2] Бисавг1алиев М. Унге, эбел хваяв, апараглъуде. «Х1акъикъат», 2004, 31 июль, гь. 10

Х1усен Х1ажиев гьавуна 1938 соналъ Хунзахъ роайоналъул Гьоц1алъ росулъ, гьит1инго бесдаллъана, бихьана ракъи-къварилъи. 1965 соналдаса нахъе гьев х1алт1улев вуго «Х1акъикъат» газеталда. Гьес басмаялда рахъана «Кварт1ил к1ут1и», «Къункърабазул кьурди», «Г1ансах1ажил бакъан», «Рит1уч1ил сухъмахъ», «Баг1араб щуб», «Рокьул т1егь», «Имам Х1амзат», «Нусиялда цо сордо» ва гь. ц.

Х1ажиевасул аслиял темабилъун руго т1абиг1ат ц1уни, рокьи, г1аданлъи, ях1-намус, маг1арул г1адатал к1одо гьари, халкъалъул тарих, бах1арчилъи. Гьесул буго бечедаб пасих1аб мац1ги, рак1 балеб махсаро-хоч1, юморги.

Х1усенил харбал, къисаби ва роман ц1алулаго, нилъеда бихьула, гьев вук1ин г1умру гъваридго лъалев, г1акълу-лъай камилав чи. Рак1алда ккола гьединав интеллектуалияв хъвадарухъан маг1арулазул цойги гьеч1илан. Гьеб интеллекталъ ва гьунаралъ ц1алдолев т1аде ц1ала, асаралги т1аса рич1ич1ого ц1ализе рокьула. Дунялалъулго адабият лъаялъ х1усенида к1ола гьелъул бат1и-бат1иял къаг1идабаздасан пайда босизе, гьезул к1ич1икье инч1ого, жиндирго стильги хат1ги, ц1унун. Гьелъие хасго нуг1лъи гьабула гьесул «Нусиялда цо сордо», «Имам Х1амзат» абурал т1ахьаз.

Асаралдаса асаралде камиллъулеб гьунаралъул х1асиллъун рик1к1ине бегьулеб «Нусиялда цо сордо» къиса хъван буго ахириял соназда адабияталда т1ибит1араб шарт1иябгин-романтикияб формаялда, маргьабазул къаг1идабиги х1алт1изарун. Гьеб къаг1идаялъ кумек гьабула г1умру дагьабги рит1ухъаб куцалда, эркенго ва гъваридго бихьизабизе.

Ч1амуч1аб шагьарги тун, къисаялъул аслияв герой Къурбан уна т1абиг1аталде, муг1рузде бац1адаб гьаваги эркенлъиги, цивилизациялъ чурук гьабич1еб бак1алде. Гьев яшав гьабизе, цо г1орул раг1алда бугеб нохъода Масаказул ицц абулеб бак1алда ч1ола. Амма гьенивги толаро г1адамаз, хасго т1аде яч1арай гьайбатай яс – илбис Калиматица. Илбисал

г1адамаздаса лъик1ал, т1ок1ал ругин гьелъ, гьеб тасдикъ гьабизе чанго хабарги бицуна. Илбисалъ абула: «Халкъ сверун буго жундузде, щайт1абазде ва илбисазде. Жегиги илбисалъ ч1вач1о, махсароде кквеч1о, цоцазул лъималги рикъун, гьезухъ уржа т1алаб гьабич1о». Гьезул аслияб маг1наги бук1уна сундуего г1айибиявлъун инсан, гьесул хъант1и, г1асилъи, жагьиллъи бук1ин. гьеб пикруялъе мук1урлъула Къурбанги. Инсанасул т1абиг1ат-г1амал квешаб рахъалде хисиялъе г1иллалъун авторас рик1к1унеб буго советияб г1уц1и бихи, гьереси «демократия», «рагьун аби», т1ибит1и. К1очон толеб гьеч1о советияб г1уц1иялъ гьабурабщинаб чороклъиги. Г1емерал соназ инсанасул иман лъуг1изабиги. Ахирги инсанасул – илбис, илбисалъул инсан лъугьана. Илбисал лъик1ал ратана г1адамаздаса. Гьединаб буго къисаялъул маг1на-идея. Инсанасулги илбисалъулги цого жо лъугьуна, рат1а гьариялдаса ана.

Илбисалда итизавизе к1веч1ого, эркенго т1абиг1аталдаса талих1, рохел босулев вук1арав Къурбание рах1ат толаро вертолеталгун, танкалгун, ярагъгун, папкабигун т1аде рач1арал, абураб жо бич1ч1уларел г1адамаз. Илбисалда к1олаан гьезие жаваб кьезе, амма гьелъ тавбу гьабуна, Къурбанихъ ккараб рокьи мурадалде щвезе г1оло, каклги ран, инсанлъун лъугьана.

Илбисалъ лъазабуна жий малг1унги илбисги гурила, Калимат йигин. Гьеб къисаялъе гъваридаб анализ гьабурав М. Г1абдулх1алимовас бит1ун хъвалеб буго: «гьелдалъун авторас, дир х1исабалда, бихьизабулеб буго киг1ан мунагьазул ц1ураб инсанияб бугониги, илбисалдаса инсан т1адег1анав вук1ин тасдикъ гьабизелъун. Гьедин гуребани, сих1ираб ва х1алк1олъи кодосеб Илбис г1умру хисизабизе разилъилароан». Гьеб хисиялъ Илбис х1алк1олъабаздаса мах1рум гьабуна. Къурбаницаги Калиматицаги х1албихьула цойгиги эркенаб бак1 балагьизе, амма батуларо: Кирго дандч1вала балагьал, квал-квалал: г1орхъаби, нухал, рагъ, балагь-базар гьабун. Г1олилаз къасд гьабула моц1роде роржине.

«Нусиялда цо сордо» лъугьун буго к1вар бугел суалал цере лъураб бечедаб ва гъваридаб маг1наялъул пасих1го хъвараб асарлъун.

«Имам Х1амзат» рик1к1ине бегьула авар адабияталда т1оцебесеб х1акъикъияб тарихияб романлъун. Шамилил х1акъалъулъ гьединаб роман хъван буго тумай Марьям Ибрагимовалъ. Х1усеница гьабун буго к1удияб х1алт1и, Шамилил х1акъалъулъ г1адин Х1амзатбегил х1акъалъулъ бечедаб тарихияб литература бук1инч1елъул, г1емерисеб бак1алда х1алт1изабун буго куркьбал гъун жиндирго пикро-фантазия, рек1ел гуч. Батун буго ц1ияб къаг1идаги имамасул эмен Г1алискандил «Табтар» дневник-мемуарал рук1анин, тарихиял х1ужабазде мугъги ч1ван хъван. Гьедин кутаклъизабулеб буго роман ц1ализе ц1алдолесул гъира, г1уц1ун руго к1очонарел образал, имамасул бах1арчилъигии, рек1ел къвак1иги, г1акълуялъул къварилъиги бихьизабулел суратал цере ч1езарун. Бицун буго имамасул лъимерлъиялъул, г1олохъанлъиялъул, Шамилилгун гьудуллъиялъул, ханзабазулгун гьоркьоблъабазул. Рагъазул ва хвелалъул. Романалда хасго лъик1 ккун буго имамасул эмен, машгьурав г1акъил Г1алискандил образ. Гьелъул композициялъулги, сюжеталъулги, образал рагьун ругеб куцалъулги х1акъалъулъ камилаб г1елмияб х1алт1и хъвазе бегьила. Рес гьеч1ого нилъеца ц1акъ къокъго хъван толеб буго. Дие рехсезе бокьун буго романалда кьураб цебераг1иялда ругел авторасул пикраби: «Лъала, гьаб асаралда т1асанги ккезе бегьула бах1с, рук1ине бегьула гьалда рази гьеч1елги, «гьедин гуро, гьадин бук1ана» абулелги. Амма к1очон тезе бегьуларо… гьаб документалияб асар гуреблъиги. Дица гьаб цебегосеб тарихалдехунги, къисаялъул герояздехунги гьабуна дунго бет1ергьанаб балагьи. Амма дида т1адаб налъилъун бихьана гьаб художествоялъул асар ч1ван къот1арал х1ужабазда сверухъ г1уц1и. Хъвалаго к1оченеги теч1о асар ц1аларав чияс гьеб жибго г1умру г1адин, х1акъикъат кинигин къабул гьабулеблъи, гьев авторасда божулевлъи».[1]

---

[1] Х1ажиев Х1. Имам Х1амзат. Роман. Махачкала, 1995, гь.5

Г1арип Расулов гьавуна Шамил районалъул Къах1иб росулъ 1936 соналъ учителасул хъизамалда. Гьес лъуг1изабуна Дагъистаналъул университетги, Москваялъул М. Горькил ц1аралда бугеб Литературияб институтги. Х1алт1ана телевидениялда, Авар театралда, «Гъудуллъи» журналалда, хъвадарухъабазул союзалда.

Г1.Расуловас хъвадаризе байбихьана гьит1инго, гьесул насих1атчилъун вук1ана Муса Мух1амадов. Мах1ачхъалаялдаги Москваялдаги къват1ибе биччана къогог1ан т1ехь: «Г1умруялъул къат1ра», «Сапар», «Анищазул ц1аялда хадур», «Меседил к1к1ал», «Г1адамалги раг1адалги», «Къисматалъул к1улал чидахъ ругони», «Г1анси», ва цогидалги. 2005 соналъ къват1ибе биччана ахирал соназда гьес хъварал харбал, къисаби, драматургиялъул асарал жанире рачараб «Къисматалъул сук1елазулъ» абураб мажмуг1. Гьенир ругел харбал: «Хъурмал», «Хъант1и», «Жах1да», «Жанавар», къисаби: «Къисматалъул к1улал чидахъ ругони», «Г1адамалги раг1адалги», «Г1анси», пьеса «Имамасул гьобол» рик1к1ине бегьула лъик1аб даражаялда хъварал, к1вар бугел суалал цере лъурал асараллъун.

Г1.Расуловас цере лъолел руго моралиял, инсанасул хьвада-ч1вадиялъул, халкъалъул къисматалъул, талих1алъул ва талих1 къосиналъул суалал, гъорлъе ваккун рагьун буго героязул психология, квешлъиялъул кьалбал. Босани, «Жах1да» хабар. Гьениб бицунеб буго к1очене рес гьеч1еб лъугьа-бахъиналъул, жах1даялъ инсан вачунеб балагьалъул. Гьелъул герой Турачие бокьула васасе бертин гьабиялдасанцин жиндиего пайда босизе, рецц-бакъ щвезе. Гьесул мадугьаласги Турачидаса «къун ч1еларин», гьабула бертин, кьвагьула гумпараби, ракетаби. Ахирги росулъ гьалагаб ц1а ккола, бух1ула чанго мина.

Хабар г1уц1изе, сюжетал ургъизе Расуловасул махщел буго. Босани «Хъурмал» хабар, гьеб берцинго г1урус мац1алде буссинабун бахъун буго «Волчья стая» ц1арги лъун, «Дагестна» журналалда №2, 2006 с.

Унтарав рос Х1акимие хияналъи гъабула лъади Заираца, балъго гъесда т1ад вугев Мурадилгун рокьи гъабун. Гъеб лъала имг1ал Г1алида, Х1акимие бадибч1вай гъабула. «Бак1аб накъиталъ гъав бусада лъола», хадув хола.

Хъвадарухъанас хъурмазда релъинарун руго киналго х1акимзаби. «Иш цебе т1еялъе т1ад таралги хьихьизе кколелъулха», - ян абула Х1акимица имг1аласде. Амма гъесда х1ехьезе к1оларо йокьулей лъадуца гъабураб хияналъи.

«Къисматалъул к1улал чидахъ ругони» абураб къиса хъван буго философияб темаялда, г1адатияв маг1арулав Къаландарил г1азабаб, бак1аб къисматалъул х1акъалъулъ. Г1иц1го, живго цох1о хут1ула гьев херлъараб мехалъ. Гьес х1исаб гъабула араб г1умруялъул, гьелъул сук1елазул ва рохелазул.

Къаландар бах1арчиго вагъана гитлерилаздаса ват1ан ц1унулаго, г1емераб зах1мат-г1акъуба бихьана, анищ бук1ана талих1аб наслу нахъе тезе. Эбелги хун бесдаллъарав цох1о вугев вас Малачи, лъимер гъабизе йигей лъадиги тун, армиялде уна. Гьенисан Венгриялде ккарав чи 1953 соналъ ч1вала. Вас гъавулаго хола гьесул лъади. Гьит1инав Т1айгид хут1ула херасе рек1елгъеялъе. Г1олохъанчи г1уравго, гьевги Афганистаналда т1аг1уна. Гьеб къварилъи х1ехьезе к1веч1ого Къаландар хола. Къиса лъуг1ула «Росу раг1алда хабзалахъ бихьул лъадго зани. Амма гьезул цоялда гъоркь гурони жаназа гьеч1о. Ч1унтун буго росу…» абурал раг1абаздалъун.

Гьедин Къаландарил мисалалда авторас бихьизабулеб буго мискинхалкъалъул трагедия. Рес бугез ц1огьаз, х1акимзабаз жидерго лъимал армиялде рит1уларо. Балагьалъе г1айибияллъун хъвадарухъанас рихизарулел руго г1акълу гьеч1ел х1укуматалъул бут1рул, бечедал г1адамал, коррупционерал.

Махщалида хъван буго «Г1адамалги раг1адалги» къиса. Гьениб бицунеб буго совет заманалда органазги партиялъги цолъун гьарулел

рук1арал чорокал ишазул х1акъалъулъ, гъезул бальгояб мурад бук1уна республика ч1унтизаби, «г1урусаблъун лъугьинаби». Гьукъун бук1ана миллиял бах1арзазе рецц-бакъ гьабурал спектаклал театразда лъезе. Дагъистаналъул бет1ерги г1адамазда уйин ккезе тарав, нилъерго чи вугин абула к1иабилес КГБялъул нухмалъулеседа. Бальго гьез гьарула инжитал, сурукъал ишал, х1акъир гьарула хъвадарухъаби, журналистал. Жалго гьел х1акъикъаталдаги абулебги гьабулебги данде кколарел мунафикъзаби рук1уна. Месело росдада аск1об муг1рузда г1уц1унеб бук1араб бальгояб базаялда х1алт1изе т1амун рук1ана расги г1айиб гьеч1ого жанир т1амурал меседил устарзаби. Гьез гьарурал бит1и-бат1иял т1аг1елал унаан т1адчаг1азе, пачалихъалъул бут1рузе рищваталъе кьезе, ц1аралги хъулухъалги ричун росизе.

Месело росулъа г1олохъанчи Муст1апа армиялде ун хадуб гьесул абурай яс Заира, рохьое хер бецизе араб бак1алда капитан Макъсудица, г1одойги ккезаюн, гъажилда рук1к1нги х1унсун к1отинеги гьаюн, инжит гьаюла. Гьеб х1ехьезе к1веч1ого Заира жийго жинцаго ч1вала. Рохьоб батула меседил баргъич. Прокуратураялъул следователас ц1ех-рех гьабидал, т1атуна такъсирчи макъсуд вук1ин. Амма КГБялъулаз квал-квал гьабула х1акъикъаб ч1езабизе. Следователь «авариялъ» ч1вала. Армиялдаса вач1арав Муст1апаца лъазабула кинабго х1акъикъат. Амма рец1ел босизе ц1акъ зах1малъула.

Хиса-басиязул заманалда органазул т1адецуй дагьабго чучлъула, цо-цоял х1алт1удаса рахъана, цо-цоял унтана. Улкаялда х1апур-чапур байбихьана, лъица щиб гьабулеб бугебали лъалареб х1алалъ.

Къиса лъуг1улеб буго Дагъистаналъул ракьалде т1аде к1анц1арал чачаназул къукъбазде данде вагъулев Муст1апа вихьизавиялдалъун.

«Г1адамалги раг1адалги» къиса буго г1емерал героял, лъугьа-бахъинал рихьизарураб асар. Гьелъул аслияв герой вуго бах1арчияв г1олохъанчи Муст1апа, гьесда данде ч1вала г1емерал зах1малъаби, къабих1алги лъик1алги г1адамал.

Профессор Г1абдула Вах1идовас «ХХ г1асруялъул к1иабилеб бащалъиялда Дагъистаналъул проза» т1ехьалда лъик1аб къимат кьун буго Г1. Расуловасул г1урус мац1алъ рахъарал «Щуго генул гъвет1», «Нухда нахъ валагье» абурал къисабазе, «Расуловасда цебе бук1араб такрар гьабич1ого, жиндирго нух батун бугин», гьесда цебего бич1ун бугин т1адчаг1и чороклъиялъ бсрияб г1уц1и биххич1ого х1ут1улареблъи, «зулмучи вижизавула лагъзадерица, лагъзал зулмучияс гурел» гь. (183). Гьеб зулмучилъиялде данде къеркьолев бах1арчи вуго Муст1апа.

Проза цебет1ей ккола адабият балугълъиялъул халкъалъул рух1ияб бечелъи бихьизабулеб г1аламат, искуствоялъул зах1матаб тайпа. Гьелъул мац1алъул рук1уна жиндирго хаслъаби, ай коч1ол мац1 гьелъие анде кколаро, къвариг1уна г1адатлъи ва гьединго гъварилъи. А. С. Пушкиница 1922 соналъ хъвалеб бук1ана «прозаялъул т1адег1анлъи ккола къокълъи, ч1ванкъот1и. Гьелъ т1алаб гьабула пикрабазул г1емерлъи», мух1канаб калам.

Нилъер прозаиказ г1емераб х1алт1и гьабуна проза, гьелъул мац1 цебет1езабиялъе. Гьезул цо-цоязул нилъеца бицана. Бицинч1ого хут1аралги руго: П. Муртазг1алиева, М. Х1асан-Х1усенов, Б. Х1ажиев, Г1. Малачиева, Г1. Г1алиева, М. Г1абдулг1азизов, С. Мух1амадова ва гь. ц.

Амма киг1ан нашманаб иш бугониги, абизе ккол хадубккун адабияталъул гьеб бет1а цебехун бачине жидеде хьул лъезе бегьулел г1олилал къанаг1ат ругилан. Щибаб ишалъул бук1уна лъалхъи, х1ухьел ц1алеб заман, ч1ун хут1и. Заман хисун буго. Издательстваби х1алт1улел гьеч1о. Щибго щаклъи гьеч1ого гьеб киналъго асар гьабулеб батизе буго проза цебет1еялъе гуредги т1олабго адабияталъего.

Прозалъулъаги поэзиялъулъаги т1аг1ине ккола ч1обогояб ч1андаяб хабар гуребги, натурализм, ч1амуч1лъи, фотографизм, г1емер чороклъиялъул бицин. Ц1алдолезе къвариг1уна х1икмалъи, бах1арчилъи,

т1адег1анаб иман буголъи, рк1 бохи, махсара, юмор, ц1одорлъи, г1акъиллъи, г1умруялъе бит1араб къимат кьей. Мисал босизе чаг1и нилъер руго: Ц1. Х1амзат, Х1амзатил Расул, М. Шамхалов, Муса, Сулиманов, Хачалов, Фазу, Х1. Х1ажиев, М, Г1абдулх1алимов, Г1. Расулов ва цойгидалги.

2002 соналъ Х1амзатил Расулица абуна ахирисеб анц1го сон – гьеб бугила культураги литератураги ч1ун хут1араб зах1матаб замана. «Пасих1ал, цогидазда релъинч1ел миллия хаслъаби ругел куч1дул рук1ин дида бихьула Мух1амад Х1амзаевасул». Гьесул «Ц1уне, Аллагь, Дагъистан» т1ехьалда ругел шиг1рабазе лъик1аб къимат кьуна критик М. Бисавг1алиевас, г1алимчи С. Х1айбулаевас, поэтал М. Ах1мадовас, М.Патах1овас, прозаик Гъ. Гъалбац1овас. Цогидал поэтазде данде ккун, М. Х1амзаев х1акъикъаталда г1емерго г1агарлъулев вуго, гьесул шиг1рабалъ руго гъваридалпикраби, г1унгурт1аби рихьизари, т1убан рагьун гьезул бицине нахъе къалев вук1аниги. Т1ехьалъул аслияб тема буго ват1аналъул къисмат, гьелъул унти, къадру, бах1арзал, хараби ва г1олохъаби. Куч1дузул лъик1аб рахъ буго гьел къокъал рук1ин, ц1ализе бигьаял, ч1анда гъорлъ гьеч1ел. Рецц-бакъ ва каки, берцинлъи ва сурукълъи гьениб рукъараб буго, кьералги рекъарал руго – гвангъарабги бец1абги. Т1ахьалъе ц1ар кьураб «Ц1уне, Аллагь, Дагъистан» коч1ол маг1на буго Дагъистан бук1ин «кибго ц1ар т1ибит1араб, имамзаби машгьураб щайихзаби камилаб, хараби г1акъилаб, гьайбатаб улка», амма цо-цо «ц1иял» бах1арзал х1алихьалъун кколел ругелъул, питнаби ц1ик1к1ине бегьула, хасго миллатчаг1аца гуккун. Гьелдаса Аллагьас нилъ ц1унеян гьарулеб буго шаг1ирас ва нилъедаги бич1ч1изабулеб буго ц1одорго рук1айин. Цогидал к1ч1дузульги, нилъер гъалат1ал рихьизарун гурони, жиндирго заман г1емерго какун гьеч1о.

М. Х1амзаевас миллаталъул тарих бикьун буго лъабго заманалде: Шамилил заман, хадусеб пасатаб заман – пачаясги вождасги дин гьукъараб ва дагъабго эркенлъи щвараб демократияб заман. Цебесебги

гьанжесебги данде ккураб мехалъ шаг1ирасда г1аммаб жо дагьаб батулеб буго. Заманалъул аслияб унти буго иман, г1адлу гьеч1олъи, коррупция, рищват г1емерлъи, г1арцуе хъулухъ гьаби, чияр къаг1идаби роси, умумул к1очонтей, лагълъи, рагьт1ателлъи гьабулнб хасият, лъавукълъи, жагьиллъи.

Аслияб, ай «Дагъистаналда чороклъи, пасалъиялъе г1илла щиб ккараб?» абураб суалалъе авторас жаваб кьолеб буго «Щиб дуе лъугьараб дир маг1аруллъи» абураб коч1одалъун. Гьеб хъван буго берцинго, пасих1го, к1удияб маг1нагун. Дагъистаналъул маг1арулал релъинарун руго г1ищкъул борхатаб мег1ералда, рух1алда барахщич1ел бах1арзада. Амма къисмат мекъса ккана, маг1арулал к1к1алахъе рехана.

Чияр къануназда къот1улеб диван
Къо гьадин щвелеблъи лъазе кколаан.
Лъилали кодексаз кверде росарал,
Кире наслабаца босилеб гал?..

Бидулаз биххараб дур бодул низам
Базаралда г1ураз буц1ц1унеб гьеч1о…
Ничалъул пардавал рорхаралдаса
Борхалъиялъ танин ккола нилълъ рехсон.

Цо-цо шаг1ираз жиндирго, яги цо тайпаялъул маг1арулазул гъалат1ал киназулгоян рик1к1уна, киналго «г1олохъанал» поэтаз хъван батула г1агараб росу теялъул, маг1арухъа шагьаралде рач1иналъул, маг1аруллъиялъулгун бухьен хвеялъул.

Руго гьеб темаялда хъварал куч1дул Х1амзаевасулги, масала «Кида маг1арухъе нахъ руссунел нилъ» абураб. Патриархалияб росу мисалалъе ккун буго гьеб тун аразе. Росу тун ин, какараб жо гуро, амма умумузул хабал, «иццул бет1ер» к1очене бегьиларо. Цо пашманаб макъан раг1ула коч1олъ: маг1аруллъи-хазина к1очон бегьиларо. Х1амзаевас цогидаз г1адин, росу тей балагьлъун гьабулеб гьеч1о.

Х1амзаев вач1унев вуго машгьурал классиказ нилъее тараб нухдасан. Гьес бигьаго х1алт1изарулел руго Г1алих1ажиясул, Мах1мудил, Х1амзатил, Расулил шиг1раби г1уц1иялъул къаг1идаби. Гьезго г1адин хъвалел руго микьго, анц1ила цо, анкьго слогазул куч1дул. Гьел руго щулияб гъунки, аллитерация ц1унарал. Масала, гьале Ц1адаса Х1амзатица г1адин, г1одобе биччараб макъаналъ хъвараб микьго гьижаялъулаб философияб кеч1:

Кинаб рахъалъ т1аде бач1ун

Заманалъ х1албихьаниги,

Х1ал хисич1ел дур муг1рулги

Дунялалда машгьурлъарал…

Лирикияб адабият бикьизе бегьула к1иго тайпаялде: поэтасул жиндирго жанисеб дунял бихьизабулеб ва къват1исеб х1акъикъат бихьизабулеб, философияб.

Х1амзаевасул буго к1иабилеб тайпаялъул лирика, гьеб буго ц1акъ т1ибит1араб, сипатаздалъун сурат бахъун бицун, хабарияб къаг1идаялда х1акъикъат бихьизабулеб. Лирикияв геройлъун ккола живго поэт, гьес вохун, яги ццин бахъун бицунеб буго г1умруялъул х1акъалъулъ, бат1и-бат1иял лъугьа-бахъиназул, жив вохизавураб яги ццидал гьавураб ишалъул. Гьединал ккола «Тавбу», «Щибаб авалалъе ахир бук1унеб», «Как», «Дица дуе тела», «Вавилоналъул къиса», «Босфоралъул куч1дул».

Поэт дунялалъул г1емерал бак1азде щун вуго, кибго гьесул рек1елъ к1удияб асар хут1улеб буго, кибго гьесда х1икмалъи бихьулеб буго.

Авторасда ригь арай ханумалъ бицунеб буго Босфоралъул тарихалъул: т1оцебе грекаца, къедги бан, къала Босфоралъул ракь, цинги Къуст1ант1инил къуватаб аскаралъ кверде босула гьелъул шагьар ва Константинополин ц1арги тола гьелда. Хадуб гьеб машгьураб шагьар бахъизе къеркьола г1емерал. Ахирги гьеб щола туркав Султ1ан Сулейманихъе. Амма турказде балагь бачуна славяназул яс лагъ

Роксаланалъ. Сулейман гьелъ бит1ахъе г1адал гьавула, жиндирго васасе Селимие султ1анлъи щвезе.

Кеч1алъул ахиралда буго ц1акъ интересаб х1асил, нилъ ургъизе т1амулеб. Рак1алде ккола кеч1го гьал мухъазе г1оло хъвараб батилилан.

Чияргун жубараб би чанго буго
Ччорбалъ маг1арухъги г1олохъабазул.
Гьелъ батилин ккола умумузул нух
Халкъалда гьадиг1ан к1очон тун бугеб.

Т1адег1анаб даражаялда хъван руго балладаби: «Нух1 аварагасулги васасулги къиса», «Ч1илил Парида», «Ханасул наг1ана» ва цо чанго эллегия. Гьел руго маг1на гъваридал асарал.

Х1амзаевасул Москваялда бахъараб «Шагьаралъул маг1арулал» т1ехьалъе хъвараб цебераг1иялда Р. Х1амзатовас к1удияб къимат кьун буго шаг1ирасул куч1дузе: «Г1адатлъи ва баянлъи гьеле шаг1ирасул поэзиялъул аслиял хасиятал. Гьесда лъалеб буго жакъасеб заман, гьелъул унтабиги х1инкъабиги. Рек1елъанги ун коч1олъе рач1унелги руго. Динияб темаги т1абиг1иябги лъугьун буго».[1]

М. Бисавг1алиевасда дун разияв вуго: «М. Х1амзаевасул поэзиялъулъ буго пикруги пасих1лъиги, лъида релъун гьес хъваниги, дие бат1алъи гьеч1о ц1алдолев х1исабалдва. Амма гьесда к1вана Расул ваккич1ев, гьес хъвач1еб тема бтизе – диниял куч1дул»,[2] - абун хъвалеб мехалъ.

Диниял асарал хъвалел руго лъик1ал шаг1ирзабаз М. Гъайирбековалъ, Ч1ик1аса Саг1ид Афандияс, Харахьиса Мах1муд-Апандица.

Мах1муд-Апанди гьавуна 1952 соналъ Хунзахъ районалъул Харахьи росулъ гьунар бугев учитель Г1умарил Мух1амадил хъизамалда. Гьесул к1удияв эмен Муст1афал Г1умар вук1уна баракатав, машгьурав

---

[1] Х1амзатов Р. Г. Поэзия ккола ч1ух1араб иш. Цебераг1и. М. Х1амзаевасул «Шагьаралъул маг1арулал» т1ехьалъе. – М., 1999, гь. 3
[2] М. Бисавг1алиев. Х1ажат бугищ поэзиялъе хаслъи. Журнал «Х1акъикъат», 2001, № 1, гь. 90

г1алимчи. Мах1муд-Апандица лъуг1изабуна Куйбышевалъул энергостроительнияб техникум, хадуб Краснодаралъул пединститут. Т1адаб армиялъулаб налъиги т1убан, рокьи ккарай яс Залихайги ячун, х1алт1ана Ч1ик1абги, Миякьобги ГЭСал ралел бак1азда. Лъабго соналъ вук1ана Ираналда ва Г1иракъалдаги.

Шаг1ирасул т1оцересел куч1дул рахъана районалъул «Росдал зах1матчи» газеталда. Адабияталде гьит1инго бижун бач1араб рокьи заман анаг1ан щулалъана, шиг1раби гьаризе бугеб махщел камиллъана.

1994 соналъ къват1ибе биччана «Рокьул ирс» абураб т1ехь. Гьелдасан нилъеда бихьула кеч1 гьаби авторас ц1акъ жавабияб ишлъун рик1к1унеб бук1ин. бач1инахъего хъвала цо г1ажаибаб раг1и:

Т1убалареб рокьул г1азабал кьезе

Бекьилъей гурейги ятулин г1адан…

Мах1муд гурониги, Мах1муд-Апандил

Ах1улеб кеч1алде чучун бугин рак1.

К1удияв поэт Хъах1абросулъа Мах1муд кидаго цеве вук1уна Мах1муд-Апандида мисалияв, пашманаб къисматалъул шаг1ир х1исабалда.

Муи Мах1мудие хиянатлъиялъе х1икматаб къимат кьола г1олохъанав шаг1ирас: «Дур г1умруялъе х1инъки бук1ин лъайдал, мун ч1аго хут1изе г1оло ятилин къролго ч1арай».

Рук1уна поэтал йокьулелъул ц1ар рехсоларел, рокьи ккеч1ониги куч1дул гьарулел, Мах1муд-Апанди рокьи ккарай ясгун данделъана, амма гьесул коч1ол къуват хвеч1о, рокьиги дагьлъич1о. Гьеб т1абиг1ияб асар шаг1ирасе лъугьана к1удияб философиялъун

Йокьула мун, йокьула,

Йокьизе г1адай ятун,

Г1ащикъ вуго, къеч вуго,

Къвал базе г1адай йик1ун.

Рокьиялъ шагйирасе къвуат кьола, кеч1ги г1умруги берцин гьабула: «Кунч1араб дур расалъги, боргьараб керемалъги, кивехун вугониги аск1ове ц1алев вуго». Элдариласдасан байбихьун аваразул киналго поэтаз жигар бахъана йокьулелъул портрет сипатал гьарун, образ г1уц1изе. Мах1муд-Апандицаги г1уц1улеб буго жиндирго йокьулелъул портрет: гьелъул руго ч1ег1ерал берал, кунч1араб рас, боргьараб керен, жийго бакъ-моц1, ц1а г1адай, иццг1ан яц1ц1адай, намус борхатай. Гьей релълъинаюн йиго х1ухьелалдаги, х1асраталдаги.

К1удиял шаг1ирзабазда хадуб жиндирго ц1ёиял сипатал рати – зах1матаб масъала буго. Амма Мах1муд-Апандида гьел ратула. Сипатазул ц1урал, пасих1ал руго «Мун йиго», «К1оченищ», «Унге», «Ургъел», «Дур ц1ар буго щурулеб» абурал куч1дул. Гьел руго къокъал, рак1 х1айран гьабулел жугьаби. Г1емерисел куч1дузулъ бессун батула недегьаб махсара ва юмор.

Рокьул психология, хасият, гьеб бижараб куц, гьелъул г1ажаибаб т1абиг1ат, рокьи ккаразул рух1ияб дунял диалектикияб куцалъ бихьизабула шаг1ирас, г1ащикъаб, к1удияб рокьи бук1инч1ебани, Мах1муд-Апанди куч1дузулъги г1умруялдаги гьединав г1амал берцинав, иман бугев, г1адатав ва гъваридав вук1инароанин ккола.

Мун лъазег1ан дида лъач1о дуниял,

Лъан хадуб ах1араб х1асратаб сарин.

Мун щвезег1ан дида батич1о г1умру,

Батидал боржараб алжанул шиг1ру.

Куч1дуздасан нилъеда бихьула йокьарай яс шаг1ирасе бигьаго щун гьеч1олъи, чанги «гьалагаб г1ор г1адин хъудизави». Гьунаралъги, г1умрудул х1албихьиялъги вачуна шаг1ир творчествоялъул мурадлъун кколеб нухде. Басмаялда бахъана анц1го бат1и-бат1ияб т1ехь. Щибаб нухалда кеч1 гьабиялъул ц1ияб къаг1идаги батун буго.

Мух1амад Гунащевас бит1ун хъвалеб буго «Щибаб т1ехь ккола поэтасул творчествоялда ц1ияб болъо. Цоги Мах1муд-апандил бугеб

цогиязул гьеч1еб хаслъилъун гьел т1ахьаздасан дидаго бихьула гьабсаг1ат шиг1рияб дунялалда исламияб раг1и абизе ва диналъул бицине гьесул бугеб г1алимзаби-г1рабисталги, гьединго г1ажамиялги, цогидалги х1икмалъизарулеб к1удияб гьунар»[1].

1995 соналъ басмаялда бахъараб «Ункъбок1онал ч1инхал» т1ехь г1уц1араб буго ункънусгог1ан ункъмухъилал куч1дуздасан. Гьединал хъвалаан Г1алих1ажияс, Х1амзатица, хъвала гьанжесел шаг1ирзабазги. Гьел такрар гьарич1ого Мах1муд-Апандица г1уц1ун буго жиндирго моралияб кодекс, гьенир ратула г1емерал кицабазда, афоризмабазда релъарал жугьабиги, темабиги руго инсанасул т1абиг1ат-г1амалалда хурхарал. Гьале цо бахчараб жах1даялъул бицараб:

Гьунарго гьеч1ев чи цояс веццана,

Реццалда рекъон гьев къоккун х1алт1ана.

Борхун ана гьунар, вуц1ц1ун ч1ана дов,

Вич1ч1ула чиясда чи кидалкъадги.

Гьале хъант1иялъулгун цадахъ бицараб мисал:

Жакъа хур бикьулаго

Кьаллъун вуго к1иго вац

Хведал гьезие щвезе

Турутг1анаб буго ракь.

Мах1муд-апандил асаразе лъик1аб къимат кьуна ц1алдолез, шаг1ирзабаз, г1алимзабаз, шайихзабаз. Х1амзатил Расулица абуна гьесул куч1лдузулъ «ц1а г1емер, к1к1уй дагьаб» бугин. Устар Ч1ик1аса Саг1ид Афандияс «Ункъбок1онал ч1инхазул» х1акъалъулъ шиг1рабицин хъвана:

Маххулъу бищараб жавгьаралдаг1ан

Жагьаллъи гъолъ гьеч1о гьал дур ч1имхазда.

Ч1умазда гъорлъ ххураб маржан кинигин

Маг1наялъул рахъалъ рекъонги буго.

[1] Гунащев М. Г1адамал х1икмат гьарулел куч1дул. Газета «Насих1ат», 2001 с., 5 апрель, гь.4

Г1акълу камиллъулел, кант1и бач1унел
Киналго пайдабаз сверун ккун буго.
Суран щинаб какун, берцинаб беццун,
Борцун-къот1ун буго халкъалъул хьвади…

Щвараб г1ор г1адинаб гьаб дур пагьмуялъ
Поэт вук1иналъе нуг1лъи гьабуна.
Пасах1алъиялъулъ т1ок1аб гьунаралъ
Т1ад Инхоса шаг1ир щвана рак1алде[1].

Мах1муд-Апандци хъвана чанго исламияб дин тасдикъ гьабулеб т1ехьги «Дир Ч1ик1аса к1удияв», «Щ1ияб мавлид», «Азаралд цо суал», «Муридги шайихги». Гьел киналго т1ахьал руго берцинаб мац1алда хъварал, маг1на гъваридал, халкъалъе пайдаял. Фасах1атал руго поэмаби «Шамил божулев наиб», «Имамасул цо мурид», «Исламалъул бах1арчи», «Россиялъул бах1арчи». Гьенир г1уц1ун руго маг1арулазул, Харахьи росулъа унго-унгоял бах1арзазул образал: Г1али-Х1ажиясул, Х1айдар-Х1ажил, Х1айдарханил, Мух1амадсайгидил. Гьел ккола жидеего г1оло гурел Аллагьасеги, г1адамазеги г1оло рух1алда барахщич1ого жидерго налъи т1убарал г1олохъаби.

Жакъа къоялда аваразул бищунго гьунар бугел шаг1ирзабаздасан цоявлъун ккола Мух1амад Патах1ов. Гьев гьавуна 1962 соналъ Хунзахъ районалъул Сивухъ росулъ лъик1ав поэт Къурбанг1алил хъизамалда. Лъуг1изабуна Дагъистаналъул культурияб училище, Москваялъул Литературияб институт. Х1алт1ана Хунзахъ районалъул культуриял учреждениязда, «Х1акъикъат» газеталда, «Росдал зах1матчи» газеталъул редакторлъун. Гьабсаг1ат х1алт1улев вуго хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул секретарьлъун. М.Патах1овасул т1оцересел куч1дул рахъана «Баг1раб байрахъ» («Х1акъикъат») газеталда, «Гъудулъи», «Лачен» журналазда. К1вах1 гьеч1ого х1алт1улев чи вук1инги

[1] Саг1ид Афанди Ч1. Назмаби. 1996, гь. 325-326

х1исабалде босун, гьесие «Дагъистан республикаялъул мустах1икъав х1алт1ухъан» ц1арги кьуна, Мах1мудил, М.Шамхаловасул ц1аразда ругел премиябиги щвана.

Х1икматго г1одове виччан х1алт1улев, адабияталъул унго-унгояв фанатик (асир) вуго гьев. 1986 соналъ къват1ибе биччараб «Т1огьол гьими», хадур рахъарал «Г1акълабазул къулг1а» (1994), «Дандерижи» (1997), «Щубил гарал» (2000) т1ахьаз нуг1лъи гаьбула гьезул автор авар поэзиялда жиндирго нух, бак1 балагьулев гьунар бугев шаг1ир вук1иналъе.

«Г1акълабазул къулг1а» т1ехьалда данде гьарун руго лъабнусгог1ан дунялалъулго г1акъиласул азарго кици, г1акъилаб калам. Ц1алдолезе кумекалъе гьел рикьун руго бат1и-бат1иял темабазде, ахиралда кьун руго авторасул х1акъалъулъ къокъалго баяналги. Мух1амадица гьабун буго к1удияб х1алт1и. Гьале Франциялъул к1удияв г1акъил Гюгол кици: «Х1акимзабазда к1очон таниги халкъалда к1очонаро кьураб раг1и». Просветитель Руссол пикру: «Халкъ бичун босизе к1оларо, гуккизе гурони». Стендалил г1акълу: «Эркенаб миллаталъул гурони, миллиял хаслъаби рук1унаро», немцазул поэт Б.Брехтил калам: «Талих къараб ккола бах1арчи гьеч1еб улка».

Гьел пикраби руго нилъ ургъизе ккарал. Нилъеда лъалелъул, нилъер халкъ гуккараблъиги, миллиял бах1арзал, миллиял хаслъаби т1аг1инаризе, т1адчаг1аз бахъараб жигаралъулги.

Немцазул философ Лихтенбергица г1адин «Бук1инеселде хьул гьабизе ккола, аралъул х1исабги гьабунк» абураб пикру бат1и-бат1ияб каг1идаялъ чан нухалъ рехсараб Х1амзатил Расулица. Буалоца абухъе «Мурадазул тушман ккола васвасди» - гьеб пикру гурищ исламияб диналда, Шамил имамасул хвалченалда хъван батулеб. «Къеркьей гьеч1они, цебет1ей бук1унаро» (Гораций). Г1умруялъ къеркьолел гурищ маг1арулал рук1арал, жакъа щай ч1арал. Гьединаб суал гурищ М.Ах1мадовас жиндирго «Поэт» т1ехьалда борхулеб бугеб? Гьебго тема

гурищ М.Патах1овас жиндирго асаразулъ аслияб куцалда рагъулеб бугеб. Г1орц1араб лагълъиялдаса, ракъараб эркенлъи лъик1аб бук1унеблъи лъалеб гьеч1огури г1емерисезда. Пирожок щуго капекалдейищ яги щуго гъурщидейищ бугеб? Гьелда барабищ эркенлъи бук1унеб? Т1адчилъиялъ гурищ лагълъи бижизабулеб? Гьеб пикру гурищ Шахтамановасул асаразулъ аслияб бук1араб. Гьедин бук1ин гурищ Г1абасилас «Саба-Меседоялда» бихьизабураб. «Ват1аналъул унтиялдаса к1удияб унти инсанасда лъаларо» (Гаман). Гьеб гурищ М.Шамхаловас жиндирго къисаялда бихьизабураб, гьабунилан бадибч1вайги щвараб.

Дида ккола, Патах1овас «Г1акълабазул къулг1а» т1ехь хъвалаго, к1удияб х1алт1и гьабун бугин, гьеб ц1алула художествияб асар г1адин гьираялда. Гьеб техьалъ асар гьабич1ого тун гьеч1о шаг1ирасул «Дандерижи» абураб т1ехьалда лъурал лирикиял куч1дузеги. Авторасда бихьулеб буго дунялалъулго г1акъилзабазул пикрабазда рекъон жакъа Дагъистан х1алт1улебги, тарихалъул х1албихьиялъул пикраби г1адамаз гьарулел гьеч1олъиги. Гьале 1992 соналъ хъвараб «Дир суал» кеч1:

«Зах1мат бихьич1ого рах1ат бокьараз»
Кьанги бан чурхъулеб буго пачалихъ;
Бикъун бичулезе баккараб бакъалъ
Ракъвазарун руго рекьич1ел хурзал.

Гьунаралъе гуреб, хъачагълъиялъе
Хъат кьабулеб бач1ун буго замана;
Аллагьги Къуръанги, динги, намусги
Дармие лъун руго – Аставпирулагь.

Абула нек1сияб ц1илъулеб бугин,
Ц1огьалдай рук1арал нилъер умумул?!
Инсанасул къадру кепкиде кканин, -

Какал г1арцуедай дозги ралаан?

Патах1овасул г1емер руго философиял куч1дул, ратула рич1ч1изе зах1маталги. Гьединал рук1уна ц1акъго гъваридал, маг1на кквезе к1оларел. Г1арабияз абулаан, «коч1ол маг1на шаг1ирасул чохьониб бук1уна», - ян, гьез рик1к1унаан ц1алдолезда шиг1рабазул маг1на кквезе к1оларин. Кин бугониги критиказда, г1алимзабазда маг1наби гьаризе к1везе ккола. Амма нилъер критиказ гьеб кквезе къасд гьабун батуларо, зах1матал куч1дузул ц1ар бахъич1ого, гьоркьор риччан ратула.

«Дандерижи» т1ехьалда цониги гьеч1о гъваридаб гуреб కеч1, амма бищунго лъик1аллъун дида рихьула «Дандерижи», «Х1едучирахъ», «Раг1ад», «Джокондал сураталъухъ» ва гь.ц.

патах1ов кидаго пикрабазда вук1уна, г1умруялда г1емер дандч1вала рич1ч1уларел жал, г1акъилаб пикру кидалго гуро г1адамазда бич1ч1улеб. Гьес суал кьола гьелъие: «щай мун халкъалъухъе унареб?» - абун. Жавабалъ г1ажаиблъизарула:

Дида роржен малъизе, цадахъ чванта гьеч1ого,

Г1арац хьимуларелъуб, г1адан гьимуларого.

Цох1о ишараялъ кьун буго заманалъеги г1адамазеги къимат. «Гьабдай бук1араб доб демократия?» коч1олъ ратула гьадинал мухъал:

Щаклъизе бач1уна демократия

Демогогиялъул бац гуребдаян.

Демогогаз гьезул лъугьарал демократазги гуккана халкъ, гьел рук1ана цого чаг1и. Х1.Расулица абич1ищха: цоял саву, цоял кьавуян. 2006 соналъ басмаялда бахъараб «Щубил гарал» т1ехьалда лъураб «Ц1унк1улук1» абураб сатирияб шиг1руялда инсанасул хасият релъинабун буго ц1унк1улук1алда: «Бакъул кунч1и ч1варабго, бец1ц1ун т1ун г1одула гьаб… Ц1ороялъ х1ал кьурабго, кьаралъун бач1уна гьаб». Гьедин какун буго инсанасул сурараб г1амал: квешлъиялъ, ц1ороялъ рух1 лъолеб, хинлъиялъги, лъик1лъиялъги заг1ип гьабулеб.

Шаг1ирас г1уц1ана пикрабазул поэзия. Гьеб лъугьана заманалъул мат1улъун. М.Ах1мадовас хъвалеб буго: «Мух1амад Патах1овасул буго поэзиялъул мац1ги, мац1алда гьуинаб раг1иги, раг1иялъ рагьулеб ц1арги, Ц1адаса Х1амзатил х1икмалъиялъулги, х1еренлъиялъулги, х1айранлъиялъулги т1ираби, щуб г1адин, т1ад решт1араб каламги, халкъияб коч1ол кунч1иялъ камил гьабулеб къаламги:

Раг1и лъуг1аралъуб маг1у баккила,

Лъик1лъи камуралъуб квешлъи хут1ила,

Бит1араб т1илалъул раг1ад гьет1ани,

Гьет1араб т1илица т1ок1лъи босила»[1].

Ахираб заманалда М.Патах1овас хъвана чанго поэма: «Сабру», «Бачараб балагь», «Хиянат» ва гь.ц.

«Сабру» поэмаялъул буго цок1алаб сюжет. Гьениб бицун буго ц1ар раг1арав бах1арчи Г1усманил Нурмух1амадил ч1ужуялъ гьабураб хиянатлъиялъулги, росасул сабруялъул к1одолъиялъулги. Нурмух1амад вук1уна чабхъад ун боц1и балагьулев, кидаго сапаразда вугев чи. Цо нухалъ гьесда г1ачивехьасулгун бусенги цо гьабун ятула лъади. Рец1ел босизе лъугьич1ого, к1удияб сабруги гьабун гьес ах1ун эмен, вацалгун лъадуда ц1ар т1амула. Гьездаги лъазабула магьариги лъун, нужеца гье1 г1ачивехьасе кьеян.

Авторасда к1ун руго коч1олъ нек1сиял сонал ч1аголъизаризеги, героязул г1амал-хасиятал баянго рихьизаризеги.

«Бачараб балагь» поэмаялда бицун буго ч1ух1иялъги х1амабагьадурлъиялъги, х1алихьалъиялъги инсан къабих1 гьавулеб куц. Жидер вас ч1варав бидуласдаса анлъго вацги эменги т1аса лъугьуна, амма баркат гьеч1ев бидуласда гьеб иш мекъса бич1ч1ула, ч1ух1ун хьвадула. Гьел сабру к1удиял г1адамал рек1елъ ях1 гьеч1ел чаг1и ругин. Гьезул рехъалъа бачун кепалъе кваназе кьег1ер хъола. Мехтараб мехалъ т1аса лъугьаразда рогьрал рала. Гьезги х1укму гьабула рец1ел босизе.

---

[1] Ах1мадов М. Поэт. Мах1ачхъала, 2002, гь.321

Гурх1ел гьеч1есул х1алихьалъиялъ

Лъураб ругънал бух1и бак1лъана гьезда.

Халкъияв поэт Г1абасил Мух1амадица хъвалеб буго «Патах1ов Мух1амадица поэмабазеги устарлъи бихьизабун бугилан».[1]

«Хиянат» поэмаги хъван буго пасих1аб чвахун бач1унеб мац1алда, халкъияб к1алзул гьунаралдасан пайдаги босун, г1емеарл мисалалги рачун, нилъел халкъалъул тарихлда, адабияталда рехсарал хиянатазе къиматги кьун. Поэма г1уц1ун буго щуго гьит1инаб бет1ералдасан. Щибаб байбихьула такрарлъулеб, ай анафоралъун кколеб куплеталдасан:

Хиянат… Гьеб цо раг1и, наг1анадул т1омги хун,

Т1олабго дунялалда даим сверулеб буго.

Сверулел къарнабазулъ къунаро гьелъул гьаракь,

Кьола, берталъ т1ил г1адин, наслабаца цебехун.

Наг1ана кьолеб буго боц1и сабалъун гьит1инав вац кьурулъе гъурал вацазе, гьоболлъухъ ах1ун Хочбар вух1арав х1алихьатав ханасе, Шамилидаги Х1ажимурадидаги гьоркьоб мац1 гьабурав жасусасе, берталъ Элдариласе жагун загьру кьурав х1акимасе, балъго х1иллаги ургъун Мах1муд ч1варав гьудуласе.

Нилъеда бихьула М.Патах1овасул асарзулъ руго т1адег1анаб поэзиялъул г1аламатал: камилал сипатал, г1акъилал пикраби, пасих1аб мац1. Г1емераб хъвараб жо гьеч1ониги, гьев адабияталъул тарихалда хут1илин ккола.

Маг1арулазул гьанжесеб, жакъасеб поэзия бат1и-бат1иял кьеразулаб, макъназулаб буго. Гьеб г1уц1иялъулъ, цебет1еялъулъ бут1а лъуна поэтал-руччабазги. Гьездасан Г1айшат Малачиевалъул, Сабигат Мух1амадовалъул куч1дузе лъик1аб къимат кьуна М.Ах1мадовас[2]. бицинч1ого г1оларо Залму Батировалъул, Тубх1ат Зургьаловалъул х1акъалъулъ. З.Батыровалъул «К1иго г1ищкъул т1егь» (1997) абураб

[1] Г1абасил М. К1иго ц1ар. «Х1акъикъат», 2002 с., 18 апрель, гь.9.
[2] Балагье Ах1мадов М. Поэт. – Мах1ачхъала, 2002.

т1ехьалда лъурал г1емерисел куч1дул авар поэзиялъул хазинабилъун рик1к1ине бегьила. Масала, ц1акъго берцинал «Дуниял ц1ун бакъги тун», «Мух1амад, гьава бакъ ц1акъ бигъун бугин», «Г1умарх1ажи Шахтамановасде», «Р.Х1амзтовасде», «Дангъур ц1ураб лъимищ, чиясул талих1», «Хунзахъ росулъа хварал г1олохъаби рак1алде щун» ва гь.ц.

Т1ехьалда буго «К1иго г1ищкъул т1егь» абураб Мах1мудилги Муилги х1акъалъулъ хъвараб поэмаги.

Т.Зургьалова йиго г1умруялда жиндир берцинаб г1амалалда рекъарал куч1дул гьарулей шаг1ир. 1997 соналъ бахъараб «Эбелалъухъ ч1вараб ч1ег1ераб дир к1аз» т1ехьалда киналго куч1дул руго пашманал. Эбелалъул х1акъалъулъ хъварал ругелъул, гьел рек1ел х1асратги бух1араб х1ухьелги гъорлъ бессарал лъугьун руго. 1997 соналъ къват1ибе биччараб «Дир жергъен» т1ехьалда руго заманаялъул бицарал камилал шиг1раби

Замана, диеги хах1малъана мун!
Дирго ургъалида теч1о дуца дун.
Наг1ана дуе кьун, бухула жергъен!
Цинги берал къанщун к1ут1ула жергъен…

Гъваридаб маг1на буго шаг1иралъул гьаб куплеталдаги лъун:

Г1азизаб дир жергъен, пашманалщинал
Муг1рул руччабазул кьерда йиго дун
Ургъелаз ч1унтидал, рокьуца тедал
Таманаб г1одана дунгун цадахъ мун.

## Хадураг1и

Нилъеца бицана лъабнусго соналдаса ц1ик1к1ун замана ва нух нахъа тараб аваразул адабияталъул тарихалъул х1акъалъулъ.

Т1оцебесеб ц1ар ч1варав шаг1ирлъун вук1ана Къудукьа Мусал Мух1амад. Ц1.Х1амзатица абулаан, «авар халкъалъул ц1акъ бечедаб пагьму-гьунарги бугин, гьелъ шиг1руялъул кутакаб къиматги гьабунин. Додиг1ан пасих1алги бечедалги рук1ин гурони нилъеда халкъиял шиг1рабазул, цонигиязул бет1ергьан лъаларо… балагьалъе ккараб жо буго доб заманлъул поэтазухъ жидехъго къалам бук1инч1олъи»[1].

Амма хъвай-хъваг1ай бук1инч1елъул авторазул ц1арал нахъе хут1ич1о, хут1ана ц1акъго бечедаб фольклорияб ирс.

Адабият бижиялъе квербакъи гьабуна г1араб г1елмуялъги, исламияб диналъги, гьезул алфавиталъги.

Аваразул т1оцересел хъвадарухъабазул асаарл рук1ана исламияб диналда хурхарал, инсанасул г1умруялъул бицарал, насих1ат ва ваг1за г1емерал. Жакъа эркенго дин гьабизеги, рак1алда бугеб жо рагьун бицинеги рес щвараб мехалъ авар адабият жиндирго аслуялде т1ад буссараб г1адин ккола. Гьелъул аслияб темалъун лъугьана иман, ях1, адаб ва гьединго моралиял суалал.

Авар адабияталъул нух зах1матаб бук1ана, щай гурелъул гьеб хурхараб бук1индал халкъалъул г1умруялда ва тарихалда. XIX г1асруялъул т1оцебесеб бащалъиялда адабияталъ бихьизабуна халкъалъул эркенлъиялъе г1оло гьабулеб рагъги, Шамил имамасул къисматги. Дагъистан Россиялъул кверщаликье ккун хадуб байбихьана диналде данде рагъги зулмуги. Гьелъул х1акъаъулъ хъвана Эльдариласги, Къарахъа Мух1амад Т1агьирицаги, Г1алих1ажиясги, Сугъралъа Х1ажимух1амадицаги ва цогидазги. XIX г1асруялъул к1иабилеб бащалъиялда авар адабияталда бижун бач1ана ц1ияб романтикияб чвахи. Гьелъул аслияб тема бук1ана ч1ужуг1аданалъул напс эркен гьаби. Гьей

[1] Х1айдарбегов М. Ц1.Х1амзатилгун дир дандеч1ваял. Газета «Х1акъикъат», 2006, 28 апрель, гь.8

кoч1oлъ ax1aнa шaг1ирзaби Ч1aнк1aцaги, Maх1мудицaги, Ч1ик1aca Myx1aмaдицaги вa гь.ц. Гьeб бyк1aнa x1икмaтияб иш. Зулмуялъ шaг1ирзaби т1aмунa рoкьи к1oдo гьaбизe.

Революциялда цебесеб заманлда вижун вач1ана цоги ц1акъго гьунар бугев шаг1ир Ц1.Х1амзат. Гьес бит1ун бихьизабуна зулмуги, халкъалъул язихълъиги, т1адчаг1азул т1екълъиги. Гьеб бук1ана дагъабиг ц1ияб къаг1ида – сатирияб реализм.

Совет заманалда гьеб къаг1ида цебе бачана Заид Х1ажиевасги, живго Х1амзатицаги. Аслияб куцалда гьез рихьизарула совет заманалда рук1арал ц1иял г1аламаталги г1оларел цо-цо рахъалги. Хъвадарухъаби аслияб куцалда Совет х1укуматалъул рахъалда рук1ана, гьез гьелъул х1урматги гьабулаан, адабият цебе т1еялъе к1варги кьолаан.

Гьеб советияб г1уц1иялъул г1унгут1аби рихьизаризе к1олев шаг1ир вук1ана Расул Х1амзатов. Гьес абулеб буго жив вач1инч1ин гьеб г1уц1иялъул чилъун, жинца т1олабго творчествоялда к1одо гьабунин рокьи. Расулица нахъе тана бечедаб адабияталъул ирс. Шиг1рияб адабиятатлда цадахъго бижун бач1ана прохзаялъулаб литератураги. Гьеб жанралда лъик1аб бут1а лъуна Муса Мух1амадовас, М.Сулимановас, М.Шамхаловас, Ф.Г1алиеваль, Х1амзатил Расулица ва гь.ц. Гьесул «Дир Дагъистан» машгьурлъана т1олго дунялалда. Жакъа къоялдаги адабият ч1ун гьеч1о, гьеб киданиги ч1унги бук1инч1о.